Ал, ақынның махаббат лирикасы тіптен ерекше. Ақын талдырмаш сұлу қыздың образын сан түрлі бояумен, тілдің өрнегімен, жырдың кестесімен ерекше береді. Ақын поэзиясындағы көркемдіктің биік үлгісі – махаббат лирикасы өзіндік өрнегімен дараланады. Сансыз теңеулер мен метафораларды көркемдеп қолданған ақын Тилеуберген Жұмамұратовтың талғампаздығын, пайымы мен парасатының тереңдігін байқау, әсте, қиынға соқпайды. Сұлулыққа, көркемдікке жүрегі құштар ақынның махаббат лирикасынан шығыстың шұғыласын, батыстың бояуын айрықша көресің.

Бұған дәлел, Тлеуберген Жұмамұратовтың күллі шығыс поэзиясын да, батыс поэзиясын да бойына дарытып қана қоймай, оны туған тіліне аударып, шығысты да, батысты да туған тілінде сөйлеткен ақынның аса білімдарлығы мен зиялылығы, таланты мен танымы! Шығыстың шайырлары Омар Хаям, Әлішер Науаи, Ғабдолла Тоқайды, батыстың ақындары Александр Пушкин, Анна Ахматова, Михаил Лермонтовты қарақалпақ тілінде сөйлеткен тамаша ақын Тлеуберген Жұмамұратовтың әлемнің классиктерімен тілдес, ділдес болғанын терең аңғартады.

Залым Гитлер Европаны бүлдирип, Талайларды дар ағашқа илдирип, Қысыўметти салды адам басына, Нешшелердиң жүрек-баўрын тилдирип.

Ана айрылып, көздиң нуры – баладан, Бала айрылып, ақ сүт берген анадан. Көз тоймастай гөззаллардың беденин, Ғарға, қузғын азық қылған даладан.

Нәрестелер қыйрап жатыр ышқынып, Ҳарам жаўлар қорқынышлы күш қурып. Мине, бизиң гүл жайнаған Ўатанға, Кирип келди әйдархадай ысқырып.

Күллі әлемнің қабырғасын қақыратқан, арқа етін арша, борбай етін борша еткен сұрапыл соғыс... Сансыз боздақтарды қыршынынан қиып, өліммен бетпе-бет келтірген сүреңсіз соғыс... «Абдолланың өлімін» қазақтың ғажап ақыны Қасым Аманжоловқа ышқынтып жаздыртқан, *«Қайда екен, қайда, Дариға сол қыз»* деп асыл арманын тас-талқан еткен зобалаң соғыс... Қан майданға екі жүз рет кіріп, екі жүз рет бір өліп, бір тірілген қазақтың қас батыры Бауыржан Момышұлын «Бақаның бағынан сұңқардың соры артық» деп сөйлеткен жерге кеткір соғыс... Бұл сұрапыл соғыс қарақалпақтың ақиық ақыны Тлеуберген Жұмамұратовтың да жүрегін тілкемдеді. Өлеңнің әрбір жолынан соғыстың күллі адамзатқа әкелген қияпаты мен зардабын терең ұғынасың. Сол ғасырға сапар шегіп, қара ғасырдың сұрқай көрінісін өз көзіңмен көргендей қозып, әсерде боласың.

Ақын Тлеўберген Жұмамұратов жан-жақты тұлға болды. Ақындықтың сан қырын меңгерді. Аяқтыға жол бермейтін, ауыздыға сөз бермейтін, от ауызды, орақ тілді, топқа түссе делебесі арқалана түсетін айтыскер-импровизатор да болды. Бойына сегіз сырлы өнер дарыған халық ақынының ғибратты тәмсілдері, мысалдары, баллада мен ғашықтық жырлары, айтыстары мен ертегілері оқырман қауымды тіптен қанаттандырады. Жанрдың түрлі тәсілдерін сан қырлы ғып пайдаланып, оны одан әрі дамытып, ұлттық өнер мен батыстық үлгіні ұштастыра отырып, сара да дара, соны да тың үлгі жасаған ақынның жаңалығы әлі де зерттеуді қажет етеді.

Жер ғаламшарының сырына үңілсең, әлі де ашылмаған қаншама арал бар, қаншама су түбінде қалған өркениетті қалалар бар десеңізші. Сол іспетті ақынның да ашылмаған сан аралы бар. Сол сан аралдың сансыз құпиясын ашу болашақ ұрпақтың дәргейінде!

Анаў мәрт Қобланның торы тайындай, Айтөбелли маңлайында қасқасы. Талпынып кийиктиң куралайындай, Мөлдир көзлер жалтылдап тур хошласып.

Бәриниң негизи – ушқыр арғымақ, Озып шыққан талай-талай айлаўдан. Қыйын емес машинадан ғарғымақ, Әттең ғана аяқлары байланған!

Атты қанша қәдирлеген қаракең!... Анаў бир, жылқының ақ боз реңи. Түрли-түрли жайсаңлары бар екен, Әне, Нурлыбайдың бала гүреңи.

Тлеуберген Жұмамұратов – суреткер ақын. Туған жерінің баларқалы, шүйгін шөбін, таутасын жырлау, көркем тілмен өрнектеп жырлау Тлеуберген Жұмамұратовтың тағы бір ерекше

тұсы. Қазақтың құлагер ақыны Ілияс Жансүгіровтың «Құлагер» поэмасында тұлпардың сан түрін, сыртқы пошымы мен жүрісін оралымды тілмен ырғақты суреттегеніндей, Тлеуберген Жұмамұратов та осы бір жырында сәйгүліктің түрін өрнекті тілімен бейнелейді.

Қазақ халқы өте туысқаншыл халық. Сол іспетті қарақалпақ халқы да өте мейман, бауырмашыл халық. Қазақ пен қарақалпақ елінің арасындағы байланыстың негізі зор. «Түбі бір түркі елінің» салт-дәстүрі, білімі мен өнері әрқашан ұқсас болып келеді. Қазақтың арқалы ақындарының айтыс өнеріндей, қарақалпақ елінде де айтыс өнері биік деңгейде. Патриоттық сезімге ұрпағын тәрбиелеу, ақынын құрметтеу, тілін сүю, жерін сүю – бұл қарақалпақ елінің де, қазақ елінің де басты ұстанымы.

Себебі, екі ел де ақынын өте жоғары бағалаған. Сәуегей ақынның дуалы аузынан шыққан сара сөздің сиқырын жете түсінген қос халық, өнерді әрқашан бірінші орынға қойып келеді. Тоқсан тоғыз жас жасап, дүниеге екі келіп, «Феномен Феникс» атанған қазақтың «Гомері» атанған Жамбыл атамыздың айтысының өзі қаншама ғибратқа, өсиетке, өнегеге толы. Сол іспетті қарақалпақ халқының ұлы ақыны, ұлтының жүрегі мен қантамыры Тлеуберген Жұмамұратов ақынның да айтыстары, лирикалық өлеңдері мен ерлік дастандары сансыз оқиғаларға, сансыз теңеулер мен сансыз бояуға толы, сансыз ғибратқа толы.

Жамбыл атамызға ұлы шайыр былай деп жыр арнайды: *Тоқсанында толғанып, Күшіне толған жигиттей. Домбырасын қолға алып, Қоймады жүрек жибитпей.*

Жалтылдап мәңги күшінде, Мийрас қалды Жамбылдан. Кең, жәҳәнниң ишинде, Жамбылдың аты жаңғырған.

«Япырмай, Тлеуберген, бала, ағып тұрған дәрья ғой», – депті қазақтың тамаша жазушысы Сәбит Мұқанов атамыз. Украина Жазушылар одағының ақындары: «Сиз өзиңиздиң шығармаларыңызда туўған халқыңыздың қаҳарманлық ислерин шебер жырлайсыз, сатираның оты менен талай», – тамаша бағасын берсе, «Қаракалпақстанда шайыр Тлеўберген Жумамуратовтың қосықлары кеннен таралған, оның өзи барлық жерде сүйиспеншилик пенен күтип алынады. Бул өз үлкесиниң, жерлесериниң өмирин ҳәм қарақалпақ халқының тарийхын терең билетуғын жазыўшы. Оның поэзиясы туўылған топырақ, миллий фольклор менен тамырласып кеткен. Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық шайыры атақтарын алыў тегинликте болмайды», – деп Мәскеудің «Огонек» журналында Юрий Карасев тамаша пікір айтқан. Ал, «Московский литератор» газетасынан Джеймс Паттерсон деген америка қаламгері: «Мениң алдымда Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық шайыры Тлеўберген Жумамуратовтың жаңа «Макаръя сулыў» китабы. Автор бунда әдиллик ҳәм гуманизм идеяларын жырлаўшы «Қырық қыз» киби әжайып қаҳарманлық дәстанды дөреткен, халық дәстүрлерине садық қалған», – деп жүрекжарды тілегімен бөлісті.

Осыдан-ақ, қарақалпақ халқының ұлы шайыры Тлеуберген Жұмамұратовтың, таудай таланты мен әлемге мәшһүр тұлғасын көруге болады. Туған жерін жанындай сүйген шайыр, ұрпақтарының бақытты да баянды ғұмыр кешуін тілейді. Ұлттық құндылықтарын бойына дарытқан, ақынын таныған, аталы сөзге тоқтаған ұрпақтың санасына жарығын түсірген ақын Тлеуберген Жұмамұратовқа арналған бұл мақаланы шайырдың «Ұрпағыма» деген ғибратты жырымен тәмамдағанды жөн көрдік. Себебі, ақынның жасынды жырларын жадында мәңгілік сақтап, бүгінде ақынның мерейтойын халықаралық дәрежеде атап отырған қарақалпақ халқы мен ақын ұрпағы!

Урпағымды сыйласаң, Сыйлағаның өзимди. Егер оны қыйнасаң, Қыйнағаның өзимди. Урпақларым – қанатым, Жүрегимниң тамғасы. Ҳәр биреўи қуўатым, Өмиримниң жалғасы.

Әдебиеттер:

1.Жумамуратов Т. Өмириңниң өзи философия. Нөкис, Қарақалпақстан баспасы. 2005.

2. Жумамуратов Т. Высокий перевал. Нукус, 1971.

3. Тлеуберген Джумамуратов http://jumatleu.uz/

МУҚАДДАС ИСРАИЛ ИРГАШЕВНА

Профессор Узбекского государственного университета мировых языков. Узбекистан, Ташкент

ЭНЦИКЛОПЕДИЧЕСКАЯ И ТВОРЧЕСКАЯ ЛИЧНОСТЬ ТЛЕУБЕРГЕНА ЖУМАМУРАТОВА

Издавна такие понятия, как мир, добро, дружба остаются неизменными приоритетными общечеловеческими ценностями. Только в состоянии мира, благополучия, в отношениях дружбы и понимания между народами, творя добро, мы можем достичь полноценного счастья и благополучия. Время на рубеже тысячелетий это время социальных новаций, смены политических, личностных, научных ориентаций. Это время обостренной оценки духовно-нравственных парадигм. К сожалению, в современном обществе происходит кризис духовно-нравственных ценностей, «когда мораль теряет очевидность, не может поддерживаться силой традиции, и люди, раздираемые противоречивыми мотивами, перестают понимать, что есть добро и что есть зло. Такое, как правило, происходит тогда, когда сталкиваются различные культуры и культурные эпохи, когда, например, новые поколения резко порывают с традиционными устоями» [2, 241].

С каждой исторической эпохой в развитии общества органически связан всякий человек, с ней непосредственно связаны его взгляды, мироощущение, дела и поступки. В такой обстановке человек является как объектом, так и субъектом общественных отношений. Пророки каждой страны являлись выразителями подлинной исторической и художественной правды о жизни народа. Их творчество составляет достояние мировой цивилизации. Одной из таких личностей является народный поэт Узбекистана и Каракалпакстана, писатель, драматург, публицист, лауреат Государственной премии имени Бердаха Тлеуберген Жумамуратов. Поэт внес огромный вклад в развитие каракалпакской национальной культуры и искусства. Его творчество является ценным наследием. Он в своих произведениях призывает людей к бескорыстным деяниям, щедрости, раскрывает характерные особенности национальной ментальности, связанной с друже-любием, гуманностью народа. Все эти произведения написаны много лет назад, но и сегодня сохраняют свою актуальность.

В научных статьях о Тлеубергене Жумамуратове раскрывается его особая привержанность фольклору, национальной ментальной культуре. Нужно отметить, что богатейшее культурное наследие народов Центральной Азии сыграло огромную роль в человеческой цивилизации. При этом исключительную устойчивость обнаруживает духовная культура как один из главных этнических признаков народа. Каракалпаки – один из древних, полукочевых в прошлом народов Средней Азии, обладающих богатой культурой, формирование которой проходило под влиянием исторических перипетий его судьбы, его хозяйственной деятельности, географического и религиозного факторов. Каракалпаки издревле имеют богатую культуру, искусство и литературу. Накопленные историко-этнографические материалы свидетельствуют о том, что в прошлом фольклор являлся одной из основных сфер духовной культуры каракалпакского народа.

Изучая творчество Тлеубергена Купбатулла-улы, мне в голову пришло такое сравнение – энциклопедическая личность и поэт-импровизатор.

По этому поводу, у меня есть несколько аргументов. В толковом словаре Ефремовой термину импровизатор (итал. improvisatore) дано два толкования: «Поэт или музыкант, занимающийся импровизацией» «Тот, кто способен создавать произведения (стихотворения, мелодии и т.п) в момент исполнения» [3].

Поэтической особенностью Тлеубергена Жумамуратова является то, что он поэт-импровизатор. Он мог на ходу сочинить стихотворение. Опираясь на письменные источники и воспоминания его современников, мы можем сделать вывод, что не было случая, чтобы когда-либо он «споткнулся» в состязаниях, не смог найти ответа, или помедлил, и вообще был побеждён. И что странно, экспромтом написанные им стихи характеризуются такой же выразительностью и глубоким смыслом, как и его отредактированные, обработанные произведения. Во вторых, из произведений

Тлеубергена Жумамуратова можно черпать много исторических данных. Это говорит о том, что в нём хорошо сочетались личности поэта и историка-исследователя.

Аристотель писал, что «историк и поэт отличаются друг от друга не речью - рифмованной или нерифмованной; их отличает то, что один говорит о случившемся, другой же о том, что могло бы случиться. Поэтому в поэзии больше философского, серьезного, чем в истории: ибо она показывает общее, тогда как история только единичное». [1]

Термин «энциклопедия» толкуется как круг знаний. Энциклопедия это источник, в котором данные представлены читателю в доступной для понимания форме. Когда мы говорим о человеке с энциклопедическими знаниями, то подразумеваем знатока, способного разъяснить любое относящееся к теме понятие, раскрыть смыслы терминов, обратиться к истории и так далее. В истории человечества много таких личностей. Высокий уровень знаний позволяет им быть очень уверенными в своих силах. А если эта личность к тому же и импровизатор, его знание в любой момент может проявляться экспромтом, в художественном обаянии. Это признак своеобразного большого таланта. С другой стороны, именно энциклопедический талант даёт возможность для импровизации.

Тлеуберген Жумамуратов – первый поэт в каракалпакской литературе, который написал стихотворение о матери. Притом на высоком художественном уровне. Удивительно, что стихотворение «Мать» было у всех на устах до публикации в местной газете в 1939 году. Такую счастливую судьбу имеет многие стихи поэта. Есть много фактов, что Тлеуберген Жумамуратов начал увлекаться поэзией с раннего возраста. Словосочетание «начал писать», для характеристики его деятельности не очень уместно, так как, природа с малых лет его одарила талантом импровизации, он сочиниял на ходу, без бумаг, словесно. Его стихотворения «Сон Масмамбета», «Драка с шубой», «Председатель – самокритик», «Скромный Алламурат» и другие произведения, разоблачающие бюрократов и подхалимов, стяжателей и пьяниц, пользуются в Каракалпакии большой популярностью. Его сатирические стихотворения, как маленький театр. По любому из них можно поставить маленькую интересную сценку.

Тлеуберген родился в 1915 году в Муйнаке, в ауле «Акдарья». Получил образование в старой школе, затем в новой школе и на учительских курсах, в 1948 году окончил Среднеазиатский государственный университет.

Из воспоминаний современников можно понять, что Тлеуберген шаир обладал уникальным талантом. В научных трудах, статьях особо отмечаются его острословие, ораторство с юности, непобедимость в колоритных поэтических состязаниях «айтыс» тюркоязычных народов. Тлеуберген – поэт, который унаследовал лучшие традиции устного народного творчества, из глубоких корней впитал жемчужины народной поэзии и как искусный мастер преобразовал их в новое качество. Он учился в медресе и в высшем учебном заведении – в Центральноазиатском университете на историческом факультете. Знания, приобретённые в этих учебных заведениях, позволили ему совмещать в своём творчестве фольклор и письменную литературу, национальные традиции и мировой опыт. Поэт мастерски владел поэтическими традициями устного народного творчества, был достойным продолжателем школы таких поэтов-импровизаторов, как Сулайман Стальский, Жамбул, Кенен Азирбаев и др. К тому же, как поэт современности, он был представителем письменной литературы.

В свое время творчество поэта высоко оценили И. Сагитов, М. Нурмухаммедов, К. Султанов, К. Максетов, С. Ахметов, К. Мамбетов, С. Бахадырова, Джеймс Паттерсон, Ю. Карасев, Л. Кислова, А. Щербаков и другие. Профессор Ф. Муминова в статье «Яркая личность поэта» писала: «Тлеуберген Жумамуратов был многогранным, изумительно талантливым и великим «шаиром», продолжателем выдающихся предшественников – Бердаха, Ажинияза, Аяпбергена, Аббаза, Садыка» [9]. Также она дает высокую оценку его творчеству: «Его поэтические и литературные произведения весьма разнообразны по форме, жанрам, экспрессивности и стилю. Закономерно, что современные исследователи рассматривают творческое наследие Т. Жумамуратова в контексте мировой восточной и западноевропейской культуры и литературы, в нем сильны ренессансные, общецивилизационные воззрения на мир и человека». [9]

Верно сказано, что «Люди с энциклопедическими знаниями никогда не будут говорить ерунды, лишь бы покрасоваться на публику и полностью несут ответственность за свои слова. В разговоре с ними не возникает желания больше не задавать им никаких вопросов. Напротив, человек-энциклопедия охотно поддержит беседу, проанализирует информацию и будет задавать дополнительные вопросы, уточнять все, что требует уточнения. [7] Так как отношение к собеседникам со стороны ходячей энциклопедии вызывает у них только положительные эмоции от неподдельного интереса и внимания к себе и ходу разговора, они могут принимать единственно верные решения на основе своих «данных» и опыта человечества. Они вдохновляют на свершения и достижения.

Бессонной ночью мысли вереницей Летят, меня быстрей любой зарницы, Возносят иногда в такую высь, Где не бывала ни одна орлица [4, 9] – пишет поэт.

И этим словам, безусловно, хочется доверять. И в следующий раз, когда возникнет необходимость что-то узнать, впечатленный собеседник, скорее всего, обратится именно к такой ходячей энциклопедии и получит достоверный ответ, типа: *Богат народ мой дивными дарами, Не зря Чокан назвал нас соловьями. Секреты окрылённости сердец, Сегодня унаследованы нами.*

И много устных и письменных примеров, когда, возникали вопросы по вопросу истории, культуры и искусства, люди обращались к поэту Тлеубергену Жумамуратову. Он сам не раз публиковал статьи об истории, экологии, культуре, языке, музыке и т.д.

«…Эти объединения степных племен Приаралья VIII – IX вв. положили начало формированию собственно каракалпакской народности…» пишет он в эпиграфе первой главы своего романа в стихах «Красавица Макарья». И начинает свой рассказ из исторических данных уже на языке поэзии: *В эту эпоху был столицею Багдад, Если верно нам преданья говорят...Правил сильною страной Давкара Он был добр, умен и сказочно богат.*

То тончайший лирик, то философ с дидактическими афоризмами, в то же время, автор увлекательных сатирических произведений, или же автор романа в стихах, словом, учитель гуманизма, истории. Как духовно богатая личность познает мир как сущее, стремясь раскрыть закономерности его развития, но и оценивает действительность, пытаясь понять смысл собственного существования, измеряя мир как должное и не должное, благое и пагубное, красивое и безобразное, справедливое и несправедливое, нравственное и безнравственное и т. д. Так видит поэт философию жизни:

Летят в едином русле чередой, Волна крутая за волной вослед. Но проследи за каждою волной Все разные, и двух похожих нет. Один поток сменяется другим, И новый место уступает сам Стремительно бегущему за ним.

Но это нелегко заметить нам. Трава к зиме пожухнет, но едва Хозяйкою опять придет весна, Зазеленеет юная листва, И дружно прорастают семена... (Перевод А. Каныкина) [13]

Духовность, как ценность, воплощена в неисчерпаемый потенциал человека, делающий его сравнимым с развитым обществом, превращающим его в величину, потенциально равную обществу.

И если ближнему ты причинишь мученье, Потом мучительно всю жизнь расплаты ждешь... Чтоб справедливо жить, одно лишь изреченье Запомни: «Что посеешь – то пожнешь!» [13]

Есть у него замечательные стихи, написанные в форме обращения к себе. Этот метод использовали многие мастера пера Востока. В том числе, каракалпакский поэт Тлеуберген Жумамуратов.

– Тлеуберген, ты был такой пригожий! Что ж ныне сталось? – Выцвел, полинял... Чтоб седину весь мир увидел божий, С меня шутник и шапку снял – нахал!..

Использование в стихе своего имени вызывает доверие, сокращает дистанцию между поэтом и читателем, придает тексту экспрессию, выразительность, особый колорит.

– Ну что ж! Цветы весенние – как пламя. А в осень – красок им не сохранить. Не вечна красота. Поймите сами, В том некого и некому винить.

Судьба цветка – не длинная дорога. Расцвел, созрел, увял... А смысл в одном: Поникнув, он семян оставит много, И по весне – опять цветы кругом.

Былую красоту, что тронул иней, Вновь обретаю в дочери и в сыне. (Перевод Г. Ярославцева). [13]

Особенно вдохновлют последние строки данного стихотворения, где речь идет о том, что дети есть продолжение жизни, красоты. Таким образом, духовно-нравственные ценности сочетают то, что одобряется большинством людей и порицается человеческим обществом.

Великие умы всегда остро чувствуют ответственность не только за сегодняшний день, но и за будущее. А будущее все более связывается с ростом ответственности за наши действия в этом мире.

Дорога жизни, в сущности пряма: Сменяется весна внезапно летом; Глядишь, врасплох застанет и зима... Подумай же заранее об этом.

Седины – снег... И у стены – свой век: Один кирпич, другой - с неё свалился... Тот памяти достоин человек, Что для людей на совесть потрудился.

Кто молодость в безделии провел, На склоне лет не обретет покоя. Весной и летом потрудись, как вол, Узнаешь радость отдыха зимою. Берись за труд, покуда крепок, млад. Года уйдут – их не вернешь назад. (Перевод Г. Ярославцева).

В общественных и гуманитарных науках это соотносится с созидательной и разрушительной (деструктивной) деятельностью человека. И в этом отношении особая роль в системе духовно-нравственных ценностей принадлежит творческому началу, направленному на продуктивное созидание того, что ведет к развитию. Все острее и острее ощущается необходимость своевременного распознавания того, что есть зло. Сейчас требуется войти в общечеловеческую проблему своевременного распознавания деструктивных элементов в поведении, их коррекции и даже изменения на противоположные. [8, 38]

А жизнь державно движется вперед, Ее не повернуть вовеки вспять. Приходится почти что каждый год Нам близких и родных своих терять.

Но в тот же миг, когда седой старик, Страдая, засыпает вечным сном, В другой семье младенца первый крик Огромным счастьем наполняет дом. (Перевод А.Каныкина) [13]

По сведениям энциклопедии, Жумамуратов (Джумамуратов) Тлеуберген Купбатулла улы (Тлеўберген Қуппатулла улы Жумамуратов) – каракалпакский поэт, драматург, писатель и публицист, Народный поэт Каракалпакскстана (1957), Народный поэт Узбекистана (1969). Литературный псевдоним – Жуматлеу. По этим данным видно, что в Республике Каракалпакстан он первый деятель литературы, которому было присвоены эти высокие награды.

В 30-х годах, то есть в начале трудовой деятельности, он – учитель сельской школы. Затем – редактор газеты, заведующий отделом Муйнакского исполкома, заместитель начальника республиканского управления печати, заведующий отделом литературно-художественных передач республиканского радиовещания, заведующий отделом художественной литературы газеты «Совет Каракалпакстаны», главный консультант Союза писателей Каракалпакстана.

Изданы его сборники стихов «Любовь сердца» (1956 г.), «Мои современники» (1960), «Звезды эпохи» (1963), «Избранные стихи» (1967). Он автор повести в стихах «Дружба» (1958) и комедии «Шутки девушек». Им написаны также две книги рассказов и очерков. Сборник стихотворений Т. Жумамуратова издан и на узбекском языке (1963).

В школьную программу введены его произведения по циклу «Детская литература». Поэма «Два олененка», Братья – богатыри», также, «Легенда об Абу», сказка «Волшебная жемчужина», басни «Ласточка, богомол и змея», Тлеуберген Жумамуратов плодотворно работал как переводчик. Им переведены на родной язык многие четверостишия Омара Хайяма, стихи Расула Гамзатова, узбекских и казахских поэтов. Стихи Т. Жумамуратова переведены на многие языки.

Общественность Каракалпакстана и Узбекистана глубоко чтит память народного поэта Т. Жумамуратова. Широко отмечаются его юбилеи, его именем названы школы, улица, известными художниками созданы его портреты. Многие произведения, поэмы, стихи, баллады шаира изучаются в вузах, по его творчеству защищены несколько выпускных квалификационных работ и магистерских диссертаций, а философские, литературные, публицистические воззрения стали предметом исследований в докторских диссертациях. Проделана большая работа по распространению наследия Т. Жумамуратова: созданы сайты, страницы в социальных сетях, которые постоянно пополняются новыми материалами, переводами, библиографическими сведениями.

На наш взгляд, в настоящее время ощущается существенная потребность сконцентрировать усилия многих ученых в области духовности. Необходимо средствами науки исследовать

различные феномены духовно-нравственных ценностей путём опыта. А в последующем включить это знание в континуум важнейших проблем формирования детерминанта развития человека. Необходимо разработать методологическую основу для выявления ее ключевых моментов экспериментальным путем, а также произвести разнообразные апробации технологий работы с людьми, которые ведут к положительному изменению духовно-нравственных ценностей. Следовательно, по этой причине, в данной статье мы кратко изложили теоретическое видение духовно-нравственных ценностей как детерминанты развития человека и определили личностные возможности, позволяющие перейти человеку от познания явления к желаемому изменению.

В заключение можно подтвердить, что произведения каракалпакского гуманиста-мыслителя, моралиста просветительских идей Тлеубергена Жумамуратова являются эталоном духовной пищи не только для современного, но и будущего поколения. Изучение богатого культурного наследия каракалпакской литературы, национальной культуры, основываясь на примеров о жизни и творчестве общепризнанного народом народного поэта Тлеубергена Жумамуратова, станет огромной мотивацией для подрастающей молодёжи, нуждающейся в правильной культурной, социально-гуманитарной ориентации в эпоху глобализации общества.

Литературы:

1. Аристотель Поэзия. https://millionstatusov.ru/statusy/cont/47582.html.
2. Гусейнов А. А. Этика: энцикл. сл. -М., 2001.
3. Ефремова Т. Ф. Новый словарь русского языка. // https://classes.ru/all-russian/russian-dictionary.
4. Жумамуратов Т. Красавица Макарья.- Нукус, Каракалпакстан, 1986.
5. Камалов К. Өшпес жулдыз. // «Еркин Каракалпакстан«, №37(17783), 2003.
6. Карасев Юрий. Москва. Друг познается в беде.// Вечерний Ташкент. 10 сентября 1979.
7. Кто такие люди с энциклопедическими знаниями? // https://www.budumnum.ru/news/kto.
8. Лаптева О. И. Духовно-нравственные ценности как детерминанты развития человека. // Развитие территорий. –2015. № 3. -С.38-43.
9. Муминова Ф. Яркая личность поэта. // http://marifat.uz/uchitel-uz/rubriki/vysshee- /1991.htm.
10. Тлеуберген Джумамуратов. Четверостишия. // http://jumatleu.uz.
11. Щербаков А. Истоки большой дружбы. // Журнал «Звезда Востока». 1980, №3. –С. 134-135.
12. Сайт: Тлеуберген Джумамуратов. // http://jumatleu.uz/

БАЙТИКОВА БАКТЫГҮЛ

Ош мәмлекеттик университетинин доценти,
педагогика илимдеринин кандидаты

ШАИМКУЛОВ ОЛЖОБАЙ

Ош мәмлекеттик университетинин доценти,
педагогика илимдеринин кандидаты.
Кыргызстан, Ош

ТЛЕУБЕРГЕН ЖУМАМУРАТОВ – ӨЗ ЭЛИНИН СӨЗ ЗЕРГЕРИ

Өзбекстан жана Каракалпакстан калк акыны, Бердак атындагы сыйлыктын лауреаты, «Калктар достугу», «Урмат белгиси» ордендерине татыктуу болгон импровизатор, лирик, философ, акын, сатира-юмор чебери, драматург, публицист, тарых, адабият, тил, көркөм өнөр, жаатындагы [2: 2] сөз зергери Тлеуберген Жумамуратов өзүнүн зор адабий казынасын бир гана өз элине эмес, Орто Азия жана башка элдерге көркөм мурас катары таберик кылып таштап кетти. Анын жазган ырлары болобу, элдик оозеки чыгармаларынын негизиндеги чыгармалары болобу, элдин турмушуна жакын, анын жашоосун, дүйнөсүн, сүйүүсүн, көйгөйүн билдирген чыгармалар. Анда негизинен окурманды өзүн тартуу менен көркөм сөз каражаттары: салыштыруулар, метафоралар, метонимиялар, эпитеттер, сүрөттөөлөр жогорку деңгээлде чагылдырылган. Ошондуктан да, анын чыгармачылыгына суктанган инсандар ар жактуу баа беришкен. Айталы, К. Султанов акын тууралуу мындай деп белгилейт: «Бир илимпоз, бир тилчи, адабиятчы каракалпак тилин канчалык

даражада билемин десе да, аны Т. Жумамуратовдой билиши мүмкүн эмес. Муну айрыкча белгилеп өтүү зарыл» [1: 6].

Демек, жогоруда айтылгандай, Т. Жумамуратов чыгармаларына элдик тилдин эң бай үлгүлөрүн, эң бир керемет сөздөрүн калпып чыгармаларына киргизди. Дагы айта кетчү нерсе, акындын талантына таазим эткендер – сөз чеберлери аны менен атайын жолугушууга келип, анын көркөм сөзүн угуп, таасирленип кетишкен.

Т. Жумамуратов каракалпак элинин оозеки чыгармачылыгын түзүүчүсү катары эл арасында анын «фольклордун жаңы түзүүчүсү» деген атка конгон. Мындай аттын коюлушу бир чети анын элдик чыгармаларга ынтызарлыгы болсо, экинчиден, анын аткаруучулук чеберчилиги жогорку деңгээлде болгон. Ал көркөм окууну аткаруучулук чеберчилиги менен элди өзүнө тартып, сүймөнчүккө айланган. Мына ошондой уюткулуу талантынын негизинде фольклорчулар эбегейсиз элдик оозеки чыгармаларды тикелегенге мүмкүнчүлүк болду.

Ошону менен катар анын айтыш өнөрүнө кызыккандыгы. Мына ушул өнөр аны аткаруучу да, акын да, дастанчы да, импровизатор деңгээлине жеткизди. Эл арасында эл менен болуп, поэзиянын жаңы үлгүлөрүн көрсөтүп чыккандыгы каракалпак поэзиясын жаңы нуктан кароого шарт түздү. «Өзүнүн бардык мүнөзү менен Тлеуберген Жумамуратовдун таланты сейрек учурай турган талант. Ал, талант – казынасы» деп баа берет С. Ахметов [2: 4].

Анын ырларында ырга таазим этүү, ырды да Жараткан жөн бербестигин айтып даңазалайт. Мисалы:

Ар бир акын токуп ырдын кештесин, Бирөө көсөм, бирөөсү дагы пас десин. Колдон келген өнөрүмдү баалап, Журт билет аттын өчөр-өчпөсүн. [1: 150]

Бул ырында акын өзүнө баа берүүдө, ар кандай сын болорун, бирок, анын баарын эл чече тургандыгын айтып кеткен. Албетте, жүрөктөн кылынган иш, сөзсүз түрдө калктын таразасына коюлат.

Ал эми төмөндөгү ыры болсо, ырлардын баарын калк үчүн арнагандыгын, ыр чыгарган табиятына замандын, досторунун себепчи болгондугун айтат. Тилеупберген Жумамуратов өз заманынын патриоту, интернационал, достукту даңазалаган адам болгон, ошондуктан да, анын ырларында замандын таасири эң чоң экендигин белгилейт.

Чыгарманын жүрөгүмө сыйганы, Калкым үчүн жаратылган сый баары. Акындыктын канатына күч берген, Заман көркү, досторумдун дидары [1: 150].

Ошондой эле акын, өзүнө талапты койгон, ал талантты да курчутуп туруш экендигин айтат:

Акын болбос жалындатпаган талантты, Иштөө керек колдон келген талапты. Ар бир иштин өз боюнда болбосо, Эч ким бербес уча турган канатты.

Нагыз акын кем болбойт падышадан, Кеп козгобоң абийир менен акчадан. Картайганча калемдери өнүкпөйт, «Жаш акын» деп таанылганы бул жаман [1: 150].

Акын Тилеупберген Жумамуратов – сөз зергери, анын сөзү элдик чыгармаларда калды. Анткени, ал элдик чыгармалардан даам татып, анын көрөңгөсүндө чоңойду. Ошондуктан да, анын чыгармалары элге жакын, элге сиңимдүү. Жыл өтүп, кылымга айланса да, чыгармалары бүгүнкүдөй жаңы боюнча жашай берет.

Адабият:

1. Жумамуратов Т. Өмириңниң өзи философия. Қосықлар. Нөкис, «Қарақалпакстан» баспасы, 2005.
2. Жумамуратов Т. Аралға келдим оралып. «Қарақалпақстан» баспасы, 2016.

БАҲАДЫРОВА САРЫГҮЛ

Филология илимлериниң докторы, профессор.
Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

ДҮНЬЯҒА БИР КЕЛГЕН ШАЙЫР

Тилеўберген Қупбатулла улы Жумамуратов халқымыздың мақтанышы, XX әсир қарақалпақ әдебиятының ең көрнекли ўәкиллериниң бири, дүньяға бир келген шайыр, дегендей өзгеше

талант ийеси. Ол өзиниң пүткил өмирин қарақалпақ халқын жырлаў, мақтаныш етип дүньяға танытыў ушын арнады, ҳасыл дөретпелери менен поэзиямызды байытты, жаңалықлар ендирип, жоқары шеклерге көтерди, әдебий жөнелисте өз алдына бир дәўирди жүзеге келтирип, шайырлық мектебин жаратты.

Аббаз Дабыловтың «Ҳақыйқый шайыр деп Тилеўбергенди айтыўға болады» [2, 34] – деп пикир билдириўиниң тийкары неде? Не ушын И. Юсупов: «Көплер қосық жазады, ал, ол шайыр болды» деп үлкен баҳа берген? Неликтен, алым С. Ахметов: «Өзиниң барлық характери менен Тилеўберген Жумамуратовтың таланты – сийрек ушырасатуғын талант. Ал, талант – халық ғәзийнеси» [1, 6] деген баҳаларды берген?

Бул сораўларға жуўап излегенде, «Тилеўберген Жумамуратов уллылығы ҳаққындағы түсиник қыялға келеди.

Шынында да, талант – халық ғәзийнеси. Халық ғәзийнесин қәстерлеў – халықтың мерейин үстем етеди, халық аралық көлемде абыройын арттырады. Әсиресе, ҳәзирги дәўиримиздиң глобалласыўы жағдайындағы халықтың миллет сыпатындағы өзине тән айрықшалықларын сақлап қалыўына тийкар болады. Усы көзқарастан, халқымыз тарийхында «Қарақалпақстан халық шайыры» (1967), «Өзбекстан халық шайыры» (1969) атақларын биринши болып алған, Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлыққа (1971) ҳәм де «Ҳүрмет белгиси» (1975), «Халықлар дослығы» (1984) орденлерине миясар болған халқымыздың белгили тулғасы, усындай уллы инсанды қәстерлеп, мийрасларын улығлап, жас әўладқа жеткерип барыў, шайырдың исмин мәңгилестириў ўазыйпасының әҳмийети үлкен.

Тилеўберген Жумамуратовтың шайырлық стили, оның импровизациясында, илҳәмының вулкан киби толып-тасып атырғанлығында. Төкпе шайыр дегенниң өзи усыннан келип шығады. Пикирлер избе-излиги ушын уйқас тайын турады, ойландырып, қыйналдырып отырмайды. Терең, батыл пикирлер даналықтың мийўеси сыпатында жүзеге келеди. Дурыс жолдан барыў, ылайықлы жасап өтиў ҳаққындағы сөз маржанлары кеўиллерге йош, санаға ой салып, жаратылыс ҳаққындағы философиялық жуўмақларға жетелейди.

«Адамға орныкса ҳасыл даналық, қалар сөзи бир қәлипте жаңарып» деп жазған екен ол, жаслығында Наўайының шайырлығындағы тап усы қубылысты баҳалап, Тилеўберген шайырдың да кәўсар булақтай ҳасыл сөзлери бир қәлипте жаңарып атырған даналық мийўеси екенлиги сөзсиз. «Ҳәр бир сөзим болсын деймен жүрегимниң маржаны», «Дизил сөзлерим жулдыздай, жалтылдап турсын күндыздай, сөз саллансын сулыў қыздай» деп жырлайды шайыр.

Т. Жумамуратов аўызеки яки жазба усылда жүзеге келген дөретпелерин арабша жазыўда ҳәм кириллде қағазға түсирген. Себеби, шайыр дүньятанымы ескише араб жазыўы тийкарында шығыс мәденияты менен суўғарылған, дәстүрий халық поэзиясынан нәрленип жетилискен шайыр. Ол поэзия тилинде сөйлеўши оратор, дилўар инсан еди. Шығыс ҳәм Батыс мәденияты дүрданаларынан, халық шайырларының мийрасынан, дәстанлардан мысалларды ядынан айтты. Соның менен бирге, өзиниң де дөретпелериниң бәрин, көлемли шығармаларды, ҳәттеки, поэзиялық романды да ядынан айтып атқарып бериўи – таңқаларлық қубылыс, айрықша талант белгиси, әдебиятымыздағы жаңалық болды. Шайырлық усты басым талант ийеси, кишигирим әдебий ушырасыўларда да, үлкен халық аралық әнжуманларда да аудиторияны силтидей тындырып, биресе ойландырып, биресе қыран-топан күлкиге бөлей алды. Сонлықтан, Тилеўберген Жумамуратов – халық арасында ең көп қосығын ели яд айтқан, шын мәнисиндеги халық шайыры болып танылды. Әсиресе, шайыр менен заманлас жасаған үлкен-кишиниң ҳәр бири де, шайырдың төртликлеринен, сатиралық қосықларынан ядынан айтып бере алды.

Тилеўберген Жумамуратовтың дөретиўшилигиниң бир өзгешелиги – жанрлық көп түрлилик. Ол қарақалпақ әдебиятын жанрлық, тематикалық, идеялық жақтан байытты. Поэзиялық, прозалық, публицистикалық, драмалық жанрларда жазды. Киши поэзиялық жанр – төртликлер, рубайылардан баслап, лирикалық сәтирлер, термелер, сонетлер, балладалар, көлемли сюжетли қосықлар, тымсаллар, сатира-юморлық шығармалар, фельетонлар, балаларға ертеклер, жумбақлар, поэмалар, қосық-роман сыяқлы көлемли дөретпеге шекемги ерискен бай мийрасын қалдырып кетти.

Билмедим мен жүрек сырыңды, Гүлдей ысық көриндиң көзге. Ләйлимисең өткен бурынғы, Көзқарасың басқадан өзге..., [1, 75] – деп кирип келди ол лирика бостанына кеўил күйин күтә

тәбийғый баянлап. Жаслығынан шығыс руўхый әлемине қанық, туўма талант, аўылында жазған дәслепки қосықларынан-ақ, жетик көркем сөз шебери екенлигин көрсетти, жазғанлары халықтың кеўлине қонды. Ол 1957-жылы жазған: *Сақпан атып зорды берип ҳәлғаққа, Қаўын қорып отырсақ та шартақта. Қосық айтып жүрер едик еликлеп, Аяпберген, Әжинияз, Бердаққа. – Қай жақта? – Ақдәрьяда, Бозатаўда, Мойнақта*, [1, 9] – деп баслана беретуғын қатарларында дәстүр ҳәм жаңалықтың сулыў үлгисин пайда етти. Лириканың жаңа түрлерин жаратыў жолындағы дәслепки изленислери табыслы екенлиги көринди, ҳәр қыйлы жаңа түрлер терең мазмунға сай келди.

Бизиң халқымыздың бай тил мәдениятын Тилеўберген шайырдың қосықларынан көрсек болады. Оның өзи де талант шәртине мәни берип: *«Ҳәр қатардың көркемлигин, уйқасын, Оқыўшылар «пах, шийрин!» деп байқасын. Ойдан туўған лириканың тасқыны, Адам жанын шымбырлатып шайқасын»* [1, 132 – 133] – деп айтқанындай, бундағы философиялық мазмунға ийе ҳәр бир қатарлар – халқымыздың әййемнен киятырған поэзиялық дәстүрлери менен суўғарылған, тилиниң ширеси, мазасы, шеберлиги менен айрықшаланып турады, өткир ҳәм тәсирли. *«Тәсири кем уйқастан да пайда жоқ, Дөрет, жаңа образ, бурын ойда жоқ»* деп поэзиялық принципин әўел бастан-ақ билдирди ҳәм өмириниң ақырына шекем «шайырлық муза әрўаққа» садық қалды.

Ел перзенттен етер дәме, Халық тилегин бийкар деме, Шайырлық – үлкен мәртебе, Көкке өрлер кеўлим мениң» [1, 129] деп йош ҳәм миннетти сулыў тәрийипледи.

Шайыр жигирмалаған жыл даўамында Қарақалпақстан Жазыўшылар аўқамында мәсләҳәтши лаўазымында иследи ҳәм әдебий-руўхый әлемдеги устаз болды. Шайырлық ҳаққында көп жазғаны да, оның дөретиўшилик айрықшалығынан келип шығады, хызмет бабындағы пикир-мәсләҳәтлери қосық қатарлары болып дизиле бергенлигин билдиреди. Жас талантларға ғамхорлығы, аўызша ҳәм жазба мәсләҳәтлери, мақалалары менен бирге, «шайырлық – үлкен мәртебе» екенлигин уқтырған қосықларының өзи көлемли цикл болып, поэзия теориясы ушын бай тәжирийбе үлгисин усынды..

Тилеўберген Жумамуратовтың рубайыларында ўақыт, жәмийет, адамгершилик, әдеп-икрамлылық ҳаққында жақсы ойлар сәўлеленген. Терең пикир, өмир фактлерине мүнәсибет, авторлық позиция тийкарындағы философиялық жуўмақлар, ақыл-нәсият жүрекке қуйылып, санаға тәсир жасап бара береди.

«Егин тәрбиясы бастан болады, Адамға тәрбия жастан қонады. Қараўсыз егиннен зүрәәт күтпе, Әдепсизлик жанға душпан болады, [1, 109] – деген киби төртликлер тәлим-тәрбияның әҳмийетинен сөйлесе: *«Адам болсаң, жәмийетке дерексең, Қосылмасаң, тамыры жоқ терексең»* [1, 98] – деген әпиўайы ғана жуўмақланған пикир ҳәр бир инсанның ел хызметиндеги гиреўли орнын баҳалаўы менен қайсы дәўирдиң оқырманына да ой салады.

Шайыр еки қатар, төрт қатар, алты қатар, сегиз қатар уйқасқа қурылған қосықлар жазды. Қосықтың еки қатар уйқаслы пикирлер дизбегин – он қатарлы қосыққа жәмленген түрлерин де дөретти: *Дәрт шектим қаршадай басымнан, Күн көрдим жарқырап ашылған. Өрлетти өмирдиң епкини, Сонда да көрдим көп тепкини. Темирге полаттай шыдадым, Шадландым, қуўандым, жыладым.*

Бул дүнья кең екен, тар екен, Ишинде бәри де бар екен. Жығылсам түргелдим тағы да, Бағындым дүньяның заңына. [1, 65]

Мине, усындай ойшыллыққа қурылған қатарларды шайыр поэзиясынан көплеп табыўға болады.

Сонетлер. Шайырдың сонет жанрының раўажланыўында үлеси бар. Сонет жанры дөретиўшиниң кеўилкейпин, жуўмақланған ойын ҳәм усы ойға жетелеўши жағдайларды сәўлелендириў имканиятын береди. Усылайынша, бирде мазмун дидактикалық-философиялық ойларға қурылған болса, гейде бул ўақыялы мазмуннан шығарылған жуўмақ белгили бир ой-пикирге жетелейди.

Ҳәр биреўдиң айы, жылы санаўлы, Бирим-бирим қопарылар гербишиң. Жақсылығың журт алдында сынаўлы, Иззет пенен еңбек етсең ел ушын.

Жаслық дәўран – жалынланар мәҳәлиң, Қартайған соң қайтып келмес бәҳәриң.

ямаса, Жүрек деген денедеги гәўҳар тас, Беден мысал гәўҳар салған ыдыстай. Тән тозса да, гәўҳар жүрек қартаймас, Ғыжлап турар қызғыны ҳеш суўыспай.

...Гей жаслардың муҳаббаты қаңбақтай, Гей биреўдиң муҳаббаты қармақтай. [1, 121]

Баллада. Тилеўберген Жумамуратовтың баллада жанрындағы лирикасын айрықша баҳалаў орынлы. Оларда ўақыялардың тәрийпи, турмыс қубылыслары сезимлерге бөленип, көз алдыңнан кино лентасындай өте береди, инсанның жақсылыққа бейимлилиги кеўилге қозғаў салады:

Белгиси жаслық қырсықтың, Суў астында туншықтым. Сүңгип өтип аржақка,

Қыз қасынан бир шықтым.

Шоршып түсип силкинди, Өрре турып иркилди. Қолындағы шәңгили, Қолдан ушып, бир күлди.

Сөз келмеўди мәп көрдим, Шәңгилге қарай тәп бердим. Өрге жүзип ҳаплығып, Қолына қайта әпердим.

Жүрегим соқты дүрсилдеп, – Ойының сениң қурысын, – деп, Көзин маған қадады: – Рахмет саған, қыршын, – деп [1, 78].

«Шымбайлы қыз» балладасында өмирдиң кишигирим бир көриниси, жас бала кеўилиндеги әжеп сезимлер қубылысы миллий бояўларда, қайталанбаған өзгеше толғанысларда бериледи. Және де шайыр дөретиўшилигиндеги өзгешеликтиң бири – лирикалық қосықларында да юморлық элементтиң орынлы жайласыўы эмоционаллық тәсирди күшейтип турады.

Шайыр дөретпелери бурын ушыраспаған теңеўлер, метафоралар, эпитетлер ҳәм т.б. көркемлеў қуралларына оғада бай.

Терме. Тилеўберген Жумамуратов дүнья жүзилик машқалаларды ҳәр қыйлы жанрларда сәўлелендирди. Мәселен, шайырдың «Адамзат» қосығында жүректи титиреткен урысқа қарсылық – ески халықлық мотивте, терме жанрында төкпеленип жүзеге шыққан. Бул қосықтың және бир дыққатты тартар айрықшалығы – еки қатарлы уйқас түриндеги терме екенлиги ҳәм усы еки қатар уйқасқа қурылған отыз қатарды бир куплет деп те қабыллаў мүмкин. Себеби, бул терме, жыраў айтқанда, бир пүтин желиске қурылған, бир дем менен айтылардай пүтинликтеги жырдан ибарат. Соң және еки қатар, өз алдына жуўмақ. Мысалы: *Адам-адам болғалы, Қолына қурал алғалы, Жақсылық пенен жаманлық, Билгирлик пенен наданлық, Бир-бирине болып жаў, Үзилмеди, жәнжел-даў. Қутырған соң жаманлық, Болмады ҳеш аманлық. Дәўлет ушын, бахыт ушын, Ҳәмел ушын, тахт ушын, Ийтлик етип қыймаға, Сыймағандай дүньяға, Артық-аспай жер ушын, Байлық ушын, ел ушын, Болар-болмас мин ушын, Дәстүр ушын, дин ушын, Өгиз болып сүзисти, Қораз болып жулысты, Түлки болып өбисти, Жылқы болып тебисти, Арыслардай айқасты, Айыўлардай шайқасты, Бир-бирине от басты, Жылан болып уў шашты, Асаўлардай туўласты, Сағаллардай шуўласты, Бир тынбады удайы, Ғарғағандай қудайы, Ҳеш ким аман қалмады, Барлығын жер жалмады, Әй, адамзат, адамзат, Жасасаңшы парахат, Билмедиң бе еле сен, Урыспай-ақ өлесең.*

Отыз қатар даўамында бир пикир жетегинде пикирлер әлемине ғарқ боласаң, қыялың: «солай екен-аў, сол бар екен-аў» деп бурын итибар бермеген әпиўайы нәрселер ҳаққында ойланып, гир айланып атырғанында илҳәм инерциясы соңғы төрт қатар менен қатал жуўмаққа әкелип геллени «соқ» еттирип урады: «Адам өмири – аманат! «Урыс – биймәнилик, парахатшылық – өмир шәрти!»

Көлемли қосықлар. Т. Жумамуратовтың «зытқыр еди жибергенде еркине» деп қаназат атлар ҳаққында жазғанындай, бул «шайырлық муза – әрўағы» тутса, тоқтатыў мүмкин. Шайырдың илҳәм инерциясы бул дөретиўшиликте және бир түрдиң – сюжетли, көлемли қосықлардың, ертеклердиң, пүтин баслы поэзиялық романның жүзеге келиўине тийкар болған. Себеби, ол көлемли мазмунды да поэзияда тәрийиплей алады, пикирди қосық қатарлары менен даўамлай береди, уйқас пенен пикирлейди. Мысалы, шайырдың «Бир сулыўға», «Алақан» деген қосықлары он бес куплеттен. «Әбиў әпсанасы», «Бала туўралы сөз», «Шернияздың дуўасы», «Суўға кеткен адам» қосықлары оннан да көлемли. Шайыр зүрәәт байрамларында мийнет жеңислерин қутлықлағанында, «Әмиўдәрья тасқынындай таралып, шайырлықтың сөз булағы ағылады».

«Ушқыр екен адамзаттың қыялы, қанатына пүткил дүнья сыяды» дегендей, шайырдың дөретиўшилик қыялы сондай кең. Әлбетте, қосықтың баҳасы оның көлеминде емес. Шайыр төрт қатарлы түрде де үлкен философиялық жуўмақларын билдире алған. Бирақ, «сөз маржанын балалатып аспанға ушырыў», «еркин мийнет шад өмирдиң өрмегинен» илҳамланып, булақ болып ағыў – үлкен талант жемиси екенлиги сөзсиз.

«Алақан» қосығы шайырдың өзиниң дөретиўшилик ҳаққындағы түсинигине сәйкес, яғный, тек алақанға қарағанның өзинде «жүрегинде шайырлық қайнайды»: *Жер жолдасы пәрўаз етип өтсе*

де, Сүйсингеннен қол шаппатлап қаламан. Адам аспан әлемине жетсе де, Түп тийкарғы кәраматы – алақан.

Қастын тиксе, асқар таўды жығады, Жумып қалсаң залымлыққа жудырық. Музжарғыш та алақаннан шығады, Жүрген анаў муз дүньясын қыдырып.

Қулпы дөнип бағлар өсер саҳрадан, Өрилмекте бийик жайлар пақсасы. Дүнья мүлки алақаннан тараған, Тәбийғаттың сыйлығынан басқасы.

Нәрестеге алақанын қақпаса, Ана байғус уйқыламалмас баласын. Шайыр дослар излеп тема таппаса, Алды менен алақанға қарасын! [1, 132]

Мине, көринип турғанындай, Тилеўберген Жумамуратовтың лирикасы дегенимиз – терең пикир ҳәм төгилип турған уйқас үйлесими болып табылады. Оның елиў жасқа шыққанда жазған «Өмиримниң лирикасынан», алпысқа шыққанында жазған «Өмир жыры» қосықлары да көлемли ҳәм олар шайырдың өмир ҳаққындағы философиялық ойларына, толғанысларына толы.

Шайырдың лирик қаҳарманы жаратылыс инәм еткен илҳәм жигеринде, өзиниң ой сезимлерин, өмир философиясын арқайын тәрийиплейди: *«Ҳәр бир күним – өмирдиң бир гербиши, Ҳәр биреўдиң келер буны өргиси. «Бир әсирдиң дәл ортасы усы» – деп, Мине, мынаў өлшеп қойған белгиси* [1, 90].

Шайырдың өмириниң соңғы жыллары жазған «Қуяш», «Атлар» атлы қосықлары даналық пикирлер, философиялық ойлар ҳәм жүректи тербеген лирикалық толғаныслар жәминен ибарат. *«Бағып минсең гөзлер еди Қырымды, Бул әтирапта қызыққандай адам жоқ. Ет комбинат дийўалына бурылды, Машинаны қайтарыўға шамам жоқ.*

Атлар түнде енип шықты түсиме...Биреўлери таўдан-таўға секирген.

Биреўлери жалбарынып кисиге, Киснегени еситилди «эфирден» [1, 28–29] – деген сыяқлы тәсирли қатарларда жаратылыс қәдириятларын қәстерлеў ҳаққында жүректи елжиреткен ақыл дабыл қағады.

«Еске алыў», «Ақшамғы ой» қосықлары да адамды қәдирлеў сезимлерин қәлиплестириўши терең лиризмге бөленген шығармалар болып табылады.

Арнаў. Тилеўберген Жумамуратовтың дөретиўшилигинде арнаў, тәрийип қосықлары көп. Оның дөретпелерине қарасаң, қарақалпақ үлкесинде шайырдың изи түспеген, кеўилине ой салмаған жердиң өзи жоқ шығар дейсең. Өзиниң туўылып өскен мәканы Мойнақтан баслап, ҳәмме районларға арнап жазған қосықлары бар, олардың ҳәр бири тек сол мәканға сай миллий колоритте қайталанбас илҳәм булағы сыпатында жүзеге келе бергенин көремиз. «Өмиримде көп нәрсени ескердим» деген шайырдың философиялық ойы пүткил поэзиясының мағызы болып табылады. Шайыр, мийнетке ҳүрмет, мийнет адамларына иззеттиң айқын үлгисин көрсетти, Қарақалпақстан халқының «пидәкерлик исинен көп дәстан туўдырды». «Арал теңизине төгилген териң», «Бир жүзип келгениң әжеп бир дәстан, таўдай толқынларды жапырып өтип» деген киби гөззал лирика менен мийнетти улығлады.

«Шынын айтсам өмирдиң ҳәр саласы, берер саған поэзия булағын» деп жазған шайыр, турмыстың ҳәр қыйлы тараўында ел мәпи ушын хызмет етип атырған заманласларымыздың дерлик ҳәммесине – пахтакешлерге, шарўаларға, балықшыларға, мәдениятымыздың тулғаларына, палўанларына, шыпакерлерге, устазларға, сөз шеберлерине, шахтёрларға, шайырларға арнап қосықлар жазды. Жапақ Шамуратов, Генжебай Тилеўмуратов, Сатыбалды Мылтықбаев, Оразымбет Халмуратовқа, сондай-ақ, қоңсылас еллердеги қәлемлеслери, устазлары – Ғафур Ғулам, Мухтар Әўезов, Сәбит Муқанов, Абдулла Тәжибаев, Асқар Тоқмағамбетов ҳәм тағы басқаларға арнаўларында ҳәр бир адам өз хызмети, өз әдеп-икрамы менен сыпатланады, ҳәр бир образға тән айрықша пазыйлетлер гейде салмақлы, гейде юморға бөленип, дәл таўып айтылады, дөретиўшиликтеги усы шеберлик – халықтың ҳүрметине себепши болып киятыр. Бул шығармалар соның менен де баҳалы, халық турмысы, мәденияты ҳаққындағы көркем сөзге түскен мағлыўматлар, дәўиримиздиң шежиреси де болып есапланады. Шайыр устазы, сөз зергери Аббаз Дабыловқа көркемликке бай «Отырыспа» балладасын арнады.

Тилеўберген Жумамуратов лирикалық ҳәм де юмор-сатиралық жанрларда теңдей табысларға еристи, оның сатира-юморы – қарақалпақ әдебиятындағы өзгеше бир әлем болды. Бул қосықларды билмеген, бир неше қатарларын ядынан айтпаған адам шенде-шен ушырасты. Тиллерден түс-

пейтуғын, халқының сүйикли шайыры болып өтти. Оның мийраслары жазба түрде ҳәм де ел аўзында халықлық фольклор болып кең таралып кетти. Шайыр сатирасында дүньяпаразлық, ҳәмелпаразлық, нәпсиқаўлық, менменлик, жағымпазлық сыяқлы иллетлерди әшкаралайды, адам деген уллы атты қәстерлейди, адамгершиликке жат қылўаларға бийпәрўа қарай алмайды, әдалат тәрепинде жәмийеттиң азадалығы ушын гүреседи.

Шайыр 1961-жылы «Тон менен төбелес» деген сатиралық қосығында нәшебентликти қатты сынға алған еди. Бул қосықты жәмийетшилик қызығыўшылық пенен қабыллады, ядлап алды, сценарийлер жазылып, ҳәўескерлер дөгереклеринде қойылып та жүрди. Себеби, шығарма сатира жанрында, көркемлик жақтан жоқары дәрежеде жазылған еди. *«Күн ғыжлап тур, жаздың айы, Қасында көкнары, шайы. Үстинде бар қалың кийим, Басында бар малақайы»* [1, 245]. – деген әпиўайы сыртқы пишинниң тәрийпиниң өзинен кейипке берилген адамның ерси қылўасы ашыла баслайды.

Бул қосық жазылған дәўирлерде нәшебентликтиң жаман ақыбетлери ҳаққында сөз жоқ еди. Гейпаралардың көкнар ишиўине ҳеш ким аса итибар бермеген. Ал, Тилеўберген шайыр, ҳәзирги ўақытта халық аралық дәрежеде машқала болып турған бул иллет ҳаққында буннан қырқ жылдан аслам ўақыт бурын жазған, бул иллеттиң инсанның үйин күйдиретуғын ақыбетин аңлаған, ол наразылық жүрегинен толқып шыққан екен.

«Сондағы ышқы-қумары, Шөптиң сары сорпасында. Жүдә қаны қатқан екен, Өзин соған сатқан екен. Көкнар тамырды жайласа, Жаздырмастай қақпан екен»;

«Мал-дүньямның бәрин жалғыз, кейпим ушын сатар едим» деген гәплердиң мәниси соңғы жыллары медициналық, юридикалық, публицистикалық жақтан айтылып атыр, жазылып атыр, дүнья жүзилик машқала болып дабыл қағылып атыр, лекин, бизде ҳәзирше бул иллетти, Тилеўберген Жумамуратовтың сатирасы дәрежесинде жазыўға еле де ҳеш ким ерискен жоқ. Шайырдың данышпанлығы усында да көринеди.

Жәмийетке кери тәсир етиўши мәскүнемлик иллети шайырдың жанын азар шектирген темасы болды. Ең дәслепки «Мәсмәмбеттиң түси»н жазып, бул иллетти өткир юмор-сатираға алған болса, оннан соң да шайыр бул теманы ҳәр қыйлы түрлерде сөз етти. Ол дәслепки жыллары: *«Әй, Сәймәмбет, ойлап қара, Жәмийеттен шығыссаң, Ақыл-ойдан жуда болып, Геўдиреген қуўыссаң. Сениң сирә айырмаңды Көрмедик ғой, япырмай, Магазинниң ишиндеги Арақ қуйған ыдыстан?!»* [1,250] – деп жазған болса, өмириниң ақырғы жылларындағы «Әмекимниң баласына» деген қосығында да бул иллет шайырға тынышлық бермегенлигин көремиз.

Шайырдың сатираларында ашшы ҳақыйқатлық – инсанға өмирди қәдирлеўди нәсиятлайды, иллет – шешилмей атырған машқала болып, жүректи түйрейди, бул образлар күлки оятса да, бул ашшы ҳақыйқат екенлиги, ызалы күлки екенлиги көринип турады.

Көркем аўдармада уллы шайырлардың дөретпелерин, әсиресе, олардың поэзиялық шығармаларын ана тилине талапқа сай дәрежеде аўдарыў ушын тап сол сөз шеберинен кем болмаған талантқа ийе болыў шәрт. Тилеўберген Жумамуратов Омар Ҳайямның философиялық рубайыларын, Ғабдулла Тоқай, Муўса Жәлил лирикасын, Тоқтағулдың даналық термелерин қарақалпақ тилинде қайта жаңғыртты. А. С. Пушкинниң «Жазыўшы менен алтын балық» ертегин қарақалпақ тилине жүдә шеберлик пенен аўдарды. Ал, енди шайыр А. С. Пушкинниң пикирин даўамлап, өзиниң айтқанындай, «балалатып», және бир дөретпе «Жазыўшы менен алтын балық» юморын жазды:

Бийке буған ҳайран қалды, Урыса-урыса жағы талды. Ақырында, жалынды да,

Кеўлиндегин айта салды:

– Шүкир, бәржай ҳәмме нәрсең, Қәте айтсам кеширерсең. Бир кемисиң – жалғыз талант, Соны сора енди көрсең! – Деди нықлап өз ҳаялы, Дурыс гәп ғой баз баяғы. Ҳәр күн теңиз жағалап жүр, Талант табыў бар қыялы.

Алтын балық узақ кеткен, Оны да бул өкпелеткен. Бул бийшара ҳарып, шаршап, Талант излер теңиз беттен. [1, 130]

Автордың көзқарасында, жазыўшы (яки шайыр) демек – талантқа бөленген инсан. Оның ҳеш нәрсеси болмағанда да, таланты болыўы тийис. Ал, шығарма қаҳарманы жазыўшының «ҳәмме нәрсеси бәржай, тек бир кемиси – жалғыз талант!» Буннан артық юмор болар ма?!

Бул дөретпениң ҳәр бир қатары, ҳәр бир сөзи автордың қандай талантлы сөз шебери екенлигин, оның бай дүнья танымын, нәзик эстетикалық дәрежесин, күшли сыншыл, терең ой ийеси екенлигин көрсетип тур. Усындай шығармалары менен Тилеўберген Жумамуратов қәлеген халық аралық аренадағы классик сөз шеберлери менен «беллесе алғандай», ретинде белгили шығармаларын дәсме-дәс пародиялар түринде дөрете алғандай көркем сөз устасы еди.

Шайырдың көлемли шығармаларына келетуғын болсақ, ол поэма жанрының раўажланыўына да үлкен үлес қосты. Оның «Дослық», «Ананың кеўили балада», «Кийиктиң еки ылағы», «Ағайинли еки батыр» поэмалары, «Қәсийетли гәўҳар тас ҳаққындағы» ертеги әдебиятымыздың алтын ғәзийнесинде үлкен орын ийелейди. «Ағайинли еки батыр» поэмасы дәслеп, баспасөзде шыққан ўақытта (*1950-жыллары*) оны қаралаўшы ҳәр қыйлы пикирлер де болды. Бул шығармасы ушын жазыўшы қуўғынға да ушырады. Кейиннен ол өзиниң дурыс баҳасын алып, инабатлы орын ийеледи. Себеби, бул поэма – туўылған жерди душпаннан қорғаў, оған болған халықлық сүйиўшиликти жырлаған, көркемлиги күшли, ең жақсы шығармалардың бири.

Шайырдың «Кийиктиң еки ылағы» поэмасы да балалар әдебиятының ең жақсы туўындыларынан есапланады. Тилеўберген Жумамуратов әдебиятымызға ертек-поэма жанрын алып келди, раўажландырды. «Ананың кеўили балада» поэмасы да дыққатқа ылайықлы шығарма. Поэманың қаҳарманлары арасында үлкен тартыслар, соқлығысыўлар болмағаны менен де, ондағы ана менен бала арасындағы конфликт ой туўдырады. Бунда лирикалық сезимлер, кеширмелер басым, ўақыялар, образлар, лирикалық шегинислер арқалы сүўретленеди.

Рус жазыўшысы Гоголь «Мертвые души» атлы прозада поэма жазған. Ал, Тилеўберген Жумамуратов қарақалпақ әдебиятында биринши поэзия тили менен «Макарья сулыў» романын жазды. Бул шығарма қарақалпақ әдебиятында үлкен орын ийелейди. Романда қарақалпақ халқының бай мәдениятына, үрп-әдетине, этнографиясына, психологиясына, географиясына, жердиң тәбиятына кең орын береди. Шығарма миллий колоритте инсаныйлық қәдириятларды улығлаўы менен баҳалы. Дәстан гипербола, теңеў, эпитет, метафоралық сыяқлы көркемлеў қуралларына, бурын сөз етилмеген жаңа ўақыяларға бай. Соның менен бирге, шығарма шайыр поэзиясының өсиўшилиги менен характерленеди.

«Қызлар ҳәзили» комедиясы, «Тикленген туў» драмасы менен Т. Жумамуратов өзин драматург сыпатында да көрсете алды. «Муҳаббат сыры» китабы оны проза шебери сыпатында танытты.

Айтыс. Бизге белгили, көпшилик түркий халықлардың фольклорлық дәстүринде шайырлық шәрти – айтыс өнеринде жуўабыйлық пенен өлшенген. Шайырлар айтысы дегенде, тарийхымызға көз салып, көп ғана айтыслардан: Әжинияздың Қыз Меңеш пенен айтысы, Күнхожаның айтысы, Сейфулғабит Мәжитовтың Қазы Мәўлик пенен айтысларын мысал етсек болады.

Тилеўберген Жумамуратов – мәденият тарийхында айтыс жанрының шебери болып танылды. Бир айтысып көриў ушын узақтан атақлы ақынлардың излеп келиўиниң өзи шайырымыздың шешенлигинен дерек береди.

Т. Жумамуратовтың импровизациялық төкпе шайырлық, импровизациялық дөретиўшилигине тән айрықшалық – бунда аўызша жаратылған дөретпелердиң толығы менен жетилискен эстетикалық талғам мүлкине айланатуғынлығында. Шайыр поэзиясында қағазсыз, қосық қатарларын турған жерде төкпелетиў киби аўыз әдебиятына тән усыл – профессионал шеберликте, жазба әдебияттың композициялық пүтинлигинде, көркемлик бояўларында, қайталанбас уйқас ҳәм мазмун үйлесиминде сәўлеленди.

Негизинде, әдебий жөнелисте импровизация қубылысына, айтыс өнеринде шайырлыққа «кеширимли» қарайды. Себеби, бирден айтылған сөз, редакторланбаған көркем сөз. Онда шалалық та, қайталаныўлар да ушыраўы мүмкин. Бирақ, Тилеўберген шайырдың бирден суўырып салмай айта салған сөзлери де, импровизациялық қосықлары да, ядый атқарып турған поэзиялық дөретпе яки қара сөзлери де шеберлик үлгиси сыпатында көринеди, қорғасындай нық. Оны тыңлап отырып юморына күлмеўдиң, ҳикметли сөзине ойланбаўдың илажы жоқ. Шайырдың айтыс өнеринде көркем сөзлилиги, жеңилмеслиги, дилўарлығы, бирден ойып айтқан ушырма сөзлери, әдил ой-пикирлери, инсаныйлығы еле де ел аўзында айтылып киятыр.

Бизде айтыс жанры раўажланбай қалды. Ўақтында Тилеўберген шайыр менен батынып айтысқандай адам шықпады. Егер де, оның менен дәсмә-дәс айтыслар болып, шайыр ҳәўижге

мингенинде, Тилеўберген шайырдың да таланты еле айтыс өнеринде тасқынлап шыңланар еди. Ол, ҳәзирше айтыс жанрының ең соңғы ўәкиллеринен болып қалды. Шайырдың көп қырлы мийрасын айтпағанда да, дөретиўшилигиндеги басқаларда таптырмайтуғын айрықша усы поэзиялық дәстүрди тута алғаны ушын да классик шайыр сыпатында тән алыныўына толық тийкар бар.

Илгери жыллары түркий халықлардың үлкен әнжуманларына оның дилўарлығын билгенлер көп болып, «импровизатор, төкпе шайыр Тилеўберген» исми есленип туратуғынына, бул исми айтылғанда адамлардың жүзинде кеўилли күлки жуўырып, ҳүрмет пенен қайта-қайта сәлем айтып жиберетуғынларына гүўа болғанбыз. Оның айтыс өнеринде көркем сөзлилиги, жеңилмеслиги, дилўарлығы, ушырма сөзлери, әдил ой-пикирлери, инсаныйлығы еле де ел аўзында дәстан болып айтылып киятыр. Себеби, Тилеўберген Қупбатулла улының және бир халқына унаған пазыйлети сөзи менен иси бир шайыр еди. Шайырлық жүреги, йошы, пейили арқалы, халықтың ҳүрмет ҳәм иззетинде шыңлана берди.

Ол ҳәмме ўақытта да, өткинши ҳәм мәңгилик нәрселерди айыра билген. Егер турмыстың ҳақыйқатлығы көркем сәўлелендирилсе, мәңгилик шығарма жарататуғынлығын, қосықлары халқы менен бирге жасай беретуғынлығын өз дөретиўшилиги мысалында көрсетти.

Тилеўберген Жумамуратов әдебият партияның құдиретли қуралы есапланатуғын, совет әдебияты шығармалары социалистлик реализм методы қәлибинде жазылыўы, коммунистлик партияның сиясатын үгит-нәсиятлап, ҳәмдиў-сәне айтыў талабы биринши орында турған заманда жасады. Солай да, Тилеўберген Жумамуратов инсаныйлық қәдириятларды қәстерлеген ҳасыл дөретпелердиң авторы екени белгили болды.

Т. Жумамуратов 1990-жылдың 2-апрельде дүньядан өтти. Ол өзиниң дәўирлес шайырлары менен бирге демократиялық жәмийеттиң еркин дөретиўшилик имканиятын көре алмады. Бул жағдайда оның өзиниң «Атлар» қосығындағы «Зытқыр еди жибергенде еркине!» деген қатарлары ядқа келеди.

Тилеўберген Қупбатулла улы Жумамуратов – қарақалпақ халқының классиги дәрежесиндеги шайыр. Оның аты қарақалпақ әдебиятында, тарийхында ҳеш ўақытта өшпейди. Шығармалары бизиң әдебий мийрасымызда алтын сыя менен жазылып турады. Тилеўберген шайыр мийрасын, миллий мәдениятымыздағы үлкен бир таў деп айтсақ болады. Ол, өз алдына турған, қарақалпақ халқының алтын фонды есапланады. Бул қубылысты биз өзимиз тартынбастан мойынлаўымыз, шайырдың ҳасыл дөретпелер авторы, уллы сөз зергери екенлигин қайта-қайта тастыйықлаўымыз керек!..

Ўақтында шайыр Россия, Қазақстан, Өзбекстан, Башқуртстан, Татарстан аудиторияларында да ҳүрмет ҳәм сүйиспеншиликке сазаўар болды, әдебий сапарларында да «қаршығадай гүўилдескен шапалақтан» қуўат алды.

Бүгинги күни информациялық әсирдиң мағлыўматларға қол жетерлик имканияты себебинен халық аралық көлемде Тилеўберген Жумамуратов феноменине қызығыўшылықтың артыўы да, миллий шайырымыз мийрасын қәстерлеў, келешек жасларға тереңнан танытыў, дөретпелерин аўдармалап, шайыр исмин мәңгилестириў бойынша, жаңа ўазыйпаларды орынлаў зәрүрлигин билдиреди. Шайырдың үй музейин шөлкемлестириў – елимиз ушын мақтаныш, халықтың кеўлинен шыққандай орынлы ис болар еди.

Әдебиятлар:

1. Жумамуратов. Өмириңниң өзи – философия.

2. Пахратдинов Ә. Халық шайырларында шайырлықтың келип шығыў тарийхынан. Нөкис, 1980.

3. Феномен – https://ru.wikipedia.org/wiki ...Dwikipedia.org› https://yandex.ru/search/?text=https://yandex.ru/search/?text=...

4. Юсупов И. «Еркин Қарақалпақстан» газетасы, 26-июнь, 2001-жыл, №74(17511)

АЛЛАМБЕРГЕНОВ ҚЕҢЕСБАЙ

Филология илимлериниң докторы, профессор
Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты

МӘМБЕТОВ ҚАБЫЛ

Филология илимлериниң кандидаты, доцент,
Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты.
Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

ТИЛЕЎБЕРГЕН ЖУМАМУРАТОВ – ХХ ӘСИРДЕГИ ҚАРАҚАЛПАҚ ӘДЕБИЯТЫНЫҢ ГОМЕРИ

Халқымызда «жақсының жақсысын айт, нуры тассын» деген гәп бар. Ҳәр бир миллет өзиниң талантлы перзентлерин қәстерлеп, мақтаныш етип дүньяға таныта билсе, бул халықты танытыў болып саналады.

Тарийхый дәўирлердиң жәмийетлик турмысына, көркем-өнерине, әдебиятына ҳәм мәдениятына үлес қосатуғын әжайып тулғаларының болатуғынлығы тарийхтан белгили. Бундай тулғалар өз халқын, миллетин пүткил дүньяға танытып, халқым деп жәҳәнге даўрық салған, оның қәдир-қымбатын қәстерлеген, дүньяға атын танытып оннан рәҳәтленген, туўған елиниң тәкирарланбас гөззаллығын жырлап, мақтаныш еткен.

Қарақалпақ әдебияты тарийхының уллы байтереклери Жийен жыраў, Күнхожа, Бердақ, Әжинияз, Омар, Өтеш ҳәм тағы басқа да сөз зергерлериниң дөретиўшилик мектебин даўам еттирип, ХХ әсирдеги қарақалпақ әдебиятының раўажланыўына өзлериниң салмақлы үлеслерин қосқан көркем сөз шеберлеринен А. Муўсаев, А. Дабылов, С. Нурымбетов, С. Мәжийтов, Ж. Аймурзаев, М. Дәрибаев, Н. Дәўқараев, Т. Жумамуратов, И. Юсупов, Т. Қайыпбергенов, Х. Сейтов ҳ.т.б. киби талант ийелери қарақалпақ әдебиятын өлмес көркем дүрданалар менен байытты.

Мине, усы «Саҳра бүлбиллери» болған қарақалпақлардың миллий поэзиясының ХХ әсирдеги жарқын жулдызларының бири Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық шайыры, импровизатор-шайыр, айтыс өнериниң шебери, сарқылмас талант ийеси Тилеўберген Жумамуратов болды.

Шайырдың заманласлары – алымлар, көркем сөз усталары, ҳәр қыйлы кәсиптеги мийнет адамлары оның айрықша шайырлық талантын, энциклопедиялық диапозонын «Аты аңызға айланған шайыр», «Сөз зергери Тилеўберген», «Тилинен дүр шашқан шайыр» деген сөзлерде унамлы баҳалады. Айтқан сөзи менен иси бир, адамгершиликли пазыйлетлери ҳаққында заманласлары көп естеликлер жазды.

Жәмийетлик ғайраткер, мийнет ветераны Қәллибек Камалов газетада жәриялаған еске түсириўинде айтқан: «Алматыда 2002-жылы Қазий Данабаевтың Қазақстанның белгили тулғасы, Республикалық көлемдеги басшы хызметкер Исатай Әбдикаримовтың үлгили өмирине арналған «Дүниеден ғажайып бир жан өтти» атлы китабы баспадан шыққан. Мине, усы китапта Тилеўберген аға жөнинде де жақсы мағлыўматлар бар. ...Тилеўберген Жумамуратов қосық оқығанында «бүкил зал орнынан турып қол соққанлығы» (4, 150) айтылған. Бир мақалада шайырдың қосықларынан он куплети мысал ушын алынып, «Қарақалпақ журты менен тонның ишки баўындай араласып кетип едик» (4, 14) – деп жазылған. ...Тилеўберген ағаның усы сапары қазақ аудиториясына үлкен тәсириниң және бир дәлили, сол жыллары Москваға сессияға барғанымда Қызылорданың басшысы Хасан Шаяхмедович Бектурғанов мени көрип:

– Ай, Қалеке, сизден келетин Тилеўберген ақын керемет-қой. Ол қазақтың Абайы, Жамбылы секилди ақын ғой дейим, – деп шайырымыздың талантына үлкен баҳа берди. …Бул тиллерде дәстан болып жүрген шайырдың бир кешедеги қалдырған тәсири. Ал, ондай кешелер саны жүдә көп болған» [5, 3].

Тилеўберген Жумамуратов дөретиўшилигине нәзер салсақ, ҳақыйқатында да, бул шайырдың өзиниң қәбилети бойынша, Әжинияз шайырдың «Маңа сөзден басқа эгам, ҳеш нәмерсе берен йоқдур» деп айтқанындай, ямаса, Бердақтың «Бул сөз иләҳийден келди» дегениндей, иләҳий шайыр, туўылма талант. Бул тулғаның усындай иләҳий қәбилети ҳаққында ойлағанда, Батыс

Европа поэзиясының тийкаршысы әййемги грек легендар жыршы шайыры, шамалаўларға қарағанда «Иллиада ҳәм Одиссея» шығармасының авторы Гомер ҳаққындағы: «Илҳәм айтып турды, Гомер жазып турды» деген сөзлери ядқа келеди. Бизиң шайырымызда бул иләҳий қубылысы оннан да қалыспас, «Илҳәм айтып турды, Тилеўберген илҳәмның айтқанын-айтқандай төкпелетип ядый айтып турды, қалаберсе, сол қәлпинде ядында мөрлеп сақлап та турды. Бул ядый, бирден төкпелетип айтылған уйқаслы қатарлар сол ўақыттың өзинде, бирден-ақ, сана ҳәм сезимталлық «редакторлаўынан өтип» үлгерген муқыятлы тайын дөретпеге айланып турды» деп баҳалаў мүмкин. Себеби, Т. Жумамуратовтың айтыс өнериндеги табысларын, ел аўзында «Тилеўберген аға айтып еди» дегендей ушырма сөзлерин айтпағанда да, оның жазба әдебият сыпатындағы дерлик көпшилик қосықлары қағазсыз төкпелетип жазылған. Радио, телевидениеде алдын ала жазып алыў жоқ ўақытларында да Тилеўберген шайыр «сводка»да ҳәзир келген табыслар ҳаққында талай қосықларды төкпелетип, халықты жигерлендирген. «Шайырлық толқыны», «Бул не деген кең жәҳән», «Балықшылар қосығы», «Теңиз бенен көп ойнамаң», «Мәсмәмбеттиң түси», «Тон менен төбелес» ҳ.т.б. қосықларының епкини сондай. Бундай мысалларды көплеп келтириў мүмкин.

Рус шайыры А. С. Пушкин «Евгений Онегин» поэзиялық романында Гомер исмин еки мәрте атап өтеди, өз қаҳарманының тәрийпин Гомерге салыстырады. Сондай-ақ, Пушкин, бул поэзиялық романын жазыў процесин Гомер менен айтысқа, яғный, дәсмә-дәс жарысқа усатады, бул көлемли шығармасын жазып болғанын – «жеңгеним» деп санайды. Гоголь, өзи прозалық поэма деп белгилеген «Өли жанлар» дөретпесин жазып тамамлағанда, әдебий орталық бул талант епкининде Гомерлик талантқа жақынлықты көреди. Демек, бул жерде Гомер исми – көркем сөздиң аса қүдиретли қуўаты ҳаққындағы үлги сыпатында берилген.

Аўыз әдебияты дәстүрлери басым болған түрки тиллес халықларда халық мийрасын ядында алып жүрип әўладларға жырлап, яд айтып жеткериўши сөз зергерлери жоқары баҳаланады. Қазақ халқының көрнекли тулғасы Мухтар Әўезов Жамбыл ақынды «тири энциклопедия» [1, 69] – деп атағанының мәниси усында. Рус жазыўшысы М. Горький лезгин, дағыстан халықларының атақлы ашуги Сулейман Стальскийди поэзиядағы дәстүрий усылдағы шайыр екенлигинен «Әсиримиздиң Гомери» [3, 72] деп ҳүрметлеп, жазыўшылар съездинде биринши сөз берип қосығын оқытқан. Фундаменталь саўат алмаған болса да, халықлық поэзиядан нәрленген – дана екенлигин атап өткен. Жазыўшы өз сөзинде, бундай туўма талантларды, биз еле билмей жүрген Сулайманларды да таўып қәстерлеўди нәсиятлайды. [2] Мине, бул қубылысларға тасқынлы талант, яд ғәзийнеси бай төкпе шайыр Тилеўберген Жумамуратов дөретиўшилиги сәйкес келеди.

«Жанлы аудиторияны өзине ерксиз тартыўы, оның шайыршылық даңқының елге кең таралыўына бирден бир себепши жағдайлардан есапланады»; «Айырым тарийхый мәселелерди анықлаўда оның жүдә керекли бийбаҳа адам екенлиги билинди» [6] деп жазады алым Әбдисайыт Пахратдинов Тилеўберген Жумамуратов жөнинде.

Тилеўберген Қупбатулла улының поэзиясы бүгинге дейин, буннан кейин де әсирлерди артқа таслап жасай беретуғынлығының үлкен мәниси бар. Ҳәр бир адамның тилинде, сөзинде жүриўи, келешекте жасай беретуғынлығының мәниси, оның поэзиясының тийкары жүдә тереңде. Жүдә бийик таўлардан саға алған поэзия бул. Бул таўлар, биринши гезекте, бизиң халықлық поэзиямыз. Халық поэзиясындағы ең жақсы үлгилер, импровизация деймиз бе, сөз саплаў, сөйлеў әдеби, этикалық-сезимталлы сөз қолланыў дәстүрлери деймиз бе, улыўма, барлығын-барлығын халықтан алған. Бундай шайырлар, ҳақыйқатында да, жазып дөретпегенде де, ҳақыйқат авторлық поэзияның, жазба әдебияттың бир қатарын қағазға түсирмегенде де, иләҳий талант ийеси, туўылма шайыр сыпатында миллий мәдениятта үлкен әҳмийетке ийе болады.

Бул тулғаның жас өспиримлик шағынан-ақ, қоңсылас атақлы шайырлар тәрепинен мойынланыўы, қазақтың атақлы шайырының бул жас талантқа муқыятлы сөзден сөйлетип, айтысқа түсип көрисиў ушын атайылап излеп келиўи, бул мысалдың өзи ел ишинде аңызға айланып кетиўинде үлкен мағаналар бар.

Тилеўберген Жумамуратов балалығынан аўызеки дөретиўшилиги ҳәм қарақалпақ шайырлары дөретиўшилиги менен жақыннан таныс болған, көп ғана халық ертеклерин, қосықларын, әпсана, аңызларды, дәстанларды ықласы менен үйренген ҳәм ядтан билген. Шайырлық айтысларында жеңисти қолдан бермеген, кең аудиторияларды силтидей тындырып өзине тартқан дилўар. Мине,

усы қызығыўшылық оның фольклорлық дәстүрий талантын оятады. Екиншиден, Тилеўберген Жумамуратов поэзиясы – усы халықлық мийрастан нәр алып үлкен классик дәрежесине жеткен Әжинияз, Бердақтың поэзиясынан суўғарылған поэзия, сол тақылеттеги өзгеше бир дүнья.

Тилеўберген Қупбатулла улы тек ғана аўыз әдебияты дәстүрлерин ғана ийелеп қалған емес, ал, жазба әдебияттың да көрнекли ўәкили. Биз оның аўыз әдебият пенен жазба әдебиятты сондай синтезлеген, жәҳән әдебияты жаңалықлары менен байытқан уллы шайыр екенлигин, соның менен бирге, тарийх, әдебият, тил ҳаққындағы ойлары, ҳикметли сөзлери менен елимизде даңқ таратқан, билими шежире, өзимиздиң Гомеримиз екенин сезгенбиз.

Шайырдың жазба әдебият ўәкили сыпатындағы хызметине келсек, Т. Жумамуратов қарақалпақ әдебияты тарийхындағы көркем әдебияттың барлық жанрларында қәлем тербеткен, реалистлик ҳәм фольклорлық сүўретлеў усылларының синтезинде өмир қубылысларын көркем сәўлелендирген, өзине тән болған шайырлық мектебине ийе ҳақыйқый сөз шебери саналады. Оның көп ғана лирикалық, сатиралық дөретпелери, очерклери, гүрриңлери, поэмалары, дәстан ҳәм пьесалары халық массасына кеңнен мәлим ҳәм шығармаларының басым көпшилиги халықлық сыпатқа енисип кеткен авторлардың бири. Т. Жумамуратов түркий тиллес халықлар әдебияты ўәкиллериниң дөретпелерин терең үйренген. Өзи ески араб, парсы тиллерин жақсы билгенликтен Омар Ҳайямның рубайларын парсы тилинен қарақалпақ тилине аўдармалаған. Сондай-ақ, өзбек классиги Әлишер Наўайы, татар шайыры Ғабдулла Тоқай, рус классиги Александр Пушкинниң дөретпелеринен де аўдармалар ислеген.

Т. Жумамуратовтың дәслепки қосықлары 30-жыллардың екинши ярымында районлық ҳәм республикалық газеталарда жәрияланып басланды. Шайырдың «Жүрек муҳаббаты» (1956), «Дослық» (1959), «Мениң заманласларым» (1963), «Толқында» (1970), «Кәраматлы тулға» (1975), «Таңламалы шығармалары» (1967), Шығармалар жыйнағының еки томлығы (1978, 1980), «Түрли өткеллер» (1983) топламлары баспадан шықты.

1972-жылы Т. Жумамуратовқа «Толқында» атлы топламы ушын Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлығының лауреатлығы берилди.

Т. Жумамуратовтың поэзиясы қарақалпақ фольклорының ҳәм XVIII, XIX әсирдеги қарақалпақ классик әдебияты тийкарында қәлиплести ҳәм бул әдебий дәстүрлерди өзине тән жол менен раўажландырып даўам етти. Шайырдың қосықлары фольклорлық – жыр, терме, толғаў, айтым, тәрийип формаларында жазылды, дидактикалық характер тийкарғы мазмунды қурады.

Шайырдың қосықларында автордың өмирдеги позициясы алдынғы орында турды. Ол өзиниң пүткил дөретиўшилигинде ҳадаллық ҳәм инсаный пазыйлетлерди жоқары қойып сүўретлеўди мақсет етти ҳәм өзиниң «Шайырлық шәрти», «Шайырлық толқыны» қосықларында усы көзқарасын төмендегише сәўлелендирди: *Қағаз майдан, қәлем жорға, Сүр жорғаны қолым мениң. Ел қызығар сулыў жырға, Сайра-сайра тилим мениң!* («Шайырлық толқыны»);

«Ҳәр қатардың көркемлигин, уйқасын, Оқыўшылар «Паҳ, шийрин!» деп байқасын. Ойдан туўған лириканың тасқыны, Адам жанын шымбырлатып шайқасын!

Тәсири кем уйқастан да пайда жоқ, Дөрет жаңа образ, бурын ойда жоқ. Мийнетиңе дос қуўансын, душпаның Маңлайына қатты урсын, соқ-соқ-соқ!

Шайыр ким ол – ҳақыйқатлық жыршысы, Жай адамға өрнек оның ҳәр иси. Гөне емес жаңалықты қоллайды, Бәрҳа қолда әдилликтиң тартысы… («Шайырлық шәрти»)

Мысалдан көринип турғанындай, дөретпеде фольклорлық ҳәм реалистлик сүўретлеў дәстүри биригип, синтезленип өмир шынлығы сүўретленген.

Т. Жумамуратов дөретиўшилигиндеги ең баслы тема – бул дослық ҳәм баўрыкеңлик болды. Шайыр бул темада «Жарасар», «Жүрек муҳаббаты», «Әмиўдәрья», «Бердаққа», «Хорезмли досларға», «Башқуртстанлы досларға», «Қазан шәҳәри», «Ташаўызлы досларға», «Қырғыз досларыма», «Қазақ достыма» қосықларын ҳәм «Макарья сулыў» лиро-эпикалық поэмасын жазды. Бул дөретпелер XX әсир қарақалпақ әдебиятында 1950 – 1960-жыллары миллий әдебиятлардың өз ара байланысларын кеңейтиў, шайыр ҳәм жазыўшылар арасындағы әдебий қатнасларды күшейтиў ушын өткерилетуғын халықлар әдебиятының ҳәптеликлерине байланыслы көп жазылды. Әдебият ўәкиллери бир-бириниң елине барып, сол халықтың турмысы, тарийхы ҳәм мәденияты, әдебияты менен жақыннан танысыў мүмкиншилигине ийе болды. Мине, усындай әдебий сапарларда

Т. Жумамуратовтың «Қарағанды», «Темир таўда», «Абай ескерткишине», «Шахтёрлар», «Алма-Атаның аспанында», «Алматыны алып келдим», «Украинлы туўысқан» ҳәм т.б. қосықлары жазылды.

Сондай-ақ, бул дәўирлерде басқа халықлардың шайырларына арнаў жазыў дәстүри бар еди. Т. Жумамуратов усы дәстүрди даўам етип, өзи де бир қатар досларына арнаўлар жазды: «Сабит туўралы», «Мухтарға», «Асқарға», «Ғабит туўралы», «Ғафур Ғуламға» ҳәм т.б.

Шайырдың «Ушырасыў» атлы шығармасы, Екинши жәҳән урысы дәўириндеги халықлардың бирлиги ҳәм туўысқанлығын жырлаўға бағышланған. Қосықтағы лирикалық қаҳарман Қырымға, курортқа барған жеринде шыпакер менен ушырасады. Өзи фронтта ессиз жарадар болып қалғанында усы шыпакер – украин қызы Оксана, жайнаған оттың ишинен оны арқалап алып шыққанын еслеп, сол қыз екенлигин таныйды. Жаўынгер қызға миннетдаршылық сезим менен алтын саат саўға етпекши болады, сонда қыз: *«Өзиңде турсын, кеўлиңди билдим, Шын дослық пенен барыңды бердиң, Сааты емес, мәртлиги қымбат, Ҳақ адам ушын сениңдей ердиң»*, – деп жуўап береди.

Шайырдың дөретиўшилигинде Ана-Ўатанға садықлық ҳәм сүйиспеншилик айрықша йош пенен жырланды. 1939-жылы жазылған «Ана» атлы қосығы аўызеки әдебиятқа тийисли толғаў формасында дөретилген, қосықта шайыр ананың балаға еткен хызметин жоқары руўхтағы миннетдаршылық сезимлер менен жырлайды: *... Жыласам жубаттың, көрсең қуўандың, Аппақ сүтлериңнен емдим де қандым. Еркелеп турғанда қушақты аштың, Жуўырып барғанда баўырыңа бастың. Қанша қыйқаңшылық етсем шыдадың, – «Аспандағы айды бей», – деп жыладым, Пал берсең, – «сүт бер» – деп қыңырлық еттим, Сүт берсең, «пал бер» – деп табақты төктим... Өмириңниң неше-неше жылларын, Пидә еттиң, ержетсин деп балларым*.

Т. Жумамуратов ең дәслепки қосықларынан баслап өз поэзиясын философиялық пикирлеўге, терең ойға, сөздиң кең мәнилилигине қурды. Себеби, шайыр дөретиўшилиги халық аўызеки әдебиятының бай дәстүрлери менен терең суўғарылған ҳәм төкпе шайырлық (импровизатор) усыл менен көркем жаратылған еди.

Шайырдың поэзиясындағы «Өмир жыры» қосығында шайыр өмирди баҳалап билиўдиң, ўақытты босқа жибермеўдиң, турмыста өз жолыңды таўып билиўдиң зәрүрлигин, инсанға өмирдиң бир рет ғана берилетуғынын уқтыра отырып, усы өмирди жеке өзи ушын емес, ал адамлар менен бирге татыў ҳәм жәмийет мәпи ушын жасаўға шақырып, философиялық-дидактикалық шешим береди:

«Ўақыт өтер жүйрик аттай шабысып, Бәҳәр келер қыс өмирин таўысып, Ҳәр бир күнниң, ҳәр сааттың орны бар. Өмир ушын ҳеш бир күн жоқ аўысық.

Адам болсаң көпшиликке дерексең, Қосылмасаң тамыры жоқ терексең, Ойламасаң тек өзиңнен басқаны, Айтшы, қәне, сен кимлерге керексең».

Т. Жумамуратовтың поэзиясында сөзлерди образлы қолланыў, импровизациялық жолды сақлаў, көркемлеў қураллардан шебер пайдаланыў, фольклорлық дәстүрлерди жаңаша реалистлик әдебиятқа сай раўажландырыў, қосықтың жаңа формаларын табыў шеберлиги байқалады. Туўған жер менен мақтаныш, балалықты, жаслықты сағыныў сезими шайырдың «Мойнақ» (1957) қосығында айрықша лапыз бенен жырланады: *«Туўылдым да жастан сонда көп болдым, Шадлы өсип, қурғын болдым, тоқ болдым, Ядтан шықпас шомылғаным, жүзгеним, Айдынында мөлдир суўлы көк көлдиң.*

– Қай жақта? – Аққум, Майпоз, Тентекарна, Мойнақта!».

Көз жиберип қарап турсам оңаша, Өзгерилген көринис бар жаңаша, Гудоклары комбинаттың, заводтың, Параходларға сестин қосар, тамаша!

– Қай жақта? – Қазақдәрья, Үшсай, Үрге, Мойнақта!».

Т. Жумамуратов заман, турмыс ўақыяларын, заманласлар образларын сүўретлеў ушын поэтикалық формаларды изледи. «Қостарлар» (терме), «Елликқала» (айтым), «Жайҳун дәрья» (айтым), «Шымбайдың» (тәрийип), «Жарасар» (муҳаллес), «Отырыспа» (баллада), сонетлер, ғәззеллер, төртликлер дөретти.

Бул изленислер шайырға берилген тәбийий таланттың жыл өткен сайын ашылысып, көп қырлылығынан дерек береди. Шайыр, мине, усы тийкарда, дәўир талабына ылайықлы қосықлар дөретиў ушын басқалардан өзгеше сүўретлеў усылларын табады. Тәрийиплеў менен бирге

тарийхый, публицистикалық-поэтикалық баянлаў формаларын ислеп шықты ҳәм «Мойнақта», «Бозатаў», «Төрткүл», «Шымбайға», «Әмиўдәрьяшылар туўралы», «Мийнеттиң палўаны», «Кегейлиге», «Беруний циклинен», «Қарақалпақстан шарўаларына» ҳәм т.б. қосықларын дөретти.

Және бир айрықша атап өтетуғын нәрсе, шайырдың қосықларында өмир қубылысларын тарийхый салыстырмалы түрде сүўретлеў ҳәм философиялық ой салыў усылы да бар. «Ески дүнья муңларынан» циклиндеги қосықлар усы көзқарастан айдаўға кеткен ананың зары, сүйген жигитинен айырылған қыздың тәғдири, ата-анасынан айырылған баланың сезимлери ҳәм т.б. көринислер бериледи.

Шайыр Т. Жумамуратовтың жазған дөретпелериниң, дерлик, барлығында қосықтың соңында философиялық жуўмақ шығарылады. Бул форма шайырдың төртликлеринде де, ғәззеллеринде де, сонетлеринде де, терме формасында жазылған «Қуўаныш пенен уўайым», «Адамзат» ҳәм т.б. қосықларында орын алған. «Ақсақ кемпир, бүкшеңлеген ғарры шал» деген сонетинде усындай философиялық, өмиршеңлик жуўмақ шығарылады. Мәс сулыў келиншек кемпир менен ғаррының жолда ҳәзиллесип турғанын ерси көрип: «Алжығанлар, не бар екен гәп таўып» деп мысқыллап өтеди, бирақ, өкинишлиси, өзи сол күни дүньядан өтеди. Ғаррылардың үстинен күлме, олардың жасына жеткен де бар, жетпеген де бар, өмир ҳәммеге де аманат деген пикирди-идеяны шайыр мына қатарлар менен жуўмақлайды: *«Қыйын емес екен гүлдиң солмағы, Ақ денениң қара топырақ болмағы».*

Бәрше шайырлар сыяқлы муҳаббат темасына бағышланған қосықлар Т. Жумамуратовтың дөретиўшилигинде де бар. Бирақ шайыр муҳаббат ҳаққында өз ойларын, философиялық көзқарас пенен пикирлейди. «Бир сулыўға», «Қостарлар» шығармалары усы теманы характерли түрде ашады: Жигит қызға Көкпар инам етпекши болып ылақ ойынында аттан қулап, майып болып қалады. Қыз жигитти таслап кетеди, бирақ өзи турмыста бахытлы бола алмайды.

Гөззал, сулыў болғаны менен, ол қыз бахытсыз, өмириниң ақырында өмирлик жолдасы да, перзенти де жоқ, жалғызлықта қалады. Бул муҳаббатқа турақсызлықтың ақыбети.

Ҳақыйқый сүйикли ҳәм опалы яр, садық өмирлик жолдас образын шайыр «Қостарлар» атамасындағы термесинде төмендегише фольклорлық усылда көркем сүўретлейди: «*Шаршап келсең жумыстан*, *Оның жүзи гүлистан. Пәйик болып күтеди, Шаршағаның кетеди*».

Т. Жумамуратов қарақалпақ поэзиясы тарийхында юмор ҳәм сатиралық қосықлардың шебери болды ҳәм бул жолда өзиниң фольклорлық дәстүрди реалистлик әдебиятқа енгизиўдеги өзгешелиги менен басқа авторлардан ажыралып турды. Шайырдың бул бағдардағы «Қосық ҳақкында қосық», «Мәсмәмбеттиң түси», «Алламурат әлпайым», «Тон менен төбелес», «Жазыўшы менен алтын балық», «Трактор менен кетпен», «Қыз сүйген жигит» ҳәм т.б. юмор-сатиралық шығармалары бар.

Шайырдың сатиралық шығармаларында көтерген мәселелер ҳәзирги бизиң турмысымызда да ушырасатуғын кемшиликлерди де сөз етеди. Сонлықтан, бул қосықлар бүгинги күнде өзиниң тәрбиялық әҳмийетин жойтпағанлығы менен қунлы.

Шайырдың көп қырлы бай әдебий талантының және бир дәлили оның дөреткен эпикалық поэзиясы болып, халық шайыры Т. Жумамуратовтың дөреткен ҳәр бир поэмасы өзи дөреген дәўирдиң ең әҳмийетли машқаласына қурылып, терең мазмунға, жоқары көркемликке ийелиги арқалы кең оқыўшылар жәмәәти тәрепинен жоқары баҳаланды. Т. Жумамуратов қарақалпақ халық аўызеки дөретиўшилигинен тәжирийбе топлап, оның дәстүрлерин, сюжет, образ, мотив ҳәм детальларын жазба әдебиятқа енгизген шайырлардың бири. Шайырдың дәслепки жазылған поэмалары аңыз, әпсаналар мотивлери тийкарында пайда болды. «Ағайинли еки батыр» (1950), «Қәсийетли гәўҳар тас» (1950), «Жалынлы күнлерде» (1951 – 1957), «Кийиктиң еки ылағы» (1957), «Ананың кеўли балада» (1959), «Тырна менен жылан» (1964), «Суўға кеткен адам», «Океан ортасында», «Бала туўралы сөз», «Макарья сулыў» (1969 – 1971) сыяқлы поэмалары ҳәм дәстанлары шайырдың эпикалық поэзиясының үлгилери саналады.

Т. Жумамуратовтың «Макарья сулыў» шығармасының жанры ҳаққында әдебиятшылар 1960-жыллары-ақ пикирлер билдирди. Бири бул дөретпени поэма деп атаса, екинши бири қосық пенен жазылған роман деп, және бири дәстан деп көрсетеди. Рус шайыры А. С. Пушкинниң «Евгений Онегин» шығармасын сыншылары қосық пенен жазылған роман деп баҳалағаны мәлим.

Себеби, бул шығармада Россия мәмлекетиниң XVIII әсирдеги барлық социаллық қатламларының турмысы сәўлеленген. Т. Жумамуратовтың «Макарья сулыў» шығармасында тарийхый мағлыўматлар, философиялық пикирлеў, монолог, диалог сыяқлы реалистлик сүўретлеўлер басым, реалистлик образлар да жаратылған, соның менен бирге, шығармада қарақалпақ фольклорындағы дәстанларға тән белгилер де орын алған. Бизиңше, усы тийкарлар тартыслы пикирлерге себеп болған.

1950-жылларға келип Т. Жумамуратов бир қатар очерк ҳәм гүрриңлер дөретти. Олардың ишинен «Муҳаббат сыры» ҳәм «Милиционер жигит» деген гүрриңлери белгили. Автордың драмалық шығармаларынан «Қызлар ҳәзили» комедиясы ҳәм «Тикленген туў» драмасы Қарақалпақ мәмлекетлик театр сахнасында қойылып келди.

Т. Жумамуратовтың дөретиўшилик поэзиясының оғада бай, рәңбәрең кеңлигин, әсиресе, өмир философиясының поэтикалық лирикада халық тилиниң шексиз байлықлары тийкарында терең мәнили философиялық мазмун дөретиўге шеберлигин тастыйықлаўшы қатарлар оғада көп: *Адам келер-кетер дүркин ҳәм дүркин, Жүрек қыймақ емес дүньяның көркин. Улықмандай мың жыл өмир сүрсең де, Соның аржағында бар және бир күн;*

Дүньяда ким мәңгиликке жасайды, Өмир сени шалқытады тусайды. Биреў келип, биреў кетип атырған, Хожелиниң базарына усайды;

Адам болсаң жәмийетке дәрексең, Қосылмасаң, тамыры жоқ терексең. Ойламасаң, тек өзиңнен басқаны, Айтшы қәне, сен кимлерге керексең?;

Анам айтып еди билсин жаслар, деп, Алдыңызда талай асқар таўлар, деп. Басып өттим сол жоллардың мәнзилин, Алда тағы асатуғын асқар көп.

Қарақалпақ тилин жетик билген, әжайып сөз зергери, өз дөретпелериниң тилинде барлық талаптың сақланыўы, өз орнында қоринис табады, барлығында да стильлик үйлесимлик, уйқастың беккемлиги, ойдың тереңлиги айқын көринип турады.

Т. Жумамуратов – көркем дөретпениң сөз устасы, өзине тән жеке стилине, шайырлық жолы ҳәм мектебине ийе дөретиўши импровизатор-шайыр. Халық тилиниң шешени ҳәм ҳақыйқый айтыс шебери.

Шайыр Тилеўберген Қарақалпақ поэзиясы деп аталған уллы отаўдың төринен өзине ылайық айрықша орын ийелеген тулға, дөретиўшилик көркем фантазиясы философиялық ҳәм дидактикалық ой менен толысқан шайыр, поэзиядағы айтыс деп аталған гүлшаннан сулыў гүл дәстесин дүзген көркем сөз устасы болды.

Соңғы әўладқа шайырдың бийбаҳа дөретпелери йош береди ҳәм Ўатанымыздың ғәрезсиз раўажланыўы жолында ҳадал-пидайы мийнет етиўге руўхый күш бағышлайды.

Шайыр өз шайырлық мектеби менен XX әсир қарақалпақ миллий поэзиясында айрықша орын ийелеп ғана қоймай, ал, келешек әўладты миллий руўхтағы шығармалары менен тәрбиялайтуғын уллы устаз-төкпе шайыр сыпатында мәңги есимизде қалары сөзсиз.

Әдебиятлар:

1. Авезов М. Мысли разных лет. Алма-Ата, 1961, с. 69.
2. Выступления Максима Горького и Сулеймана Стальского на Первом Всесоюзном Съезде советских писателей. Видео. https://www.youtube.com/watch?v=xu65TUHhk_
3. Горький. М. О литературе. М. 1953, с. 72.
4. Данабев Қ. «Дүниеден ғажайып бир жан өтти». Алматы, 2002.
5. Камалов Қ. «Еркин Қарақалпақстан» газетасының 13-март 2003-жыл, 36(17782)
6. Пахратдинов Ә. Есигиниң алдынан аққан суўдың қәдири жоқ. «Әмиўдәрья» журналы, 1997, № 2.

МҰХАМЕДЖАНОВ ДӘУРЕН МАҚСҰТХАН ҰЛЫ

Әл-Фараби атындағы Қазақ Ұлттық университеті
Журналистика факультетінің аға оқытушысы.
Қазақстан, Алматы

ДОСТЫҚ ДӘНЕКЕРІ ТІЛЕУБЕРГЕН ЖҰМАМҰРАТОВ

Тілеуберген Жұмамұратов (1915 – 1990) – Қарақалпақстан (1957) мен Өзбекстанның (1969) халық ақыны. Бердах атындағы Мемлекеттік сыйлықтың иегері, «Халықтар Достығы», «Құрмет Белгісі» ордендерімен, сондай-ақ, көптеген медальдармен және Қарақалпақстан, Өзбекстан, Қазақстан үкіметтерінің құрмет грамоталарымен марапатталған.

Тілеуберген Жұмамұратов – ақын, жазушы, әдебиет сыншысы, фольклоршы, аудармашы, журналист, қоғам қайраткері. Оның шығармалары қарақалпақ тілінен өзбек, қазақ, орыс, түркімен, татар, башқұрт және басқа тілдерге аударылған.

Тілеубергеннің басқа ақын-жыраулардан өзгешелігі, ол феноменальды есте сақтау қабілетіне ие, көптеген дастандар мен жырларды жатқа біліп, халық аспаптарын шебер меңгерген виртуоз, поэтикалық өнермен қатар, хиссашы ретінде қазіргі қоғамның мәселелерін шешу жолдарын іздеумен де айналысты.

Тілеуберген Жұмамұратов айтыс тәсілдерін түрлендіріп, халық әлігеше ақын мийрастары тойларында, халықтық әдет-ғұрыпқа байланысты іс-шараларда, жастардың мерекелері кезінде қолданып келмекте. Шығармашылықтың барлық осы ерекшеліктері оның әдеби шығармаларының формалары, жанрлары, мәнерлілігі мен тілінің әртүрлілігінен көрінеді. Олардың ішінде ертегі, өлең, әңгіме, баллада, поэма, аңыз, айтыс, рубайлық квотрена, сонета, сын, драма, сатира, юмор, ғылыми-публицистикалық шығармалар бар.

Тілеуберген Жұмамұратов қарақалпақ тіліне Мақтұмқұлы, Пушкин, Лермонтов, Әлішер Науаи, Омар Хайям, Анна Ахматова, А. Тукай, Т. Салтығанов, М. Жалил және т.б. шайырлардың шығармаларын аударды. Оның «О. Хайям рубайлары» (1980) және қырғыз ақынынан «Тоқтағұл өлеңдері» (1983) атты аудармалары жеке кітап болып басылып шықты.

Тілеуберген ақын қарақалпақ пен қазақ халқы арасындағы мәдени-рухани байланыстың дәнекеріне айналған тұлға. «Қазақ әдебиеті» газетінде: «Ол «халықтар достығының жыршысы, қазақ әдебиетінің досы» (4, 4б) деп көрсетсе, Сәбит Мұқанов: «Ойпырмай, Тілеуберген, бала, ағып тұрған дария ғой» деп бағалағаны әдебиеттерде көрсетілген. (2, 6б; 5, 3б; 6, 110б).

Мағзом Сүндетов халықтар достығын арқау еткен мақаласында:

«Бәріміз де бір бақшаның гүліміз, Бір ананың көздеріндей түріміз, Арамызға аудармашы қоспай-ақ, Түсінеміз бірімізді-біріміз, деп Тілеуберген Жұмамұратов дәл тауып айтқаны ойға орала берді» (10, 2б) – деп жазған болса, ал, Зұлқарнай Сақиев мақаласын Т. Жұмамұратов сөзімен «Бір шынардың бұтағындай ұрпақпыз» (7, 3б) деп атаған.

Тілеуберген Жұмамұратов – импровизаторлық талантыменен қазақ аудиториясында құрметке бөленді, қарақалпақ-қазақ халықтары арасында достық, бауырмалдық сезімдерін тереңнен қаузап, мәдениет тарихында із қалдырды.

Профессор Шеріп Бабашев: «Т. Жұмамұратовтың қазақ жайлы, Қазақстан табиғаты туралы, жалпы туысқандық тақырыбына арналған өлеңдері көп. Соның қай бірін алсақ та, барлығында бауырмалдық, туыстас жұртқа болған шынайы сүйіспеншіліктің жылы лебі есіп тұрады» (1, 3б) деген пікірді айтады. Бұл әсіресе, «Қазақстан дәптері» өлеңдер циклында жарқын көрінеді. Ақынның: *«Еліме барған қазақ алып кетіп, Жүрегімнің ізінен еріп келдім»; «Кім білмесе Қазақстан даласын, Жүрегімнің айнасынан қарасын»* деген сияқты қатарлары шынайы бауырмал сезімдер екендігімен әрқандай ұлт оқырманының да көңілін елжіретері анық. Мұндай табиғи сезімдер – автордың адами кең пиғылдық психологияның үлгісі екендігімен де құнды.

1960 жылдары Қызылорда облысы жақта орден тапсыруға байланысты салтанатты жиында мінберге шыққан Тілеуберген ақын: *Бір теректің бұтағындай ұрпақпыз, Қайғыға да, шаттыққа да ортақпыз. «Кең даланың жыршысы» деп біздерді, Уәлиханов айтқан қарақалпақпыз,* деп төкпелеткенде, халық ду қол соғып қошемет көрсеткен екен.

Қәллібек Камалов былай деп еске алады: «Тілеуберген ағаның қазақ аудиториясына үлкен әсерінің және бір дерегі, сол жылдары Мәскеуге сессияға барғанымда Қызылорданың басшысы Хасан Шаяхметұлы Бектұрғанов мені көріп: – Ай, Қалеке, сізден келетін Тілеуберген ақын керемет-қой. Ол қазақтың Абайы, Жамбылы секілді ақын ғой, – деп ақынымыздың талантына үлкен баға берді» (5, 3б). Бұл ақынның импровизаторлық талантының тек бір мәжілістегі көрінісі еді.

Басқа халықтар туралы жазу ақынға үлкен міндет жүктейді. Одан көп білімділікті, сол халықтың психологиясын, тарихи салт-дәстүрін, тыныс-тіршілігін білуді талап етеді. Ал, халықтың тарихын көбірек білу сол халыққа деген сүйіспеншіліктің артуына алып келеді.

Тілеуберген Жұмамұратов қазақтың ұлттық дүниетанымын да біліп, *«Еңбекте Қажымұқандай балуан қазақ, Айқаста жау жүрегін жарған қазақ, Біржандай Көкшетауда ән шырқаса, Дабылы Байсын елге барған қазақ!»* – деп жаза алғаны – ауылы аралас, қойы қоралас қазақ психологиясын білгенінің, көңіл жақындығының көрінісі.

Т. Жұмамұратов қазақ елін – «қанаты биік кең өлке, пейіліндей қазақтың» деп теңейді. Қазақстан жерінің кеңдігіне баланған кеңпейілдік туралы ой әр өлеңде өзіне тән өзгешелікте көркемдік шешімін тауып қайталануымен ойды тереңдестіреді, Отанға құрмет, толеранттық үлгісін жастар санасына сіңдіреді. Оны ақынның өлеңдеріндегі мына жолдардан анық байқауға болады: *«Қазақ жері кең ғажайып аспандай, Көріп шықтым космостан бір асқандай», «Бауырымның өлкесінің кеңдігін, Салыстырып айтып тұрмын мен бүгін»; «Жаны мен табиғаты жерінің, Бір-біріне сұлулығы тараған»; «Бұл не деген кең жаһан, шекарасы қай жақта?»; «Құс қанатын талдырған, Арқаның ұлы алабы!»; «Мақтанып қазақ деген зор атыңа, Сүйсіндім терең ақыл, қайратыңа»* және т.б.

«Бұл өлеңдердің көркемдігі, ең алдымен, оның импровизация жемісі екендігінде, жеңіл оқылуында, жоғары пафосында. Мысалы, өлең бастала салысымен-ақ, суреттеудің шеберлігі өзіне тартып кетеді.

1932 жылы Үмбетәлі Қарыбаевпен, одан бертін келе замандас қаламдастары Бүркіт Ысқақов, Сырбай Мәуленовтермен шешендік сөз жарыстырған. Абай ескерткішіне, Жамбыл Жабаевқа, Мұхтар Әуезовке, Сәбит Мұқановқа, Асқар Тоқмағамбетовке, Ғабит Мүсіреповке, Әбділдә Тәжібаевқа арнап, кездескен сәтте, ауызша импровизациямен өлеңдер арнаған. Осындай достық бауырмалдықтан әсерленген Кенен Әзірбаев, Садық Қасымов, Бертай Сейтмұратов және басқа қазақ ақындарының Тілеуберген Жұмамұратовқа арнаған өлеңдері баспасөзде жарияланған (2, 301-305 б; 8, 3б), ақынның жеке үй архивінде қол жазба түрінде сақталған.

Тілеуберген ақын дүниеден өткенде, оны еске алып көптеген мақалалар, өлеңдер жазылды. Қазақ ақыны Кәкімбек Салықов «Асыл аға» деген өлеңін арнады (7, 32б).

Қоғамның өркендеу үдерісінде қалыптасатын әртүрлі ұнамды жағдайлар маңызды болумен бірге, болашаққа жаңа мүмкіндіктер ашып береді. Сондықтанда, қарақалпақтың халық ақыны Тілеуберген Жұмамұратовтың, оның өз сөзімен айтқанда, «әр дәуірде де бір тегіс жаңаланып баратын асыл даналық» – «көңілдерді толқытқан» мұрасын үйрену – ғылым интеграциясы және болашаққа айдын жолда жастар санасында патриотизм, гуманизм, толеранттықты дамытуда маңызды болады.

Тілеуберген аға шығармашылығының XXI ғасырда да кез келген әдебиетті түсінетін адамды өзіне еліктіріп әкете алатын қасиеті бар. Мысалы әдебиеттен алыстау жүретін мына мені де төмендегі бірнеше өлеңді қазақ тіліне тәржімалауға итермеледі. Себебі ақынның өлеңдері барша адамзатқа ортақ, өміршеңдігімен құнды. Оның көтерген тақырыптары бүгінгі күні де өте өзекті. Сондықтан да Тілеубергендей шайырдың туындыларын қазіргі қазақ оқырмандары да оқып, миларына тоқып отырса артық болмас еді. Сонымен қатар, Тілеуберген Жұмамұратов өзінің туған халқының шын мәніндегі патриоты бола білді. Халқының өткеніне көз жүгіртіп, тарихын таразылап, келешек ұрпаққа «Қарақалпақ» атты халықтың ұлы болу үлкен мақтаныш екендігін айтып кетті. Ақынның осындай патриоттық сезімге толы «Қарақалпақ ат қалды» (Қарақалпақ ат қалды) өлеңіне зар салайық: *Айбаттанып соғыс пенен ұрыстан, Ешбір қолы босамаған қылыштан, Бір жағының жауын тыйдым дегенде, Тағы дұшпан жаулап келіп ұрысқан.*

Жауға қанын берді, төрін бермеді, Шегініп кетпей, қарыс жерін бермеді. Ойлап тұрсам, ата-бабам байғұсым, Өмір үшін не бір нәубет көрмеді?!

Қан ақса да, көзден жасы ақпады, Ел намысын құрбандықпен ақтады. Осыншама ұлан-байтақ өлкені Ұрпағына мирасым деп сақтады!

Балық пенен құсы болды көлінде, Күрек пенен кетпен тұрды жерінде. Жасыл мия малдарының азығы, Орақ тұрды қыстырылған белінде.

ЫрыС берді суы менен кесегі, Бұл – елесі өмірімнің кешегі. «Қарақалпақ ел болудан қалды» деп, Бекер болды жаудың айтқан өсегі.

Кейде жамандады, кейде мақтады, Кейде шарықтады, кейде тоқтады. Ақырында, бір мың жылдан естелік, Кең мағыналы қарақалпақ ат қалды.

«Алматыны алып келдім» (Алматыны келдим алып) атты өлеңінде Қазақстанның әсем табиғатын, Алматы, Қарағанды, Көкшетау сынды шаһарлардың сұлулығын шебер суреттегенін байқауға болады:

Қараңғыда ұшқанбыз, таң да атты, Самолет бұлтты сүзіп зулар қатты. Көргенім Қазақстан жерлерінде, Тізіліп көз алдымнан өтіп жатты.

Қиял да талай қырды асып өтті, Самолеттей көп жерді басып өтті. Бұйығып отырсам да қыймылдамай, Сағыныш жүрегіме әсер етті.

Келеді көз алдыма асқар таулар, Қиялым Балқаш көлден балық аулар. Қарағанды жерінде шахтер болып, Тың жерде трактордың бинтін бұрар.

Тамаққа ақ бидайды етіп сауға, Кейде кезіп кеттім мен Көкшетауға. Кейде жайлау ішінде жорға мініп, Көздерім тоймас сірә аралауға.

Отырып қалғып кетсем енер түске, Оянсам көргендерім түсер еске. Бір ұйықтап, бір оянып отырғанда, Мінекей болып қалды ұлы сәске.

Тағыда мен ойладым Нүкісімді, Кең, жайлау «Ақ алтынды» егісімді. Әмудәрия бойында шешек атқан, Шалғын жер, балдан тәтті жемісімді.

Самолет шаһарыма жетіп барды, Әлбетте, мен емеспін достан жарлы, Күтіп алып, сүйісіп, құшақтасып, Жаңбырдай жаудырады сауалдарды.

Айтары: – Сәбит сау ма, Ғабит сау ма? – Міндің бе Есік көлде биік тауға? – Туысқан Қазақстан ел атынан, Әкелдің біздің жаққа қандай сауға?

– Алматыны Нүкіске келдім алып, – Деп бастадым, сөзімді тыңдап халық. Егерде ол қайда деп айтса біреу, Махаббат сандығына қойдым салып!

Ақын «Түсіндім» («Аңладым») атты өлеңінде «қамшының сабындай қысқа» өмір жайлы толғаған екен: «Жасымнан көріп заманды, Түсіндім жақсы-жаманды. Әлемнің кезіп көп жерін, Сайран еттім елдерін. Дүниенің жүзі кең екен, Баршаға қуяш тең екен. Кей жерлері тар екен, Қысылмаңдар бар екен. Суық болса, ыстық бар, Ащы болса, тұщы бар. Жақсылар бар, жаман бар, Білгір болса, надан бар. Өмір бар жерде құлау бар, Шаттық пенен жылау бар, Рахат тұрмыс елім бар, Ғұрпым сіңген жерім бар. Мың жасағым келеді, Адамға, әттең, өлім бар. Оқысам кітап бұрыннан, Адамнан адам қырылған. Дүние де өзі тамаша, Қарсылықтан құрылған».

Ал, мына «Шернияздың дуасы» атты халық аңызына негізделген өлеңінің қазіргі қыз-келіндерге берері көп, бақытты жанұя болу, отбасын сақтап қалу үшін мағыналы ой-тәсілді ұсынады:

Шопан жігіт бар екен, Көріп жүрген Шерекең. Келіншегі тентектеу, Қасарысқыш өр екен.
Айша менен Оразбай, Ата дұшпан араздай. Күнде қиқу үйінде, Шоқысқан бір қораздай.
Көпке сыры білінді, Гәпке, сөзге ілінді. Қайта-қайта араша, Қоңсылары бүлінді.
Айша қатты зорықты, Ішіне дерт толыпты, Мұңын айтып шағынып, Шерниязға жолықты:
– Ерім мені ұрады, Құлағымды бұрады, Күнде жанжал, күнде дау, Болады да
тұрады. Қарасам да айнаға, Мені кем деп ойлама. Түзегендей ерімді, Бір дуа бер, қайнаға! –
Деп жалынды жас келін, Өркөкірек мес келін. Шерекең бірден сезді де, Келіннің
кекірейіп өскенін.

«Білмесем де дуаны, Даудан шатақ туады. Егер дуа бермесем, Ерің сені қуады. Болсаң да сен ерікті, Міндет етпе көрікті» – Соны жазып үш бүктеп, Дуа етіп беріпті.

– Айналайын келінім, Ашуы келсе еріңнің Қағазды бекем тістеп тұр, Бұлк етпесін ерінің! –
Деп ақын оны сынапты, Өткеріпті сынақты. Содан бастап күйеуі, Келіншегін ұнатты.

Ащы тілдік - келінде, Гәп жоқ екен Ерінде. Жанталаспапты еш себеп, Бұлк етпеген ерінге.

Тату тұрмыс құрыпты, Балдан тәтті тұрыпты. Ақынның сол дуасы, Дау-жанжалды құртыпты.

Бір сөзден қалсаң «әу!» деме, Сәл нәрсені дәу деме. Өз үйіңнің адамын, Бітіспестей жау деме!

Мен ақын Тилеубергеннің бірнеше өлеңдерін аударып, оларды әлеуметтік желілерде жариялладым. Қазақ оқырмандарының оларды үлкен қызығушылықпен қабылдағанына қуаныштымын. Бұл бағытта әлі де көптеген өзекті жұмыстар жүргізу керек деп ойлаймын.

Әдебиеттер:

1. Бабашов Ш. «Қарақалпақ Тілеуберген ақын және қазақ ақындары». «Нұрлы жол», 2006.
2. Жумамуратов Т. Өмириңниң өзи философия. Нүкіс, 2005.
3. Жумамуратова М. Сөз маржанын дизгенлер. Нүкіс, 1994.
4. «Қазақ әдебиеті» газеті, 15.05.1962.
5. Камалов Қ. «Өшпес жулдыз», «Еркин Қарақалпақстан» газеті, 13.03.2003. 36 (17782).
6. Пахратдинов Ә. «Есигиңниң алдынан аққан суўдың қәдири жоқ». «Әмиўдәрья» журналы, 2–4, 1997. 109–111б.
7. Салықов К. «Көкжиекке тартқан көш», Алматы, 1998.
8. Сейітмұратов Б. Жыр маржанын тере бер. «Толқын» газеті, 13.10.1977. 123 (5644).
9. Сүндетов М. «Бәріміз де бір бақшаның гүліміз». «Қазақ әдебиеті» газеті, 21.10.1977. 42 (1372).
10. «Социалистік Қазақстан» газеті, 17.05.1962. 114 (11795).
11. Жумамуратов Т. Аралға келдим оралып. Нүкіс, 2016. 324 б.
12. Паттерсон Джеймс. «Я сердце и жизнь отдам стране». «Московский литератор», 08.06.1979.

ХОШНИЯЗОВ ЖАЛҒАСБАЙ

Филология илимлериниң докторы,
Өзбекстан Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими,
Қарақалпақ гуманитар илимлер илим изертлеў институты.
Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

ТИЛЕЎБЕРГЕН ЖУМАМУРАТОВТЫҢ ШЫҒАРМАЛАРЫНДА ФОЛЬКЛОРИЗМ МӘСЕЛЕЛЕРИ

Өзбекстан хәм Қарақалпақстан Республикасы халық шайыры Тилеўберген Жумамуратов хәзирги дәўир қарақалпақ әдебиятының ең көрнекли ўәкиллериниң бири. Ол жас ўақытларынан баслап-ақ халық қосықларын сүйип оқыйтуғын, ядлап алып соңынан өзинше қосықлар шығарып белгили бир шайыршылық мектептен өткен хәм жаңа шығармалар жазыўға кем-кемнен қәлиплескен тәжирийбеге ийе дөретиўши болып табылады. Ол жас ўақытларынан баслап-ақ ел арасында төкпе шайыр атанған. Қурастырған қосық қатарлары экспромт түринде айтатуғын пикирлер, нақпа-нақ уйқаслар менен уйғынласып тыңлаўшылардың кеўиллеринен шығып отырған. Турған жеринде қосық шығаратуғын қәбилет оғада сийрек ушырасады. Бирақ, бундай уқыплылық бизиң айырым жыраў бақсыларымыз, гейпара классикалық әдебиятымыздың ўәкиллери орталығында қәлиплескен дәстүрге айланғанлығын да бийкарлай алмаймыз. Бундай дөретпелердиң түпки дәреги халық аўызеки шығармаларына барып тақалады хәм жазба әдебий дөретиўшилик усылларын қоллап-қуўатлаўшы әҳмийетке ийе.

Шайыр Тилеўберген Жумамуратов өзиниң дөретиўшилик жолын шайырлар менен айтысларынан баслағаны оның миллий фольклорымызға қанық болғанлығын билдириў менен бир қатарда, халқымыздың турмысы менен тығыз байланыста болғанлығын да билдиреди. Әсиресе, ол ата-бабаларымыздан мийрас болып киятырған аңыз-әпсаналарды жақсы билген. Олардың рети келгенде үгит-нәсиятлап, ҳәтте, жумбақлы мәселелердиң поэтикалық шешимлерин таўып ел-журт ықласына миясар болған. Мәселен, шайыр өткен әсирдиң 30-жылларының ақырында 17–18 жаслар шамасында Мойнаққа қыдырып келген қазақ ақыны Үмбеталы менен танысады. Анығырағы, Үмбеталы шайырды өзи излеп таўып алады. Ҳәм оны өзи менен айтысыўға мәжбүр-

лейди. Соң олар хат арқалы айтысларын да даўам еткен: Үмбеталы бир хатында Тилеўбергенниң ашыўына тийиў ушын ел арасында таралып кеткен «Хожахмет Яссаўийдиң шымылдығын урлаған қарақалпақлар» деген түсиникке жуўап бериўин талап етеди: *«Ақын болсаң осыған жуўап қайтар, Шебер сөз ескен желдей бурқырасын. Шымылдықты урлаған урлықшылардың, Урпақтары болған соң сақталасың. Қарақалпақ улымын деўге уят, Оны айтып несине мақтанасын. Халық айтса қалпы айтпаўы деген сөз бар, Дәлийлле қарақалпақ ақ-қарасын!»*

Үмбеталының бул сөзине Тилеўберген былай деп жуўап береди: *«Бир шымылдық бир халыққа мүлк болмайды, Көп-болса төрт-бес уры болған шығар. Ҳәр елде ондай уры болмаймекен, Қазақта да урылар болған шығар?! Әўелден арқан-тусаў урлайтуғын, Өзиңниң арқадағы шарўаң шығар, Жийенлер нағашы, деп ойнап алып, Жаласы қарақалпаққа қалған шығар«* деп жуўап берген екен. Бул жуўапқа таң қалған Үмбеталы ақын Тилеўбергенге: *«Арымайтын араным, Күшиңди байқап қарадым, Айналайын қарағым, Алдыңда бас ураным!»* деп шайырдың сөз қаластырыўдағы шеберлигин мойынлаған екен.

Тилеўберген Жумамуратовтың ел арасына таралып кеткен қосықларының көпшилиги ҳәзил дәлкектен ибарат. Ол өзи теңлес шайырлар арасында сөз тапқырлығы менен басқалардан ажыралып турған.

Тилеўберген шайырдың Қазақстан сапарындағы экспромтлары ел аўзына тез таралып кеткен. Ол бир сапар қазақ ақыны Кенен Әзирбаев пенен ушырасып қалады. Сонда Кенен «Сизлер жақ бизлерди биле ме?» – деп сорағанда Тилеўберген: *«Ким билмейди Қарт ата Кененимди, Көп еситтим, әниңди, өлеңиңди. Нөкистиң радиосы жаңғыртып тур «Арам қатқыр көк шолақ» дегениңди»* – деп сөз шеберлиги менен Кененниң кеўлинен шыққан деседи. Шайырдың буннан басқа да жуўаплары, қосық пенен айтылған қатарлары қазақлар менен қарақалпақлар арасындағы мәдений қарым-қатнаслардың нәтийжели болғанлықларынан дәрек береди: *«Елиме барған қазақ алып кеткен, Жүрегимниң изинен ерип келдим»* деген қатарлар ағайиншилик, өз ара татыў қатнасларды сәўлелендиретуғын тәсиршеңлиги менен баҳалы.

Шайыр дөреткен экспромт қосықлар халық аўызеки дөретпелерине тийкарланғанлығы менен биргеликте, өзлериниң мазмунларында сөз болып атырған дәўир нәпесин сәўлелендириўи менен де баҳалы. Олар бир-бири менен араласқан ҳалында жазба әдебият пенен аўызеки әдебияттың өз ара байланысларын дәлиллеўши факторларға бай болып келеди.

Дөретиўшилик усылларға тәсир етиўши ҳәм әдебий байланыслардың өз ара мүнәсибетлерин белгилеўде мысаллардың басым бөлеги Т. Жумамуратов шығармаларынан кеңнен орын алған. Биз оларда жанрлық тематикалық, идеялық, көркемлик байланыслардың жаңа үлгилерин жийи ушыратыўымыз мүмкин. Себеби, шайыр қандай жанрда, қандай темада қосық жазса да фольклорлық мотивлерден бөлекленип кетпеген ҳалда өз орталығының идеяларын гөзледи ҳәм олардың көркемлилигин байытыўға үлкен үлес қосты. Халық арасына кеңнен таралған ҳәм удайына ата-бабаларымыздың дөретиўшилик тәжирийбелеринен орын алып келген юмор-сатиралық қосықлардың ең жақсы үлгилерин де биз шайырдың шығармаларында көремиз. Оның «Мәсмәмбеттиң түси», «Алламурат әлпайым», «Тон менен төбелес» ҳәм т.б. бир қатар шығармалары халқымыз арасына тез таралып кетип, ҳәтте, олардың аўызша вариантлары да пайда болған. Бул қосықлар оқыў орынларында шөлкемлестирилген көркем дөгереклердиң репертуарларынан да орын алған. Шайырдың ел-халқына белгили болыўындағы ең баслы себеплердиң бири, оның халық сөзин сөйлеп, олардың күнделикли тәшўишлерин көркемлик дәрежесине көтерип бериўинде болып табылады.

Шайыр жигирма жыл даўамында газета-журналларда ўақты-ўақты жәрияланып турған қосықлары менен қанаатланып жүрди. Баспадан бар шығармаларын топлап китап шығарыўға асықпады. Бундай шыдам, тақат тек үлкен талантқа ийе болған адамларда ғана ушрасыўы мүмкин.

Шайыр өз қәбилети бойынша ҳәзир жуўап айтысларда көзге түсип орталыққа танылған дөретиўшиге айланғаннан кейин Ўатан, туўылған жер, тәбият гөззаллықлары, адамгершилик пазыйлетлер, ышқы-муҳаббат, дослық қатнаслар ҳаққындағы көп тематикалық мазмунға ийе қосықлар жаза баслады. Оларды оқыўшылар тили жеңил, уйқаслары шыйрақ, мазмунлары терең болғанлықтан тез қабыл етти ҳәм шынайы ықласларына миясар болды. Оның дөретиўшилик

өмири даўамында «Жүрек муҳаббаты» (1956), «Дослық» (1959), «Мениң заманласларым» (1963), «Кәраматлы тулға» (1970), «Таңламалы шығармалары» (1967), 1978 – 1982-жыллары шығармаларының еки томлығы, «Түрли өткеллер» (1983), «Дослық ҳаққында қосықлар» (1988), «Өмиримниң өзи философия» (2005) китаплары баспадан шықты. Бул топламлардың атамаларының өзлери-ақ шайырдың өзи жасап атырған орталыққа поэтикалық көзқарасларын, идеялық пикирлеў шеберликлерин анық көрсетип бере алады. Әсиресе, шайырдың ең баслы темаларының бири туўысқан халықлар менен өз ара дослық мүнәсибетлерин сәўлелендиретуғын шығармалары айрықша көзге тасланады.

Т. Жумамуратов усындай қосықларды дөретиў барысында жазба әдебий дөретиўшилик үлгилери менен бир қатарда фольклорлық усылларды да теңдей қолланады. Мәселен, ол «Қазақстан дәптеринен» деген дүркиминде қосықларды жаңа заманагөй деталлар менен толықтыра отырып, фольклорлық мотивлерди де пуқта пайдаланған. *«Ана таўдан асады, Мына таўдан асады. Ана таўдың тозаңын, Мына таўға қосады», Деген қыял шын болды, Мениң ушын тың болды, Асып өтип келемиз, Күн артынан күн толды»* – деп Қазақстанға баратырғанда поезддда туўылған сезимлерин қосық қатарларына сиңдирип жибереди.

Шайыр фольклорлық дөретпелердеги алдын болжап айтыўшы (көзи ашық) персонажлардай Қазақстанның келешеги туўралы сезим-туйғыларын көпшиликтиң дыққатына усынады. «… *Ақмола мунарланып алыс турды, Целиноградтың бул жаңа шәҳәри ғой, Үш жылдан соң көрсең бул таныс қырды»; «Болады бул орында алтын есик»* – деп ҳәзирги Қазақстанның пайтахты Ақмола болатуғынлығына поэтикалық болжаў ислегенлигин аңлаўымыз мүмкин.

Шайырдың қосықларында ушырасатуғын *«Алматыны Нөкиске келдим алып... Муҳаббат сандығына қойдым салып», «Көринер түсим оңымда Абай, Мухтардың уллы томында Абай, Қай жаққа барсам алдымнан шығып, Гезлесип жүрген жолымда Абай. Жайнаған жүрек жолында Абай, Әмиўди гезсем қолымда Абай...»* деген қатарлары қазақ халқына болған ықластың жоқары поэтикалық шоққыларында турып айтылған сөзлерден ибарат десек қәтелеспеймиз.

Тилеўберген әпиўайы ойларды тереңлестирип тәрийиплеўдиң шебери. Қысқа қатарлар менен үлкен мәни беретуғын сөзлерди айта алады. Алып қарайық: *«Көриўге кеўлим тоймай тур, Кетиўге көзим қыймай тур, Жазайын десем көргенди, Өлеңиме сыймай тур…»* – деп өзиниң ишки ҳалатын баянлаў арқалы ҳәмменің кеўлинен шыға алатуғын қатарларды таба алған. Қосық дөретиўге бундай усыллар халық поэзиясында жийи ушырасады.

Тәбият гөззаллығын тәрийиплеўде *«Тас қалпақлы асқар шыңлар», «Көшкен бултты қушақлап көримликке, Аспанның аясынан сепкен жаўын»* сыяқлы шайырлық изленислер қосық дөретиў усылларына қанықлығын аңлатады. Бундай поэтикалық шешимлер ҳәзирги дәўир әдебиятының жетискенликлери болыўы менен бир қатарда, миллий поэзиямыздың раўажланыў басқышларының улғайып баратуғынлығын да көрсетеди.

Т. Жумамуратовтың жақын өтмиштеги турмысымызға көзқарасы да образлы қатарлар менен белгиленеди. Ол: *«Жаў атының туяғы, Унтар еди аўылды», «Жүрер еди хан залым, Қырман етип өлимди», «Қолдан түспей кетпеним, Гүнде ағашты қолтықлап, Қайғы болды еккеним»* дегендей қатарлар бизиң санамыз ушын улыўма түсиникли болса да, тап усындай дәрежедеги тапқырлық пенен ҳеш ким айта алған жоқ еди.

Дурыс, бул мәселеде жеке дөретиўшилердиң қәбилетлилиги үлкен әҳмийетке ийе. Бирақ, олар қандай да бир улыўма тема үстинде дөретиўшилик пенен шуғылланғанда тек өзлериниң руўхый имканиятларынан ғана пайдалана алады. Усы себептен ҳәр автор жазған қосықлардың тәсиршеңлик дәрежелери ҳәр қыйлы болады. Ал, биз сөз етип отырған шайырдың шығармаларында усындай өзгешеликлердиң утымлы нәтийжелерин көбирек көремиз.

Шайыр мапазлық қосықлар жазыўдың да маманы. Биз базыда бундай қосықларға ат үсти қараймыз. Егер, Т. Жумамуратовтың белгили бир юбилейлик сәнелерге байланыслы, яки болмаса, белгили адамлар ҳаққында, географиялық орынларды тәрийиплеў бағдарындағы шығармаларын оқып отырсақ, оларда күшли лиризм менен байытылған, халықлық түсиниклер менен қандырылған, анық, тартымлы, дәл таўып айтылған сөзлер менен уйқаслардың уйғынласқан шешимлерин көре аламыз.

Т. Жумамуратовтың шығармаларындағы елеўли өзгешеликлердиң бири ири-ири эпикалық дөретпелердеги қаҳарманлардың образларын ҳәзирги жазба әдебий орталықтың талапларына ылайықластырыў шеберлиги менен де көринеди. Оның «Сыр толғаўы», «Жыраў толғаўы» сыяқлы бир қатар қосықларында ата-бабаларымыздың турмысынан дәрек беретуғын ўақыялы кеширмелер, турмыслық детальлар, психологиялық толғаныслар орын алған. Мәселен, ол «Жыраў толғаўы» қосығында толғаўлық қосық қурылысы талапларын пайдаланбай-ақ «Алпамыс» дәстанында сөз етилетуғын Баршынның Қаражанның астындағы Байшубарды көрип қәўетерге түсиўи, гүманлы күйинишлер жазба әдебий дәстүрлердиң үлгисинде баян етиледи. Оның бул толғаўдан орын алған қаҳарманлары Айпарша, Аллаяр, Гүлайым ҳәм жыраўлардың Қорқыт, Кәлбала (Әбдирасиўли жыраў) атларын тилге алыўы халық дөретпелерине болған ықласының нәтийжелери болып табылады.

Шайыр өзиниң дөретиўшилик тәжирийбесинде бурыннан халқымыз арасында айтылып киятырған аңыз-әпсаналарды, ертеклерди поэтикалық усылда қайта ислеўи менен де ажыралып турады. Оның «Қәсийетли гәўҳар тас ҳаққында ертек», «Кийиктиң еки ылағы», «Қарлығаш, мылтықшы ҳәм жылан» ҳәм т.б. бир қатар дөретпелери жаңа мотивациялық сыпат алып қайта исленген. Оның бундай эпикалық факторларды өзлестириў шеберлиги усындай бағдардағы шығармаларының барлығында да көзге тасланады. Мәселен, ол «Жазыўшы менен алтын балық» шығармасында А. С. Пушкинниң «Балықшы менен алтын балық» дөретпесиндеги сөз етилетуғын ўақыяларды мотивлестирип, өзлестирип ҳәзирги дәўир машқалалары менен байланыстырыўға ерискен.

Шайыр халқымыз арасында жийи қолланылған терме жанрын раўажландырыўға да үлес қосты. Оларды мәнилик жақтан тереңлестириўге, көркемлилигин жетилистириўге жаңаша мазмун бериўге, улыўма әдебий дөретиўшилик шеңберлерин кеңейтиўге ылайық шығармалар дөретти. Мысалы, *«Билгир болса, надан бар, Өмир бар жерде қулаў бар, Шадлық пенен жылаў бар, Рәҳәт турмыс елим бар, Қулпы дөнген жерим бар»* дегендей өмирге қанаатланыў туйғылары туўралы философиялық пикирлерин терме қатарларына пуқта жайластырды.

Т. Жумамуратов халықтың арасынан шыққат халық шайыры сыпатында өзи жан-тәни менен қызыққан, ҳәзил-дәлкек, сатира жанрындағы шығармаларын өмири даўамында жазып жүрди. Әсиресе, ол тымсаллық характердеги қосықлары менен бирге, сатиралық шығармаларында да өзиниң шеберлигин тастыйықлаўшы сөзлерди таўып айтыўға миясар болды. Мәселен, оның әпиўайы халық турмысынан алынған, гейпара өсекшил адамларға қаратылған қатарларында: *«Ешки мәйек туўыпты, Ийтти қоян қуўыпты, Қус атыпты бир мерген, Мылтық етип уўықты....»; «Түйе шалбар кийипти, Теңизге от тийипти, Сөндирмек болып Сәймәмбет, Отқа бензин қуйыпты»* деп ҳәр қыйлы детальларды пайдаланыў арқалы олардың бири-бирине уғрас келмейтуғын ҳалатларын сәўлелендириў менен бирге, өсекшил лапгөйлердиң қәўесетли сөзлеринен мынандай жуўмақ шығарады: *Ойлап көриң ақырын, Аңлап көриң мақулын. Ким исенсе бундайға, Қандай деймиз ақылың?!* – деген риторикалық жуўмақты ортаға таслайды. Халқының ийгилиги ушын жаны ашыған шайыр, күнделикли турмыста жүз берип атырған кемшиликлерге әбден қайғырады. Оларды тәсиршең, өткир сөзлер менен дурыс жолдан жүриўге шақырады. Өзи менен турмай басқаларға да зыяны тийип атырғанлығын қатаң ескертеди. («Тон менен төбелес», «Мәсмәмбеттиң түси» шығармалары). Булардың барлығы да халқымыздың санасында қәлиплескен дәстүрий усыллар менен әдебий дөретиўшилик дәстүрлериниң бирикпелеринен ибарат шығармалар болып табылады.

Шайырдың дүньяға философиялық көзқараслары өз алдына бир дүнья. Оның соңғы шыққан қосықлары топламы «Өмиримниң өзи философия» [1] деп бийкарға аталмаған. Әлбетте, бул топламның атын өзи қойыўға үлгере алмады. Бирақ, оны таярлаўшылар шайырдың философиялық ой-пикирлерин тереңнен түсинип, поэтикалық пикирлеў қәбилетлериниң жемислерин баҳалаў мақсетинде қойылғанлығы анық. Себеби, шайырдың ой-толғаўы жаңа пикирдиң келиўин тәмийинлейтуғын болса, оқыўшыларды ойландыратуғын, түсиник дүньясын тереңлестиретуғын сыпатларға ийе болса, оны басқаша атама менен атыўдың ҳеш қандай имканы жоқ. *«Ул перзенттиң – қуўанышлы тойханаң, Қыз перзенттиң – барып келер бай қалаң. Жақсы перзент өмиримниң қуўаты, Қартайғанда жасартады қайтадан»* – дейди ол бир төртлигинде.

Ҳақыйқатында да, бул түсиник бизиң бәршемиз ушын да ортақ. Сондай екенлигин сезинемиз. Бирақ, шайыр тәрепинен жупкерлескен пикирлердиң тыянақлылығы, уйқаслардың үйлесимлилиги оқыўшыны өзине тартыўы ҳәм адамгершилик пазыйлетлердиң абзаллықларын қәдирлеўге, өз ара мийирманлық, дослық қатнаста болыўға шақырады.

Тилеўберген Жумамуратов қарақалпақ миллий поэзиясын байытыўда тек ғана фольклорлық дәретпелерден илҳамланып қалмастан қарақалпақ классикалық әдебиятының да шығармаларынан тәсирленген, солардың жолын даўам еткен шайыр қатарынан орын алады. Бул туўралы Тилеўберген ағаның бир мақаласындағы еске түсириўи әдебияттаныў илими ушын баҳалы мағлыўмат болып табылады: *«Усы аталған шайырлардың ҳәммеси де (Жийен Жыраў, Күнхожа, Әжинияз, Бердақ, Өтеш) Бозатаў, Ақдәрья, Аққала, Жаңадәрья бойларында бир беткей жайлаған адамлар. Мен де сол жағадан туўылып өскенликтен, жаслайымнан усындай уллы адамлар ҳаққында көп еситип, көп тыңлаған едим. Сол себепли, мениң тунғыш дәретпемниң аяқ алысы да соларға еликлеўден басланады. Егер, әңгимешил қариялар менен сәўбетлесип қарасақ, елеге дейин классиклер жөнинде әпсана, рәўиятларын айтып береди».* [9]

Шайырдың бул киби еслеўлери, өзи жас ўақытлардағы мәдений дәретиўшилик орталықтан алған тәсирлерин мақтаныш пенен еске түсириўи де болажақ шайырдың қәлиплесиўиндеги баслама-лардың нәтийжелилигин белгилеп бере алады. *«Ол ўақытларында – дейди шайыр, «Таллық, Ақдәрья, Мәдели, Майпоз деген жерлерде жайлайтуғын жақын елатларда турамыз. Сонда жас болсақ та жыраў қыссаханлар келсе аўзымызды ашып, ынтығып тыңлап отыратуғын едик. Тилеўмурат, Аяпберген (шайыр), Жумамурат сыяқлы атақлы қыссаханлардың өз аўызларынан Әжинияздың шийрин сөзлерин еситип, көбисин ядлап та жүретуғын едик»* [2]

Шайыр классикалық әдебият ўәкиллеринен қосық дәретиўшилик тәжирийбелерин үйренген-лигин өз қосықларында да тастыйықлайды. *«Сақпан атып, зорды берип ҳәлғаққа, Қаўын қорып отырсақ та шартақта, Қосық айтып жүрер едик, еликлеп, Аяпберген, Әжинияз, Бердақға», –* деп тәрийиплегениндей, «Макарья сулыў» поэзиялық романы да фольклор ҳәм әдебияттың өз ара байланысларын әмелий басқыштан тастыйықлаўшы көлемли ҳәм баҳалы шығармалардың бири болып табылады. Шайыр бул дәретпесин жазыўда халық аўзында айтылып жүрген әпсаналардан, аңызлардан пайдаланып қоймастан, олардың шығарманың тийкарғы объекти етип алыўы қара-қалпақ әдебиятының жанрлық, мазмунлық жақтан кеңирек қулаш жайыўына имканиятлар алып келди. Шығарманың дүзилиси дәстан жанрының композициялық үлгилерин еслетти. Автордың өзи оны «Макарья сулыў қыссасы» деп, жанрын белгилегенде қосық пенен жазылған роман деп атаған. Изертлеўшилер шығарманы поэма, роман яки дәстан деп баҳалаў жағдайлары ушырасады. Сол ўақытлардағы аўқам көлеминдеги ири илимпазлар өз мақалаларында поэзиялық роман деп жазды. [3; 4; 5; 6; 7; 8] Бизиңше, әлбетте, автордың өзи белгилеген атамасы менен атағанымыз мақул.

Шығармада дәстанлардағыдай Бағдат шәҳәринде жасайтуғын Дәўқара бай Шын, Юнан, Ҳиндстанға барып саўда ислери менен шуғылланып жүреди. Ол шахмат ойынын жақсы көре-туғын ҳәм жақсы ойнайтуғын болады. Әдеттегидей қыз перзент туўылады. Оны әлпешлеп тәрбиялайды. Шахмат ойынын, түрли тиллерде сөйлесиўди үйретеди. Қыз бой жеткеннен кейин шайыр оны былай деп тәрийиплейди: *«Бурымлары таўдың қара жарындай, Ақ денеси қыстың таза қарындай. Узын бойлы дийдарына қонымлы, Ҳүр Қырымның өскен сәўи талындай»; «Мыйық тартса жылт-жылт етип түр-түси, Шырайына шырай қосар күлкиси. Күн нурындай уялтады көзлерин, Тике турып қарай ғойса бир киси».* Бул қатарларды оқып отырсақ дәстанлардағы сулыў-лардың келбетинен тәрийиплеў усыллары есимизге түседи. Бирақ, шайыр оларды жаңа теңеўлер менен байытқан ҳәм жазба әдебий дәретиўшилик усылларына сәйкеслендирип қайта ислеген.

Шығарманың даўамында Макарья әкеси менен бирге рус жерлерине саўдагершилик сапарына атланады. Ол жерде Парамон жигит пенен танысып оны шахмат ойынында утады. Парамон қызға ашық болып қалады. Оны айттырып барған жаўшыларды әкеси «Қызымды бермеймен» деп қайтарып жибереди. Қызын алып елине қайтады. Макарьяға әбден ашық болған Парамон оның изинен барып, Дәўқараға қызыңды маған бересең деп күш көрсетип атырған Көкше менен урысқа түседи. Көкшени жеңип, Дәўқараны азаптан азат қылып Макарьяны алып, мурат-мақсетине жетеди. Көрип турғанымыздай, булар дәстанлық мотивлерге көбирек жақын. Ал, ондағы қаҳар-манлардың образлары, ҳәр бириниң өзине ылайық характерлери жазба әдебият талапларына

муўапықластырылып исленген. Шайырдың жеке дөретиўшилик қәбилетине тән философиялық пикирлеў шеберликлери усы поэмада жийи-жийи көзге тасланып турады. Мәселен: *Нәўбетин өтеп кетеди тағы, Шалқыған өмир өткинши қуйын. Күлсе де көрип дүньяның бағы, Мийманның узақ турмағы қыйын.*

Ямаса: Өмирде ағыс булқыған мудам, Баяғы келбет, баяғы көрик. Көрсең де қашан түп-түўел адам, Қайғылы жылаў, шадлықлы күлки. ҳ.т.б.

Усы сыяқлы терең мәнили қатарлар шығарманың оқыўшыларға тәсиршеңлигин арттырады ҳәм уйқаслар жәрдеминде қәлиплескен қатарлар арқалы өзлерине руўхый эстетикалық заўық алып отырады.

Т. Жумамуратовтың шығармаларының жазылыўына ҳәм олардың кең өрис жайыўына тәсир жасаған тағы бир өзгешелиги, республикамыз басшылары менен биргеликте мийнеткешлерге ҳармасын айтыў, олар менен бирге ислесиўде, кемшиликлерин сапластырыўда өзиниң қолынан келген дөретиўшилик жумысларын әмелге асырыўдан ибарат болды. Сол ўақытлардағы республиканың тәғдирине жуўапкер хызметкерлердиң айтыўынша, олардың тапсырмаларын орынлаўда ямаса кемшиликлерин дүзетиў ушын берилген көрсетпелеринен гөре шайырдың қосық-фельетонлары, сатиралық, юморлық ҳәзил-дәлкеклери анағурлым тәсирли болатуғын болған. Ҳәттеки, гейпаралары «бизлердиң нуқсанларымызды айтып қосық шығармасын, бар кемшиликлеримизди тез күнде сапластырамыз» деп басшыларынан өтиниш еткен. Булардың барлығы да шайырдың өзи жасаған орталықтағы абырай-мәртебесиниң жүдә жоқарылығын дәлиллеўи менен бир қатарда, халық аўызеки дүрданаларынан илҳәмланып, ҳәзирги дәўир әдебиятының жетискенликлеринен пайдаланып өзиниң дөретиўшилик тәжирийбелери менен дуйым журтты таң қалдырған қәбилетли, уқыплы, ҳәзир жуўап, философ, ҳәзил ҳәм сатиралық қосықлардың устасы, әдил сыншы, халықлар аралық дослық қатнасықларды беккемлеўге өз дөретиўшилик өмирин бағышлаған пидайы инсанды көз алдымызға келтиремиз.

Тилеўберген Жумамуратов қандай шығарма жазса да халық аўызеки әдебиятына жаңашыл (новатор) мүнәсибетте болды. Ал, жаңа әдебий зәрүрликлерди халық дөретиўшилик үлгилери менен байытыўға барлық талантын жумсаған. Изинде өшпестей из қалдырған шайыр сыпатында халқымыздың ҳүрметине бөленди.

Әдебиятлар:

1. Жумамуратов Т. Өмириңниң өзи – философия. Нөкис, «Қарақалпақстан» баспасы, 2005.
2. Жумамуратов Т. Үй архивиндеги қолжазбалар.
3. Карасев Ю. Испытание веками. Огенёк. № 37. 1977. 22 с.
4. Кислова Л. Дружбе вековой я гимн пою. Смена. №12. 1977. 15 с.
5. Кравчук М. Красавица Макарья снова отправилась в Россию. Правда Востока. №20. 1976. (18175).
6. Тюриков В. Тилеўберген Жумамуратов Истоки дружбы. Литературная газета. 1976. №14. 4 с.
7. Паттерсон Д. Я сердца, жизнь и песнь отдам стране. Московский литератур. 1987. №22 с. 3
8. Щербаков А. Истоки большой дружбы. Звезда Востока. 1980. №3. С 135.
9. «Совет Қарақалпақстаны» газ.13-май, 1975-ж. №94)

ОРАЗЫМБЕТОВ ҚУЎАНЫШБАЙ

Филология илимлериниң докторы, профессор,
Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети.
Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

ХАЛЫҚЛЫҚ ПОЭЗИЯНЫҢ КӨРНЕКЛИ ЎӘКИЛИ

Көркем әдебият, соның ишинде, поэзия инсан ушын, олардың санасына, руўхый дүньясына тәсир жасаў ушын жаратылады. Сонлықтан да, онда инсанның руўхый кеширмелери, күйиниш, сүйинишлери сәўлеленеди. Әдетте, қәлеген көркем шығарма белгили бир миллеттиң, халықтың өмиринен алып жазылыўы менен бирге олардың менталитетин, дәстүрин, ойлаў, пикир жүритиў өзгешелигин, турмыс қәлпин сүўретлейди. Усыннан келип шыққан ҳалда қаҳарман образы жасалады. Соның ушын да, дүнья жүзи әдебиятында миллий әдебият деген түсиник қәлиплескен. Уллы

дөретиўшилик ийелери шығармаларында улыўма адамзатлық түсиниклерди сәўлелендиргени менен бир миллий тилде, бир миллий руўхта жазылады. Ҳәттеки, дүнья көлеминде айырым кишилеў, онша танымалы емес халықларды олардың уллы сөз дөретиўшилери танытқан жағдайлар да аз емес.

Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық шайыры, белгили сөз зергери Тилеўберген Жумамуратов усындай шайырлар тайпасынан болып, оның поэзиясы ҳақыйқый көркем сөз шәшмеси еди. Тилеўберген шайырдың шайырлық булағынан атылып шыққан көркем сөз тасқыны өз халқының руўхый теңизине барып қуйылып үлгерген, оқыған, тыңлағанлардың қәлбин жымбырлатып, бийпарық қалдырмайтуғын еди. Оның поэзиясында сөзлер есилип, қарысқан уйқасқа түсип кете береди.

Тилеўберген Жумамуратовтың шайырлық санасы миллий сезимлер менен суўғарылып, ол қарақалпақ миллий поэзиясынан нәр алып, шайыр сыпатында жетилисип киятырған еле шайырлық соқпағына жаңа қәдем таслаған күнлеринен-ақ белгили бола баслаған еди. Еле 16–17 жастағы нәўше жигит ўақтынан-ақ қазақтың белгили ақыны, айтыс өнериниң сол ўақыттағы ең шеберлериниң бири Үмбеталы шайыр менен айтысқа түсип, өзиниң усы қәсийетин көрсеткен. *«Журттың бәри сыртыңнан шайыр дейди, Жүйрик болсаң несине тоқталасың»* деп Үмбеталы шайырдың айтқан қымтыўына иркилместен жуўап қайтарып, сөз жүйриги болып жетилисип киятырғанын аңлатады: *«Шымылдықты алса, биреў алған шығар, Бул гәплер ырас, яки жалған шығар?! Бир шымылдық бир елге мүлк болмайды, Көп болса үш-төрт уры барған шығар. Ҳәр елде ондай уры болмаймекен, Қазақта да урылар болған шығар. Әзелден арқан-тусаў урлайтуғын, Өзиңниң арқадағы шарўаң шығар! Нағашы-жийенлериң ойнап алып, Жаласы қарақалпаққа қалған шығар?!... Пүткил елге үш-төртеў пай бермесе, Баўырың қарақалпақ палўан шығар. Бизиң ел әўлиеден зат алмайды, Өзлериңиз алмасаңыз турған шығар!...»*

Бул қарақалпақ ҳәм қазақ әдебиятларында ертеден раўажланған айтыс өнериниң ҳақыйқый үлгиси. Айтысқа ҳәр бир шайыр да тәўекел ете алмайды. Оған өзиниң шайырлық тапқырлығына исенген, шайырлық ғәзийнеси көркем сөзге бай шайырлар ғана бетлей алады. Усы көзқарастан алып қарағанда Әжинияз шайыр менен қыз Меңештиң айтысынан кейинги ҳақыйқый бетпе-бет айтыстың үлгиси биз жоқарыда мысал келтирген Тилеўберген шайыр менен Үмбеталы шайырдың айтысын келтирип өтсек болады. Тилеўберген шайырды айтыс жанрының шебери деп айтса болады. Ол қарсыласын жеңиў ушын көркем детальлардан шебер пайдаланады.

Мәселен, жоқарыдағы мысал келтирилген қатарларда «арқан-тусаў» деталы жүдә сәтли шыққан. Шайырдың миллий менталитетти жетик билиўи, ең баслысы, өз халқын сүйиўи ҳәм оның намысын қорғаўға таяр турыўы айтысларында пикириниң де тужырымлы шығыўына тийкар болған. Шайырдың буннан басқа да Каримбай менен айтысы, Палман менен айтысы, сондай-ақ, Қазақстан сапарында бир қатар қәлемлеслери менен айтысында да оның халық тили менен айтқанда «суўырып салмай шайыр» екенлиги көринеди.

Ким билмейди қарт ақын Кененимди, Көп еситтим әниңди, өлеңиңди, Нөкистиң радиосы жаңғырып тур, «Арам қатқыр көк шолақ» дегениңди;

Сениң атың Бүркит пе? Усайсаң шыннан бүркитке, Бүркит болсаң, бүркит бол, Адамларды үркитпе!;

Кегейлиге келип едик, Кирген жерде күтип алды. Бизлер минген машинаның, Роторын сытып алды. Мениң атым Сәден, – дейди, Мен қорқаман неден дейди, – Кегейлиге келгенлерден, Алатуғын қәдем! – дейди.

Мине, бул қатарлардан Тилеўберген Жумамуратовтың нағыз айтыс жанрының шебери екенлигин, бул дөретиўшилик өнердиң қарақалпақ әдебиятындағы ең белгили ўәкили болғанлығын көриўге болады.

Тилеўберген шайыр өз шығармаларында ҳәр бир сөздиң нағысын келтирип, өз орнында қолланыўы, қыйыннан қыйыстырылған, қарысып кеткен уйқас табыўы, әсиресе, суўырып салмай шайырлығы, өзиниң жүдә көп қосығын ядтан айтыў ядыкешлиги менен оқыўшылардың ядында қалған. Мине, усы сапалық белгилерине қосымша шайыр өмирди, турмысты сын көз бенен бақлайтуғын, өмирде ушырасатуғын жақсылық ҳәм жаманлық, әдиллик ҳәм әдилсизлик, мәртлик

ҳәм сатқынлық сыяқлы түсиниклерге де терең мәни берип, оларды өз шығармаларына объект сыпатында таңлады.

Шайырдың юморлық ҳәм сатиралық қосықлары ҳақыйқый өмирден алынып, талайлар оларда өз сәўлесин көрип пушайман жеди, талайлар олардан жуўмақлар шығарып, бой-сынын дүзеди. Көркем әдебияттың социаллық, турмыслық ўазыйпасы да әйне усыннан ибарат. Ол адамларды әлле нәрселерден жийиркендирип, сүйсиндирип ямаса сабақ алыўға бағдарлаўы тийис.

Т. Жумамуратов, биринши гезекте, халық шайыры еди. Оның поэзиясы халықлық поэзиядан суўсын алып шыңланды, жетилисти. Бизге белгили, халық поэзиясы дидактикалық, философиялық пикирлерге бай. Ал, онда лириканың бир жанры болған пейзажлық лирика оншелли раўажланбаған. Тилеўберген аға қарақалпақ поэзиясындағы усы олқылықты да бираз толықтырыўға еристи. Әсиресе, шайыр өзи туўылып өскен Мойнақ, Аралды, оның қайталанбас тәбиятын көп жырлады. Аралдың асаў толқыны, оның қойнындағы тәбият сулыўлығы, шайыр ушын балалықтан таныс болғанлықтан, олар ҳаққында толып-тасып қосықлар дөретти. Бәлки, Арал ҳаққында қарақалпақ әдебиятында жүзеге келген ең жақсы поэзиялық шығармалары да Тилеўберген Жумамуратовқа тийисли болса керек. Себеби, шайыр теңиз қушағында ержетти, оның барлық тилсиминен хабардар.

Теңселип теңиз бурқыған, Созады көкке өр төсин, Тигеди кесте толқыннан, Жамылдым жасыл көрпесин.

Мине, усындай сулыўлыққа кимлер ынтық болмайды?! Ол адамлардың эстетикалық дүньясын байытып, өзи жасап атырған Ўатанның тәбият сулыўлығына мақтаныш, ғамхорлық оята алыўы сөзсиз, әлбетте. Өжет теңиздиң өжет самалға өршелесип көкке шапшыўы, кесте яңлы майда толқынлардың онда жүзип жүрген инсан денесин еркелетип сыйпаўы, оған көрпе яңлы пана болыўы шынында да қайталанбас тәбият көринислери болып табылады. Әсиресе, «өр төсин» сөзи жүдә сәтли қолланылған. Оны қосықта пикир гилти десе болады. Бул сөздиң уйқас ушын алынғаны да тосыннан емес, ол төртинши қатардағы «көрпесин» сөзи менен пәкизе уйқасқа түскен ҳәм пикирди еле де көркемлейди. Толқынның төси деп қолланыўы, сондай-ақ, оған «өр» сыпатламасын бериўи, «көкирегин керип» аспанға шапшыған өжет толқын изинде майда-майда кестелерди пайда етиўи – бул шынында да шайырлық шеберлик, көркем сөзден өнимли пайдаланыў. Бундай көринислерди ҳеш бир сүўретши сызып бере алмастай. Себеби, оны тек қәлбиң көзи менен сезиўиң, поэтикалық сөзлердиң құдирети арқалы ғана көз алдыңа елеслетиўиң мүмкин. Тәбияттың бундай сулыўлығын сүўретлеў кейинги бәнтлерде де сәтли даўам еткен.

Биледи толқын сүзиўди, Ҳеш биреў оған үйретпей, Қоймадым қарсы жүзиўди, Қалықлаған үйректей. Алдына шығып қамалап, Бирин-бири қуўады, Қас қаққанша балалап, Толқыннан толқын туўады.

Бул қатарларда тәбияттың жанлы көриниси сүўретленген.

Тәбият жанлы, ол бизлер менен бирге жасап атыр. Тек ғана оның жанлы ҳәрекетлерин, қалай жасап атырғанын, оның қайталанбас сулыў қыймылын көре билиў керек. Шайыр мине, усындай бахытқа ерискен. Екинши төртликте бирин-бири қуўалап ойнап жүрген толқынлар бахытлы балалықты еслетсе, қас-қағымда балалап атырған толқынлар бахытлы аналықты еслетеди. Булар екеўи биригип өмирдиң, өршип-өниўдиң диалектикасын аңлатады. Биринши төртликте тәбият көринислери менен қатар лирикалық қаҳарманның характери жарытылады. Оқыўшының көз алдына алған бағытынан қайтпайтуғын, алдына қойған мақсетин орынламағанша тынып-тыншымайтуғын өркөкирек лирикалық қаҳарман пайда болады. Оның өзиндей өжет толқынлар менен қатар сүўретлениўи және де образлы шыққан.

Шайыр қосықларында Арал толқынлары менен араласып өскен лирикалық қаҳарман көбинесе өзиниң теңизи менен сырласады, оған сарсылады, оған қарап турып өмириниң базы бир өткелерин еслейди, оған жақсы тилеклер тилейди. Теңиз лирикалық қаҳарман нәзеринде ең құдиретли нәрсе.

Аралға келдим оралып, Көзимнен ытқып жас шықты. Назланды толқын буралып, Салады еске жаслықты.

Бул өмирден түңилип жасайтуғын жылайман лирикалық қаҳарман емес. Ол қуўаныш, сағыныш көз жаслары, өзиниң ашығын, ең қәдирдан адамын арадан бир қанша ўақытты өткизип көрген

адамның көз жаслары, өтип кеткен жаслығын еслеў, қумсаў көз жаслары. Өйткени, лирикалық қаҳарманның жаслығына тек теңиз ғана гүўа. Лирикалық қаҳарман кешеги күдиретинен айрылып ғәрип ҳалға түсип қалған теңиздиң тәғдирине ашынып көз жас төгеди. Сондай-ақ, бул төртликте пикирдиң раўажланыў динамикасы күшли. Онда поэтикалық ырғақ өзиншеликке ийе.

Адамгершилик пазыйлетлерди, гуманизмди сүўретлеў көркем әдебияттың тийкарғы ўазыйпаларының бири. Гуманизм инсанның инсанға деген көзқарасында, қарым-қатнасында ғана көринип қалмастан, адамлардың өзин қоршаған орталыққа, жанлы жаныўарларға қатнасында да көринеди. Шайырдың «Атлар» қосығы усындай гуманизм идеялары менен суўғарылған шығарма болып есапланады. Лирикалық қаҳарман гөш комбинатына тапсырылыўы ушын машинаға тийелген атларды көрип, оларға аянышлы сезимлерин билдиреди. Халқымыздың санасында неше әсирлерден бери ат адамзаттың ең жақын жолдасы деген түсиник қәлиплескен. Олар урысларда, бәйги жарысларында адамлардың намысын қорғаған, қыйын кешиўлерден алып шыққан. Лирикалық қаҳарман усыларды ой елегинен өткизеди, бүгинги адамлардың соншелли мийримсиз болып баратырғанына күйинеди.

Бабаларым қанат етти атларды, Ел қорғаўда алып берди жеңисин, Мың-мың жыллар мәртлик хызмет атқарды, Бүгин, мине, азық болды ел ушын.

Тилеўберген Жумамуратовтың поэзиясы көбирек тыңлаўға бағдарланған. Оларда, әсиресе, бәнттиң ишки көркемлиги (көркем тил, уйқас, сулыў ырғақ, қосықтың музыкалылығы) күшли. Шайыр бәнттиң сыртқы сулыўлығы (бәнт қурылысының ҳәр қыйлылығы, еркин бәнт ҳәм тағы басқалар) бағдарында оншелли көп экспериментлер алып бармаған. Солай да қарақалпақ әдебиятында үш қатарлы қосықтың ең биринши үлгиси әйне, Т. Жумамуратовтың дөретиўшилиги арқалы пайда болыўы шайырдың бул бағдарда да излениўшилик алып барғанынан дәрек береди. 1950-жылы жазылған «Нөкисим» қосығы үш қатарлы бәнтке қурылған. Соның менен бирге, ол қосық қатарларында буўынлардың саны бойынша да өзиншеликке ийе. Ҳәр бир бәнттиң биринши, екинши қатары өз ара уйқасып, бәнтлердиң үшинши қатарлары өз ара уйқасады. Демек, бул усыл бир бәнт пенен екинши бәнтти өз ара байланыстырыўға, пикир даўамлылығын тәмийинлеўге хызмет етеди, бундай қосықлар көркемлеп оқығанда да жағымлы еситиледи, намаға да жақсы түседи. Шығыс классик поэзиясында қосық формасының көркемлигин арттырыўға айрықша итибар қаратқаны белгили. Демек, Т. Жумамуратов Шығыс әдебиятындағы усы дәстүрди өзинше раўажландырған.

Турмысы тасқан, Өнери асқан, Мәденият орайым. Кешеден бул күн, Гүлленип күн-түн, Өзгерип атыр шырайың.

Бундай форма көркемлиги бойынша излениўшиликти «Қаратаў» (алты қатарлы қосық), «Тахтакөпир» (еки қатарлы қосық) қосықларында да көре бериўге болады. Ал, «Батыр Оралбай» қосығында сеслик уйқастың, анафораның әжайып үлгисин көремиз. Қырқ қатардан ибарат қосықтың барлық қатарлары «А» сесинен басланған. Бунда шайыр тек ғана сеслик уйқасқа баслы дыққатты қаратып қалмастан, қосық мазмунына да айрықша әҳмийет берген. Ҳәр бир бәнттиң қатарлары бир-бири менен тығыз мәнилик байланысқа түсип, шығарманың мазмун пүтинлигин тәмийинлеген.

Биз бул кишкене мақаламызда ХХ әсир қарақалпақ әдебиятының ең көзге көринген сөз усталарының бири Тилеўберген Жумамуратовтың дөретиўшилигиниң тийкарғы бөлегин қураған лирикалық шығармаларының тек белгили бир тәрепи ҳаққында ғана сөз еттик. Соның менен бирге, ол эпикалық поэзия тараўында, драматургияда, публицистикада да жемисли мийнет етти. Бир ғана «Макарья сулыў» поэмасы тек Т. Жумамуратовтың дөретиўшилигинде емес, ал пүткил қарақалпақ әдебиятында елеўли ўақыя болды. Ол рус, өзбек тиллерине аўдарылып, дүньяның көплеген халықларына таралды ҳәм қарақалпақ әдебиятын, халқын танытты. Шайырдың «Қәсийетли гәўҳар тас ҳаққында ертек», «Кийиктиң еки ылағы» шығармалары қарақалпақ балалар әдебиятын ең көрнекли шығармаларынан есапланады. «Жалқаўдың ҳийлеси», «Қызлар ҳәзили», «Тикленген туў» пьесалары қарақалпақ драматургиясының раўажланыўына қосылған үлес болды. Ол шебер дилмаш шайыр сыпатында да көзге түсти. Омар Ҳайям, Алишер Наўайы, Мақтумқулы, Абдулла Тоқай, А. С. Пушкин, М. Ю. Лермонтов, Анна Ахматова ҳәм басқа да шайырлардың поэзиялық шығармаларын қарақалпақ тилине аўдарды. Поэзиялық шығармаларды аўдарыў дөретиўшиликтеги

ең қыйын мәселелердиң бири екени белгили. Өйткени, ол сөзбе-сөз емес поэтикалық аўдарыўды талап етеди. Мине, усы бағдарда Т. Жумамуратов өзиниң шебер аўдармашы екенин көрсетти. Әсиресе, шайырдың аўдармасындағы Омар Ҳайям рубайылары қарақалпақ тилинде дөретилген түп шығарма дәрежесине жетти. Шайыр қарақалпақ тилинде он бес топлам, өзбек, рус тиллеринде алты топламын баспадан шығарып, оқыўшылар дыққатына усынды.

«Жақсы шайырдың өмири мәңги болады», – деген сөз бар. Халықлық поэзияның шәшмесинен нәр алып, шығармалар дөреткен шайыр дөретпелери бүгинги күни өзиниң екинши өмирин басынан кеширмекте. Олардан бүгинги оқыўшылар да нәр алып, сулыў поэзияның мөлдир булағынан суўсынын қандырмақта.

DJUBANISHEV PIRLEPES

Qaraqalpaqstan Respublikası tariyxı hám mádeniyatı mámleketlik muzeyi aǵa ilimiy xızmetkeri.
Ózbekstan, Qaraqalpaqstan, Nókis

ÁWLADLAR QÁLBINDE MÁNGIGE MÓRLENGEN

Qaraqalpaq ádebiyatınıń salmaqlı ornı bar iri tulǵası, tákirarlanbas qosıqları, ózine tán ózgeshe stili menen qaraqalpaq ádebiyatında óshpes iz qaldırǵan mádeniyat ǵayratkeri, nishteri ótkir satirik, sheber dramaturg – Tilewbergen Jumamuratov 106 jasta.

Dóretiwshiniń shıǵarmaları qaraqalpaq ádebiyatında óz ornına iye biybaha dúrdanalardan sanaladı. Tilewbergen Jumamuratovtıń dóretiwshiligi tek poeziya ıqlasbentleri arasında ǵana emes al, onıń kásiplesleri arasında da júdá joqarı bahalanǵanın tómendegi qosıq qatarınan kórsek boladı: *Qádirlegen qálem janın, Ishken sózdiń zám-zám palın, Sheberliktiń saramjanın, Uqqan shayır Tilewbergen,* – dep qaraqalpaq ádebiyatınıń kórnekli shayırı Sadıq Nurımbetov óz miynetlerinde onıń talatına, sheberligine tán bergenligin usı qosıǵı arqalı da ańlap jetsek boladı.

T. Jumamuratovtıń jazǵan qosıqlarınan: «Ton menen tóbeles», «Qarlıǵash, mıltıqshı hám jılan» yumor-satiralıq qosıqları «Doslıq», «Kiyiktiń eki ılaǵı», «Bala tuwralı sóz», «Suwǵa ketken adam», «Makariya sulıw», «Qásiyetli gáwhar tas hám aqıllı shopan haqqında ertek» poemaları, «Tiklengen tuw» draması, «Qızlar házili» komediyası h.t.b. dóretpeleri ádebiyatımızdıń qunlı shıǵarmalarınan bolıp tabıladı. Shayırdıń shıǵarmalarına názer awdarsaq onıń miynetlerinde aytılǵan qatarlardıń qurǵaq sóz emes, naǵız tawıp aytılgan ómir filosofıyasın sóz etiwshi qatar ekenliginiń gúwası bolamız.

Adam bolsań jámiyetke dárekseń, Qosılmasań tamırı joq tereksеń, Oylamasań tek ózińnen basqanı, Aytshı, qáne, sen kimlerge kerekseń, – degen qosıq qatarları arqalı shayır jámiyettegi adamlardı bir-birine janashır, miyrimli pidáker insan bolıwǵa shaqıradı.

T. Jumamuratovtıń qalemi ádebiyattıń kópshilik janrlarında terbeldi. Ol satira janrında da jemisli miynet etti. Hárbir satiralıq dóretpesinde jámiyettegi unamsız illetlerdi qálem ushı menen túyredi. Ashshı haqıyqatlıqtı satira arqalı áshkaralap beriwge háreket etti. Mısalı: «Ton menen tóbeles» satirasında jámiyetimizdiń ayaǵına balta urıwshı zıyanlı ádetlerden biri náshebentlikti ótkir sınǵa aldı. Oqıwshıǵa bul qatarlar arqalı satira tili menen bul ádetlerden saqlanıwǵa jol kórsetpekte.

Sonday-aq, shayırdıń «Bala tuwralı sóz» poemasında áke ushın perzenttiń qanshelli biybaha ekenligi qanshama janlardı qıyǵan Iskender Zulqarnayn obrazında oqıwshıǵa kórsetip beriwge háreket etedi.

T. Jumamuratov qaraqalpaq ádebiyatında qosıq penen jazılǵan ertekti de dóretken. Onıń «Qásiyetli gáwhar tas hám aqıllı shopan haqqında ertek» shıǵarması tili jeńil bolıp, balalardıń túsinip alıwı ushın qolaylı. Shıǵarmada balaǵa jasınan aqıllı bolıwdı aǵalı-inililer ortasında birliktiń bolıwın sóz etedi. Bul shıǵarmanıń ózine tán ózgesheligi balanı jasınan hadal miynet islewge úyretiwden ibarat. Shayırdıń tábiyattı asıraw, joytılıp baratırǵan janlı maqluqlardı kóz qarashıǵınday asırap qalıw boyınsha «Kiyiktiń eki ılaǵı» poemasınıń ornı girewli.

T. Jumamuratov sheber dramaturg sıpatında da keń jámiyetshilikke tanımalı. Shańaraqtı saqlap qalıw, turmıs mektebine jeńil qaramaw sıyaqlı shańaraqlıq máselelerdi sóz etiwshi «Qızlar házili» komediyası jámiyettegi jeńil júrisli jigitlerdi kúlki astına aladı. Dramanıń juwmaǵında bolsa shańaraqtı asırap qalıw hámme nárseden ústin ekenligi uqtırılǵanday boladı. T. Jumamuratov kóp qırlı dóretiwshi bolǵanı ushın da qaraqalpaq ádebiyatınıń túrli tarawlarında qálem terbetti. Onıń, hátte, terme, tolǵaw úlgisinde jazılǵan «Otırıspa», «Shımbaylı qız» sıyaqlı terme tolǵawları oqıwshılar jámiyetshiligi tárepinen jıllı kútip alınǵan.

Talantlı shayırdıń «Shının aytsam ómirdiń ózi filosofıya» degen qatarları onıń poeziyaǵa, ádebiyatqa janı qumar dóretiwshi ekenliginen derek beredi: *Dúnya ishi tawsılmastay waqıya, Dana sózi kózimizge totıya, Hesh bilimpaz qaltasınan alǵan joq, Ómirińniń ózi filosofıya.*

Shayırdıń qaysı dóretpesin alıp qaramayıq onda didaktikalıq ham filosofıyalıq pikirlerdiń tolıp-tasıp atırǵanınıń gúwası bolamız. Sonday-aq, sóz zergeri ataǵın alǵan shayırımız óziniń miynetlerinde kórkem súwretlew qurallarınan da ónimli paydalanǵanınıń gúwasımız: *«Qaǵaz maydan, qálem jorǵa, Súr jorǵanı qolım menińi, El qızıǵar sulıw jırǵa, Sayra-sayra tilim menińi»* – degen qosıq qatarlarında metaforalardıń óz ornında durıs qollanılıwı shayırlıq sheberliginiń anaǵurlım dárejede joqarı ekenliginen derek bermekte.

Shayır óziniń poeziyasında turmıstıń hár túrli máselelerin sóz etedi. Sonıń ishinde shańaraq máselesi onıń poeziyasınıń tiykarǵı buwını sanaladı. Shayır haqıyqıy súyikli yar, ómirlik joldas obrazın óziniń «Qostarlar» degen termesinde bılayınsha súwretleydi: *«Sharshap kelseń jumıstan, Onıń júzi gúlistan, Páyik bolıp kútedi, Sharshaǵanıń ketedi».*

Juwmaqlap aytqanda, qaraqalpaq ádebiyatında ornı girewli bolǵan shayırımızdıń hárbir dóretpesi áwladlar qálbinde mángige mórlengen desek asıra aytqan bolmaymız.

Ádebiyatlar:

1. Jumamuratov. T. Ómirimniń ózi filosofıya. Nókis. Qaraqalpaqstan. 2005.
2. Jumamuratov. T. Shıǵarmaları úsh tomlıǵı. Nókis. Qaraqalpaqstan. 1980
3. Paxratdinov. A. Allambergenov. K. Bekbergenova. M. XX ásir Qaraqalpaq ádebiyatı tariyxı. Nókis. Qaraqalpaqstan. 2011.
4. Mámbetov. Q, Jaqsimova. G. Ádebiyat. Nókis. Bilim. 2009
5. Yusupov. I. «Shayır haqqında sóz»//Erkin Qaraqalpaqstan. 2001. 26-iyun.

БЕКБЕРГЕНОВА ЗИЯДА УТЕПОВНА

Филология илимлериниң докторы
Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясы
Қарақалпақстан бөлими Қарақалпақ гуманитар
илимлер илим изертлеў институты.
Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

ТИЛЕЎБЕРГЕН ЖУМАМУРАТОВТЫҢ «МАКАРЬЯ СУЛЫЎ» ПОЭЗИЯЛЫҚ РОМАНЫНДА ӘДЕБИЙ ҲӘМ ФОЛЬКЛОРЛЫҚ СҮЎРЕТЛЕЎ СИНТЕЗИ

Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық шайыры Тилеўберген Жумамуратовтың дөретиўшилигинде кең көлемли «Макарья сулыў» шығармасы белгили орын ийелейди. Бул роман 1969 – 71-жыллары жазылып, 1973-жылы өз алдына китап болып басылды. «Макарья сулыў» шығармасы москвалы шайыр А. Каныкин тәрепинен рус тилине аўдарылып басылды. Бул шығарма ҳаққында рус ҳәм шет ел илимпазлары И. Михайлова, Л. Кислова, В. Тюриков, Джемс Паттерсон, И. Карасев, А. Шербаков, М. Кравчук ҳәм т.б. баҳалы пикирлерин билдирген. А. Шербаков: «Роман халықлар арасындағы дослық, теңлик, туўысқанлық идеяларын сәўлелендирген. Сонлықтан да, оқыўшыға қәдирли» [5: 135] – деп жазса, Ю. Карасев: «Тайсалмай тастыйықлаў мүмкин, «Макарья сулыў» қарақалпақ әдебиятына тек ғана белгили емес, ал новаторлық шығарма» [10: 22], – деген пикир билдиреди. В. Тюриков «Макарья сулыў» бул ески аўызеки дәстан ҳәм заманагөй қосық пенен

жазылған роман: усылайынша өткир сюжетли, тәсирли ҳәм ҳақыйқатшыл шығармада бурынғы ҳәм ҳәзирги турмыс беккем биригип кеткен» [8: 4], – деп жазады. Бул мақалалардың ҳәр биринде шығарманы қосық пенен жазылған роман деп баҳалаў сезилип турады. Шайырдың өзи де бул шығармасын қосық пенен жазылған роман деп атады. Шайырдың бул пикирин москвалы илимпаз М. Кравчук «Правда Востока» газетасының 1976-жыл, 31-августтағы санында «Красавица Макарья» снова отправилась в Россию» [7] мақаласында мақуллайды. Бул шығарманың идея-тематикасы ҳәм жанрлық өзгешеликлери бойынша баспасөз бетлеринде жергиликли илимпазлар тәрепинен де ҳәр қыйлы пикирлер билдирилди. Филология илимлериниң докторы, профессор Қ. Мақсетов «Т. Жумамуратовтың «Макарья сулыў» қыссасының халықлық белгилери» [9: 95 – 101] мақаласында «қысса» деп атаса, профессор С. Ахметов «Поэзия ҳәм ўақыт» [1: 396] мақаласында «лиро-эпикалық поэма» деп атайды. Ал, шайыр шығармасының жанрлық жақтан халық дәстанларына жақын екенлигин филология илимлериниң докторы Қ. Камалов «Макарья сулыў» бизиңше тарийхый әпсана тийкарында жазылған дәстан» [6: 73], – деп атап көрсетеди.

Жоқарыда илимпазлар тәрепинен келтирип өтилген пикирлерден шығатуғын жуўмақ сонда – бул шығарма өзиниң қурылысына поэзиялық, прозалық ҳәм халық аўызеки әдебиятына тән дәстанлық сыпатларды да терең жәмлегенлиги сезилип турады.

ХХ әсирдеги қарақалпақ әдебиятында халық шайырлары А. Дабылов «Баҳадыр», С. Нурымбетов «Ханаласлар» дәстанларында халықлық дәстан жанры дәстүрлеринен кеңнен пайдаланса, Т. Жумамуратов эпикалық жанрдың жетилискен түри қосық пенен жазылған роман жанрын қолланады. Шығысы бойынша бул жанр әдебияттың поэма жанрына жақынласады, лекин бул шығармада дәстан ҳәм поэзиялық сүўретлеў усыллары өз ара жақынласып, органикалық бирликти кураған. Сонлықтан болса керек, шайырдың «Макарья сулыў» шығармасының жанрлық өзгешелиги бойынша жергиликли илимпазларымыз тәрепинен де «дәстан», «қысса», лиро-эпикалық поэма, «қосық пенен жазылған роман» деген сыяқлы теориялық түсиниклер билдирилген.

Т. Жумамуратовтың «Макарья сулыў» шығармасының сюжети көп тармақлы ҳәм бир неше бағдарда раўажланған. Бир бағдарда Парамон ҳәм оның сүйиклисин излеў сюжети, екинши бағдарда Аяз шопан сюжети раўажланады, үшинши бағдарда Көкше хан ўақыялары сүўретленип барады. Булардың барлығы Макарья сулыў образы менен анаў яки мынаў дәрежеде байланысады. Романның тийкарғы сюжети бас қаҳарманлар Макарья сулыў менен Парамонның тәғдирлерин сүўретлейди. Қаҳарманлардың жекке тәғдирин көркем сәўлелендириў – роман жанрының баслы белгиси, баслы шәртлеринен есапланады. Бул туўралы әдебиятшылар былай жазады: «Роман – бәринен де бурын жекке өмир, жекке тәғдир дәстаны (эпосы)… Демек, романдағы барлық итибарлы ўақыялар, соның ишинде, тарийхый ўақыялар да, каҳарманлардың жекке өмирине, турмысына, тәғдирине тығыз тамырласқан ҳалда қаҳарманлардың ишки кеширмелери, руўхый толғанысларын, дағдарысларын, көзқараслары арқалы сәўлелениўи керек» [3: 90].

Шығармадағы тийкарғы ўақыялардың басланыўына себепши болатуғын орайлық орында турған – Дәўқара. Шайыр айырым детальларды шебер пайдаланып, оны раўажландырады. Ол Бағдат шәҳәриндеги атақлы бай ҳәм саўдагер. Ол ҳәр ел менен саўда ислеп байыған, көп жерлерди аралаған өз дәўириниң алдынғы қатардағы адамы. Соның менен бирге, шахмат ойынының шебери. Дәўқара жалғыз перзенти Макарьяға да жақсы тәлим-тәрбия береди. Саўда менен Арзамас қаласына сапар шеккен Дәўқара Макарьяны да алып кетеди. Макарья Людмила исимли рус қызы менен танысып, досласады. Сол арқалы Парамон менен табысады, шахмат ойыны булардың дослығын беккемлейди. Дәўқара қызының жүрегин жаралап, елине қайтып кетеди. Бундағы Дәўқараның мақсети – қызын жат журтта қалдырмаў, оның үстине дини басқа адамға бермеў.

Сезди ол қызға жигит унағанын, Бурын ҳеш сыр билдирмей шыдағанын, Ес билгели тап ҳәзир көрип отыр, Қызының ең биринши жылағанын.

Сонда да мисе тутпай көздиң жасын, Артынып-тартынды да бар дүньясын, Ертеңине жел қуўған булттай көшип, Атлап шықты шәҳәрдиң босағасын [4: 152].

Усылайынша, шайыр реалистлик әдебиятқа тән қәсийетлерди, Дәўқараның өз дәўириниң дәстүрине садықлығын, жат жерге, дини басқа адамға қызын бермеўге қарар еткенлигин жақсы бере алған. Сюжет ўақыясының буннан былай раўажланыўы, конфликтлердиң шийеленисиўине,

ўақыялардың усы конфликт тийкарында раўажланыўына, характерлердиң өсиўине алып келеди. Дәўқара елине жақынлаған гезде Көкше ханның тыныш елди тонап, бүлдирип атырғанын еситеди. Араға ғаўға түсип, қалаға қәўип туўғанын аңлаған Дәўқара руслар менен куда болыўға бел байлап, Арзамасқа ат жиберип, хат жоллайды. Усылайынша, шайыр Дәўқараның характериндеги жаңа сыпатлық белгилерди ашыўға үлкен әҳмийет береди. Соның менен бирге, Дәўқара қызы Макарьяға жақсы тәлим-тәрбия бериўи, шахмат ойынына үйретиўи, елдиң қәўипсизлигин ойлап қурал-жарақ соқтырыўы, саўда ислери менен де шуғылланыўы, ел бирлиги, ғәрезсизлиги ушын жанын пидә етиўи сыяқлы қәсийетлери реалистлик әдебиятқа тән болып келеди.

Және де, Макарьяның Парамонға болған ҳадал муҳаббаты оның Арзамастан кетер алдында жигитке жүзиги менен хат жазып кетиўинде көринеди. Шайыр Макарьяның ишки дүньясын, сезим толғанысларын шебер сүўретлеген. Автор, улыўма, Макарьяның образын жасаўда халық эпослары қаҳарманларының белгилеринен де утымлы пайдаланған. Парамонды изимнен келеди деп узақ күтиўи, жаўыз Көкше айттырғанда мәўлет сорап хат жазыўы, бир басын ат байрақ пенен, палўанлардың гүресине тигиўи, сүйген жигити Парамонның тулпарын көргендеги айтқан сөзлери оның халық дөретпелери менен байланыслы екенлигин көрсетеди. Парамонның қаҳарманлығын сүўретлеўге де шығарманың сюжетинде көп орын берилген. Оның ҳәрекетлерин шайыр романтикалық қыялға берилип сүўретлейди. Бул жерде автор дәстанлардағы батырлардың тулғасын, ер жүреклигин, халық уғымындағы батырға сай келген тулпар аттың жүрисин ушқыр қатарлардың жәрдеминде тәрийиплеген. Сонлықтан да, Парамонның келбети менен тулпар атының ҳәрекетлерин сүўретлеген орынларда китап оқыўшысының қыялы да Парамон менен кең даланы гезгендей болады. Парамон Дәўқара ҳәм Аязлар менен биригип, олардың қас душпаны Көкше хан менен Жапарды жеңиўге ериседи. Ўақыя соңында Парамон менен Макарьяның қосылыў тойы өткерилип, шығарма ўақыясы шешиледи.

«Макарья сулыў» шығармасының сюжетинде романлық сүўретлеўлер менен бирге фольклорлық поэтиканың көзге түсерлик жерлери баршылық. Шығарма тарийхый әпсаналық сюжетлерге тийкарланып жазылып, өзиниң қурылысына романтикалық, реалистлик ҳәм мифологиялық көркем сүўретлеўлерди терең қамтып алады. Мысалы, Арзамастан жөнеп кеткен Макарьяны ашығы Парамон түсинде көреди.

Жарқ етти де таўдың басы, Қараңғылық тарады, Бирге келген Макарьясы, Булт үстинде барады.

Бийик таўдың бас жарындай, Жылжып самал өрине, Қалай турған булт жарылмай, Кәрамат па, пери ме?!

Қыз былғайды орамалын, Сести жетпес қулаққа. Көрди жигит қарағанын, Ғайып болды бирақ та [4: 156].

Бунда шайыр Парамонның түс көриўин, түсинде Макарьяның булт үстинде кетип баратырғанлығы, қыздың кәраматлы адам яки пери сыяқлы көзден бирден ғайып болыўы сыяқлы фольклорлық-мифологиялық сүўретлеўлерди мәзи қолланбастан, реал өмирде де Макарьяның Парамоннан алыслап кеткенлигин көрсетиў мақсетинде пайдаланған. Соңынан Парамонның Макарьяны излеп жолға шығыўы, оның тулпар атының қустай ушып шабыўы, дүсирлисиниң ҳәмме жерди ләрзеге келтириўи «Алпамыс» дәстанындағы батырдың минген аты Байшубарды еске түсиреди. Мысалы: *Орынламақ жүрегиниң әрманын, Жоны қызды шапқыр ҳәм де жорғаның, Ушқыр қустай басып өтти бир мәҳәл, Ўатанының шәҳәр менен орманын, Орал таўдың омыраўын жағалап, Жайлаўына араласты шаруўаның, Дүбиринен дүсирлести кийиклер, Қасқырлары қаңсыласты саҳраның, Ырғыз, Торғай, Жем бойларын қуўырып, Жер танабын қуўырмақта тарланың* [4: 173], – деп аттың дойнағының дүсирлиси менен жигиттиң шабысын фольклорлық-мифологиялық усылда сүўретлейди. Шайыр Парамонның жолда киятырып Әлимбайдың өлди деген қызын әўлийеден, гөрден шығарып алыўын, ал сол аўыл адамларының жигитке болған қызығыўшылығын, адамлардың жигитти әпиўайы адам емес, ал, қудай тәрепинен жиберилген «әўлийе адам Қызыр Ильясқа» теңеўи бул адамлар арасындағы, олардың санасындағы мифлик исенимлерди билдиреди. Бул көринис шығармада былайынша сүўретленген: *Дүлдилин кисенлеп я тусамайды, Жетер еди жәниўар қуўса айды, Өзи де Ҳәзирети Қызыр шығар, Қарапайым адамға усамайды.*

Усындай сөз даўылы қуйынлады, Гүўилдеп ел аўзынан тыйылмады. Парамонның дабылы көкти жарып, Барлық жер «әўлийе» деп мойынлады [4: 188 – 189].

Дүлдил ат – халық поэзиясында да, ер жигиттиң ең ҳасыл, ақыллы, жүйрик досты, жолдасы сыпатында тәрийипленеди. Шайыр халық дәстанларындағы ат образына терең итибар қаратады. Шығармада Парамонның атын сүўретлеўде гейде, «тулпар», гейде «дүлдил», базыда «тарлан» сыяқлы халық түсинигине қонымлы атамаларды қолланады.

Шығармада шайыр Парамонды мусылман мифологиясындағы Қызыр Ильяс ҳәм әўлийе адам сыпатында сүўретлесе, Аяз батыр ҳәм басқа да жигитлерди периште, дәў, ер жүрек батырларға теңеп сүўретлейди. Олардың душпанларын болса түлки, қасқыр ҳ.т.б. жыртқыш ҳайўанатларға теңеўи де фольклорлық усылда сүўретленген. Дәстанда Макарьяның Көкше ханға жазған хатында ханды әждарҳаға теңеўи де буған айқын мысал болады. Шайыр шығарманың XVI бабында Монтықлы аўылын жутып, халықты шуўлатып атырған әждарҳа ҳаққындағы қызықлы мифологиялық сюжетти киргизеди. Әждәрҳаның жаўызлығына ҳеш бир батыр қарсы шыға алмаўын, әждәрҳаның деминиң пысқырыўына ана тәбияттың да гүңиренип, аспанды қара булт қаплап, даўыл болып, жаўынның жаўыўы шығарма қаҳарманлары Парамон менен Аяз ҳәрекетлери менен жанлы байланыстырылады. Парамон менен Аяздың адам жутқан әждәрҳаны өлтириўи, жыйналған халықтың Парамонды алғыслап, аспаннан түскен периште, ал Аязды мәрт батырға теңеўи, әждәрҳа өлгеннен соң түнерген аспанның ашылыўы, қара булттың тарқап, күнниң шығыўы қусаған мифологиялық фольклорлық сүўретлеўлердиң реалистлик шығармаға енгизилиўи, шайырдың фольклор дәстүрлерин терең меңгерип пайдаланғанлығын көрсетеди.

Макарьяны излеп келген Парамон Көкше ханның әскерлери менен урыста батырларша ҳәрекет етеди. Парамонның исми қарақалпақ халық дәстанларының бири «Қоблан»дағы мәрт батыр Қараман аты менен елге тарап кетеди. Парамон келди деген хабарды еситкен Макарья оны излеп таба алмайды, сонда қыз жигитти саўашта өлди деп қайғырып: *«Нийетлеп едим, көрсем деп ығбал, бахтымды, Қанатым мениң сынды ма, мүдий қайрылып, Мәртебем артық Сулайман минген тахтынан, Деп жүрген басым қалдым ба, күннен айрылып»* [4: 238], – деп Макарья психологиялық толғанысқа түседи.

Соның менен бирге, шығарма сюжетинде Өтемурат ғаррының баласы Аяздың Көкше ханның батыры Жапар менен гүресиўи, Жапарды өлтирип, бенде болған жеңгеси Қарлығашты өз елине апарып ағасына қосыўы да бир қанша исенимли сүўретленеди. «Көкше ханның Макарьяны сонша ҳаял үстине алыўға умтылыўы, усындай сюжетлерди халық ертеклери менен дәстанларында, ҳәттеки, классик шайырлар шығармаларында да ушыратыўға болады. Мысалы, Бердақ шайырдың «Ақмақ патша» шығармасында көп ҳаял алыў мотиви Ақмақ патша образына тән болса, «Алпамыс» дәстанында Гүлпаршын қалмақ елинде жүргенинде қалмақтың ханы Тайшыхан ҳаял үстине айттырады. Сонда Гүлпаршын бир жағынан хан, екинши тәрепте Қаражан ашық болғанында, өз яры Алпамысты алты айшылық жоллардан келер деген үмит пенен өзине дөнип турған қәўиптен қутылыў ушын ханға да, қулға да «алты айшылық жолларға атыңызды сайлаң, жарысқа қосың, кимиңди хан демейин, кимиңди қул демейин, аты озып келген адамға бас қосайын» деп ақыллылық пенен жуўап қайтарады. Тап усындай дәстанлық сюжет «Макарья сулыў» шығармасында жаўыз Көкше хан тәрепинен қәўип туўған пайытта Макарья Парамонды келеди деп үмитленип, Көкшеге ғәзеп пенен екинши тәрептен ҳийле менен жазған хатында сәўлеленеди» [2].

Шығармада автор тәрепинен баянлаў манерасы, бир неше сюжетлик линиялардың қатар ҳәрекетте болыўы ҳәм бир неше адамлардың қатнасыўы, ўақыяның болып өткен дәўириниң узақлығы, көлемлилиги сыяқлы өзгешеликлери менен дәстан жанрына усап кетсе де, лекин, қыялый ўақыялар, құдиретли күшлер, асыра сүўретлеўлер басым болып келетуғын дәстан жанрынан реаллығы, турмысқа жақынлығы менен айрықшаланады ҳәм роман жанрына жақынласады. Қосық пенен жазылған романда автор тек баянлаўшы болып қалмастан, ҳәр бир қаҳарманын өз ара диалогқа киритип, ямаса терең монологлы ойларға шүмдирип, өзлериниң сөзлери, өзлериниң ой-пикирлери бар екенлигин сүўретлеген орынларды көплеп ушыратамыз.

Классикалық роман дәстүри бойынша «Макарья сулыў»да киши көлемли пролог берилген. Онда бизди қоршаған әлем, тәбият, адам туўралы автордың философиялық ойлары бериледи.

Тәбият мәңгилик, адамлар әўладлары алмасып турады. Буны шайыр, прологта: *Биреўдиң орнын басады биреў, Тоқтаўсыз ағым аспанның асты* [4], – деп сүўретлейди.

Усы пролог бөлиминде автор өз романын халықтан еситкен аңыз сөзлерге тийкарланып жазатуғынын ескертеди.

Неше бир сөзлер тарады елге, Аралдан ескен самалдай болып, Қәстерлеп ядта сақладым бирин, Жаныма азық сезилди маған [4: 131].

Т. Жумамуратовтың прологтағы бул сөзлери қарақалпақ халық аңызларының бирин романына сюжетлик материал етип алғанлығынан дәрек береди. Демек, «Макарья сулыў» романының сюжетиниң өзи фольклорлық дәстүрлерге таянатуғынын, яғный, аңызлық сюжетлерди пайдаланатуғынын көрсетеди.

Автор бас қаҳарман Макарьяның образын жаратыўда фольклорлық дәстүрлер негизинде қаҳарманның сыртқы портретин тәрийиплеўге көбирек әҳмийет береди: Мысалы, *Бурымлары таўдың кары жарындай, Ақ денеси қыстың таза қарындай* [4: 134].

Саўаш көринислерин сүўретлеўде де фольклорлық усыллар пайдаланылады. Мысалы, Көкше хан әскерлери менен Аяз батыр әскерлери арасындағы саўаш батырлық дәстанлардағы саўашларды еске түсиреди: *«Ҳүжим етти, қырып-жойып шығажақ, Үмбе-дүмбе, быған-жыған, шақа-шақ, Жаўып кетти садақ оғы жарқылдап, Ақ найзалар соқлығысты сартылдап. Ат үстинде ҳал салысып турысты, Қоразлардай жулқыласып жулысты, Жалынлатты уллы қырғын шайқасты, Не батырлар арысландай айқасты».* [4: 245].

Автор бул сүўретлемеде саўаштың улыўма көринисин сәўлелендирген.

Сүўретлемеде быған-жыған, үмбе-дүмбе, жарқ-журқ, шақа-шақ, жамғырдай жаўған садақ оқлары, жарқылдаған ақ найзалар, қораздай жулысқан, бирин-бири қырып-жойған арысландай айқасқан әскерлер батырлық дәстанлардағы саўаш көринислерине уқсап кеткен десек қәтелеспеймиз.

Соның менен бирге, шығармада ҳәзирги заман роман жанрына тән психологизмлер қолланылған. Булар айырым лирикалық шегинислерде көринеди. Мысалы, X ҳәм XII бөлиминиң барлығы дерлик лирикалық шегинис арқалы пейзаж сүўретлерин берген. Макарьяның туўылған жериниң бәҳәрги көриниси, ширели гүл, әжайып тәбият сүўретлери менен бериледи.

Бәҳәр келип аштың қушақты, Жабайы гүл жипек шашақлы, Жуўсан, селеў жупарын себер, Күн сәўлеси нурларын төгер [4: 197].

Жасыл жайлаў, таў баўрайы фонында жайылып жүрген есап-сансыз қой-ешкилер, жабайы ҳайўанлар, қуслар (мысалы, тырнағына қоян қыстырған бүркит, кемеде жүзип баратырғандай сең үстинде қатарласып отырған үйреклер, тас жарға әўпилдеп урған толқынлар сүўретши сызған әжайып сүўретлердей көринеди. Усындай әжайып тәбият фонында жалғыз атлы батыр тулғалы Парамон келеди. Тәбият оны жыллы қабыл алғандай сезиледи. Булар фольклорлық сүўретлеўлер емес, ал, нағыз романлық сүўретлеўлер болып табылады. Бул пейзаж сүўретлери Т. Жумамуратовтың ҳақыйқый шайырлық шеберлигин көрсетеди.

Психологизм усылын қолланыў Көкше хан Бағдат елине екинши мәртебе қәўип туўдырғанда ел ағасы Дәўқараның терең ойланыўы, руўхый албыраў, дағдарысқа түсиўшилигинде көринеди. Шығармада Дәўқараның ишлей гүйзелиске түсип, ойланыўы былайынша бериледи: *«Арқамызға аязлардай тур батып, Перзент ушын ой-қыялым сол мениң, Зорлық пенен Көкше алса шырлатып, Онда нағыз зарлаў менен өлгеним! Сақла қудай тап соныңдай дозақтан, Келтиргейсең ығбалының орайын, Арзамасқа өз қолымнан узатсам, Болар мениң барып-келер сарайым!»* [4: 205].

Романда, сондай-ақ, хат мотиви бир неше орынларда қолланылған. Мысалы, Макарьяның Арзамас қаласынан өз елине қайтарда Парамонға жазған хаты, Көкше ханның Дәўқараға жазған ультиматум (шәрт қойыў) хаты. Дәўқараның Көкше ханнан қәўипленип Арзамас қаласына рус князине қуда болыўды, қатнасықты беккемлеп, дос, ағайин болыўды өтиниш етип жазған тилек хаты, Макарьяның Парамонды өлди деп есаплап, өзи де өлмекши болып, атасы Дәўқараға жазған хошласыў хаты әдеўир тәсирли, қаҳарманның тәғдири туўралы оқыўшыда ой туўдырады. Усы хатларды оқыў арқалы оқыўшы Макарьяға, Дәўқараға, Парамонға тилеклес болып отырады, олардың тәғдирине жан ашытады, психологиялық моментлерди кеўилден кешireди.

XII бөлимде Аяз Көкше жиберген адамлардың қолына қайтадан түседи, ғапыллықта аяқ-қолы байланады. Бирақ, оны Макарьяны излеп киятырған Парамон қутқарады. XIII бөлимде Көкше 40

карақшысы менен келип, елди бүлдирип, бир неше қызларды өлтирип кетеди. XIV бөлимде болса, Парамонның анасы оны жоқлап отырады. Князге Дәўқараның хатын ол жиберген елшилер алып келеди. Княз Парамонды излеўге 10 жарақлы жигит жибереди. Людмила да олар менен бирге кетеди. XV бөлимде мифологиялық сюжет бериледи. Парамон менен Аяз халықты бүлдирген әждәрҳа менен айқасып, оны өлтиреди, халық оларды алғыслайды.

Усындай ҳәзирги дәўирдеги реалистлик әдебиятқа тән болған хат жазыў, психологиялық толғанысқа түсиў, ойланыў, қыйналыў сыяқлы сүўретлеўлер менен бирге шығарма сюжетинде халық аңызларынан пайдаланыў жағдайлары айқын көзге түседи. Мысалы, шығарманың эпилог бөлиминде пуқара халықтан шыққан Аяз хан туўралы аңыз келтириледи. *«...Ойда жоқ жерде қарадан туўған болып хан, Таңлантып журтты, гүўлеген хабар тарады, – Дәўлеттиң қусы Аяздың қонып басына, Қырқ қорған елдиң жәмленип басы бирикти».*

Аңызларда жарлы жигит Аяздың басына дәўлет қусы қонып хан болады. Бирақ гөне шарығын (аяқ кийимин) көринетуғын жерге илдирип қойып, кеўли менменликке кетсе өзине өзи «шарығыңа бақ Аяз хан» дейди екен.

Әдебий дәстүр бойынша романның соңында эпилог бериледи. Эпилогта Дәўқара байдың қызы Мәкарьяны орыс жигити Парамонға узатыў тойы көрсетиледи. Тойға Аяз ханның өзи қатнасады ҳәм басшылық етеди. Ел дәстүри бойынша байлығын шашып үлкен той береди. Тойға дөгеректеги еллерден атақлы байлар, ҳәмелдарлар қалмай келеди. Автордың сүўретлеўи бойынша тойға Мысыр, Шам, Иран, Гүржистан, Бухар, Шаш, Жанкент, Үргенш, Хийўа, Орысыяттан мийманлар, палўанлар келеди. Тойдың қызықларын кең түрде сәўлелендиреди: Палўанлар гүреси, ат жарысы, ылақ шабыс, қошқар урыстырыў, қыз-жигитлердиң әткөншек ушыўы, дәрўазшылардың арқан үстинде ойнаўы, масқарапаз ойынлары бирме-бир сүўретленеди.

Булардан басқа усы эпилог бөлиминдеги тойға байланыслы халық дәстүри, үрп-әдетлериниң бир қатары көрсетиледи. Мысалы, қызды алып кетиўге келген күйеўден, қудалардан қәде алыў, қыз-жигитлердиң кеса алысып шай ишиўи ҳәм т.б. миллий дәстүрлеримиз дизип берилген.

Солай етип, «Макарья сулыў» шығармасының жанрлық өзгешелигинде шайырдың өзинен алдынғы халық шайырлары менен халық аўызеки әдебияты дәстүрлеринен, қала берсе, туўысқан халықлар әдебиятының әжайып үлгилеринен тәсирленгенлиги сезилип турады. Қосық пенен жазылған бул романда автор тек ўақыяларды баянлаўшы болып қалмастан, өз қаҳарманларына болған сүйиспеншилик ҳәм жеккөриўшилик сезимлерин билдирип отырады. Бул шығарма өзиниң қурылысына әдебий ҳәм фольклорлық дәстүрлерди кеңнен қамтып алыўы ҳәм кең көлемли сюжетлик ўақыяларды қосық пенен баянлаўы жағынан да үлкен жаңалық болды деп айта аламыз.

Әдебиятлар:

1. Ахметов С. Әдебият ҳәм критика // Поэзия ҳәм ўақыт. Нөкис. Қарақалпақстан, 1978.

2. Бекбергенова З. Халық шайырының баҳалы мийрасы. Қарақалпақстан жаслары» газетасы, 1-август, 1996-жыл.

3. Жәримбетов Қ. Лирикадан романға. (К. Каримовтың «Аға бий» романы ҳаққында гейпара ойлар) «Әмиўдәрья», №3, 2015.

4. Жумамуратов Т. Шығармалар жыйнағының 3 томлығы. Нөкис. Қарақалпақстан. 1978. «Звезда Востока» журналы, 1980. №3.

5. Камалов Қ. Кәрўан басы // Дәўир талабы ҳәм әдебиятымызда тарийхый теманың сүўретлениўи. Нөкис. Қарақалпақстан, 1975.

6. Кравчук М. «Красавица Макарья» снова отправилась в Россию // Правда Востока. №203, 31-август, 1976. Литературная газета. №9, 1976.

7. Мақсетов К. Фольклор ҳәм әдебият // Т. Жумамуратовтың «Макарья сулыў» қыссасының халықлық белгилери. Нөкис. Қарақалпақстан. 1975. Огонек журналы, №37, 1977.

НУРЖАНОВ ПЕРДЕБАЙ

Филология илимлериниң докторы, доцент.
Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети.
Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

ТИЛЕЎБЕРГЕН ЖУМАМУРАТОВТЫҢ ӘДЕБИЙ-КРИТИКАЛЫҚ КӨЗҚАРАСЛАРЫ

Тилеўберген Қупбатулла улы Жумамуратов XX әсирдиң екинши ярымындағы қарақалпақ әдебиятының раўажланыўына салмақлы үлес қосқан тулғалардың бири. Оның көркем дөретиўшилиги өзиниң көп қырлылығы менен ажыралып турады. Т. Жумамуратов лирикалық, лиро-эпикалық поэзияны, драматургияны раўажландырыў жолында өнимли қәлем тербетти. Сонлықтан, оның бул бағдардағы мийнетлери ылайықлы баҳаланып, оған «Қарақалпақстан халық шайыры», «Өзбекстан халық шайыры» атақлары берилди.

Шайырдың мийрасы ҳаққында И. Сағитов, С. Ахметов, Қ. Мақсетов, К.Қурамбаев, И. Қурбанбаев, Т. Мәмбетниязов, А. Насруллаев, Қ. Байниязов, Қ. Жәримбетов, К. Алламбергенов, Қ. Оразымбетов, М. Жумамуратова, З. Бекбергенова ҳ.т. басқалардың пикирлери итибарға ылайық.

Лекин, соны да айтыў керек, Тилеўберген Жумамуратов дөретиўшилигиниң изертлеўшилеримиз тәрепинен жетерли дыққат бөлинбей киятырған бир тәрепи бар. Бул – оның әдебий сынға қосқан үлкен үлеси.

Әдебий-сынлық жанрлар шайыр дөретиўшилигиниң ажыралмас бир бөлеги болып саналады. Шайырдың сыншы сыпатындағы искерлиги өзине тән көркем қубылыс болып, оны илимий көзқарастан таллаў әҳмийетли жуўмақлар ислеўге имкан береди.

Биз мақаламызда Т. Жумамуратовтың илимий-әдебий, әдебий-сынлық искерлиги ҳаққында айырым пикирлеримиз бенен ортақласқанды мақул көрдик. Усы мақсетте биз оның күнделикли баспасөз бетлеринде жарық көрген айырым мақалаларын, сондай-ақ, оның үй архивинде сақланған гейпара қолжазба мийрасларын изертлеў объекти етип алдық.

Т. Жумамуратовтың фольклорлық мийрасымызды қәдирлеўге, қарақалпақ классик шайырларының алтын мийрасын қәстерлеўге арналған, сондай-ақ, әдебий процессти, аўдарма мәселелерин баҳалаўға арналған ҳәр қыйлы жанрдағы әдебий-сын мәселелерине арналған мийнетлери бар.

Шайыр көп жыллар даўамында республикамыздың баспасөз мәкемелеринде, Жазыўшылар аўқамында жумыс иследи ҳәм өз дәўириниң әдебий процесиндеги жүз берген машқалаларды шешиўге белсенди қатнасты. Ҳәр бир елеўли әдебий мәселе туўралы өзиниң анық позициясына ийе болды ҳәм буны ол ҳәр қыйлы басқыспа мәжилислерде, «Жыл жуўмақ»ларында, пленумларда, Жазыўшылар аўқамы жыйналысларында ортаға салды, автор көпшилик алдында өз пикирлерин ашық айтыўды мақул көрер еди. Шайыр сыншының қәлемине тийисли баянат, әдебий шолыў, әдебий-сынлық мақала, рецензия, алғы сөз, проблемалық мақала ҳәм т.б қусаған әдебий сын жанрлары XX әсир әдебий сыны тарийхында белгили орын ийелейди. Бул мийнетлерде көркем шығарманың тили, қарақалпақ шайыр-жазыўшыларының шығармаларындағы қарақалпақ тилине қатнас, тилимизди таза сақлаў, Шығыс әдебияты классиклери, XIX әсир қарақалпақ әдебияты ўәкиллери, поэзия сынына сын ҳәм т.б. мәселелер бойынша автор өз пикирлерин билдирди. Олар көпшилик арасында үлкен қызығыўшылық оятты.

Шайырдың қәлеминен бир қанша жол очерклери менен саяхатнамалар да дөреди. Бирақ туўылғанына 106 жылдан аслам ўақыт өткенине қарамастан, Т. Жумамуратовтың әдебий-сынлық, әдебий-ағартыўшылық, публицистикалық мийнетлериниң библиографиясы елеге шекем дүзилген жоқ. Бул нәрсе оның көп қырлы әдебий тулға сыпатындағы рәңберәң дөретиўшилигин бир пүтин ҳалында изертлеўге мәлим дәрежеде тосқынлық етпекте. Автордың «Сынға шымшымайлық жараспайды» («Совет Қарақалпақстаны», 1966, 26-июнь), «Халық шайырлары деген кимлер?» («Совет Қарақалпақстаны», 1962, 31-июнь), «Баҳадыр» дәстанына «Алғы сөз» (1989), «Наўайы шығармалары-мәңгилик» (1968, 27-сентябрь), «Поэзиямыздың маржаны», (1967, 29-ноябрь), «Түркий әдебиятының мақтанышы», («Мақтымқулының туўылғанына 225 жыл») атлы мақалалары Т. Жумамуратовтың әдебият изертлеўшиси ҳәм әдебий сыншы сыпатындағы

искерлигинен, оның әдебий-сынлық ойлаў манерасының өзине тәнлигинен дәрек береди. «Естен шықпас он күн», «Алматыдағы ушырасыўлар», «Тойдан тойдың парқы бар» (1976, 10-июль), «Аралдың жағалаўларында» мақалалары болса оның публицист сыпатындағы өзине тән стилин аңлатады.

Биз ўақыт қысқысына төтепки бере алмай сарғайған, тозығы жеткен газета нусқаларын, үй архиви қолжазбаларын әсте-ақырынлық пенен аша баслаймыз. Тап олар өзлерин абайлап услап-тутыўды, көздиң қарашығындай сақлаўды өтинип турғандай түйиледи. Ески газеталардың бетлеринен биз ҳәриплери гүңгирт тарта баслаған жазыўларды оқый баслаймыз.

Мине, ўақтында әдебий орталықта үлкен тартысты келтирип шығарған, 1960-жыллардың екинши ярымындағы қарақалпақ әдебий сынында пикирлер кесиспесиниң, полемикалық руўхтың пайда болыўына белгили дәрежеде хызмет ислеген «Сынға шымшымайлық жараспайды» мақаласы. [2, 3] Бул мақала ҳаққында атақлы әдебий сыншы С. Ахметов: «Мақала әдебий сынның сапасы ҳаққындағы пикирлери менен әҳмийетке ийе, оның әдебий процесске қозғаў салғанлығын мойынлаў керек. Мақалада автор сол жыллары орынлы көтерилген «Сынға да сын керек» деген пикирлерге қосыла отырып, «Сыншыға да сын керек». Себеби, басқа жанрлар талқыланады да, аўдарма менен критика ҳеш додаланбастан кете береди» деп дурыс көрсеткен. Әлбетте, шайырдың бул пикирлери оғада дурыс деп табылып, соңғы жыллары Жазыўшылар аўқамында сын бойынша арнаўлы пленумлар шақырылды. Сыншылардың топламлары баспадан шығарылатуғын дәрежеге жетти. Солай етип, шайыр ағамыздың дуўалы аўзынан шыққан бир-еки сөзи әдебий сынның тәғдирине әдеўир өзгерис киргизди. [1]

Атақлы әдебиятшының бул пикири Т. Жумамуратовтың әдебий сыншы сыпатындағы искерлигине берилген үлкен баҳа болып табылады. Негизинде, Т. Жумамуратовтың биз таллаған мақаласының өз дөрелиў тарийхы бар. Бул туўралы С. Ахметов былай дейди: «1960-жыллардың басында гейпара сын мақалаларға, рецензияларға кеўили толмайтуғынын, ҳәтте, оларда надурыс пикирлер бар екенлигин Тилеўберген аға Жазыўшылар аўқамында бир неше рет айтқанын еситкенмен. Надурыс сын пикирлер ҳаққында өзиниң жуўап жазыўға таярланып жүргенин де айтқан. Абдирейм Насруллаев, Турдыбай Мәмбетниязовлардың бир ўақытлары жазылған мақалаларында Тилеўберген ағаның бир қанша шығармалары сынға алынған еди. Сыншылар шайырдың айырым қатарларында «идеясызлықты» көрди, «надурыс теңеўлерди» көрсеткен болды, оны «турмыстан артта қалған» шайырлардың қатарына қосты [3]. Әлбетте, әдебий сын әдебий процессти оның өз раўажланыў нызамлылықларына негизленбей, класслық, коммунистлик партиялылық қусаған тоталитаризм дәўири принциплерине сүйенип баҳалаўға умтылса, дөретиўши инсанлардың наразылығын келтирип шығаратуғынлығын Т. Жумамуратовтың биз таллап отырған мақаласы дәлиллейди. Мақалада Т. Жумамуратовтың өз дәўириндеги әдебий процесске сыншылардың мақалаларына олардағы көркем шығарманы таллаўдағы надурыс усылларға, бир тәреплеме жуўмақларға, социологиялық анализлердиң унамсыз ақыбетлерине деген анық позициясы бар екенлигин байқаў қыйын емес.

Т. Жумамуратовтың әдебий-сынлық ойлаў өзгешелигин ашыўда оның архивинде сақланған «Қарақалпақ поэзиясының 1966-жылдағы жемиси ҳаққында» деген мақаласының белгили орны бар. Бул усы жылғы поэзияға арналған баянат болып, ол Жазыўшылар аўқамы тәрепинен шөлкемлестирилген «Жылдың жуўмағы»нда көпшиликтиң нәзерине усынылған. 1966-жыл әдебий өмирде үлкен, елеўли жыл болғанлығын айтыўымыз керек. Өйткени, бул жылдағы романларға, повестьлерге, балалар әдебиятына, драматургияға ҳәм т.б. жанрларға арналып атақлы алымлар ҳәм изертлеўшилер тәрепинен баянатлар исленген. Мысалы, атақлы әдебиятшы Қ. Мақсетовтың баянаты кейин ала «1966-жылғы повестьлер ҳаққында» деген атама менен жарық көрди. Т. Жумамуратовтың баянатында да әҳмийетли мәселелер ортаға тасланған. Автор 1966-жылғы поэзияны оннан алдынғы поэзия менен салыстырып таллаў арқалы әҳмийетли жуўмақлар ислеген: «Буннан бурынғы 4 – 5 жыл менен салыстырғанда 1966-жылы шығарылған қосықлар саны жағынан да, сапасы жағынан да жақсы екенлигин көремиз» [3]. Усы жылы А. Дабыловтың бираз қосықлары, Б. Қайыпназаров «Мениң мийнетим», Х. Сейтов «Бәҳәрде Әмиў бойында», Ж. Сейтназаров «Бәҳәр ҳәм мен», И. Юсупов «Дала әрманлары», М. Сейтниязов «Қызғыным мениң», Ж. Дилмуратов «Жүрек алғысы», Ш. Сейтов «Соқпағым мениң, қайдасаң», Т. Мәтмуратов

«Лирика» деген қосықлар топламлары менен поэзияға үлкен үлес қосқанлығын айтады. Автордың баянат үстинде көп тер төккенлиги билинип тур. Ол атлары аталған шайырлардың топламларын бирим-бирим таллаў арқалы олардың жетискенлик ҳәм кемшиликлерин анық көрсеткен. Мысалы автор А. Дабыловтан «... оның қосықлары фольклорлық традицияда болса да бизлер оннан көп нәрсени үйрене аламыз» – дейди [2]. Буннан Т. Жумамуратовтың фольклорлық поэтикаға деген қатнасы А. Дабыловтан үлкен парыққа ийе екенлигин сезиўге болады. Ал, Х. Сейтовтың топламын таллай отырып автор оның жетискенлиги туўралы улыўма түрде айтады да, ал, оның кемшилиги ҳаққында өзиниң анық пикирлерин ортаға таслайды.

Баянатта көрсетилгениндей, «Х. Сейтовтағы кемшиликлердиң ең баслысы оның бираз қосықларында айтыла-айтыла зықы шыққан сөзлерди қоллана бериўинде; екиншиден, теңеў, эпитет сыяқлы өткир сөзлерди қолланыўы жағынан шайыр ҳәлсизлеў; үшиншиден, жарып уйқастырыўдың орнына гейде тайын уйқасларды көбирек қолланады [3]. Т. Жумамуратов Б. Қайыпназаровтың 1966-жылғы топламына оның «Көк емен» сыяқлы бурын жазылған жақсы қосықларының қосылғанын айта келип, бундағы шайырдың мақсети аз да болса китаптың сапасының жақсы болғанын гөзлегенлиги мәлим болып тур» – дейди [3]. Усының өзи-ақ автордың топламдағы Б. Қайыпназаровтың кейинги жыллардағы жазылған қосықларынан кеўли толмағанлығы билинеди. Буның үстине Б. Қайыпназаров топламында бир айтылған сөз ҳәм пикирлердиң, ҳәттеки, қосық темаларының қайталана бериўин көремиз [3] дейди сыншы. Автор пикирин даўам ете отырып баянатта және былай жазады: «Тағы бир айта кететуғын нәрсе Х. Сейтов пенен Б. Қайыпназаровлардың қосықларында муҳаббат ҳәм сүйиўшилик туўралы көп айтылады, мениңше, Аббаз аға айтқанындай, жастың ҳәр бир дәўирине ылайықлы сөзи болса керек... бундай қосықлар әдеўир жасқа келген ҳәм бала-шағалары ержеткен Хожабекке, Байниязға, бизге уят шығар деп ойлайман. Исаковскийлер бундай муҳаббат темаларын жазғанда арасына өзин қоспай, биреўлердиң атынан жазатуғынлығын ядта сақлаў керек» [3]. Биз Т. Жумамуратовтың әдебий-сынлық мийрасынан аз ғана бөлегин таллаў арқалы төмендеги жуўмаққа келдик:

Т. Жумамуратовты, әдебий-сынлық жанрда жазылған мийнетлериниң библиографиясын дүзип, бир системаға салып, илимий-комментариялар исленип бастырылып шығарылса, бул оның дөретиўшилик устаханасының, көркем концепциясының өзине тәнлигин, шайыр сыншының өз дәўириндеги жәмийетлик-сиясий шараятқа, әдебий процесске, әдебий орталыққа, ондағы жүз берген машқалаларға болған позициясын анықлаўға жәрдем береди. Буның үстине шайырдың поэзиялық шығармаларында ушырасатуғын әдебий-сынлық пикирлер, ойларды жыйнап, оған қалыс баҳа берилсе, бул оның әдебий мийрасын дурыс ашыўға, усы арқалы Т. Жумамуратов өнимли қәлем тербеткен 1950 – 1990-жыллардағы әдебий процесске деген қалыс, әдил баҳаның қәлиплесиўине жәрдем берген болар еди.

Әдебиятлар:

1. Ахметов С. Халықтың сүйиўшилигине бөленген шайыр. http://jumatleu.uzhttp://jumatleu.uz/
2. Жумамуратов Т. Сынға шымшымайлық жараспайды. «Совет Қарақалпақстаны» газетасы, 124 (9457)
3. Жумамуратов Т. Үй архивинен, 4-б. Қарақалпақ поэзиясының 1966-жылдағы жемиси ҳаққында. Баянат. 1 – 27 бб.

ПАЛЫМБЕТОВ КАМАЛБАЙ САРСЕНБАЕВИЧ

Филология илимлериниң докторы, Қарақалпақстан Республикасы халық билимлендириў хызметкерлерин қайта таярлаў ҳәм олардың қәнигелигин арттырыў аймақлық орайы.
Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

ХАЛЫҚЛАР ДОСЛЫҒЫН СҮЎРЕТЛЕЎШИ КЕҢ ЭПИКАЛЫҚ ДӨРЕТПЕ

Тилеўберген Жумамуратов «Макарья сулыў» шығармасында узақ әсирлик әпсаналарды көркем айланысқа түсирип, шайырлық устаханасында қайта ислеп, турақлы муҳаббат пенен дослық темасын шайырлық талант пенен қайта жаңартады. «Макарья сулыў» идея-тематикалық жақтан өз

дәўириндеги Аббаз Дабыловтың «Баҳадыр», С. Нурымбетовтың «Ханаласлар» дәстанынан өзгешеленип турады.

Бул шығарманың идея-тематикалық өзгешелиги ҳаққында филология илимлериниң докторы, профессор С. Ахметов: «Шығарма сюжетиниң көпшилик орынларында сүўретленип атырған темасының, яғный, еки халық ўәкиллери арасындағы муҳаббатты, дослықты дәлиллеў ушын орынлы түрде тарийхый жылнамаларға, әпсаналар менен гүрриңлерге сүйенеди. Мысалы, қарақалпақлардың халық болып қәлиплесиўи, руслар менен саўда қатнасы, Киев князиниң өлимине қарақалпақлардың қайғырыўы, Петр 1 ге жиберилген өтиниш хаты, рус князлериниң қыпшақ қызларына үйленгенлиги ҳаққындағы мағлыўматлар шығарманың темасының дәреклилигин көрсетеди» [1: 47], – деп жазады. Автор бул шығармасында тек ғана еки жастың (Макарья, Парамон) муҳаббаты менен халықлар дослығы темасын сөз етип қоймастан, халқымыздың сыртқы душпанлар менен болған гүресин қосып тарийхый өтмиштиң әпсанаға айланған ўақыяларын китап оқыўшыларының көз алдында жанландырып бериўге ҳәрекет еткенлиги сезилип турады. «Макарья сулыў» шайырдың ири көлемдеги шығармаларының ишинде айрықша шайырлық талант пенен жазылған авторды мейлинше тынышсызландырып өзине тартқан дөретпеси болғанлығын буның идеялық дәрежеси, қурылысы, сөз нағыслары – көркемлик айқын дәлиллей алады» [1: 48], – деп жазады.

Т. Жумамуратовтың «Макарья сулыў» шығармасы халықлар дослығы ҳаққындағы кең эпикалық дөретпеси есапланады. Онда рус ҳәм қарақалпақ халқының, яғный, өтмиште жасап өткен бабаларымыздың өзге еллер менен дос ҳәм туўысқан, парахат ҳәм тыныш турмыста жасаўға умтылыўы сөз етилген. Сонлықтан да, шайыр бул ҳаққында шығармада: *«Дүньяда ҳеш бир халықтың жаманы жоқ, Бир пара түсинбейди өзи көрмей»* [3], – деп бийкарға жырламайды. Автор шығарманың тийкарғы идея-тематикасында еки халықтың арасындағы дослықтың терең тамырларын қарақалпақ қызы Макарья менен рус жигити Парамонның, рус қызы Людмила менен қарақалпақ жигити Бақый арасындағы муҳаббаттың тымсалында сүўретлеўди мақсет еткен. Халқымыздың бурыннан қанына сиңген ең жақсы қәсийетлериниң бири болған туўысқан халықлар менен дос, татыў жасаўға болған умтылысларын шығарманың баслы тематикасына арқаў етип алады. Шайыр өзиниң улыўлайжақ темасы менен идеясын көркемлеп жеткерип бериўде халық аўызеки ҳәм шығыс әдебиятларының дәстүрлеринен шеберлик пенен пайдаланған. Шығарма қурылысындағы ўақыялар бир неше баплара бөлинип сүўретленгени менен бул бөлеклер бирин-бири толықтырып, бири-бирине жалғасып, тийкарғы темаға сабақласып кетеди. Еки жастың муҳаббатына байланыслы сүўретленетуғын, мысалы, Макарьяның әкеси Дәўқара менен руслар арасындағы ишлей қарама-қарсылықлар, олар арасындағы миллий ҳәм диний шеклениўлер, Көкшениң Дәўқараның аўылын шабыўға таярланыўы, буның баслы себеби сыпатында Көкшениң Макарьяны арсызлық пенен ҳаяллыққа соратыўы, нийети иске аспағаннан соң тыныш елге топылыс жасаўы, Көкшениң қара нийетин сезген Дәўқараның руслардан жәрдем соратып адам жибериўи, яғный, жалғыз қызы Макарьяны қас душпаны Көкшеге бергенше, өз теңи Парамонның алыўын қәлеўи ҳәм т.б. ўақыялар шығармаға қатнасыўшы қаҳарманлардың характерлерин ашыўға жақыннан жәрдем береди.

Шығарма тек ғана аңыз-әпсаналық материаллардан пайдаланыў менен шекленбестен, тийкарынан, бай тарийхый фактлерди пайдаланыў менен жазылған. Сонлықтан да, шығарманың биринши ҳәм қалған баплары ҳәм олардың атамалары да тарийх тастыйықлаўларынан алып қурылған. Биринши бап «Арал әтирапындағы» түрки қәўимлериниң бирлигинен қарақалпақлардың халық болып қәлиплесиўи VIII – IX әсирлерде басланды» деген атама менен аталады. Лекин, бапта тарийхый фактлерден гөре әдебий образларды сүўретлеўге көбирек итибар қаратылып, шайырдың фантазиясы биринши орынға шығады. Шығарманың прологтан соңғы биринши бабында Бағдат шәҳәриндеги Дәўқара бай ҳаққында, оның Шын, Юнан, Ҳиндстанға саўда кәрўанларын тартып баратуғын атақлы саўдагер екенлиги, шатыраш (шахмат) ойынының да шебери екенлиги, әсиресе, жалғыз қызы Макарьяның туўылыўы ҳәм оған жақсы тәлим-тәрбия бериўи, ўақыяның басланыўында сүўретленеди.

Шығарманың екинши бабында рус қалаларына қарақалпақлардың саўда ислери менен барыўы ҳаққында сөз етиледи. Шайыр қарақалпақ жерин тәрийиплегенде «ақ бас толқыны шапшып ойнаған, арқа батыстағы жалтырап жатқан теңизи, көллеринде үйрек, ғазы, қуўы, шөллеринде дүркирескен қулан, кийиклери» көз алдымызда жанлы сәўлеленеди. Шығармада рус жерин тәрийиплегенде «ырғалып өскен емен менен ақ қайыңлары, бултларды тескен бийик қарағайлар, сирескен қалың тоғайлар, бири-бирине жақын орналасқан қалалар, аўыллар, дәрьялар, қорғанлар, Едил дәрьясы ҳаққында жыр етеди». Арзамасқа саўда ислери менен келген Дәўқара бул сапары қызы Макарьяны да алып келеди. Байдың қымбат баҳалы затлары: қаракөл тери, жипек, гүриш, қуў пәри, ғалы, жүн, терилер бәри қалмастан өтип кетеди. Рус жери Макарьяға жүдә унап қалады. Ол рус қызы Людмила арқалы оның жигит ағасы Парамон менен танысады. Макарья шын дослықтың белгиси ретинде Людмилаға «шатыраш көйлек»ти саўғаға береди. Шатыраш көйлектиң сулыўлығына таңланған Парамон Макарья менен жақыннан танысыўға қарар етеди. Усындай ушырасыўлардың биринде Парамон Дәўқара менен шахмат ойнап, оны ойыннан утады. Дәўқара буған оғада қапа болады. Буны көрген Макарья әкесинен руқсат сорап Парамон менен шахмат ойнайды ҳәм оны утады. Макарья менен Парамон арасындағы муҳаббаттан қәўипсинген Дәўқара өзге журттың баласына қызын бериўди мақул көрместен, бир түнниң ишинде өз ели Бағдатқа қайтып кетеди. Буны сезген Парамон сүйгенин излеп жолға шығады. Бул ҳаққында әдебиятшы З. Бекбергенова былай жазады: «Шығарма сюжетиндеги Макарьяның Бағдатқа кетерде Парамонды көре алмай, оған жүзик пенен хат таслап кетиўи, ал Парамонның Макарьяны излеп сапарға шығыўы, бәри де халық дәстанларындағы батырлардың өз сүйгенин излеп кетиў ҳәм ол ушын саўашларға қатнасыў мотивлерине оғада жақын келеди» [2]. Дәўқара Арзамастан өз елине киятырып, жолда бүлинген елге жолығады. Сол елдиң тири қалған адамлары менен сөйлеседи ҳәм Бағдатқа да залым Көкше ханның топылыс жасап атырғанлығын еситеди. Көкше хан ҳәм оның батыры Жапар бөлинген ҳәм таланған елдиң олжаларын бөлисип, енди Дәўқараның да дүнья-малын ҳәм жалғыз қызы Макарьяны да ҳаяллыққа алыўды ойлаған Көкше хан Дәўқараға хат жоллайды. «Шығармадағы Парамонның Дәўқара менен Көкше арасындағы саўашқа жетип келиўи, Көкше ҳәм оның әскерлериниң қырып тасланыўы, соңынан Макарьяның Парамонға турмысқа шығыўы қызықлы сүўретленеди. Шығарманың соңында пуқара халықтан шыққан Аяздың (бурын Көкшениң қулы болған) хан болып тахтқа миниўи, ол хан болған ўақытта ели абат ҳәм тынышлықта жасаўы ҳәм Аяз хан әдалатлы патша сыпатында өзиниң қул ўақтында кийген кийимлери менен жаман шарығын тахтының басына илдирип қойыўы, халық әпсаналарындағы Аяз ханның ақыллы, әпиўайы, әдил хан болғанлығынан дәрек береди» [3:71–72]. Романда айтылайын деген баслы идея қарақалпақ қәўимлери жайлаған Жайҳун, Арал бойы халықларының иранлылар ҳәм қалмақ басып алыўшылары тәрепинен талай сапар қырғынға ушыраўын тарийх бетлеринен билгенимиз бенен көркем шығармада сәўлелендириў өз алдына шеберликти талап етеди. Сол бир өткен тарийх сабақларының ашшы бир елеси сыпатында шығармада Дәўқара менен Көкше арасында конфликт басланады. Ҳәлсизди күшлиниң муқайтыўы, азды көптиң қорқытыўы, «зордың үйи күйсин» деген сөзлер ертедеги патриархал-феодаллық жәмийеттиң нызамлы қубылыслары еди. Усындай азаплы турмыстан қутылыў ушын қайсы халық болса да өзинен алдынғы цивилизацияға ерискен халықлардан жәрдем сораўы тәбийғый. Усындай идея шығарманың тийкарғы мазмунын қураганлығы сюжет дүзилисинен көринип турады.

Солай етип, «Макарья сулыў» шығармасында шайыр жырлаған реаль турмыс ўақыялары халықтың әсирлер бойы арзыў еткен әрманлары менен сабақласып кетеди. Еки ел арасындағы дослық қатнасықларды ҳәм қала берсе, еки жас арасындағы жаслық муҳаббатты баянлаўға бағышланған бул шығарманың идея-тематикасы – халықлар дослығын жырлаўы менен баҳалы.

Солай етип, бул шығарма узақ әсирлик әпсаналардың тийкарында дөреген, анығырағы, шайырлық талант пенен қайта жаңғырған муҳаббат, дослық ҳаққындағы шығарма. Шығарманың басынан ақырына шекем ҳәрекет еткен қаҳарманлардың тәғдирине қызығыўшылық артып барыў менен бирге ҳәр бир китап оқыўшысының қәлбинде шайыр жырлаған, дослық, татыўлық, парахатшылық, тынышлық, муҳаббат темаларына тилеклеслик сезимлери пайда болатуғыны сөзсиз.

Әдебиятлар:

1. Ахметов С. Әдебият ҳәм критика. Поэзия ҳәм ўақыт. Нөкис: Қарақалпақстан, 1978.
2. Бекбергенова З. Халық шайырының баҳалы мийрасы. «Қарақалпақстан жаслары» газетасы, 1-август, 1996.
3. Бекбергенова З. Ҳәзирги қарақалпақ поэзиясында фольклорлық дәстүрлер. Нөкис: Илим, 2011.
4. Жумамуратов Т. Шығармалар жыйнағының 3 томлығы. Нөкис: Қарақалпақстан, 1978.

БЕКБЕРГЕНОВА МАРИЯ ДОСБЕРГЕНОВНА

Кандидат филологических наук, доцент.
Нукусский государственный педагогический институт
имени Ажинияза.
Узбекистан, Каракалпакстан, Нукус

ТИПОЛОГИЯ ХУДОЖЕСТВЕННЫХ ОБРАЗОВ В ЭПИЧЕСКОЙ ПОЭЗИИ ТЛЕУБЕРГЕНА ЖУМАМУРАТОВА

Поэзия народного поэта Узбекистана и Каракалпакстана, лауреата государственной премии имени Бердаха Тлеубергена Жумамуратова широко известна и любима на его Родине, а также за её пределами.

Мастер художественного слова Т. Жумамуратов в истории каракалпакской литературы XX века создал произведения во всех литературных жанрах. Известны его высоко художественная поэтическая лирика, эпическая поэзия, поэмы, дастан, сатирические стихотворения, очерки, рассказы, пьесы, айтыс.

Произведения Т. Жумамуратова опубликованы в его сборниках «Жүрек муҳаббаты» («Любовь сердца»), «Дослық» («Дружба»), «Мениң заманласларым» («Мои современники»), «Толқында» («На волне»), «Кәраматлы тулға» («Могучая личность»), «Түрли өткеллер» («Разные перевалы»), «Өмириңниң өзи философия» («Жизнь твоя сама философия»), «Аралға келдим оралып» («Вернулся я к Аралу»).

Т. Жумамуратов был знатоком каракалпакского устного народного творчества, каракалпакской классической литературы, хорошо знал древний арабский и персидские языки. В своей поэзии он продолжил и разработал лучшие традиции каракалпакского фольклора.

Созданные поэтом художественные образы Родины, матери, родной земли пропитаны глубоким патриотическим чувством сыновьей любви к своему народу. Гордость и нежность к родной земле воспеваются в стихотворениях «Мойнақта» («В Муйнаке»), «Толқында» («На волне»), «Ел бармекен мениң туўған жеримдей» («Есть ли страна, как моя родная земля») и т.д.

Созданные поэтом образ Родины – матери и образ матери – женщины типологически связаны между собой. Родина и мать – это два понятия которые для каждого человека обозначают надежную опору, защиту, заботу. Этими чувствами наполнены стихи поэта «Ана» («Мать»), «Аралым» («Мой Арал»), «Өз үйим» («Мой дом»), «Нөкисим» («Мой Нукус»), «Мойнақта» («В Муйнаке») и др.

Образ преданной жены, друга который всегда тебя поймёт и поддержит создан в стихотворении «Қостарлар» («Супруги»). Типология образа надежного, близкого, любимого человека наблюдается во многих стихах Т. Жумамуратова, посвященных теме любви и любимой.

Поэзии Т. Жумамуратова характерны глубокие философские мысли, художественное слово поэта имеет многозначный смысл. В стихотворении «Өмиримниң лирикасынан» («Из лирики моей жизни») поэт говорит о скоротечности жизни, что каждый уходящий день сокращает человеческую жизнь. А это значит, что каждый день в жизни человека должен быть наполнен содержанием, смыслом.

В творчестве Т. Жумамуратова эпическая поэзия занимает значительное место. Поэмы созданные мастером художественного слова отличаются глубоким содержанием, поэтическим совершенством. Известны его поэмы «Қәсийетли гәўҳар тас» («Волшебный камень жемчуг»),

«Жалынлы күнлерде» («В огненные дни»), «Океан ортасында» («Среди океана») и другие. Истоки творчества Т. Жумамуратова связаны с каракалпакским фольклором. Некоторые его поэмы «Тырна менен жылан» («Журавль и змея»), «Суўға кеткен адам» («Утонувший человек»), «Бала туўралы сөз» («Слово о ребенке») созданы на основе мотивов легенд и мифов. [4, 491]

Каракалпакский фольклор является духовным наследием каракалпакского народа. Издревле известны каракалпакские песни, сказки, поговорки, загадки, легенды и большой богатый каракалпакский эпос, который делится на героический, лирический, исторический, народно – бытовой или волшебно-сказочные виды. К каракалпакскому эпосу относятся «Алпамыс», «Коблан», «Кырык кыз», «Маспатша», «Гороглы», «Юсуп Ахмет», «Гарип Ашык», «Саятхан Хамре», «Ашык Нажеп», «Шарьяр», «Едиге», «Ер Шора» и др.

Ученый Н. Давкараев в своем фундаментальном труде «Очерки истории каракалпакской литературы» в первой части, которая озаглавлена «Устное народное творчество» дает широкий обзор по всем видам образцов каракалпакского фольклора. Каракалпакское устное народное творчество Н. Давкараев делит на два основных жанра: лирические и эпические. [6, 185]

Эпические произведения каракалпакского фольклора исследователь обозначил термином «поэмы». В свою очередь поэмы он разделил на два вида: «жыр» и «дастан». Слово «жыр» в переводе на русский язык обозначает эпос, эпическая поэма, произведение богатырского эпоса. [8, 277] К произведениям богатырского эпоса отнесены «Алпамыс», «Коблан», «Кырык кыз». [6, 185 – 324]

Известный фольклорист профессор Максетов К. писал о жанровых особенностях каракалпакских дастанов. Он отмечал, что понятие «дастан» среди каракалпаков существовало с очень давних времен. Вместо слова «дастан» иногда употреблялось слово «ертек» («сказка»). Слово «дастан» использовалось для обозначения крупных произведений исполнявшихся устно, а слово «кысса» применялось для обозначения произведений письменного характера. Также ученый отмечал, что среди каракалпакского народа были известны многие письменные эпические произведения народов Востока. Например, «Огузнама», «Мухаббатнама», «Шахнама» и др. И для обозначения эпического произведения применялись слова «дастан», «кысса», «нама», «толгау». Но каждое из них различается по своим жанровым признакам. Ученый Максетов К. каракалпакские дастаны разделил на два вида: первый – это дастан как произведение коллективного творчества, существующий в устной форме, фольклорное творчество. Второй вид это дастан написанный определенным автором, произведение письменной литературы. [7, 225 – 227]

С точки зрения изучения литературной традиции, преемственности художественного опыта в литературоведении много говорилось о фольклорных традициях, традициях восточной классики в творчестве поэтов. Но изучая типологию эпического жанра мы наблюдаем прежде всего творческую индивидуальность поэта или писателя, его творческий талант. Дастан «Красавица Макарья» Тлеубергена Жумамуратова – это его художественное открытие в эпической поэзии каракалпакской литературы XX века. Создание данного произведения свидетельствует о том, что его автор обладал поэтическим дарованием сказителя, жырау. В содержании дастана «Красавица Макарья» повествуется о том, что правитель города Багдада, который находился на берегах Аму, Даукара с дочерью Макарьей приезжают с торговым караваном в русский город Арзамас. Здесь Макарья знакомится с Парамоном. Молодые люди полюбили друг друга. Но ряд некоторых обстоятельств становится преградой для влюбленных. Так развиваются последующие события дастана.

Произведение «Макарья сулыў» («Красавица Макарья») по своей композиционной структуре, обрисовке героев, по характеру повествовательного изложения продолжает традиции известных каракалпакских дастанов. В изображении главных героев дастана Макарьи, Парамона использован традиционный прием дастанного творчества. Макарья по своей красоте превосходила героинь восточных дастанов Зулейхи и Лейли. [1, 1]

Парамон как богатырь сравнивается с известными батырами Рустемом и Юсупом. [1, 26]

В дастане «Красавица Макарья» неописуемая красота девушки воспевается в следующих строках: С ней сравниться красотою не могли даже юные Зулейха и Лейли. Эта девушка, наверное, была совершеннейшим творением земли». [1, 11]

В дастане «Кырык кыз» в варианте Курбанбая жырау образ главной героини Гулаим в переводе С Сомовой описывается следующим образом: *«Словом ли медовым подарит, смеясь, Краешком ли глаза ранит, наклонясь – Полчища джигитов смелых сражены, Разум потеряли, на неё дивясь.* [5, 5]

Изображение внешнего облика главных героев, а также создание их внутреннего духовного мира, описание присущих каждому из героев качеств: ум, мудрость, храбрость, находчивость, отвага с одной стороны сближают их по жанру произведения, но вместе с тем художественные образы созданные в дастане «Макарья сулыу» («Красавица Макарья») являются неповторимыми индивидуальными творениями Тлеубергена Жумамуратова.

Литература:

1. Жумамуратов Т. Красавица Макарья. Нукус. Каракалпакстан. 1975.
2. Жумамуратов Т. Шығармалар жыйнағының 3 томлығы. 1 том. Нөкис. Қарақалпақстан, 1978.
3. Жумамуратов Т. Шығармалар жыйнағының 3 томлығы. 2 том Нөкис. Қарақалпақстан, 1980.
4. Пахратдинов Ә., Алламбергенов К., Бекбергенова М. XX әсир қарақалпақ әдебияты тарийхы. Нөкис. Қарақалпақстан баспасы, 2011.
5. Кырк кыз. Перевела с каракалпакского Светлана Сомова. Ташкент.1949.
6. Дәўқараев Н. Шығармаларының толық жыйнағы. 2-том. Нөкис. Қарақалпақстан, 1977.
7. Мақсетов Қ. Қарақалпақ халқының көркем аўызеки дөретпелери. Нөкис. Билим, 1996.
8. Каракалпакско-русский словарь. Под редакцией проф. Баскакова Н. А. Москва. Государственное издательство иностранных и национальных словарей. 1958.

ГАЙЛЫЕВА ОГУЛАЙ

Филология илимлериниң докторы, доцент
Бердақ атындағы Қарақалпақ
мәмлекетлик университети.
Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

МАҚТЫМҚУЛЫ ҲӘМ ТИЛЕЎБЕРГЕН ДӨРЕТИЎШИЛИГИНДЕГИ ТИПОЛОГИЯЛЫҚ УҚСАСЛЫҚЛАР

Этномәдений жақтан бир-бирине жақын болған халықлар әдебиятының өз ара байланыслары ҳәм типологиялық уқсаслығын изертлеў нәтийжесинде алынған жуўмақлар әдебий жанрлардың функционал-семантикалық қәсийетлери ҳәм поэтикалық тәбиятына тән теориялық көзқарасларын түптен жаңалайды.

Ҳәммемизге мәлим, түркий туўысқан халықлар әдебияты узақ тарийхый дәўирлерден бери өз ара жақын әдебий байланыслар себепли бири екиншисиниң әдебий мектебинде жүзеге келген ҳәдийселерден, қунлы әдебий дүрданалардың мәни-мазмунынан хабарлы болады. Усы орында Алишер Наўайының дөретиўшилик әлеминен Мақтымқулы ҳәм Бердақ сыяқлы шайырлардың илҳам алғанын, ҳәр еки шайыр да түркий әдебияттың данышпан шайыры дөретиўшилигинен тәсирленгенин түсиндирип отырыўдың зәрүрлиги жоқ. Өзбек ҳәм қарақалпақлардың, ҳәттеки, өз миллий шайырына айналған, қосықлары бир неше мәртебе усы халықлар тиллерине аўдарма исленген Мақтымқулы Пырағының Хийўадағы Шерғазыхан медресесинде билим алғанын көпшилик жақсы биледи. Әдебий байланыс мәселелериниң тарийхына итибар берилсе, әсиресе, Наўайының әдебий дәстүрлери Мақтымқулы дөретиўшилигинде даўам еттирилген ҳәм раўажландырылғанын көремиз. Мәселен, шайырдың «Сан болсам» атлы қосығында:

Дамғаныда йөрген уссат Новайы, «Чар диван»ы. «Перхат-Ширин» зыбаны, Захреддин Бабур, «Мизан-овзан»ы, Гашларына барып мен Межнун болсам [2, 45] –

Шығыс классиклери Абу Сағыт, Омар Хайям, Хемеданы, Фирдәўсий, Низамий, Ҳафыз, Жалалатдин Румий, Алишер Наўайы, Заҳриддин Муҳаммед Бабур ҳәм т.б. даналардың атын келтирип, оларға «устаз» деп, мүрәжаат етеди, «қасында мәжнун» болыўды қәлейди. Лирикалық қаҳарман өзин фольклорлық Мәжнун образы менен теңлестиреди. Усы жерде метафоралық,

символлық сүўретлеў усылында шайыр өзиниң нийетин, мақсетин, ой-пикирин төгип салады. Яғный, қосықта аты келтирилген шайырлар шығармаларының ҳәўескер оқыўшысы екенин билдиреди, олардың әдебий дәстүрлерине ереди, оған рәңбәреңлик бағышлайды.

Өзи де сол уллы данышпанлар қатарында туратуғын Мақтымқулы олардан классикалық поэзияның поэтикалық мазмунын, уйқас илими (илми уйқас), илими аруздың әмелий тәжирийбелерин үйренди. Сонлықтан, узақ тарийхтағы тәсирлениў факторларында форма көзқарасынан дәстүрийлик көзге тасланады. Мақтымқулының әдебий мектебиниң тәсири XIX әсир қарақалпақ шайырлары Әжинияз, Бердақлардың дөретиўшилигинде үлкен әҳмийетке ийе екени әдебияттаныў илиминде дәлилленген ҳақыйқатлық. Мақтымқулының әдебий мектеби Бердақ шайыр ушын «илҳам шәшмеси» болғанын оның шығармаларынан көриўге болады.

Әдебиятшы К. Қурамбаев [3, 87–91] туўысқан халықлар әдебиятындағы форма ҳәм мазмундағы өз ара уқсаслық ҳәм дәстүрлерди Алишер Наўайы, Мақтымқулы, Абай, Әжинияз, Бердақ, Фурқат ҳәм Андалып лирикалық мийрасы мысалында жақсы үйренеди ҳәм Мақтымқулының дөретиўшилигине тән қәсийетлердиң қарақалпақ поэзиясында даўам ететуғынын «Мақтымқулы дәстүрлерине садық» болған И. Юсупов қосықлары мысалында изертледи.

Ҳәзирги қарақалпақ поэзиясында Мақтымқулыға уқсатып жазған шайырлар көп. Олардың көпшилиги тәжирийбели қәлемкешлер. Айырымларын тилге алып өтемиз. Т. Қабуловтың «Мақтымқулыға мүрәжат», У. Пиржановтың «Болмас», Ж. Избасқановтың «Болмаса», Ә. Өтепбергеновтың «Болар ма», Ә. Әжениязовтың «Болар», У. Данияровтың «Баслады», «Болар сен» қосықлары Мақтымқулының поэзиясына ҳүрметиниң өзине тән тымсалы, әдебий уқсаслыққа жақсы бир мысал. Қосықларда Мақтымқулының қәлемге алған темаларының жаңаша талқылаўларын көремиз» [3, 123]. Ҳақыйқатында да, Мақтымқулыда даналыққа ийленген ҳикмет өлшемдеги өзине тән ритмикалық ҳаўаз ҳәм инсан руўхына тәсир ушын қолланылған басқа да поэтикалық факторлар көпшилик қәлем ийелерин өзине тартады. Усы орында XX әсир қарақалпақ шайырларының арасында шайыр Т. Жумамуратов та өзиниң дөретиўшилигинде Мақтымқулы жолына бир қанша қосықларын дөреткен. Мәселен, шайырдың «Адам келер, кетер дүркин ҳәм дүркин» деп басланған төртлиги Мақтымқулының «Батды яранлар» қосығы менен мазмун, тематика, поэтикалық ҳаўаз, бәнт, буўын саны, көркем форма бойынша жүдә жақын. Мәселен, Т. Жумамуратовтың қосық қатарлары:

Адам келер-кетер дүркин ҳәм дүркин, Жүрек қыймақ емес дүньяның көркин. Улықмандай мың жыл өмир сүрсең де, Соның аржағында бар тағы бир күн [4, 9].

Шайыр бул қосығында дүньяның өткинши екенин, онда адамның келип, өмир сүрип, ақырында о дүньяға баратуғыны мың жыл өмир көрген Улықпан ҳәким менен салыстырып сүўретленеди. Бирақ адам усы өмиринде адамға жақсылық ислеп, кейинде жақсы ат қалдырыў кереклиги екени ҳаққында философиялық пикир жүргизеди. Усындай пикирлер Мақтымқулының қосығында: *Дөрт мүң дөрт йүз яшан Луқман хекимиң, Башы гара гума батды, яранлар. Керк бедевли, ағыр гүрзли Рүстемиң, Ажал жылавындан тутды, яранлар* [2, 70] – деп бериледи.

Мурабба формасында, 11 буўынлы, үш буўнақлы, бармақ өлшеминде жазылған қосығы менен тема, мазмун жағынан үнлеседи. Мақтымқулының дүнья ҳаққындағы философиялық ойлаўларын шайыр Т. Жумамуратов жаңаша, яғный, ҳәзирги формада таллап, улыўма инсаный пазыйлетлер менен суўғарып, жаңашыллық пайда етеди. Яғный, Мақтымқулы өз қосығында Улықпан Ҳәким, Рустем де бул дүньядан өтти десе, Т. Жумамуратов қосық бәнтиниң төртинши қатарында «Соның аржағында бар тағы бир күн» деп, о дүнья ҳәм бул дүнья ҳаққындағы түсинигин, өмир мазмуны сыяқлы логикалық ойлаўға тийкарланып сүўретлеген. Бул қубылыс шайырдың классикалық дәстүрлерден тәсирленгени ҳәм өзиниң көркем излениўшилиги нәтийжесинде қосықтың форма ҳәм мазмун жақтан жаңаланғанын билдиреди.

Шайыр Т. Жумамуратовтың *«Өмирдиң де бәҳәр, жазы, қысы бар...» атлы бир неше бәнттен ибарат төртлигинде: Өмирдиң де бәҳәр, жазы қысы бар, Бийпәрўалық жаман, адам аярлық. Үргин урса, шийрин жаның қысылар, Ерте бастан көрилмесе таярлық* [4, 51] – қатарларында шалыс уйқас қолланылып, онда өмир, адамзат ҳаққында философиялық пикирлер символлық сүўретлеў арқалы, параллелизм усылында пасылларды қатар қойып, адам өмириниң мазмуны ашып бериледи.

Өмир ҳәм өлим арасындағы гүрес, бул дүньяда ислеген саўап ислерин контраст усылында сәўлелендиреди. Қосықтың қурылысына келсек, 11 буўынлы, еки буўнақлы, а-б-а-б көринисиндеги уйқас төрт қатарда бир пүтин бәнтти пайда еткен. Шайырдың бул қосығы Мақтымқулының: *Өмрүң гечип барган яздыр бир сагат, Не болар, бу язда эйлесең тагат, Соваба шатлык бар, жүрме – хыжалат, Бойнуңа алмагын, гелгин, бу иши!* – деген қосық қатарларының мазмуны менен үнлес келеди. Яғный, еки шайыр қосығында да афористлик мазмун кең сәўлеленген.

Усы орында адам өмири, өткинши дүнья ҳаққындағы философиялық пикирлеўлер шайыр Т. Жумамуратовтың шеберлигине байланыслы жаңаша мазмунда ашып бериледи. Соны да айрықша айтып өтиў керек, шайыр Т. Жумамуратовтың өмир, дүнья ҳаққындағы пикирлеўлери дәстүрий баянлаўдың тәсири менен бирге форма жақтан жаңашыллық та пайда еткени көзге тасланады. Мәселен, шайырдың «Өмиримниң келди қысы...» [4, 46] киби бир қатарының өзинде өмир ҳаққындағы философиялық пикирлеўлер, яғный, адамның ғаррылық дәўири «қыс» паслы менен салыстырылып, метафоралы сүўретленип, онда афористлик мазмун жоқары сезиледи.

Қарақалпақ шайыры Т. Жумамуратовтың: *«Жақсылықтың кәраматлы иси бар, Әдилликтиң құдиретли күши бар» – деген яки: «Қуўаныш пенен уўайым, Егиз туўған ағайын»*, [4, 42], – деген екилик жуўмақларында ой-пикир афористлик мәнисте сәўлелендирилип, олардың биринши сында жақсылықтың бәрқулла адам есинен шықпайтуғыны «кәраматлы ис» пенен, әдалатлылықтың болса, бәрқулла қарар таўатуғыны «құдиретли күш» пенен теңлестирилип, жанландырыў усылында сүўретленеди. Шайырдың айтажақ ой-пикири синоним сөзлер арқалы көркемлеп бериледи. Қосықтың биринши қатарында «иси» сөзи ҳәр еки тәреплеме оқылғанда да бир қыйлы мәнисти жүзеге шығаратуғын поэтикалық өнер – «палиндром» усылын қолланған.

Екинши екиликте ой-пикирди сүўретлеўде антитезалық усыл қолланылып, бул дүньяда адамның қасында бәрқулла қуўаныш бирге жүрсе де, бирақ, оған қарама-қарсы уўайымның да бар екени контрастқа қойылады. Соның ушын оларды «егиз туўған» деп метафоралы көрсетеди. Усы орында шайырдың бул қосықлары да Мақтымқулының жоқарыда талқыға тартқан төрт қатарлы қосығындағы мазмун бенен типологиялық характерди пайда етеди.

Усы орында Т. Жумамуратов түркмен шайыры Мақтымқулыны өзиниң руўхый устазы есаплағаны, шайырдың түркмен халқына болған үлкен ҳүрмети оның қосықларынан көзге тасланады. Мәселен, әдебият тарийхына нәзер таслағанымызда қарақалпақ әдебияты ҳәм көркем өнериниң Түркменстандағы күнлеринде шайыр өзиниң «Ашхабадта ушырасыўлар» қосығын дәслеп түркмен тилинде жазып, түркмен тилинде оқыған екен: *Қыялым Гөруғлы ықлас ғайратым, Гөруғлы ғыйратын минбеге келдим, Жүрек мениң алып ушар қанатым, Алтын босағаңа кирмеге келдим.*

Бунда да, «Саз», «Дос меҳрибан ишинде» деген қосықларында да түркменшеге мейиллик сезиледи ҳәм оларды усы тилге аўдара салыў қыйын болмайды. 1989-жылғы Наўрыз байрамында шайыр түркмен үлкесинде болғанында Ашхабад телевидениеси арқалы түркмен досларымыз Тилеўберген Жумамуратовты «түркмен халқының сүйикли шайыры» деп атаған еди. [5, 68].

Т. Жумамуратовтың мысалға келтирген қосықты түркмен шайыры Керим Гурбаннепесов «Хер чкеменден бир гунча» (Ҳәр шәменнен бир гумша) (Ашгабат, 1988) атамасындағы аўдармалар китабында «Түркмен достума» атамасында түркмен тилине көркем аўдарма ислеген еди: *Хыялым-Гөроглы, ыхлас-Гыратым, Гөроглың гыратын сүрмәге гелдим. Йүрек мениң алып учан ганатым, Алтын босағаңдан гирмәге гелдим.*

Улыўма алғанымызда талқыға тартқан шайырлардың әдебий дәстүрлерди даўам етиўинде ҳәм жаңаша мазмун, форма менен оларды байытыў шеберликлеринде жоқарыдағыдай типологиялық қәсийетти көриўге болады.

Мине, шайыр Т. Жумамуратовтың дөретиўшилиги тек ғана қарақалпақ әдебиятында емес, ал, өз гезегинде, түркий халықлар әдебиятында да үлкен орынға ийе екени, түркмен оқыўшылары шайырдың шығармаларын жақсы көрип, олардың сүйикли шайырына айналғанының гүўасы боламыз.

Ҳәзирги ўақытта социал тармақларда жәҳәндеги әдебият шайдаларының Тилеўберген Жумамуратов шығармалары ҳаққындағы унамлы пикирлери, дүнья жасларының бул қосықларды оқып атқарыўлары, шайыр дөретпелериниң түркийзибан – қазақ, қырғыз, татар, азербайжан тиллерине аўдармаланып жәрияланыўлары киби көринислер – шайыр мийрасларының жәҳән көлеминде баҳалы қәдириятқа айланғанлығын билдиреди.

Әдебиятлар:

1. Фахриддин Низом. Янгиланиш анъанаси. – Тошкент: Маънавият, 1998.
2. Magtymguly. Saýlanan eserler. – Aşgabat, 2013.
3. Қурамбоев К. Адабий жараён. Ижод масъулияти. Адабий алоқалар. – Тошкент: Чўлпон, 2009.
4. Жумамуратов Т. Аралға келдим оралып. – Нөкис: Қарақалпақстан, 2016.
5. Жумамуратова М. Сөз маржанын дизгенлер: илимий изертлеў. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1994.

АЛЛАМБЕРГЕНОВА ПАТИМА ЖОЛДАСБАЕВНА

Филология илимлериниң кандидаты, доцент.
Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети.
Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

ТИЛЕЎБЕРГЕН ЖУМАМУРАТОВ ПОЭЗИЯСЫНДА КӨРКЕМ ШЕБЕРЛИК

Поэзия – сезим, туйғы, эмоционал тәсирге ийе. Сонлықтан, ол эстетикалық сезимлерди тез ҳәм өткир жеткере алады. Қосықтын қара сөзден өзгешелиги ҳаққында жергиликли алымлар С. Ахметов [1], К. Худайбергенов [2], Қ. Оразымбетовлар [4] өз мийнетлеринде орынлы келтиреди. Поэзияда өзине тән шеберликте сөз саплаў жағынан жоқары жетискенликлерге ерискен шайырлардың бири – Т. Жумамуратов. Ол өз дөретиўшилгинде қарақалпақ фольклорын, классикалық әдебиятын жақсы өзлестирген, және де Омар Хайям рубайларын, Алишер Наўайы, Мақтумқулы, Абдулла Тоқай, Пушкин, Лермонтов шығармаларын шебер аўдарған, олардан руўхый азық алған. Нәтийжеде, усы тәжирийбелерден өзине қосық жазыўда шәрт кояды. Мысалы: *Ҳәр қатардың көркемлигин уйқасын, Оқыўшылар «пах, шийрин! деп байқасын* оқыўшыға көркем тәсирли қосық кереклигин қатаң ескертеди. Шайырдың талантының бир қыры ол суўырып салмай қосық дөретиўши, талантқа ийе халық шайыры болып, биринши гезекте, фольклор үлгилеринен жақсы пайдаланған. Мәселен, мына қосығында фольклор шығармаларының ырғақлары көз алдымызға келип аңсат оқылады, ядлаўға жақын көринеди:

Дизил сөзлерим жулдыздай, Жылтылдап турсын қундыздай, Сөз саллансын сулыў қыздай, Сүйсин шадлы елим мениң [3, 225].

Усындай бағдарда шайыр қайсы теманы жырласа да көркем текстти дурыс таңлаўға, өткир идеялар бериўге умтылады. Мәселен «Шабыт» қосығында шайырлық талант, оның азаплары ҳаққында өткир сезимлер көркемлеў қуралларынан ҳәм усылларынан шебер қолланыў менен келтиреди: *«Сениң ушын мениң кеўилим ашықдур, Сағынаман көзлериме жас алып. Сен кеткен соң ериншеклик басып тур, Сен бар болсаң йошланаман жасарып»* [3, 230].

Бунда «йош» метонимиялық сүўретлеў менен ҳәм «с» сестиниң аллитерациялық хызмети менен шебер берилген. Екинши шуўмақта «йош» қарама-қарсы түрде былай бериледи:

Сен болмасаң илинери тек ***масақ****, Тақыр жерден* ***шөпшек*** *етип теремен, Сен бар болсаң тозбайтуғын зат жасап,* ***Ел-журтыма саўға*** *етип беремен.* [3, 230]

Бул сөзлер эпитет, метонимия, синекдоха болып қосықтың мазмунын тереңлетип турғанын көремиз. «Шайырлық шәрти» қосығында да темасынан көринип турғанындай, шебер шайыр болыў ўазыйпасы, оның машақатлы жоллары көрсетиледи. Мысалы:

Шайырлық ол теңизде жүзген қайық ғой, Қыялында ушан теңиз ақыл, ой. Сондай бол да, тереңинен гәўҳар тап, Шеттен бақатосқын терсең, қоя ғой! [3, 231] – деп терең мәнили образлы сөзлерден терип пайдаланыўды гәўҳарға, ал ериншеклик пенен қурғақ сөзди уйқасқа салыўды бақатосқынға салыстырып метафоралық сүўретлеўден орынлы пайдаланылады.

«Гәплесиў» қосығында өз дослары менен сәўбетлесиў формасында баянлап жақсы менен жаманларды антитезалық сүўретлеў усылы арқалы жеткерип береди: *Жолдасларым* ***қара*** *шығар,* ***ақ*** *шығар, Көтерилсе,* ***дәўлет*** *шығар,* ***бақ*** *шығар, Шайырларды* ***сырттан өлшеп*** *отырған, Ең ақыллы* ***халық*** *деген сақшы бар.* [3, 239].

Бунда күшли ҳәм әззи талант халық тәрепинен сынға алынатуғынлығын шайыр орынлы келтиреди, мәселен, «Алақан» қосығында да шайыр болыў ўазыйпасы былай бериледи, мысалы:

Нәрестеге алақанын қақпаса, Ана байғус уйқылаталмас баласын, Шайыр дослар излеп тема таппаса, Алды менен алақанға қарасын [3, 228].

Қосық метонимиялық, метафоралар менен образлы түрде шайыр болыўдың қыйын ўазыйпалары айтылады. Айрықша, тың темаларды табыў, терең мазмун менен тужырымлы жуўмақларға келиў, халық тилинен жетерли пайдаланыў ҳәм т.б. Қарап турсақ талант ийеси көпшилик қосықларында-ақ шебер талант ийеси болыўдың өз алдына сырлары ҳаққында айта келип оларды көркемлеп жеткергениниң гүўасы боламыз. Соның менен бирге, Т. Жумамуратовтың туўылған жер, Ана-Ўатан, Арал темасына арналған бир қатар қосықларында өзгеше сүўретлеў шеберликлерин көремиз. Мысалы, «Мойнақта» қосығы халқымызға яд болып кеткен халық қосықларынан бири. Бунда туўған жерди аса мақтаў, сүйемен деў жоқ. Мәселен: *Туўылдым да, жастан сонда көп болдым, Шадлы өсип, қурғын болдым, тоқ болдым. Ядтан шықпас шомылғаным, жүзгеним, Айдынында мөлдир суўлы көк көлдиң. – Қай жақта? – Аққум, Майпоз, Тентек арна, Мойнақта*. [3, 69].

Бунда шайырдың шебер форма таўып жеткергени терең мазмунға сәйкес түсип шеберликти тәмийинлеп тур. Бундай тәреплери «Толқында», «Теңиз жағасында» ҳәм т.б. қосықларында да айқын сәўлеленген.

Халық шайыры усындай лирикаларынан басқа «Бала туўралы сөз», «Суўға кеткен адам» поэмаларында «Макарья сулыў» дәстанында фольклордан утымлы пайдаланады. Айрықша аңыз, әпсаналардан шеберлик пенен пайдаланып қызықлы сюжетлер қурыўға ерискенин көремиз.

Мысалы: *Ишип-ишип тағы тезден* ***қуяды****, Көкке шапшып отырғанда* ***қыялы, Биздей*** *болып тамағына* ***қадалды****, Жиликтиң бир* ***салақпандай қыяғы***. [3, 267].

Бунда «қ» сесине қурылған аллитрациялар, «дай-дей» дәстүрий теңеўлер орынлы қолланылғанын көремиз. Олар поэманың мазмунын күшейтип, көркемлигин тәмийинлеўде белгили хызмет атқарып тур. Ал, «Макарья сулыў» дәстанда болса шайыр Макарья образын дөретиўде тиккелей көз алдымызға халық дәстанларындағы Баршын, Гүлайым образларын еслетип фольклорды дөретиўшилик пенен шебер пайдаланады. Мысалы: *Бурымлары таўдың қара жарындай, Ақ денеси қыстың таза қарындай, Узын бойлы дийдарына қонымлы, Хур Қырымның өскен сәўи талындай,* – деген қатарларда дәстүрий теңеўлер шебер қолланылады, оқығанда ырғақлар аңсат түрде оқылып, фольклорлық дөретпелерди стиллик жақтан дөретиўшилик пенен өзлестиргенин байқаймыз.

Улыўма алғанда, Т. Жумамуратовтың поэзиясында көркемликти тәмийинлеўде халық аўызеки дөретпелеринен ҳәм көркем сүўретлеў усылларынан өнимли пайдаланғанын көремиз. Айрықша шайыр текстти таңлап пайдаланыў әмеллерине орынлы дыққат бөледи.

Әдебиятлар:

1. Ахметов С. «Талантқа талап». Нөкис – 1988.
2. Худайбергенов К. «Лирика ҳәм өмир». Нөкис – 1971.
3. Жумамуратов Т. «Аралға келдим оралып». Нөкис – 2015.
4. Оразымбетов Қ. «Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы». Нөкис – 2004.

ДАНИЯРОВА ГҮЛЗИЙРА ПОЛАТОВНА

ӨзРИА Қарақалпақ гуманитар илим-изертлеў институты.
Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

ХАЛЫҚ ШАЙЫРЛАРЫ ШЫҒАРМАЛАРЫНДА СИМВОЛИКАЛЫҚ ҲӘМ МЕТАФОРАЛЫҚ СҮЎРЕТЛЕЎЛЕР: Т. ЖУМАМУРАТОВ ҲӘМ И. ЮСУПОВ ШЫҒАРМАЛАРЫ МЫСАЛЫНДА

Бизге белгили, символ – қандай да бир идеяны өзинде жәмлеген, жеке көркем образ. Бул көркем образ басқа түсиник пенен салыстырылып жасырын тәризде қолланылады. Символ сүўретленип атырған образ бенен туўра келмейтуғын және бир мәнис бар екенлиги ҳаққында мағлыўмат береди. Әдебият изертлеўшиси З. Бекбергенова халық шайырлары дөретиўшилигинде символлық сүўретлеўлердиң әҳмийетине тоқтай отырып: «…символлық сүўретлеўлер көркем әдебиятта

дәслеп ай, күн, қуяш, жулдызларға ҳәм т.б. тәбият ҳәдийселерине байланыстырып сүўретлесе, соңынан оның сүўретлеў шеңбери кеңейип, адамлардың түр-түсин, ой-өрисин, характери менен психологиясын, ислеген ис ҳәрекетлерин сүўретлеўлерде, әсиресе, өмир шынлығын жырлаўда, қаҳарман образын жаратыўда көркем сүўретлеўдиң бир усылы сыпатында кеңнен қолланылады» [1], – деген пикир билдиреди.

Улыўма, көркем әдебиятта символикалық сүўретлеўлерден пайдаланыў усылы ерте дәўирлерден баслап-ақ, фольклорлық шығармаларда, классик шайырлар шығармаларында қәлиплескенлиги ҳаққында илимпазлар атап өтеди [1, 8].

Ҳәзирги дәўирде де қәлеми ысылған талант ийелериниң дөретиўшилигинде символикалық сүўретлеўлердиң шеңбери әдеўир дәрежеде кеңейгенлигин бақлаў мүмкин. Соның менен қатар биз, сөз мүлкинде жоқары дәрежелерге ерискен шайырларымыздың шығармаларында қолланылған метафораларынан мысаллар алып бул мәселени үйренгенимизде, көркем шығармада символды талқылаў түрлише болыўы мүмкин деген түсиникке келемиз.

Тилеўберген Жумамуратов дөретиўшилиги терең философиялық мазмунға ийе болып, инсаныйлық идеяларды жырлаўы менен өзгешеленип турады. Өмир философиясы ҳаққындағы терең мазмунлы идеяларды бериўде, әлбетте, басқа көркемлеў қураллары сыяқлы шайыр шығармаларында метафоралық ҳәм символикалық сүўретлеўлердиң хызмети айрықша көзге тасланады. Шайыр өз поэтик қатарларында Ўатанға болған, соның ишинде, туўылған шаңараққа деген сезимлерди айрықша пафос пенен жырлайды. Шайыр философиясына гөре, жеке инсан кәмиллиги тийкарында – уя символикалық образы турады:

Уя болар ҳаўалаған қуста да, Ракета қанша узақ ушса да, Барлығының жер болады анасы, Қуўат берген сонша бәлент ушпаға. Не даналар өтпеди бул тарийхтан, Бахыт көрген ерлер мен халықпан, Байтеректиң тамыры да тереңде, Мәртебеңниң гилтин изле халықтан [2, 4],

Демек, уя метафорасы – шайырдың ең орайлық мотивы екен. Пүткил әлем, жер ҳәм аспан галактика кеңислигинен қарағанда Жер планетасы – инсан ушын – уя. «Байтеректиң тамыры да тереңде» демек, уя сөзиниң мағанасы және де өзгешеленип барады ҳәм «халықтан шыққан», «қарақалпақ халық перзенти» деген уғым тийкарында. Уя – туўылған мәкан, туўылған планетаға мегзетиледи. Туўылған уяға, мәканға ҳүрмет – тийкарғы идеялардың бири есапланады. Және де, шайыр Т. Жумамуратовтың әпсаналық сюжет тийкарында жазылған «Бала туўралы сөз» шығармасындағы мына қатарларға дыққат қаратсақ: *... Жалғыз еди бина болған уядан, Жүз болса да ҳәр перзенттиң орны бар, Деп Искендер нәрестесин аяған* [2, 72].

Шайыр бул жерде «уя» көркем деталы арқалы шаңарақты символ сыпатында қарайды.

Ал, және бир төртлигинде уя сөзине оннан да кеңирек итибар берип, үлкен мәни жүклетиледи. Уя – тәлим-тәрбия мәканы, ондағы ата-ана жуўапкершилиги ҳәм т.б. Мысалы, *Уясынан қус та сезим алады, Ҳәр бир нәрсе негизине барады. Атасына усамайды десең де, Ең болмаса бир белгиси қалады*. [2, 72].

Символикалық ҳәм метафоралық образ жаратыўда өзине тән шеберликке ийе И. Юсупов поэзиясындағы мына қатарларға нәзер аўдарсақ: *«Мен сениң бир жас шыбығың, жасаў жоқ сенсиз. Деп безилдеп суў бойында жуўырды сырнай «Дурыс деди даўысы менен жиңишке ҳәм минсиз, Перзентине уя тоқып турған қурқылтай* [4].

Юсупов поэзиясында қолланылған «уя» қус баласының өсип улғаятуғын орнын, мәкан жайын аңлатады. Еки шайыр шығармаларындағы образ жаратыўдағы бул үнлесликти биз дана халқымыздың бай аўызеки поэтикасының үлгилеринен де көриўимизге болады. Мысалы, «Руўлы ел – уялы терек» деген нақыл арқалы халқымыздың ой-өрисине тереңнен орналасқан идеяны заманлас шайырлар өз дөретпелеринде шаңарақтың образын бериўде символлық сүўретлеў усылында шебер қоллана алған. Т. Жумамуратовтың және бир төкпелетип ядынан айтқан қатарларында уя термини – салынған жай, көтерилген имарат мәнисин береди: *Жигит болдым жаслайымнан үйленип, Шад турмыста жасасам де сый көрип, Жақсы уя салыўды да билмеппен, Ең болмаса қурқылтайдан үйренип.*

Бул төртлик ҳәзил тәризинде айтылғандай көринсе де, бизиң пикиримизше, қосық идеясында – илҳам негизиндеги руўхый байлық, материаллық байлықтан үстинлигин ескертиў ҳаққындағы философиялық ой бар.

Биз сөз етип отырған еки шайыр шығармаларынан бул сыяқлы образлы сүўретлеў усылларын көплеп ушыратыўымызға болады.

Сондай-ақ, көркем дөретиўшиликте бәҳәр, жол сыяқлы символлық образларды көплеп ушыратамыз. Мысалы, бәҳәрди көбирек инсанның жаслығы, өмир жолының басланыўы өмирдиң жаңа этапы сыпатында сүўретлесе, ал, жол деталы арқалы адамзаттың, анығырағы, көркем шығармада қаҳарман излеген соқпақ, бағыт, талап, ҳақыйқатлық ҳәм т.б. сыяқлы конкрет ҳәм абстракт түсиниклер символластырылып берилиўи мүмкин. Яғный, «жол» образ сыпатында еки шайыр поэзиясында өнимли қолланғанлығының гүўасы боламыз. Мысалы, Т. Жумамуратовта: *Ана бар ма, «жан перзентим саў болсын, Әжел келсе жол меники!»* – демеген [2, 5].

Және де: *Асқат турды штурвалды жаздырмай, Нар тәўекел жүретуғын жолы да* [2, 6].

Келтирилген мысаллардың бириншисинде «жол» нәўбет, гезек деген мәнини аңлатса, ал екинши мысалда алдында күтип турған айдын келешек мәнисин аңлатып тур.

Шайыр И. Юсупов шығармаларында да «жол» деталына терең мәни берип қарайды. *Жүр, жолға шығайық! Мен енди болдым. Мейли биз туўралы айтсын ким нени, Шаңлы самаллары бул гөне жолдың, Билемен сергите алмайды мени. Сөйтсе де, бул жол деп кеўлим тарылған, Қайтар жол жоқ бизге усыдан басқа* [4, 7].

Ал, Т. Жумамуратовтың «Өмир жыры» қосығында: *Күнлер өтти жүрегимди суўлатқан, Күнлер өтти қайғы уўын қурғатқан. Жүрип өткен жолларыма қарасам, Теңиз яңлы толқынланып суў жатқан* [3, 7].

Бул жерде жол – өткен өмир мәнисинде. Ал, теңиз яңлы толқынлы суў – ўақыя-қубылысларға толы сырлы өмир мазмуны. Шайыр «Университеттиң ашылыўына» қосығында болса: *Илимниң шалқар теңизи, Ҳаллас урмақ Нөкисте* [2, 9], – деп илим ҳәм билимниң орайы университетти шалқар теңизге мегзетип сүўретлейди. Бердаққа арнаған қосығында: *Қыялы өткир, тили бай, Ақылы жүйрик сайма-сай. Аралдың тасқын суўындай, Сөз булағы бурқып ақты* [3, 75].

И. Юсупов «Билим булағы» қосығында да университетти булаққа мегзетип сүўретлегенин көремиз: *Бүгин дослар, қарақалпақ елинде, Журт айта жүргендей байрам болажақ, Бир әжайып булақ шығып жеринде, Суўын ишпегенге әрман болажақ* [4, 10], – деп еки шайыр билим мәсканы университетти шалқар теңизге, булаққа мегзетип, метафоралы сүўретлегенлигин көремиз.

И. Юсуповтың «Булақ ҳаққында баллада» шығармасында, талантлы шайыр образын жаратыўда «булақ» метафорасы образлы усыл сыпатында да қолланылған. Мысалы: *Сен бир булақ едиң көмиўли жатқан, Қайғының таслары көксиңе батқан* [4, 11], – деп Аяпберген Муўсаевтың шайырлық тулғасын өмири менен байланыстырып жаратады. Т. Жумамуратов 1951-жылы жазған «Мийнет бәҳәри» қосығында көркем сөзди нурлы булаққа мегзетеди: *Ҳасыл топырақ жасыл гилем жамылды, Ағаш бөртип, көк лентасын тағынды. Жипек ҳаўа сағынғандай сыйпалап, Бой балқытып шымбырлатты жанымды. Ушқыр қыял алғыр қустай шарықлап, Жеткермеди желден жүйрик сағымды. Әмиўдәрья тасқынындай таралып, Шайырлықтың сөз булағы ағылды!* [2, 13]

Солай етип, миллий мәдениятымыздың уллы тулғалары болған Тилеўберген Жумамуратов ҳәм Ибрайым Юсупов шығармаларынан мысаллар келтириў арқалы бир қанша жуўмақларға келемиз:

символлық ҳәм метафоралық сүўретлеўлер – автор усынған тема яки айтылажақ қурамалы ойдың тийкарғы концепциясын усынады;

қурамалы идеялардың сапалы ҳәм айқынырақ түсинилиўине тийкар болады; – текст тәсиршеңлиги артады.

Жуўмақлап айтқанда, символлық ҳәм метафоралық сүўретлеўлер текст мазмунын ҳәм ондағы терминлерди оқыўшының өзинше түсиниўине имкан береди, пикирлеў дүньясын жетилистиреди.

Әдебиятлар:

1. Бекбергенова З. Ҳәзирги қарақалпақ поэзиясында фольклорлық дәстүрлер. Нөкис. «Илим» 2011.
2. Жумамуратов Т. Өмириңниң өзи – философия. Нөкис. «Қарақалпақстан» 2005.
3. Жумамуратов Т. Мениң заманласларым. Қарақалпақстан мәмлекетлик баспасы.1961.
4. Юсупов И. Таңлаўлы шығармаларының еки томлығы II том. Нөкис. «Қарақалпақстан» 1992.

ДОСЫМБЕТОВА АБАДАН АЛИЕВНА

Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети
Филология илимлериниң кандидаты, доцент.
Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

ТИЛЕЎБЕРГЕН ЖУМАМУРАТОВ ЛИРИКАСЫНЫҢ ФОРМАЛЫҚ ӨЗГЕШЕЛИКЛЕРИ

Көрнекли қарақалпақ шайыры Т. Жумамуратовтың дөретпелери Екинши жер жүзилик урыстан кейинги дәўирдеги қарақалпақ поэзиясын раўажландырыўда үлкен орын ийелейди. Ол көп санлы лирикалық, сатиралық қосықлар, очерклер менен гүрриңлер, пьесалар, поэмалар дөретти. Оның көплеген шығармалары рус, өзбек, қазақ ҳәм басқа да туўысқан миллетлер тиллерине аўдарылды. Т. Жумамуратов рус ҳәм жәҳән классикалық, түркий тиллес халықлар әдебиятлары ўәкиллериниң бир қатар шығармаларын қарақалпақ тилине аўдарды.

Шайыр қарақалпақ поэзиясын өзиниң терең философиялық мазмундағы қосықлары менен байытты. Ол қарақалпақ поэзиясының тек идея-тематикалық, жоқары поэтикалық мазмун жағынан ғана емес, ал түрли лирикалық формалар арқалы байыўына да айрықша үлес қосты. Шайырдың көпшилик қосықларында жаңа форма табыўға деген изленислер байқалады. Ол алты қатарлы, ҳәр қатары төрт ырғақлы, 15 – 16 буўынлы шығыс ҳәм қарақалпақ поэзиясында кең қолланылатуғын мухаллес, сондай-ақ, миллий поэзиямызда жүдә кең қолланылып киятырған төрт ҳәм бес қатарлы, ҳәр қатары еки ҳәм үш ырғақлы қосық формасын да қарақалпақ әдебиятына енгизди. Буннан басқа шығыс поэзиясында кең тарқалған ғәззел формасын да шайыр кең пайдаланды.

Биз бул мақалада шайыр поэзиясындағы айырым формалық қубылыслар, атап айтқанда, бәнтлик формалардың қолланылыў өзгешеликлери туўралы пикир жүргизиўди мақул көрдик.

Шайырдың «Нөкисим» қосығы поэзиямызда жаңа формалық қубылыс сыпатында жүзеге келди. Қосықтағы үш қатарлы бәнтлик форма қарақалпақ поэзиясына Т. Жумамуратов дөретиўшилиги арқалы кирип келди. Үш қатарлы қосық үш қатардан ибарат бәнтлик форма менен даўам еттирилетуғын қосық формасы. Илимпаз Қ. Оразымбетов қарақалпақ әдебиятында үш қатарлы қосықлар ХХ әсирдиң 70-жылларында пайда болғанлығын, бул қубылыс қосық формасы сыпатында Т. Жумамуратовтың «Нөкисим» қосығы арқалы жүзеге келгенлигин, усыннан кейин бул форма шайырлар Ж. Избасқанов, К. Каримов, Ҳ. Айымбетов, М. Бердиевлардың дөретиўшилиги арқалы массалық түс алғанлығын атап өтеди [2,148]. Илимпаздың атап өткениндей, шайыр «Нөкисим» қосығы қарақалпақ поэзиясына жаңа бәнтлик форманы алып кирди. Қосықтың мазмуны республикамыздың пайтахты болған Нөкистиң сулыў көриниси ҳәм ондағы тыныш ҳәм бахытлы турмысты сәўлелендириўге қаратылған. Қосықтың лирикалық қаҳарманы қәлби жақсылықларға толы, әйне жаслық күш-жигери толып тасқан, ел хызметине таяр, көкирегин усы елдиң табысларына мақтаныш сезимлери кернеген жас инсан сыпатында жаратылған. Бул қосықта шайыр жоқары инсаныйлық пазыйлетлердиң бири болған патриотлық сезимлерди жаңа форма арқалы бериўи жағынан поэтикалық табысқа ерискен. Қосықтың мазмуны толығы менен Нөкистиң бүгинги жаңаланған көринисине мас түседи, ал, бул ҳақыйқый лириканың ҳәр қандай дәўирде де өзиниң қунын жоғалтпайтуғын ҳасыл қәсийети есапланады.

Нөкисим гүллен, Күн-күннен түрлен, Ҳүрметли тәзим өзиңе.
Келбетиң жарқын, Топырағың алтын, Көриндиң көркем көзиме.
...Кешеден бул күн, Гүлленип күн-түн, Өзгерип атыр шырайың. [1, 105]

Қосықта қолланылған жаңаша сыртқы форма арқалы әдеттегиден тыс ырғақты пайда етеди. Бул ырғақ тең өлшеўли буўынақлар ҳәм уйқас арқалы жүзеге келген. Қосықта шайыр тәрепинен ишки мазмуннан келип шыққан ҳалда, қысқа қатарлы қосық формасы қолланылған. Қосық қатарлары бәнтлерге бөлинген, ҳәр бир бәнт үш қатардан ибарат, ҳәр бир бәнттеги биринши ҳәм екинши қатарлар 5 буўынлы, үшинши қатар 8 буўынлы, ааб уйқас формасында. Дәслепки еки қатар еки буўынақтан, үшинши қатарлар үш буўынақтан ибарат. Усыған байланыслы ырғақтың желиси биринши, екинши қатарларда биргелки пәсең болып, ал үшинши қатарларда ҳәўижленип барады. Уйқас ҳәм буўын санларының бундай көриниси қосықтың өзине тән ырғағын – жеңил,

намаға түсиўге қайым ырғақты пайда етеди. Бундай ырғақ қосықтағы мазмунды – жас әўладтың туўылып өскен қаласына болған кеўил толқыўларын бериўге оғада мас түскен. Ырғақтың мазмунға қатнасын Л. Тимофеев былайынша сыпатлайды: «Қосық ырғағы – бул тек оның лексикасы, синтаксислик, интонациялық курылысы менен ғана байланыслы болып қалмастан, эмоциональлық ҳәм семантикалық мәниси менен тығыз байланысады, қосықтың улыўма тәсиршеңлик бирлигинде өзине тән индивидуаль характерге ийе болады» [3, 187].

Қосықтың мазмуны, ондағы пикирлердиң ағымы өзине сәйкес сыртқы формалық дүзилисти де талап етип келетуғынлығы сөзсиз. «Формалық мазмун (сыртқы формалық мазмун) шығарманың толық, қайталанбас мазмунына салыстырғанда бизге улыўмалық, абстракт мазмун аңлатады. Усы улыўмалық мазмунсыз ҳәр қандай шығармадан конкрет мазмунды ала алмаймыз. Формалық мазмун бул шығарма мазмунының ең терең қатламына алып барыўшы ең жоқарғы қатламы болып есапланады» [4, 175].

Әдеттегиден тыс сыртқы форманың қолланылыўын биз шайырдың «Мойнақта» қосығында көриўимизге болады. Қосықта лирикалық қаҳарманның туўылған жерине болған сүйиўшилик сезимлери сәўлелендирилген. Бунда туўылған жерди сүйиўшилик сезимлери лирикалық қаҳарманның мийнетке, жәмийетке, мийнет майданындағы заманласларына қатнасы, көзқараслары тийкарында бериледи.

Түнде, көкте, суўда жулдыз, мың жулдыз, Электрдей түнди еткен күп-күндиз, Қаракөлдиң падасындай жайылып, Бүлкилдесип гезип жүрген көп құндыз.

– Қай жақта?

– Қара жарда, Қаратерең, Мойнақта.

Тилим жетпес айтқан менен биримлеп, Толқып ҳаллас урған менен дирилдеп, Тоқтамайды параход-мотор кәрўаны, Ескен желге ерегискен гүрилдеп.

– Қай жақта?

– Асаў Арал айдынында, Мойнақта. [1, 70]

Қосық усындай форма менен даўам еттирилген, яғный, дәслепки төрт қатарда лирикалық қаҳарманның туўылған жерин тәрийиплеўлери балалығын аңсаў сезимлери, туўылып өскен жердиң сулыў тәбият көринислери арқалы яки Мойнақтағы қызғын мийнет процесин сүўретлеў арқалы берилип келеди де, бесинши қатарда «Қай жақта?» сораўы қойылады, алтыншы қатарда усы сораўға жуўап бериледи. «Қай жақта?» өз алдына сораў гәп сыпатында гәплик конструкцияға ийе болып бир қатарға жайластырылған ҳәм айрықша интонация менен оқылады. Алтыншы қатарларда гәптиң биргелкили ағзалары арқалы туўылған жердиң жер суў, елатлы пункт атамалары айрықша мақтаныш пенен атап өтиледи. Асиндетон, яғный гәптиң бир неше биргелкили ағзаларының бир қатар келиўи ҳәм бул ҳәр бир бәнттиң ақырында қайталанып барыўы қосық ырғағында айрықша көтериңки толқын пайда етеди («Ақдәрьяда, Бозатаўда, Мойнақта»; «Порхан атаў, Мәделиде, Мойнақта»; «Қазақдәрья, Үшсай, Үрге, Мойнақта» т.б.). Қосықтың көркемлигин тәмийинлеўде орынлы қолланылған поэтикалық бирликлер де айрықша дыққатты тартады. Жоқарыда келтирилген «Ескен желге ерегискен гүрилдеп» деген қатарда сөз мәниси ҳәм сеслердиң қубылып «ойынға түсиўи» қосықтың эмоционаллық тәсиршеңлигин байытады. Шайыр қосықта туўылып өскен жериниң жаңаланған турмыс тәризин бериўге, бул жердеги адамлардың мийнеттеги табысларын, көтериңки кейпиятын сәўлелендириўге мас келетуғын жаңаша форма излеген ҳәм оны табыслы әмелге асырған.

Шайырдың «Әмиўдәрья» деп аталған қосығында да әдеттегиден тыс жаңа форма қолланылған. Қосықта дәстүрий төрт қатарлы бәнтлик формаға өзгерис киргизилген, төртинши қатарды екиге бөлип жайластырған.

Қай жерди көрсең, ғаўлаған егис, Егисте табыс, адамда жеңис, Малларға өрис, желпилдер көгис, Сулыўдың жипек шашындай болып. Падаға толы Әмиўдиң бойы, Мал менен жылқы қыр менен ойы, Жылтылдап дөнген қаракөл қойы, Жүзиктиң жумыр қасындай болып. [1, 84]

Қосықтың бундай сыртқы формалық көриниси оның ырғағына тәсир жасайды, төртинши ҳәм бесинши қатарлар ҳәр бири гәплик интонация менен оқылыўды талап етеди. Қосық қатарларында сәтли табылған теңеўлер де оған поэтикалық табыс келтирген. Көгис тартып желкилдеп өсип турған егисликти «сулыўдың жипек шашына», ой менен қырды толтырған қаракөл қойларын

«жүзиктиң жумыр қасына» теңелиўи поэзияда бурын қолланылмаған, жаңаша сүўретлеў қураллары болып табылады.

Жуўмақлап айтқанда, Тилеўберген Жумамуратов XX әсирдеги қарақалпақ поэзиясына өзиниң көркем формалық изленислери менен де салмақлы үлес қосты. Шайырдың формалық изленислери өз алдына илимий изертлеўди күтип қалмақта.

Әдебиятлар:

1. Жумамуратов Т. Аралға келдим оралып. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2016
2. Оразымбетов Қ. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы. – Нөкис: Билим, 2004
3. Тимофеев Л. Слово в стихе. –Москва: Советский писатель, 1987
4. Гачев Г. Д., Кожинов В. В. Теория литературы. Основные проблемы в историческом освещении. Роды и жанры литературы. // В кн. Введение в литературоведение. – Москва: Высшая школа, 1979.

БЕКБЕРГЕНОВА ЗИЯДА УТЕПОВНА

Филология илимлериниң докторы,
Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими,
Қарақалпақ гуманитар илимлер илим изертлеў институты.
Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

ХАЛЫҚ ШАЙЫРЫНЫҢ БАҲАЛЫ МИЙРАСЛАРЫ

1985-жылы. Октябрь айы. Пахта териминиң әйне қызғын ўақты. Филология факультетиниң бир неше топар студентлери менен ушырасыўға Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық шайыры Тилеўберген Жумамуратов келди деген қуўанышлы хабар тезден тарап кетти.

Шайырдың: *Әй, ана, билемен тилегимдесең, Сен мудамы мениң жүрегимдесең, Қандай көретуғын болсаң сен мени, Мен де тек жанымдай көремен сени*, – деп басланатуғын «Ана» қосығын, «Қәсийетли гәўҳар тас ҳаққында ертек», «Кийиктиң еки ылағы», «Қарлығаш, мылтықшы ҳәм жылан», «Ағайинли еки батыр», «Тон менен төбелес», «Мәсмәмбеттиң түси», «Критикашыл баслық», «Макарья сулыў» ҳәм т.б. қосық, ертек, поэмаларын мектеп партасында оқып тиси шыққан студентлердиң бәри де бул шығармалардың авторы менен жүзбе-жүз ушырасып сәўбетлесиўге оғада қуштарланды.

Шайыр өзин таныстырып болғаннан соң, ҳәр бир қосығын қағазға қарамастан, ядтан, суўырып салып айта баслады. Сонда бизлер кишкенемизден елеге шекем ядымызда узақ сақланып, мөрленип қалған: *«Өрле қыял самолеттай, Теңиз гезген пароходтай, Электрден шыққан оттай, Жарқырасын сөзим мениң»* деген қосық қатарлары менен басқа да ҳәр бир лирикалық шығармалары шайыр жүрегиниң жалынлы йошы менен жазылғанлығының жанлы гүўасы болдық. Әлбетте, сол күнги халық шайыры Т. Жумамуратов пенен болған жүзбе-жүз ушырасыў ҳәммениң кеўлинде үлкен йош пайда етти. Әсиресе, мениң келешек илимий жумысларымның жазылыўына, соның ең әҳмийетлилериниң бири шайыр поэзиясындағы фольклорлық дәстүрлерди ҳәр тәреплеме терең изертлеўлериме үлкен түртки жасады.

Т. Жумамуратовтың дөретиўшилигин бийик шоққыларға көтерген ҳәм халқымыз арасына талантлы төкпе (импровизатор) шайыр сыпатында танытқан руўхый байлықлардың бири фольклорлық дәстүрлер. Т. Жумамуратовтың бойына сиңген усындай қайталанбас илаҳий талантты шайырдың заманласлары менен ул-қызларының еске түсириўлери ҳәм айырым әдебият изертлеўшилериниң мийнетлери айқын тастыйықлайды.

Шайыр жаслайынан халық даналығын тыңлаўға ҳәм оқыўға жаны қумар зейинли, қатықулақ болыў менен бирге ана тили менен әдебиятының бай ғәзийнесинен шебер пайдаланып, халық түсинигине қонымлы, идея-тематикасы бай, көркемлиги жоқары, жанрлық жақтан жетилискен поэзиялық шығармалардың дөретиўшисине айланды. Мысалы, автордың бүгинги күни қарақалпақ әдебиятында классикалық (сайланды) шығармалар болып қалған «Қәсийетли гәўҳар тас ҳаққында

ертек», «Тырна менен жылан», «Кийиктиң еки ылағы», «Қарлығаш, мылтықшы ҳәм жылан» шығармалары халық ертеклерине тийкарланып жазылды. «Жазыўшы менен алтын балық» дөретпеси болса уллы орыс шайыры А. С. Пушкинниң «Балықшы менен алтын балық» ертек шығармасын қарақалпақ тилине аўдарғаннан соң пайда болды.

Әлбетте, шайыр бул шығармасын жазарда А. С. Пушкин қолланған усылдан терең илҳамланғанлығы сезилип турады. Мысалы, А. С. Пушкинниң шығармасында алтын балық образы арқалы өмиринше жаман шатпада кәмбағал турмыста жасаған балықшы ғаррының кемпириниң аса кеткен менменлиги менен тойымсызлығы шебер ашылса, Т. Жумамуратовтың шығармасында өзи бай болса да, руўхый дүньясы жарлы, талантсыз бир жазыўшының ҳақыйқый бет-пердеси ашып тасланады. Бул жерде еки халықтың шайыры да, биринши гезекте, өз дәўириниң адамларының аса кеткен кәмбағаллығын ямаса байлығын емес, сол кәмбағаллыққа ямаса сол байлыққа жарас-пайтуғын пәс қәсийетлерин терең ашыўды мақсет еткен.

Халық шайыры Т. Жумамуратовтың дөретиўшилигиниң көпшилик бөлегин фольклорлық дәстүрге қурылған лирикалық шығармалар қурайды. Лекин, олардың сюжетиндеги ўақыялар бүгинги турмыс пенен тығыз байланыслы сүўретленеди. Мысалы: «Ағайинли еки батыр» поэмасында буннан үш әсир бурынғы халық аңызларының биридеги Атырақ ҳәм Сурша образлары арқалы бүгинги жас әўладты туўған жерди, Ана-Ўатанды сүйиўге бағдарласа, халық әпсанасына тийкарлап жазылған «Бала туўралы сөз» поэмасында Улықман тәўип, Искендер ҳәм оның баласының образлары арқалы жаўызлықты қаралап, бир-биреўге болған меҳир-муҳаббатты улығлайды.

Усындай халық аңызлары тийкарында жазылған «Шернияздың дуўасы» шығармасының сюжети оғада қызықлы ҳәм тәсирли оқылады. Онда XIX әсирде жасаған қазақтың шешен ақынларының бири Шернияздың алдына шопан жигит Оразбайдың келиншеги Айша арыз етип келеди. *«Ерим мени урады, Қулағымды бурады. Күнде жәнжел, күнде даў, Болады да турады. Қарасам да айнаға, Мени ким деп ойлама, Дүзеткендей еримди, Бир дуўа бер, қайнаға!»*

Усындай ер көкирек, мәс келинниң пейилин жақсы билген Шернияз «дуўа» дегенниң не екенлигин билмесе де олар арасындағы татыўлықты тиклеў мақсетинде «Болсаң да сен еркли, миллет етпе көрикти» деп жазылған қағазды үш бүклеп келиншекке дуўа етип берипти ҳәм *Айланайын келиним, Ашыўы келсе ериңниң, Қағазды беккем тислеп тур, Бүлк етпесин ериниң! Деп ақын оны сынапты, Өткерипти сынақты. Соннан баслап күйеўи, Келиншегин унатты.*

Шайыр шығарманың соңында: *Бир сөзден қалсаң «ҳаў» деме, Сәл нәрсени даў деме, Өз үйиңниң адамын, Питиспестей жаў деме!* – деп жәмийеттеги ҳәр бир шаңарақ ағзаларының аўызбиршиликли ҳәм татыў жасаўының тийкары сабырлылық пенен сыйласықта екенлигин тереңнен уқтырады. Шайырдың буннан басқа да «Суўға кеткен адам», «Әбиў әпсанасы» ҳәм т.б. шығармалары да халық аңыз, әпсаналарының сюжетине негизленген.

Ҳәзирги дәўир қарақалпақ әдебиятын фольклорлық дәстүрлер ҳәм жаңа формалар менен байытыўда Т. Жумамуратовтың орны айрықша.

Шайырдың атақлы «Макарья сулыў» шығармасы аталған ўақытта қарақалпақ әдебиятында бирден-бир «Қосық пенен жазылған роман» атамасы ядқа түседи.

Қәстерлеп ядта сақладым бирин, Жаныма азық сезилди маған, Өрмегин тоқып әсирлер бурын, Жүректиң сазын шертипти бабам. Ямаса

... Бабалардың берип кеткен мийрасын, Қосық пенен баянлаўға ҳәлекпен, – деп халық аўзында ҳәм тарийх бетлеринде узақ сақланып киятырған мағлыўматларға жаңаша жан ендиреди ҳәм кең көлемли лиро-эпикалық шығарма дөретеди.

Т. Жумамуратовтың дөретиўшилигинде төрт қатарлы қосықларды, яғный, «төртликлер»ди көп ушыратамыз. Оларда шайыр турмыс тәжирийбесине сүйенип терең философияға қурылған дидактикалық ой-пикирлерин жуўмақлап береди. Мысалы: *«Аўырлықты көрмеген, Қәдирин билмес мазаның, Бахытқа мәни бермеген, Турмыстың шегер азабын. Маманлықты излеп тап, Ер сыналар мийнетте, Жаман жолға шылжаңлап, Аяғыңды үйретпе! Жазда еткен мийнетиң, Қырманыңды көркейтер, Жастан жақсы хызметиң, Мәртебеңди үлкейтер».*

Бул шуўмақлар «Ақыл айтсаң тутпаған, ақылдың қәдирин не билсин, мийнет етип тер төкпеген, мийнеттиң қәдирин не билсин» ҳәм «Мийнеттиң көзин тапқан, Бахыттың өзин табады»

сыяқлы халық нақыл-мақаллары менен термелериндеги ақыл-нәсият, тәлим-тәрбиялық ой-пикирлерге оғада үнлес болып келеди.

Автор төртликлеринде сүўретлеп атырған ўақыяға үлкен мәни береди. Шайыр мәзи төрт қатарды уйқастырып қоймастан, философиялық ой-жуўмақларын бериўге шеберлиги байқалады. Бул шеберлик шайырдың ҳәр бир төртлигинде пикир тереңлигин арттырып отырады. Мысалы: *«Дүнья жүгин арқасына тийеген, Инсан деген уллы атқа ийемен, Базы биреўлер адамлығын умытып, Ҳайўан исин ислегенге күйемен»; «Көп оқып, көп көрдим бул азлық етти. Ас билмес найсаплар аспазлық етти, Билип турып айттым талай пикирди, Ақмақ ҳамал менен устазлық етти*, – деген төртликлеринде шайыр ўақыт, жәмийет, ондағы адамлардың орны, адамгершилик қәсийетлери, әдеп-икрамлылық пазыйлетлери ҳаққындағы жуўмақлаўшы ой-пикирлерин гейде туўрыдан-туўры, гейде астарлап сүўретлейди.

Халық шайыры Т. Жумамуратов «Адамзат», «Қуўаныш пенен уўайым», «Қостарлар», «Болур таўдың басында» қосықларын терме қосықлары деп атайды. Қосықтың бул формасы шайырға адамлардың минез-қулық әдеплери менен адамгершилик қәсийетлерин көркем сүўретлеўге жақыннан жәрдем береди. Мысалы «Қостарлар» терме қосығында: *«Әй, жасларым, жасларым, Жақсы болса қостарың, Қәдирлейди таныслы, Жақын етер алысты. Мийманларға «келиң» деп, Жүзи күндей күлимлеп, Жилўа шеккен мәҳәли, Өмириңниң бәҳәри. Жаман болса қостарың, Сийреклейди досларың, Бездиреди жақынды, Сындырады сағыңды. Арламайды арыңды, Бүлдиреди барыңды, Бар нәрсеңди жасырар, Берекетин қашырар* – деген қатарларында жәмийеттиң бир бөлеги болған шаңарақтың уйытқысы ҳаял-қызларымыздың жақсы ҳәм жаман тәреплерине баҳа бергенде, биринши гезекте, олардың бой-сынына ямаса сыртқы келбетине қарап емес, ал минез-қулқы менен әдеп-икрамлылығына, устап-тутқан затына қарап баҳа берилетуғынлығына үлкен мәни берип қарайды. Олардың жақсылары менен жолдас болып, жаманларынан аўлақ болыўды халықлық педагогикаға сүйене отырып термелеп жеткереди.

Шайырдың «Жыраўлар толғаўы», «Сыр толғаўы» қосықларында да «толғаў» термини мәзи қолланылмайды. Мысалы «Жыраўлар толғаўы» қосығы лирикалық ҳәм эпикалық сыпатларға оғада бай болып келеди. Онда шайырдың өткендеги жыраўлардың репертуарына кирген фольклорлық-тарийхый мийрасларды терең билгенлиги ҳәм олардың атқарыўшылары менен қаҳарманлары ҳаққындағы бай мағлыўматларды усы лирикалық қосығына шеберлик пенен енгизгенлиги байқалып турады.

Мысалы: *Баршын сулыў кеўли тасып күледи, – Яр келгей! – деп қудайынан тиледи, Байшубарды жаў қолында көрген соң, Нәйлажлықтан дирилдеди жүреги.*

Бул қосықтың усы шуўмағына «Алпамыс» дәстанындағы мына эпизодтың шайыр тәрепинен шеберлик пенен енгизилгенлигин көремиз. Мысалы дәстанда: *«Сол ўақытта Баршын әстелик пенен қыймырып, әстелик пенен шығып, көз жиберип қараса, Қаражанның астындағы Байшубарға көзи түсти. Байшубар Баршын кеткенде енесиниң изинде қысыр емген тай еди ... Баршын Қаражанның астындағы шубардың мойнынан қушақлап, көзиниң жасын моншақлап, сол ўақытта аттан жалғыздың дәрегин сорап турған қусайды. «Мойныңда сулыў қара жалың бар, Екеўимизди көрсетпеди бирубар, Көринесең Қаражанның астында, Үстиңдеги жалғыз қайда жәниўар».*

Шайыр қосығының екинши шуўмағындағы: *Толғаўының барысы гил усындай, Ызыңлатып шөлистанның қысындай, Бахыт излеп қобыз шалған Қорқыттың, Күни сирә өтти ме бир қысылмай*, – деген қатарларында VIII – IX әсир аралығында жасаған түрк тиллес халықларға ортақ жыраў, жыршы Қорқыт атаның исми тилге алынады. Ҳақыйқатында да, Қорқыт атаның атына байланыслы «Қайда барсаң Қорқыттың гөри» деген қарақалпақ аңызларының биринде Қорқыттың мәңги өмир кешириў ушын өлимнен қашыўы, өз халқының бахтын излеп өмир бойы қобыз шалған жыраўдың өмирге болған оптимистлик көзқарасы көркем сәўлеленеди. Бул қосықтың үшинши шуўмағында:

Ыңыранасаң кәлбаланың сазындай, Жилўа шегип Айпаршаның назындай, – Еситилер Арғымақтың дүбири, Аллаярдың жаўға шапқан қызындай, – деген қатарларында шайыр «қәлбаланың сазы» арқалы шымбайлы атақлы жыраў Әбдирасиўлини ҳәм оның халық дәстанларын өзине тән атқарыў шеберлигин нәзерде тутады. Автор 1987-жылы Әбдирәсиўли жыраўдың 120 жыллық мерекесинде шығып сөйлеген сөзинде жыраўды көргенин, оның менен бирге жүрип ол атқарған

терме-толғаўларды ҳәм дәстанларды өз аўзынан еситкенлигин қызықлы сөз еткен еди (Б. З.). Қосықтың келеси қатарларындағы «Жилўа шегип Айпаршаның назындай» теңеўлери де тосыннан пайда болмағанлығын «Мәспатша» дәстанындағы мына эпизодлар айқын дәлиллейди: *«Кеўиллери ҳалласлап, басларын жуўып, шашларын тарап, қәддин дүзеп, айнаға қарап, бурымларын бурып, тулымларын таллап, тишлерине тишўан тағып, жилўа менен қасын қағып, пәрең орамалын орап, ара берип өзине, сүрме жағып көзине, суймырық қустай салланып, мойны толы ҳинжи тағып, қыялланып, лалы-жәўҳардан кийинип, тоғыздан қәде түйинип, батырға дәркарын жыйынып, ярдың орамалын сайлап, шын кеўилден қумарланып, мақсет пенен қолайланып, жүзлери гүл-гүл жанып, кеўиллери таўдай тасып, таўыстай таранып, сымдай беллери буралып, жүзлери айға шоласып ... жеңгесин алып қасына, әйне жатар ўақтында, шықты ярына жолланып ...»* сыяқлы Айпаршаның мың-түмен назлы ҳәрекетлерин шайыр усы бир қатарға шеберлик пенен енгизеди. Ал, усы шуўмақтағы: *«Еситилер арғымақтың дүбири, Аллаярдың жаўға шапқан қызындай»* – қатарлары қарақалпақ қаҳарманлық дәстаны «Қырық қыз»дағы өз елин қалмақтың патшасы Суртайшаның шапқанлығынан хабарсыз қалған Аллаярдың мәрт қызы Гүлайымның 40 қызын ертип жаўға қарсы атланған мына сюжети тийкарында сүўретленеди: *«– Ҳа, досларым, досларым, Атларың да дем алды, Жатқанды енди қояйық, Шығарып алып сыбаттан, Шалқып атқан көллерден, Излеп жолды табайық, Суртайшадай қалмаққа, Барып ўайран салайық, Қуллыққа түскен халықты, Азаптан азат қылайық».*

Солай етип, шайырдың «Жыраўлар толғаўы» деп аталған бир ғана лирикалық қосығынан өткендеги жыраўлардың репертуарына кирген бай мағлыўматларды, әсиресе, фольклорлық ҳәм тарийхый қаҳарманлардың образлары менен тарийхый дәўирдиң излерин көз алдымызға жанлы елеслетемиз.

Т. Жумамуратовтың поэзиясында халықлық юморға қурылған «Мухтар Әўезовқа», «Сәбит Муқановқа», «Ғафур Ғуламға», «Абдулла Тәжибаевқа», «Асқар ағаға» ҳәм т.б. дослық темасында жазылған ҳәзил-дәлкек қосықлары тийкарғы орынды ийелейди. Мысалы: шайыр «Ғафур Ғуламға» қосығындағы: *«Ассалаўма алейкум Ғафур аға, Ташкентим Алматадан жақын аға, Ара жақын болса да жасы үлкенге, Ийилип сәлем бериў мақул аға. Ғафур аға аман ба бала-шаға, Бәримиз қызығамыз тамашаға, Сәбит пенен айтыссам дей бересиз, Түсип қалып жүрмейик арашаға* – деген қосық шуўмақлары менен фольклорлық ҳәм классикалық поэзиямыздағы ҳәзил-дәлкек қосықларын идея-тематикалық жақтан еле де байытты.

Сондай-ақ, Т. Жумамуратов жаслайынан халық кеўлине қонымлы қосықлар жазып «шайыр бала» атаныўын ҳәм халық алдында суўырып салып қосық шығаратуғын талантлы төкпе шайыр болғанлығын халық арасына кеңнен тараған ҳәм соңынан көп томлық қарақалпақ фольклорының «Қарақалпақ халық қосықлары ҳәм салт жырлары» деп аталған 5 томына (1980) кирген ҳәзил-дәлкек қосықлары менен усы көп томлықтың «Айтыс» деп аталған 12-томына (1983) кирген ҳәзил-дәлкек қосықлары менен айтыс жанрында дөретилген сораў-жуўап айтыслары да айқын дәлиллейди. Шайыр оғада жас гезинде қазақтың белгили шайыр-жыршысы Үмбеталы Қуралаев пенен айтысқа түседи. Буны шайырдың өзи былайынша баян етеди: «Мен ол ўақытлары он жети жаста едим. Еле тек ғана бир аўылға белгили болғаным болмаса, пүтин елге мәлим болғаным жоқ еди. Үмбеталы суўырып салып айта беретуғын ақпа шайыр еди. Талай қыз-жигитлердиң отырыспасында жырлағанын көретуғын едим. – Мен сизиң менен айтыспайман – деп жуўап қайтардым. Бирақ, аўылдың халқы Үмбеталыны қоймаған, «Сен сол бала менен айтыс. Өзи келисим менен айтыспаса, сен сөз бенен оны илип айт. Оннан кейин ол да айтысты даўам етип жибереди» – депти. Усындай сөзлерге байланыслы Үмбеталы маған мынандай сораўларды берди: – Қарақалпақлар Хожа Ахмет Яссаўийдиң шымылдығын урлап, ғарғыс алған. Қарақалпақлардың аз болыўы да соннан дейди. Соның ырас-өтиригин айтып бер? – деп сорады. Сөз тийгеннен кейин мен де қарап қала алмадым. Екеўимиздиң арамызда айтыс басланып кетти. Мен оның сораўына жуўап қайтардым. Буннан кейин ол жеңилип қаларман деп ойлады ма? Шамаңды байқадым. Сениң алдыңа басымды ийемен!» – деп айтысты даўам етпеди (XII том, 221-233-бетлер) – деп жазады. Ҳақыйқатында да, Тилеўбергенниң Үмбеталыға қосық пенен қайтарған мына жуўаплары да буны анық дәлиллейди: *«Көп сәлем! Үмбеталы ағамызға, Излесек сиздей аға табамыз ба? Талай-талай мақтаўлы болсаңыз да, Асылып турсыз бүгин жағамызға. Ҳәзирше шабытыма келгеним жоқ,*

Ойлансақ шамалы сөз табамыз да, Сиз бир бийик асқар таў, мен төбешик, Шабылған тарлансыз ғой арамызда. Оқып қойдым жасырын хатыңызды, Мақтап өлең жазыпсыз Сара қызға, «Қазақ қызы жаным» деп айырыпсыз, Сонда биз бөлекленип қаламыз ба? Сизге дос қарақалпақта аз емес ғой, Жеткерейин Төрехан жораңызға, Жабылып бар басқылап ала ғойса, Өкпелемең бизлердей балаңызға. Еки жыл туўысқандай емиренип, Буннан былай қас душпан боламыз ба? Түркстанда шымылдық урлаған деп, Сын тағыпсыз бизлердиң бабамызға! Урлаўына сизлердей гүўа турса, Бабамыздың айыбын жабамыз ба? Шымылдықты урласа, алған шығар, Бул гәп я ырас, я жалған шығар. Бир шымылдық бир халыққа мүлик болмайды, Көп болса төрт-бес уры болған шығар, Ҳәр елде ондай уры болмаймекен, Қазақта да урылар болған шығар. Әўелден арқан-тусаў урлайтуғын, Өзиңниң арқадағы шарўаң шығар, Нағашылы-жийенлер урлап болып, Жаласы қарақалпаққа қалған шығар ... Гүмбезинде бар дейди, алтын алқап, Қазақлар сатып жеген жүрек жалғап, Ҳеш азамат өз халқын ғарғамайды, Яссаўий – қазақ емес, қарақалпақ».

Т. Жумамуратов өз қарсыласына дәл нышанаға тийгизип сөз таба биледи. Шайырдың ушқыр қанатлы сөзлеринен, өз халқын, елин перзентлик меҳир-мухаббат пенен терең сүйгенлиги ҳәм қарсыласына көркем сөзден ҳеш жеңислик бермегенлиги сезилип турады. Буны биз Үмбеталының Тилеўбергенге қайтарған мына жуўабынан да анық көриўге болады.

«Хат жазаман мен арнап, Тилеўберген қарағым, Ықбалың жүрип бир күнде, Әр кимнен артық талабың. Сен болмасаң қызбайды, Аққумда мениң базарым, Қай ўақытта хат жазсам, Меңлибек еди шабарым. Мойнаққа сени кетти деп, Хабарыңды сорадым, Аман-есен келдиң бе? Арымайтын араның. Айтысыўға шама жоқ, Күшиңди байқап қарадым, Айналайын қарағым, Алдыңа бас урамын!»

Усылайынша еки халықтың сөз шебериниң шайырлық шабытқа шығыўы, сөз жарыстырыўы дослық сораў-жуўап айтысларынан дәрек береди. Әсиресе, қазақ шайыры Үмбеталының Тилеўбергенди халық дәстанларындағы «Юсупке», «тарланға» теңеўи тосыннан емес. Ол халық шайырының бойына сиңген әжайып талантты жоқары баҳалайды. Буннан басқа да жоқарыда аты аталған көп томлыққа Тилеўберген шайырдың мойнақлы дайысы Палман менен айтысы, Мойнақ районының Мадели аўылында жасаўшы муғаллим Кәримбай Муўсаев пенен айтысы ҳәм т.б. заманласлары менен ҳәзил-дәлкек, дослық дегишпелери арнаўлы киргизилген.

Биз бул мақалада шайыр дөретиўшилигиниң бир бөлегин қураған фольклорлық дәреклер ҳаққында қысқаша сөз еттик. Әлбетте, бул мәселелер келешекте еле де терең изертлеўлерди ҳәм кең оқыўшылар қәўимине жеткерип бериўди талап етеди.

КЕУЛИМЖАЕВА ГУЛМИРА – Магистрант
КЕУЛИМЖАЕВА УЛБОСЫН – Студент

Научный руководитель:

ХВАН ЛЮДМИЛА БОРИСОВНА

Профессор Каракалпакского
Государственного Университет имени Бердаха.
Узбекистан, Каракалпакстан, Нукус

ХУДОЖЕСТВЕННОЕ СВОЕОБРАЗИЕ ЛИРИКИ ТЛЕУБЕРГЕНА ЖУМАМУРАТОВА

В созвездии поэтов Узбекистана и Каракалпакстана свое достойное место занимает известный поэт, писатель, драматург, публицист, переводчик, лауреат Государственной премии имени Бердаха Тлеуберген Жумамуратов.

Его поэтическое дарование выразилось в палитре его творчества, отличающиеся разнообразием жанров, тематики, экспрессивностью стиля, выражающих национальные и общечеловеческие

воззрения Отсюда, не случайно, современные исследователи рассматривают творческое наследие Тлеубергена Жумамуратова в контексте мировой восточной и западно-европейской культуры и литературы, ибо в нем сильны ренессансные, планетарное воззрение на мир и человека.

В этой связи знаменательной представляется высказывание о том, что «художественный мир поэта необходимо рассматривать в контексте мировой литературы, западноевропейской, восточной литературных традиций, расценивать с позиций подлинной гражданственности поэта, сумевшего раскрыть феномен судьбы, своеобразие национального характера, социальный и духовный мир каракалпакского народа. [1]

Ученые пишут также о новаторстве Жумамуратова, «указывают на создание и введение им в каракалпакскую литературу форм стихосложения, новых жанров, приемов и образов». [2]

Творческое своеобразие лирики поэта отметила профессор Ф. Муминова. в статье «Яркая личность поэта», в которой она пишет: «Тлеуберген Жумамуратов был многогранным, изумительно талантливым и великим «шаиром», продолжателем выдающихся предшественником – Бердаха, Ажинияза, Аяпбергена, Аббаза, Садыка». [3]

Творческое наследие Т. Жумамуратова отличается разнообразием тем. О разнообразии тем говорит сам поэт в стихотворении «Ладонь»:

Друг друга тесня, беспорядочным роем Мне в голову ломятся тысячи тем. (Перевод Г. Юнакова). [4]

В его творчестве нашли отражение природа родного края, красота Аральского моря, смена времен года а также трудовой быт рыбаков Арала. Одной из сквозных тем является тема Родины. Трепетное отношение поэта к родине выражено в стихотворении «На берегу Арала»:

Когда пески и камни плавит зной Его смягчает водная прохлада Пылает небо огненной рекой, Впадая в море искристым каскадом. (перевод Г. Юнакова)

Образный строй стиха насыщен символикой, развернутые метафоры играют особенно значительную роль. Они передают не столько реальные особенности изображаемого, сколько эмоциональное настроение поэта: море «кипит», волны «клокочут», ветер «поет». Нередко метафора перерастает в символ. При этом эти образы моря, ветра, волн воплощают в себе мотивы душевной неуспокоенности:

Арал кипит, на берег волны шлет, Они клокочут, пенясь и бушуя, И в тон им ветер, как дутар, поет, Доносит песню вечно молодую.

В лирике поэта нашла отражение тема почитания родителей. Любовью к матери озарено в стихотворении «Мать», которое отличается теплотой, искренностью, нежностью к матери. Стихотворение начинается со строк, пронизанных душевной теплотой, искренней любовью к матери, где он сравнивал ее с маяком к заветной цели:

Ты для меня одно Дороже всех Ты для меня маяк К заветной цели.

В последующих строках он говорит о священности заботы матери о нем:

Дорогая мать, Ты на своих руках Меня качала.. За шалости ругала иногда, К труду Учила быть меня Прилежным.

Наряду с названными темами в лирике Т. Жумамуратова нашли отражение также темы об истинных сынах Родины, тема памяти. Так в легенде «Братья – батыры» поэт прославляет доблесть сыновей, призывает их быть верными сынами: *Будьте Родине своей Верными сынами, Долг пред нею – Долг детей Помните сердцами.* [5]

Как любой поэт Тлеуберген Жумамуратов не избежал темы любви. В этой области у поэта есть свои уникальные открытия. Говоря о светлой радости любви, выражает боль неразделенного чувства:

И лишь после у знакомых Разузнал я наконец: Стал твоим законным мужем Молодой джигит-певец.

Словно сразу крепко стиснул Сердце мне стальной капкан! Плакал я – не мог поверить В твой бессовестный обман.

Полные боли строки стихотворения не только отражают разочарование и тоску героя, но и раскрывают ценность настоящего, искреннего чувства.

Значимость лирики Т. Жумамуратова определяется тем, что она служит животворным источником нравственной мотивации, постижение святости любви к Родине, необходимости почитания родителей, верность дружбе.

Многотемная лирика Т. Жумамуратова тому яркое потверждение.

Литература:

1. Хван Л. Б. Творчество Т. Жумамуратова в контексте мировой литературы// Журналистика ва адабиёт: кеча ва бугун. – Ташкент, 2008, с 17

2. Стихи которые нашли отклики в сердцах// Еркин Каракалпакстан. 1992, №36 /15955/.

3. Муминова Ф. Яркая личность поэта. URL: http://www.marifat.uz

4. Здесь далее текст цитируются по следующему изданию: URL: http://www.ziyouz.uz...

5. Сиянье жизни настоящей-Поэзия Узбекистана. Избранное. – Нукус. 2010, с 145

ТУРДЫБЕКОВА ДУРДАНА

Студентка отделения русской филологии Каракалпакского государственного университета имени Бердаха

Научный руководитель: ХВАН ЛЮДМИЛА БОРИСОВНА

Профессор Каракалпакского государственного университета имени Бердаха. Узбекистан, Каракалпакстан, Нукус

ЛИРИКА, САТИРА, ПУБЛИЦИСТИКА, ДРАМАТУРГИЯ, ЖАНРОВЫЕ ОСОБЕННОСТИ В ХУДОЖЕСТВЕННОМ ТВОРЧЕСТВЕ ПОЭТА

«Передо мной новая книга народного поэта Узбекистана и Каракалпакстана Тлеубергена Жумамуратова «Красавица Макарья». В ней остается верен традиции своего народа, создавшего такие совершенные творения, как героическая поэма «Сорок девушек», воспевающая идеалы справедливости и гуманизма, [5, 3] – пишет Джемс Паттерсон, американский исследователь. Он также продолжает, «Каракалпаки издавна поселялись вблизи границ русских княжеств. Бытующие в народе песни, легенды повествуют, что древние каракалпаки проживали на территории нынешнего Крыма и на берегах Или (Волги)».

Следует отметить, что Тлеуберген Жумамуратов, как и А. С. Пушкин первый в каракалпакской национальной литературе создал роман в стихах – «Красавицу Макарью». По поводу этого романа в стихах литератор Юрий Карасев отмечает: «Я беру на себя смелость утверждать, что «Красавица Макарья» в каракалпакской (да и в одной ли каракалпакской?) литературе – произведение не только заметное, но и новаторское». [2, 22]

Читая поэму невольно перед глазами появляется картина того периода, становление нашего каракалпакского народа. Это взгляд на прошлое из настоящего, осмысление прошлого нашим современником, накопившим определенный опыт и знания о жизни каракалпаков на берегу Амударьи, о борьбе с врагами, разбойниками степных земель, об их торговых отношениях с разными странами, в особенности о развитии отношении между Каракалпакией и Россией от давних до наших дней.

Видные ученые М. Нурмухаммедов, А. Щербаков, К. Максетов, Хван Л. Б., М. Джумамуратова и другие, исследуя творчество Т. Жумамуратова отмечали высокое художественное мастерство поэта, связь «Красавицы Макарьи» с национальным духом. Свою высокую оценку художественному мастерству, оригинальности и насыщенности национальными элементами романа дала Хван Л. Б., которая справедливо отмечает, что поэт выразил глубинное понятие русской души, построение основных свойств национального характера на примере русской витязи, которая особенно мила, «Слишком добра и на слова похвальные щедра» [1: 18]

«Красавица Макарья» имела большой успех среди читателей. Одна из разгадок успеха кроется в умелом использовании Т. Жумамуратова формы и композиционного построения народных эпических поэм – дастанов, выпавшего на долю поэтичного сказания о каракалпакской девушке Макарье и ее любви к русскому юноше Парамону.

Запоминающими строками, посвященными могучей реке, вечно молодому, неукротимому нраву Аму, автор начинает свое повествование: *Люблю смотреть я, как летит Аму С неистовою песнею вперед. И так отрадно сердцу моему Над бешеной лавиной желтых вод*

Задора столько в яростных волнах В них чувствуется столько юных сил, Как будто танец в золотых шелках Красавиц на стремнине закружил (1)

Далее перед нами появляется картина жизни каракалпакского народа, их борьба за независимость, об истоках большой дружбы между каракалпакским и русским народом, ведь в самые тяжелые времена каракалпаки обращались за помощью к северному соседу: «Народная память! Помнит доброе она!», – справедливо отмечает автор.

Персонажи «Красавицы Макарьи» наделаны яркими и устойчивыми чертами фольклорных героев.

Отец Макарьи – Давкара, образован, умен, добр, сказочно богат, вел торговлю со многими государствами. У него было много развлечений (но сильней всего «он шахматы любил, а превыше злата – серебра ценил дочь»). Давкара с большой радостью воспринял весть о рождении дочери,пир на весь мир длился 40 дней, а «для гостей день и ночь в больших котлах варили плов». Макарья росла умной, сообразительной и красивой девочкой:

Математик тайны алгебры раскрыл, Астроном – извечный ход ночных светил,

Изучила семь различных языков, Свет науки, как маяк, ее манил.

Множество она прочла прекрасных книг. И заучивала лучшие из них. Много раз в «Кабуснаме» и «Шахнаме». Повторяла полюбившийся ей стих.

И рассказы о Меджнуне и Лейли. Не затронуть ее сердце не могли. О судьбе влюбленных думала она, И летели мысли вдаль, как журавли.

Автор подчеркивает доброту героини по отношению к бедным девушкам:

Принимала близко к сердцу их беду. Затевала игры девичьи в саду. И гурьбой они гуляли в цветниках И купались, словно лебеди, в пруду.

Давкара ценит в дочери любознательность и берет с собой в путешествие в один из торговых городов на Волге, чтобы она увидела мир, людей и другие народы. Однажды, во время отдыха он решает сразиться в шахматы с самым лучшим знатоком этого края Парамоном, однако проигрывает. Макарья, утешая отца попросила сыграть с его партнером:

Русский юноша богато был одет, Украшал большой рубин его бешмет. И казалось, его ясные глаза, Излучали голубой, спокойный свет.

Но когда вошла Макарья, его соперница по игре, он растерялся:

Был ее красою юноша сражен. Оробев, оцепенел, он стоял. Парамон молчал с растерянным лицом, Только чувствовал, как залило огнём. Сердце вдруг груди. И справиться с собой Парамону удалось с большим трудом. Хороша, умна, нарядна, весела, Вольной птицею красавица росла. Но такой, великолепной, как в тот день

Никогда Макарья прежде не была. Разгорался на доске жестокий бой. Всеми силами стремится каждый свой План сражения упрямо навязать. В доме словно бы повеяло грозой! А соперники пытливо бросят взгляд. Друг на друга, и улыбки озарят Раскрасневшиеся лица молодых, Увлеченных битвой тихою ребят.

Парень проиграл, «был ее красою юноша сражен». Впоследствии, под видом шахматной игры молодые начали встречаться и между ними постепенно пробуждается любовь. Однако отец вскоре узнав об этом, спешно приказывает собраться и караван отправляется на Родину. Макарья оставляет любовное письмо Парамону.

Парамон приезжает в земли Турана, где идут жестокие бои. Он помогает каракалпакскому народу, Давкаре справиться с врагом. Здесь и далее следует подчеркнуть, что слова автора, послужившие эпиграфом к этой главе романа «Друг познается в беде», в сущности, является

основной идеей романа. Эта тема дружбы отразилась в образе Парамона, с его былинной мощью и бескорыстной готовностью прийти на выручку каракалпакским братьям.

Молодые встречаются, празднуют свадьбу и Макарья уезжает с Парамоном. Роман заканчивается прославлением дружбы народов.

Таким образом, перед нашими глазами, благодаря высокому художественно-поэтическому искусству «шаира» Жумамуратова, проходит впечатляющая история не только двух влюбленных сердец, но и целая история борьбы каракалпакского народа, его становления как единого государства.

И содержание романа и авторский стиль со всеми его особенностями сумел донести до читательских сердец переводчик Аркадий Каныкин.

Роман выражает идеи добра, братства, равенства между народами. Тем он и дорог нам, читателям.

Литература:

1. Жумамуратов Т. Красавица Макарья. Роман в стихах/ Перев. Аркадия Каныкина «Сиянье жизни настоящей. Поэзия Узбекистана». Избранное. Нукус. «Билим», 2010 г

2. Журнал «ОГОНЕК» № 37, сентябрь 1979 г

3. /http://jumatleu.uz/index.php?id=roman-v-stihah-lkrasavica-makarya

4. Пахратдинов Э. Халық шайырларында шайырлықтың келип шығыў тарийхынан. Нөкис, 1980.Б.34.

5. Паттерсон Джемс. «Я сердце, жизнь и песнь отдам стране». Газета «Московский литератор» №22, 8 июня 1979 г., стр.3

6. Газета «Вести Каракалпакстана» от 24 февраля 2004 г., №6

7. https://search.rsl.ru/ru/record/01006926733

ҚАНААТОВА ГҮЛІСТАН

Қарақалпақстан Республикасы Халық білімлендириў
хызметкерлерин қайта таярлаў ҳәм
олардың қәнигелигин арттырыў аймақлық орайы.
Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкіс

ЖҮРЕГІНЕН ЖЫР ТӨГІЛГЕН ШАЙЫР (ТІЛЕУБЕРГЕН ЖҰМАМҰРАТОВ ЖАЙЛЫ МӨЛТЕК СЫР)

Барлық қаламгер «жазушы» емес, барша шайыр «ақын емес». Жазған дүниесін қалың оқырман қауым тән алып, жазғаны жазғандай оқылатын, жазғаны көнілге ой салатын қаламгер ғана «жазушы» деген мәртебелі атқа лайық саналмақ. – Ал шайыр кім, шайыр жазба әдебиеттің өкілі болғандықтан ол өз жазғанын тек қағазға ғана түсіре алады, қағазда ғана түсіндіре алады. – Ақын ше? Шын ақын, шынайы ақын ақ қағазды шимайлап жазып отыриайды, журектегі барын төгіп салады, жүрегін айқара ашып, ішкі сырын паш етеді. «Ақын» ұғымының өзі «ағын», «аққын» деген сөзден шыққан. Ол аққан судай арындап тұрған өнер иесі, рухы биік арқалы жан. Біз қарақалпақ поэзиясының көрнекті өкілдерінің бірі – Тілеуберген Құппатылла ұлы Жұмамуратовты жүрегінен жыр төгілген шайыр, кешуге өткел бермес асау дариядай арынды ақын деп танимыз. Біз ғана осылай танымаймыз, кезінде халық осылайша таныған, тән алған.

Өз халқын шын сүйген жан өзге ұлтты да шын жүрегінен сүйе алады. Өйткені өз халқының тарихына, өз халқының тағдырына бейжай қарай алмайтын дертті жүрек иесі басқаның да мұңын, басқалардың да арман мұратын ұға алады. Тілеуберген Жұмамуратов та осындай жан болған. Оның қазақ халқы жайлы айтқан асыл сөздерінен соны түйсінеміз. Ақын қазақ жайын айтқанда: *Есіңде ме, ей бауырым-қазағым, Көкіректі кернегендей ыза-мұң, Ата-баба жел айдаған қанбақтай, Бірге көрді сұм тағдырдың азабын*, – деп сыр атқарады. Адамзат баласын ортақ мұраттар ғана біріктіреді, адам жанын адамгершілігі мол адам ғана таниды, мұңайса-жанаршылық таныстады, қуанса-қуанышын бөліседі. Осы ізгі қасиеттер адамилықтың игі белгілері. Сөз білген жандар, жөн білген жандар, жол силаған жақсылықлар, өзінен озық шыққан тумысы бөлек озағандарды танып, оларға жол берген. Кезінде, Сырым батырды өз заманының билері бағалап,

оған сын беріп: «Сырым-аса арындап та кетпейтін, ізде қалып та қоймайтын, ортадан ілгері, алдағының сапында жүретін, озғысы келсе де, қабаттасын ізде қалдырғысы келмейтін «озаған» деп атаған екен. Соны білген халық жасы кіші болса да, Сырым биді ел ағасы орнында көріп, оның ізіне еріп «би» сайлаған екен. Міне осындай дара қасиеттер қарақалпақ халқының кеңжүрек ақыны Тілеуберген Жұмамұратовтың та бойынан табылады. Тілеубенген ақын да «өз заманының озағаны» десек, артық айтқан болмаспыз.

Тілеүберген Құппатұлла ұлының бұл қабілетін балаң жігіт шағында танып, оны алғаш мойындаған ақын Үмбеталы болды. Үмбеталы бозбала Тілеубергенмен айтысып, одан жеңілгеннен кейін білдірген бір лебізінде: *Аман-есен келдің бе, Арымайтын араным, Айтысуға шамам жоқ, Күні-түн байқап қарадым, Айналайын қарағым, Алдыңда бас ұрамын...,* – деп жазған екен. Осылайша ауыл арасында өз дарынын танытып, ақындығын мойындатып, ағалар алғысын алын, ауылдастар үмітін ақтаған Тілеубенген Құппатұллаұлы поэзия дүниесінде еркін самғауға бет алған еді. Тілеубенген Жұмамұратов қарақалпақ ақындарының ішінде достық, туысқандық тақырыбында көп жазған, көп жыр шығарған ақын. Бұл оның мейірімге толы жүрегін, шыныдай пәк көңілін, достыққа бейім бейілін танытады. Тілеуберген ақын қай ортада болса да, баршаға ортақ тіл табатын, баршаны баурап алатын ізеттілігімен қоса, көмейінен жыр төгіліп тұрған асқан ақындығымен де көпшілікті тәнті еткендігі сыр емес. Сондықтан қандай жиын, қандай алқалы топ ортасын да сөз Тілеуберген ақынға белілген. Біржола Сәбит Мұқановпен қалжындасып, сөз кезегін Тілеубенгенге ұсынған Ғафур Ғұламға ақын:

Ассалаумағалейкум, Ғафур аға, Тәшкенім Алматыдан жақын аға, Ара жақын болса да ақсақалға, Иіліп сәлем беру мақұл аға!

Ғафур аға, аман ба, бала-шаға, Баршамыз қызығамыз тамашаға, «Сәбитпенен айтыссам» деп едіңіз, Түсіп қалып жүрмейік арашаға, – деп қалжындайды. Сонда Ғ. Ғұлам: «Әрі қарай жалғастыра түс» деген емеурін танытады. Ниет туысқан өзбек халқының сәлемін жеткеру болғандықтан Тілеубенген ақын:

Қол қысып, құттықтауға батыр келді, Өз ағаң – өзбек бауырың, ақын келді, Айбек, Хамит, Яшин, Сабыр, Зүлфия бар Сәбиттің қалжыңдасы Ғафұр келді.

Жұрт айтады Ғафурды «Науайы» деп, «Ташкендік ақындардың ағайы» деп,

Мен де айттым Сәбитті уақтында, «Жаңарған жаңа заман Абайы» деп – дегенде қаумалаған жұртшылық ду қол шапалақтап, шын көілімен риза болған екен. Әріне, Тілеуберген ақын қай кезде де қара сөзге дес бермеген, сөз жүйесін тауып айтқан, көптің көңілінен шыққан ақжарқын ақын.

ӨТЕНИЯЗОВ ПОЛАТ ЖУМАНИЯЗОВИЧ

Филология илимлериниң кандидаты
Өзбекстан Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими, Қарақалпақ гуманитар илимлер илим изертлеў институты.
Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

Т. ЖУМАМУРАТОВТЫҢ ШЫҒАРМАЛАРЫНДА ЕРТЕКЛИК МОТИВЛЕР, СЮЖЕТЛЕР

Тилеўберген Жумамуратов – қарақалпақ поэзиясының ири тулғаларының бири. Оның дөретпелери басқа шайырлардың шығармаларынан өзиниң өзине тән стиллик белгилери менен айрылып турады. Бунда көзге түсетуғын айрықша белги, ҳикметли мазмун ҳәм уйқас тасқынлығы. Төкпе шайырлық.

Тилеўберген Жумамуратов, ол импровизатор, оратор, поэзияның бир неше жанрларында қәлем тербеткен талант ийеси. Атап айтқанда, ол жазба әдебият пенен бирге фольклорлық дөретпелерди де утымлы пайдаланған, шығармаларына синтезлей алған сөз зергери саналады.

Юрий Карасаев «Огонёк» журналындағы материалында «Оның поэзиясы туўылған топырақ, миллий фольклор менен тамырласып кеткен» деп жазды [1: 3].

Америкалы дөретиўши Джеймс Паттерсон «Московский литератор» газетасында шыққан мийнетинде «Мениң алдымда Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық шайыры Тилеўберген Жумамуратовтың жаңа «Макарья сулыў» китабы. Автор бунда әдиллик ҳәм гуманизм идеяларын жырлаўшы «Қырық қыз» киби әжайып қаҳарманлық дәстанды дөреткен халық дәстүрлерине садық қалған» деп шайырға жоқары баҳа берген [1: 5].

Шынында да, шайыр халық аўызеки дөретпелерин кең түрде утымлы, үнемли, орынлы пайдаланған дөретиўши. Т. Жумамуратовтың «Жазыўшы менен алтын балық» [1:129–130] атлы шығармасы халық ертеклериндеги «Алтын балық» мотиви менен сабақласады. Онда ертеклердеги сыяқлы тилеклерди орынлаўшы сыйқырлы балық ҳәм оны тутып алған жазыўшы туўралы сөз болады. Дөретпе юморға қурылған. Жазыўшыға алтын балық «қәлеген нәрсеңди таяр етейин, мени жибер» дейди. Жазыўшы ызаланып, ҳеш нәрсе керек емес екенлигин айтып балықты суўға жибереди. Үйине барғанда жазыўшының ҳаялы «алтын балықтан талант сорасаң болады ғой» дейди. Сол ўақыттан баслап жазыўшы алтын балықтан талант сораўға теңиз бойына барып туратуғынлығы ярым ҳәзил менен баян етиледи.

Шайырдың әдебият ықласбентлерине белгили болған «Макарья сулыў» [2:128–259] атлы шығармасы да халық ертеклериндеги қәлипке түскен мотивлерге тийкарланады. Бул дөретпе поэзиялық қатарлардан турғанлығы себепли халық дәстанларын да еслетеди. Яғный, Макарья «Қырық қыз» дәстанындағы мәрт Гүлайым образына жақын келеди. Ата журты Түркстанның Саркоп деген қаласында Аллаяр деген байдың қызы Гүлайым бойы жеткенде Арыслан батыр менен турмыс қурса, Бағдаттың байы Дәўқараның қызы, арыў Макарья Арзамастың батыры Парамон менен бас қосады. Әлбетте, Макарьяның әкеси Дәўқара бай жалғыз қызының рус жигитине турмысқа шығыўына қарсы болады. Соң Макарья әкеси менен Бағдат елине қарай жол алады. Сонда Макарья Парамонның туўысқаны Людмила ҳәм мийманханадағы бир ҳаялға хат жазып кетеди. Парамон сол хаттан оның елине қайтқанлығын биледи. Сүйиклисин излеп шығады. Дәўқара қызы ҳәм кәрўандағы барлық адамлары менен Бағдат елине киятырғанда шөлистанлықта халқының посып кеткенлигин, елине Көкше ханның ләшкерлери басып кирип, жигитлерин қул, қызларын гүң еткенлигин сезеди. Бағдаттан посып келген кемпир-ғаррылар, кишкене жас балалар жылап турады. Макарьяны ҳаяллыққа алыў шәртин айтып Көкше ханнан елши келеди. Сонда Макарья бир неше айға мәўлет сорайды. Яғный, соңынан ат шаптырып, палўан гүрестирип, әне соннан жеңгенине турмысқа шығыўға ыразы екенлигин айтады. Сол арқалы Бағдат ели әскер жыйнап алады. Қалаберсе, Парамон да урыс алдынан жетип келип, Аяз батыр менен бирге нөкерлери менен душпанларға қарсы шығып, нышқырт етеди. Көкше ханды да көкпар ойынындағы ылақ орнына ылақтырып, қыйнап қояды. Кейин Дәўқара Аяз батырды хан етип қояды. Күйеў баласы Парамонға ыразы болып, қызы Макарьяны оған узатады. Ал, Людмилаға болса, қарақалпақ елинен Бақый деген батыр үйленеди. Олар мурат-мақсетине жетеди. Бул ертеклердиң композициясындағы финал бөлимине жақын келеди. Қаҳарман ямаса қаҳарманлардың жолға атланыўы – ертектиң инициал бөлими болса, ондағы қаҳарманның ямаса қаҳарманлардың рус елине барғаны, сол елдеги ўақыя-ҳәдийселери ертектиң медиал бөлими болады. Финал бөлимине мысалды жоқарыда атап өттик.

Ҳақыйқатында да, бул шығарма ертеклердеги, дәстанлардағы мотивлерге тийкарланған. Бул шығарманың баслы идеясы – дүнья халықларының туўысқанлығын, дослығын сөз етиў, Ўатанды сүйиў, оны көздиң қарашығындай сақлаў, қорғаў болып табылады. Ең баслысы, ертек эпикалық дөретпе болғанлықтан, онда қаҳарманлар, әлбетте, ойлаған мақсетлерине ериседи, жақсылық ушын гүресте жаманлықты жеңип шығады. Демек, Тилеўберген Жумамуратовтың дөретиўшилик устаханасы басқа дөретиўшилердикинен тематикасының рәңбәреңлиги менен ажыралып турады. Уллы тулғаның фольклорлық мотивлерди өзинде жәмлеген шығармаларын үйрениў қарақалпақ әдебияттаныўы, фольклортаныўындағы актуал мәселелердиң бири деп билемиз.

Сөзимниң жуўмағында, шайырдың атын мәңгилестириў бойынша бир қанша ойларым менен бөлисим келеди.

Елимизде шайырдың елиў жыллығынан баслап юбилей сәнелери белгиленип, китаплары баспадан шығарылды. Дөретпелери миллий мийрас сыпатында қәстерленип келмекте. Солай да,

Тилеўберген Жумамуратов исмин мәңгилестириў бойынша шешимин күтип турған машқалалар да баршылық.

Тилеўберген Жумамуратов қарақалпақ мәдениети тарийхында «Қарақалпақстан халық шайыры», «Өзбекстан халық шайыры атақларын биринши болып алған инсан. Ол Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлыққа, халық аралық «Ҳүрмет Белгиси», «Халықлар дослығы» орденлерине, көпшилик қоңсылас еллердиң Ҳүрмет Жарлықларына, медальларына миясар болған.

Өзи дәслеп ески мектеп ҳәм медреседе терең билим алған ҳәм қәлемлеслери арасында биринши болып жоқары оқыў орны Орайлық Азия университетинде оқып билим алған. Ол Арал теңизи әтирапында жасаған үлкен устазлар, қарақалпақ классик шайырларының, соңғы дәўирдеги Аяпберген, Аббаз, Садық шайырлар қатарында дәстүрий шайырлық жолларын тутқан. Олардан да айрықшалығы, Тилеўберген импровизатор, төкпе шайыр болған. Және заманагөй билимлери себебинен әдебиятқа дәстүрий жанрлар – арнаў, тәрийп, толғаўлардан өзгеше, рубайы, сонет, баллада, поэзиялық роман жанрларын алып кирди. Ол миллий әдебиятымызда биринши поэзиялық роман жанрының авторы. Шығарма рус тилине шебер аўдарамаланып китап болып баспадан шықты. Бурынғы Аўқамның он бес республикасына тарады, унамлы баҳаланды.

Тилеўберген Жумамуратов қарақалпақ әдебиятында биринши Ана ҳаққындағы қосықтың авторы (1939-ж.) Ең баслысы Тилеўберген, шайырлық даңқы таралған, халық сүйиўшилигине бөленген шайыр еди.

Бүгинги халық аралық әнжумандағы дүнья алымларының ҳәм елимиздеги ҳәр қыйлы тараў қәнигелери қатнасында мәдениятлар сәўбети жәмийетимиздеги көп мәселелердиң шешимин айқынластырып, жәмийетшилик пикирде ҳәм гуманитар илимде бир қанша жаңаланыўларға тийкар болады, деп исенемен.

Әдебиятлар:

1. Жумамуратов Т. Өмириңниң өзи философия. – Нөкис: Қарақалпақстан, 2005.
2. Жумамуратов Т. Шығармалар жыйнағының 3 томлығы. I том. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1978.

САРСЕНБАЕВА АЙЖАМАЛ КАМАЛБАЕВНА

Қарақалпақ мәмлекетлик университети
Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

ТИЛЕЎБЕРГЕН ЖУМАМУРАТОВТЫҢ «МАКАРЬЯ СУЛЫЎ» РОМАНЫНДА КӨРКЕМ ТИЛ ШЕБЕРЛИГИ

Қәлеген көркем шығармада ўақыяларды баянлаўда ҳәм композиция дүзиўде автор тили қаҳарманлар тилинен өзгешеленип турады. «Макарья сулыў» шығармасында да автор тили көбинесе ўақыяны баслап бериўде ҳәм айырым сюжетлерге түсиник берип, оқыўшыны ўақыялар ағымына жетелеп, шығарманы қызығыўшылық пенен оқыўына белгили дәрежеде имканият жаратады. «Шығармадағы қаҳарманлар ҳәрекет ететуғын ҳәр қыйлы шараятлар, ўақыялар, тәбият көринислери (пейзажлар) қаҳарманлардың психологиялық аўҳаллары автор сөзи менен бериледи. Айырым жағдайларда автор сөзи қаҳарманлар яки сюжет пенен тиккелей байланыспаған болады. Мысалы, экспозиция, пролог, эпилог тек автор тәрепинен берилетуғын түсиниклер болып, олар тийкарғы сюжетке кирмейди. Сондай-ақ, шығармаларда ушырасатуғын лирикалық шегинислер де автор сөзи менен бериледи» [1, 11].

Шығарма қурылысында усындай автор сөзине тийисли композициялық компонентлер жийи ушырасады. Мысалы, шығарманың дәслепки бети ашылыўы менен пролог бөлими көзге түседи. Автор бул шығармасын жасы улғайып, ақыл-ойы толысып ҳәм қәлеми әдеўир дәрежеде ысылған пайытлары жазғанлығын пролог бөлиминдеги мынандай философиялық қатарларда терең аңлатып турады.

Биреўдиң орнын басады биреў, Тоқтаўсыз ағым аспанның асты. Туўылған бөбек – өмирге гиреў, Ғаррылар кетсе, қалдырып жасты. Күлсе де қарап дүньяның бағы, Мийманның узақ

турмағы қыйын. Қурдымға кетсе әдепки әўлад, Кейинги кәрўан билдирмес орнын. Өзим де гезек беремен жасқа, (Көринер ҳеш ким кетпеген болып). Бул дүнья солай дүзилген баста, Жердеги адам дәрьядай толық [3, 129–130], – деген қосық қатарларында автор бул жарық дүньяның өткиншилиги, соның менен бир ўақытта мәңгилиги ҳаққында да терең пикир жүргизеди. Шайыр дүньяның усы заңлылығын ағып турған Жайхунның ағысына мегзетеди. Қашан қарасаң да: *Баяғы Жәйхун, бурынғы ағыс, Жүз жылдан кейин көрсең де солай, Әййемги дәрья, әййемги жағыс, Қәдимги гия, қәдимги тоғай* [3, 128], – деп жазады.

Лекин, анықлап, сер салып қарасаң, шайыр дәрьяның ағысының қас қаққан сайын өзгеше түске енип көриниўин поэтикалық қатарлар менен безеп сүўретлейди:

Шығармадағы дәўир колорити, кәрўанлардың жол жүриўге таярланып атырған көринислерин шайыр кино ленталарындай етип жанлы сүўретлеўге ҳәрекет еткен: Мысалы, *Кәрўанлардың қоңыраўы қағылды, Нарлар алға жылыслады, ағылды. Теңиз бойлап, Қаратаўды жағалап, Қуяш пенен қуўалады сағымды. Кәрўан басы жер төтесин қолайлар, Елде қалды тилек айтып талайлар. Бара-бара жасырды өз бойларын, Шәҳәрдеги минар, мешит, сарайлар* [3, 136], – деп кәрўан тартып баратырған адамлардың кеўил-кейпиятын тәбият пенен жарыстырып сүўретлейди.

Әсиресе, шығарманың басланыўында прологтың берилиўи, автордың адам, тиришилик, өмир, өткендеги тарийх, бүгинги турмыс, тәбият тилсими, жаратылыс заңы, пейзаж көринислери ҳаққындағы терең ойлары енди басланатуғын ўақыяларға қайсы тәреплери менен болса да силтеме берип турғандай сезиледи. Шығарма прологында автор:

Әсирден әсир Қызылқум шөлин, Қақ жарып сансыз ағылған кәрўан. Өзиниң көрип, еситкенлерин, Бирине бири жеткерип барған. Қәстерлеп ядта сақладым бирин, Жаныма азық сезилди маған. Өрмегин тоқып әсирлер бурын, Жүректиң сазын шертипти бабам [3, 131], – деген қосық қатарларында алыс өтмиш тарийхымыздан сыр шертетуғын қызықлы ўақыялар менен аңыз-әпсаналарды, қала берсе, тарийхый мағлыўматларды яд сандығында сақлаў арқалы «Макарья сулыў» шығармасын дөреткенлигин бүгинги китап оқыўшысына уқтырып өтеди.

Шығарманың III бабын баслап бериўде, яғный қарақалпақ қызы Макарья менен рус жигити Парамонның шахмат ойыны ўақтында танысыўын, еки жасқа болған көзқарасларын автор былайынша қосық қатарларында баянлайды: *Гәпти енди, шубалтпайық алысқа, Оңашада ушырап қалған еки жас. Түн ортасы, жарқырап тур паныс та, Қыз-жигит ойнап отыр шатыраш. Қалайынша гезлести бул еки жас, Орыс жигит, Азияның дилбары, Екеўи де жарасықлы қәлем қас, Бир-биринде көзлериниң қумары* [3, 144].

Арзамасқа саўда ислери менен барған Дәўқара қызы Макарьяның Парамон менен араларында муҳаббат сезимлери пайда болғанлығын сезгеннен соң, тезлик пенен қызын алып, елине қайтып кетеди. Шайыр жаңа ўақыяны баслаў алдында өз сөзин, өз пикирин мынандай қатарлар менен береди: *Досларым, отырсыз ба қулақ салып, Шадлыман жазғанымды көрсе халық. Бул қыздың жай-жағдайы болды аян, Қайтайық жигиттен де хабар алып* [3, 153], – деп енди Парамонның тәғдири ҳаққында сөз ететуғынын оқыўшыға хабарлайды.

Бундай «автор сөзи» менен ўақыя дәнекерин бериў қарақалпақ фольклорында, әсиресе, дәстанларда жийи ушырасып отырады. Бундай усыл түрк тиллес халықлардың классикалық поэзиясында улыўма шығыс поэзиясында актив гезлеседи. Сондай-ақ, рус поэзиясында, әсиресе, оның «Евгений Онегин»инде де бул усыл кең орын алған. Т. Жумамуратов, бул усылды өзиниң «Макарья сулыў» романында шеберлик пенен қоллана билген.

Автор Парамон ҳаққында сөз етип болып, шығарманың IV бабында гезек пенен Макарьяның ҳал-жағдайы ҳаққында хабарлайды. Буны автор өз сөзи арқалы былайынша баянлаған: *«Айралықтың оты жаман, Қәдирданым халайық. Геройма қыйналаман, Қызды таўып алайық!»; «Қашықласты соннан кейин, Тәғдир ширкин мат етип, Мен де бирге излесейин, Қыялымды ат етип»* [3, 163], – деген поэтикалық қатарларда автордың өз қаҳарманларының тәғдирине тилеклеслик сезимлери айқын көринип турады. Шығарманың бесинши бөлиминде де шайыр баянлап атырған ўақыяларға ерксиз түрде араласып, өз елине кәрўан тартып киятырған Макарьяның психологиялық жағдайы ҳаққында оқыўшыға хабарлаўды мақул көреди: *Келер кәрўан көшкен бултай ағылып, Киятырсаң мәканыңды сағынып. Әшекөйли бөгенектиң ишинде, Зер шашақлы мамық көрпе жамылып. Елди ойлап, келгениңе қуўансаң, Ярды ойлап, қыйналасаң қамығып. Аманбысаң,*

Макарьяжан қарағым, Нәйлаж болдың узақ жолда жабығып. Шайырлықтың әрўағына бас ийдим, Ашықлықтың ҳәмирине бағынып. Жорға қәлем, тақымыңды жазайын, Жеткеремен сыяң қалса азайып, Еле узақ атланыслар алдыңда, Қанхор душпан алғанынша сазайын, Кәрўанларға булдыр-булдыр көринди, Қорғанының мунарлары шошайып. Сүйиншиге шерик болың оқыўшым, Шәҳәриниң дәрўазасын ашайық! Шаршағанлар үйлеринде дем алсын, Қыял минип дәс жолларға ушайын! [3, 169 – 170].

Бунда автордың еки ашық Макарья менен Парамонға болған симпатиясы менен жаўыз Көкше ҳәм оның батыры Жапарларға болған антипатиясы айқын сезилип турады.

Автор шығармада ҳәр бапты баслаўдан алдын «халық нақыл-мақаллары менен тарийхый дереклерден, халық дәстанлары менен классик шайырлардың қосықларынан алынған цитаталарды эпиграф сыпатында қолланады» [2, 77]. Оларды қолланыўда автордың алдына қойған мақсети сезилип турады. «Макарья сулыў» шығармасының баянлаў техникасында автор сөзи бастан-аяғына бериле берместен, тек ўақыяларды ўақыяға жалғастырып барыўда ҳәм айырым қаҳарманлардың психологиялық ҳалатларын сүўретлеўде дәнекерлик хызметте қолланылып барса, тийкарғы ўақыяға қатнасыўшы қаҳарманлардың сөзлери де белгили орын тутады. Буны биз шығарма қурылысындағы Дәўқараның, Макарьяның, Парамонның, Людмиланың, Аяздың, Көкшениң, Жапардың ҳәм т.б. персонажлардың диалоглары менен монологлары тийкарында көремиз.

Мысалы, Макарья менен Парамонның диалоглы қатнасқа түскен орынларын автор былайынша сүўретлеген. Парамон: – *Жараландым түстим де жарыспаққа, Ойында анаў-мынаў тарыссақ та. Жүрегимди суўырып тутқын етип, Кетейин деп турсаң-аў алыс жаққа. Сырласып айттым барлық билгенимди, Мат еттиң ойнағаным, күлгенимди. Өмиримниң жәннети деп ойлайман, Сениң менен гезлескен күнлеримди. Қыймайды атаң сени мендей жасқа, Себеби, ели алыс, дини басқа. Өзиңнен де еситтим усы гәпти, Бас ийсем де жалынып кетер босқа* [3, 151].

Сонда Макарья сулыў Парамонға жуўап ретинде былай дейди: – *Маған да сенсиз өмир қараңғы гөр, Қайтадан тирилтпесең излеп таўып. Қыйнайды жүрек толы оттай әрман, Күни-түн зор қайғыға шалығарман, Излеп барсаң анамның мийрими мол, Сырымды ашық айтып жалынарман...* [3, 152].

Буннан басқа да Макарья менен Парамонның бири-биринен айра түсип, айралық азабынан кеўли жабыққан гезлерин автор олардың монологлы ойлары арқалы сәўлелендирген. Шығармада Дәўқараның Макарья менен сөйлесиўи, Макарьяның Парамонға жазып қалдырған хаты, Көкше ханның Дәўқараға шәрт қойып жазған хаты, Макарьяның Парамонның излеп келиўинен үмит етип, сумлық пенен Көкшеге алты ай мәўлет сорап жазған хаты, Дәўқараның Көкше ханның зулымлығынан қутылыўға жәрдем сорап рус князине жазған хатлары бәри де қаҳарманлардың диалоглы қатнасы менен эпистоляр хат усылын автордың шеберлик пенен пайдаланғанлығынан дәрек береди. Роман қурылысында буннан басқа да персонажлардың диалоглы қатнасқа кирискен орынлары ўақыяларға жан ендирип, реалистлик сыпат берип турады.

Әдебиятлар:

1. Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. Нөкис. Билим. 1994.

2. Бекбергенова З. Ҳәзирги қарақалпақ поэзиясында фольклорлық дәстүрлер. Нөкис: Илим, 2011.

3. Жумамуратов Т. Шығармалар жыйнағының 3 томлығы. Нөкис. Қарақалпақстан. 1978.

УТЕМУРАТОВА ҲҰРЛИМАН

Филология илимлериниң кандидаты, доцент
Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

ТИЛЕЎБЕРГЕН ШАЙЫРДЫҢ ДӨРЕТИЎШИЛИК ӨЗГЕШЕЛИГИ

Көркем сөз шебери, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық шайыры Т. Жумамуратов поэзиясы бойынша терең илимий изертлеўлер жүргизиў ўақты келди. Илимпазлардан С. Ахметов, К. Худайбергенов, Қ. Оразымбетовлар шайыр поэзиясы бойынша пикирлерин билдирди. Оның стильлик

өзгешелигин белгилеў, дана халық шайыры сыпатында, төкпе, импровизатор сөз зергери ретинде қарастырыў керек болады. Т. Жумамуратов мийрасын ҳәзирги дәўир талапларына сәйкес үйрениў ақылға муўапық. Шайырдың тил мәселелери бойынша жазған мақалалары бүгинги күнде де өз әҳмийетине ийе ҳәм бул мийраслар терең үйренилиўди талап етеди.

Шайырдың дәслепки лирикалық қосықлары 1956-жылы «Жүрек муҳаббаты» деген қосықлар топламында басылып шықса, соннан берли де бул шайырдың «Дослық» (1959-жыл), «Мениң заманласларым» (1963-жыл), «Дәўран жулдызлары», «Таңламалы шығармалары» (1967-жыл), «Толқында» (1970-жыл), «Кәраматлы тулға» (1975-жыл), «Таңламалы шығармаларының I, II томы» (1978 – 1982-жыллар), «Түрли өткеллер», «Дослық ҳаққында қосықлар», туўылған күниниң 90-жыллығына бағышлап шығарылған «Өмириңниң өзи философия» поэзиялық топламлары менен «Макарья сулыў» (1973, 1975-жыллар) қосық пенен жазылған романы басылып шықты. Көркем сөз зергери Т. Жумамуратовтың драматургия жанрында «Қызлар ҳәзили» (1976-жыл), «Тикленген туў» (1971-жыл), «Аўыр күнлерде» пьесалары Бердақ атындағы музыкалық драма театрының сахнасында бир неше мәртебе қойылды. Проза тараўында бир неше гүрриңлери менен очерклери «Муҳаббат сыры» китабында жәрияланды. Шайыр Т. Жумамуратов шебер аўдармашы сыпатында рус шайыры А. С. Пушкинниң «Балықшы ҳәм алтын балық» ертегин, шығыс классиги Наўайы мийрасларын, Омар Ҳайямның өлмейтуғын рубайыларын, татар шайыры Муўса Жәлилдиң мәңгилик қосықларын, қырғыз шайыры Тоқтағулдың термелерин қарақалпақ тилине шеберлеп аўдарды.

Т. Жумамуратовтың лирикалық қосықлары рус, өзбек, қазақ, татар ҳ.т.б тиллерге аўдарылып басылып шықты. Ол лирик сыпатында көплеген қосықлар жазды, сатирик ретинде «Критикашыл баслық» ҳәм «Мәсмәмбеттиң түси» саналады. Шайыр стилинде сатиралық бағдар басым келеди. Булар халықлық шығармаларға айналып үлгерди. Аўызеки халық тилин майда-шүйдесине дейин билген сөз зергери, бул даналықтан поэзиялық туўындыларында көркемлеп пайдаланды.

Бир сапары узақтағы аўыллардың биринде шайырдың усы дөретпелерин ядтан айтып отырған отағасы дыққатымды тартты. Шаңарағымызда әкем де Тилеўберген шайыр туўындыларын удайы айтып, ыңылдап жүрер еди. Демек, шайыр мийрасы шынайы ел мүлкине айналды.

Тилди шебер билген шайыр өз дөретпелеринде сөзлерди тапқырлық пенен кәмине келтирип қолланды. Мәскүнемшилик, бул жәмийеттеги иллет саналады. Миллетимиз тарийхында буны шайыр дурыс белгилеп кетти. Мине, шайыр даналығы.

Ямаса балалар әдебияты ушын шығармаларында әпсаналар негизинде қаншелли көркем қыялды шарықлатып дөретпелер жазды. Балалардың ядлаўы ушын аңсат, әпиўайы. Санаўлы шайырлар ғана бундай етип қосықлар жазады. «Макарья сулыў» көлемли дөретпесине жазылған «Бул шығарманы мийирман ана, туңғыш устазым болған Ханымхан Төремурат қызына естелик ушын арнайман» деген сөзлерди оқып поэзия ықласбенти қайыл қалары сөзсиз. Шайырдың әўелги устазы өз анасы еди.

Сөз зергериниң тәлим-тәрбия ҳаққындағы көзқарасы «Макарья сулыў» қосық пенен жазылған романында айқын көринеди. Шығарма қаҳарманы Макарья образы детальлары оның дүньяға келиўинен баслап жәмленеди. Устазлары оны тәрбиялайды, оқытады.

– Төрт жасында үйрениптн ҳәрипти, Бес жасында китап оқып беripти... Алымларлы алдыртыпты алыстан. Араб, парсы, қытай, йонан, орыстан (133-бетте).

Солайынша, қыз атасы перзент тәрбиясына итибар береди.

Бул романда авторлық монологлар күдә сәтли шыққан. Шайыр өзи шығармасының қалай дөрегени туўралы да ара-арасында айтып өтеди. *«– Заманлас дослар, еске бир алып қараңлар, Тыңланса сөзим, жырлаўға мениң шамам бар»* (228-бетте)

«Макарья сулыў» шығармасына пролог берилген (128 – 131-бетлерде). 24 куплеттен, яки 96 қатардан ибарат прологта да дөретпениң тарийхы туўралы дереклер берилген.

Шығарма туўралы дүньялық көлемде, атап айтқанда, Россия, Өзбекстан, Қазақстан баспасөзинде пикирлер билдирилди. Жергиликли баспасөзде дөретпени унамлы баҳалаған Қ. Мақсетов, С. Ахметов, Ж. Хожниязов, З. Бекбергенова ҳәм тағы басқалардың мақалалары жәрияланды.

Уллы шайыр мийрасы руўхый азық болып, әўладларға хызмет ете береди. Бул – поэзияның мәңгилиги.

Әдебиятлар:

1. Жумамуратов Т. Шығармалар жыйнағының 3 томлығы. Нөкис. Қарақалпақстан, 1978, 1 том, 264-б.
2. Бекбергенова З. Жазыўшы ҳәм шеберлик. Нөкис. Билим, 2020, 120-бет.
3. Теория литературы. – Москва, 1965, с. 564.
4. Фатхрахманов Р. Г. Творческая лаборатория прозаика. Казан, 2000.
5. Мәмбетов К. Мен қалай жазыўшы ҳәм әдебиятшы алым болдым. «Әмиўдәрья» журналы, №3, 2000, 39 – 45-бетлер.
6. Рахманов К. Илҳәм әрўақлы адамларда болады. «Әмиўдәрья», №.3, 1999, 74 – 77-бетлер.

КТАЙБЕКОВА ЗУЛЬФИЯ КЕНГЕСБАЕВНА

Әжинияз атындағы НМПИ Қарақалпақ әдебияты кафедрасы үлкен оқытыўшысы. Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

ТИЛЕЎБЕРГЕН ЖУМАМУРАТОВТЫҢ «ЖАЛЫНЛЫ КҮНЛЕРДЕ» ПОЭМАСЫНДА КӨРКЕМ ОБРАЗ

Тилеўберген Жумамуратов поэмаларынан «Жалынлы күнлерде» поэмасында екинши дүнья жүзилик урыс дәўириндеги бир қарақалпақ әскериниң тәғдири, басынан кеширген аўыр қысыўметлери, қыйыншылықлары сөз етилген. Шығармада рус қызы – Марияның образы айрықша көркемлик ҳәм шеберлик пенен тәрийипленген. Тоғайда душпан жолын тосып жүрген еки ғаррының Мария менен ушырасыўы, онда Марияның портрети төмендегише сәўлеленген: *Олардың да көзи шалды. Отырыпты бир қыз анаў, Төрт – бес адам жақын барды: – Қалайсаң? – деп, – Мария жан-аў?... Орта бойлы, жазық маңлай, Сулыў көзлер мөлтилдейди, Ой салмағы басқан жандай, Қыял қусы елпилдейди. Анасының өлгенлиги, Жүрегине жаман батты, Жаўға артса күшли кеги, Досқа артты муҳаббаты* [1, 41].

Поэмада урыс жылларында турмыстың қыян-кести ўақыялардың гүўасы болған бир қанша ҳаял-қызлардың аты Мария менен бирге улыўмалық планда персонажлар сыпатында атап өтиледи. Мысалы: *– Семен, – деди қоңсы ҳаял, – Клара ма, жылап турған? – Сол ғой, Катя шақырып ал, Ата-анасы болған қурбан. Енди басқа күтпей жуўап, Ертип келди Клараны. Аўқат берип алдап-арбап, Күтти жетим бийшараны* [1, 60].

Т. Жумамуратов шығармаларындағы көркемлик өзгешелиги ҳаққында илимпаз М. Жумамуратова төмендеги пикирлерди билдиреди: «Әдебиятта шығарманың тәрбиялық роли ҳәм эстетикалық заўық бериўи деген түсиниклер бар. Шығармаға қойылатуғын бул әҳмийетли ўазыйпаларды көркемликтен излеў керек. Көркемлиги күшли шығарма қызығыўшылық пенен оқылады, адамның сезимлерин орап алады. Көркемлик ҳаққында сөз еткенде, шайырдың образларды ашыў өзгешеликлери, композиция дүзиўи, көркемлеў қуралларынан пайдаланыў сыяқлы компонентлерди сөз етемиз» [2, 124].

Ҳақыйқатында да, Т. Жумамуратов көркем сөз дөретиўде, әсиресе, көркем образ, ҳаял-қызлар образын, батырлар образын дөретиўдиң шебери деп көрсетиўге болады.

«Жалынлы күнлерде» поэмасында жаўынгер қарақалпақ жигити Аяптың рус қызы Мария менен муҳаббаты да терең сәўлеленген. Марияның Аяпқа болған муҳаббат сезимлери, инсаныйлығы ашып берилген. Ол Аяптың төмендеги мазмундағы түси арқалы баянланған: Сол ўақытта Мария келди: *«Урыс питти, қыдырайық Алеша-жан жүрши, – деди. Театрға тез барайық». Еки ашық қатарласып, Жарасықлы жүриседи, Дос-яранлар ушырасып, Сағынышта көриседи* [1, 100].

Аяптың түс көриўи мотиви арқалы жигит қыялында Марияның келбетин сүўретлеў менен шайыр төмендегише лирикалық шегинис жасайды: *Баслап едим усы жерден, Дәстанымның басламасын, Қапалы қыз Мария деген, Ағызғанын көзден жасын. Билсең егер Марияны, Бир қәдирли жанды күткен, Аяп ғой сол күткен жаны. Душпан услап алып кеткен* [1, 103].

Сюжет желисиндеги ўақыялар дизбеги Аяптың, рус қызы Марияның ҳақыйқый келбетин, ишки дүньясын тәрийиплеўге арналып, поэма жуўмағы эпилогында шайыр өзи баянлап атырған

қарақалпақтың батыр жигити Аяп пенен рус қызы Марияның басынан кеширген ўақыяларын МГУ студенти Марияның достысы Кларадан еситкенлигин, оны шығарма етип қағазға түсиргенлигин айтады: *«Аты-жөнин сорастырсақ сулыўдың, Студенти болып ашықлы МГУдиң. Жарқын көзли, алма мойын, қәлем қас, Аўдаңласып болса керек биреўдиң»* [1, 126].

Өз гезегинде қарақалпақ жигити Аяп ҳәм Марияның кейинги турмысын былайынша айтып өтеди: *Аяп пенен яр дос едик бурыннан, Хабарым жоқ бирақ бундай сырынан. Павел менен Кларалар тәрийиплеп, Соннан кейин орын алды жырымнан. Аяп айтты тек те барып келгенин, Көрген едим өңиринде көп орденин. Мен билемен Мария менен косылып, Жаңа жердиң атланысында жүргенин* [1, 127].

Мария батырлықта, сергекликте, жолбарыс жүреклиликте Аяптан қалыспайды. Поэмадағы қатнасқан персонажлар да өз батырлығы, ерлиги менен Аяптың ҳәрекетлерин, батырлығын, Ана Ўатанға садықлығын еле де айқынырақ аңлатыў ушын ҳәрекетлери анық сезиледи. Онда командир Ермаковтың ерлиги, Аяпты қутқарыў ушын жазған буйрығы былайынша көрсетиледи: *Хызмет еткен халқы ушын, Қосбергенов Аяп батыр, Жаны саўға қутқарылсын, Бизден үмит күтип жатыр. – Қосберген Аяптың биз, Ырза болдық ерлигине. Қутқарайық жибериңиз, Мен бараман бирлигине!* [1, 106]

Поэмада рус жигити, жаўынгерлер Павел ҳәм Иван, өзбек перзенти Адҳам, қазақ жигити Ғалымжан – ҳақыйқый, нағыз батырлар сыпатында тәрийипленеди.

Жуўмақлап айтқанда, Т. Жумамуратов көркем образ дөретиўде бири екиншисин тәкирарламайтуғын оригиналлыққа, басқа шайырлар дөретиўшилигинен өзгеше, өз стилине ийе екенлиги менен ажыралып турады. Шайыр шығармалары еле де терең изертлениўи тийис деп есаплаймыз.

Әдебиятлар:

1. Жумамуратов Т. Шығармалар жыйнағының 3 томлығы. II том. – Нөкис, «Қарақалпақстан», 1980.

2. Жумамуратова М. Сөз маржанын дизгенлер. – Нөкис, «Қарақалпақстан», 1994.

JAQSÍLÍQOVA ALBINA

Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institut qaraqalpaq ádebiyatı kafedrası tayanısh doktorantı. Ózbekstan, Qaraqalpaqstan, Nókis

TILEWBERGEN JUMAMURATOVTÍŃ SATIRALÍQ SHÍǴARMALARÍNÍŃ KÓRKEMLIK ÓZGESHELIGI

Qaraqalpaq xalqınıń kórkem sóz sheberleriniń biri Tilewbergen Jumamuratov, óziniń tereń lirizmge bay shıǵarmaları menen shayırlar xalqınıń arasında ayrıqsha ornı bar insanlardıń biri. T. Jumamuratov qaysı janrda qálem terbetpesin, dóretpeleri oqırmannıń kewline qozǵaw salmay qoymaydı. Shayır dáwir menen teń qádem basıp, turmıstaǵı waqıyalardı real kóriniste súwretlewge háreket etedi. Ásirese, onıń satiralıq shıǵarmalarında tek mázi kúlki emes, ayırım unamsız insanlardıń anıq kelbetin, is háreketlerin ótkir sınǵa aladı.

Tiykarınan, satira erkin jámiyetimizdegi unamsız qásiyetlerge qarsı gúresiwde, olardı ashshı kúlki arqalı áshkaralawda, turmıstaǵı irkinish beretuǵın hádiyselerdi sınawda, teńi-tayı joq kórkem sóz quralı. Satirik jazıwshıdan avtorlıq poziciya, xalıqlıq kózqaras, joqarı estetikalıq ideya, ómir shınlıǵın shıǵarmada kórkemlik penen súwretlew sheberligi talap etiledi. Bul jaǵınan satirik jazıwshıǵa da ulıwma dóretiwshilik miynetlerine qoyılǵan joqarı ideyalıq penen kórkemlik sheberliginiń biyik talabı qoyıladı.

Satiralıq obraz shıǵarmada súwretlengen turmıslıq hádiyselerdi, jeke adamlardıń háreketi menen minez-qulqındaǵı unamsız momentlerdi shegine jetkerip áshkaralaw arqalı jasalǵan obraz. Eger de yumorda qubılıstaǵı ekinshi dárejeli momentler kúlkige alınsa, satira bul qubılıslardı tutas tiykarı menen biykarlaw baǵıtınan jasaldı. Satira jay ǵana zıyansız sınaw yamasa kemshilik, unamsız momentti súwretlew emes, al, áshkaralawdıń kúshi menen túp-tamırınan

biykarlaw. Satiralıq shıǵarmalardıń obyekti turmıstıń unamsız momentleri, jaramsız is-háreketlerden ibarat. Jazıwshı olardı saplastırıw ushın ádewir kúsheytip kórsetedi. Auditoriyaǵa málimlep, biykarlawshı húkim shıǵaradı. Unamsız adamnan oqıwshını jerkendiredi, aradan alıslatıwdı aldına maqset etip qoyadı. Durıs, satirada da kúlki bar. Biraq, onıń tiykarında ashshı mısqıl, ǵázepli kúlki jatadı. Satiradaǵı kúlki avtordıń jıǵırdanın qaynatqan, waqıyaǵa, adam minezine ǵázebin, ızasın keltirgen zili bar kúlki. Adam ómirindegi áshkaralanıp otırǵan hádiyselerdiń ishki qarama-qarsılıǵın ashıwda onı astarlı mánide ǵana emes, al, ulǵaytıp beriw arqalı mánisin túsindiredi, onı kereksiz sıpatında súwretleydi. Usınday sıpatlarǵa iye satiralıq obrazlar dóretiwde T. Jumamuratovtıń dóretiwshiliginde de kóplep ushırasadı. Solar qatarında «Ton menen tóbeles», «Allamurat álpayım» «Másmámbettiń túsi» «Kritikashıl baslıq» sıyaqlı satiralıq shıǵarmaların ayrıqsha atap ótiw orınlı.

Shayır «Másmámbettiń túsi» qosıǵında jámiyetimizdegi isjaqpas, óz jumısına juwapkershilik penen qaramaytuǵın ayırım insanlardı ótkir sınǵa aladı. Másmámbet xalıq ǵamın emes, óz paydasın oylaydı. Óziniń bilimsizligi menen isti durıs alıp bara almaydı. Aqıbetinde jámáát arasında mısqıllı kúlkige qalıp, abırayına daq túsiredi. Avtor Másmámbet obrazın ótkir sınǵa alıp, ulıwma jámiyetimizdegi usınday adamlardıń minez-qulqın sheber kórsetip beredi hám de olardı tuwrılıqqa baǵdarlawǵa háreket etedi. Mısalı: *Jıynalıs ketti ashılıp, Másmámbet otır ortada, Kóterilip basılıp, Baslanıwdan jiynalıs, Pitiwine asıǵıp, Kópshiliktiń kózinshe, Saqlanbaqshı ózinshe, Piyanlıǵın jasırıp, Arqalanǵan adamday, Stulge bekkem asılıp.* [1. 42]

Sonıń menen birge, T. Jumamuratovtıń «Allamurat álpayım» satiralıq shıǵarmasında da satiralıq súwretlew principi anıq kózge taslanadı. Ómirde ushırasatuǵın bazı unamsız, mádeniyatsız insanlardıń kelbetin satiralıq til menen bayan etedi. Qosıqtıń atamasınan kórinip turǵanınday, Allamurat dáslep álpayımlıq qılıp joqarı mártebege erisedi. Biraq bul mártebesi uzaqqa sozılmay álpayım Allamurat otırǵan joqarı mártebeli stolınan ayrıladı. Avtor bul shıǵarması arqalı ataq-abıray ómirlik emes ekenligin, dos-yarandı durıs tańlaw kerekligin satiralıq til menen sheber súwretleydi. Mısalı: *Kópke júdá zıqqı etti, Birazlardı ermek etti, Bir waqıtta otırǵan stol, Qápelimde, óńgip ketti.* [1. 46]

Shayırdıń «Kritikashıl baslıq» shıǵarmasıda satiralıq til menen sheber boyalıp joqarıda keltirilgen pikirler óz kórinisin tapqan. Xalıq aldına shıqqan Oraz baslıq jıynalısta jumısshıların kritikalayman dep ózi ótkir sınnıń ishinde qaladı. Bul jaǵdaydı kútpegen Oraz baslıq qattı qısınıspaǵa túsedi. Ol qansha qarsı pikirler aytpasın, bári bir haqıyqatlıq aldında bas iyedi. Avtor bul satiralıq shıǵarması arqalı menmenliktiń, bilimsizliktiń aqıbetlerin súwretlep beredi.

Juwmaqlap aytqanda, Tilewbergen Jumamuratov jazba ádebiyatta satiralıq shıǵarmalarınıń sheber dóretiwshisi bolıp, basqa qálem iyelerinen óziniń tematikalılıǵı menen, fantaziyasınıń keńligi menen, sonıń menen birge, dóretiwshilik jolınıń ózgesheliliginen oqıwshı kewliniń gúltajı boları sózsiz.

Ádebiyatlar:

1. Jumamuratov T. Júrek muhabbatı. Nókis, «Qaraqalpaqstan mámleketlik baspası», 1956.
2. Jumamuratov T. Doslıq haqqında qosıqlar. Nókis, «Qaraqalpaqstan», 1988.
3. Jumamuratov T. Ómirińniń ózi filosofiya. Nókis, «Qaraqalpaqstan», 2005.

МАМБЕТИРЗАЕВА НЕСИБЕЛИ

Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети ассистент-оқытыўшысы. Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

ТИЛЕЎБЕРГЕН ЖУМАМУРАТОВ: «ШАЙЫРЛЫҚ ҮЛКЕН МӘРТЕБЕ...»

Айқулақ әлемдеги бәрше реңлерди өзинде жәмлегени менен гөззал. Ал, сөз болса сезимлерге суўғарылғанлығы, пикирге қаныклығы менен бизди өзине шайда етеди. Әзелден кеўиллер сөзге ашық, шийрин сәўбетке қумар. Себеби, ҳәййиў қосықлары арқалы әжип сезимлер бойымызға

сиңген болса әжеп емес. Бул поэзияда ананың перзентке деген меҳир-муҳаббаты, пәк нийетлери, арзыў-үмитлери жәмлескен. Ҳәттеки, нәрсете де бул қосыққа тынышланып, шийрин уйқыға кетеди. Жүректен жаралған қосықлар ғана жүреклерге жетип баратуғынлығын усыннан көрсек болады. «Аналар дүньяның ең биринши шайырлары! Олар ул-қызлары қәлбине поэзия туқымын шашады. Жыллар өтип әне сол туқымлар гүл болып ашылады» дейди авар халқының сүйикли шайыры Расул Гамзатов. Шайырлық – бирден бир туўма қәбилет. (Басқа ҳәр қандай өнер сырларын үйрениў, үйретиў мүмкин). Бәлким, сол ушын да, ҳақыйқый шайырлар әсир аралап дүньяға келер. Туўры, кимлердиңдур қосықлары, үлкен-киши поэмалары, көплеп китаплары жарық көриўи мүмкин. Бирақ, шайырлықты даўа етиў... Бул уллы дәрежени халық береди, дөретиўшини оқыўшы баҳалайды.

Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық шайыры, Өзбекстан Қаҳарманы И. Юсупов «Көплер қосық жазды, ал, ол шайыр болды» деп тәрийиплеген шайыр Тилеўберген Жумамуратов тирилигинде-ақ халқының қалыс баҳасын – «халық шайыры» деген дәрежени алған еди. Көркем сөз устасы, Аббаз Дабылов «Ҳақыйқый шайыр деп Тилеўбергенди айтыўға болады» деп жазып қалдырған.

Биз шайыр дөретиўшилиги менен танысқанымызда ондағы тилден пайдаланыў шеберлигине тәсейин қалдық. Шайыр жаратқан поэзия – халық аўызеки дөретиўшилигинен нәр алған, Батыс ҳәм Шығыс әдебиятынан суўсынлаған бир қунарлы сөз бостаны киби.

Булақ шапшып, сылдыр-сылдыр атылып, Боз жорғадай секириўин үдетти. («Мийнет бәҳәри»). Яки: Көп оқып, көп билдим, бул азлық етти, Ас билмес найсаплар аспазлық етти. Билип турып айттым талай нақылды, Ақмақ ҳәмел менен устазлық етти.

Т. Жумамуратов дөретиўшилиги тематикалық жақтан жүдә бай, жанрға гөре рәңбәрең, стильлик жақтан өзине тән, тили ҳәм сүўретлеў тәризи әпиўайы. Ол ҳәр бир сөз салмағын сезинген, ҳәр бир сөзди ҳеш ким суўырып алалмастай етип өз орнына шегелеген шайыр.

Ҳәр қатардың көркемлигин, уйқасын, Оқыўшылар «Пах, шийрин» деп байқасын. Ойдан туўған лириканың тасқыны, Адам жанын шымбырлатып, шайқасын. Тәсири кем уйқастан да пайда жоқ, Дөрет жаңа образ, бурын ойда жоқ.

Дөретиўшиликке теориялық китапларда ҳәр түрли тәрийип берилген. Маған «дөретиўшилик – қәлипке сыймаған қәбилет» дегени көбирек унайды. Талант – тәкирарланбас болады. Сол ушын да, уллы сөз зергерлерине «тәкирарланбас талант ийеси еди», деп айтылады. Шынында да, дөретиўшиниң, биринширден, өзин, екиншиден, басқаларды тәкирарлаўға ҳақы жоқ. Ол өз жолын, өз мектебин жарата алса – сол шын мәртебе.

Ел перзенттен етер дәме, Халық тилегин бийкар деме, Шайырлық үлкен мәртебе, Көкке өрлер кеўлим мениң.

Шайырдың дүньяқарасы, пикирлеў шеңбери кең. Ҳеш бир нәрсе оның нәзеринен шетте қалмайды. Сегбир жан сыпатында жүз берген ўақыя-ҳәдийселерди терең аңлап, кеўил елегинен өткерип, соң халыққа усынады.

Несийбениң өзи келмес жер-көктен, Рәҳәт көрер мийнет шегип, тер төккен. Сақла қудай, ер қорлаған қатыннан, Елдиң арын арламаған еркектен.

Шайыр қосықлары терең философиялық мәниге ийе. Әсиресе, төртликлери. Онда өмир қәдири, жақсылық ҳәм жаманлық, дослық ҳәм душпанлық, ҳақыйқат жырланады.

Жаса өмир, жаса өмир, өрле жас, Сексеннен өт, тоқсаннан өт, жүзден ас. Қартайсам да, мәпилик шал болсам да, Өмир ушын муҳаббатым қартаймас.

Т. Жумамуратов қарақалпақ тилиниң байлығын, сулыўлығын өзиниң қосықларында көрсете билген, тек көрсетип қоймастан ең бийик шоққыға алып шыққан сөз зергери еди. Бул машақатлы жолдан тайынбай мийнет етти, сөзди жанындай сүйди, сөзге сыйынды. Тийкарғысы, поэзияға болған талғамын жаслайынан тәрбиялап барды. Бул күтә әҳмийетли. Себеби, поэзия – йош дереги. Бизди поэзия киби басқа ҳеш бир нәрсе күшли тәсирлендире алмайды. Сөзимизди Ибрайым Юсуповтың мына пикири менен түсиндириў мүмкин: «Көркем әдебият қайсы халықта болса да поэзияның уўызын емип, шайырлық булағынан саға алатуғыны мәлим. Дүнья әдебиятындағы қара сөздиң (прозаның) уллы шеберлери Лев Толстой, Балзак, Шолохов, Хемингуэй, Абдулла Қадирий, Мухтар Аўезов, Шыңғыс Айтматовлар шығарманы қосық пенен жазбаса да, шайырлық тәбияты

терең дана талантлар болып, сонлықтан олардың шығармаларында, поэзия теңиздей толқып турады. Керисинше, ҳәзирги замандағы көп ғана роман, повестлердиң өмири қысқалығының ең баслы себеби – олардың дөретиўшилигинде шайырлық тәбият жетиспейди. Олар, «еринбеген етикши болар» дегендей, көпиртип көп жазып, китап шығарады, ал, жазғанлары тәсирсиз болып шығады…»

Демек, дөретиўши ушын шайырлық тәбият, ишки дебдиў, толғаныс күтә зәрүр.

Дүнья иши – таўсылмастай ўақыя, Дана сөзи көзимизге тотыя. Ҳеш илимпаз қалтасынан алған жоқ, Өмириңниң өзи философия.

Поэзия ҳаққында, уллы шайырлар ҳаққында, олардың дөретиўшилиги ҳаққында жүдә көп сөз етиў мүмкин. Ҳәттеки, бир қосық ҳаққында бир китап жазыў мүмкин. Неге дегенде, жақсы қосық жаратылыўының өзи үлкен жаңалық. Лекин, қосық талқыға, түсиндириўге мүтәж емес. Оны ҳәр бир оқыўшы өзинше аңлайды, өзине тән баҳалайды.

Көллер қуўрап, теңиз сорға айланды, Айтыўға ҳақың жоқ, тилиң байланды. Сағадан инсапқа интизар халқым, Кимлер талап, тартып алды дәрьяңды?!

Шайыр – заманның жетик гүзетиўшиси, инсаниятты жанашыры, дәртли жанларға дәрман излеўши шыпакер яңлы. Сөз бенен кеўил үйин бостан әйлеўди ыхтыяр етиўши бағман. Оның қуралы сөз. Тил менен, сөз бенен ислесетуғын инсанлар болса, өз нәўбетинде, миллеттиң, халықтың жүзи саналады. «Бир илимпаз, бир тилши, әдебиятшы қарақалпақ тилин қанша дәрежеде терең билемен десе де, Т. Жумамуратовтай билиўи мүмкин емес» деп жоқары баҳалаған Қ. Султанов. Шынында да, шайырдың усы дәрежеге жетисиўинде өз ана тилин жетик меңгергенлиги, фольклор сол қатары жәҳән әдебияты дүрданалары шығармалары менен жақыннан таныслығы, аўдарма иси менен шуғылланғанлығы, тийкарғысы, сөзге деген шексиз муҳаббаты арқаў болған. Ал, биз уллы сөз усталарынан сол ушын да миннетдармыз – олар руўхый дүньямызды азықландырып, өмир мазмунын, гөззаллық негизин аңлатады. Мейли, ол қайсы халықтың ўәкили болса да, биринши нәўбетте, инсаният ушын хызмет етти. Әне, сол бийик шоққыға көтериле алған дөретиўшилерге бағып, оларға талпынып биз де өзимизден бираз бәлентирекке көтерилемиз.

МАМБЕТНИЯЗОВА МУСЛИМА

Өзбекстан Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими,
Қарақалпақ гуманитар илимлер илим-изертлеў институтының
стажёр-изертлеўшиси.
Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

ТИЛЕЎБЕРГЕН ЖУМАМУРАТОВТЫҢ БАЛАЛАРҒА АРНАЛҒАН ШЫҒАРМАЛАРЫ

ХХ әсир қарақалпақ әдебиятының көрнекли ўәкиллериниң бири, шайыр Тилеўберген Жумамуратов өз дөретиўшилигинде көп жыллар даўамында балаларға арнап түрли ертек, тымсал ҳәм қосықлар дөретти. Өзиниң қунлы шығармалары менен шайыр қарақалпақ балалар әдебиятының раўажланыўына үлес қосқан шайырлардан есапланады. Соңғы ўақытлары шайырдың балалар ушын арналған дөретпелери ҳәм аўдармалары өз алдына киши көлемли китапша болып басылып шықты. Бир ғана 2015-жылы балаларға арналған үш китабы: «Кийиктиң еки ылағы», «Үй алдында сары тал» шығармалары ҳәм Пушкинниң «Алтын балық ҳаққындағы ертек» аўдармасы жарық көрди. Бул китапларды қайта баспаға таярлаўда шайырдың қызы Малика Жумамуратованың хызмети айрықша болды. Дыққатқа ылайық тәрепи сонда, бул китаплар ықшам, ўақыя мазмунына сай сүўретлери менен реңли көринисте басылыўы болды. Китаплардың жаңа көриниси ҳәр қандай баланың итибарын тартпастан қалмайды. Оларды китап оқыўға бағдарлаўшы күшке ийе десек асыра айтқан болмаймыз.

Ҳәр қандай әдебий шығарма балалардың кеўил сарайына тәсир етиўши күшке ийе болып, балалардың дүнья танымының раўажланыўына да үлес қосады. Баланың келешекте озық ойлы, кәмил инсан болып жетилисиўинде балалар әдебияты тәрбиялаўшы тийкарғы буўын болып хызмет етеди. Мине, усы қәсийетлерди өз дөретпелеринде сәўлелендирген шайыр Т. Жумамуратовтың

мийнетлеринде өз көринисин табады. Тийкарынан, шайыр дөретпелери тематикасы тартымлы болып, мазмуны жағынан да жүдә бай образлы болып, сюжети балаларды қызықтырады. Бир ғана «Кийиктиң еки ылағы» ертегин алып қарайық. Ўақыялар ана кийик ҳәм оның еки ылағы өз топарынан бөлинип адасып қалыўы менен басланып, олардың басынан кеширгенлери ўақыялар избе-излигинде раўажланып барады. Кийиклердиң бир булақтың қасында өз еркинше жасаўы ҳәм көп өтпей оларға аш қасқыр ҳүжим етип, ақыбетте ана кийиктиң өлим табыўы менен ўақыялар өзгеше түс алады. Енди анадан жетим қалған еки ылақ тәғдири не болады деген сораў бәрше оқыўшыны қызықтырыўы анық. Шайыр ертекти трагедиялық жағдайдан жақсылық пенен жуўмақлаўшы ўақыялар шешимин бере алған. Яғный, ертек соңында кийиктиң еки ылағын таўып алған бала образы унамлы қаҳарман келбетин ашып береди. Бул болса балаларды ана тәбиятқа деген мехрин оятады. Ондағы ҳайўанатлар дүньясының тәғдири, оларға инсанлардың қатнасы ҳаққында дәслепки түсиниклерди береди. Сондай-ақ, ана кийиктиң өз балалары ушын жанын қурбан етип, өзи аш қасқырдың жәбиринен өлим табыўы балаларда анаға мехир, олардың қәдирине жетиўге шақырыўшы характерге ийе. Шайырдың «Қәсийетли гаўҳар тас ҳаққында ертек» шығармасы да мазмуны жағынан балалардың тәлим-тәрбиялы, мийнеткеш болыўға бағдарлайды. Бай ҳәм оның үш баласы, оларға жәрдем берген ақыллы бала образлары арқалы шайыр жас әўладты билимли, ақыллы ҳәм мийнеткеш болыўға ийтермелейди. Шығармада бай өз балаларына ақыллылығын сынаў ушын берген жумбақларына ақыллы бала унамлы шешим таўып бериўи балалардың логикалық ойлаў қәбилетин де раўажландырыўға хызмет етеди.

Тилеўберген Жумамуратов қарақалпақ әдебиятында тымсал жанрының да раўажланыўына салмақлы үлес қосқан шайырлардан бири. Әсиресе, балалар ушын жазған дөретпелери арасында тымсаллары айрықша орынға ийе. Шайырдың «Қарлығаш, мылтықшы ҳәм жылан» тымсалы мазмуны жағынан тәсиршең күшке ийе. Ана тәбият қушағында өмир сүриўши қуслар ҳәм басқа да ҳайўанат ҳәм жәми тиришилик дүньясының өмири мысалында инсанлар келбети, олар арасындағы қарым-қатнас өз көринисин табады. Яғный, дослық, мехир-мүриўбет, жақсылық ҳәм жаманлық, бир-биреўге жәрдем қолын созыў сыяқлы ҳақыйқый инсаныйлық негизлер образы қарлығаш, мылтықшы ҳәм жылан арқалы ашып бериледи. Ең соңында, дослық, жақсылық жаўызлықтың үстинен жеңип шығыўы сөз етилген бул тымсал балалардың өмирде тап сондай болыўға, бир сөз бенен айтқанда, жақсы пазыйлетлерге ийе болыўға бағдарлайды. Шығарма мынандай қатарлар менен жуўмақланады: *Келип еди гәрдийип, Өлип қалды сәррийип. Өлсе өмир душпаны, Аяп болмас ҳеш оны.*

Бундай шығармалар, ҳәр бир баланы китап оқыўға ықласын арттырады. Әдебиятқа деген қызығыўшылығын жоқарылатады. Шайырдың қайсы шығармасын алып қарамайық, онда халықшыллық принциплерди, ҳақыйқый турмыслық мысалларды көриўимизге болады. Шайыр шеберлиги өз дөретпесиниң аудиториясы психологиясын да есапқа алып көркем образ, тәрийиплерди тәсирли бериўинде сезиледи. Бундай шығармалар ўақыт ҳәм кеңсизлик таңламайды. Арадан қанша жыллар өтсе де шайыр шығармалары өз қунын жойтпаўы сөзсиз.

УТАМБЕТОВА АРЫЎХАН

Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими,
Қарақалпақ гуманитар илимлер илим-изертлеў институты Қарақалпақ
әдебияты бөлиминиң үлкен илимий хызметкери.
Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

ТИЛЕЎБЕРГЕН ЖУМАМУРАТОВ САТИРАСЫНДА ЖӘМИЙЕТ ИЛЛЕТЛЕРИ МАШҚАЛАСЫ

ХХ әсирдиң 90-жылларынан кейин ғәрезсизликти қолға киргизген елимизде мәденият, әдебият тараўларында үлкен өзгерислер болып атыр. Әсиресе, ХХ әсирдиң 90-жылларында халқымыз үлкен нийетлер менен ерискен ғәрезсизлик елимиздиң экономикалық, социаллық салаларының түптен өзгериўине алып келди. Бундай өзгерислер, жаңаланыўлар халқымыздың мәдениятына да, әдебиятына да, руўхый өмиринде де өз көринислерин тапты. Усы жағдайларға байланыслы өтмиш

тарийхымызды, әдебиятымызды, руўхый қәдириятларымызды ҳәм мийрасларымызды жәмийетлик раўажланыўдың жаңа талаплары дәрежесинде қайта қарап оларға жаңа ҳәм бүгинги күн көзқарасынан илимий баҳалар бериў зәрүрлиги пайда болды. Әсиресе, ҳәзирги дәўирде биз жасап атырған глобалласыў дәўириниң жоқары талаплары, ҳәр бир халық мәденияты пүткил дүнья талқысына түсетуғын шараятта, өзлигимизди таныў, миллий қәдириятларымызды қәстерлеў талабы және де артты. Сол тийкарда биз Қарақалпақ әдебият таныўының раўажланыўына үлкен үлес қосқан, ҳәр бир дөретпелери қарақалпақ халқының миллий сыпатламасынан, бай мәдениятынан, тил байлығынан, сондай-ақ, жәҳән халықларына тилеклеслик, дослық сезимлеринен, шайырлық жетик талғамынан дерек берип турағуғын көрнекли тулға Тилеўберген Жумамуратов мийрасларын үйрениўдиң әҳмийети айрықша.

Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық шайыры, Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлықтың лауреаты Тилеўберген Жумамуратов халқымыздың жүрек төринен орын алып, өзиниң мәңги өлмейтуғын қосықлары менен танылған инсан. Ол 1915-жылы Мойнақ районының Ақдәрья аўылында туўылған.

Арал теңизиниң жағаларында жасаған ол шексиз дәрья ондағы жасап атырған жаныўарлар, қуслар менен балықлар жас балаға ада болмас жүрек толы ҳеш жерге сыйғыза алмайтуғын қуўаныш бағыш етти. Оның толғанысларында тәбият гөззаллықлары, шаўқымлы мектеби, аўыл машқалалары ғана емес әтираптағы өзи билетуғын ҳәм бийтаныс адамлар ҳәм шаңарақ орталығы да унамлы тәсир көрсетти. Сонлықтан да, шайыр тәбиятты, жәмийетти қуры бақлаўшы, оннан ләззетлениўши болып ғана қалмай, балалықтан алған тәсири жетекши өзгешеликлериниң бирине айланды. Және де ол Арал теңизи жағаларында өмир сүрген устаз шайыр бабаларымыз Күнхожа, Әжинияз, Бердақ шығармаларынан да суўсын алды. Бул жағдайлар Тилеўберген Жумамуратов дөретиўшилигине айрықша мәни-мағана, өзгеше шырай берген. Яғный, биз Тилеўберген шайырдың қайсы ўақытта, қайсы жанрда жазған шығармаларын қарасақ та, онда ең жетик поэзиялық дәстүрлерден нәр алған алғыр, қатықулақ шәкиртти, Арал толқынлары менен айқасып өскен мәрт инсанды көремиз.

Биз бул мақалада шайырдың көп қырлы әдебий, көркем дөретиўшилигиң тек бир аспекти, соның ишинде, оның юмор-сатиралық қосықларына өзимиздиң көзқарасымызды билдирмекшимиз.

Тилеўберген Жумамуратов қарақалпақ әдебиятында көп жанрлардың шебери сыпатында танылды. Оның дөретиўшилигинде юмор-сатиралық дөретпелердиң де орны гиреўли. Шайыр усы қосықлары арқалы инсан – тәбияттың ең жоқары саўғасы, қурамалы ҳәм нәзик жаратылыс екенлигин, лекин тәбият байлықларынан ләззетлениўи ушын инсан саў, күшли ҳәм ақыллы болыўы кереклигин, инсан тәбияттағы басқа барлық тири жанзатлардан ең жетик қылып жаратылғанлығын, ҳәр бир шахс өзин асырап-абайлаўы, қорғаўы ҳәм де зыянлы нәшебентлик затлардан сақланыўы зәрүрлигин билдирмекши болады. Мәселен «Мәсмәмбеттиң түси» қосығында: *Жыйналыс кетти ашылып, Мәсмәмбет отыр ортада, Көтерилип басылып, Басланыўдан жыйналыс, Питиўине асығып, Көпшиликтиң көзинше, Сақланбақшы өзинше, Пиянлығын жасырып, Арқаланған адамдай, Орынлыққа асылып, Сақланған менен болмады, Денесин бийлей алмады, Урты кетти бултыйып, Еки көзи қылтыйып, Ерни кетти бозарып, Бет ажары өзгерген, Помидордай қызарып*. [3: 244]

Бунда жумысқа арақ ишип, мәс болып келетуғын басшының образы сүўретленген. Жыйналысқа арақ ишип келгенликтен ол уйқылап қалады ҳәм түс көреди. Түсинде жылымға балық пенен арақлардың көп түри түскен екен. Уйқылы-ояў ҳалында Мәсмәмбет өзин «жумыстан шығарылсын» деген қарарға өзи де қосылып қолын көтереди. Бул жерде айта кететуғын бир өзгешелик, автор, жоқарыда атап өткенимиздей, ҳәттеки, сатиралық қосықларында да, «теңизге жылым салыпты, тонналап балық алыпты» киби теңизге байланыслы детальлардан пайдаланады.

Шайырдың «Тон менен төбелес» қосығында болса көкнарға тойып алған нәшебенттиң: *Көк шай жерден бурқып шықса, Үзликсиз бир тартар едим. Көкнардың дәрьясы ақса, Соған түсип жатар едим.* [3: 245] – деп нәпси қулы болған ҳалында пышығы менен урысып, пышықты отқа тасладым, деп тонын өртейди.

Ҳақыйқаттан да нәшебентлик ҳәм мәскүнемшилик инсан мәнаўиятына қарсы болған, оның социаллық ҳәм руўхый жағдайын пүткиллей изден шығаратуғын жүдә қәўетерли иллет, даўсыз

кеселлик. Оған шалынған кисилер барған сайын ҳалдан кетип, қәсийетлерин, инсаныйлық минез-қулқын жойтып, әдеп-икрамлылық өлшемлерин писент етпей қопалластырып, ис-ҳәрекетлеринде жабайылық, жаўызлық көринип, мәнаўий келбетинен де жуда болады деп көрсетеди.

Жуўмақластырып айтқанымызда, Тилеўберген Жумамуратовтың дөретиўшилиги, өмир жолы, оның қәлемине тийисли ҳәр бир дөретпеси инсанды жәмийеттеги ислерге сергеклик пенен қараўға, жаман иллетлерден сақланыўға бағдарлайды, инсанның қәдир-қымбатын қәстерлеў керек екенлигин уқтырады.

Әдебиятлар:

1. Бекбергенова З. Жазыўшы ҳәм шеберлик. – Нөкис: Билим, 2020.
2. Жумамуратов Т. Өмириңниң өзи философия. – Нөкис. 2005.
3. Жумамуратов Т. Шығармалар жыйнағының 3 томлығы. 1-том – Нөкис. 19781.

MNAJATDINOVA MAKARYA JUMABAEVNA

Qaraqalpaq mámleketlik universitetiniń qaraqalpaq filologiyası hám jurnalistika fakulteti studenti.
Ózbekstan, Qaraqalpaqstan, Nókis

TILEWBERGEN JUMAMURATOVTÍŃ «MAKARYA SULÍW» SHÍĠARMASÍNDA DÁSTÚR HÁM JAŃASHÍLLÍQ

Ádebiyattaǵı dástúr hám jańashıllıq mashqalası eń kóp sóz bolıp kiyatırǵan, biraq ta elege shekem aytıstıń qızıwı basılmaǵan máselelerdiń qatarına kiredi. Sonlıqtan da, burınǵı awqam ádebiyatınıń anaw yamasa mınaw máselelerine arnalǵan jıynalıslarda usı temanıń átirapında qızıw aytıslar jiyi-jiyi bolıp otırdı. Óytkeni, bul hárbir ádebiyattıń rawajlanıw baǵıtın, jazıwshı-shayırlardıń ótken miyrasqa qatnasın, onı rawajlandırıw hám dawam ettiriwdegi ózgesheligi menen oǵan qosqan úlesin, jańalıǵın anıqlaw degen sóz [1, 119].

Tek ádebiyatta ǵana emes, al, ulıwma jámiyetlik turmısta dástúr hám jańashıllıq bir-biri menen ajıralmas túrde dialektikalıq baylanısta boladı. Yaǵnıy, bılayınsha aytqanda, hárbir góne jámiyetlik qubılıstıń tiykarında jańa jámiyetlik qubılıstıń elementleri ósip jetiledi. Jámiyettiń úzliksiz rawajlanıwı, ózgeriwi, jańarıwı menen birge hárbir dáwirdiń iskusstvosı da ótken dáwirdiń jetisken tabısların jańa jaǵdayda dawam ettirip, rawajlandırıp otıradı [2, 103].

Hárbir shayır yaki jazıwshı óziniń dóretiwshiliginde özinen aldınǵı ustazlarınan úlgi aladı hám ádebiyatımızdı bayıtıw maqsetinde shıǵarmalarına jańalıqlar kirgizip otıradı. Mine, usınday belgilerdi biz Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan xalıq shayırı, Qaraqalpaqstan Respublikası Berdaq atındaǵı mámleketlik sıylıǵınıń laureatı T. Jumamuratovtıń «Makarya sulıw» shıǵarması mısalında kóriwimizge boladı.

Waqıya bolıp ótetuǵın orındı táriyiplew xalıq dástanlarında da ushırasadı. Tómendegi mısallar syujettiń baslanǵısh bólimi bolıp, waqıya bolıp ótetuǵın orın táriyiplenedı. Máselen, «Alpamıs» dástanın alıp qarayıq: *Ertedegi áyyem zamanda, Jiydeli Baysın xalqında, Qońırat degen el edi* [5, 5]. – dep beriledi.

Berdaqtıń «Aqmaq patsha» dástanında avtordıń Aqdárya betke barǵanın kórsetedi. Qolıma duwtar alǵanda, Aqdárya betke barǵanda [6. 181].

Al, Tilewberen Jumamuratovtıń «Makarya sulıw» shıǵarmasında bolsa: *Baǵdat degen shárhár deydi, birpara, Sol qalaǵa hákim eken Dáwqara* [3, 7].

Folklorlıq shıǵarmalarda waqıya baslanǵannan keyin bir syujetten ekinshi syujetke ótiw aldında shayır shıǵarma waqıyasınıń izbe-izligin saqlaw hám mazmunı anıǵıraq bolıwı ushın túsinik berip ótedi. Máselen, «Ǵárip-ashıq» dástanın alıp qarayıq: *Endi Ǵáriptiń kewli qapa bolıp otıra bersin. Endigi sózdi Shaxsánemnen esitiń* [5, 89]. «Qoblan» dástanı mısalında: *Áne, endigi sózdi patshalıqtıń aldınan Aydáwletti ákelmede baratırǵan wázirden esitiń* [4, 244].

Al, T. Jumamuratovtıń «Makarya sulıw» dástanında bolsa, qosıq qatarları menen jazılǵan hám oqıwshını ele de dıqqatlıraq bolıwǵa shaqıradı: *Doslarım, otırsız ba qulaq salıp, Shadlıman jazǵanımdı kórse xalıq, Bul qızdıń jay-jaǵdayı boldı ayan, Qaytayıq jigitten de xabar alıp* [3, 31].

Qaraqalpaq qaharmanlıq dástanlarında, erteklerinde tulpar at shıǵarma qaharmanınıń joldası sıpatında beriledi. Máselen, «Alpamıs» dástanındaǵı Bayshubardı alıp qarayıq: *Alla baxtın ashadı, Attıń kewli tasadı, Júyrik edi jániwar, Tulpar edi bátshaǵar, Bir qamshıǵa shıdalmay, Alpamısqa kúsh bermey, Ara maydan shóllerde, Pısqırıp alıp qashadı* [5, 32].

Al, T. Jumamuratovtıń «Makarya sulıw» dástanında bolsa tulpar at tómendegishe súwretlenedi: *Tórt tuyaǵı jerge qaqqan qazıqtay, Omırawı aspan menen talasıp, Pısqıradı qos qulaǵın tikireytip, Jalt-jult eter dóngelegen qarashıq. Atústinde jigit kóńli tasıptı, Xoshlastı da úlken jolǵa asıqtı* [3, 50].

Bul eki dástanda da batırlardıń biri Alpamıs elin hám súygen yarın qutqarıw ushın Tayshıxannıń eline, al Paramon bolsa tay kúninen niyetlegen tulparın minip Baǵdat sháhárine ketiwi aytıladı.

Folklorlıq shıǵarmalarda batır jaw tárepiniń palwanı, dáwi yaki jawız maqluq penen gúresip, olardı jeńiwi kórkem dástúrge aylanǵan. Eldi jawdan qorǵaǵan er boladı dep jawdı qorqınıshlı kúsh qılıp kórsetedi. Nátiyjede, batırdıń obrazı kúsheyedi. Shıǵarmada Paramon menen Ayaz xan qorqınıshlı áydarhanı jeńgennen keyin xalıq Ayazdan bul sawlatlı jigittiń kim ekenin soraydı hám ol tómendegishe juwap beredi:

– Bilgińiz kelse batırdıń atı Qaraman, Házirshe mennen arjaǵın gáptiń soramań, –

Degen soń Ayaz esinde qalıp xalıqtıń, Paramon atı Qaraman bolıp taraǵan [3, 111].

Al, negizinde, qaraqalpaqlar arasında Qaraman degen at keń tarqalǵan. Hátteki, folklorda «Qaraman» degen xalıq dástanı da bar: *Bul dúnyaǵa kelgen shaǵı, Eki qolı, eki ayaǵı, Kórgen xandı seskendirer, Qarlı bulttay qabaǵı. Turpına qayıl boladı, Kórgenler huwshın joyadı, Qariyalar oylasıp, Bul balanıń atını, Qaraman qatıl qoyadı* [7, 345].

Bunda shayır rus jigiti Paramondı kúshli etip kórsetiw ushın qaraqalpaq xalqınıń folklorında súwretlengen dáwjúrek, qorqpas, batır Qaramanǵa teńeydi.

Qaraqalpaq xalqı óziniń úrp-ádet, dástúr hám milliyligi menen basqa xalıqlardan ayırılıp turadı. Bunı biz «Makarya sulıw» shıǵarmasınıń epilogında keltirilgen qosıq qatarlarında kóriwimizge boladı: *Túsinip mártler qádesin xalıqtıń sıyladı, Suw quyıp basqa, jaqsa da qamır unatqan, Arqandı kerip, atlatpay biraz qıynadı, Qosıla kúlip, qudalar ótti sınaqtan* [3, 139].

Folklorlıq shıǵarmalarda qaraqalpaq xalqına tiyisli dástúrlerdi kem ushıratamız. «Makarya sulıw» dástanında bolsa Paramon hám onıń kúyew joraları bosaǵadan atlar aldında qız jeńgelerine qáde beriwi súwretlenedi. Bul arqalı bizler qaraqalpaq xalqınıń milliylikti saqlawı, házilkesh hám kewli ashıq xalıq ekeniniń gúwası bolamız.

Sonıń menen birge, qaraqalpaq xalqınıń basqa epikalıq shıǵarmalarında qaraqalpaq xalqınıń qızların sulıw, shıraylı, ádep-ikramlı, parasatlı, iybeli, batır etip súwretlese, shayır Makarya obrazın joqarıda aytılǵan pazıyletler menen birge oǵan bilimli, sawatlı, aqıllı h.t.b. jaqsı xarakterlerdi qosıp, shıǵarma qaharmanın ele de kórkemlewge háreket etken: *Tórt jasında úyrenipti háripti, Bes jasında kitap oqıp beriptı, Altı jasta máni berip «Náhiwge» Shákirt bolıp uliqpańa eripti* [3, 19].

Shayır Makaryanı qaraqalpaq xalıq epikalıq shıǵarmalarındaǵı sulıwlardan artıǵıraq etip súwretlegen hám qaraqalpaqtıń qızları Makarya sulıwday bolsın dep jańa qaharman obrazın jaratqan. Tómendegi qosıq qatarları buǵan mısal bola aladı: *Tábiyattan keltirilgen sıy anıq, Hámme sulıw keltirilse jıynalıp, Láyli menen Zulayhalar bolsa da, Turar edi Makaryadan uyalıp* [3, 10].

Juwmaqlastırıp aytqanda, biz bul jumısımızda shayırdıń «Makarya sulıw» dástanı folklorlıq, mifologiyalıq, romantikalıq súwretlew usıllarınan realistlik mazmundaǵı shıǵarma dóretilgenligin hám onıń jańashıllıǵın kórdik. Bul shıǵarmanıń ideya-tematikası hám janrlıq ózgeshelikleri haqqında baspasóz betlerinde jergilikli ilimpazlar tárepinen de hár qıylı pikirler payda boldı. Filologiya ilimleriniń doktorı, professor Q. Maqsetov «T. Jumamuratovtıń «Makarya sulıw» qıssasınıń xalıqlıq belgileri» degen maqalasında «qıssa» dep atasa, professor S. Axmetov «Poeziya hám waqıt» maqalasında «liro-epikalıq» poema dep ataydı. Al, filologiya ilimleriniń doktorı Q. Kamalov «Makarya sulıw» bizińshe, tariyxıy legenda tiykarında jazılǵan dástan dep atap ótedi. Professor Q. Járimbetov óziniń «Júzden júyrik shayır» maqalasında

«Makarya sulıw» shıǵarmasın dástan hám roman janrınıń sintezi, qospaǵı dep qarawǵa tiykar bar dese, al, shayırdıń ózi bul shıǵarmanı: *Jırlasam bunıń ózi úlken dástan, Uzaq sóz ayta bersem qaldırmastan...* [3, 68].

Biz joqarıdaǵı maǵlıwmatlarǵa súyene otırıp, T. Jumamuratovtıń «Makarya sulıw» shıǵarmasın «Jańa zaman dástanı» dep atawımızǵa boladı, sebebi, ondaǵı syujetlerdiń, obrazlardıń ózgesheligi, sonıń menen birge, shıǵarmaǵa «Makarya sulıw» dep atama beriwdiń ózi – jańashıllıq. Hámmemizge belgili qaraqalpaq xalıq dástanlarınıń derlik kópshiliginde bas qaharmannıń ózgeshe tuwılıwı, batırlıǵı, erlik isleri sóz etiledi hám shıǵaramanıń ataması da sol qaharman atına qoyıladı. Al, bul shıǵarmada bolsa, Makaryanıń tuwılıwı da folklorlıq shıǵarmalarǵa sáykes keledi hám bárshe waqıya Makarya menen baylanıslı boladı. Shıǵarma, tiykarınan, ideya-tematikalıq jaqtan hám turmıslıq, hám ashıqlıq, hám qaharmanlıq syujetlerdi óz ishine aladı.

T. Jumamuratovtıń «Makarya sulıw» dástanı folklorlıq dástúr hám jańashıllıǵı menen, ózine tán poetikalıq usılda jazılǵanlıǵınıń gúwası boldıq. Xalqımızǵa belgili ullı talant iyesi búgingi jas áwladlarǵa ájayıp shıǵarmaların qaldırdı dep ayta alamız.

Ádebiyatlar:

1. Ахметов С. Әдебият ҳәм критика. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1978.
2. Сағитов И. Әдебият ҳәм дәўир. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1968.
3. Жумамуратов Т. Мәкәрья сулыў. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1973.
4. Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық. 9 – 13-томлар – Ташкент: Маънавият, 2009.
5. Қарақалпақ фольклоры. – Нөкис: Қарақалпақстан, 2007.
6. Бердақ. Таңламалы шығармалары – Нөкис: Қарақалпақстан, 1987.
7. Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық. 14 – 26-томлар – Ташкент: Маънавият, 2009.
8. Қарақалпақ фольклоры. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1985.

ABDINAYIMOVA ANJIM

Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı Defektologiya tálim baǵdarı studenti. Ózbekstan, Qaraqalpaqstan, Nókis

QARAQALPAQ POEZIYASÍNÍŃ ULLÍ TULǴASÍ – TILEWBERGEN JUMAMURATOV ÓMIRI HÁM DÓRETIWSHILIGI

Qaraqalpaq xalqınıń hám poeziyasınıń ullı tulǵası – Tilewbergen Jumamuratov búgingi kúnge shekem qaraqalpaq ádebiyatınıń kórnekli shayırı sıpatında tanılǵan. Shayır Tilewbergen Jumamuratov 1915-jılı Moynaq rayonınıń «Aqdárya» awılında Qupbatulla shańaraǵında dúnyaǵa kelgen. Jeti jasında ákesinen jetim qalıp, anasınıń qolında tárbiyalanadı. Sol zamanlardan baslap xalıq ishinde júrip, kóp adamlardan xalıq awızeki dóretpelerin kóp esitken hám este saqlaǵan. Sonıń ushın da, derlik kópshilik shıǵarmalarında folklorlıq shıǵarmalar basım. Dáslep ol awılda ashılǵan mektepte oqıydı. Soń Oraylıq Aziya mámleketlik universitetine oqıwǵa túsedi. Bunnan keyin awılına kelip muǵallim bolıp isleydi.

Tilewbergen Jumamuratov shayır, dramaturg, jámiyetlik isker. Házirgi dáwir qaraqalpaq ádebiyatınıń hár tárepleme rawajlanıwına óziniń lirikalıq, satiralıq qosıqları, ocherk hám gúrrińleri, pyesa hám poemaları menen salmaqlı úles qosqan úlken talant iyesi. Shayırdıń dáslepki lirikalıq qosıqları 1956-jılı «Júrek muhabbatı» degen qosıqlar toplamında basılıp shıqsa, onnan berli de shayırdıń «Doslıq» (1959), «Zamanlaslarım» (1961), «Dáwran juldızları» (1963), «Tańlamalı shıǵarmaları» (1967), «Tolqında» (1970), «Káramatlı tulǵa» (1975), «Tańlamalı shıǵarmalarınıń III Tomı» (1978, 1980), «Túrli ótkeller» (1983), «Doslıq haqqında qosıqlar» (1988), tuwılǵan kúniniń 90 jıllıǵına baǵıshlap shıǵarılǵan «Ómirińniń ózi filosofiya» (2005) poeziyalıq toplamları menen «Makarya sulıw» (1973) qosıq penen jazılǵan romanı basılıp shıqtı. Tilewbergen Jumamuratovtıń dramaturgiya janrında «Qızlar házili» (1976), «Tiklengen tuw» (1971), «Awır kúnlerde» (1977) pyesaları Berdaq atındaǵı muzıkalı

drama teatrınıń saxnasında birneshe mártebe qoyıldı. Proza tarawında birneshe gúrrińleri hám ocherkleri «Muhabbat sırı» (1958) kitabında járiyalandı. Tilewbergen Jumamuratov sheber awdarmashı sıpatında A. S. Pushkinniń «Balıqshı hám altın balıq» ertegin, shıǵıs klassigi Omar Hayyamnıń rubayıların, tatar shayırı Muwsa Jálildiń qosıqların, qırǵız shayırı Toqtaǵuldıń termelerin qaraqalpaq tiline awdarǵan. Óz gezeginde T. Jumamuratovtıń lirikalıq qosıqları menen ataqlı «Makarya sulıw» dástanı rus, ózbek, qazaq, tatar hám taǵı da basqa tillerge awdarılıp basılıp shıqtı.

T. Jumamuratov 1957-jıldan baslap Jazıwshılar awqamınıń aǵzası. Shayır kórkem ádebiyat tarawındaǵı xızmetleri ushın 1967-jılı «Qaraqalpaqstan xalıq shayırı», 1969-jılı «Ózbekstan xalıq shayırı» húrmetli ataqlarına miyassar boldı. 1972-jılı «Tańlamalı shıǵarmaları» hám «Tolqında» qosıqlar toplamları ushın Respublikalıq Berdaq atındaǵı mámleketlik sıylıqtı alıwǵa eristi.

«Shının aytsam ómirdiń hár salası, Berer saǵan poeziya bulaǵın» – dep jazǵan shayır turmıstıń hár qıylı tarawlarında el mápi ushın xızmet etip atırǵan zamanlaslarımızdıń derlik hámmesine paxtakeshlerge, sharwalarǵa, balıqshılarǵa, mádeniyatımızdıń tulǵalarına, palwanlarına, shıpakerlerge, ustazlarǵa, sóz sheberlerine, shaxtyorlarǵa arnap qosıqlar jazdı.

T. Jumamuratov xalqımız arasında qosıqların yadtan suwırıp salıp aytatuǵın, kerek jerinde yadtan qosıq shıǵara alatuǵın talantlı tókpe (improvizator) shayır boldı. Onı xalqımızǵa jaqınnan tanıtqan ruwxıy baylıqlardıń biri folklorlıq dástúrler. Shayır jaslayınan xalıq danalıǵın tıńlawǵa, oqıwǵa janı qumar, zeyinli hám qatıqulaq bolıwı menen birge ana tili menen ádebiyatınıń bay ǵáziynesinen, shıǵıs hám batıs mádeniyatı dúrdanalarınan sheber paydalanadı.

Shayırdıń qosıqlarınan mısal retinde keltirip ótsek:

Egin tárbiyası bastan boladı, Adamǵa tárbiya jastan qonadı. Qarawsız eginnen zúráát kútpe, Ádepsizlik – jańa dushpan boladı. (Tórtlikler, 26-bet)

Bóbek bolıp eńbekledim bawırlap, Jigitlikte shalqıp óttim dawıllap. Jetpis beste salmaq túser boyıma, Hár kúninde bir mısqıllap awırlap.

Jaslıq qusı qaytıp qonbas jayına, Qayta úmit kútiw kelmes oyıma. Qartayǵanlıq tábiyǵattıń nızamı, Uzaq ómir tiyse bolar payıma. (Segizlikler, 27-bet)

Kók gúmbezli keń jáhánniń ishinde, Qıyal meni alıp ushar alısqa. Uyqılasam da kórgenlerim túsimde, Qıdıraman Sholpan menen Marsqa. (Sonetler, 30-bet)

50-jıllarǵa kelip shayır dóretiwshiligi ideya-tematikalıq, janrlıq, kórkemlik jaqtan da ádewir dárejede óskenligi bayqaladı. Mısalı, shayır poeziyasında shıǵıs hám klassikalıq poeziyada keń qollanılǵan muxalles (Jarasar), tórtlikler, ǵázzel («Nawayı haqqında»), termeler («Adamzat», «Quwanısh penen uwayım», «Qostarlar», «Bolur tawdıń basında»), tolǵaw («Jırawlar tolǵawı», «Sır tolǵawı»), tuwısqan xalıqlar ádebiyatında keń qollanılǵan úsh qatarlı («Nókis»), segiz qatarlı («Jańa jılda») qosıqları, ballada janrında («Shımbaylı qız», «Otırıspa»), táriyp, arnaw qosıqları jáne de qosıq penen jazılǵan feleton («Kórgen isti ettik bayan»), aytıs (Shayırdıń qazaq aqını Úmbetali Quralaev penen aytısı, dayısı Palman menen muǵallim jigit Kárimbay Muwsaev penen aytısı), jáne de xalıq erteklerine tiykarlanıp jazılǵan birneshe shıǵarmaları menen birge yumor-satiraları shayır dóretpeleriniń tematikalıq hám janrlıq formalar menen bayıǵanlıǵınan derek beredi.

Shayırımız T. Jumamuratov jámiyetke keri tásirin tiygizetuǵın máskúnemlik illeti shayırdıń janın azar shektirgen temalardıń biri boldı. Mısalı, *«Másmámbettiń túsi» qosıǵında hadal miynet etiwdiń ornına hámelinen paydalanıp kúnde más bolıp júrgen basshınıń obrazın dóretedi. Mısalı: «Jıynalıs ketti ashılıp, Másmámbet otır ortada, Kóterilip basılıp, Baslanıwdan jıynalıs Pitiwine asıǵıp. Kópshiliktiń kózinshe, Saqlanbaqshı ózinshe, Piyańlıǵın jasırıp, Arqalanǵan adamday Stulge bekkem asılıp. «Saqlanǵan» menen bolmadı, Denesin biyley almadı, Urtı ketti bultıyıp, Eki kózi qıltıyıp, Erni ketti bozarıp, Bet ajarı ózgergen Pomidorday qızarıp, Simirip ǵana qanıptı, Esinen ábden tanıptı» («Másmámbettiń túsi» 42-bet).*

Shayır poeziyasında xalqımızdıń kúndelikli ómirin, miynet adamlarınıń erisip atırǵan tabısların, tınıshlıq, paraxatshılıq, doslıq temalarına qosa, xalıqlar doslıǵın, adamlardıń bir-

birine bolǵan doslıq qatnasların, jaqsılıq, hadallıq, adamgershilik qásiyetlerdi ulıǵlaw, geypara adamlardıń is-háreketlerindegi qolaysız illetlerdi satira otı menen áshkaralaw anıq kózge taslanadı.

Shayır Tilewbergen Jumamuratov 1990-jılı bul dúnyanı tárk etti. Shayırımız hám ol dóretken miynetler mángi qálbimizde jasaydı.

Ádebiyatlar:

T. Jumamuratov. Túrli ótkeller. Qaraqalpaqstan, 1983-j.
T. Jumamuratov. Júrek muhabbatı. Qaraqalpaqstan, 1956-j.

OTARBAEVA FATIMA MARATOVNA

Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı,
Túrkiy tiller fakulteti, Qaraqalpaq tili hám ádebiyatı
tálim baǵdarınıń studenti.
Ózbekstan, Qaraqalpaqstan, Nókis

XX ÁSIR QARAQALPAQ ÁDEBIYATÍNDA TILEWBERGEN JUMAMURATOV POEZIYASÍNÍŃ TUTQAN ORNÍ

Tilewbergen Jumamuratov xalqımız arasında qosıqların yadtan suwırıp salıp aytatuǵın, kerek jerinde, yadtan qosıq shıǵara alatuǵın talantlı tókpe shayır boldı. Shayır jaslayınan xalıq danalıǵın tıńlawǵa hám oqıwǵa janı qumar, zeyinli hám qatıqulaq bolıw menen birge ana tili menen ádebiyatınıń bay ǵáziynesinen, Shıǵıs hám Batıs mádeniyatı dúrdanalarınan sheber paydalanadı. Usı tiykarda onıń «Qaraqalpaq bolǵalı», «Qaraqalpaq at qaldı» hám de óziniń tuwılıp ósken Moynaq rayonınan baslap qaraqalpaq xalqınıń barlıq rayonlarına arnap «Nókisim», «Moynaqta», «Ámiwdarya», «Ellikqala», «Taxtakópir», «Shomanay», «Shımbaydıń», «Aralım» sıyaqlı qosıqlardı jazadı.

Bulardıń bárshesinde tuwılǵan jerge, watanǵa bolǵan mehir-muhabbatın jırlaydı.

Onıń «Qaraqalpaq at qaldı» qosıǵında: *Jawǵa qanın berdi, tórin bermedi, Gelle ketpey qarıs jerin bermedi* (1. 49) – dep jırlap ótkendegi ata-babalarımızdıń qanday qıyın dáwirlerdi, jawgershiliklerdi bastan keshirse de milliy miyrasları menen mádeniyatın, el-xalqın hám tuwǵan jerin kózdiń qarashıǵınday saqlap qalǵanlıǵı maqtanısh sezimleri menen jırlanadı. T. Jumamuratov házirgi dáwir qaraqalpaq ádebiyatınıń hár tárepleme rawajlanıwına óziniń lirikalıq, satiralıq qosıqları, ocherk hám gúrrińleri, pyesa hám poemaları menen salmaqlı úles qosqan úlken talant iyesi. Ol xalqımız arasında lirika hám satirik shayır sıpatında urıstan keyingi jılları belgili boldı.

«Qaraqalpaq bolǵalı» qosıǵında bolsa watannan shıǵıp qayda baramız? Bul jerler ata-babalarımızdan qalǵan teberik jer, ullı miyras ekenligi, kelip shıǵıw táriyxı haqqında keltirip ótedi: «*Ne kórmegen qarakeń» – Degen maqal bar eken*. (2. 72)

T. Jumamuratov haqqında Ukraina Jazıwshılar awqamınıń prezidiumı bılayınsha táriyipler keltiredi: «Siz ózińizdiń shıǵarmalarıńızda tuwǵan xalqıńızdıń qaharmanlıq islerin sheber jırlaysız, satiranıń otı menen talay-talay unamsız qaharmanlardı órteysiz. Ómirińiz uzaq bolǵay». Bul táriyipler oǵan ádil baha boldı.

Haqıyqatında da, shayırdıń qaraqalpaq ádebiyatın rawajlandırıwǵa qosqan úlesi girewli. Juwmaqlap aytqanda, Tilewbergen Jumamuratov qaraqalpaq poeziyasında túrli temalarda óziniń dóretiwshiligin tereń mazmun menen jırlaǵan. Shayır kópshilik qosıqlarında tek ǵana bir temada emes al, tuwılǵan jer, doslıqtı qoymastan, miymandos, tatıwlıqtı súyiwshi xalıq ekenligin sheberlik penen táriyiplegen. Qaraqalpaq ádebiyatı poeziyasında salmaqlı hám áhmiyetli orınǵa iye shayır xalqımızdıń yadında mángi saqlanadı. Ólmes miyrasları bolǵan shayırdıń shıǵarmaları ele ásirlerden ásirlerge ótip jasaydı.

Ádebiyatlar:

1. T. Jumamuratov. Ómirimniń ózi filosofiya. Nókis. Qaraqalpaqstan, 2005.
2. T.Jumamuratov. Túrli ótkeller. Nókis. Qaraqalpaqstan, 1983.

4.АЎДАРМА. ПЕРЕВОД. TRANSLATION

ТУРДУБАЕВА НАЗГУЛЬ ШАРШЕНАЛИЕВНА

Профессор, кандидат филологических наук,
Кыргызский национальный университет имени Жусупа Баласагына.
Кыргызстан. Бишкек

СТИХИ ТОКТОГУЛА САТЫЛГАНОВА В ПЕРЕВОДЕ ТЛЕУБЕРГЕНА ЖУМАМУРАТОВА

Столько лет прошло с того дня, когда 2 апреля 1990 года ушёл из жизни Тлеуберген Жумамуратов (литературный псевдоним Жуматлеу) – блестящий, никем не превзойдённый каракалпакский поэт-переводчик, драматург, писатель и публицист, Народный поэт Каракалпакской АССР (1957), Народный поэт Узбекской ССР (1969). Плодотворен трудовой путь Т. Жумамуратова: учитель средней школы имени Марата Муйнакского района, редактор Муйнакской районной газеты «Кызыл балыкшы», заведующий отделом пропаганды и агитации Муйнакского районного партийного Комитета, заместитель начальника Каракалпакского Республиканского Управления печати, заведующий отделом литературно-художественных передач республиканского радиовещания, заведующий отделом художественной литературы газеты «Совет Каракалпакстаны», начальник литературного отдела Каракалпакской Государственной типографии, старший консультант Союза писателей Каракалпакии, персональный пенсионер республиканского значения.

Заслуги Тлеубергена Жумамуратова на поприще поэтического перевода воистину велики: он дал новую жизнь на каракалпакском языке малоизвестным и недоступным прежде шедеврам кыргызской акынской поэзии, в частности песням Токтогула Сатылганова, обогатив тем самым и родную каракалпакскую культуру. Т. Жумамуратова коллеги и переводчики избрали старшим консультантом Союза писателей Каракалпакии. Особенность его творчества заключается в сочетании традиционного и нового в литературе. До сегодняшнего дня Т. Жумамуратов остается последним поэтом-импровизатором, сохранившим традиции каракалпакского народного фольклора.

Т. Жумамуратов написал критические статьи о духовном наследии поэтов-классиков, культуре языка, музыке и т. д. Он мастерски перевел на каракалпакский язык произведения О. Хайяма, А. Навои, Махтумкули, Г. Тукая, Т. Сатылганова, М. Джалиля, А. С. Пушкина, М. Ю. Лермонтова, А. А. Ахматовой, С. П. Щипачева, П. Е. Панченко, В. С. Шефнера, С. И. Олейника, Ч. И. Енчинова и других авторов [1]. Кыргызские читатели ценят Т. Жумамуратова за перевод на каракалпакский язык стихов Токтогула Сатылганова, вышедших в сборнике «Токтогул: (термелер)» (1983 г.) [2]. Сборник состоит из 32 стихотворений, созданных в жанре «терме» (разновидность песенных импровизаций). На основе терме Т. Сатылганова Т. Жумамуратов выработал и сформулировал стилевые принципы этого жанра применительно к каракалпакскому языку. Главное в этих новых принципах – наличие в стихах внутренних рифм, органичных в каракалпакском поэтическом восприятии. Можно сказать, что в этих переводах Т. Жумамуратованашли свое блестящее, победное завершение многолетние поиски мастером слова на родном языке ритмического и интонационного эквивалента, передающего особенности кыргызского оригинала и сохраняющего высокие художественные качества кыргызского стиха.

В художественном наследии Т. Жумамуратова нужно особо выделить переводы, относящиеся к жанру «терме», который представляет собой философские размышления об оплодотворяющей силе природы, оберегающей все живое. Мастер перевода С. Н. Иванов отмечает: «Поэтический перевод – это воссоздание на русском языке не только содержания, но и поэтики оригинала –

его художественных и эстетических особенностей. Это увлекательнейшая, но и очень сложная задача… Воссоздание названных свойств поэзии в их единстве представляется мне единственно возможным творческим принципом: поэтический перевод – это художественное истолкование текста средствами другого языка» [3, с.111]. Так, воссоздание на каракалпакском языке поэтики оригинала особенно ярко и впечатляюще проявилось в переводе Т. Жумамуратовым сборника «Токтогул: (термелер)». Эти переводы показывают неутомимый творческий поиск поэтом-переводчиком научно-обоснованных принципов, способов и приёмов перевода, которые помогут переводчику наиболее точно воссоздать оригинальное кыргызское сочинение на каракалпакском языке.

В сборнике Т. Сатылганова произведения «Кош, апаке!» («Прощай, мама», в переводе Т. Жумамуратова «Хош бол, ана»), «Кош, элим!» («Прощай, мой народ», в переводе Т. Жумамуратова «Хош, елим»), «Туткунда жүргөндө» («В изгнании», в переводе Т. Жумамуратова «Туткында жүргенде»), «Азапка түштү өмүрүм» («Мучительной стала жизнь» в переводе Т. Жумамуратова «…») созданы в традиционной форме песен-прощаний и песен-сожалений. По идейно-тематическому содержанию, социальному значению и направленности они вышли за рамки песенного жанра, так как в них нашли место не столько личные переживания поэта за свою судьбу, сколько размышления о тяжелой судьбе простых людей, об их бесправном положении, «непросыхаемых слезах».

Токтогул ещё до ссылки видел, что баи и манапы своим насилием и угнетением довели народ до нищенского положения, и что эшены в белых чалмах обманывают народ. В 1898 г. вместе с мятежниками Андижана, приговоренными к семилетней ссылке в Сибирь, был 34-летний Токтогул. Он добирался до нее долгим путем: Наманган – Москва – Александровский централ, побывал Токтогул и в тюрьмах Тобольска, Тюмени, Иркутска. Жандармы, не владеющие языком поэта, могли унижать его сколько душе угодно. Акын был приговорён к самым тяжёлым каторжным работам в Сибири. Он трудился на месторождениях свинца, меди, золота, на строительстве Кругобайкальской железной дороги, работал в тяжёлых условиях на лесопилке. Страдания узника изображены в произведениях «Айланган тоонун бүркүтү» («Я, как беркут, кружил в горах», в переводе Т. Жумамуратова «Айланган таудың бүркүти», а также в песнях, исполненных после возвращения на Родину.

Вполне естественно, что Токтогул, столько переживший на своем веку, с радостью встретил весть об установлении Советской власти. Ничего нет противоестественного в том, что им были созданы такие произведения, как «Эпоха», «Да здравствует Советская власть!», «Ленин открыл дорогу». «Выше держи своё знамя!», в которых акын выразил идеологию своего времени. Его песня «Какая женщина родила такого сына, как Ленин!» (1919) явилась достоянием не только акынской поэзии, но по своему идейно-тематическому содержанию, глубине мысли, новаторскому раскрытию темы стала заметным явлением профессиональной национальной поэзии вообще. Произведение было переведено на 18 языков.

Сравним два фрагмента песни в оригинале и переводе Т. Жумамуратова.

Т. Сатылганов:
Түпкү атабыз – кыргыздан,
Запкыны көрдүк турмуштан.
Айтканда сөзүм жапжарык.
Асманда күйгөн жылдыздан
Он жетинчи жылында,
Николай тактан жылбышкан.
Кеңешти куруп Ленин.
Кедейге устун тургузган [4, с. 75].

Перевод Т. Жумамуратова:
Түп атамыз қырғыздан,
Зықымыз шықты турмыстан,
Айтқанда сөзүм жап-жарық,
Аспанда жанған жулдыздан.
Он жетинши жылында,
Николай тахтан жылысқан,
Уллы Ленин кеңесин,
Гедейге бийлик туўғызған [2, с. 47].

Дадим наш подтсрочный перевод:
Наш предок – кыргыз.
Мы в жизни ведали страдания.
Мои слова ясны,
Как в небе горящие звезды.

В семнадцатом году
Николай лишился трона.
Ленин устроил Советы –
Опору дал бедноте.

Читая стихотворение Токтогула Сатылганова, вспоминаешь советское время. В школах изучали это стихотворение, так как, оно входило в программу по кыргызской литературе. Это соихотворение стало историей Советской власти. Вступая в ряды комсомола, его учили наизусть, считали Ленина великим вождем. Т. Жумамуратов отразил в своем переводе это настроение эпохи. Сопоставляя оригинал с переводом, можно дать высокую оценку переводу Т. Жумамуратова, который не исказил авторское сочинение. Этому, в частности, способствует близость языков – оригинала и перевода.

Перевод с близких языков, имеет свои сложности и проблемы. Надо сказать, в таком случае, и оценить труд переводчика, тоже не из лёгких. В обоих случаях сложности перевода и сложности понимания могут быть связанны, что пародаксально, близостью и схожестью языков переводимых произведений. Так как, когда идёт первод с близких языков случается такое: на первый взгляд понятное слово в другом языке может иметь другой смысл, или же, с точки зрения эмоционально-экспессивного воздействия, могут быть разными. И мы сталкивались с проблемой такого типа, когда анализировали перевод Т. Жумамуратова с близкого караклпакскому языке – кыргызского языка. Например, нам показалось, что, хотя Т. Жумамуратов в целом сохраняет особенности оригинала, однако имеются некоторые расхождения с ним. Например, перевод второй строки стихотворения. В оригинале: «Запкыны көрдүктурмуштан» («Мы в жизни видали страдания»), а в переводе Т. Жумамуратова: «Зыкымыз шыкты турмыстан», т.е. «зақымыз шықты». Здесь «көрдүк» («видели») или «шыкты» («вышли») разные понятия. Глаголы «видели» и «вышли» имеют разные характеристики действия. Но нашли причину, по которой Т. Жумамуратов использовал замену «шыкты». Хотя, нам думалось, подходящим вариантом мог стать глагол «көрдүк», и, соответственно, фраза звучала бы так: «Зыкымыз көрдүк турмыстан». Но, оказалось, что «зыкымыз шыкты» – это готовая, неотделимая фраза, обозначающая многострадальность. Слово «зык» не употребляется отдельно на каракалпакском. Поэтому, дословный перевод «зыкымыз көрдик» был бы неправильным. В практике перевода есть свое изречение: переведи произведение, а не текст.

Каракалпакский народ, благодаря переводу Т. Жумамуратова, прикоснулся к кыргызской акынской поэзии, в частности к импровизаторскому мастерству Токтогула Сатылганова.

Рассмотрим перевод «сибирского цикла» Токтогула на каракалпакский язык. Как говорилось выше, за участие в Андижанском восстании 1898 г. Токтогула сослали в Сибирь сроком на 7 лет. Акын прошел «конвойным этапом» от Намангана до Москвы, оттуда до Иркутска. На каторге он вырезал комуз из сибирской сосны и приладил к нему струны от русской балалайки. Несмотря на необычное звучание инструмента, исполнитель от бога показывал такое мастерство, что узники слушали его с восхищением.

Все это отражено в стихотворении Токтогула Сатылганова «Айланган тоонун бүркүтү» («Я, как беркут, кружил в горах»). Сравним оригинал стихотворения с переводами Т. Жумамуратова на каракалпакский язык и М. Ватагина на русский язык. Напомним, что Марк Германович Ватагин – известный советский писатель, поэт, переводчик тувинского и калмыцкого фольклора. М. Г. Ватагин являлся членом Совета по киргизской литературе при Исполкоме МСПС (Международного сообщества писательских союзов), переводил киргизскую акынскую и профессиональную поэзию.

Т. Сатылганов:
Айланган тоонун бүркүтү,
Ак жерден торго чалындым.
Комузду күүгө келтирген,
Колума кишен салындым.
Ойлонуп түшкө кирбеген,
Керкоолорго багындым [2].

Перевод Т. Жумамуратова:
Бүркити едим таўлардың,
Жазықсыз торға шалындым.
Комузды күйге келтирген,
Қолыма қурсаў салынды,
Ойланып түске енбеген,
Гөркаўларға бағындым [12].

Перевод М. Ватагина:

Я, как беркут кружил в горах,
А теперь, вот, в сети попал.
Руки, что держали комуз,
Царь проклятый цепью сковал.
Должен голову я склонять
Перед тем, кто душою мал [Цит. по: 5, с. 63 – 64].

Т. Жумамуратов точно, буквально калькируя каждую языковую единицу оригинала, переводит на каракалпакский язык заглавие: «Айланган таудың бүркүти» («Кружащий над горами беркут»). М. Г. Ватагин подбирает, на наш взгляд, подходящий эквивалент образному строю заглавия: «Я, как беркут, кружил в горах». Переводчик допустил замену причастной формы – эпитета «кружащий» на глагол прошедшего времени «кружил», создав образ события, происходившего в прошлом. Допустимым видится также образ, переданный М. Г. Ватагиным через сравнение «как беркут», поскольку в оригинале сравнение передается изафетной конструкцией: «айланган тоонун бүркүтү», то есть буквально «кружащий (парящий) горный беркут», где лирический герой уподобляется беркуту. Следовательно, перевод М. Г. Ватагина по смыслу и образной структуре можно признать эквивалентным оригиналу. Точность перевода Т. Жумамуратова объясняется близостью, родственностью тюркских языков – каракалпакского и киргизского. Таким образом, каракалпакский перевод вполне понятен тюркоязычному читателю.

Однако в переводах Т. Жумамуратова и М. Ватагина наблюдается некоторые расхождения с оригиналом. Остановимся на них подробнее. Прежде всего, первую строку стихотворения переводчики перевели неравнозначно. У Т. Жумамуратова опущен образ «айланган» («кружащий», «парящий»), переводчик использует замену и вводит образ «едим». Согласно словарному толкованию данная форма образована от недостаточного вспомогательного глагола «быть». В частности, приводится пример: «мен аўруў едим я был болен» [6, с. 187]. Таким образом, буквальный перевод может быть таким: «Я был горным беркутом». В этом случае утрачивается поэтический образ «кружащего», «парящего» беркута, хотя скрытое сравнение лирического героя с беркутом остается.

Если обратиться к переводу, то обнаруживается вольное добавление переводчиком строки: «Царь проклятый цепью сковал». В оригинале такой строки нет. Надо сказать, что Токтогул, как правило, говорил о царе только в двух выражениях: «ак падыша» («белый царь») и «зулум падыша» («жестокий царь»), но эпитета «проклятый» мы не встретим ни в «сибирском», ни в других циклах акына. Слово «проклятие» (по-кыргызски «каргыш») звучит у него лишь в одном устойчивом обороте: «Каргыш тийген замана» – «Проклятое время» [6, с. 155]. Исследователь К. И. Мамбеталиев также обратил внимание на отсутствие в четвертой строке оригинала образа «проклятого» царя, сковавшего цепью лирического героя. Следует отметить, что за ссылку на каторгу Токтогул обвинял не русского царя, а киргизских манапов – правителей.

Далее, строку: «Ак жерден торго чалындым» Т. Жумамуратов перевел: «Жазыксыз торга шалындым». У М. Г. Ватагина: «А теперь, вот, в сети попал» («Без вины попал в сети». – Н. Т.). В оригинале автор пишет, если дословно перевести: «Был пойман в сети без вины». Т. Жумамуратов подбирает к слову «ак жерден» («без вины», «безвинно») синонимичный эквивалент «жазықсыз» [См.: 7, 210]. Данные синонимы обозначают человека, безвинно попавшего в тюрьму.

Перевод Т. Жумамуратова также следует считать эквиритмичным, поскольку переводчик в целом сохраняет 8-сложный стихотворный размер оригинала, его ритмический рисунок. В этом отношении перевод М. Г. Ватагина тоже можно считать эквиритмичным, поскольку переводчик находит близкий метрический аналог размеру оригинала. Однако чтобы сохранить размер оригинала и придать ему разговорную интонацию переводчик, на наш взгляд, немотивированно использует стечение наречий и частиц, например: «А теперь, вот…»

Можно сделать вывод о то, что переводы Т. Жумамуратова и М. Г. Ватагина обладают своими достоинствами. М. Г. Ватагин в целом адекватно воссоздает поэтические образы произведений Т. Сатылганова, его переводы в целом эквиритмичны, у переводчика преобладает вольный перевод.

Переводы Т. Жумамуратова точны в силу того, что переводчик в основном находит абсолютные эквиваленты, близкие аналоги, использует калькирование. Точность переводов Т. Жумамуратова

объясняется также родственностью киргизского и каракалпакского языков, с другой стороны, глубокими познаниями переводчика в области взаимосвязей каракалпакской литературы с кыргызской акынской поэзией. Можно сказть, что Т. Жумамуратову удалось передать для будущих поколений великое наследие Токтогула Сатылганова на каракалпакском языке.

В заключение можно сказать, что Тлеуберген Жумамуратов был зачинателем в деле перевода с кыргызского языка на каракалпакский язык. Он первым познакомил каракалпакских читатей с творчеством Токтагула Сатылганова. Его интерес к поэзии Токтагула объясняется творческой близостью автора и переводчика, так как Токтагул и Тлеуберген оба ценители фольклора, и они искусно владели мастерством фольклорных традиций. Именно поэтому, переводы из кыргызской поэзии Т. Жумамуратова являются принципиально новым явлением в искусстве перевода. Их уникальность заключается в том, что они адекватно воссоздают не только смысл, но и поэтику оригиналов стихотворений Токтогула Сатылганова.

Литература:

1. Джумамуратов (Жумамуратов) Тлеуберген Купбатулла улы (1915–1990 гг.) [Электронный ресурс] // Тлеуберген Жумамуратов. – URL: http://jumatleu.uz/index.php?id=biografy.

2. Токтогул. Стихи / пер. С кирг. Т. Жумамуратова. – Каракалпакстан: Нукус, 1983. – 65 с. (На каракалпак. яз.).

3. Фомкин М. С. С. Н. Иванов (к 70-летию со дня рождения) // Вестник Санкт-Петербургского университета. – 1992. Серия 2. Вып. 1. – С. 111.

4. Сатылганов Т. Избранное: в 2-х т. Т. 2. – Фрунзе: Адабият, 1989. – 264 с. (На кирг. яз.).

5. Токтогул Избранное: пер. с кирг. / сост. и коммент. М.А. Рудова; редкол.: Бобулов К. Б. (отв. ред.) и др.; вступ. ст. К. Б. Бобулова, с. 7–22. – Фрунзе: Адабият, 1989. – 326 с.

3. Мамбеталиев К. И. О художественном переводе кыргызских произведений на русский язык (анализ текстов)// Международный журнал прикладных и фундаментальных исследований. – 2017. – № 5–1. – С. 154–158.

4. Каракалпакско-русский словарь: около 30000 слов / АН Узбек. ССР; Каракалпак. комплексный науч.-исслед. ин-т; с прил. грамматич. очерка каракалпак. яз., сост. Н. А. Баскаковым; под ред. [и с предисл.] проф. Н. А. Баскакова. – М.: Государственное издательство иностранных и национальных словарей, 1958. – 892 с.

КУДАЙБЕРГЕНОВА ЗЕЙНЕП СОВХОЗБАЕВНА

Доцент, кандидат филологических наук,
Кыргызский национальный университет имени Жусупа Баласагына.
Кыргызстан. Бишкек

ТВОРЧЕСКИЙ ПУТЬ ТЛЕУБЕРГЕН ЖУМАМУРАТОВА И АЛЫКУЛА ОСМОНОВА

Культура и история тюркских народов богаты талантливыми, творческими личностями. Одним из таких великих многогранных талантов является поэт каракалпакского, узбекского народа Тлеуберген Джумамуратов. Поэт рано лишился отца, благодаря усилиям матери, сначала получил образование в старой школе (медресе), затем в 1931 – 32 годах учился в учебном комбинате в городе Арал. Свой творческий путь он начал с ранних лет и устное народное творчество стало для него источиком его большого творчества. Как подчеркивают многие литературоведы, особенность его творчества – в сочетании традиционного и нового в литературе. По мнению Юрия Карасева: «В Каракалпакии стихи поэта Тлеубергена Жумамуратова широко известны, сам он желанный гость в колхозах и совхозах, на предприятиях и школах. Это писатель, глубоко знающий жизнь своего края, своих земляков и историю каракалпакского народа. Его поэзия корнями уходит в родную почву, в национальный фольклор. И недаром он удостоен высоких званий народного поэта Узбекистана и народного поэта Каракалпакии» [1. 22]. От прославленных сказителей прошлого к поэту по эстафете времени перешел дар импровизатора. До сегодняшнего дня Тлеуберген Жумамуратов остается последним поэтом-импровизатором, сохранившим традиции каракалпакского народного фольклора. Поэт, зная традиции устного

творчества, владея высоким профессионализмом в письменной литературе и в философском осмыслении категорий духовности и нравственности, ввёл в поэзию новые виды и формы стихов. Это стремительные миниатюры; многокрасочные легенды; медлительные баллады и своеобразные четверостишия. Создал первый в национальной литературе, уходящий корнями в самобытный фольклор, роман в стихах «Красавица Макарья» [10]. «Он, кстати, и великолепный мастер устного экспромта – это у него от народных певцов и сказителей – бахсы и жирау. Его поэзия уходит корнями в родную почву, в национальный фольклор. И недаром он удостоен почетных званий народного поэта Узбекистана и народного поэта Каракалпакии, премии имени Бердаха» [2. 43]. Доктор филологических наук Фатима Муминова в своей статье о творчестве поэта подчеркнула: «Общественность Каракалпакстана и Узбекистана глубоко чтит память о жизни и деятельности талантливой и многогранной личности, народного поэта Тлеубергена Жумамуратова. Повсеместно широко отмечаются его юбилеи, его именем названы несколько школ, улица, известными художниками созданы портреты. Многие произведения, поэмы, стихи, баллады известного шаира изучаются на филологических факультетах вузов Каракалпакстана, по его творчеству защищены несколько выпускных квалификационных работ и магистерских диссертаций, а философские, литературные, публицистические воззрения стали предметом исследования кандидатских и докторских диссертаций. [5]. «Современные поэты редко, к сожалению, пытаются творчески переосмыслить фольклорное наследие. Уже хотя бы поэтому опыт Т. Жумамуратова, создавшего самобытное произведение по мотивам народных сказаний, заслуживает внимания и изучения. Не подражание безвестным мастерам поэтического слова минувших веков, но продолжение и развитие традиций создания многопланового и сложного по построению художественного полотна – вот что отличает новую работу поэта, отметившего недавно шестидесятилетие» [4. 34]. Джеймс Паттерсон о великом поэте: «Много удивительных легенд, фантастических сказок и поговорок, загадок, обрядовых песен сохранил в своей памяти степной народ каракалпаки. В дошедшем до нас фольклоре слышатся отголоски скрытого временем прошлого. Передо мной новая книга народного поэта УзССР и ККАССР Тлеубергена Жумамуратова «Красавица Макарья». В ней остается верен традиции своего народа, создавшего такие совершенные творения, как героическая поэма «Сорок девушек», воспевающая идеалы справедливости и гуманизма [12].

В том же году, точнее 1915 году на свет появился и кыргызский великий поэт, драматург, переводчик – Алыкул Осмонов. Он родился в селе Каптал-Арык нынешнего Панфиловского района Киргизской ССР в семье бедняка. Рано лишившись родителей, воспитывался в Пишпекском и Токмакском детдомах.

В 1929 – 1933 гг. учился во Фрунзенском педтехникуме. В 1932 – 1936 гг. работал в редакциях журнала «Чабуул» и газеты «Ленинчил жаш», а в 1937 – 1940 гг. – секретарем правления СП Киргизии на общественных началах. В дальнейшем занимался творческой работой. Кыргызский поэт А. Осмонов как многие литературоведы начал свое творчество с народного фольклора и написал лирико-романтических поэм по мотивам киргизского фольклора «Толубай», «Борьба характеров», «Карагул», «Тополь Эшимкана», лиро-эпических поэм «Удалец Мирза», поэм о Второй Мировой войне: «Воскресшие из мёртвых», «Дженишбек», «Три ноги», «Любовь».

В творчестве поэтов биографические факты всегда сопряжены с многообразными явлениями жизненной действительности, которая широко вошла в их произведение. Они осмысливают свою жизнь как часть народной истории и современности. Благодаря этому произведениях запечатлены их личный мир, и внутренний мир их современников. Один из автобиографических стихотворений Жумамуратова называется «Она».

Эй она биламан тилагимдасан,
Сен менинг мудоми юрагимдасан.
Қандай кўрадиган бўлсанг сен мени,
Мен ҳам жоним каби кўраман сени [3]

Кыргызский поэт А. Осмонов в стихи «Сила матери» написал так:

Выгнулась вдруг земля, двинулась гор круговерть
И покачнула двор, дрогнув, земная твердь.

Что же это кругом? Что предвещает гром?
Вижу: идёт мой сын, сын, одолевший смерть. (Пер. Михаила Синельникова).

Облик матери в этих стихотворениях приобрёл духовные черты, хранительницы очага, защитницы собственных детей и неизменной родительницы за всех обездоленных, оскорблённых и обиженных. Эти определяющие качества материнской души отображены и в других произведениях акынов. По мнению наших поэтов, человек неотъемлемая часть природы. Поэтому в их лирике мы видим много переплетений человека и природы, раскрытие образов человека через природу. Например в стихотворении Т. Жумамуратова «На берегу Арала» красота природы выразилась таким образом:

Арал кипит, на берег волны шлет,
Они клокочут, пенясь и бушуя,
И в тон им ветер, как дутар, поет,
Доносит песню вечно молодую [3. 324] Перевод Г. Юнакова

Как нам известно, Кыргызстан высокогорная страна, многие кыргызские таланты всегда изображают горы в своих произведениях. А. Осмонов в стихотворении «Киргизские горы» сравнивал горы с алмазнымы клинками и обломками пирамид.

Косые гребни скал безмерно высоки,
Вершины их – точь-в-точь алмазные клинки.
Сгрудились в тесноте обломки пирамид.
Оскалившись, торчат гигантские клыки [11.23].

Описание природы поэтов прежде всего служит средством выражения лирического чувства. Они обычно строят стихотворение так, что вначале даётся пейзаж – зримая картина природы, которая передаётся точными красочными деталями и проникнута определённым настроением, а в конце выражается лирическое чувство автора, раскрывается его внутренний мир. В стихотворении «На волне» автор изобразил внутреннюю связь между человеком и природой. Например:

Тортинма денгиз тортинма
Лаззат олдим кучингдан
Туғилган жонман тўлқинда
Қувондим қаттиқ ичимдан.

Деб яна айтдим дўстларга
Ёшлигим қайта ўралди
Чиққандай баланд чўққига
Тарқатдим дилдан хуморни...

Кыргызский поэт А. Осмонов считает Ысык-Куль своим неповторимым, вечным другом, который рассказывает о своей мечте:

Стыл Иссык-Куль атласно-голубой,
Блаженно и едва дышал прибой.
Я был с друзьями днём, а ночью поздней
с грядущим временем. Я был с тобой.
Я настоящее опережал.
Листал любимый том, и он дышал
в моих руках, и дорогие мысли
легко и радостно я продолжал.
И радовались, будто на пиру,
глаза – бумаге и рука – перу.
Я вышел на порог – звезда упала.
Тогда подумал я, что не умру [11] (Пер. Владимира Леоновича)

Поэзия А. Осмонова строилась как монолог, обращённый к морю, при виде морской стихии размышляет о «тайнах» природы и выражает чувство беспокойства перед «необъятными» и непонятными для него её силами. Авторы любуются морем, восторгаются им. Т. Жумамурадов и А. Осмонов не только создали лирические произведении, но и перевели произведении разных народов на родной язык. Например на каракалпакский язык перевел произведения О. Хайяма, А. Навои, Мактумкули, А. Токая, Т. Сатылганова, М. Джалила, А. С. Пушкина, М. Ю. Лермонтова,

А. Ахматовой, С. Щипачева, П. Панченко, В. Шефнера, С. Олейника, Ч. Енчинова и других авторов. Отдельными книгами на каракалпакском языке вышли его переводы «Рубаи О. Хайяма» и «Стихи Токтагула» киргизского поэта. Произведения самого Жумамуратова были переведены с каракалпакского на узбекский, казахский, русский, туркменский, татарский, башкирский и другие языки.

На кыргызский язык А. Осмонов перевел поэмы «Витязь в тигровой шкуре» Ш. Руставели (1939), «Хосров и Ширин» (1941) Низами, произведения У. Шекспира, А. С. Пушкина («Евгений Онегин», 1948), М. Ю. Лермонтова, И. А. Крылова и других. Ряд сборников стихотворений и поэм А. Осмонова издан на русском, эстонском языках. Литературовед Келлибек Камалов в своей статье о творчестве поэта выражал такое мнение: «Мен Тилеўберген Жумамуратов поэзиясындағы айрықша таланты, күшли импровизацияны құдиретли вулканға усатар едим. Кең даланы қақ бөлип, жерден бурқырап, пуў көтериледи, жалынлы еритпе пайда болып, тасқынлап, ҳаўаға атыла баслайды, лавалар селине айланады. Тез арада недәўир бийикликтеги конус, тик жарлары, қуламалары бар бийиклик, бәлент таў жүзеге келеди» [12.4].

В своих поэзиях литературоведы написали философские стихи на темы любви, молодости и счастья. В балладе «Девушка из Чимбая» в котором поэт нарисовал внутренную и внешную красоту девушку. Например:

Ясно помню и поныне:
Звёзды глаз, лица черты,
Тюбетеечка павлиньей
Небывалой красоты.
Вспоминаю, как робея,
Приходил я к ней домой
Я сидел, любуясь ею,
От волненья сам не свой.
В скромном платьице приятна,
А оденется /пойти
В гости или в клуб/ нарядно –
Просто глаз не отвести.
Не какая-нибудь фифа,
Работящий человек.
Ежедневно, терпеливо
Трудится её «ормек».
Было у кого учиться
Ремесло перенимать:
В этом деле мастерица
У неё родная мать.
Словом, скоро,
Парень бедный,
Потеряв покой и сон,
Безнадёжно, безответно
Я был по уши влюблён.
(Перевод с каракалпакского А. Каныкина)

А в стихотворении «Девичий взгляд» А. Осмонова поэт говорит о том, что когда рядом любимая, его ничего не устрашит.

Например:

Не устрашит меня тигриный грозный вид,
И сила мускулов его не устрашит.
Но, как ребёнок, обжигаюсь я, подчас,
Попав в насмешливый прицел любимых глаз.
И весь в сомнениях, теряю я покой –
Осознаёшь ли ты, что властна надо мной?

Тлеуберген Жумамуратов и Алыкул Осмонов стали лирическим голосом двух народа. В конце нашей статьи мы доказали многое общего в творческом пути двух великих личностей:

Т. Жумамуратов и А. Осмонов родились 1915 году.

Литературоведы начинали свои творческие пути с фольклора;

Литературоведы внесли большой вклад в обновлении кыргызской, хакасской поэзии, имевший пропагандистко-агитационный путь развития;

В своих лирических произведениях поэты обращались к любви, природе, родине, жизни, смерти, счастью, справедливости, человеческим ценностям;

Переводили литературные произведении других народов на родной языки;

Т. Жумамуратов и А. Осмонов отличаются с другими литературоведами своими многогранными творчествми.

Поэзия Тлеубергена Жумамуратова и Аликула Осмонова принимает к сведению лозунги эпохи и идет своим путем – дорогой столетий. Поэтому их стихотворения изменяются со временем, приносят новым поколениям свой новый смысл, новую весть.

Литературы:

1. Журнал «Огонёк» № 37, сентябрь 1979 г., стр.22
2. «O‘zbekiston adabiyoti va san’ati» газетаси 2015, 25 декабрь, №53. 43-47
3. Жумамуратов Т. Аралға келдим оралып. Нукус: Каракалпакстан, 2016. 324 с.
4. Журнал «Литературное обозрение» №9 1976 г. стр. 34
5. Муминова Ф. Многогранное творчество каракалпакского шаира Тлеубергена Жумамуратова.https://journal.fledu.uz/wp-content/uploads/sites/3/2020/05/u-f.-muminovoj.pdf
6. Садыков А. Традиции и новаторство в творчестве Алыкула Осмонова: Дисс. ...к.ф.н.: 10.01.03. – Ф., 1961.
7. Кыргыз залкарлары. Он томдук. 2-том. – Бишкек: Бийиктик, 2013.
8. Каллибек Камалов. Өшпес жулдыз. http://jumatleu.uz/index.php?id=pressa.
9. Самаганов Ж. Бир чыгармага арналган үч макала тууралуу // Советтик Кыргызстан, 1948, №1, 55-61-бб.
10. Справочник Союза писателей СССР 1961 г., 1976 г.; jumatleu.uz; ziyouz.uz; www.livelib.ru; www.ozon.ru
11. Философское осмысление духовно-нравственных ценностей в рубаятах Тлеубергена Жумамуратова
12. Паттерсон Джеймс. «Я сердце и жизнь отдам стране» // «Московский литератор», 8 июня, 1979.

ТУРСЫНМУРАТОВ ШУКУРУЛЛА МАДРЕЙМОВИЧ

Каракалпакский государственный университет имени Бердаха.
Узбекистан, Каракалпакстан, Нукус

РОМАН В СТИХАХ Т. ЖУМАМУРАТОВА «КРАСАВИЦА МАКАРЬЯ» В РУССКОМ ПЕРЕВОДЕ

История развития переводов с русского на каракалпакский и с каракалпакского на русский восходит к 20–30-годам XX века. Эти переводы способствовали дальнейшему развитию каракалпакско-русских литературных связей. В советский период художественные переводы лучших образцов национальных литератур обогатили и укрепили литературные связи. Переводческая деятельность в Каракалпакстане сыграла важную роль в процессе становления национальной литературы, и культурной интеграции в контексте общесоветской литературы. Взаимовлияние и взаимоотношение каракалпакской и русской литературы имеет очень глубокие и давние традиции. Разностороннее рассмотрение исторического опыта взаимных переводов дает основание сделать вывод, что двусторонний художественный перевод обогащает и укрепляет каракалпакско-русские литературные связи, а также предопределяет будущее взаимовлияния литератур. Именно благодаря труду первых переводчиков в каракалпакской литературе получили свое развитие новые жанры как проза и драматургия. Произведения классиков русской и мировой литературы стали неотъемлемой частью каракалпакской литературы. Начиная с 40-х до середины 90-х годов XX века лучшие образцы каракалпакской литературы стали переводиться на другие языки, особенно часто на русский язык. В этом огромная заслуга русскоязычных поэтовпереводчиков. На русский язык были переведены произведения многих каракалпакских поэтов начиная с классиков каракалпакской литературы до современных (Ажинияза, Бердаха, Кунхожа и др.). Такого большого масштаба переводной литературы, как в советские годы к большому сожалению, уже не будет в каракалпакской литературе. Благотворное влияние русской литературы особенно ярко видно на примере русско-каракалпакских литературных связей. Здесь уместно будет процитировать слова известного литературоведа Е. Эткинда: «… ни одна из великих европейских литератур не овладела чужим богатством с такой настойчивостью, такой спокойной уверенностью в собственной силе, в неизменности своего назначения». [1]

Актуальность художественного перевода еще и в том, что он связующий мост между разными народами, сближает культуры, помогает лучше понять друг друга и взаимно обогатиться. Особо

хочется подчеркнуть роль русского языка, как языка межнационального общения в странах бывшего советского союза. Русско-советский писатель М. Горький отмечал: «Речевая культура наших братских народов, их эпос, их песня благодаря переводу на русский язык становится достоянием миллионов людей. Перевод на русский язык – это ворота в мир для национального писателя». [2]

Среди этих произведений особое место занимает многоплановая поэма-дастан «Красавица Макарья» народного поэта Узбекистана и Каракалпакстана Тлеубергена Жумамуратова. После издания «Красавица Макария» в 1975 году, стояла большая задача, осуществить перевод и познакомить русскоязычных читателей бывшего советского союза с этим замечательным произведением каракалпакского поэта. Эту задачу решил замечательный переводчик тюркоязычной литературы поэт-переводчик А. Каныкин. В 1978 году роман в стихах Жумамуратова в русском языке был издан в Ташкенте издательстве имени Гафура Гуляма.

Ему удалось передать ритм, стиль, образность, а в особенности национальный колорит каракалпакского народа. В переводе А. Каныкина сохранена легкость жумамуратовского стиха, роман читается легко. Строки Жумамуратова естественно легли в стихотворные строки русского перевода А. Каныкина. Переводчик смог справиться с поставленной задачей-он передал дух оригинального текста.

К большому сожалению, перевод А. Каныкин романа в стихах «Красавица Макария», хотя прошло более полувека с времени издания этой книги, до сих пор не подвергнут серьезному анализу, недостаточно изучен каракалпакскими литературоведами, отсутствуют критические анализы о достоинствах, недостатках, и упущениях переводчика. Хотя появление этого перевода был большим событием в литературной среде. Например, вот что пишет писатель, литературовед, публицист, критик из Америки Джемс Паттерсон в 1979 году о достоинствах этого произведения: «В ней он остается верен традиции своего народа, создавшего такие совершенные творения, как героическая поэма «Сорок девушек«, воспевающая идеалы справедливости и гуманизма» [3]

Безусловно это заслуженная оценка романа в стихах Тлеубергена Жумамуратова, где поэт умело, передал дастанный стиль в авторском переосмыслении. В произведении поэт сумел соединить дастанный романтический жанр с национально-исторической основой реальными событиями и лицами. (Ешмурат хан, Ерназар алакоз, письмо каракалпаков к Екатерине II и т.п.).

Историзм романа в стихах не внешний, а глубинный, цель поэта не только точное и достоверное изображение событий далеких лет, а еще и раскрытие правды исторических процессов. Поэт умело использовал литературный прием как художественный вымысел, опираясь при этом на фольклорные мотивы. Вот что пишет Людмила Кислова: «Современные поэты редко, к сожалению, пытаются творчески переосмыслить фольклорное наследие. Уже хотя бы поэтому опыт Тлеубергена Жумамуратова, создавшего самобытное произведение по мотивам народных сказаний, заслуживает внимания и изучения» [4].

Перевод – это сложный и трудоемкий вид творческой деятельности, это не только перевод «с одного языка на другой». Здесь есть свои «подводные камни», поэтому перевод художественного произведения требует всестороннего подхода к оригинальному тексту, мало знания конкретного текста нужно учитывать национальные и исторические, социальные особенности, тем более если это многоплановое произведение как «Красавица Макарья».

Следует подчеркнуть, что переводчик проделал большую и кропотливую работу, он старался сохранить авторский стиль. Необходимо отметить, что в переводе наряду с достижениями имеют место и определенные недочеты. Метафоры, эпитеты, сравнения.пословицы, слова-реалии и фразеологические обороты при переводе не получили своего полного раскрытия. Особенность дастана-поэмы Т. Жумамуратова – это рифмованность текста. Переводчик не смог, в некоторых местах передать эту художественную особенность в русском переводе.

Еще в прологе были опущены географические название местности Туран, Туркестан, Кызылкум, а река Жайхун заменена на Аму; «Жулқынар Жайхун ылғалды урып/ Люблю смотреть я, как летит Аму».

Следующая строка «… ғәрип-қәсир мәлленипти сол тойдан» из I главы в русском переводе передан не совсем верно: «Угощали всех бродяг, сирот и вдов», «ғәрип-қәсир» собирательный образ

бедных и нищих, а использование слов бродяга, (диўана), сирота (жетим) и вдов (жесир) снижает ценность заложенной в нем мысли. При переводе отдельных выражений переводчик использовал лексические обороты, исходя во многом из собственных представлений. В качестве примера можно привести: «Теңге шашпақ жеңгелердиң ырымы» в переводе «Давкара швырял в толпу деньги, как велит обычай вековой», что совсем не верно, во-первых «теңге» – монеты, а во-вторых бросают в толпу монеты, по обычаю каракалпакского народа исключительно женщины-снохушки. Перевод оборота «қара жарындай» как «черный водопад» нуждается в уточнений, поскольку слова «жар» – здесь в значений обрыв, яр, утёс, высокая скала, но никак не «водопад».

«Бурымлары таўдың қара жарындай» / Стали косы – словно черный водопад.

Переводчик старался передать оригинальный текст более знакомыми лексемами для восприятия русскоязычного читателя, поэтому в некоторых местах он прибегнул вольному переводу, а иногда даже к пропускам словесных оборотов. Например:

«Жеңилмес адамман» – деў мақул болмас,	«Не считай себя превыше всех ни в чем»
«Утылса, өзин қорлаў – ақыл болмас,	«Светлый день сменится может черным днем»,
«Адам гейде жеңеди, жеңиледи,	«Проиграв, найди причину- почему,
Дүньяда оқ өтпестей батыр болмас».	«А иначе будешь ты плохим бойцом».

Вот еще один пример того, что вольный перевод способен полностью раскрыть значение каракалпакского варианта. Вольный перевод существенно повышает их художественность, как в случае с этим примером:

Қызына унап орыстың жери,	И времени не упуская зря.
Үйренип қалды келгеннен бери.	Макарья, чуть затеплится заря,
Унатты бунда елиниң салтын,	С подругами шла в рощи и поля.
Жат көрмес жанды орыстың халқы.	Понравилась ей русская земля.

Несмотря на некоторые допущенные ошибки, в целом Аркадии Коныкин смог передать лирический пафос, национальную мелодику и ритмический строй. Вот один из таких примеров:

Шалқыған дәрья, бурқыған ағып,	/	Размеренна, упруга и сильна,
Таўлайды Едил дабылын қағып.	/	О берег была волжская волна.

Переводчик сумел раскрыть те исконно каракалпакские понятия, выражения, которые переваливает в творчестве Т. Жумамуратова. Он верно передал содержание и идею поэмы, сохранил форму стиха, в переводе не так много существенных отступлении от оригинального текста:

Қәстерлеп ядта сақладым бирин,	Я много лет один такой рассказ,
Жаныма азық сезилди маған.	Хранил глубинах сердце моего.
Өрмегин тоқып әсирлер бурын,	И кажется мне, должен я сейчас,
Жүректиң сазын шертипти бабам.	Доверить современникам его.

Дастан-поэма «Красавица Макарья», в котором выражено не только народнопоэтическая основа, но и сильное литературное начало. Об этом пишет московский критик Юрий Карасев: «Я беру на себя смелость утверждать, что «Красавица Макарья» в каракалпакской (да и в одной ли каракалпакской?) литературе-произведение не только заметное, но и новаторское». [5]

Можно с уверенностью сказать, что в целом адекватный поэтический перевод осуществлен. Особо хочется отметит уважительное и бережное отношения Каныкина – переводчика к культурному наследию каракалпакского народа.

Литература:

1. Жумамуратов Т. Макарья сулыў. Нукус 1975-ж.
2. Жумамуратов Т. Красавица Макарья. Нукус 1986 г.
3. Эткинд Е. Русские поэты – переводчики от Тредиаковского до Пушкина. Ленинград., 1973, с.3.
4. Паттерсон. Я сердце, жизнь и песнь отдам стране. //Газета «Московский литератор». 8.06.1979. №22.
5. Караев Ю. Братство народов – братство литератур. //Газета «Вечерний Ташкент» 10.09.1979.
6. Кислова Л. Дружбе вековой я гимн пою!... //Журнал «Литературное обозрение» №9. 1976 г. С. 34.
7. Горький М. Собрание сочинении в 30-томах. М. Наука, 1988 г., с.342. УДК: 391.

НУРГАЛИЙЕВА ГҮЛАЙЫМ АЙМУРАТОВНА

Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети.
Қарақалпақ филологиясы ҳәм журналистика
факультети студенти.
Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

ТИЛЕЎБЕРГЕН ЖУМАМУРАТОВТЫҢ ШЕБЕР АЎДАРМАСЫ: «Балықшы ҳәм алтын балық ҳаққында ертек»

Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық шайыры Тилеўберген Жумамуратов талантлы шайыр болып қалмастан қәлеминен зер тамған аўдармашы. Ол аўдармалаған дөретпелер ишинде рус классик шайыры А. С. Пушкинниң «Балықшы ҳәм алтын балық ҳаққында ертек» дөретпеси айрықша көзге тасланады. Инсан өмириниң ең әҳмийетли, ең бахытлы дәўири – балалық. Балалар ушын арналған бул шығарма тек жасы кишилерге ғана дурыс жолды силтеп қалмастан, өз нәпсиниң қулы болған айырым ересек адамларды да тәртипке шақырып қояды. Шығарма бир неше мәрте жарық көрген. 2015-жылы «Билим» баспасынан өз алдына китап болып басылып шықты.

Аўдарманың дәслепки қатарларынан баслап-ақ әжайып көркемлеў қуралларынан пайдаланылған, ертекте қолланылған қарақалпақша сөзлер балалардың сөз байлығын арттырыўына жәрдем береди:

Мунарланған көк теңиздиң қасында,
Қостары бар қосылысқан жасында.
Отыз үш жыл жыртық төле паналап,
Бир ғарры шал жасап келди усында [1: 3].

Бул қатарлар ертектиң түп нусқасынан парықлы турде инверсияланып келген. Лекин, шайыр сол төрт қатар мазмунын ҳеш қандай өзгериссиз ана тилимизде жеткерип бере алған. Аўдармада қолланылған «мунарланған» сөзи экспрессивликти арттырып, шығарманы қарақалпақ тилиндеги аудиторияға сәйкеслестирген.

Бул аўдармада шығарманың түп нусқасынан мазмуны сақланған, лекин тиккелей сол сөзлердиң аўдармалары менен берилмеген қатарлар ушырасады:

«Теңизиме жибер мени қун алып,
Өзим ушын қымбат нәрсе төлейин,
Не тилесең, тилегиңди берейин» –
Деген ўақта ҳайран қалып қорқады,
Ҳеш көрмеген бундай истиң ҳүрейин. [1: 4].

Бул қатарлар рус тилиндеги түп нусқада төмендегише келтирилген:

«Отпусти ты, старче, меня в море!
Откуплусь чем только пожелаешь».
Удивился старик, испугался:
Он рыбачил тридцать лет и три года,
И не слыхивал, чтоб рыба говорила. [2 : 4]

Бунда ғаррының отыз үш жыл балықшылық еткенлиги келтирилген. Ал, аўдармада болса бул жыллар айтылмаған ҳәм әпиўайыластырылған. Сондай-ақ, шығармада кемпирдиң патшайым болыўды қәлейтуғынлығын айтқан қатарларында да өзгерислер байқалады:

Испугался старик, взмолился:
– Что ты, баба, белены объелась?

Ни ступить, ни молвить не умеешь,
Насмешишь ты целое царство. –
Осердилась пуще старуха,
По щеке ударила мужа [2: 11].

Түп нусқада берилген бул қатарларда ғарры тәрепинен кемпирине ел басқарыўға ҳәрекет еткени менен ел-журтқа күлки болатуғынлығы айтылған. Қарақалпақ тилиндеги аўдармада да дәл усы мазмунды аңлататуғын қатарлар берилген, лекин жоқарыда айтып өтилген гәп тиккелей аўдармаланып қолланылмаған:

Ғарры шоршып кемпирине жалынды,
«Мәжгүн болма, ҳаял, қыйнап жаныңды.
Патша болыў ойыншық па сен ушын,
Не себептен билмейсең өз ҳалыңды?» [1: 11]

Дөретпеде кемпириниң ғаррыға айтқан сөзлери, оны кемситиўлери берилген қатарлар түп нусқада: «Дурачина ты, простофиля!.....» – деген сөзлер менен жазылған болса, қарақалпақ тилиндеги аўдармада: «Аңқаў, ақмақ түўелмеди керегиң?!.....», «Сен бир ладан, мий қалмаған басыңда!.....», сыяқлы қатарлар менен берилген, онда синоним сөзлер қолланылып, бул арқалы тилимиздиң бай екенлиги көрсетилген. Бундай қатарлар ертектиң еле де тәсирли болыўына үлес қосқан.

Аўдармада бүгинги күнде көпшилик қоллана бермейтуғын сап қарақалпақ тилиндеги «аслаў» (үлкен табақ, ыдыс), «керсен» (табақтан үлкенлеў, самардан кишилеў, ағаштан исленген табақ), «қамқа» (алтын-гүмис жалатылған жип пенен тығыз етип тоқылған жип гезлеме), «ладан» (аңғөдек, аңқаў, бос, гөдек) ҳәм «тақсыр» (жасуллыларды ҳүрмет, иззет еткенде айтылатуғын сөз) сыяқлы сөзлер келтирилген. Булардың балалар ушын арналған шығармада берилиўи ана тилимиздиң таза сақланып, «жарлы»ласып кетпеўине өз пайдасын тийгизеди. Ертек бүгинги күнде де әҳмийетин жойтпаған машқаланы өзинде көтерип шығады. Нәпсине қул болыўдың, барына шүкиршилик ете алмаўдың ақыбети қандай болатуғынлығы ең соңғы қатарларда оқыўшыға тәсирли түрде жеткерилген:

Күте-күте ақырында жалықты,
Қайтып келсе жыртық төле қалыпты.
Кемпир отыр босағада мелшийип,
Қапталында аслаўы тур жарықлы [1: 15].

Жуўмақлаў сөзимизде соны айтқымыз келеди, гейпара инсанлар шығармаларды өз жазылған тилинде оқыў арқалы ғана, оның тийкарғы мазмунын аңлаў мүмкин деп есаплайды. Бирақ, бул аўдарма мысалында алып қарайтуғын болсақ, жоқарыдағы пикир надурыс. Тилеўберген Жумамуратов Александр Пушкинниң «Балықшы ҳәм алтын балық хаққында ертек» дөретпесин аўдармалай отырып автордың ой-пикирин ҳәм сезимлерин жоқары дәрежеде, мәнисин сақлап жеткере алған. Бул Тилеўберген Жумамуратовтың шебер аўдармашы екенлигиниң дәлили.

Әдебиятлар:

1. А. С. Пушкин. Балықшы ҳәм алтын балық ҳаққында ертек. Нөкис: «Билим» баспасы, 2015.
2. А. С. Пушкин «Сказка о Рыбаке и рыбке» издательство З. И. Грежбина Петербург Берлин: 1922.
3. Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги II том. Нөкис: «Қарақалпақстан» баспасы, 1984.
4. Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги III том. Нөкис: «Қарақалпақстан» баспасы, 1988.
5. Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги IV том. Нөкис: «Қарақалпақстан» баспасы, 1992.

5. ТИЛ ИЛИМИ. ЛИНГВИСТИКА. LINGUISTICS

АБДИНАЗИМОВ ШАМШЕТДИН НАЖИМОВИЧ

Филология илимлериниң докторы, профессор
Қарақалпақ мәмлекетлик университети.
Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

МИЛЛИЙ ТИЛИМИЗ ТАРИЙХЫНДА ТИЛЕЎБЕРГЕН ЖУМАМУРАТОВ ДӨРЕТИЎШИЛИГИНИҢ ӘҲМИЙЕТИ

Әдебий тил – улыўма халықлық тилдиң раўажланған, ҳәммеге түсиникли, қунлы, стильлик жақтан сараланған түри есапланады. Әдебий тилимиздиң үзиликсиз раўажланып отырыўы, әлбетте, жазыўшы-шайырлардың мийнетлериниң, шығармаларының тиллик байлығына, тиллик өзгешелигине де байланыслы. Көркем әдебият тили, оны изертлеў мәселелери бүгинги күндеги тил билиминдеги оғада әҳмийетли мәселелерден есапланады. Қарақалпақ әдебиятының түрли дәўирлеринде халықтың руўхый ҳәм мәдений раўажланыўында өз дөретпелери арқалы үлес қосқан сөз шеберлериниң тилин изертлеў, стильлик дәстүрлерин саралаў арқалы әдебий тилимизди байытыўға қосқан үлеслерин ашып көрсетиўдиң әҳмийети үлкен.

Ҳәр қандай сөз шебери көркем шығармаларды дөретиўде халықтың миллий әдебий тилинен, тил бирликлеринен пайдаланады. Ал, сол шығарманың көркем тиллик баҳалылығы дөретиўшиниң тил бирликлеринен қай дәрежеде қоллана алыўы менен байланыслы.

Шайыр Тилеўберген Қупбатулла улы Жумамуратов қарақалпақ поэзиясының идеялық, мазмунлық ҳәм формалық жақтан раўажланыўына, сондай-ақ, көркем әдебий тилимиздиң ҳәр тәреплеме байып раўажланыўына үлкен үлес қосқан сөз шебери.

Халық шайыры Тилеўберген Жумамуратовтың дөретиўшилик жолы, оның дөретпелериниң өзине тәнлиги, шығармаларының көркем тили, өмир жолы ҳаққында уллы алымлар, сыншылар, белгили устазларымыз өзлериниң оғада баҳалы пикирлерин айтып өткен.

«Тилден пайдаланыўды еле жақсы билмейтуғын көплеген жас авторларға мен халық тилиниң таптырмайтуғын шеберлери Қ. Айымбетовтан, Т. Жумамуратовтан, С. Нурымбетовтан үйрениңиз дер едим», – деп академик М. Нурмуҳаммедов шайыр дөретиўшилигин жоқары баҳалаған [1. 4]. Ал, сыншы профессор Қ. Султанов: «Бир илимпаз, бир тилши, бир әдебиятшы қарақалпақ тилин қанша дәрежеде терең билемен десе де, Т. Жумамуратовтай билиўи мүмкин емес. Буны айрықша белгилеп өтиў керек» – деген илимий сын пикирин билдирген [2: 68 – 70].

Сондай-ақ, белгили сыншы илимпаз, профессор С. Ахметовтың: «Тилеўберген Жумамуратовты толық мәнисинде халық шайыры дегенде, тағы да мынадай жағдайларға дыққат аўдарғым келеди. Шайырдың поэзиялық шығармаларының ең жақсыларын жоқары көркемлик, тәбийғый уйқас, орынлы үйлесим, қосық қатарларындағы логикалық ойдың тереңлиги, халықшыллығы, ойда сақланарлық әпиўайы ықшамлық бар. Ол халықтың тил байлығын жетик билетуғын, ойында тоқығаны көп, билимдан шайыр. Мине, оның усы тәрепи көпшиликти таң қалдыратуғын еди», [3] – деген пикириниң өзинен-ақ шайыр шығармаларының тилиниң оғада қунлылығын, көркемлигин, халықшыллығын аңлаймыз.

Т. Жумамуратов тилди терең билген шайыр екенлигин биз оның аўдармаларынан да терең байқаймыз. Уллы шайырлардың дөретпелерин, әсиресе, поэзиялық шығармаларын, ана тилине талапқа сай дәрежеде аўдарыў ушын тап сол сөз шеберинен кем болмаған талантқа ийе болыў шәрт. Шайыр Омар Ҳайямның философиялық рубайыларын, Муўса Жәлилдиң дәртли лирикасын, Тоқтағулдың даналық термелерин ҳәм де А. С. Пушкинниң «Жазыўшы менен алтын балық» ертегин қарақалпақ тилине жүдә шеберлик пенен аўдарма ислеген. Тилеўберген Жумамуратов қәлеген

халық аралық аренадағы классик сөз шеберлери менен «беллесе алғандай», ретинде белгили шығармаларын дәсме-дәс пародиялар түринде дөрете алғандай көркем сөз устасы еди [4: 316 – 330].

Ҳақыйқатында да, уллы шайырдың дөретиўшилиги ҳәм оның тилиниң қунлылығы, ширелиги шет елли илимпазлар тәрепинен де баҳаланды. Америкалы Джеймс Паттерсон: «Макарья сулыў» дәстаны әдиллик ҳәм гуманизм идеяларын жырлаўшы «Қырық қыз» киби әжайып қаҳарманлық дәстанды дөреткен халық дәстүрлерине садық қалған» [5] – деп айтса, илимпаз Анатолий Щербаков: – «Макарья сулыў» поэмасы қосық романында жарқын образлылық, афоризмлилик, асығыс диалоглар, юморға толы халық тили қарақалпақлар турмысын кең түрде анық, исенимли көрсетиўге мүмкиншилик берген» [6: 134] деп көрсетеди. Сондай-ақ, москвалы Юрий Карасев, Людмила Кислова ҳәм т.б. шайыр шығармаларының тилиниң көркемлигине унамлы пикирлер билдирген [7: 22, 15].

Жоқарыда уллы алым профессорлардың, белгили илимпазлардың шайыр шығармаларының өзгешеликлери, көркем тили ҳаққында айтқан пикирлеринен Т. Жумамуратовтың қарақалпақ тилиниң ҳақыйқый маманы, оның жанкүйери болғанлығын аңлаймыз. Тилеўберген Жумамуратов қарақалпақ тилиниң раўажланыўына ҳәм бүгинги күнги дәрежеге жетип келиўине өзиниң үлкен үлесин қосқан шайыр деп толық айтыўға ҳақылымыз. Оның усынысы менен Жазыўшылар аўқамының арнаўлы үлкен әнжуманы өткерилип, онда Т. Жумамуратов «Тил байлығы – ел байлығы» атамасында баянат ислеген. Ол өз баянатында түркий тиллер ишинде қарақалпақ тилиниң әҳмийетли орны, оның раўажланыўы мәселелери ҳаққында кең тоқтап өткен. Шайырдың усы әнжуманда жасаған баянатына нәзер аўдарып қарасақ оның дөретиўши сыпатында тилимиздиң пайда болыў ҳәм раўажланыў тарийхына, ана тилимиздиң байлығына, көркемлик өзгешеликлерине, тилимизде сөзлерди таза, орынлы ҳәм дурыс, қәтесиз қолланыў мәселелерине ҳәм де тилде сөзлерди қолланыўда терең билимге ийе болыў кереклигине үлкен дыққат аўдарғанлығын көремиз: «Тил адам баласын бир-бирине жақынластырыўшы, бир-бирин түсиндириўши, бирлестириўши қурал. Сонлықтан, ол ҳәммеге ортақ. Әсиресе, жазыўшылар, алымлар, журналистлердиң тилге кәмиллиги жетиспесе, олардың қолларындағы әсбаплары аз, бар болса да өткирлиги жоқ, тыйпылып қалған пышақтай деген сөз. Енди оның менен ҳеш зат ислей алмайды. Соның менен бирге, тил, әдебият, тарийх илимлери бир-бири менен байланыслы, биреўиниң уңқыл-шуңқылын билиў ушын, екиншисин де билиў зәрүр. Бизлер ана тилимизди соныңдай етип қәдирлеп сақлаўға миннетлимиз. Бәшәрт, бурын турмысымызда бир нәрсе болса, оның аты болады. Егер оған ат таба алмасақ, онда өз тилимизди билмеген боламыз. Ҳәмме адамның он еки мүшеси бирдей түўел болмаған. Сонда базы биреўлер қарақалпақша ат таба алмай, «инвалид» деп жазғанына өкинемен. Мысалы: қарақалпақтың өзиниң бай тилинде оның «майып», «мүгедек», «ләкет», «ләң», «жарым жан» дегенге усаған толып атырған синонимлери бар.

Қарақалпақ тилин түркий тиллериниң ишиндеги ең бай тиллерден деп есаплайман. Оған дәлил, қарақалпақ тилиниң түп сағасы бурыннан белгили қыпшақ тили, соңынан қыпшақ-ноғай тили менен жалғасқан болса, тағы бир неше әсирлер бойы қарлуқ-уйғыр, қарлуқ-хорезм ҳәм оғуз тиллери менен бәрҳа байланысып келген. Әлбетте, халықлар бир-бирине қатнасыў арқалы тилге тил қосылып, байый беретуғыны тақыйық. Мине, қәлемкерлер шығарма жазыўда бир сөзде қатып қалмай тил байлығынан толық пайдаланыў керек. Оның ушын үлкен устазлардан тәлим алған шеп болмайды. Ол устаз – халық. Ҳәр бир қәлемкердиң кисесинде пайдаланылмай жүрген сөзди жазып жүретуғын «блокноты» болыўы керек. Биз ана тилимизди қәдирлеп сақлаўымыз лазым [8, 1].

Белгили шайыр Т. Жумамуратовтың шығармаларының тили ҳәм оның изертлениўи мәселесине бүгинги күнге шекем әдебияттаныў илими көзқарасынан баҳа берилип келди. Бул, тийкарынан, шайырдың шығармалары лингвистикалық бағдарда изертлениўи тийис деген уғымды аңлатады. Себеби, Т. Жумамуратов шығармалары шайырдың жеке өзиниң мийнетлери, дөретпелери болып ғана қоймастан, бул пүткил халқымыздың тил байлығын, сөзлик қорының кеңлигин көрсетеди. Себеби, Т. Жумамуратов өз шығармаларында қарақалпақ миллий әдебий тилиниң ең тийкарғы үлгилерин көрсетип бере алған.

Т. Жумамуратовтың шығармалары лингвистикалық бағдарда тилши илимпаз Е. Алланазаров тәрепинен қарақалпақ тилинде метафоралардың стильлик қолланылыўы мысалында [9] үйренилди, бул дөретиўшиликтиң тил билими аспектинде изертлениўине баслама ҳәм илим тара-

ўында әҳмийетли жаңалық болды. Усы диссертациялық жумысқа илимий басшы, белгили тилши илимпаз, профессор Е. Бердимуратов баспасөзде мынадай пикирлерин билдирген еди: «Т. Жумамуратовтың поэзиясы лингвистикалық бағдарда үйрениле баслады. … Т. Жумамуратов талантлы көркем сөз шебери, халық тилин барынша меңгерген көркем сөз устасы, сезимтал лирик сыпатында ишки сезимлерди, лирикалық қаҳарманның ишки кеширмелерин, руўхый дүньясын, психологиясын, сезимлерди, сезим туйғыларын көркем сүўретлеўде кең қолланып киятырған тиллик қуралларды, солардың ишинде, метафораларды ең керекли орнында, ең керекли мәни, тәсирлендириўши күш ретинде дурыс таңлайды, дөретиўшилик пенен халықлық тилдиң үлгилерине, дәстүрлерине сәйкес жеке стильлик метафораларды да дөретеди, оларды поэтикалық сөйлеў айналысына ықшам үйлестиреди… Олар сүўретленген көркем ой-пикирге қосымша экспрессия берип турады. Бул оқыўшыға бирден-ақ тәсирлилиги менен сезиледи» [10].

Ҳақыйқатында да, Тилеўберген Жумамуратовтың қәлеген дөретпеси тилдиң образлы көркемлеў қураллары менен байытылып жазылған. Ҳәр бир дөретпесинде гипербола, теңеў, эпитет, метафора сыяқлы тилдиң көркемлеў қуралларын өзгеше усылда қолланған. Шайыр өз дөретпелеринде халқымыздың үрп-әдетине, миллий дәстүрлерине, этнографиясына, психологиясына, географиясына, жердиң тәбиятына шекем кең орын берилген. Оның шығармаларының халықшыллығының да тийкарғы себеби – сол. Т. Жумамуратов халық тилинен, миллий тилимиз – қарақалпақ тилиниң байлықларынан барынша толып-тасып пайдаланды.

Көркем сөздиң асқан шебери, әжайып талант ийеси Тилеўберген Жумамуратов халқымызға өлмес мийрас қалдырды, өмирди үлкен йош пенен жырлап өтти, умытылмас образлар дөретти, өзиниң әдебият, миллий тилимиз тарийхындағы орнын ең жақсы шығармалары менен белгилеп кетти. Бул пикирлеримиздиң бәнт басарын шайырдың: *Дизил сөзлерим жулдыздай, Жалтылдап турсын құндыздай, Сөз саллансын сулыў қыздай, Сүйсин шадлы елим мениң,* – деген қатарлары арқалы анық аңлаймыз. Шайыр Тилеўберген Жумамуратов халықтың әдебий тил маржанларын өзине терең өзлестирген, оннан жүдә утымлы пайдаланып халықтың жүрегинен терең орын алған күшли халық шайыры болып ғана қалмастан, миллий тилимиздиң раўажланыўына өзиниң үлкен үлесин қосқан қарақалпақ тилиниң ҳақыйқый жанкүйери еди.

Әдебиятлар:

1. Жумамуратов Т. Аралға келдим оралып. Алғы сөз. – Нөкис: Қарақалпақстан. 2016.
2. Султанов Қ. Шайыр жолы. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1986. – Б. 68-70.
3. Ахметов С. Халықтың сүйиўшилигине бөленген шайыр. – Нөкис, 1992. http://jumatleu.uz/index.php?id=pressa
4. Баҳадырова С., Мамбетниязов Т. Қарақалпақ поэзиясының өшпес жулдызы. – Нөкис: 2005.– Б. 316-330.
5. Джемс Паттерсон. Газета «Московский литератор». 8 июня, 1979. №22.
6. Анатолий Щербаков. Звезда Востока. 1980. №3. – С.134.
7. Юрий Карасев. Огонек №37, сентябрь. 1979. – С. 22. Испытанная веками: Людмила Кислова. Журнал «Смена». №12. Июнь, 1977. – С. 15.
8. Жумамуратов Т. Тил байлығы – ел байлығы. Шайырдың үй архивинен.
9. Алланазаров Е. Қарақалпақ тилинде метафоралардың стильлик қолланылыўы (Т. Жумамуратовтың поэтик шығармалары мысалында). АКД. – Нөкис. 2002.
10. Бердимуратов Е. Поэзия булағын тастырған шайыр. «Қарақалпақстан жаслары» газетасы, 12-июнь, 2003. №25(7210).

ПИРНИЯЗОВА АЛИМА ҚУДИЯРОВНА

Филология илимлериниң докторы,
Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты.
Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

ТИЛЕЎБЕРГЕН ЖУМАМУРАТОВ ДӨРЕТИЎШИЛИГИ – ХАЛЫҚ ТИЛИ ДҮРДАНАЛАРЫНЫҢ ҒӘЗИЙНЕСИ

Тилеўберген Қупбатулла улы Жумамуратов – драматург, дилмаш, публицист, тарийхшы, әдебият, тил, көркем өнер билимданы. Ол көп санлы лирикалық, сатиралық қосықлар ҳәм поэмалар

дөретти. Оның көплеген шығармалары рус, өзбек, қазақ ҳәм басқа да туўысқан миллетлер тилине аўдарылды. Т. Жумамуратовтың әдебий дөретиўшилиги бир қанша дәрежеде изертлеў объекти болғаны менен оның шығармаларының тили бүгинги күнге шекем арнаўлы түрде изертленбеди. Т. Жумамуратов шығармалары лингвистикалық бағдарда да изертлениўге ылайық. Себеби, Т. Жумамуратов шығармалары шайырдың жеке өзиниң мийнетлери, дөретпелери болып ғана қоймастан, бул пүткил халқымыздың тил байлығын, сөзлик қорының кеңлигин көрсетеди. Ол өз шығармаларында қарақалпақ миллий тилиниң ең тийкарғы үлгилерин көрсетип бере алған.

Шайыр шығармаларында қарақалпақ халқының лексикалық, фразеологиялық байлықлары көркем сүўретлеўдиң ең баслы дереги сыпатында қолланылады. Ол – қарақалпақ фольклоры ҳәм классик әдебият ўәкиллериниң шығармаларында қәлиплескен дәстүрий бай тәжирийбелерди қарақалпақ әдебиятының буннан былай да раўажланыў жолында өзине тән бийтәкирар өзгешелиги менен байытыўға елеўли үлес қосқан көркем сөз шеберлериниң бири. Оның поэзиялық шығармаларының тилин изертлеў ҳәм үйрениў арқалы шайырдың қарақалпақ тилиниң лексикалық бирликлеринен, сөзлик байлығынан орынлы ҳәм өнимли пайдаланғанлығын көриўге болады.

Ҳәр қандай халықтың миллий өзгешелиги, сөз байлығы ең дәслеп лексикасында көринеди. Ал, халықтың бай сөзлик қоры оның аўызеки сөйлеў тилинде, жазба тилинде жасайды. Көркем шығармалар тилиниң бир өзгешелиги: онда барлық стиль көринислерин, жазба тил формаларын (рәсмий, публицистикалық, көркем әдебий, рәсмий емес, аўызеки қарапайым, аўызеки әдебий тил нормаларын) қамтый алыўында болып табылады.

Ҳәр бир инсанның өз ана тилинде пикирлерин басқаларға тәсирли, мазмунлы жеткериўинде ҳәр бир сөздиң орны айрықша. Ал, пикирди тәсиршең етип басқаларға жеткере алыўда ҳәр бир сөзди, сөз формаларын, ҳәттеки, пәтти, сести де өз орнында орынлы дурыс қоллана алыў керек. Бунда ең тийкарғы сөз байлығы халықтың тилинде, ал, халық тилиниң сан әлўан тиллик байлығы болса көркем шығармаларда жәмленген.

Т. Жумамуратов қарақалпақ тилиниң сөзлик байлығынан оғада шебер пайдалана алған. Бул ҳаққында белгили әдебиятшы профессор Қ. Султанов былай жазады: «Бир илимпаз, бир тилши, әдебиятшы қарақалпақ тилин қанша дәрежеде терең билемен десе де, Тилеўберген Жумамуратовтай билиўи мүмкин емес. Буны айрықша белгилеп өтиў керек» [3, 4].

Т. Жумамуратов шығармаларында қарақалпақ тилиниң сөз байлығынан оғада шеберлик пенен пайдаланған. Ҳәр бир көркем сөз шебери өзине тән усыл тийкарында халық тилиндеги нақыл-мақаллар, фразеологизмлер, сөзлердиң синонимлик вариантларын өз шығармаларында көркем сүўретлеў қуралы ретинде қолланады.

Тил – көркем әдебияттың тийкарғы элементи. Шығарма дөретип атырған автор тилди қанша жақсы билсе, шығармалары сонша тәсирли, халықтың сүйип оқыйтуғын дөретпеси болады. Т. Жумамуратов тилди билиў дәрежесине қарай көркем сөз устасы сыпатында баҳаланады. Әсиресе, талай заманлар бойы әўладтан әўладқа, атадан балаға аўысып келген ушырма сөзлер, сондайақ, нақыл сөзлер, фразеологизмлер эмоциональ-экспрессивлик мәниси күшли болып, шайыр тәрепинен қолланылып, шығармаларының тилине көрк берип турады. Фразеологизмлер өзиниң қурамалылығы менен өзгешеленеди: даналықты билдириўи – философия менен, терең ойлылығы – логика менен, көркемлиги – әдебият пенен тиккелей байланыслы [1, 72]. Фразеологизмлерди көркем шығармада қолланыўдың өзи миллетлик қәсийетти айқын көрсетеди. Фразеологизмлер халқымыздың өтмишинен, бүгинги күнинен дерек береди. Улыўма, халық тилиниң раўажланыўында Т. Жумамуратовтың хызметиниң үлкен екенлиги ҳәммеге мәлим. Ол халық тилин шығармада қоллана отырып, оның әлўан түрли сырларын ҳәм қырларын көз алдымызға келтиреди. Соның менен өзи де жаңа көркем турақлы сөз дизбеклерин жасайды. Шайыр халық тилиниң бар байлығын, сөз маржанларын өз шығармаларында дөретиўшилик пенен жумсай отырып, өзине ғана тән стиль қурайды.

Шынында солай емес-аў бирақ, Мәңгилик болып көринер көзге. Байқасаң егер анықлап қарап, Қас қаққан сайын ағысы өзге [6, 245]

Болар бала бес жасынан белгили, Мин табылмас шырай менен қулқынан [6, 247].

«О Қалийланы», «Шахнаманы», «Қабусты», Оқыйғойса кирпик қақпай таң атты. Жаўқылдап жүретуғын ашық минез, Булт болып түнерипти, қабақ ашпай. Макарья периштедей жалт

еткенде, Лал болып қалды жигит естен танып. Өткен қыз ҳеш ўақытта сағы сынбай, Таралған күн шығыстың таўысындай. [6, 248).

Т. Жумамуратов шығармаларындағы фразеологизмлерди улыўма қолланылыўына қарай улыўма халықлық фразеологизмлер ҳәм жеке стильлик фразеологизмлер деп үлкен еки топарға бөлип қараған мақул. Қарақалпақ тилиниң сөз байлығын өз шығармаларында орынлы пайдаланып, Т. Жумамуратов оның ишинен керегин шебер таңлай билген. Бундай улыўма халықлық фразеологизмлер Т. Жумамуратов шығармаларындағы фразеологизмлердиң үлкен топарын қурайды. Шайыр фразеологизмлерди өз мәнисинде, өз қәлпинде қолланыў менен бирге оны дөретиўшилик пенен жаңғыртып жаңа түс киргизип, өз алдына ылайықлап ҳәм ықшамлап жеткереди. Соның менен бирге, шайыр өз шығармаларында тилдеги сөзлерди жүдә шебер ҳәм үйлесимли, көркем етип пайдаланған. Нәтийжеде, шайыр тәрепинен сөз дизбеклери, пүтин гәплер семантикалық жақтан биригип, тутас бир мәни аңлататуғын бирликке айланған, халық тилинде де фразеологизмлер ретинде кең пайдаланылатуғын дәрежеге жеткен.

Көркем әдебият миллет тилиниң ғәзийнеси болыўы менен бирге сол тилге керекли жаңа мәни бериўдиң де дәреги болып есапланады. Бул, биринширен, сөз зергериниң улыўма халық тилиниң ең айрықша өмирге байланысын қалай қолланғанын көрсетиў, екиншиден, сөз қолланыў әдисин, яғный, көркемлик шеберликтиң тил арқалы қалай жүзеге асыўын анықлайды.

Халық тилиниң ғәзийнеси болған Т. Жумамуратов өз шығармаларында сөзлерден шебер пайдаланыўы менен бирге, өз халқының жанкүйер перзенти сыпатында тилди сақлаў, оны дурыс пайдаланыў мәселелерине итибар берген. Ол «Әмиўдәрья» журналында жәриялаған мақаласында қарақалпақ тилиниң ҳеш бир сөзлигинде жоқ, бирақ шайыр өзи билетуғын, сөзлик қорында сақлап жүрген сөз байлығы ҳәм олардан дурыс пайдаланыў мәселелерине тоқтап өткен. Диалектке тән сөзлерден де пайдалансақ тилимизди байытыў мүмкиншилиги бар екенлигин атап өтеди. Ҳәтте, ҳәмме ушын таныс болған пахтаны жетистириў, оннан зүрәәт алыў менен шуғылланатуғын елимизде ғалаба хабар қуралларында усы өсимликке тийисли атамаларды надурыс қолланып атырғанын айта келип, түсиниклер береди: «…тилимизде шигит егилсе, көгерип шыққан соң нәл, соңынан ғумша, түйнек, ғоза деп атайды. Ғоза писип кеткен соң ғаўаша болады. Шаңғалағын алғаннан соң пахта делинеди. Пахтаның шигитин айырып алғаннан соң мамық болады» [3, 97]. Усы мақалада шайыр айырым сөзлердиң синонимлик қатарларын да келтирип, қарақалпақ тилиниң оғада бай екенлигин көрсетип береди. Қарақалпақ тилинде инсанның түрли дәўирлерге, жас өзгешелигине байланыслы ҳәр түрли айтылатуғыны атап көрсетилген: «шақалақ, бөбек, бала, өспирим, дәстияр, жигит, ересек, егеде, кексе, қартаң, қарт, ғарры, шал, мәпилик» [3 ,93].

Шайыр басқа түркий тиллери менен қарақалпақ тилин салыстыра отырып, бизиң тилимиздиң оғада бай екенлигин, бирақ, оның сөз байлығынан дурыс ҳәм орынлы пайдаланыўдың зәрүрлигин айтып өткен. Шайырдың сөз байлығы оның шығармаларының лексикасынан көринеди. Ҳәр бир көркем сөз шебери халық тилиниң дүрданаларын өз лабораториясынан өткере отырып, семантикалық жақтан анализлейди, олардың мәни өзгешеликлерин таңлайды. Солай етип, шайыр қарақалпақ тилинде сөз дизбеклерин ҳәм гәплерди жүдә үйлесимли орналастырып, оларды бир лексика-грамматикалық мәниге көркемлеп жәмлей алыўы нәтийжесинде халық тилинде ушырма сөзлерге айланып кеткен қатарларды дөреткен. Усындай қәсийетлери менен шайырдың шығармалары оғада қунлы, оқыўшыны өзине тартады. Сөзлерди өз орнында жумсай билиў қәлем ийесиниң шеберлигин, сөз таңлаў уқыплылығын, халық тили ғәзийнесин қанша меңгергенин көрсетеди.

Профессор Қ. Султановтың: «Илим… өндириўши күшлердиң биринен есапланады. Қай ўақытта илим өндириўши күшке айланады? Әлбетте, халықтың мәпин көздиң қарашығындай сақлаған жағдайда, дәўирдиң талапларын орынлаған, жаңа әўладларды тәрбиялаўға үлес қосқан жағдайда» [2, 5] – деген пикири көркем шығармаларға да тийисли. Шайырдың шығармалары халық ушын хызмет етеди, миллий руўхый байлық болып есапланады, дәўирлер өтсе де әўладларды тәрбиялаўда тийкарғы өндириўши күш болып қалады.

Жуўмақлап айтқанда, Т. Жумамуратовтың қайсы шығармасын алып қарасақ та сөзлердиң мәнилерге жүдә бай екенлиги менен көзге түседи. Шайырдың ҳәр бир таңлаған сөзи шығарма тилин жанландырып, оған миллийлик колорит берип тур.

Әдебиятлар:

1. Нурмаханов А. Нақыл-мақаллар – фразеологизмниң ажыралмас бөлеги сыпатында. ӨзР Илимлер академиясы ҚР филиалының Хабаршы. – Нөкис: 2004. №1 – 2.
2. Султанов Қ. Шайыр жолы. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1986.
3. Жумамуратов Т. Тил байлығы – ел байлығы. «Әмиўдәрья». №1, – Н.: 1990. – Б. 90 – 98.
4. Жумамуратов Т. Өмириңниң өзи философия. – Нөкис: Қарақалпақстан, 2005.
5. Жумамуратов Т. Аралға келдим оралып.. – Нөкис, Қарақалпақстан, 2016.
6. Жумамуратов Т. «Макарья сулыў». – Нөкис, Қарақалпақстан, 1974.

ҚАРЛЫБАЕВА ГҮЛМИРА ЕРМЕКБАЕВНА

Филология илимлериниң докторы,
Қарақалпақ мәмлекетлик университети.
Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

ТИЛЕЎБЕРГЕН ЖУМАМУРАТОВ ШЫҒАРМАЛАРЫНДА ФРАЗЕОЛОГИЗМЛЕР

Тилимиздеги фразеологиялық сөз дизбеклери лексиканың ең баслы бөлеги болып, эмоциональлық, экспрессивлик тәсирлилиги менен тилдиң басқа бирликлеринен айрылып турады. Фразеологизмлер – көркем шығарма тилин жанландыратуғын астарлы, көркем етип сүўретлеўдиң тилдеги таяр қуралы. Булар халық даналығының үлгилери менен суўғарылған образлы ойлаў тилиниң үлгиси болып есапланады. [1, 54] Фразеологиялық сөз дизбеклери семантикалық жақтан да, эмоциональлық-экспрессивлик өткирлиги жағынан да тилдиң қаймағы, мағызы сыпатында таныльўы менен бир қатарда ҳәр қандай миллий тилдиң өзгеше лексика-семантикалық байлығы болып та көринеди. [2, 3] Оларда халықтың әсирлер бойы пайда еткен, жыйнаған ушқыр қыялларының, даналығының, сөз дөретиўшилигиниң әжайып үлгилери жатыр.

Т. Жумамуратов қарақалпақ әдебиятының көркем сөз устасы сыпатында халқымыздың сөз байлығы, халық даналығына суўғарылған тил маржанлары болып есапланатуғын фразеологиялық сөз дизбеклеринен шеберлик пенен пайдаланған. Оларды өз шығармаларында дөретиўшилик пенен қоллана отырып, өзине тән стиль жаратады. Биз бул мақалада шайыр дөретпелеринде қолланылған айырым фразеологизмлерди, олардың мәнилик өзгешеликлерин үйренемиз. Мысалы: Мөлдиршиндей сулыў тартып мыйығын, Бетин басты салып *көздиң қыйығын*...Түске мегзес бийик таўлар басланды, Көкке ушып, әлемге *көз тасланды*…

Берилген мысаллардағы «көздиң қыйығын салыў», «көз таслаў» фразеологизмлери «қараў» мәнисиндеги семантикалық жақтан жақын фразеологизм болып, оларды биринің орнына екиншисин қолланыўға болмайды. Себеби, стильлик жақтан бир-биринен парық қылады. Солай етип, шайыр бул фразеологизмлерди қолланғанда олардың синонимлик мәнилик бояўларын есапқа алып, шеберлик пенен таңлап алып, ең керекли жерде, ең керекли орында тапқырлық пенен пайдаланған.

Бундай мысалларды шайыр шығармаларында көплеп ушыратыўға болады: Ҳаял болсаң, *қабақ шытпа*, ақыл бол, Жарқын минез, жүреклерге жақын бол…

Мысалдағы «қабақ шытпа» турақлы сөз дизбеги «ашыўланба» деген мәнини аңлатып тур.

Шайыр төмендеги қосық қатарларында турақлы сөз дизбеклерин айрықша көркемлик бояў менен көрсете алған. Мысалы: Жақсыға *үйип қабағын*, Мардыйып жүр оғыры, Қызым, *ашық жүрсин* қабағың.

Келтирилген қосық қатарларында «қабағы үйиў», «қабағы ашық» фразеолгизмлери мәнилик жақтан бири-бирине қарама-қарсы антоним мәнили фразеологизмлер болып, олар стильлик мақсетте орынлы қолланылған.

Шайыр дөретпелеринде бундай антоним мәнили фразеологизмлерди төмендеги қосық қатарларында да көриўге болады. Мысалы: Кеўил деген *кеңейсе*, Кең сарайдың өзи ол, Кеўил деген *тарайса*, Бир тебенниң көзи ол…

Берилген қосық қатарларындағы турақлы сөз дизбеклери тутасы менен антонимлерге қуралған.

Тилеўберген Жумамуратов фразеологиялық сөз дизбеклерин индивидуаль пайдаланыўдың әжайып устасы болған. Тилде жеке сөз болсын, фразеологиялық сөз дизбеклери болсын, контекстте түрленеди. Шайыр фразеологиялық сөз дизбеклерин халық тилиндеги қәлпинде қолланыў менен бирге ҳәр түрли мәниге келтирип өзгертеди. Яғный, шайыр гейде орынлы жеринде фразеологиялық сөз дизбеклериниң сыңарларының арасына сөз қосып, оның стильлик хызметин және де күшейтеди, экспрессивлик бояўын және де өткирлестиреди. Әй пәлек, ҳайранман гей бир исиңе, Базы *кеўиллерди* бунша *кир еттиң*, Көре алмас жақсының жақсы исин де, Неге ишлерине дүткеш түтеттиң…

Берилген мысалда «кеўиллерди кир етиў» фрезеологизми шайыр тәрепинен образлы түрде шебер берилген.

Ҳәр қандай көркем сөз ийесиниң дөретиўшилик шеберлиги тилдеги турақлы сөз дизбеклеринен өз орнында муқыятлы, шебер пайдаланыў арқалы шығарманың көркемлик дәрежесин арттырыўына қарай да баҳаланады. Шайыр өз шығармаларында улыўма халықлық фразеологизмлерди өзгертип қолланады, оларға айрықша эмоциональлық мәни жүклейди.

Мысалы: Биреўлерге *тилиң менен оқ атып*, Сен олардан күтип жүрме татлы сөз.

Берилген мысалларда «тилиң менен оқ атып« фразеологизми «кеўлине тийиў» деген мәнини аңлатып келген.

Айырым фразеологизмлер авторлық стильлик өзгешеликлер менен сыпатланады. Шайыр халық тилиндеги нақыл-мақалларды дурыс таңлай отырып, мүмкиншилигине қарай оларды түрлендиреди, жаңартып қолланады. Өзиниң баянлап отырған ўақыясына байланыслы нақыл-мақаллардың стильлик бояўын күшейтип, атқаратуғын хызметин қурамаластырады. *Ийтлер үрген менен кәрўан көшеди*, Ҳәр заманның ақмақлары болмай ма?!

Бул мысалда «Ийт үрер, кәрўан көшер« деген нақыл шайырдың жеке лабораториясында қайта исленип, мәнилик жақтан күшейтилип қолланылған. *Бес бармақтың бәри бирдей болғанда*, Адам ушын суд, прокурор не керек!

Шайыр жоқарыдағы мысалда «Бес бармақ бирдей емес» нақылды өзгертип қолланған. Шайыр тәрепинен бул фразеологизмлер сол дәрежеде шебер пайдаланылған, яғный, бул арқалы қосық қатарлары бир-бирин толықтырып турғанлығын көремиз.

Шайыр халық тилиниң фразеологиялық байлығының ең кереклилерин дурыс таңлай отырып, мүмкиншилигине қарай оларды түрлендиреди, жаңартып қолланады. Өзиниң баянлап отырған ўақыясына байланыслы фразеологизмлердиң стильлик бояўын күшейтип, атқаратуғын хызметин қурамаластырады.

Жуўмақлап айтқанда, фразеологизмлер көркем сүўретлеўдиң әжайып тил қуралы сыпатында шайыр шығармалары тилиниң өзине тән образлылығын, тәсирлилигин күшейтиўде әҳмийетли орын тутады.

Әдебиятлар:

1. Қожақметова Х. Фразеологизмдердің көркем әдебиетте қолданылуы. – Алматы, 1972.

2. Айназарова Г. Қарақалпақ тилинде теңлес еки компонентли фразеологизмлер. – Нөкис, Университет, 2005. – Б.3.

3. Тилеўберген Жумамуратов. Аралға келдим оралып. – Нөкис, Қарақалпақстан, 2016.

ALLANIYAZOVA SHARIGUL

Filologiya ilimleriniń kandidatı, docent Qaraqalpaq mámleketlik universiteti. Ózbekstan, Qaraqalpaqstan, Nókis

TILEWBERGEN JUMAMURATOV SHÍǴARMALARÍNDA QOSPA GÁPLERDIŃ STILLIK QOLLANÍLÍWÍ

Kórkem ádebiyat tili ádebiy til menen birge ulıwma xalıq tiliniń baylıqların óz ishine aladı. Shıǵarmanıń janrlıq ózgesheligine baylanıslı, jazıwshı yaki shayırdıń jeke stiline tán stilistikalıq figuralar qollanıladı. Prozalıq hám poeziyalıq shıǵarmalardıń tili emocionallıǵı, ekspressivligi menen ajıralıp turadı. Bul poeziya tilinde kúshlirek seziledi. Qosıq qatarlarınıń

uyqaslıǵı, ritmi, buwın sanınıń teń bolıwı pikirdiń emocionallıǵın támiyinleydi. Stilistikalıq figuralar dep atalatuǵın kórkemlew quralları – inversiya, tákirar, parallelizm, antiteza, gradaciya, ellipsis, ritorikalıq soraw hám basqalardıń qosıq qurılısında jiyi qollanılıwı poetikalıq sintaksistiń ózine tán dúziliske iye ekenligin kórsetedi. Qosıq qatarlarında oy-pikirdi jámlep beriwde qospa gápler poetikalıq tásirsheńlikti payda etedi.

Poeziyasınıń tili, onıń sintaksislik ózgeshelikleri, sonıń ishinde, qospa gáplerdiń qollanılıwı házirgi qaraqalpaq tilinde arnawlı túrde izertlenilgen joq. Rus tilinde N. S. Pospelovtıń Pushkin shıǵarmaları tiliniń sintaksislik ózgesheliklerine arnalǵan miynetinde [1], qazaq tilinde R. Sızdıqovanıń Abay shıǵarmaları tiliniń sintaksislik qurılısına arnalǵan miynetlerinde [2] poeziya tiliniń proza tiline qaraǵanda ózine tán ózgeshelikleri úyrenilgen. Qosıqtıń qurılısındaǵı gápler ırǵaqqa, ritmge baylanıslı dúziletuǵınlıǵın ayrıqsha atap kórsetedi.

Qara sóz benen jazılǵan gáplerge qaraǵanda, qosıqta gáplerdiń bir-biri menen baylanısıw usıllarında sintaksislik qaytalawlar, yaǵnıy, izbe-iz gápler, gáp aǵzalarınıń ornalasıw tártibinde inversiya qubılısı jiyi ushırasadı. Rus tilindegi qosıq qurılısınıń sintaksisin izertlegen N. S. Pospelov tómendegi ózgesheliklerdi kórsetedi: 1) Qosıq shuwmaqlarındaǵı sózlerdiń tıǵız baylanısı; 2) qosıq qatarlarınıń birinen ekinshisine ótkende sintaksislik baylanıstıń hálsizleniwi hám kerisinshe vertikal baylanısınıń payda bolatuǵınlıǵı; 3) qosıqtaǵı gáplerdi baylanıstırıwda hár qıylı usıllardıń qollanılıwı, solardıń ishinde, kómekshi sózlerdiń baylanıstırılıwı; 4) inversiya hám hár qıylı uyqastırıw usıllarınıń xızmeti; 5) qosıq qatarlarınıń sintaksislik xızmeti; 6) qosıqtıń shuwmaqlarǵa bóliniw-bólinbewine qaray qatarlardıń óz ara birigiw ózgeshelikleri [3, 9].

Poeziya tilinde oy-pikir bir shuwmaqqa jámlenedi. Hárbir shuwmaqta gápler bir-biri menen baylanısıp, kóbinese qospalanǵan jay gáp túrinde yamasa qospa gáp túrinde keledi. Ayırım jaǵdaylarda pikirdi anıqlastırıp beriwde kóp komponentli qospa gáplerde jiyi qollanıladı.

Parallelizmler. Qospa gápler tek eki jay gápten dúzilip qoymastan, úsh hám onnan da kóp jay gáplerdiń baylanısınan dúziledi. Ayırım jaǵdaylarda aytılajaq pikir eki jay gáp penen tolıq ashıp berilmeydi. Qospalı sintaksislik tutas gápler óz ara teń baylanısıp keledi. Bunday jaǵdayda gápler dúzilislik jaqtan bir-birine parallel ornalasadı. «Salıstırıw mánisindegi qońsılas qatar turǵan gáplerdiń, konstrukciyalardıń sintaksislik jaqtan uqsas bolıp qurılıwına parallelizm dep ataladı. Parallelizm kóbinese poetikalıq shıǵarmalarda jiyi ushırasadı» [4, 84].

Parallelizm poetikalıq (stilistikalıq) usıllardıń biri bolıp, eki yamasa onnan artıq hádiyse, waqıyanı izbe-iz qoyıw arqalı poetikalıq mazmundı ashıwǵa xızmet etedi. Poetikalıq pikirdi konkretlestiriw, súwretlewdiń janlı hám anıq bolıwına erisiwde ayrıqsha orın tutadı. Qospa gáp quramındaǵı sintaksislik parallelizmler aytılajaq pikirdi tıńlawshıǵa tez jetkerip beriwde hám tásirsheńligin kúsheytiwde úlken áhmiyetke iye. Sintaksislik parallelizmler arqalı mazmunı birdey túsinikler birgelikte kelip qospa gáp quramındaǵı strukturalıq sáykesligi menen olar arasındaǵı baylanıstırıwshılıq xızmet atqaradı. Sintaksislik baylanıs quralı sıpatında qospa gáp komponentleriniń ishki baylanıslılıǵın támiyinleydi.

Sintaksislik parallelizm qatarlardaǵı ritmdi támiyinlep ırǵaq payda etiwge qatnasadı. Izbe-iz kelgen hádiyse, waqıya óz ara salıstırılıp, bir-birine uqsatılıwı yamasa qarama-qarsı qoyılıwı múmkin. Mısalı: Suwıq bolsa, ıssı bar, ashshı bolsa, dushshı bar.

Bunday qospa gáplerde hárbir komponenttegi gáp aǵzalarınıń ornı hám xızmeti birdey bolıp keledi. Sintaksislik parallelizm waqıya izbe-izligin bildiriw menen birge qarsılaslıq, salıstırmalı qatnaslarda qospa gáplerdi dúzedi. Mısalı:

1. Qarsılaslıq qatnas: *Aqılı kem, shala dese, shalaman, Aqılı zor, dana dese, danaman.* («Tórtlikler»).

2. Salıstırmalı qatnas: *Birew oylar gáwhar bar dep tisinde, Birew oylar polat bar dep kúshinde.* («Bul dúnyanıń atqan jaqtı tańı da».)

Bunday mısallardı shayır shıǵarmalarınan kóplep keltire beriwimiz múmkin.

Tákirar. Bul mánini kúsheytiw, intensivlik hám emocionallıq ushın qollanıladı. Tákirar mánini jáne de kúsheytip, emocional tásir etedi. Tákirar túrlishe bolıwı múmkin. Tákirar qospa gáp komponentlerinde de ushırasadı.

1. Tákirar izbe-iz boladı: *Paxta – namıs, paxta – abıray, paxta – nan, Paxta elge bereketli dasturqan.* («Ózbek paxtası»)

2. Kóp komponentli qospa gáplerde gáp aǵzaları tákirarlanıp keledi. Bul epiforalıq tákirar arqalı da júzege keledi. Mısalı: *Paxta bar jerde shigit bar, Qız bar jerde jigit bar, Kól bar jerde balıq bar, Suw bar jerde xalıq bar.*

Tákirar mánini kúsheytiw, intensivlik hám emocionallıq ushın qollanıladı. Tákirar mánini jáne de kúsheytip, emocional tásir etedi.

Mısalı: *Jasa ómir, jasa ómir, órle jas, Seksennen ót, toqsannan ót, júzden as.* (Tótrlikler).

Ellipsis (*grek* **ellepsis** – túsip qalıw) – bir gáp aǵzasınıń (kóbinese bayanlawıshtıń) gápte túsirilip aytılıwı hám soǵan baylanıslı hárekettiń, jedelliktiń kúsheytilip kórsetiliwi. Ellipsis gápler tek jay gáplerde ǵana emes, al, qospa gáplerde de ushırasadı. Poeziya stiline baylanıslı ıqshamlılıq, yaǵnıy, gáp aǵzalarınıń túsirilip qollanılıwı qospa gáplerge de tán. Mısalı: *Quwdıń kórki kók shalǵınlı kól menen, Erdiń kórki adam menen, el menen.* («Ómirimniń lirikasınan»).

Qosıq qurılısındaǵı jáne bir ózgeshelik – ıqshamlaw (únemlew) qubılısı. Sintaksis tarawında poeziya tili ıqshamlaw usıllarına iye. Bayanlawıshtıń túsirilip qollanılıwı kóbinese poeziya stiline tán bolip qospa gáp komponentlerinde ushırasadı.

Antiteza. Tilimizde pikirdi ótkir, tásirli etip beriwde kórkemlew qurallarınıń biri antiteza da stillik maqsetlerde qollanıladı. Antiteza – sóylewdiń ótkirligin arttırıw maqsetinde bir frazada qarama-qarsı túsiniklerdiń qollanılıwı. Demek, antitezanıń tiykarǵı wazıypası qarama-qarsı qoyıw bolıp esaplanadı. Antiteza tildiń barlıq tarawlarında ushırasıp, ol qospa gáplerde ayrıqsha xızmet atqarıp, pikir alısıwda oy-pikirdi jáne de kúsheytiw maqsetinde mazmunı jaǵınan bir-birine qarama-qarsı túsiniklerdi qarama-qarsı qoyıw menen salıstırıw arqalı antiteza payda boladı.

Qospa gáptiń eki komponentinde de antonim sózler keliw arqalı qarama-qarsı mazmun bildiriledi. Mısalı: *Jaqsılar kóp dúnyada bawırına tartqanday, Jamanlar bar dúnyada dozaq bolıp atqanday...* («Tórtlikler»). *Úzilse gúl qalar sarǵayıp solıp, Meyli, sen arıqsań, meyli, sen tolıq, Meyli, sen patsha bol, meyli, sen gedey, Ólseń teńleserseń topıraq bolıp.* («Tórtlikler»).

Inversiya (latın *inverico* – orın almastırıw) gápke ayrıqsha kórkemlilik (ekspressivlik) beriw maqsetinde gáp aǵzalarınıń ádettegi tuwra orın tártibiniń ózgertilip gáp aǵzalarınıń orın almasıp keliwi. Qospa gáptiń quramındaǵı jay gáplerde de gáp aǵzalarınıń orın tártibi ózgerip, inversiyaǵa ushırap keledi. Mısalı: *Asaw teńiz julqınsa da kópirip, Bular onı mise tutpas balıqtay...* («Tórtlikler»).

Túrkiy tillerde, sonıń ishinde, qaraqalpaq tilinde baǵınıńqılı qospa gáplerdiń quramındaǵı baǵınıńqı gáp penen bas gáptiń bir-birine mánilik jaqtan baylanısıwındaǵı orın tártibi bar. Bul orın tártip boyınsha baǵınıńqı gáp bas gápten aldın keledi. Poeziyalıq shıǵarmalarda stillik talaplarǵa muwapıq bas gáp aldın baǵınıńqı gáp keyin keliw jaǵdayları kóp ushırasadı. Qosıq qurılısındaǵı inversiya uyqasqa baylanıslı inversiya yamasa belgili bir logikalıq maqsette oy-pikirdi bayanlawǵa baylanıslı orın tártip almasıp qollanıladı. Mısalı: *Jalataydan saq bol, mart bolsań eger, Axmaqqa jantassań, abıraydı tóger.* («Tórtlikler»).

Kórkem shıǵarmalarda oy-pikirdi ıqshamlastırıp, jıynaqlastırıp beriwde qospa gápler júdá kóp qollanıladı. Qospa gáp túrindegi qosıq qatarlarınıń uyqaslıǵı, ritm, buwın sanınıń teń bolıwı pikirdiń emocionallıǵın támiyinleydi.

Ádebiyatlar:

1. Поспелов Н. С. Синтаксический строй стихотворных произведений Пушкина. – М.: 1980.

2. Сыздықова Р. Абай өлендериниң синтаксистик қурылысы. – Алматы: 1970.

3. Бекбергенов А. Қарақалпақ тилиниң стилистикасы. – Нөкис: 1990.

4. Бердимуратов Е. Әдебий тилдиң функциональлық стиллериниң раўажланыўы менен ҳәзирги қарақалпақ лексикасының раўажланыўы. – Нөкис: 1973.

5. Т. Жумамуратов. Аралға келдим оралып. – Нөкис: 2016.

ДӘЎЛЕТОВА УЛБОСЫН

Филология илимлериниң кандидаты, доцент,
Қарақалпақ мәмлекетлик университети.
Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

ТИЛЕЎБЕРГЕН ЖУМАМУРАТОВ ШЫҒАРМАЛАРЫНДА СӨЗ ӘДЕБИ МӘСЕЛЕСИ

Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық шайыры Тилеўберген Жумамуратов өз шығармалары арқалы, көркем сөздиң күши менен жыйналған, өз ҳалқына, өзинен кейинги әўладларға руўхый азық, үлги болатуғын, тәрбия беретуғын, түсинген адамға турмыста жол силтейтуғын, жаманлықтан алыслатып, жақсылыққа жақынластыратуғын, арадан жыллар өтсе де гөнермейтуғын, тозбайтуғын теңсиз, бийбаҳа ғәзийне қалдырған уллы шайыр. «Әдебият турмыс сабақлығы» деген пикирдиң қаншелли дәрежеде ҳақыйқат екенлигин шайыр Т. Жумамуратов шығармаларын оқыған ҳәр бир адам терең сезинеди. Себеби, шайыр қосықлары арқалы өз оқыўшыларына турмыстан сабақ береди. Шаңарақта, үйде ҳәм дүзде, жумыс орнында адамлар менен қандай қарым-қатнаста болыў кереклигин, нелерге итибар берсең, өзиңди қандай тутсаң өмирден ылайықлы орыңды табыў мүмкинлигин уқтырады: *Дослардың кеўлин қуўантсаң, Бахтың таймас басыңнан. Тилиң менен оқ атсаң, Адам қашар қасыңнан* [3: 62].

Сый көрерсең, сыйлай билсең егер сен, Қопал болсаң, абырайыңды төгерсең. Қатты сөзден ҳеш биреўге пайда жоқ, Ерегиспей, татлы сөзден жеңерсең [3: 31].

Көркем сөз усталарын талантына, мийнетине қарап баҳалайтуғын, қатал сыншы, көрнекли әдебиятшы алым, академик Марат Нурмухаммедов шайырдың сөз қолланыў шеберлиги ҳаққында «Тилден пайдаланыўды еле жақсы билмейтуғын көплеген жас авторларға мен халық тилиниң таптырмайтуғын шеберлери Қ.Айымбетов, Т. Жумамуратовтан, С. Нурымбетовтан үйрениңиз дер едим» – деп жоқары баҳалаған [1: 6]. Ал, мақтаўларға жүдә сараң болған белгили әдебиятшы алым, филология илимлери докторы Қ. Султанов «Бир илимпаз, бир тилши, әдебиятшы қарақалпақ тилин қанша дәрежеде терең билемен десе де, Т. Жумамуратовтай билиўи мүмкин емес. Буны айрықша белгилеп өтиў керек» – деп жазады [1: 6]. Ҳақыйқатында да, шайырдың поэзиялық дөретпелерин оқыған ҳәр бир адам тек руўхый дүньясын ғана емес, өз сөзлик қорын да байытады, ана тилимиздиң қаншелли бай тил екенлигин сезинеди.

Халқымыздың бойындағы ең жақсы қәсийетлер, миллий этикет, әдеп-икрамлылықтың ең жақсы үлгилери оның шығармаларында өз сәўлелениўин тапқан. Шайыр нәзеринен шетте қалған теманың өзи жоқ десек асыра айтқан болмаймыз. Әсиресе, шайыр өз қосықларында сөйлеў әдеби мәселесине айрықша итибар берген. Ол шаңарақтың аўызбиршилиги, ерли-зайыплылардың татыў турмыс кешириўи олардың сөйлеў әдебине қаншелли дәрежеде әмел етиўи менен байланыслы екенлигин қайта-қайта ескертеди. Мысалларға дыққат аўдарайық: *Жақсы ҳаял, ерин «жаман» демейди, Әлпешлейди, айға, күнге теңейди. Жаман ҳаял сәл нәрсеге бултыйып, Жүрегиңди тили менен егейди* [3: 22].

Татыў турмыс елге абат келтирер, Даў-тартыстың изи апат келтирер. Жақсы жупты өмириңниң қуўаты, Ақмақ тили менен сабап өлтирер [3: 33].

Аўыздан шыққан сөзге итибар бермеслик, аўзына келген сөзди изин ойламай айтып салатуғын, «Жүреклерди тили менен егеп» жүретуғын ҳаял ҳеш қашан бахытлы бола алмаслығын «Даў-тартыстың изи апат келтиретуғынын» шайыр өз қосықлары арқалы оқыўшысына жеткереди. Үйде келиспеўшилик келип шыққанда, тартыслы жағдай жүз бергенде ҳаял адам бир гәптен қалса шаңарақта ҳәмме нәрсе өз орнына түсетуғынлығын «Шернияздың дуўасы» қосығында шайыр жүдә шеберлик пенен баянлайды. Шаңарағында күнде даў-жәнжел шыға беретуғын, ери менен оңысығы қыйын болып атырған келиншек: дүзегендей еримди, Бир дуўа бер қайнаға, – деп Шернияз молланың алдына барыпты. Ақыллы молла даў-жәнжел төркини неде екенлигин аңлап, келинге бир қағазға дуўа жазған болып, оны келинге берип, былай депти: – *Айланайын келиним, Ашыўы келсе ериңниң, Қағазды беккем тислеп тур, Бүлк етпесин ериниң!* – деп нәсиятлайды [3: 187].

Ҳаял үйинде жәнжел шыға баслағанынан тым-тырыс молланың айтқанына әмел етипти. Нәтийжеде, ерли-зайыплылар шаңарақта аўызбиршиликли жасай баслапты.

Ашшы тиллик – келинде, Гәп жоқ екен еринде. Жантаспапты ҳеш шаўқым, Бүлк етпеген еринге [3: 187].

Бир сөзден қалсаң «ҳаў» деме, Сәл нәрсени даў деме. Өз үйиңниң адамын, Питиспестей жаў деме! – деп жуўмақ жасайды шайыр [3: 188].

Ҳақыйқатында да, сөз оғада күдиретли қурал. Ол адамзаттың қатнас қуралы болыўы менен бирге бир-биреўге тәсир өткизиўде де ең күшли қурал есапланады. Сөз дөретиўшилик ҳәм руўхландырыўшылық күшке ийе болыўы менен бирге, қыйратыўшылық, бузғыншылық күдиретине де ийе. Сонлықтан, бул қуралды қай жерде, қалай пайдаланыў кереклигин ҳәр бир адам билиўи керек. Биз тилден дурыс, орынлы пайдаланыўды билмесек я өзимизге, яки өзгелерге зыянымыз тийеди. Шайыр Т. Жумамуратов өз қосықларында бул әхмийетли мәселеге айрықша дыққат қаратады: *Аўыздан сөз шықпақ керек байқалып, Гәп мәнисин уғып алар жай халық. Абайсызда айтқан айып сөзиңди, Атлы қуўып алалмайсаң қайтарып* [3: 10].

«Айтылған сөз атылған оқ», – дейди дана халқымыз. Ойланбай айтып салған аўыр сөзиңди изинен қанша пушайман болсаң да изге қайтара алмайсаң. Сол ушын дана халқымыздың айтып кеткен нақылына қулақ түрип, «Әўел ойлап, кейин сөйлеў« керек. Шайыр айтады: *«Сөйлер сөзди бил» деген, Бир ағласы тилектиң. Адам ушын тил деген, Хабаршысы жүректиң* [3: 62].

Қарақалпақ халқының дәстүринде жаслар өзинен жасы үлкен адам менен гәп таласыўы, оның пикирлери онша мақул болмаған жағдайда да оның сөзлерине қарсы шығып, қатары менен айтысқандай пикир таластырыўы қараланады. Сөз сөйлегенде өзиңнен үлкенлердиң зейнине тиймей, шайыр айтқандай, «рети келгенде» дәлиллер менен өз ойларыңды баянласаң, ҳеш ким қапа болмайды. Сонлықтан, шайыр «Шымбайлы қыз» қосығында өз халқының бул дәстүрлерин сақлайтуғын жасларды мақтаныш етеди: *Жүзи ысық, таныстай, Үлкен менен жарыспай, Сөз рети келгенде, Дәлиллесер қалыспай. Қарапайым жайдары…(Адамға дәри пайдалы), Дәриден де жағымлы – Шийрин сөзи, дийдары* [3: 159].

Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан ҳалық шайыры Т. Жумамуратов шығармаларының әҳмийети, шайырдың өзгелерге усамайтуғын өзине тән болған сөз саплаў қәбилети ҳаққында атақлы шайыр жазыўшылар, белгили әдебиятшы алымлар өз пикирлерин билдирген. Шайыр дөретиўшилигине байланыслы әдебиятшы илимпазлар тәрепинен көплеген изертлеў жумыслары алып барылды, илимий мақалалар жазылды. Бирақ шайыр шығармаларының тил байлығы, оның сөз қолланыў шеберлиги бойынша исленген жумыслар жетерли дәрежеде емес. Бул бағдардағы жумыслар шайыр шығармаларында метафоралардың стильлик қолланылыўы ҳаққында жазылған кандидатлық диссертация [2] ҳәм илимий мақалалар көлеминде қалып атыр. Шығармаларының көркемлиги бойынша өз заманласларынан өзгешеленип туратуғын, өз халқының тилин жетик билетуғын «Сөзди ушардан ататуғын» бул уллы шайырдың сөз қолланыў усылы, тил шеберлиги кең көлемдеги изертлеўлерге турарлық.

Жуўмақлап айтқанда, шайырдың ҳәр бир сөзи, айрықша сөз әдеби ҳаққында айтып кеткен баҳалы пикирлери ҳәзирги дәўирде де, келешек әўладлар ушын да турмыслық сабақ болары сөзсиз.

Әдебиятлар:

1. Т. Жумамуратов. Өмириңниң өзи философия. Нөкис: «Қарақалпақстан», 2005.

2. Е. Алланазаров. Қарақалпақ тилинде метафоралардың стильлик қолланылыўы. (Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан ҳалық шайыры Т. Жумамуратов поэзиясы тийкарында). Автореферат канд… дисс. Нөкис – 2002 ж.

3. Т. Жумамуратов. Аралға келдим оралып. Нөкис: «Qaraqalpaqstan», 2016.

ДӘЎЛЕТОВА УЛБОСЫН

Филология илимлериниң кандидаты, доцент,
Қарақалпақ мәмлекетлик университети.

БЕКБОСЫНОВА ГАЎХАР

Қарақалпақ мәмлекетлик университети магистранты.
Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

ТИЛЕЎБЕРГЕН ЖУМАМУРАТОВ ШЫҒАРМАЛАРЫНДА ҚОЛЛАНЫЛҒАН ӘСКЕРИЙ АТАМАЛАР ҲАҚҚЫНДА

Тилеўберген Жумамуратов ХХ әсир қарақалпақ әдебиятына қунлы дөретпелери менен салмақлы үлес қосқан уллы сөз шебери. Оның тек қарақалпақлар арасында ғана емес, пүткил түркий халықларына танымалы шайыр болғанлығы, ол ҳаққында туўысқан халықлар әдебиятының көрнекли ўәкиллери жазып қалдырған баҳалы пикирлеринен анық көзге тасланады. Туўысқан өзбек әдебиятының белгили ўәкили Шухрат шайырды «…ләбинен от ескен шайыр» – деп баҳаласа, қазақ әдебиятының белгили тулғасы С. Муханов «…ағып турған дәрья ғой!» [3, 1] – деп оның талантына қайыл қалған. Заманласы, белгили шайыр С. Нурымбетов «сөздиң зәм-зәм палын ишкен, шеберликтиң сәранжамын уққан шайыр» [3, 1] – деп оның сөз саплаў өнерине тән берген. Шайырдың сөз ғәзийнесинде қарақалпақ тилиниң бар байлығы топланған. Ол ғәзийнеде ҳасыл сөз дүрданалары менен бирге халқымыздың бай тарийхына, географиясына, этнографиясына, миллий үрп-әдет дәстүрлерине тийисли баҳалы мағлыўматлар жәмленген.

Биз бул мақаламызда шайыр шығармаларында белгили орын ийелейтуғын, қарақалпақ халқының әскерий өнеринен, жаўынгерлик уқыбынан дерек бериўши әскерий атамалар ҳаққында сөз етемиз. Усы орында қарақалпақ тилинде бул теманың изертлениў тарийхына да азы-кем тоқтап өтиўди мақул таптық.

Әскерий лексика ҳаққындағы мәселе тил илиминде ҳәр тәреплеме изертлеўге турарлық үлкен темалардың бири болып табылады. Халық турмысындағы есте қалатуғын тарийхый ўақыялар менен байланыслы пайда болған әскерий атамалар, олардың келип шығыўы, раўажланыў жоллары ҳаққында усы ўақытқа дейинги жазылған илимий мийнетлер бул теманы жеткиликли дәрежеде ашып бериўде еле де азлық етеди. Қарақалпақ тил билиминде әскерий лексика тилши илимпаз У. Дәўлетова [2] тәрепинен арнаўлы үйренилген. Бул тараўда профессор Д. С. Насыровтың [6] илимпаз О. Бекбаўловтың [1] әскерий лексиканың ең ески қатламларынан мағлыўматлар беретуғын илимий мақалалары бар.

Тилеўберген Жумамуратовтың «Макарья сулыў» романында муҳаббат, дослық темасы менен бирге туўылған жерди сыртқы душпанлардан қорғаў ушын болған қанлы саўашлар картинасы да сүўретленген. Сонлықтан, бул шығармада шайыр сол дәўир колоритин бериўде әскерий атамалардан шебер пайдаланған. Оның бул шығармасында қолланған әскерий атамаларды мәниси ҳәм қолланылыў өзгешелигине қарай бир неше тематикалық топарларға бөлип изертлеў мүмкин.

1. Қурал-жарақ ҳәм оның түрлериниң атамалары. Бул топарға киретуғын атамалардың өзин атқаратуғын хызметине қарай бир неше түрлерге бөлиўге болады:

а) кесиўге, шаншыўға, шабыўға арналған қурал-жарақ түрлери: балта, қылыш, қанжар, найза, пышақ ҳ.т.б. Шайыр шығармаларына дыққат аўдарайық: «Ойнатып атын, қадады Аяз **найзаны**», Бәлемәт жайсаң, полатты ғырш-ғырш шайнады»; «Ишкеридеги үйге де кирип, Байлады белге **қанжарды таўып**»; «**Қылышты** қармап кереге жақтан, **Жарақтың** бәрин жыйнады шаққан»; «Душпанларға қарасам, **Балта, кетпен-жарағы**».

Кесиўге, шабыўға арналған қурал-жарақ түрлеринен **қылыш** – халқымызға бурыннан жолдас болып киятырған, шабыўға арналған қурал. **Қанжар** – қарақалпақ тилиниң әскерий лексикасында көп ушырасатуғын қурал атамасы. Бизиң тилимизге бул сөз араб тилинен кирип келген. Қанжардың сүйек саплы қанжар, ақ қанжар, қорғасын саплы қанжар усаған түрлери болған. **Найза** – қылыш сыяқлы жүдә ески ўақытлардан берли саўашларда пайдаланылып киятырған,

қарсыласларын түйреп шаншыўға арналған қурал. Айбалта, балта – жүдә ерте дәўирден киятырған қурал болып, ол қарсыласларын шабыўға арналған. Балтаның ушы найзалы түрлери де болған. Бул қуралды барлық түркий халықлары қолланған.

б) жақын турып урысқанда пайдаланылатуғын, соққы бериўши урыс қуралларының атамалары: **шоқмар**, **дыр** ҳ.т.б. *Керегe үсти жайнаған қылыш, Илиўли садақ, бир батпан* **шоқмар**... **Дырды** *сермеп бас* ҳәм аяқларына, *«Батыр», «қул» – деп ермек етип мазақлап.* **Дыр** – қалың териден өрилген жуўан ҳәм узын қамшы.

в) оқ жай ҳәм оның түрлерин билдириўши атамалар: жай, садақ.

– Қалайынша тап болды бул ҳарамы! – Деп қолына ***сары садақ*** *алады. Өзим ғой жаўды* **сары жай** *менен жатырған... – Деп, журтқа толық айтты ол барлық жағдайын. Душпан бирден гезегенде* ***садағын***, *Қәҳәрленип, көзи кетти жер көрмей. Кимде қылыш, кимде найза, кимде* ***жай***, *– Жигерленди төбесине туўасып.*

Бул мысаллардағы **сары садақ, сарыжай, жай,** оқжай ҳәм оның түрлерин билдиреди.

2. Қорғаныўға арналған қураллардың, урыс кийимлериниң атамаларын билдириўши атамалар. Бурынғы ўақытларда урысларда көп ўақытларға дейин (алыстан атыўшы мылтық, топ қураллары ойлап табылғанға шекем) өз душпанлары менен бетпе-бет келип, жақын турып урысқан. Усы урысларда қылыштың шабылыўынан, найза түйрелиўден сақланыў ушын қорғаныў қуралларын исленген. Т. Жумамуратов шығармаларында сол қорғаныў қуралларының атамалары да ушырасады: «Үстинде **полат**, **алтынлы саўыт** жалтылдап, Қолында найза, жәўҳарлы қылыш жарқылдап»; «Мине, **саўыт** – жаўдың оғын өткермес, Алмас қылыш – таўды, тасты түк көрмес».

Мысаллардағы **полат, алтынлы саўыт, саўыт** қорғаныў қураллары атамалары.

3. Т. Жумамуратовтың «Макарья сулыў» романындағы әскерий ҳәрекетлерге дыққат аўдарсақ, урысларға әскерий иске жарамлы халықтың барлығының қатнасқанлығы белгили болады. Әскерий таярлығы болмаған, тек зәрүрликтен саўашқа араласыўы тийис болған бул әскерлер топары аламан әскер, ләшкер деп аталған. Бул атамалар – атланысларға шығатуғын барлық әскерий күшлердиң улыўмаласқан атамасы. Әскер, ләшкер атамалары бүгинги күнде кең қолланылады.

Ләшкеримди *жаңбыр етип жаўдырсам, Таппай қалар кирерине тесикти!* ***Әскер*** *келсе ағылып, Бизлер азлық етемиз!. Ҳәкимнен буйрық күтпекте,* ***Аламанлар*** *қоршап көп.*

4. Урыста қолға түскен адамлар ҳәм материаллық байлықлардың тамалары. Ҳәр қандай урыста жеңген тәреп жеңилген елдиң, қарсыласларының барлық мүлкине ҳәм адамларына ҳәкимшилик ететуғын болған. Саўашларда қолға түскен адамлар «Макарья сулыў» шығармасында ҳәр қыйлы атамалар менен аталғанлығын көремиз: әсир, қул, гүң, бенде, тутқын. Мысалы, *«Айдарлысын айдап кетти,* ***қул*** *етип, Тулымлысын байлап кетти, күң етип»; «Жаў қолында* ***әсир*** *көп, Жүрегинде тәсил көп»; «Айдай арыў Макарья, Жаўға бенде бола ма?!»; «Көкше ханға* ***тутқын*** *болып жүргенде, Талай қамшы урған еди басына».*

Урыста қолға түскен ҳаял-қызлар «гүң, күң» атамасы менен аталған. «Гүң» атамасы басында ерки жоқ, қарсы сөйлеўге ҳақы жоқ деген мәни береди. Ал, әсир, қул, бенде, тутқын атамалары урыста қолға түскен ер адамларға ҳәм ҳаял-қызларға байланыслы да теңдей қолланыла береди.

5. Әскерий-инженерлик қурылыс атамалары: қорған, қала.

Жармышлы егис дала бар, Мыңлаған ***қорған қала*** *бар.*

6. Әскерий ҳәрекетлердиң тийкарғы түрлериниң атамалары: урыс, саўаш, гүрес, айқас, шабыс, алысыў, шайқасыў, қылышласыў ҳ.т.б.

Жақында бирақ, көремиз үлкен **шайқасты**, **Қырғын** да болар, **топалаң** менен айқаслы, Егер де сонда, тайсалып ***саўаш*** жүргизсек, *Қырылар халық, өликке толар жай асты*. Анықланды **урыс** тамам болғаны, Бенде болды, душпанлардың қалғаны.

Биз бул мақаламызда Т. Жумамуратовтың «Макарья сулыў» шығармасындағы әскерий атамалардың айырымлары ҳаққында ғана сөз еттик. Шайырдың шығармаларында қолланылған әскерий атамалардың бәрин бир мақала көлемине сыйдырыў қыйын. Әскерий атамалардың түсиндирме сөзлигин дүзиўде шайырдың бул шығармасы баҳалы материаллар бере алады. Шайыр шығармаларында қолланылған әскерий атамаларды үйрениў үлкен әҳмийетке ийе. Себеби, оның шығармаларында ушырасатуғын әскерий атамалар әскерий лексиканың ең ески қатламы. Сонлықтан, олардың айырымлары бүгинги күн жаслары ушын жетерли дәрежеде түсиникли болмаўы

мүмкин. Улыўма алғанда, шайыр Т. Жумамуратов шығармаларының сөзлик байлығынан пайдаланып, бүгинги жасларға да, кейинги әўладларға да азық болатуғын көлемли бир түсиндирме сөзлик дүзиў дәўир талабы деп ойлаймыз.

Әдебиятлар:

1. Бекбаўлов О. Қаҳарманлық эпостың урыс-техникалық лексикасы ҳаққында. – Вестник, Каракалпакский филиал АН УзССР. 1986, №2.

2. Дәўлетова У. Қарақалпақ тилиндеги әскерий лексика. Автореферат канд… дисс. Нөкис – 1994-ж.

3. Жумамуратов Т. Аралға келдим оралып. – Нөкис: Qaraqalpaqstan, 2016.

4. Жумамуратов Т. Макарья сулыў. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1973.

5. Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги. I, II, III, IV томлар. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1982, 1984, 1988, 1992.

6. Насыров Д. С. Терминология в описаниях военных походов и битв в каракалпакском георическим эпосе. – Вестник, Каракалпакский филиал АН УзССР. 1973, №2.

ӘМИРЛАН СЕЙДИН ЕЛСҮЙЕР УЛЫ

Қарақалпақстан Жазыўшылар аўқамы
Қаллы Айымбетов атындағы «Халық даналығы» фольклор клубы.
Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

ӨРЕЛИ ОЙ, ӨРНЕЛИ СӨЗ ИЙЕСИ

Сөзлик қорымызда «өре», «өрели» деген өрнели, өрнекли сөзлер ушырасады. Сөз – ғәзийне, сөз – тилсимли күшке ийе. «Ҳәр сөздиң өз ийеси бар, отыз еки өзнеси бар» деген тәризли, «өре» сөзи де көп мәнили. Оның бир нешеўи сөзликлерге кирген болса да, бир қаншасы кирмей қалған. «Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги» атлы төрт томлықтың 4-томында «өре» аталыўшы сөзлерге төмендегише түсиниклер берилген. ӨРЕ – 1) тирепберди; 2) тирек, жәрдемши (*аўыспалы мәниде*); 3) өре текиймет – нағыслы кийиз, бөлек орам; 4) өре жанбаў – жөнленбеў, келиспеў ҳәм т.б. [9: 61]. «Қарақалпақ тилиниң диалектологиялық сөзлиги» атамасындағы китапта «өре – жай үстине кесесине салынатуғын тақ ағаш» деген анықлама бериў менен шекленилген [11: 241]. «ӨРЕЛИ» деген сөздиң де тек бир мәниси ғана келтирилген: *үлкен, нәҳән, кең, узақ…* [9: 61].

Қарақалпақ тилиниң қаншелли бай екенлигин еле толық мәниси ашып берилмеген усы қысқа-қайырым мысаллардың өзинен-ақ дәрҳал сезинесиз. Егер, нәзеримиздеги сөздиң халық сөйлесимлериндеги басқа да мәнилеслерин дизсек, қыялымыз және де узақ-узақларды шарлайды, ана тилимиздиң нешақлым ғайрынағыслы, ойлы ҳәм оралымлы екенлигинен өзерленесиз!

Қарақалпақтың улыўма халықлық аўызеки сөйлеў тилинен мысаллар алыў арқалы «ӨРЕ» сөзиниң жәми төмендегише мәнилери барлығын аңладық: 1) өре – қурылыс еңселигин беккем услап турыўшы тирепберди, тиреништ бөрен, тастуғыр (*устын*); 2) өре – арғыт ағаш: там төбелигине кесе қойылған қада; 3) өре – үлги сызық: өрне, өрнек; 4) өре – ара, аралық, қашықлық; 5) өре – дәснек, устам, устаным; 6) өре – инта, күш-жигер; 7) өре – абырай, мәртебе; 8) өре – кийиз яки шыпта орамы, ший бүклеми; 9) өре – аў-дузақ түри; 10) өре – өрмели тусаў; 11) өре – керме, өреше; 12) өре – өлшеўиш, өлшем қуралы; 13) өре – шананың, арбаның қәтеби; 14) өре – илгери, өр тәреп; 15) өре – сана, ой-өрис, ақыл-парасат, зейин-зәкаўат ҳәм т.б.

«Өре» сөзиниң дәслепки мәнилери көпшиликке белгили. Усы тастуғырды өзбекше «устун» десе, қарақалпақ баспасөзинде оның «сүтин» яки «сүдин» деген сыңарларының қолланылып киятырғанлығын көремиз. Қурылыстың алдынғы тәрепки ашық бөлегин услап туратуғын «өре» аталмыш қурылма (*колонна*) әййемги Эллада естеликлери арқалы тарийхтан аян. Оның соңынан арғыт ағашқа, кермеге, өрешеге, арбаның ямаса шананың жақлаўына қолланылыўы да, өлшем түрине айланыўы да, ара-қашықлықты аңлатыўы да, үлги сызық сыпатында пайдаланылыўы да тәбийий ҳал. Сол көзқарастан, усы уғымның «устам» яки «дәснек» түринде жаңа мәниге көшиўи де нызамлы. Өйткени, дәснек (*принцип*) – устамлылықты, беккемликти билдиреди. «Күш-жигер», «абырай-мәртебе», «ақыл-ой» мағанасындағы «өре» түсиниклериниң де бир-бири менен өзеклес

екенлиги айқын. «Өре» атамасының кийиз яки ший тоқымалары орамларына қолланылыўы болса, оның узынша етип тасланған сыртқы көриниси менен байланыслы сыяқлы. Аў-дузақ ҳәм тусаў түрин аңлатыўшы «өре» түсинигине келсек, оның өзге түбирден: «өриў» сөзинен қәлиплескенлиги сезиледи.

«Өрели таңды уйқысыз атырды» деген мысалдағы «өре» мәниси ўақыт аралығын, ой-қыял шарлаўындағы кеңисликти, ара-қашықлықты аңлатса, «оты өре жанбады, иси өре баспады» дегенде, биз – кимниңдур баслаған ис-ҳәрекетиниң дәрриў кирисиўден пәт алып кетпегенлигин, жумысы жүриспегенлигин түсинемиз. Бул қатарлардағы «өре» сөзиниң түбири: «өр», «өрлеў», «өрлем» мәнилери менен сабақлас. Өр – бийиклик, өрлеў – илгерилеў, өрге қарай умтылыў, өрлем – илгери қубылыс, өрлемел ис (*прогресс, прогрессив ҳәрекет*). Усы уғымлар менен тығыз байланыслы ҳалда дөрелген «өрели сөз», «өрели пикир», «өрели ой», «өрели уғым» дегенимиз де: «саналы сөз», «ағла пикир», «алық ой», «кең дүньятаным» мәнилерин береди. Солай екен, «өре» уғымының қай-қайсы мәниси де *кеңлик, кең ойлылық, ақыл-зәкаўат алықлығы, руўхый жетиклик, жоқары саналылық ҳәм қыял шексизлиги* сыяқлы сапалық белгилердиң анықламасын бере алатуғынлығы аңласылады.

Биз бир сөздиң дөгерегинде усыншама мысалларды мәзи келтиргенимиз жоқ. Бүгин бәршемиз еске алып, улығлап отырған қәдирдан шайырымыз Тилеўберген Жумамуратов – қарақалпақ әдебиятының кең қанат жайып, өсип-өркенлеўине ғана емес, ал, миллий мәдениятымыз бенен сәниятымыздың да өз өрлеў текшелерине көтерилиўине, өрлендириўге өлшеўсиз үлес қосқан, иси менен исми көпшиликке өрнек болғандай: өрнели сөз, өрели ой ийеси еди. Биз қәдир тутқан бул әзиз инсанның ең баслы пазыйлети, өтмишти дурыс аңлаўшы, өзликти улығлаўшы, сөзди сыйлаўшы, арды жырлаўшы болды!

Көрнекли сөз зергериниң өз заманлас қәлем ийелеринен ажыралып туратуғын тағы бир тәрепи: «Оразлының баласы он жасында баспан дер…», – дегендей, болажақ шайыр еле бозбала ўақтының өзинде-ақ «мен жаспан» деп жасқанбай, көпке араласты, мәрдана түрде шар топардың ортасында сынға түсти ҳәм халқының ар-намысы жолында жигерин жанып, жанын қайрады.

Сырдың арғы жағында даңқ шығарған «Үмбеталы ақын» исимли төкпе сөз ийеси 1934-жылы Арал теңизи жағалаўындағы Аққум деген жерге келип, аўыл арасында «Шайыр бала» атанған Тилеўберген Қупбатулла улы менен ушырасады ҳәм тарийх жөнинде сөйлесип, дәреклеседи, айтысты баслаў ушын илик табады [8: 321 – 322]. Бундағы бас тема: қарақалпақ халқының өтмиши, тарийхый тулғалары, журтшылық арасында айтылып жүрген айырым сыпсың гәплердиң, қаңқыў сөзлердиң ашым-айырығын ажыратыў мәселесине келип тиреледи. Үмбеталы ақын сөзиниң басында жас перини көтермелей сөйлейди ҳәм өзиниң де әнейи емес екенлигин аңлатқан ҳалда негизги сәрнеге аўысып: *«Қарақалпақ – ұлы ел» болған екен, Билеген талай жұрттың бұқарасын, Түркістанға барғанда көріп жүрміз, Қожа Ахмет Яссауи мақбарасын. «Пірден қарғыс алыпты қарекең» деп, Дұшпандары шығарған масқарасын*..., – дегеннен кейин туғырында зорға турған алғыр баз яңлы «бала суңқар» Тилеўберген шайыр да зәрре иркилместен өз жуўапларын төкпелетип кетеди. Сөз келгенде: Үмбеталының ағалығын да, ағалыққа сәйкес келмейтуғын бендешилигин де ийнинде айтып өтип:… *Еки жыл туўысқандай емиркенип, Буннан былай қас-душпан боламыз ба? «Түркстанда шымылдық урлаған« деп, Сын тағыпсыз бизлердиң бабамызға! Бир шымылдық бир елге мүлик болмас, Көп болса, төрт-бес уры барған шығар, Ҳәр елде ондай уры болмай ма екен, Қазақта да урылар болған шығар?.. Әўелден арқан-тусаў урлайтуғын, Өзиңниң Арқадағы шаруан шығар, Нағашылы-жийенлер урлап алып, Жаласы қарақалпаққа қалған шығар?..* – деп қарсыласының ҳәр бир сөзине дәстиярлы жуўап қайтарады. Айтыс узаққа созылмайды. Үмбеталы жеңилгенин тән алады ҳәм Аққумнан кеткеннен кейин де сәлем жоллап:… *Арымайтын араным, Айтысыўға шамам жоқ, Күшіңді байқап қарадым, Айналайын қарағым, Алдыңа бас ұрамын!,* – деп жас таланттың алықлығына бас ийеди ҳәм айтысты даўам еттирмейди [8: 324 – 325]. Себеби, сол ўақыттың өзинде-ақ көпшилик тәрепинен «Шайыр бала» сыпатында мойынланған Тилеўберген Қупбатулла улы – шынында да ҳақыйқый тарийх пенен қуралланған, өзи арлы, сөзи тийкарлы, айтқаны тас кесетуғын, атқаны мирдиң оғындай түйреп түсетуғын, асылғанын алатуғын, услағанын жулатуғын жаста еди.

«Өтмишти дурыс аңлаўшы, өзликти улығлаўшы» деп сөзимиз басында еслеткенимиздей, жалынлы жас қаршадайынан халқының тарийхы менен қуныға қызыққан, ески қолжазбаларды көп оқыған, нәсепнамалар менен танысқан, Үмбеталы ақын айтқанындай: «китап қоймай, ақтарған» [8: 322]. Сол себепли де, сөзи – дәл ҳәм дәлилли!

Бир мысал, атақлы Арыслан баптың – қарақалпақ халқының қытай арысы мәнжиўли руўынан екенлигин, усы уллы пирдиң шәкирти – Ахмет Яссаўийдиң де сол туқымнан шыққанлығын биразлар биле бермейди. Бирақ, қарақалпақлар арасында олардың қалдырған мийраслары кеңнен белгили еди ҳәм әўладлық шежирелери де әйне бүгинги дәўиримизге шекем жетип келди [10: 92; 7: 42]. Ислам дүньясына мәшҳүр усы тулғалардың урпақлары ҳәзир де өз ата-бабаларынан қалған қәдириятларды сақлап келмекте [1: 52; 2: 10]. Тилеўберген шайыр: *«Гүмбезинде бар« дейди – алтын алқап, Қазақлар сатып жеген жүрек жалғап, Ҳеш азамат өз халқын қарғамайды, Яссаўий – қазақ емес, қарақалпақ!,* – дегенде усыны нәзерде тутқанлығы анық. Ҳақыйқатында, Түркстан халықлары «Ҳәзирети Султан« деп улығлаған бул улығ атлы инсанның сақанасына тутылған шымылдық қарақалпақлар тәрепинен XIX әсир орталарына шекем ҳәр жылы жаңартылып турған. Ең ақырғы мәрте тутылған усындай буйымды Бөкей ордасының ханшайымы «тәберик» сыпатында алып кеткенлиги анықланды [12: 30 – 36].

Аралбойы алабы – не-не қупыяларға толы. Тәбиятынан зийрек Тилеўберген Қупбатулла улы кишкене ўақтынан-ақ өз үлкесиниң өтмиши жөниндеги тарийхый гүрриңлерге қулағы түриўли болып, оларды зердесинде тоқып барған. Сол қызығыўшылығы себепли, Арал теңизиниң астында қалған Адаққала, Аязқала, Байсынқала сыяқлы аты аңызға айланған тарийхый қалалар туўралы дәреклерди халық аўзынан жазып алып, олардың айырымларын баспасөз бетлеринде жәриялайды [4: 2]. Өзи балалығынан шығармаларын яд билген Ҳәзирети Султан (*Ахмет Яссаўий*) шәкиртлеринен: Ҳәким ата (*Сүлеймaн Бақырғаный*), Тоқпақ ата (*Әбдираҳман Тақмақый*) ҳаққындағы аңыз-әпсаналарды жыйнап, усы уллы тулғалардың қолжазбалары менен танысады, ҳәтте, «Тоқпақ ата» мазарындағы ески бир қулпытасты оқыўға да миясар болады. Мәлим болыўынша онда: *Ҳаслымды сорасаң Адақ ишинде, Алабүйрек едим, ақжар ишинде...*, – деп жазылған екен [3: 148 – 149]. Әпсанаўий Адаққала ҳаққындағы бул мағлыўматлар тарийхшылардың тек қала қалдығы мәселесиндеги емес, усы аймақта жасаған адақлылар туўралы жаңа изленислерине де қозғаў салды [6: 41 – 42].

Тарийхый естеликер биз ушын қандай қәдирли болса, умытылып баратырған сөзлеримиз де сондай әҳмийетке ийе. Устаз ҳаққындағы «Сөзди сыйлаўшы, арды жырлаўшы» деген сыпатламамыз да усыған тийкарланған. Т. Жумамуратов ана тилимиздиң сөзлик қорын байытыў ушын умытылыўға айланған уғымларды жергиликли сөйлесимлердеги сөзлерди еркин қолланып, оларды әдебий айланысқа түсириўди кеңнен нәсиятлады. Усы мәселеде бәрше зиялыларымызға: «… жазыўшылар, алымлар, журналистлердиң тилге кәмиллиги жетиспесе, олардың қолларындағы әсбаплары аз, бар болса да – өткирлиги жоқ, тыйпыл болып қалған пышақ пенен тең деген сөз», – деп шақырық таслады [5: 90]. Әлбетте, бул – сөз маржанын терген, оннан өзерленген қәлем ийесиниң ҳәммени ана тилимиздиң қәдир-қымбатын сезиниўге, уғыныўға ҳәм оны улығлаўға шарлаўшы шақырығы еди...

Қарақалпақ тилине мәмлекетлик тил бийлиги берилиўи зәрүрлиги жөниндеги идеяны ортаға таслап, бул мәселеде жан күйдирип ҳәрекет еткен устаз өзи бас болып, алға қойған мақсетинен ҳасла қайтпады ҳәм нәтийжеде усы ийгиликли басламаны әмелге асырыўға еристи!

Ҳәзиржуўаплығы бойынша алдына жан салмаған, билими ҳәм илими бойынша да өз теңлеслеринен, өз қәлемлеслеринен оқ бойы озық турған уллы устаздың пикирлеў дүньясы не қәдер шексиз еди. Ойлары өрели, сөзлери төрели еди. Оны биз қәлем ийесиниң хатқа түскен ҳәм таспаға жазылған сөзлеринен аңлаймыз, бизге мийрасқа қалдырған мийнетлеринен аңғарамыз.

Тилеўберген Жумамуратов өз халқының жазылған ҳәм жазылмаған бай тарийхынан хабардар болғанлығы себепли, бул мәселеде не-не айтқышлар да айтысқа түскиси келгени менен, бәри бир ҳақыйқый таланттың алдында бас келе алмады, бәслесе алмады. Қайнақай, қарақалпақ шайырының усындай алық қәбилетин еситип-билген ҳәм талай-талай жыйынларда есилип сөйлегенин көрген, көриўден-ақ тән берген академик-жазыўшы Сәбит Муқан улы: «Тилеўберген – ағып турған дәрья», – деп бийкарға атамаған еди...

Әдебиятлар:

1. Арыслан бап музейи // Қарақалпақстан. – Нөкис, 2002. – №5-6.
2. Арыслан бап шежиреси // Изертлеўшиниң үй архиви – Нөкис, 1992.
3. Бегимов А. Балықшының қызы. – Нөкис, 1958.
4. Жумамуратов Т. Мойнақ өткен ўақытларда // Қызыл балықшы. – Мойнақ, 1940. – №4.
5. Жумамуратов Т. Тил байлығы – ел байлығы // Әмиўдәрья. – Нөкис, 1990. – №1.
6. Есбергенов Х. Қоңырат: Тарийхый хәм мәдений естеликлери. – Нөкис: Билим, 1993.
7. Карлыбаев М. Медресе в Каракалпакии XIX – начала XX веков. – Нукус: Билим, 2002.
8. Қарақалпақ фольклоры: Айтыс [көп томлық]. XII т. – Нөкис, 1983.
9. Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги. IV т. – Нөкис, 1992.
10. Муратбаев Ж. Дығырық (роман). – Нөкис, 1991.
11. Насыров Д., Доспанов О. Қарақалпақ тилиниң диалектологиялық сөзлиги. – Нөкис, 1983.
12. Түркистан – еки дүнья есигидур, Түркистан – ер түриктиң бесигидур... // Әмиўдәрья. – Нөкис, 2001. – №4.

СЕЙТНАЗАРОВА ИНЖАЙЫМ ЕРЖАНОВНА

Филология илимлериниң кандидаты, доцент,
Қарақалпақ мәмлекетлик университети.
Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

Т. ЖУМАМУРАТОВ ПОЭЗИЯСЫНДА АНТОНИМ – ҚАРАМА-ҚАРСЫЛЫҚЛЫ СӨЗДИҢ ОРНЫ

Ҳәр бир халықтың мәдений турмысында айрықша орын ийелейтуғын көркем сөз шеберлериниң шығармаларын лингвистикалық бағдарда изертлеў үлкен әҳмийетке ийе [1: 3]. Әсиресе, поэзиялық шығармалар тилин үйрениў, ондағы қолланылған сөзлердиң лексика-семантикалық өзгешеликлерин, тилдиң лексикалық қуралларының қолланылыўын арнаўлы изертлеў ҳәр бир көркем сөз шеберинің өзине тән сөз таңлаў шеберлигин анықлаўда баслы орынды ийелейди. Усы тийкарда дөретиўшилердиң тил қуралларын қолланыўдағы шеберлиги көркем әдебий тилимиздиң раўажланыўына тәсирин тийгизеди.

Ҳәр қандай сөз шебери көркем шығармаларды дөретиўде халықтың миллий әдебий тилинен, тил бирликлеринен пайдаланады. Ал, сол шығарманың көркемлилик баҳалылығы дөретиўшиниң тил бирликлеринен қай дәрежеде қоллана алыўы менен байланыслы.

Белгили шайыр Т. Жумамуратовтың шығармаларының тили ҳәм оның изертлениўи мәселесине бүгинги күнге шекем әдебияттаныў илими көзқарасынан баҳа берилип келди. Бул, тийкарынан, шайырдың шығармалары лингвистикалық бағдарда изертлениўи тийис деген уғымды аңлатады. Себеби, Т. Жумамуратов шығармалары шайырдың жеке өзиниң мийнетлери, дөретпелери болып ғана қоймастан, бул пүткил халқымыздың тил байлығын, сөзлик қорының кеңлигин көрсетеди. Себеби, Т. Жумамуратов өз шығармаларында қарақалпақ миллий әдебий тилиниң ең тийкарғы үлгилерин көрсетип бере алған.

Шайыр Т. Жумамуратов қарақалпақ поэзиясын идеялық, мазмунлық ҳәм формалық жақтан раўажланыўына үлкен үлес қосқан. Оның поэзиялық шығармалары терең мазмунлылығы менен ажыралып турады. Ол өз дөретпелеринде тилдиң барлық көркем өзгешеликлеринен шебер пайдаланған. Оның шығармаларының қунлылығының себеби шайырдың иләҳий шайырлық таланты менен қоса терең билимлилигинде деп көрсетиў мүмкин.

«Тилден пайдаланыўды еле жақсы билмейтуғын көплеген жас авторларға мен халық тилиниң таптырмайтуғын шеберлери Қ. Айымбетовтан, Т. Жумамуратовтан, С. Нурымбетовтан үйрениңиз дер едим», – деп илимпаз М. Нурмуҳаммедов та шайыр дөретиўшилигин жоқары баҳалаған. Ал, сыншы Қ. Султанов: «Бир илимпаз, бир тилши, әдебиятшы қарақалпақ тилин қанша дәрежеде терең билемен десе де, Т. Жумамуратовтай билиўи мүмкин емес. Буны айрықша белгилеп өтиў керек» – деген илимий сын пикирлерин билдирген. Шынында да, шайыр дөретиўшилиги жүдә уллы ҳәм баҳалы. Ҳәтте, сырт елли илимпазлардан да америкалы Джейм Паттерсон, москвалы

Юрий Карасев ҳәм украиналы бир қатар жазыўшылар шайыр шығармаларының көркемлигине, көркем тилине унамлы пикирлер билдирген [5: 4].

Т. Жумамуратов дөретпелериниң лексика-семантикасында мәнилик жақтан қарама-қарсы болған антоним сөзлер қолланылып, поэтикалық сүўретлеўдиң негизги усыллары сыпатында көзге түседи.

Т. Жумамуратов шығармаларындағы антонимлерди мәниси бойынша төмендеги түрлерге бөлип қарадық.

1. Турмыста адамлар арасындағы қатнастың сыпатына, адамлардың қәсийетлерине, турмыс жағдайына байланыслы антонимлер. Бундай мәнидеги антонимлер шайыр шығармаларында көплеп ушырасады. Мысалы: Қарсыласқан *душпаным*нан қорқпадым, Қәўиплиси еки жүзли *дос*-жаман (29-бет). ***Ақмақ*** *бәрҳа* ***ақыллыны*** *күйдирер, Пышық болып тырнақларын тийдирер. Оның ушын өкпелеўге орын жоқ,* ***Жақсыға*** да, ***жаманға*** *да ийт үрер* (10-бет). *Аспан-жердей* ***дос-душпанның*** *арасы, Бирақ мына ҳәдийсеге қарашы ... Сынап көрдим* ***жақсы*** *менен* ***жаманды****, Жаманлардан ашып көрдим арамды.* (29-бет). *Қәстеликте болдым солғын жапырақ,* ***Денсаўлықта*** *жердиң бийик таўыман* (32-бет).

2. Ўақытқа, мезгилге, мәўсимге, ҳаўа райына, жас өзгешелигине байланыслы қолланылған антонимлер. Мысалы: *Сенлик* ***күндиз*** *лаладайман, Сенсиз* ***ақшам*** *баладайман, Сен мейли* ***ерте*** *айт,* ***кеш*** *айт.* ***Күн*** *бар жерде* ***түни*** *бар, Ер бар жерде мини бар, Суўығы болар ыссының. Ойлап қараң қыс күнин.* (59-бет)

Жигитликти *мәртлик пенен таптың ба? Бул* ***ғарры*** *да бөбек болған ўақтында.* ***Қарт*** *алдында* ***жаслығыңа*** *мақтанбай, Ойланып қой келешегиң ҳаққында. Муҳаббат қарамас* ***үлкенге, жасқа*** *... Жас өткенде күним туўып оңынан, Ысқырысқан* ***қысым*** *кетип,* ***жаз*** *шықты ... Өмирдиң де* ***бәҳәр, жазы қысы*** *бар…* (26–28-бетлер)

3. Адамларға, зат яки қубылысларға байланыслы сапаны, сынды, қәсийетти билдиретуғын антоним сөзлер. Мысалы: *қатты-бос, дүзиў-қыйсық, жақсы-жаман, сақый-сықмар* ҳәм т.б.

Билгир бар жерде надан бар, Жақсы бар жерде жаман бар, Жорға бар жерде жортақ бар, Батыр бар жерде қорқақ бар, Биреў алым дейди, биреў надан деп, Биреў жақсы дейди, биреў жаман деп. Жақсылық қылсаң – ескерткиш, Жаманлығың – сескенткиш ...Буйымның жақсы жаңасы, – Мүтәжиңди питкерген. Дослықтың жақсы гөнеси, – Сынақлардан өткерген. (62-бет)

4. Ҳәр қыйлы эмоциональ сезимди, кеўилди билдиретуғын антонимлер. Мысалы: *күлки-қайғы, қуўаныш-матам* ҳәм т.б.

Қуўаныш пенен уўайым, Егиз туўған ағайын …Егиз болар қуўаныш ҳәм қапалық …Базда *шадлы*, базда *қапалы* өмир. Бул дүньяда *қайғы-шадлық* бар екен, Әўелинде егиз болып дөреген. Бир ўақытта *жапа* шегип отырсам, Бир жағынан *қуўанышты* көремен. (13-бет) Болды талай *қуяшлы күн, сая күн*, Жеп те көрдим биразлардың таяғын.

5. Муғдарды, көлемди, өлшемди, тезликти билдириўши антонимлер. Мысалы: *көп-аз, узақ-жақын, аўыр-жеңил, әстен-тез* ҳәм т.б.

Көп оқып, көп билдим бул азлық етти, Аз билмес найсаплар аспазлық етти, (24-бет) *Көплер аздан қуралар? Аз* жыйналса *топ* болар …Айтып берген алжасықты, мақулды, Көрип турған *жырақ* пенен *жақынды*. (11-бет) Ҳәр кимниң минез-қулқы *аспан-жердей*, Пәс басшы сүрниксе жоқ болады.

6. Заттың яки қубылыстың белгили бир тәрепин, бағытты, кеңисликти, орынды билдириўши антонимлер. Мысалы: *кең-тар*, *алды-арты*, *пәс-бийик*, *оң-шеп* ҳәм т.б. Бул мәнидеги мысаллар шайыр шығармаларында сийреклеў ушырасады. Мысалы: Айтарлықтай даўыл да жоқ, күн тыныќ, Епкин менен *алға-кейин* умтылып. (72-бет) Қарап-қарап *оңға-солға*, Көп жерлерден өтти асып. (275-бет] Гә *кейин*, биреўлерден гә *илгери*.

7. Заттың реңин, түр-түсин аңлататуғын антонимлер. Мысалы: Қартлық дәўран «кел» деп колын былғайды, *Қара* шаштың *ағы* жеңип улғайды (26-бет) Бетке түскен дақты, *қараны-ақты*, Көрсетиўши достым дей бер, айнаны. (11-бет) Басқа салды Асанның муң-қайғысын, Шубырынды *«қара табан», «ақ табан»* («Мениң заманласларым» 25-бет).

Соңғы дәўирде лексикология бойынша шыққан мийнетте антоним сөзлерди мәнилик жақтан 8 түрге бөлип үйренген [3:27]. Ал, биз Т. Жумамуратов шығармаларындағы антонимлердиң мәниси бойынша 10 нан да артық түриниң бар екенлигин байқадық.

Көркем әдебиятта қарама-қарсы сапалық уғымларды атаўшы сөзлер қолланылыўына қарай ҳәр қыйлы стильлик хызметлер атқарады. Тилдеги лексикалық антонимлерден басқа контекстлик антонимлер де дөрейди [7]. Бул жағдай, әсиресе, қарама-қарсы мәнили сөзлерди бир гәп ишинде қатар қолланыўда иске асады. Лексикалық антонимлер дегенде биз ҳәр бир тилде сөйлеўшилер тәрепинен антонимлер ретинде қабыл етилген қарама-қарсы мәниге ийе сөзлерди түсинемиз. Т. Жумамуратов шығармаларының лексикасына енген антонимлер контрастлықты, сондай-ақ, образлы экспрессияны пайда етеди. Автор тилдеги қарама-қарсы мәнили сөзлерди поэзиялық шығарманың мазмунына, талабына қарай, пикирдиң характеринен ғәрезли түрлише қолланыўы мүмкин. Биринши гезекте, шайыр шығармаларында қолланылған антонимлер стилистикалық фигуралардан бири – антитеза хызметинде келеди. Антитеза дегенимиз, сөйлеўдиң өткирлигин арттырыў мақсетинде бир фразада қарама-қарсы, контраст түсиниклердиң қолланылыўы. [2:85]. Т. Жумамуратов шығармаларында антонимлерди бундай хызметте кең қолланған. Мысалы: Сонда бир сен болып *шадлығым, қайғым* …Гейде *жаманлады*, гейде *мақталды*, Гейде *шарықлады*, гейде *тоқталды*.

Солай етип, шайыр дөретпелеринде тилимизде түпкиликли сөз сыпатында жасап киятырған лексикалық антонимлер түрли стильлик хызметлерде жумсалған.

Шайыр шығармаларында дөретиўшилик стилине байланыслы дөреген контекстлик антонимлер де жийи қолланылады. Тилимизде жеке турғанда қарама-қарсы мәниге ийе емес, ал, белгили бир контекст ишинде антоним болатуғын сөзлер де ушырасады. Мысалы: Биреўлер қурар естелик, Ақыл менен күш пенен. Биреўлер өтер *«бес»* болып, Биреўлер өтер *«үш»* пенен. *Залымлық* – бир *шырпы*, *әдиллик – дарақ,* Жақсы болсаң дарағысаң журтыңның. Ҳәмел барда аталды ол *данышпан*, Ҳәмел кетти, артық көрмес *аўыштан* (37-бет).

Бул мысалларда *«бес» – «үш», шырпы-дарақ, данышпан-аўыш* сөзлери текст ишинде бир-бири менен антоним болып қолланылған. Ал, көрсетилген сөзлердиң жеке турғанда антонимлик мәниси конкрет емес. Демек, контекстлик антонимлер деп тек белгили бир текстте антоним болып, ал, тысқары толық қарама-қарсы мәниге ийе емес сөзлерге айтамыз. Бизиңше, бундай антонимлерди контекстуал антонимлер деп атаў дурыс. Себеби, стильлик антонимлер дегенде тек жалғыз контекстте жүрип пайда болатуғын антонимлерди түсинбеймиз. Оның мәниси кең [6].

Контекстлик антонимлер аўызеки сөйлеўде, поэзияда, публицистикада ушырасады ҳәм белгили контекстте қарама-қарсы мәнисте жумсалады. Олар автордың жеке стилине, дөретиўшилик шеберлигине байланыслы шайыр шығармаларында пайда болады. Әлбетте, бундай антонимлик жубайлар әйтеўир ғана ислетиле бермейди. Олардың дөреўинде де белгили заңлықлар бар. Ең баслысы шығарма пикирди антитезалық усылда бериў, сондай-ақ, сөзлердиң көп мәнилиги, синонимия, синекдохалық усыл ҳәм т.б. контекстлик антонимлердиң дөрелиўинде әҳмийетли роль ойнайды.

Жуўмақлап айтқанда, шайыр Т. Жумамуратов шығармаларында антонимлердиң мәнилик түрлери оғада өнимли ушырасады. Бул жағдай шайырдың өмир қубылысларын салыстырыўда, сол арқалы шығарманың оқыўшы жүрегин жаўлап алатуғын етип дөретиўге умтылыўында көзге шалынады. Көрип өткенимиздей, антонимлердиң барлық мәнилик түрлери белгили бир тиллик нызамлылықлар арқалы дөрелип, шығарманың идеясы, образлары, мазмун тереңлиги ҳәм т.б. ушын әҳмийетли роль атқарады.

Әдебиятлар:

1. Абдиназимов Ш. Бердақ шығармаларының тили. – Тошкент: Фан, 2006.
2. Бекбергенов А. Қарақалпақ тилиниң стилистикасы. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1990.
3. Бердимуратов Е. Ҳәзирги қарақалпақ тили. Лексикология. – Нөкис: Билим, 1994.
4. Жумамуратов Т. Өмиримниң өзи философия. – Нөкис: 2005.

5. Жумамуратов Т. Аралға келдим оралып. – Нөкис, 2016.
6. Seytnazarova I. I. Yusupov shıǵarmlarında antonimlerdiń qollanılıwı. – Nókis: Qaraqalpaqstan, 2014.
7. Хожанов Ш. Қарақалпақ тилиндеги антонимия кубылысы. – Нөкис: Билим, 2017.

ALLANAZAROV ESBERGEN ESBOSINOVICH
Filologiya ilimleriniń kandidatı
Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı.
Ózbekstan, Qaraqalpaqstan, Nókis

TILEWBERGEN JUMAMURATOVTÍŃ «MAKARYA SULÍW» DÁSTANÍNDA METAFORALARDÍŃ STILLIK QOLLANÍLÍWÍ

Til iliminde, sonıń ishinde, qaraqalpaq til iliminde kórkem shıǵarma leksikasınıń stillik qollanılıwı haqqındaǵı mashqala teoriyalıq jaqtan da, ámeliy jaqtan da eń áhmiyetli máselelerdiń biri bolıp kiyatır. Bul jaǵday onıń izertlew obyektiniń qospalılıǵına da baylanıslı. Óytkeni, akademik V. V. Vinogradovtıń oǵada ádil tastıyıqlaǵanınday-aq, sóz óneriniń tili sózlik-kórkem formalar, ádebiy til menen xalıqlıq sóylew tiliniń kommunikativlik, ańlatıwshı hám kórkem súwretlewshi xızmetleriniń sintezi tiykarında dóregen mánileri hám xızmetleri bolıp tabıladı. [4, 184] Bul sózlik-kórkem formalar, ádebiy til hám ulıwmaxalıqlıq sóylew tiliniń kommunikativlik xızmeti menen ańlatıwshı hám kórkem súwretlewshi xızmetleriniń sintezi sistemasında til qurallarınıń biri sıpatında tanılatuǵın metaforalar ayrıqsha áhmiyetke iye. Sonlıqtan da, ol ilimiy kózqarastan áhmiyetli mashqala retinde til iliminde de, ádebiyattanıw iliminde de tán alınıp kelmekte. Onıń ústine kórkem shıǵarmanıń tilin úyreniwge baylanıslı baslı mashqalalar qatarında kórkem shıǵarmanıń tili (stili) hám sóz sheberiniń tili (stili), olar arasındaǵı baylanıs, sonday-aq, usıllarǵa qatnaslı basqa da máseleler kórkem shıǵarma tiliniń stillik ózgesheliklerin anıqlawǵa taǵı da qospalıraq tús beredi.

Qaraqalpaqstan xalıq shayırı – Tilewbergen Jumamuratov qaraqalpaq ádebiyatı tariyxında ornı bólek, óziniń ájayıp dóretpeleri menen kórkem súwretlewge úlken úles qosqan, estetikalıq kórkem oy-pikir tarawında oǵada qunlı hám bahalı miyras qaldırǵan qaraqalpaq shayırlarınıń biri. Ózi jasaǵan dáwirdegi jámiyetlik turmıstıń eń áhmiyetli mashqalaların poetikalıq shıǵarmalarınıń tiykarǵı obyekti etip aldı. Ol tárepinen dóretilgen ádebiy obrazlar, portretler hám estetikalıq oy-óris kartinaları, ideyası, mazmunı, olardıń barlıǵında tuwǵan el, sheksiz muhabbat, adamgershilik qásiyetleri, h.t.b.lar poetikalıq shıǵarmada real súwretleniwi onıń hárbir adresanttıń esinde, kóz aldında. Shayırdı xalıq «tuwma talant» dep biykarǵa bahalamaǵan. Haqıyqatında da, tuwma talantlılıq onıń barlıq shıǵarmalarında, olardıń kompoziciyasında, ideyasında, obrazları menen portretlerinde kórkem súwretlewler arqalı real kórinislerine iye boladı. Tuwma talantlılıq derlik shıǵarmalarınıń hárbir poetikalıq qatarına tán. Tez kórkem ańlaydı hám tez súwretlengen waqıya oqıwshınıń kóz aldında erksiz eleslew, sonday-aq, adamda estetikalıq zawıq payda etedi. Haqıyqatında da, qosıǵında keltirgenindey, shayır óz metaforası menen sıpatlaǵanda poeziya aspanında alǵır qustay sharıqladı, poetikalıq oy-pikir hám shiyrin qıyallar menen jasadı, poeziya tereńliginiń túbinen gáwhar taptı.

T. Jumamuratov poeziyada xalıq tiliniń leksikalıq-semantikalıq, semantikalıq-stilistikalıq sheksiz baylıqlarınan óziniń jeke poetikalıq stili talaplarına say durıs paydalana alǵan, hálsizlik emes, al, tapqırlıq etken, sózlik-kórkem súwretlew ushın zárúriy bolǵan til quralların tańlawda óziniń tuwma talantı tiykarında batırlıq hám originallıq islegen sóz ustası bolıp tabıladı. Álbette, bunda onıń jeke stillik metaforalardı dóretiw hám poetikalıq xızmette paydalanıwdaǵı originallıǵı menen tapqırlıǵı da birden kózge taslanadı.

Poeziya stili kórkem-belletristikalıq stildiń ózgeshe tarmaqlarınıń biri sıpatında onda ana tiliniń barlıq baylıqları súwretlewdiń tiykarǵı elementi xızmetin atqarıp keledi. Kórkem súwretlew stilinde óziniń poetikalıq sheberligine iye talantlı shayırdıń tábiyat qubılısların

súwretlewge baylanıslı mına qatarlarındağı oy-pikirdiń, onıń obrazlılıq-ekspressiyasın tolıq beriwdegi sóz hám máni tańlaw sheberligin, bayanlaw stiline say metafora jasawdağı dóretiwshilik originallıqtı, novatorlıqtı, máselen, basqasha qalay bahalaw múmkin:

Metaforalardı sóz mánisiniń keńeyiw usıllarınıń biri sıpatında, sózdiń kóp mánililiginiń payda bolıwı hám biri retinde úyreniwde de sol bağdar esapqa alınadı.

Zorlıqqa kónbes ashıqlıq otı, Men de bir torǵa qamalǵan totı. Haǵıńa kelsem, súyemen seni, Buyırǵan solay júrektiń otı. («Makarya sulıw»)

Bul mısaldağı **ashıqlıq otı**, **men de bir totı**, **súyemen seni**, **júrektiń otı** sóz dizbeklerindegi metaforalasqan mániler awısqan mánilerden, sóz mánisiniń keńeyiwinen payda bolǵan mánilerden ibarat.

T. Jumamuratovtıń poetikalıq shıǵarmaları tilinde metaforalar da, metonimiyalar da, sinekdoxalar da estetikalıq talaplarǵa sáykes kerekli jerinde jiyi qollanılǵanlıǵın kóriwimizge boladı:

1. *Jaw shıńǵıtıp nárestesin arıwdıń, Jutıp turdı gáwhar dárya aǵısın...* («Makarya sulıw»)
2. *«Qaliylanı», Shaxnamanı», «Qabustı», Oqıyǵoysa, kirpik qaqpay tańattı.* («Makarya sulıw»)
3. *Múlgiydi toǵay, uyqıda dala, Qıyǵırǵan dem-dem qırǵawıl ǵanań..* («Makarya sulıw»)
4. *Ne danalar ótpedi bul tariyxtan, Baxıt kórgen erler menen qanıqpan.* («Tórtlikler»)
5. *Sekirip júr jelkildesken aydarlar, Óspirimler jawdırasqan tulımıń..* («Makarya sulıw»)
6. *Jigitke aralasıp, házillesip, Qosıla án shırqaydı perileri,.....* («Makarya sulıw»)

Berilgen poeziyalıq qatarlarda (nárestesin) arıwdıń, (oqıǵoysa) «Qaliylanı», «Shaxnamanı», «Qabustı», (ótpedi bul) tariyxtan metonimiyalıq mánilerde, (jelkildesken) aydarlar sinekdoxalıq mánide, (toǵay) múlgiydi, (dala) uyqıda, (erler menen) qanıqpan sózleri metaforalasqan awısqan mánilerde kórkem qatarlar tilin bayıtıp, onıń tásirsheńlik dárejesiniń kúsheyiwine erisilgen.

Bul pikirdi T. Jumamuratovtıń shıǵarmalarında biytárep stillik leksikalıq metaforalardıń qollanılıw jaǵdaylarına baylanıslı dál faktlerden kóriwge boladı. Tábiyat kórinisin súwretlewge baylanıslı onıń mına qosıq qatarlarındağı sózlerdiń qollanılıwına názer awdarayıq:

Nurı egep tawlardıń basın, Samal jalap aynaday tasın. Ala bultlar kóship, tebelep, Ótip ketken suwın sebelep. Tamshı qonıp shópke, putaqqa, Jıltıraydı gúmis shıtaqtay. Sap hawanıń salqın samalı, Jelip óter betten shamalı. Tasbaqalar da mamırlap basıp. Arqasına qıstırǵan qasıq... Olja tawıp asar asına, Barıp qondı shıńnıń basına... («Makarya sulıw»)

Shayır kórkem súwretlew ushın zárúriy bolǵan ekspressivlik kúsheytiwshi mánilerge iye sóz hám sóz mánilerin de ádettegi tuwra mánilerdey bolıp uǵınılıp ketken sóz mánilerin de óz ornında sheber paydalanǵan. Anıqlap oy juwırtsaq, qosıq qatarlarında kórkem sóz sheberiniń dóretiwshilik stiline tán tolıp atırǵan kúsheytiwshi ekspressiyaǵa iye metaforalasqan mánilerdi ańlawǵa boladı: nurı (egep), basın (egep), samal (jalap), tasın (jalap), bultlar (tebelep), tamshı (qonıp), shópke, putaqqa (qonıp), qıstırǵan (qasıq), qasıq (qıstırǵan), tasbaqalar (qondı), t.b. Usınıń menen bir qatarda bul jerde **tawlardıń bası, salqın samalı, barıp qondı, shıńnıń basına** usaǵan sóz mánisiniń awısıwı arqalı payda bolǵan biytárep stillik leksikalıq metaforalar da súwretlewdiń talabına qaray orınlı paydalanılǵan.

T. Jumamuratov ulıwmaxalıqlıq til baylıqlarınan, metaforalardıń haywanat atamalarına tiykarlanǵan belgili bir toparınan poeziyada stillik qollanılıw tájiriybelerinen taǵı da rawajlandırıwdıń, óz stiline tán úlgilerin kórsetkenligin sezemiz. Tómendegi poetikalıq shıǵarmalardan úzindilerde haywanat atları metaforalıq sıpatlawshı xızmetlerde ájayıp stillik sheberlik penen paydalanılǵan:

1. *Qarlıǵash buǵan-baylawlı baspaq, Jılasa jeter kózine kúshi.* («Makarya sulıw»)
2. *Men de birge izleseyin, Qıyalımdı at etip.* («Makarya sulıw»)
3. *Óltirgen Japar talaydı shalıp, Qasqır dep onı ataǵan xalıq.* («Makarya sulıw»)

Bul mısallardağı haywanlar hám quslar atlarına qurılǵan metaforalardı qısqasha mına taqlette kórsetse bolar edi: qarlıǵash-baspaq, qıyal-at, Japar-qasqır, **adam-qoyan, júrek-arıslan, qumırısqa-pil, aqmaq-pıshıq.** Olardıń hárbirin sóz dep qaraytuǵın bolsaq, onda sırttan qaraǵanda **lardı** payda etiwshi sesler qatarın, yaǵnıy sózdiń seslik qabıǵı sóz boladı.

T. Jumamuratov poeziyada xalıq tiliniń leksikalıq-semantikalıq, semantikalıq-stilistikalıq sheksiz baylıqlarınan óziniń jeke poetikalıq stili talaplarına say durıs paydalana alǵan, hálsizlik emes, al, tapqırlıq etken, sózlik-kórkem súwretlew ushın zárúriy bolǵan til quralların tańlawda óziniń tuwma talantı tiykarında batırlıq hám originallıq islegen sóz ustası bolıp tabıladı. Álbette, bunda onıń jeke stillik metaforalardı dóretiw hám poetikalıq xızmette paydalanıwdaǵı originallıǵı menen tapqırlıǵı da birden kózge taslanadı. T. Jumamuratov óziniń tuwma talantlılıǵı menen xalqına tanılǵan qaraqalpaq ádebiyatınıń úlken bayterekleriniń biri. Bul onıń poetikalıq shıǵarmalarınıń tilinde metaforalardı, sonıń ishinde, óziniń jeke tiline tán stillik-avtorlıq metaforalardı estetikalıq talaplarǵa say, asqan sheberlik penen paydalanıwda, avtorlıq metaforalardı xalıq tiliniń úlgilerine qaray dórete alıw hám olardı sheber paydalanıwı menen de belgili. Jeke stillik-avtorlıq metaforalar dóretiwde hám orınlı qollanıwda originallıq, novatorlıq da kórsete alǵan. Bul onıń hárbir shıǵarmanıń kompoziciyasına, ideyasına, obrazına, mazmunına sáykes sóz hám sóz mánilerin tańlawında, jeke stillik-avtorlıq metaforalar menen kórkem ádebiyat leksikasınıń, onıń semantikalıq-stillik quralların belgili dárejede bunnan bılay da bayıtıwǵa, rawajlandırıwǵa úlken úles qosıwında kórinedi. Izertlewlerdiń nátiyjesi de usı pikirdi tastıyıqlaydı. T. Jumamuratov – tuwma talantqa iye, novator, haqıyqıy kórkem sóz ustası.

Ádebiyatlar:

1. Абдуллаева Л. Лексическая стилистика ўзбекской художественной литературы. Т., 1979.
Kórkem sóz sheberi waqıyanı óziniń oy eleginen ótkizip, oǵan túrli boyaw berip, ráńbáreńligin arttırıp, kórkemlep súwretlewi tiyis. Belgili bir oydı jarıqqa shıǵarıp bayanlawda, ásirese, onı kórkem til menen súwretlep jetkeriwde leksikalıq sinonimler menen bir qatarda frazeologiyalıq sinonimler de úlken xızmet atqaradı. Máselen, kewil kóteriw – boy jazıw, iyek qaǵıw – bas iyzew, ishi kúyiw – janı ashıw frazeologizmleri bir-biri menen sinonim, lekin, olar kórkem shıǵarmalarda ekspressivlik-stillik jaqtan, mánilik jaǵınan ózgesheliklerge iye [1].

Tilshi-ilimpazlar frazeologizmlerdegi sinonimiya qubılısın belgilewde túrli usıllardı kórsetedi. Qaraqalpaq tilinde frazeologiyalıq sinonimler de leksikologiyanıń tolıq izertlenbegen máselelerиniń biri. Sonlıqtan, tilde sózlerdiń sinonimlik qatnası tek jeke sózlerdiń arasında ǵana boladı dep sheklewge bolmaydı. Óytkeni, sinonimlik qatnas frazeologiyalıq sóz dizbekleriniń arasında da boladı. Frazeologiyalıq sinonimlerdi qaraqalpaq tiliniń faktlerine muwapıq, eki túrge bólip qaraw múmkin: frazeologiyalıq sóz dizbekleri menen jeke sózlerdiń arasındaǵı sinonimlik qatnas, frazeologiyalıq dizbeklerdiń ózleriniń arasındaǵı sinonimlik qatnas [2].

Qaraqalpaq tilindegi frazeologizmler tildiń sózlik quramında áhmiyetli orın iyeleydi, olar keń mánilik ózgeshelikler menen sıpatlanadı, óz ara mánilik jaqtan jaqın bolıp ta qollanıladı. Sebebi, frazeologizmlerde emocionallıq, ekspressivlik máni jay sózlerge yamasa erkin sóz dizbeklerine qaraǵanda basımıraq bolıwı menen ózgeshelenedi. Ilimpazlar Q. Pirniyazov, A. Pirniyazovalar frazeologizmlerdiń sinonimlik qatar dúzip keliwinde eki túrli usıldı atap kórsetedi: «Ayırım frazeologiyalıq sóz dizbekleriniń tiykarında da sinonimler payda boladı. Birinshiden, tilimizdegi ayırım sózler frazeologiyalıq sóz dizbegi menen sinonim bolsa, ekinshiden, frazeologiyalıq sóz dizbekleriniń ózi de sinonimdi payda etedi» [3].

Frazeologiyalıq sinonimlerge tán mánilik, stillik ayrıqshalıqlar olardı kórkem ádebiyatta semantikalıq-stilistikalıq qurallar sıpatında keńnen paydalanıwǵa múmkinshilik beredi. Poeziyada sinonimlerdi poetikalıq talaplarǵa sáykes kórkem sóz sheberi tárepinen stillik baǵdarda durıs qollanılıwı súwretlenetuǵın waqıyanıń oqıwshıǵa kórkem hám obrazlı sıpatta estetikalıq tásir etiwine járdem beredi. Sol ushın da, kórkem sóz sheberi frazeologiyalıq sinonimlerdi óziniń jetkerip bermekshi bolǵan oy-pikirin, obrazlılıqtı támiyinlewde olardan kereklisin tańlaydı.

Tilewbergen Jumamuratov shıǵarmalarında da frazeologiyalıq sinonimler belgili bir stillik maqsetlerde jumsalıp, hárbiri ózine tán ózgesheliklerge iye bolıp keledi. Bunday sinonimlik qatarlardıń úlgilerin shayır dóretpelerinde kóplep ushıratamız. Mısalı: *Móldirshindey sulıw tartıp mıyıǵın, Betin bastı salıp* ***kózdiń qıyıǵın****... («Muhabbat qaramas úlkenge, jasqa»). Túske megzes biyik dáwran baslandı, Kókke ushıp, álemge* ***kóz taslandı*** *(«Tek sulıwlıq – mázi bettiń boyawı»). Ózim Sháryarman, dep shawqımdı salma, Tóbeńnen* ***kóz tigip****, sınap tur xalqıń («Haq sóz aytsań hesh abıroy túspeydi»). Pútin jer jáhándi kórip turıpsań,* ***Názer salsam*** *hárbir jannıń túrine («Aq kúnim»). Birewlerge tiliń menen* ***oq atıp****, Sen olardan kútip júrme tatlı sóz («Bul dúnyanıń atqan jaqtı tańı da...»). Heshbirewdi* ***tiliń menen tırnama****, Eger óziń jaqsı sózdi qáleseń («Jaqsınıń úyinde toyday tamasha»). Kúshlimen dep jazıqsızǵa* ***tas attıń****, Shamalı kún qapalıqta jasattıń («Kúnniń nurı jerge ashıq pármana»).*

Berilgen mısallardaǵı *kózdiń qıyıǵın salıw, kóz taslaw, kóz tigiw, názer salıw* frazeologizmleri «qaraw», *tili menen oq atıw, tili menen tırnaw, tas atıw* frazeologizmleri «urısıw», «tınıshına qoymaw» mánisindegi semantikalıq jaqtan jaqın frazeologizmler bolıp, olardı biriniń ornına ekinshisin qollanıwǵa bolmaydı, sebebi stillik jaqtan bir-birinen parıq qıladı. Demek, sóz sheberi sinonim frazeologizmlerdi kórkem shıǵarmalarda qollanǵanda mánilerinde ulıwmalıqtıń, jaqınlıqtıń bolǵanı menen súwretlenip otırǵan qubılısqa baylanıslı frazeologiyalıq sinonimlerdiń mánilik boyawların esapqa alıp, olardı sheberlik penen tańlap alıp jumsaw arqalı waqıyanıń eń názik bolǵan táreplerin kórsetiwge erisken.

Qaraqalpaq tilinde quramında mánileri bir-birine jaqın frazeologizmler de ushırasadı. Bunday sinonimlerdiń ayrıqshalıǵı jay sózlerge qaraǵanda oǵada ótkir seziledi. Leksika frazeologiyalıq sinonimlerde dizbek óz máni dárejesine qaray, ózine sinonim bolǵan jay sózden anıq ayırılıp turadı. Bir qıylı túsinikti frazeologizm menen bildiriw, ádette, jay sóz dizbegi menen bildiriwge qaraǵanda obrazlı, ótkir tásirli bolıp keledi. Ilimpaz M. Qálenderovtıń kórsetiwinshe, «frazeologiyalıq birliklerde absolyut sinonim bolmaydı. Mánisi óz ara teppe-teń keletuǵın frazeologiyalıq sinonimler tilde az ushırasadı» [4].

Frazeologiyalıq sinonimler payda bolıwı, kórinisi jaǵınan birneshe túrli bolmasa da, olardıń ádebiy tilge hám sóylew tiline tán túrlerin kóriwge boladı. Mısalı: *Kúshlimen dep, jazıqsızǵa tas attıń, Shamalı kún* ***qapalıqta jasattıń****, Atqan tasıń qayta tiyip ózińe, Awırlıǵın óziń* ***tarttıń azaptıń*** («Kúnniń nurı jerge ashıq pármana»).

Berilgen mısallarda *qapalıqta jasaw* sózleri menen *azap tartıw* frazeologizmin qatar qollanǵan.

Frazeologizmler oydı obrazlı, kórkemlep, astarlap, belgili bir uǵımdı hár tárepleme sıpatlap kórsetedi. Frazeologiyalıq sóz dizbeklerinen bolǵan sinonimlerdiń máni ayrıqshalıǵı oǵada ótkir seziledi. Sonlıqtan, kórkem ádebiyatta frazeologiyalıq sinonimler ayrıqsha orın iyeleydi, sol arqalı shayır aytayın degen pikiriniń obrazlılıǵına erisedi.

Sóz hám frazeologizmler leksikalıq birlikler bolıp, sózler tuwrıdan-tuwrı predmetti atap kórsetse, frazeologizmler kúshli obrazlılıq penen aytıladı. Mısalı: *kewilli – awzı qulaǵında, awzı qulaǵına jetiw, mayda – kóz ilmeytuǵın, kózge kórinbeytuǵın, táshwishleniw – júregi qanasına sıymaw, bir orında turmaw.*

Demek, sinonim frazeologizmlerde mániniń kúshli hám obrazlı ekenligi sezilip turadı. Sinonimiya – mánilik jaqınlıq tiykarında payda bolatuǵın qubılıs. Máselen, uyqılaw hám uyqılamawǵa baylanıslı frazeologiyalıq sinonimler: *Kózi iliniw – kózi uyqıǵa ketiw, kózgir alıw. Al, kirpik qaqpaw, kirpigi ilinbew, kirpik-kirpigine ayqaspaw* – uyqılamaw mánisindegi frazeologiyalıq variantlar bolsa *tún uyqısın tórt bóliw, kózine shóp tireliw* menen frazeologiyalıq

sinonimdi payda etedi: *Aqshamında oylap aydı, juldızdı, Geyde biraz* ***kirpik qaqpay*** *jataman («Kók gúmbezli keń jáhánniń ishinde»). Qabaǵıńnan nege sonsha* ***qar jawdı****, Qanjarlasıp, qandar bolǵan adamday. Aǵa desem,* ***zerebeńdi úyirip****, Bolmaqpısań Aydos, Begis, Mırjıqtay («Hámelparazǵa»). Zalımlıq kóp titiretti jer-kókti, Baxıt ushın gúreslerde* ***qan tókti****. Tań jolında talay* ***qanlar aǵıldı*** *(«Jan óz sırın til arqalı terbetken»).*

Frazeologiyalıq sóz dizbekleri jeke sózler menen sinonim bolıp keledi. Máselen, *awnap túsiw* frazeologiyalıq sóz dizbegi – awırıw, nawqaslanıw degen mánini de bildiredi. Bunday sinonimler bir mánini ańlatadı. Frazeologiyalıq sinonimler semantikalıq hám stilistikalıq jaqtan aytılajaq pikirdi kórkem, obrazlı etip beriwde hám bir sózdi qaytalay bermewde ayrıqsha áhmiyetke iye. Shayır shıǵarmalarında bunday jeke sózler menen frazeologiyalıq sóz dizbekleri qatar qollanılıp, pikirdi jáne de ótkirlestirip beredi. Mısalı: *Maqtaw biraq, jiynap qoyar zat emes, Awnap tússe, qalıp qoyar buyırmay* («Haq sóz aytsań hesh abıray túspeydi»).

Mısaldaǵı *nawqaslanıw* sózi *awnap túsiw* frazeologizmi menen ańlatılǵan. Bunday mısallardı shayır shıǵarmalarında kóplep ushıratıwǵa boladı. Mısalı: *Hayal bolsań,* ***qabaq shıtpa****, aqıl bol, Jarqın minez, júreklerge jaqın bol («Haq sóz aytsań hesh abıray túspeydi»). Bir nák usta zárre biyik ótipti, «Ayıwman» dep taltań-taltań etipti. Qopallıqtan jıǵıp alıp stolın, «Peshka»ları «ferz» bolıp ketipti («Bul dúnyanıń atqan jaqtı tańı da...»).*

Joqarıdaǵı mısallarda «qabaq shıtıw», «taltań-taltań etiw» sıyaqlı frazeologizmler qasında qollanılǵan sóz hám sóz dizbekleri menen sinonimlik mánide únles bolıp kelgen.

Solay etip, shayır T. Jumamuratovtıń shıǵarmalarında frazeologiyalıq sinonimler qaharmanlardıń sırtqı portreti menen qatar jan dúnyasın, minez-qulqın, isenimin, dúnyaǵa kózqarasın, psixologiyalıq kúyinishi-súyinishlerin, ruwxıy keshirmelerin súwretlewde durıs hám orınlı paydalanǵan. Demek, kórkem shıǵarma tilindegi frazeologizmlerdiń qollanılıw ózgesheliklerin hám mánilerin arnawlı izertlew kórkem sóz sheberleriniń xalıq tilinde tayar til quralların, til baylıqların jáne de sheberlep paydalanıw usılın ashıp beredi.

Ádebiyatlar:

1. Yusupova B. Qaraqalpaq tiliniń frazeologiyası. – Tashkent: Tafakkur qanoti, 2014. – B. 85.
2. Ешбаев Ж. Қарақалпақ тилиниң қысқаша фразеологиялық сөзлиги. – Нөкис, 1985. – Б. 31.
3. Пирниязов Қ., Пирниязова А. Қарақалпақ тилиниң лексикасы. – Нөкис, 2004. – Б. 35.
4. Қәлендеров М. Қарақалпақ тилиндеги синонимлердиң грамматикалық, структуралық ҳәм лексика-семантикалық өзгешеликлери. – Нөкис, 1984. – Б.61-62.

БЕКБЕРГЕНОВ ҚЫДЫРБАЙ АЙЖАРЫҚОВИЧ

Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясы,
Қарақалпақстан бөлими Қарақалпақ гуманитар
илимлер илим изертлеў институты.
Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

КОМПОНЕНТЛЕРИ БАҒЫНЫҢҚЫЛЫ ҚАТНАСТАҒЫ ҚОСПА СӨЗЛЕР

Компонентлери бағыныңқылы қатнастағы қоспа сөзлер тилдиң сөзлик қурамында үлкен орын ийелейди. Сонлықтан да олар, басқа тиллердеги сыяқлы, түркий тиллеринде де ҳәр тәреплеме изертленген. Бирақ, соған қарамастан, олардың классификациясы, қурамы бойынша түрлерин анықлаў, атамалары, орфографиясы ҳәм т.б. мәселелери биргелкили емес.

Т. Гарипов оларды детерминатив типтеги қоспа сөзлер деп, ал жуп сөзлерди копулятив типтеги қоспа сөзлер деп атаған [3]. Башқурт тилиниң соңғы грамматикасында да олар усылайынша бөлип қаралған [4; 110]. Т. Гарипов детерминатив типтеги қоспа сөзлерди оларды жасаўшы сөз дизбеклериниң компонентлери арасындағы синтаксислик байланыстың түрине қарап 1) жупкерлесип

байланысқан сөз дизбеклеринен, 2) келисиў арқалы байланысқан сөз дизбеклеринен, 3) басқарыў арқалы байланысқан сөз дизбеклеринен, 4) изафетлик сөз дизбеклеринен жасалған қоспа сөзлер деп бөлген [3; 174 – 186].

С. Муратов түркий тиллерде лексикалық жупкерлесиў усылы менен жасалған қоспа сөзлерди собственно сложные слова деп атаған [6; 45].

Өзбек тилинде олар тийкарғы қоспа сөзлер деп қаралған [7].

Компонентлери бағыныңқылы қатнастағы қоспа сөзлерди А. Ысқақов қазақ тилинде бириккен сөзлер, тиркескен сөзлер деп бөлген [8; 79]. К. Аханов оларды күрдели бириккен ҳәм күрдели қурама деп еки топарға ажыратқан [1; 85]. Қазақ тилиндеги сөз жасалыўға арналған соңғы мийнетте компонентлери бағыныңқылы қатнастағы қоспа сөзлер сөз қосыў арқалы жасалған ҳәм тиркестириў арқалы жасалған қоспа сөзлер деп бөлинген [5; 91].

Ф. Ганиев татар тилинде оларды бир атама менен – компонентлери бағыныңқылы қатнастағы қоспа сөзлер деп атаған [2; 65].

Компонентлери бағыныңқылы қатнастағы қоспа сөзлер қарақалпақ тилинде компонентлериниң биригиў ямаса бирикпеў дәрежесине қарай соңғы ўақытлары бириккен сөзлер ҳәм қурамалы сөзлер [10; 22, 25] (мектеп грамматикаларында – бирикпеген сөзлер) деп қаралып киятыр.

Ҳақыйқатында да, компонентлери бағына байланысқан қоспа сөзлердиң компонентлериниң өз ара қосылыў дәрежеси бирдей емес. Мәселен, *бүгин, быйыл, тасбақа, асқазан* ҳәм т.б. сөзлердиң компонентлери өз ара тығыз биригип кеткен ҳәм бир мәни аңлатады, олардың айырымлары ҳәттеки, сеслик өзгерислерге де ушырайды. Ал, *мийнет ҳақы, сөз басы, оқ жылан, қара торы, он бес, ҳеш нәрсе, қол қойыў* усаған қоспа сөзлерде компонентлер өзлериниң дәслепки формаларын сақлап, бири-биринен бөлек жазылады, бирақ бир сөз сыпатында бир мәниге ийе болады. Усыған байланыслы олардың биринши түрин бириккен қоспа сөзлер, ал, екиншисин қурама (составлы) қоспа сөзлер деп қараў, бизиңше, дурыс деп есаплаймыз. Қоспа сөзлердиң бул еки түриниң компонентлериниң байланысыў түрлери бири бирине уқсас, ҳәттеки, гейде бирдей болып та келеди. Мысалы: бириккен сөз: отағасы (изафет); қурама сөз: аўыл хожалығы (изафет). Олардың баслы айырмашылығы: бириккен сөз жай сөзге, ал қурама сөз болса сөз дизбеклерине уқсас ҳәм жақын болады. Олар буннан басқа да өзлерине тән болған айырмашылықларға ийе.

Әдебиятлар:

1. Аханов К. Грамматика теориясының негіздері. Алматы, 1972.
2. Ганиев Ф. А. Образование сложных слов в татарском языке. М.,1982.
3. Гарипов Т. М. Башкирское именное словообразование. Уфа, 1959.
4. Грамматика современного башкирского литературного языка. М., 1981.
5. Қазіргі қазақ тілінің сөзжасам жүйесі. Алматы, 1989.
6. Муратов С. Н. Устойчивые словосочетания в тюркских языках. М., 1961.
7. Ҳожиев А.Ўзбек тилида қўшма, жуфт ва такрорий сўзлар. Тошкент 1963, 7-б;
8. Мадалиев Б. Ҳозирги ўзбек тилида қўшма сўзлар. Тошкент 1966; Маматов Н. Қўшма сўзнинг сўз бирикмасидан фарқлари. – Ўзбек тили ва адабиёти, 1978, №5.
9. Ысқақов А. Қазақ тіліндегі күрделі сөздер. – Қазақстан мектеби, 1963, №2.

6. ФИЛОСОФИЯ. ҲУҚЫҚ. ФИЛОСОФИЯ. ПРАВО. PHILOSOPHY. JURISPRUDENCE

НАЗАРОВ НАСРИДДИН АТАҚУЛОВИЧ

Фалсафа фанлари доктори, сиёсий фанлар доктори, профессор.
Ўзбекистон, Тошкент

ТУРК ЁЗМА ЁДГОРЛИКЛАРИДАГИ ҒОЯЛАР ВА ТИЛЕУБЕРГЕН ЖУМАМУРАТОВ ИЖОДИДАГИ ЎХШАШЛИКЛАР

Бугунги ижтимоий-маънавий янгиланишлар шароитида бирлик ва ҳамжиҳатликни тарғиб этувчи маънавий мерос ҳамда ижод намуналарига эҳтиёж сезилмоқда. Айниқса, жаҳон цивилизацияси ривожини таъминлаб келган миллат вакилларимиз ўз маънавиятининг булоқларига қайтиб, уларни тарғиб этиб, ёш авлодни тарихий ва маънавий меросга ижобий муносабат руҳида тарбиялашга интилиб келаётганлиги қувонарли. Шу нуқтаи-назардан маънавий янгиланишлар шароитида туркий халқлар маънавиятининг илк булоғи ҳисобланган Ўрхун-Енисей ёзма ёдгорликларидаги элни бирликка, ҳамжиҳатликка ундовчи ғояларни тарғиб этиш, ҳамда ўзбек адабиётида ёрқин из қолдирган таниқли шоир Тилеуберген Жумамуратовнинг маънавий меросини ўрганиш муҳим. Зеро, Ўрхун-Енисей ёзма ёдгорликларида ҳамда Тилеуберген Жумамуратов ижодида эл дунёқараши, маънавиятини юксалтириб, ўзлигини англаш – ҳар қандай муваффақиятнинг асоси эканлигига урғу берилганлиги билан эътиборни тортади.

Тарихий тараққиёт жараёнида эл бирлигини таъминлаш ҳар бир даврнинг ўзига хос муаммоларини ечишда зарурий аҳамият касб этган. Ушбу жиҳат ёзма манбаларда ўзининг ифодасини топган бўлиб, тарихий тараққиётда маънавий-маданий жараёнлар ўзаро яхлитликни мустаҳкамлашга йўналтирилган мақсадлар ва ғоялар ҳосиласидан иборат эканлигини тасдиқлайди. Айниқса, VII асрнинг охири ва VIII асрнинг бошларида қадимги туркий мутафаккир Йўллиғ тегин – Култегин, Билга ҳоқон, Қутлуг Элтериш ҳоқонлар шарафига қўйилган ёзма ёдгорликларнинг муаллифи, теран тафаккур соҳиби туркий маънавият ва маърифатнинг тамал тошини қўйган мутафаккир сифатида турк ҳоқонлиги даврида ўзига хос ўрин тутганлиги Ўрхун тошбитикларидаги маълумотлардан аён. Ёзувларда қадимги туркларнинг маданий турмуш даражаси, адабий имкониятлари, тарихий воқеалар инъикоси, тафаккур кенгликлари ифодаланганлиги билан диққатни жалб этади. Қадимги турклар сиёсий бирлигининг етакчилари Билга ҳоқон ёдгорлиги (732 йил) ва унинг укаси Култегин ёдгорлиги (735 йил) (Кошо-Цайдам ёзувлари) ва шунингдек, маслаҳатчи Тонюқуққа аталган ёзув (716 йилдан кейин яратилган)ларда даврнинг тарихий воқеалари силсиласини ўзида ифодалаб, турк баҳодирлари жасоратли фаолиятларининг акс этганлиги – туркий халқлар тарихи ва маданиятининг тошбитикларда ифодаланган дастлабки боби эканлиги билан характерлидир. Шоир Тилеуберген Жумамуратов ижодидаги маънавий ва маърифий ҳикматлар бевосита Ўрхун-Енисей тошбитикларидаги туркийлар маънавий дунёқарашининг тадрижий давоми сифатида эл бирлиги ҳамда ҳамжиҳатлигига эътибор қаратилганлиги билан эътиборли.

Масалан, *«Туркстоннинг элида, Бепоён Турон ерида»; «Номус учун тирашган, Ҳаёт учун курашган, Қадим қорақалпоқман, Сақланиб қолган авлодман»;* [3, 4] *«Турки – тилларнинг кўрки»; [4,88/ «Туғилиб дунёга дўстликга келдим, Деб улуғ Навоий айлаган фарёд»* [3, 216]; *«Замонини писанд этмай оҳ урди, Элни дўстлик, одилликга чақирди»* [3, 126] каби фикрларида бирдамлик, ҳамжиҳатликни тараннум этади.

Туркий маданиятнинг илк намуналари Ўрхун-Енисей ёзма ёдгорликларининг тарихий моҳиятига эътибор қаратгудек бўлсак, унда: *«Отамни хон сифатида, онамни эса хотун сифатида эъзозлаб* кўкка кўтарган осмон: *«Турк халқининг исми ва шон-шарафи сўнмасин!»*, *Қабилаларини*

берган осмон (хоннинг ҳукмронлиги остига) (бу сафар ҳам): «Турк халқининг номи ва шон-шуҳрати сўнмасин» деди: «Бу исм йўқ бўлиб кетмаслиги учун ҳам осмон мени кўтарди (ва хон қилди)» [7, 23], – деган ҳикматлар мавжуд.

Ушбу битиклар шавкатли турк элининг абадиятга дахлдор эканлигини, самовий руҳлар турк етакчиларини доимо қўллаб-қувватлаб келиши ифтихор ҳисси билан қайд этиладики, ушбу сатрлар бугунги кунда ҳам ёшларимиз орасида тарбиявий аҳамиятга эга бўлиб, уларда тарихий тафаккурни юксалтириш орқали ифтихор туйғусини, фахру ғурурни, Ватан ва эл тақдири учун масъуллик ҳиссини юксалтиради. Бу жараён бугунги маънавий янгиланишлар шароитида, жамиятнинг ижтимоий-маданий юксалишида муҳим. Ушбу жиҳатлар шоир Тилеуберген Жумамуратов ижодида ҳам ўзининг ифодасини топганлиги билан аҳамиятлидир.

Шоирнинг туркий халқларнинг жондошлиги, миллий бирлик, якдиллик ва ҳамжиҳатликни тараннум ва тарғиб этганлиги билан эътиборни тортади: *«Тақдир шерик бир тананинг жонидай. Қоним шерик, бир юракнинг қонидай. Дилимиз бир, тилимиз бир сайраган, Бир дуторнинг жуфт эшилган торидай».*

Муайян элнинг муваффақияти шахсий омил билан, яъни етакчининг маҳорати билан боғлиқ: «Фалакдай Тангри яратган Турк Билга ҳоқон сўзим: отам турк доно ҳоқони тахтга ўтирганда тўққиз ўғуз қаҳрамонлари, унинг машҳур беклари ва унинг халқи ҳурмат кўрсатдилар» [136 – 137]. Ушбу жиҳатларнинг қадриятларимиз сарчашмасида ўзининг ифодасини топганлиги аждодларимизнинг эл бирлигини таъминлаш йўлидаги фаолиятидан гувоҳлик беради.

Шу йусиндаги ғоя Т. Жумамуратов асарларида ҳам кўринади. Шоир етакчи маҳорати факторига этибор бериб ёзади: *«Бошчи келиб кетади, халқ қолади, Яхши бошчи орқадан мақталади. Орадан кетса ҳам у, ўтса ҳам у, Одамлар юрагида сақланади»; «Бошчи бўлсанг элингнинг оғаси бўл, Бир тарафдан хизматкор боласи бўл. Яхшилик ерда қолмас деган сўз бор, Энг қадрли, кўзининг қораси бўл».* [3, 190]

Шунингдек, Ўрхун-Енисей ёзма ёдгорликлари ҳамда Тилеуберген Жумамуратов ҳикматлари гарчи улар орасидаги фарқ ўн уч асрни ташкил этсада, улар орасидаги ғоявий-тарихий параллелликлар – халқимизнинг ғоявий тафаккурини юксалтиришда муҳим ўрин тутганлиги билан белгиланади. Маълумки, тарихий тафаккур аждодларимиз томонидан ижтимоий-тарихий тараққиёт шароитида яратилган моддий ва маънавий бойликларнинг инсон ёки муайян гуруҳ онгида акс этиб, намоён бўлиб, эл ва юрт манфаатлари йўлида хизмат қилиш иштиёқининг устунлик даражада намоён бўлишидир. Шу боис, ҳар бир шахсда тарихий тафаккур ўзлигини англаб, тарихий қадриятларига содиқ бўлиб, элпарварлик ва ватанпарварлик хислатининг тафаккурда мустаҳкам қарор топишидир. Инсоннинг инсоний моҳиятини онг ташкил этар экан, демак онг ва тафаккур ҳар бир шахс, жамоа, этник гуруҳ, этнос, миллат ва суперэтноснинг умуминсоний цивилизация босқичларидаги ўрнини англашида ҳам ўзига хос аҳамиятга эга. Тарихий тафаккур ижтимоий онгда ворисийлик хусусиятини ривожлантиради. Ва бундай ворисийлик асосида тарихий меросга мансублиги ривожланиб боради. «Янги аср, янги минг йиллик, дунё манзарасининг ўзгариши, инсон эволюцияси трансформацияси, илмий парадигмаларнинг алмашинуви ҳам ижтимоий, ҳам гуманитар билимларга, ҳам билиш усулларига из қолдирди ... Шажаралар, маданият, менталитет ва тарих фалсафасига қизиқиш ортиб бормоқда, турли цивилизациялар ва маданиятлар, уларнинг дунё цивилизацияси ва тарихий жараёнидаги ролини объектив акс эттиришга мойиллик кузатилмоқда» [5, 145 – 146]. Тафаккурда юз бераётган бундай эврилишлар шароитида ҳар бир шахс ўзининг ўтмишига ҳурмат ва эҳтиром асосида муносабатда бўлиши тақозо этилади. Шунингдек, тарихий тафаккурда маданий ёки маънавий меросга мансубликни ифодалашда ҳар бир ижтимоий-тарихий даврга хос бўлган йўналтирувчи ғоя зарурий аҳамиятга эга бўлиб, ижтимоий-тарихий тараққиёт давомида тафаккурда элпарварлик ва ватанпарварлик хислатлари ривожи бевосита ушбу омил билан боғлиқ. Шоир Тилеуберген Жумамуратов ижодида ушбу жиҳатларнинг устунлиги билан диққатни тортади. Масалан, *«Мерос қурган қорақалпоқ халқим бой, «Булбиллар» – деб Шўқан айтган тортинмай. Минг йилларги учқур юрак сирларин, Ҳозир кўрсанг «ял-ял» ёнган олтиндай».* [3, 307]

Бугунги кунда аждодларимизга хос бўлган эл бирлигини таъминлаш йўлида фаолиятни ўрганиш туркий халқларга мансуб миллатлар орасида ўзликни англаб, тарихий қадриятларга

мансублик хислатларининг ривожини таъминлашда муҳим. Бу туркий халқларда, айниқса, ёшларда аждодларимиз руҳига ҳурмат ва эҳтиром руҳини шакллантириш билан бир қаторда, ватанпарварлик ҳиссининг юксалишида ҳам аҳамиятлидир. Шу нуқтаи-назардан Ўрхун-Енисей ёзма ёдгорликлари ҳамда Тилеуберген Жумамуратов ижодидаги ҳамжиҳатликка урғу берувчи ғояларни тарғиб этиш муҳим.

Иккинчи турк ҳоқонлиги (692 – 716 йй.) давридаги туркий халқларнинг зафарли жараёнлари ҳамда ўша давр маънавий ҳосиласи сифатида Ўрхун-Енисей ёзма ёдгорликлар қадимги аждодларимиз бўлган туркийларнинг зафарли юришларини, ўзаро бирлигини таъминлаган бўлса, ўн уч аср ўтиб, Тилеуберген Жумамуратов ижоди, унинг фахр-ифтихор ҳамда ҳамжиҳатликка ундовчи қарашлари, ўзликни англашга қаратилган маънавий ўгитлари ўзликни англашда маънавий йўналтирувчи омил сифатида муҳимдир.

Шоир Тилеуберген Жумамуратовнинг ижтимоий-маърифий фаолиятидаги асосий қирраси – бу маънавиятни юксалтириш орқали жамият аъзоларининг ўзлигини англашига ҳисса қўшиб борганлигидадир. Шу боис, бутун туркий оламда бугунги маънавий янгиланишлар шароитида Ўрхун-Енисей ёзма ёдгорликларидаги чақириқлар ва ҳикматларга ҳамоҳанг бўлган таниқли шоир Тилевберген Жумамуратов ижодидаги маънавий ва маърифий омиллардан фойдаланган ҳолда ўзликни англашда зарурий аҳамиятга эга. Ушбу жиҳат бугунги тафаккурдаги модернизациялашув ва трансформациялашув шароитида халқимизнинг бирлиги, ҳамжиҳатлиги, умуман бирбовурлигини таъминлашда зарур.

Бугунги, миллий ўзликни англаб, тарихий тафаккур ривожланаётган бир шароитда ўтмишга меҳр ва муҳаббат ҳиссини тарбиялаш муҳим. Бунинг учун тарихий онгни юксалтириш, қадрият сифатида тарихга холисона муносабатни шакллантириш эътиборлидир. «Албатта, ҳеч бир халқ, ҳеч бир мамлакат ўз ўтмишини англамасдан ва ҳурмат қилмасдан яшай олмайди, бу шунингдек, бошқа давлатлар ва халқларнинг тарихи ҳақида умумий маълумотга эга бўлишни ҳам тақозо этади. Ҳозирги шароитда янги тарихий маданият шаклланаётганлиги кузатилмоқда. Турли хил маълумотларга, ҳаётий тажрибага ва ижтимоий мавқега эга бўлган одамлар асосий қадриятлар саналган ўз халқи ва ватанидан ғурурланишга, фидойилик, ватанпарварлик, жасорат, ҳалоллик, адолат сингари тарихий тажрибалардан келиб чиқувчи хусусият ва хислатларни ўзига сингдириб, ўзга халқлар ва давлатлар билан тотувлик ва конструктив ҳамкорлик асосида яшашни ўзининг ҳаётий принципи сифатида қабул қилиши лозим. Ушбу жиҳатларни бевосита тарих бергусидир» [5, 63 – 64]. Демак, тарих ва тарихий тафаккур жамият аъзоларида ўзликни англаб, тарихдан сабоқ чиқариш ҳамда фахр-ифтихор ҳиссини ҳам ривожлантирадики, ушбу жиҳатлар жамият аъзоларининг тарихий тафаккурида мужассамлиги боис эътиборли. Ва бу жиҳатлар тафаккурда ватанпарварлик ва элпарвалик туйғусининг ривожини таъминлашга хизмат қилади.

Шунингдек, ўзга халқ ва миллатлар билан умумийлик жиҳатларни ҳам топа билиш ва бу жиҳатга урғу бериш, бугунги кунда туркий халқларга хос бағрикенглик тамойилини ҳам таъминлаб борадики, ўзаро дўстлик ва ҳамжиҳатликнинг таъминланишида – бу ўта зарурий омилдир. Шу боис, тошбитиклардаги қадимий ёзма ёдгорликлардаги ҳикматлар тарғиби тарихий онгни юксалтириб, жамият аъзолари тафаккурида ғоявий омилларнинг устуворлигини таъминлашда ўтмиш қадриятларидан фойдаланиш – тарихнинг келажак тараққиётни таъминлашдаги ўрни ва аҳамиятини кўрсатадики, шоир Тилеуберген Жумамуратов асарларида тарихий ҳақиқатларга йўғрилган бирлик ва ҳамжиҳатликка ундовчи ғояларнинг устуворлиги билан эътиборни тортади.

Адабиётлар:

1. Батманов И. А. Язык енисейских памятников древнетюркской письменности. – Фрунзе: Изд-во АН Киргизской ССР, 1959.

2. Жолдасбеков М., Сарткожаулы К. Атлас Орхонских памятников. – Астана: Культегин, 2006.

3. Жумамуратов Т. «Өмириңниң өзи философия» Нөкис, 2005.

4. Жумамуратов Т. Тил байлығы – ел байлығы. «Әмиўдәрья» журналы, 1990, №1.

5. Народ в потоке истории. Научная серия /Составители Т. Шанбай, А. Ибраева. – Астана: Фоллиант, 2014.

6. Радлов В. В., Мелиоранский П. М. Древне-тюркские памятники Кошо-Цайдам. – Санкт-Петербургъ: Типография императорской Академии Наук, 1897.

БЕРДИМУРАТОВА АЛИМА КАРЛЫБАЕВНА

Философия илимлериниң докторы, профессор
Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети
Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

ТИЛЕЎБЕРГЕН ЖУМАМУРАТОВТЫҢ ФИЛОСОФИЯЛЫҚ КӨЗҚАРАСЛАРЫ

Кирисиў. Жер планетасындағы өмир ҳәм цивилизация бүгин қәўип астында. Барлық сораўлардың сораўы болған оларды сақлап қалыў менен байланыслы мәселеге жуўап адамзат цивилизациясының қарсылықларына, жетискенликлерине ҳәм тәғдирлерине тарийхый түсиндирме бериўсиз мүмкин емес. Ол адамлардың күнделикли турмысының түбиринде басланып, сөзсиз философиялық улыўмаластырыўдың шыңына барып тақалады.

Бизиң елимизде халықта жаңа тарийхый ойлаўдың туўылыў процесиниң қыйынлығын ҳәм әҳмийетин түсиндириўдиң өзгеше себеплери бар. Бул жерде, баслы элементлер ретинде, биринширен, идеологиялық буйыртпаларға сай тарийхты үзликсиз қайта пишиў, алдыннан жалған пикирлеў, екиншиден, дүньялық ҳәм өзимиздиң тарийхымыздың тамырларын кесиўде көринген тарийхый изоляционизм алып қаралады. Руўх тарийхы тараўында «бизлердики» ҳәм «бизлердики емес»ке турпайы идеологиялық бөлиў цивилизацияның раўажланыўы ҳаққындағы пикирлеримизди бурмалады, бизлерди пайдаланыўға болатуғын улыўма адамзатлық қәдириятлардан, идеаллардан, идеялардан, ойлардан, әдеп-икрамлылық нормаларынан ҳәм интеллектуаллық ойлап табылыўлардан бөлекледи. Тек ғәрезсизликке ерисиўимиздиң арқасында кейинги жыллары халықтың мәдениятын ҳәм өзин аңлаўын жаңа тарийхый түсиниў тәрепине қарай үмитлеримизди беккемлейтуғын бурылыслар жүз берди.

Усыған байланыслы, ҳәзир ең әҳмийетли мәселелердиң бирин халықтың руўхый тәжирийбесиниң реал көп түрлилигине жуўап беретуғын жергиликли жаңа философиялық ойдың тарийхын дөретиў ҳәм соның менен бирге, догматизмнен, идеологиялық стереотиплердиң бурмалаўшы ҳүкиминен азат болған дүнья жүзилик философиялық ойдың бири сыпатындағы қарақалпақ шайыр-ойшылларының дүньяға көзқарасының раўажланыў тарийхына ҳақыйқый қатнас жасаў береди.

Бизлердиң пикиримизше, философиялық ойлардың туўылыўы ҳәм қайта өзгериўи әййемги дәўирде басланып, ҳеш ўақытта үзилиске түспейди. Жаңа философиялық идеяларды ҳәр бир дәўир өзи менен алып келе береди. Бирақ, адамзаттың философиялық ойы өтмиштен алатуғын идеяларының дөгерегинде де, оларды түсиниў, анықлық киргизиў бағдарында да раўажланыўын даўам етеди. Усыған байланыслы Тилеўберген Жумамуратовтың дүньяға философиялық көзқарасын изертлеў, биринширен, оның өлмейтуғын, елеге шекем мәнисин жойытпаған улыўма әҳмийетлиликке ийе болған бийбаҳа идеяларын үйрениўди аңлатады.

Екиншиден, бул улыўма әҳмийетлиликке ийе болған философиялық идеялар өзиниң келип шығыўы бойынша конкрет тарийхыйлыққа ийе болғаны менен, өзиниң мәниси бойынша транстарийхыйлыққа, трансдәўирликке ийе, себеби, тарийхый дәўирлер ҳәм ўақытлар арқалы өмир сүрип киятыр. Олар көрнекли ойшыл Т. Жумамуратов тәрепинен дөрелгени менен инсанлық-индивидуаллық, дәўирлик, миллий өзгешеликке ийе болған «билиўлик белгилерди» өзинде сақлайды. Соның менен бирге, олар басқа дәўирдиң, елдиң, миллеттиң адамы ушын да түсиникли, оған жақын ҳәм керек.

Үшиншиден, өзлериниң терең мазмуны бойынша жыллар даўамында жасайтуғын Т. Жумамуратовтың философиялық идеяларында «жумыс ислейтуғын» идеялардың қәсийети бар. Бирақ, бундай идеяларды жанландырыўымыз ушын оларды бирге қосылып түсиниўимиз зәрүр болады. Бундай процесстиң табыслы кешиўи ушын бизлерден қарақалпақ халқының әдебиятында жазыўшы, шайырлар тәрепинен алға сүрилген ҳәм бүгинги күни жәмийет алдында турған социаллық, руўхый әдеп-икрамлылық, интеллектуаллық машқалалардың жақынлығын ҳәм тең өлшемлилигин көре алыўымыз талап етиледи.

Изертлеў методологиясы. Жаслығынан шайырлық айтысында жеңилмеслиги менен даңқ таратқан, өзиниң барлық шығармаларын ядый айтып, бийбаҳа поэзиясы менен руўхыйлығымызды байытқан, әдебий бағдарда өз алдына бир дәўирди пайда етип, шайырлық мектебин жаратқан, XX

әсирдиң екинши ярымында жасап өткен қарақалпақ халқының уллы тулғасы болған, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық шайыры, Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлықтың лауреаты, «Халықлар дослығы», «Ҳүрмет белгиси» орденлерине ийе болған, драматург, дилмаш, публицист, XX әсир қарақалпақ әдебиятының сөнбес жулдызы, шайыр Тилеўберген Жумамуратовтың дүньяға көзқарасы усы ўақытқа шекем философияның изертлеў объекти сыпатында арнаўлы түрде үйренилмеген.

Т. Жумамуратовтың мийнетлерине тийкарланған халда, жәмийеттиң раўажланыўының ҳәзирги басқышындағы өзгешеликлерди түсиндириўде оның өлмейтуғын идеяларының әҳмийетин, комплексли усылда ҳәр қыйлы қосықларында берилген пикирлерди философиялық анализдиң объектине айландырып, оларды системаға түсириўди усынылып атырған мақаланың мақсети ретинде алып қарадық. Оның шығармаларын изертлеўимиздиң тийкары ретинде раўажланыў ҳәм улыўма байланыс, тарийхыйлық ҳәм объективлик принциплери басшылыққа алынды. Тарийхыйлық принципине тийкарланып Т. Жумамуратовтың философиялық көзқарасының эволюциясы үйренилди, ал, жәмийетлик, этикалық, эстетикалық көзқараслары болса тарийхыйлық ҳәм логикалықтың бирлиги тийкарында анализленди. Объективлик принципиниң реализациясы қаралып атырған машқаланы үйрениўге бағдарланған тийкарғы теориялық материалларды сынға алыўда өз сәўлелениўин тапты.

Т. Жумамуратовтың дүньяға көзқарасының өзгешеликлери шайырдың жаратылыс, адамның социаллық ҳәм руўхый тазаланыўы, гармониялық раўажланыўы, тәбияттың, туўған елдиң гөззаллығы, әдеп-икрамлылық қатнасық мәденияты ҳаққындағы философиялық жуўмақларының ҳәзирги раўажланыў басқышы ушын әҳмийетин ашыў менен анықланады. Ол өзиниң барлық қосық қатарларының ең баслы қәдирияты сыпатында улыўма адамзатлық баҳалықлар менен суўғарылған мийнет адамын, инсанның еркин ҳәм дөретиўшилик раўажланыўын, оның социаллық жуўапкершиликли искерлигин алып қарайды.

Т. Жумамуратовтың дөретиўшилигиндеги социаллық-антропологиялық, әдеп-икрамлылық ҳәм эстетикалық көзқараслар. Өзиниң бийбаҳа поэзиясы, дөретиўшилигиниң жанрлық көп түрлилиги менен қарақалпақ әдебиятының раўажланыўында өшпес из қалдырған Т. Жумамуратовтың философиялық көзқарасының өзине тән өзгешелиги адам ҳәм жәмийеттиң өз ара байланыста алып қаралыўында десек қәтелеспеймиз. Лекин, бул байланыс бир-бирин жутып жиберетуғын бирлик сыпатында түсиндирилмейди, ал, оларды яғный жәмийетлик қатнасықлардың адамлық тәбиятын ҳәм адамның социаллық тәбиятын тарийхый ҳақыйқыйлықтың салыстырмалы автономлылыққа ийе басламалары ретинде мойынлаўында көзге тасланатуғынлығы шайырдың «Макарья сулыў» дәстаны, «Ананың кеўли балада», «Дослық» поэмаларында айқын сезиледи.

Т. Жумамуратовтың қосық қатарларында өз сәўлелениўин тапқан ойларды философиялық жақтан үш топарға бөлип үйренсек болады. Биринши топарға жәмийеттиң раўажланыў нызамлылықлары менен байланыста алып қаралған ҳәр қыйлы өлшемдеги адамның индивидуаллығы, субъективлик-дөретиўшилик мүмкиншиликлери мәселелери киреди. Ол адамның қәлиплесиў ҳәм раўажланыў өзгешеликлерине айрықша дыққат аўдарады. Усы тийкарда адамның бир пүтин теориясын жаратады. Егер бизлер адам – ким деген сораўға, ол улыўмалықтың, өзгешеликтиң ҳәм жекеликтиң бирлиги деп жуўап беретуғын болсақ, онда улыўмалық ретинде жасап турған дәўирдиң мазмуны, өзгешелик ретинде конкрет қоршап турған орталықтың ҳалаты, ал, жекелик ретинде тек инсанға тән болған қәсийетлер алып қаралады. Бул түсиникли, бирақ азиатлық өндирис усылы үстем сүрип турған жерде жекелик қалай раўажланады, ол саяда қалып кетпейди ме, өзиниң раўажланыўына қандай мүмкиншиликлер жаратады деген сораўларды алға сүретуғын болсақ, онда бизлер жийи-жийи жуўапты нызамларға тийкарланып, социаллық орталықтың, яғный, өзгешеликтиң тәсириниң күшли екенлигине қаратамыз. Бизлердиң пикиримизше, бизлер көпшилик жағдайда өзимиз ҳаққындағы ойларымыздан келип шығып өзлеримизге баҳа бермеймиз, керисинше, ис-ҳәрекетимиз анализленилгенинде бизлер ушын қоршаған орталықтың адам ҳаққындағы ойлары үстинликке ийе болады. Усы тийкарда адамның мазмунын, тәбиятын ашып беретуғын инсанның өзине оның ким екенлигин түсиндириўши постулат өзиниң шеңберинде (яки адамдағы өзгешеликтиң саясында) қалып қояды, ол анализдиң тийкарына айланбайды. Тилеўберген Жумамуратовтың шығармаларының қунлылығы да соннан ибарат, ол жоқарыда

берилген жеккеликтиң қандай болыўына, оның сапасына, адамның өмириниң мазмунының қандай қәдириятлар менен байытылыў кереклигин қосық қатарлары арқалы шебер сүўретлеп береди, сол ҳаққында бизлерди ойландырады, бир тоқтамға келиўге унамлы тәсирин тийгизеди. Егер адам өмиринде бир шығарманың, ол ҳәм болса, өз өмириниң художниги, авторы сыпатында алып қаралса, сол өмир художнигин оятатуғын өлшемди, индивидуаллық өзгешеликлерди қалай жолға салыўға болатуғынлыққа, оларды иске асырыў ушын қандай механизмлерди ислеп шығыў кереклигине, дүньяны, Ўатанды, туўған елин, аўылын улығлаў идеяларына, жәмийеттиң нызамлылықларына тийкарланған ҳалда инсанның өзиниң өмирине қандай қатнаста болыў мәселелери көрсетиледи. Яғный, ол адамдағы жекеликтиң қәлиплесиў ҳәм раўажланыў мүмкиншиликлерин анализлеўге ҳәрекет етеди. Жекелик адамда қандай болыў керек деген сораўға ол адамның социалласыў процесиндеги бақланатуғын оның адамгершилик тийкарына қарсы қаратылған иллетлерди әшкаралаў ҳәм соның нәтийжесинде инсандағы унамлы қәдириятлық мазмунды оятыў деп биледи. Мысалы ушын, «Критикашыл баслық» деген сатира қосығында былай дейди: *Клубқа адам лыққа толды, Улыўма жыйналыс болды. Орта бойлы, томпақ киси, Тапыр-тупыр сөйлей қалды. Ол ким десең, баслық Ораз, Папкасы тур, ол да буўаз. Қурсағына толтырылған, Қабат-қабат жыйрық қағаз. Мине, баслық таўлап муртын, Көмпейтеди еки уртын. Иште билим азлаў екен, Бирақ пардозлапты сыртын. Уҳҳи-уҳҳе! – деп қояды, Көкке өрлеп тур қыялы. Журттан өзин бийик санап, Тап қораздай шыррыяды…* [2005]

Ямаса, «Мақталыў» қосығында:

Күтип алды қонақты, Гүлдәсте берип қолына. Узатып қалды қонақты, Жақсылық тилеп жолына. Көзинше қанша мақтады, «Айрықша туўған дана» деп, Кеткеннен кейин жақпады, «Ақмақлығын қара» – деп. Берип түрли тамақты, Сыйлаўдан әрман қалған жоқ. Кеткен соң сөкти қонақты, Жақсы атақ алған жоқ. Ҳәмелиң барда мақталып, Күншиллик жағы тағы бар. Бәрин де билер ҳақ халық, Қуласаң, жала жабылар [2005].

Уллы шайырдың жанрлық көп түрлиликке тийкарланған дөретпелеринде [2016] адамның социаллық қатнасықлар системасындағы орнына, инсанның социалласыўына, оның тийкарғы еки басқышын, яғный социаллық адаптация ҳәм интериоризацияны сәўлелендириўге жақсы дыққат аўдарылған. Инсанның социалласыўының биринши – социаллық адаптация басқышында адамның социаллық-экономикалық жағдайларға, рольлик ўазыйпаларға, социаллық нормаларға, оның турмыслық, искерлик орталығы ретинде алып қаралатуғын социаллық топарларға ҳәм социаллық шөлкемлерге ийкемлесиўи; екинши – интериоризация басқышындағы социаллық нормаларды ҳәм қәдириятларды өзиниң ишки дүньясына киргизиў процеси айрықша түрде сүўретленген. Әсиресе, социаллық қәдириятлардың ҳәм нормалардың адамның ишки «менине» өткерилиў характериниң белгили бир тәжирийбеге ийе болған конкрет инсанның структурасы менен анықланатуғынын Т. Жумамуратов «Тәпберди», «Баспасөздиң бир дөкейине», «Зыпбердилер», «Ҳәмелпаразға» сыяқлы ҳ.б. өзиниң сатира-юморлық шығармаларындағы әдил ой-пикирлери менен ҳәр тәреплеме ашып берген ҳәм олар терең философиялық мазмунға ийе. Аты көрсетилген шығармаларында инсанлардың минез-қулқындағы жаманлықтың, әдепсизликтиң келбетсиз тийкарын, социаллық әҳмийетке ийе болған кемшиликлерди аяўсыз «жалаңашландырып», улыўма алғанда, жәмийетлик қарсылықтың дәрежесин терең ашып берип, оқыўшыда ерксиз түрде күлки сапасын келтирип шығарады. Жаманлық пенен саналы түрде ҳәм ашықтан ашық гүресиў оны күлки объектине айландырыў жәрдеминде бериледи ҳәм адамның санасында болса да әшкараланған жәмийетлик қарсылықтың үстинен жеңиске ерисиўдиң инсанға қуўаныш бағышлайтуғынлығын көрсетеди. Өйткени, түсинилген душпан бизлер ушын белгили дәрежеде қәўипли болмайтуғынлығын бизлер билемиз. Буған қәлеген өткир сөзди, әзилди қабыллаў ушын зәрүр болған дөретиўшилик қуўанышы да қосылады. Яғный жақсылық пенен жаманлық арасындағы қарама-қарсылықты жаманлық пенен саналы гүресиў арқалы жәрия қылыўға, анализлеўге, жәмийетшиликтиң көзин ашыўға, жәмийетлик сананы оятыўға көрнекли шайыр өзиниң қосықлар топламы арқалы тәсирин тийгизеди. Сол себепли бизлер Т. Жумамуратовтың дөретиўшилигин үйренгенимизде оны сатирик шайыр деп тән аламыз.

Ал, екинши топар мәселелери цивилизацияның раўажланыў өзгешеликлери менен байланыслы. Егер жәмийетти бир пүтин система сыпатында алып қарайтуғын болсақ, онда философияда оған қатнаста қәлиплескен методологиялық изертлеў усыллары бар. Егер бурынғы аўқам дәўиринде жәмийетти үйренгенимизде оны түсиндириўши формациялық усыл, өлшем үстем сүрген болса, сол тийкарда экономикалық теорияны да раўажландырған болсақ, ҳәзир бул методология глобалласыў шараятындағы тарийхый процесстиң бир пүтинлигин ҳәм өз ара ғәрезлилигин түсиндириў мүмкиншилигине ийе емес. Сол себепли жәмийетти философиялық жақтан анализлегенде кеңисликте өз ара бирге өмир сүриўши социаллық-тарийхый организмлер арасындағы байланысларға, яғный, горизонталлық байланысларға дыққат аўдаратуғын, дүнья жүзилик тарийхтың пүтинлигин түсиниў мүмкиншилигин беретуғын цивилизациялық изертлеў усылы алға сүрилмекте. Бунда ең тийкарғы өлшемди адамның еркинлиги береди. Яғный, тийкарғы раўажланыўдың усылы ретинде де, мақсети ретинде де адам, оның еркинлиги алып қаралады. Инсанның еркинлиги болса түсинилген ҳәм қабыл етилген зәрүрликке айланыўы керек. Усы мазмунға байланыслы Тилеўберген Жумамуратовтың шығармаларының тағы да бир өзгешелиги, басқаларға уқсамайтуғынлығы келип шығады. Ол өзиниң қосық қатарларының тийкарғы идеясы ретинде сол еркинликти түсинилген ҳәм қабыл етилген зәрүрлик көринисинде сүўретлеўге, сол тийкарда көркем образ жаратыўға ҳәм қандай да бир қаҳарманның образы арқалы турмыс шынлығын, характер, минез-қулық шынлығын, жәмийетлик қатнасықлар шынлығын жаратыўға итибарын қаратты. Берилген мазмуннан келип шығып цивилизациялық усылда улығланатуғын барлық өлшемлердиң бирлигин, яғный, материаллық байлықларды өндириў усылы, адамды өндириў, тәбийғый факторлардың бирлигин өзиниң «Мойнақта», «Балықшылар қосығы», «Кең мәканлы қарақалпақ ат қалды», «Дүнья баста ҳәмме ушын қурылды» ҳ.т.б. шығармаларында баслы идеяға айландырды деп айтсақ қәтелеспеген боламыз. Мысалы ушын «Өмир жолы» [2016] деген қосық қатарларында ол былай деп жазады: *Адам болсаң, жәмийетке дерексең. Қосылмасаң тамыры жоқ терексең. Ойламасаң тек өзиңнен басқаны, Айтшы, қәне, сен кимлерге керексең?!*

«Бизиң уран» [2016] қосығында: *Сөзге қулақ салың, әй, пүткил инсан, Ақмақ – қылыш болса, сен – полат қынсаң. Дүньяның тетиги сениң қолыңда, Өмирге тирексең, ең бийик шыңсаң,* – деп жазады.

Үшинши топар мәселелерине Тилеўберген Жумамуратовтың мийнетлериндеги этикалық, эстетикалық көзқарасларда мийнет адамының улығланыўы, жақсылықтың гөззаллығы (Сократтың калокагатия идеясындай), оның көтериңкилиги, моральлик, әдеп-икрамлылық нормаларының тығыз байланыста анализлениўи киреди. Оның барлық қосық қатарларында моральдың жәмийетлик сананың формасы сыпатындағы өзгешеликлери өз сәўлесин тапқан. Сол моральдиң қандай белгилерин ол баянлаған? Бизлер шайырдың шығармаларында көзге тасланатуғын ең тийкарғы үш өзгешеликти: биринширден, оның кең қамраўшылық мәнисин, екиншиден, моральдиң баҳалық императивлик мазмунын, үшиншиден, моральдиң институционаллық емес характерин бөлип көрсете аламыз. Тилеўберген Жумамуратовтың өмирге, жақсылық-жаманлыққа қатнаста жақсылықтың үстинлиги сөз етилген жүректи тербейтуғын қәлеген шығармасы берилген өлшемлердиң әжайып мысалы бола алады.

Биринширден, кең қамраўшылық характер оның барлық мийнетлеринде қандай да бир кәсип ийеси белгили дәрежеде сынға алынған ўақтында, оның қандай лаўазымда, статусқа ийе болыўынан бийғәрез моральлик талаплардың ҳәм оған берилетуғын баҳалардың турмыстың ҳәм искерликтиң барлық тараўларына киретуғынлығын тәрийиплеўинде ҳәм ол әдеп-икрамлылық талаптың ҳәр қыйлы социаллық рольлерди атқарып атырған адамға қойылатуғынлығын жырлаўында көзге тасланады. Яғный, инсан адам – баслық, адам – студент, адам – ана, адам – әке, адам – перзент сыяқлы социаллық рольлерди атқарады. Қәлеген турмыслық жағдай өзиниң «моральлик кесилген» жерине ийе болады ҳәм ол қатнасыўшылардың ҳәрекетин «адамгершилик» пазыйлетине тексериў мүмкиншилигин береди. Сол себепли ол өзиниң барлық сатиралық шығармаларында дүньяпаразлық, нәпсиқаўлық, менменлик, көкиреклик, жағымпазлық ҳ.б. иллетлерди әшкаралап, адам өзиниң өмири даўамында үлкен ҳәриплер менен жазылатуғын инсан болып қалыўы зәрүрлиги ҳаққында айтады, жәмийетлик қатнасықлардың азадалығы ушын жанын күйдиреди. Моральлик талап, биринши гезекте, сол ҳәр қыйлы рольлерди атқарып атырған адамға

қойылатуғынлығын миллий халықлық тилде, көркемлик жақтан жоқары дәрежеде характерлеп береди ҳәм индивид өзиниң адамлық келбетин жойтпаўы керек деген мәселени ортаға таслайды. Оның қосықларында әдеп-икрамлылық санада адамға қойылатуғын моральлик талаплар: минез-қулықтың туўры нормалары («жас үлкенди ҳүрметле», «өтирик сөйлеме» ҳ.б.), ҳәр қыйлы моральлик қәдириятлар (әдиллик, даналық, сабырлылық, гуманизм, ҳақ сөзлик ҳ.б.), қәдириятлық бағдарлар ҳәм де инсанның өзин басқара алатуғын моральлик-психологиялық механизмлер сыяқлы ҳәр қыйлы формаларда бай теңеўлер, метафоралар ҳәм басқа да көркемлеў қураллары жәрдеминде жанлы сүўретленип, ҳәр бир дәўирдиң оқыўшысының жүрек төринен орын алады. Усындай мазмун сәўлеленген «Гәўҳар жүрек» [2016] атлы қосық қатарларынан бир мысал келтирейик: *Жүрек деген денедеги гәўҳар тас, Беден мысал гәўҳар салған ыдыстай. Тән тозса да, гәўҳар жүрек қартаймас, Ғыжлап турар қызғыны ҳеш суўыспай.*

Көрсе қызар болмасақ та, бирақ, биз, Жақсыларды сүйер жүрек лаўлап дым. Көп жаслардың мухаббаты турақсыз, Тез сөнеди қызғынындай қаңбақтың. Гей жаслардың муҳаббаты қаңбақтай, Гей биреўдиң муҳаббаты қармақтай.

Берилген тийкарда инсанның ис-ҳәрекетиниң улыўма адамзатлық қәдириятлар менен суўғарылыў зәрүрлиги ҳаққындағы философиялық ойлары терме жанрында жазылған «Адамзат» [2016] қосығында да алға сүрилген: *Адамзат – адам болғалы, Қолына қурал алғалы, Жақсылық пенен жаманлық, Билгирлик пенен наданлық, Бир-бирине болып жаў, Үзилмеди, жәнжел-даў, Қутырған соң жаманлық, Болмады ҳеш аманлық, Дәўлет ушын, бақ ушын, Ҳәмел ушын, тахт ушын, Ийтлик етип қыймаға, Сыймағандай дүньяға, Артық-аспай жер ушын, Байлық ушын, ел ушын, Болар-болмас мин ушын, Дәстүр ушын, дин ушын, Өгиз болып сүзисти, Қораз болып жулысты, Түлки болып өбисти, Жылқы болып тебисти, Арысландай айқасты, Айыўлардай шайқасты, Бир-бирине от басты, Жылан болып уў шашты, Асаўлардай туўласты, Сағаллардай шуўласты, Бир тынбады удайы, Ғарғағандай қудайы, Ҳеш ким аман қалмады, Барлығын жер жалмады, Әй, адамзат, адамзат, Жасасаңшы парахат, Билмедиң бе еле сен, Урыспай-ақ өлесең!*

Екиншиден, моральдиң баҳалық императивлик характерге ийе болыўы Т. Жумамуратовтың тәлим-тәрбияның әҳмийети сәўлеленген ойларында моральлик талаплардың көпшилигиниң сыртқы мақсетке сәйкеслиги емес, ал, моральлик миннетке тийкарланыўы баянланады. Моральлик миннет ис пенен ойдың тең салмақлығы түринде өмир сүреди. Усы тең салмақлылықтың қәлиплесиўине ҳәм раўажланыўына ол өзиниң дөретиўшилиги менен жуўап қайтарады, оқыўшыларда өмирге қатнасты қәлиплестиреди, ақыл-нәсияттың жәмийетлик санаға унамлы тәсирин пайда етеди десек асыра айтқан болмаймыз. Мысалы: *Егин тәрбиясы бастан болады, Адамға тәрбия жастан қонады. Қараўсыз егиннен зүрәәт күтпе, Әдепсизлик жанға душпан болады* [2016], – деп инсан тәрбиясының пүткил жәмийет көлеминдеги талап пенен өлшенетуғынлығына дыққат аўдарса, кейинги төртлигинде: *Дүнья иши – таўсылмастай ўақыя, Дана сөзи – көзимизге тотыя. Ҳеш илимпаз қалтасынан алған жоқ, Өмириңниң өзи – философия* [2016], – деп адамның үзликсиз өзин раўажландырыўға, жетикликке умтылыўына түртки болатуғындай ойды онда қәлиплестиреди.

Үшиншиден, әдеп-икрамлылық нормалардың институционаллық емес характерге ийе болыўында олардың жәмийеттиң руўхый тараўының басқа көринислериндей болмайтуғынлығы, моральдиң адамлардың шөлкемлескен искерлик тараўы емес екенлиги сөз етиледи ҳәм бул өзгешеликти Т. Жумамуратов өзиниң шығармаларында жақсы ашып көрсетеди. Әдеп-икрамлылықтың адамлардың үлкен ҳәм киши топарларының искерлигинде өзин өзи шөлкемлестиретуғын тәрепине дыққат аўдарады. Егер де жәмийетте жаман иллетлер менен суўғарылған ис-ҳәрекетлер пайда болса ҳәм ол жәмийетлик сананың мазмунын белгилейтуғын күшке ийе болып кетсе, онда усындай ис-ҳәрекетлердиң пайда болыўына ҳәмме өзиниң үлесин қосатуғынлығына итибарды қаратады, сол себепли бундай жағдайлар менен оларды әшкаралаў жәрдеминде гүресиў кереклигин айтады. Моральдиң институты жоқ дегенде белгили бир моральлик норманың қәлиплесиўине ҳәмме өзиниң үлесин қосады ҳәм соны қәдириятлық дәрежеге көтерип, ол социаллық қарым-қатнасықлардың мазмунын белгилеп баслайтуғынлығы түсиниледи. Усы өзгешеликти есапқа алып Т. Жумамуратов, моральдиң күши неде? – деген сораўға өз шығармаларында: унамлы қәсийетлерди, қәдириятларды улығлаўда ҳәм жаман иллетлерди жәмийетлик

дәрежеде әшкаралаўда, олардың жәмийет тәрепинен қоллап-қуўатланылмай, әсте-ақырынлап бийкарланыўында, деп жуўап қайтарады. Бул дурыс пикир болса керек, себеби, инсанның қәлеген ис-ҳәрекетине жәмийетшилик, жәмийетлик сана тәрепинен баҳа бериледи. Сол ушын да, бизлер жәмийетшиликтиң пикири менен санасамыз. Соның ушын да, жәмийетлик сана дәрежесинде раўажланыўға тосық қоятуғын идеяларға шайыр өзиниң мийнетлеринде ҳәр қыйлы жанрларда дөрелген көркем образдың күши жәрдеминде қарсы гүресип баслайды. Егер әдеп-икрамлылық нормалар институционаллық емес характерге ийе болатуғын болса, олардың қәлиплесиўи ҳәм беккемлениўине ҳәр бир адам өз үлесин қосатуғын болса, онда, биринши гезекте, жәмийетлик сананы тәрбиялаў бағдарында сөз бенен истиң бирлигин тәмийинлейтуғын өмир фактлерине тийкарланған философиялық жуўмақларды бериў арқалы шайыр санаға тәсир жасайды. Жәмийетлик қатнасықлар дәрежесинде миллий, улыўма адамзатлық қәдириятқа садық болыў керек деген нормалар жаман иллетлердиң жаман екенлигин көрсетиў арқалы оның қәлеген шығармасы менен танысқан адамның санасында өз-өзинен орын алып баслайды.

Улыўма алғанда, уллылардың уллысы болған, қарақалпақ халқының маңлайына тиккен шайырдың дөретпеси жәрдеминде бизлер өзлеримизди моральлик жақтан тәртиплестиремиз, адамлар менен қандай қатнасықта болыўымыз керек, өмирдиң мазмуны қандай болыўы керек, мақсети қалай белгилениўи керек деген сораўлардың барлығына жуўап табыў күшине ийе боламыз деп айтсақ қәтелеспеймиз.

Жуўмақлаў. Солай етип, Тилеўберген Жумамуратовтың шығармаларының тийкарғы мақсети – адамның пүтин теориясын жаратыўда көзге тасланады. Ол адамды турмыстың, искерликтиң барлық формаларында алып қараўға ҳәм түсиниўге, инсанды оның «өзиниң болмысынан» келип шығып анализлеўге дыққатын аўдарды. Бирақ, уллы шайыр тәрепинен дөрелген адамның образы тийкарғы сапалардың ҳәм қәсийетлердиң жыйнағы менен теңлестирилмейди, ал, ол адамның ҳәр қыйлы уқыплылықлары ҳәм мүмкиншиликлери өз сәўлесин тапқан адамның тәбиятының бир пүтин өлшеминде сәйкеслендиреледи. Усы мазмуннан келип шығып, шайыр өзиниң қосық қатарларында адамның социаллық ҳәм предметлик-искерлик тийкарын жырлайды ҳәм оның адамның басқа қәсийетлери ҳәм өзгешеликлери менен байланыслар системасында ашып берилгенлигин көриўге болады. Көрнекли ойшылдың дөретиўшилиги арқалы бизлер тек адамға тән болған ҳәр қыйлы сапалардың жәмленген ҳалаты ғана оны социаллық ҳәм предметлик-искерлик инсан сыпатында алып қараў мүмкиншилигин беретуғынлығын ҳәм сол тийкарда адам ҳаққында толық ҳәм пүтин көзқарастың қәлиплесетуғынын түсиниўимизге болады.

Ҳақыйқатында да, Т. Жумамуратовтың шығармаларында сөз етилген инсанға тийисли болған өзгешеликлер белгили дәрежеде адамның социаллық тәбияты, оның адамлар арасында өмир сүриўи, олар менен өз ара тәсир етисиўи, өзиниң «менин» түсиниўи ҳәм оның дүньяға аралықтан қатнас жасаўы менен байланыслы. Олар адамның предметлик-искерлик тәбиятының, сөзсиз, көринисин береди. Берилген практикалық-предметлик ҳәм дөретиўшилик искерликте ғана адам өз болмысының барлық пүтинлигинде, оның конкрет формаларында жасайды, денелиги ҳәм руўхыйлығының бирлиги иске асады.

Усы тийкарда уллы шайыр адамды өзиниң болмысының объективлик ҳәм мәдений формаларын дөретиўши инсан сыпатында тәрийиплеген, оның мақсети ретинде болмыстың бул берилген формаларының субъективлик-адам факторы менен байланысын алып қараған. Адамның тәбияты болса конкрет социаллық ҳәм мәдений тийкардың конкрет формалары жәрдеминде ашып берилген.

Әдебиятлар:

Жумамуратов Т. Өмириңниң өзи философия. Нөкис. Қарақалпақстан, 270 б., 140 б.
Жумамуратов Т. Аралға келдим оралып. Нөкис, Қарақалпақстан, 134 б., 116 б., 54 б., 112 б., 18 б., 19.

МУМИНОВА ФАТИМА ИЗЗАТУЛЛАЕВНА

Доктор филологических наук, профессор,
Университета мировой экономики и дипломатии.
Узбекистан, Ташкент

ОТРАЖЕНИЕ ТРАДИЦИЙ И ЦЕННОСТЕЙ В ТВОРЧЕСТВЕ ТЛЕУБЕРГЕНА ЖУМАМУРАТОВА

Professor of the University of World Economy and Diplomacy (Tashkent) Fatima Muminova was able to make children fall in love with international relations. And Associate Professor of Osh State University (Kyrgyzstan) Surmakhon Seyitbekova proved that philology is very fun and interesting. The books were also handed over to the children by the Dean of the Faculty of Karakalpak Philology Konakbay Turdybaev, the head of the Department of Journalism Zlikha Orazymbetova, the guests–Professor of Bukhara State University Fayzulla Muminov, Associate Professors of Osh State University (Kyrgyzstan) Zarina Mamatzhanova, Baktygul Baitikova, Mahabbat Mamyrova, Gulsare Ernazarova, Aizhan Umarova and others.

It was a pleasant surprise for everyone that, as it turned out, school No. 3 is named after Tleubergen Jumamuratov. Presenting the poet's book to schoolchildren, I drew the attention of schoolchildren to the fact that our delegation included his daughter, Professor Malika Jumamuratova.

There was an interesting episode: schoolchildren were asked which of the Karakalpak poets you know. Many proudly began to name their fellow countryman, a famous poet, a native of Muynak - Tleubergen Jumamamuratov. When the leader of the delegation, Konakbai Turdybaev, asked them a question, which of those present was the daughter of the poet, the children, without hesitation, immediately pointed to Malika Tleubergenovna.

During expressive reading, they even more exalted their native poet, as if the competition of poets in the traditional style of «aitys» had begun, they did not want to yield to each other in wit. In turn, Malika Tleubergenovna also showed her gratitude to the children and teachers of the school, had a heartfelt conversation, donated many books.

Positively excited by these pleasant pictures of life, Professor Faizulla Muminov, in his interview to Karakalpak television, noted a pleasant impression from the school. «I was surprised that the students are very advanced, they crave knowledge, science. They all recite the poems of Tleubergen Jumamuratov by heart, asking to tell more and more. It would be good to organize a competition of readers on the theme «My Muynak». Let them compete. like their fellow countryman, great-grandfather Tleubergen

Jumamuratov, in the style of impromptu, improvisation. I am not averse to taking the main prize of this competition.

In a word, we witnessed how Muynak residents honor the memory of their compatriot-orator wit, remember him, almost everyone, from old to young, knew his works by heart. All this was pleasant and touching.

A documentary film «Child of the Aral» was shot about Tleubergen Jumamuratov. Here I got even more acquainted with the work of Tleubergen Jumamuratov, since he was born and raised on the shores of the Aral Sea.

There are many examples of the ambiguous relationship between the artist's personality and his work. But I agree with the opinion that «Any work of art always bears the imprint of the personality of its creator» [2]. Studying the work of Tleubergen Jumamuratov, I was convinced that the poet's work cannot but be autobiographical if the poet lived against the backdrop of nature from birth – the mother of the sea.

The coincidence of the work of the poet Tleubergen with his real life was argued even more when I learned more about his family life, about children, descendants.

Inflorescences leave seeds.

And the highest joy is given to people:

The beauty of the beautiful will not sink into eternity,

But it will be reborn in their children [4, 70], – the poet writes, having comprehended philosophically the law of nature.

The poet's children are respected people of their country, they have state awards. Asiya is a philologist, Zukhra is a teacher-choreographer, Zamira is a hydrogeologist, Malika is a journalist, Murat is a mechanical engineer, Dilyara is a financial economist. Their oldest brother Byron was a physicist, worked for many years in the field of education in high positions, but died early.

By the way, at the university at the conference I met the eldest daughter of the poet, Asiya Tleubergenovna, and visiting Malika Jumamuratova, I met her brother Murat Tleubergenov. They left a good impression.

«I am returning again to the Aral ...». This is the title of the latest edition of Tleubergen Jumamuratov's books. It is said that in history there have been cases of the disappearance and return of the seas. In the depths of my soul, I also want to believe in this miracle. I dream about it, and I think that more than once I will return to this beautiful land, Karakalpakstan, and see the Aral Sea, already revived. I will tirelessly repeat the words of the poet:

I returned to the Aral again!. Reminding me of my youth, A swirling shaft rolled, A beam of light sparkled on the wave.

O sea, I admire you! After all, I myself was born on the waves. I'm foamy this surf, Reminds me of years gone by.

Again the forces of that young time, My chest was filled. As if from a high mountain, I managed to look at youth!

(Interlinear translation − «On the wave». Translation by A. Kanykin) [4, 50 – 52]

I am very glad that modern scientists, writers, artists continue to develop the cultural heritage of the Republic of Karakalpakstan. And representatives of the intelligentsia, such as Malika Tleubergenovna Jumamuratova, establish relations of cultural diplomacy with different countries, in particular with Ukraine, and also disseminate information about their homeland, introduce them to the culture of Karakalpakstan.

Literature:

1. The Muynak Development Program, signed by the President, provides for the development of the economy and tourism in the once port area. https://www.gazeta.uz/ru/2017/03/02/muynak/

2. Евдошина Т. Личность художника и его творчество. https://pandia.ru/text/80/124/6245.php

3. Жумамуратов Тлеуберген. Высокий перевал. Издательство «Каракалпакстан», Нукус, 1971

4. Жумамуратов Т. Талисман любви. Издательство «Каракалпакстан», г. Нукус, 1984.

5. Жумамуратов Т. Красавица Макарья. Нукус, «Каракалпакстан», 1982. С.304.

БАЙТИКОВА БАКТЫГҮЛ БАТЫРБЕКОВНА

Педагогика илимдеринин кандидаты, доцент,
Ош мәмлекеттик университети.
Кыргызстан, Ош

КАРАКАЛПАКСТАН ТААСИРЛЕРИ

Адам баласы эмне ниет кылса, ага жараткан эки эселеп берери чын белем. Өзбекстан менен чек ара маселеси чечилгенден кийин эки элдин карым-катышы мурдагы калыбына келип, эки мамлекетке кирип-чыгуу бир топ жеңилдеп калды. Мына ошондой карым-катыштын негизинде үй-бүлөбүз менен достордун баласынын үйлөнүү үлпөтүнө барып калдык. Дасторкон үстүндө Каракалпакстандан келген коноктор менен таанышып, алардын тилинин өзгөчөлүгү, маданияты абдан кызыктырып калды десем болот. Ошол күндөн каракалпак элинин түпкү жашаган жерине жетсем, ошол эл менен баарлашып, маданияты менен таанышсам деген аруу тилекте жүргөн болчумун. Мына ошондой мүмкүнчүлүк түзүлүп, Бердах атындагы Каракалпак мамлекеттик университети тарабынан «Глобалдашуу процессинде массалык-маалымат каражаттарынын ролу» деген темадагы илимий-практикалык конференциянын жарыясы жарыяланып калды. Менин максатыма жетүүнүн бирден бир жолу ушул конференция болду.

Ошентип, урматтуу окурманым, тили, дили жакын, калпагынын башка түстө экендиги менен айырмаланган элдин кабарын Сиздерге баяндап кетейин.

Ташкент. Улуу акындын үйүндө. Жолоочунун жолу жолдо ачылат деген кеп бар. Анын сыңары биз жетчү жол абдан алыс экен. Биринчи күнү Өзбек Республикасынын борбор шаары – Ташкентке сапар алдык. Беш сааттык жолдо Өзбек Республикасынын гүлгө оронгон таза шаарларынын, өзгөчө меймандос калкынын кичипейилдүүлүгүн көрдүк. Ал күнү да бизге эң бир сонун күн тартууланды. Бизди күтүп жаткан Каракалпакстандын окумуштуусу Малика Жумамуратованын эжеси Замира Жумамуратованын үйүнө конокто болуп, эртеси түштөн кийин жолго аттана турган болдук. Малика жана Замира эжелердин атасы Тлеупберген Жумамуратов Өзбек Республикасынын белгилүү эл акыны. Анын чыгармачылыгы менен таанышып жатып, көп нерселерди билдик. Акын атабыз кыргыз элин ушунчалык сыйлагандыгын, жада калса улуу акын Токтогулдун ырларын каракалпак тилине которуп, китеп чыгарыптыр. Кыргызга деген сыйлоосу чексиз экендигин төмөнкү ырынан да байкасак болот:

Мынакей, гүл өлкөлүү кыргыз эли, Токтогул акындын сүйүктүү жери. Алыс жолдон жүрөгүмдү түрткүлөп, Касиети достуктун жеткирди мени.

Суктанып карап турсам бурулбай, Табияты көз арттырат Крымдай. Шыңгыраган күмүш булак үндөрү, Токтогулдун эң бир сонун ырындай.

...Карлуу Ала-Тоону айдын өзү талашкан, Ысык-Көлү айланага жарашкан. Кыраан бүркүтүндөй кыраакы кыргыз, Күч-жигери артып барат Манастан.

Акындын кызы менен сүйлөшүп, атасынын ырларын окууга, чыгармачылыгы менен таанышууга ушунчалык сонун шарт түзүлдү. Замира Жумамуратова бизге меймандостугун чексиз көрсөтүп, жолго узатты.

Поезддин кетүүсүнө убакыт бар болгондугунан Кыргызстандагы делегацияны жетектеген жаш окумуштуу Зарина Маматжанованын (журналистика боюнча) демилгеси менен Ташкенттеги Өзбекстан мамлекеттик Дүйнөлүк тилдер университетине кирүүгө насип этти. Ал жерден бизди эл аралык журналистика факультетинин деканы, окумуштуу Каримов Амрулло Ашурович тосуп алды. Окуу жайга киребиз менен заманбап шарттагы имарат экенин байкадык. Окуу жайды толук айланып, профессордук-окутуучулук курам менен таанышууга мүмкүнчүлүктөр түзүлдү. Китепканаларга киргенде көргөзмөдө жазуучу Ч. Айтматовдун китептери көзгө урунду. Анын китептери өзбек жана башка тилдерде экен, ошондой эле улуу жазуучубуз тууралуу илимий изилдөөлөр орун алыптыр. Каримов Амрулло Чыңгыз Айтматовдун 90 жылдык маараке си абдан мыкты өткөндүгүн, конференциялар, семинарлар, театрлаштырылган көрүнүштөр болгондугун белгиледи. Ошондой эле, жазуучунун чыгармалары ар кандай өңүттө изилденип жатканын кошумчалады. Ошентип, сапарыбыз карып, Каракалпакстанга карай жол алдык.

Узак жол. Каракалпакстан. Конференция. Чыкылдаган поезд үндөрү.

Өзбекстандын Самарканд сыяктуу шаарларын аралап кетип бараттык. Станцияларда токтогон сайын соода кылган жүргүнчүлөр. Самаркандда нан алуу керек деп айтышты. Демек, самарканддык туугандар наны менен өзгөчөлөнүшөт экен. Калган жолдор кадимки айылдар, эрме чөлдөр менен коштолуп жатты. Он сегиз сааттан кийин белгилеген жерге жетип келдик. Ал жерден да бизди Каракалпакстан мамлекеттик университетинин доценти, филология илимдеринин кандидаты Малика Жумамуратоватосуп алды.

Эртеси, 22-апрель. Жамгырдан кийин жуулган таза шаарда адам көңүлү сергип, Нукус шаарынын борборунда жайгашкан Бердах Каракалпак мамлекеттик университетине кирип келдик. Ал жерден бизди окуу жайдын ректору Ахмед Реймов жана ректордун окуу-тарбия, илимий иштери боюнча проректорлору, журналистика факультетинин деканы Конакбай Турдыбаев, кафедранын башчысы Злиха Оразымбетова, профессор Малика Жумамуратова, тарых илимдеринин кандидаты, доцент Бекболиев Дөөлөтбай жана башкалар тосуп алып, жылуу каалоо-тилектерин билдиришти. Биздин делегация менен кошо Украинадан, Ташкенттен келген белгилүү окумуштуулар да конференциянын ийгиликтүү өтүүсүн каалашты.

Конференцияда бүгүнкү күндө массалык-маалымат каражаттарынын дүйнөдө чексиз мүмкүнчүлүктөргө жеткенин, кабар, маалыматтын адам үчүн зарыл экендиги, ошондой эле интернет желелери бүтүндөй ааламды каптаганы үчүн гезит-журналдардын санынын кыскарандыгы тууралуу кеп болду. Кыргызстандын делегациясынын башчысы, ОшМУнун окутуучусу Зарина Маматжанова Кыргызстандагы массалык-маалымат каражаттарынын өнүгүшү, күнгөйтескейлери тууралуу сөз кылды. Анын окуган баяндамасы окумуштууларды, студенттерди кызыктырып, суроолор берилди.

Ошентип, конференциянын 1-бөлүгү абдан кызыктуу маалыматтарга, фактыларга, тарыхый билдирүүлөргө бай болуп, глобалдашуу мейкиндигинде журналистиканын орду белгиленди. Түштөн кийин секциялык иштер уланып, талкуулар улантылды.

Мойнок дубаны. Соолуган Арал деңизи. Эл аралык китеп күнү. Каракалпакстан учурунда Арал деңизи менен сыймыктанган калк болгон. Өкүнүчтүүсү, бүгүн Арал деңизи бир гана Каракалпак элинин гана жалпы адамзаттын көйгөү болуп калды. Анткени анын тартылып соолуганына бир канча жылдар болду. Мына ушундай жаратылыштын трагедиясы менен таанышууга конференцияга келген делегация жана университеттин активдүү студенттери менен Мойнок дубанына жол алдык. 23-апрель күнүн биздин сапарыбызга улаштырып, китеп күнү белгиленип, Мойнок дубанында мектептерге университеттен китеп белектер берилип, биздин мектептер менен таанышууга мүмкүнчүлүктөр болду.

Арал деңизине жеткенге чейин бир нече мектепке кирип, китептерди берип, бир тууган каракалпак элинин балдарына китеп окуу аркылуу кандай жетишкендиктерге жетерибиз тууралуу айтып жаттык. Бизди таасирленткени окуучулардын бирдей мектеп формасында экендиги, Ч. Айтматовдун чыгармаларын мыкты билишкендиги болду. Биз чет жерде эмес, өз жерибизде эле жүргөндөй болдук.

Арал деңизине да жеттик. Шамалдуу кум учурган деңиздин орду капалуудай телмирип карап жатты. Учурунда буркан-шаркан кайнап, балыктары секирип жаткан деңиз болсо, бүгүн бүт нерсесин жоготуп, бардык нерседен кур-жалак калган табийгаттын көрүнүшү жүрөктү сыздатты. Арал тууралуу айтышса көздөн аргасыздын жаш ирмелди. Канчалаган тагдырлар ушул деңизге байланып, жада калса Мойнок дубанын жердеген көптөгөн ишканалар иштен чыгып, басымдуу калктын көпчүлүгү башка жака көчүп кетиптир.

Мына ушундай окурманым, Мойнок тууралуу, Арал деңизи тууралуу кебибиз аягына чыккан жок. Каракалпак элинин маданияты, тарыхый жерлери, тамак-аштары тууралуу баяндамабызды кийинки санда улантмакчыбыз.

Каракалпак элинин улуттук тамактары. Каракалпак эли тууралуу таң калып да, жазып да бүтпөй турган маалыматтарга ээ болдук. Кыргыз эли сымал пейили ак, келген коногуна өзгөчө сый-урмат көрсөткөн калк экен. Негизги тамактары эттен даярдала турганына күбө болдук жана татып көрдүк. «Беш бармак» же «туурама» деген тамагы кадимки эле биздин беш бармактай жасалып, сыйлуу конокторго тартылат. Бирок, өзгөчөлүгү «гуртек» деп аташып, анын негизги

камыры жүгөрүнүн, буудайдын унунан даярдалат экен. Ошого жараша жүгөрү гуртек, буудай гуртек, май гуртек деп түрлөргө бөлүнөт. Бул тамактын камыры төгөрөк формада болот. Ал эми туурама биздин эле беш бармактай.

Андан башка улуттук самса, шашлык, аш ж.б.у.с. тамактар биз жеп, татып жүргөндөй эле. Ошентсе да, каракалпактыктар эттин даамдуулугу боюнча эч кайсы жер биздегидей эмес деп, өздөрүнүн мал чарбачылыгынан чыккан этти абдан баалашат. Сыйлуу тамак катары балыктын эти да биринчи орунда турат экен. Анткени, Арал деңизинен соолубаган жеринен кармалган балыктар даамдуулугу менен айырмаланат. Балыктын шорпосуна камыр бышырып жеген да аларда биринчи орунда. Куурулган балыктын даамы чындыгында өзгөчө болуп, даамы оозубуздан кеткен жок.

Ал эми нандарына токтолсок, биздин дасторкондун көркү болгон – боорсок, аларда да жасалып, тойлордо, конок келгенде коюлат жана ага кошулуп майлуу нандар, эт нандар, патыр нандар коюлат экен. Биздин каттама сыяктуу наныбыз, аларда тандырда жабылат экен.

Канча күн жүрсөк, ошончо күн сый-урматта жүрүп, тамак-аштын түрүн таттык. Кыргызстандан жана башка жактан барган кесиптештерибиздин атынан Каракалпакстандагы кесиптештерибизге терең ыраазычылык билдиребиз.

Каракалпакстан маданияты, тарыхы – музейлерде, тарыхый жерлерде сакталуу. И. Г. Савицкий атындагы музейи

Каракалпакстандын борбору – Нукус шаары. Бул шаар тазалыгы, көркүүлүгү, элинин сылыктыгы, маданияттуулугу менен бизди таң калтырды.Ошентсе да, элдин тарыхын көбүнчө музейлери, тарыхый жерлери көрсөтөт эмеспи. Анын сыңары, биз да каракалпактыктардын бай тарыхын билүүгө ашыктык.

Филология илимдеринин кандидаттары Малика Жумамуратова, Злиха Оразымбетовалар Нукустун борборундагы И. Г. Савицкий атындагы музейге алып барышты.

И. Г. Савицкий каракалпак элинин искусство маданиятына, тарыхына чоң салым кошкон улуу инсан. Ал өзүнүн өмүрүн каракалпак элинин сүрөт искусствосунун өсүшүнө, маданиятынын калыптанышына арнаган. Бир топ белгилүү сүрөтчү-шакирттерди даярдаган жана каракалпак элинин, чыгыш элдеринин жашоосун чагылдырган тарыхый маалыматтарды жыйнай баштаган. 1966-жылы ал Нукус шаарында уникалдуу музей ачып, каракалпак элинин кечирген жашоосуна тиешелүү экспонаттарды жана сүрөт искусствосунун, кол өнөрчүлөрдүн буюмдарын коюптур. Бүгүнкү күндө каракалпак элинин сыймыктанар көрөңгөлүү жери деп айтсак жаңылбайбыз.

Мазлумхан сулуу мавзолейи. Мазлумхан сулуу мавзолейи Нукус шаарынан бир топ алыста экен. Бул жер табылган тыйындардын жашына карап XIV кылымга таандык курулуш болуп эсептелет. Негизинен сулуунун тарыхы Хорезмдин алтын ордосуна таандык болуп эсептелет. Уккан уламышыбызга караганда, Хорезм башкаруучусу жаш куруучу-устага имарат куруп берүүнү буюртма берет. Ошол имаратты куруп жаткан жаш жигит хандын кызын жакшы көрүп калат. Бирок, Мазлумхан сулуу жигиттин чындап жакшы көргөнүн сыноо үчүн, курулган имараттан өзүңдүн боюңду таштачы деп айтат. Ханышаны чындап сүйгөн жигит ойлонбостон өзүнүн боюн таштап жиберет.

Айткан сөзүнө, берген буйругуна өкүнгөн сулуу каныке өзүнүн өмүрүн кыят. Ошол жерде анын сөөгү коюлуп, имарат анын аты менен аталып калат.

Дагы бир уламыш, Мазлум сулуу хандын кызы болот. Ошол мезгилде каапырлар тынымсыз кол салып турушкан. Мына ошондой динсиздердин кол башчысы Мазлумхан сулууну сүйүп калат. Кыз да ага ашыктыгын билдирет. Бирок, атасы экөөнүн сезимдерин билип калып, кызын өлтүрөт да, сөөгүн ошол жерге жашырат. Мавзолейдин өзгөчөлүгү, курулуш архитектурасынын эң мыкты чеберчиликте курулгандыгында. Жакут таштар, алтындар, эң мыкты боёктор колдонулган дешет, бирок кымбат-баалуу таштардын учурда жоктугу өкүндүрдү. Мындай кырдаалдын болушун мавзолейдин көп жери оңдоого дуушар болуп, андан кийин жоготууларга учураганы себеп болду деп айтышты.

Университеттеги Бердах атындагы музей. Каракалпак Бердах атындагы мамлекеттик университеттин босогосун аттаганда эле өзгөчө салынган, имараты кенен музейге көзүңүз түшпөй койбойт. Музейге киребиз менен көзүбүз боз үйгө урунду. Боз үйдүн жасалгасы, ал тургай бөлүнүшү бүт эле кыргыз боз үйүнө окшош. Колдонгон буюмдарда да эч айырмачылык жок.

Болгону биз боз үй деп атасак, алар кара үй деп аташат экен. Эми мунун сыры түшүнүктүү да, каракалпак эли жайдары кара кой багып, анын жүнүн иштетишкен.

Негизи музейдин дубалдары колдо тартылган абдан кооз сүрөттөр менен кооздолуптур. Сүрөттөр элдин жашоо-шартын, маданиятын, тарыхын чагылдырат. Улуу жазуучулардын, орток түрк маданиятына эмгек сиңирген белгилүү ишмерлердин иштери, эмгектери сакталыптыр. Чыңгыз атабыздын Бердах тууралуу айткан сөзү көрүнөө жерге илиниптир.

Акын-жазуучулардын, окумуштуулардын, коомдун, мамлекеттин, университеттин өнүгүшүнө салым кошкон инсандардын портреттери, сүрөттөрү, эмгектери коюлуптур. Айтор, бул музейде да абдан көп маалыматтарга ээ болуп, каракалпак элин ар тараптуу таанууга шарт түзүлдү. Бул музейде бизди университеттин журналистика факультетинин деканы, доцент Конакбай Турдыбаев көрсөтүп, көп маалымат берди.

Хива шаарына саякат. Каракалпакстандагы эң бир баалуу таанымыбыздын бири – Хива шаары болду. Хива Нукус шаарынан бир топ алыста экен. Ошентсе да кең талаа аркылуу өткөн Каракалпакстандын шаарлары менен таанышып бараттык. Мына ошентип, эски архитектурага бай, өзүнчө эле чоң шаарга келип токтодук. Анда, окурманым, сөзүбүз куру болбосун үчүн Хива тууралуу азыноолак маалымат берсек.

Хива хандыгы – Орто Азиядагы 16–20-кылымдын башындагы феодалдык мамлекет.

1512-ж. өзбек ханы Элбарс негиздеген. Хандыкка байыркы Хорезм, ошондой эле Мангышлак, Дагестан, Узбойдо түркмөндөр жердеген аймак жана Хорасандын түндүк бөлүгү кирген. Борбору-Вазир, Ургенч, Хива. 16–18-кылымдын биринчи жарымында Хива хандыгынын ичинде өз ара күрөш жана Бухара, Иран менен тынымсыз согуш болуп турган. Хандыктын Россия букаралыгына өтүүгө кылган аракети ишке ашпай, аны 1740-ж. Иран басып алган. Ал 1747-ж. кайрадан өз алдынча хандык болуп, ич-ара күрөштөн кийин 1763-ж. бийликке Коцурат династиясы келген. Мухаммед-Рахимдин тушунда (1806–25) Хива хандыгын бириктируу аяктап, кубаттуу мамлекетке айланган.

1873-ж. орус аскерлери Хива хандыгын каратып, тынчтык келишими боюнча Хива хандыгы Аму-Дарыянын оң жээгинен баш тартып, Россиянын вассалына айланган. Хива хандыгынын калкы (өзбек, туркмен, каракалпак, казак) дыйканчылык жана малчылык менен кесип кылган. Хандыкта феодалдык, мамилелер менен катар патриархалдык-уруулук, кулчулук түзүлүштүн калдыктары да сакталып, хан чексиз бийлик жүргүзгөн. Октябрь революциясынын жеңишинен кийин 1920-ж. 2-февралда көтөрүлүш чыгарган эл Кызыл Армиянын жардамы менен хан бийлигин кулатып, ошол эле жылы 26-апрелде Хорезм. Элдик Советтик Республикасы жарыяланган (маалымат интернет булагынан алынды).

Урматтуу окурман, Каракалпакстан кереметтери же таасирлери тууралуу баяныбыз соңуна чыга элек, эл тууралуу, алардын маданий искусствосу ж.б. артыкчылыктары тууралуу дагы сөз кылмакчыбыз.

ЖУМАМУРАТОВА МАЛИКА

Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети
Журналистика кафедрасы профессоры.
Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

ТАРИЙХЫЙ САНА ҲӘМ КӨРКЕМ ДӨРЕТИЎШИЛИК ОЙ ҮЙЛЕСИМИ
(Т. Жумамуратовтың Арал ҳаққындағы мақалалары мысалында)

Философиялық сөзликте, «Сана дегенимиз, анаў яки мынаў мәселелерди шешиў мақсетиндеги, дүньяны түсиниклерде, талқыларда, теорияларда ҳ.т.б. актив сәўлелендириўди шөлкемлестириўши материяның ең жоқарғы өними – мий болып саналады» [14, 295] деп көрсетилген.

Тарийхый сана – методологиялық билимлердиң мазмунлық бирлиги, ақылда жүз бериўши қубылыслар ҳәм мүнәсибет түрлери болып табылады. Ол факт, ўақыя, ҳәдийселер тийкарында өтмиш ҳәм ҳәзирги күн ҳаққында пикирлеўге, келешекти болжаўға бағдарлайды.

Жетилискен сана жәрдеминде жаратылған тарийх ўақыялары өтмиш шынлығының сақланыўында, тиклениўинде көркем дөретиўшиликтиң әҳмийети айрықша. Тарийх қубылысларының көркем яки публицистикалық сәўлелениўи жәмийетлик санаға айрықша тәсир жасайды.

Тарийх бойынша ҳүжжетли китаплар «мына сәнеде мынадай ўақыя болды» дегендей фактлерди сөйлетеди. Көркем дөретиўшиликтеги тарийх оннан өзгеше. Көркем шығарма авторы дәўир руўхын, миллий реалияларды, қаҳарманлардың пейил-минезин, ишки драматизмин, өз ара мүнәсибетлерин жанландырады. Бунда оқырман яки көрермен ўақыя маңызына кирип барады. Өзи көрмеген қубылыслар ишинде араласып жүргендей сезинеди, бирге муңайып, бирге шадланады. Яғный, көркем шығармада жарытылып атырған дүньяда бирге жасайды. Ҳәр бир көркем шығарманың, ҳәр бир дөретиўши инсанның тарийх ҳақыйқатлығына жуўапкершилиги қандай, үлеси неден ибарат, деген сораўларға жуўап излейди. Миллеттиң жәҳән көлеминдеги орнын белгилеўде үлес қосады.

Тилеўберген Жумамуратовтың халық шайыры сыпатында бир өмир жазып қалдырған поэзиялық мийрасында – халқымыз тарийхы, жер атамалары, тәбияты, Әмиўдәрья ағысы, Арал теңизи толқынларының гә «домаланған аршадай» «аўдаңласып келиўи», гәҳи нәзик «моншақ шашқан» ойнақы минез-қулқы, гәҳи миллий менталитеттиң нәзик әдеп-икрамлық ишаралары, үрп-әдет дәстүрлери, кийим-кеншеклери, ҳаял-қызлар тағыншақлары, саз әсбаплары, ески нама талқыны, бул мәкан халқының өмир философиясы ҳаққындағы билим жәмленген. Усы көзқарастан, бул көркем дөретиўшиликтеги баҳалы мағлыўматларды үйрениў – этнография, тарийх, география илимлери ушын да әҳмийетли екенлиги тақыйық. Демек, Тилеўберген Қупбатулла улының поэзиялық шығармаларының әдебий-мәдений, этикалық-эстетикалық әҳмийетин айтпағанның өзинде, бул мийрас – миллетимиз тарийхы, Арал тарийхы ҳаққындағы мағлыўматларды бериўши дерек сыпатында да қунлы.

Соның менен бирге, бул тулғаның әйне усы сыпаттағы поэзиялық дөретпелери менен дәсмедәске түскенде салмағы қалыспайтуғын және бир өзгеше мийрасы – оның илимий ҳәм публицистикалық мақалалары, халық аралық әнжуманлардағы баянатлары, пикирлери болып табылады. Биз бул жумыста Т. Жумамуратовтың кең салалы мийрасының тарийх илимине тийислилерине, оннан да анығы, әйне Арал теңизи, теңиз жағалаўы, Мойнақ шәҳәрине байланыслы мийнетлерине ғана тоқталмақшымыз.

1946-жылы «Қызыл балықшы» газетасының еки санында «Ж. Тилеўберген» деген авторлық белгиси менен «Мойнақ – өткен ўақытларында» [2] деген атамадағы көлемли мақала жәрияланған. Мақала жөнинде бирден-ақ, екиленбестен жуўмақ айтыў мүмкин, бул жүдә қызықлы ҳәм мағлыўматларға толы мийнет болып табылады. Районлық газетаның гезектеги еки санында даўамлы жәрияланған усы бир мақаланың өзинде бир илимий питкен жумысқа ылайықлы мағлыўматлар бар. Шайырдың тастыйықлаўынша, бул мәканның әййемги заманлардан-ақ, бай мәдений тийкарлары болған.

«...Аралдың тарийхы халқымыздың узақ әсирлердеги тарийхы менен тиккелей байланыслы» – деп жазады Тилеўберген Жумамуратов [3]. Шайыр булай айтыўында тийкарлы билимлерге сүйенеди.

Шынында да, Арал жағалаўы қарақалпақ халқының түп-тийкар ата журты екенлиги ҳаққындағы мағлыўматлар тийкарлары тарийхшылар мийнетлеринде көп ушырасады. Ерте дәўирлердеги Венгер саяхатшысы ҳәм илимпаз-шығыстаныўшы Арминий Вамбери (Герман Вамбергер) [1] мийнетлериндеги, белгили шығыстаныўшы алымлар П. П. Иванов [7], С. П. Толстов мийнетлериндеги [12] айтылған пикирлер буған мысал бола алады.

Тилеўберген Қупбатулла улы Арал айналасындағы далаңлықларда жасаўшы тайпалардың бирлигинен қарақалпақлардың халықлық қәлиплесиў негизи басланғаны ҳаққында дереклерден де мысал келтиреди. Халық арасында ел аўзында айтылған сөзлерге қулақ түрип, теңизден маржан излегендей әпсана, рәўиятларды тыңлап жәмлеген. Оның айтыўынша, қарақалпақлар өзлериниң басқа еллер менен жазба хатларында «теңиз елиненбиз» деп таныстырған екен. *«Қариялар тағы бир сөзинде, – деп еслеген шайыр, – Орысыят патшасы «сизлерде қандай үлкен бийлер бар» деп сорағанында «Қарақалпақтың бир бийи Теңизбай деген – бир, Дәрьябай деген – еки, үлкен байлары бар. Олар малларымды да, жанларымды да тегин асырайды, деп жуўап берген екен, дейди»* [3].

«Буннан алпыс жылдай бурын Тоқмақ ата мазарында бир тасқа жазылған арабша хатта: «Ҳаслымды сорасаң Адақ ишинде, Ала бүйрек едим ақжар ишинде..» – деген жазыў бар еди, – дейди ғаррылар. Ҳәзирги күнлерде Тоқмақ ата, Үшсай балық заводындағы жерлерди қазып көрген адамлар әййем заманнан қалған тас гербишлерди, гүзениң ҳәм түрли ыдыслардың сынықларын таўып алады. Үрге жағындағы, Қус атаўдағы тынық суўлардың түбинде тас гербиштен салынған жайлардың қалдықлары еле бар [2].

Бул мақаланың және бир әҳмийетли тәрепи, бунда автор өзи оқыған яки халықтан жыйналған мағлыўматларына қосымша, өз пикирлерин, шама-болжаўларын да билдирип барады. Мысалы: *«X әсирдиң биринши ярымында Арабтың (Идирис ҳәм Истахридиң) карталарында Тоқмақ ата көрсетилип келген. Адақ қаласы сол заманнан аррағырақта болыўы итимал. Ҳәзирги Мойнақ районының жерлери бир неше ўақыт теңиз ҳәм бир неше ўақыт қурғақлық болып өзгерип турған. Оған және бир дәлил: ҳәзирги Калинин, Марат атындағы колхоз ҳәм Порлытаў балық заводларының орны буннан он бес жыл бурын ушан теңиз екенин көзимиз бенен көрдик. Ал, бир ўақытларында ол жерлердиң боз болғанын да көрген ғаррылар бар»* [2].

Тилеўберген Жумамуратов, тарийхый дереклерге илимий жантасып, мәселениң изертлениў тарийхына да итибар берген. Мысалы, *«XVIII әсирден баслап рус илимпазлары Әмиўдәрья ҳәм Арал теңизинде бир қанша изертлеўлер жүргизген. Арал теңизин изертлеўши профессор Берг, 1880-жыллары Мойнақ атаўы қыр менен тутас екенин билдиреди. Бул сөз шынында да дурыс». «Буннан 70 – 80 жыллар бурын Мойнақ Үргеге дейин қурғақлық, түслик тәрепи қыр менен жалғас екен. Ҳәзирги моторлар жүрип турған жол – «түйе жол» болып, сол заманда арба, түйелер менен жақын еллердиң Тоқмақ атадан дуз тасыйтуғын жолы болған. Мойнақтың өзи тоғайлық екен. Жақын жердеги еллер бул жерден кийик, түлки, қоян сыяқлы аңларды аўлаған. Мойнақтың артындағы таў (қумшық) тоғайдың үстинен уп-узын, аппақ, түйениң мойны сыяқлы болып көринеди екен. Соны адамлар «Мойны ақ» деп атаған. Соңынан «Мойны ақ» деўдиң орнына «Мойнақ» болып аталып кеткен»* [2].

«Халықтың айтып келген әпсана-рәўиятларының ҳәр биринде тарийхый шынлық бар» [2] – деген еди Т. Жумамуратов. *«Ҳәзирги Мойнақ районының жерлери, теңизи ҳәм Тоқмақ ата, Ҳәким ата мазарлары туўралы халық аўзында түрли аңыз сөзлер көп. Соның бири мынадай»* – деп әңгиме баслайды шайыр билген тарийхынан сөйлеп. – *«Солардың бири, Арал теңизиниң түслигинде Адақ (бизиңше аяқ, тамамлаў – аяқлаў – адақлаў сөзи соннан қалған) деген уллы қала болыпты. Қаланың үлкенлигинен, жайлардың тығыз ҳәм бийиклигинен, төбесине минген пышық жерге түсе алмайды екен. Халқы Шинмашин (Қытай), Юнан (Греция), Ҳиндстан еллери менен саўда еткен.*

Бир заманларда Адақ шәҳәри патшасының Төребекханым деген қызы болыпты. Бул қыздың сулыўлығына, ақылына ҳәм даңқына қызып, дәрьяның өриндеги бир еллердиң ғарры патшасы ашық болған. Сөйтип, қызды ҳаялларының үстине айттырыпты. Бирақ, қыз-патша оған көнбеген. Буған ашыўланған ғарры патша, Адақ қаласына келип турған дәрьяны өрден тас қылып байлап таслаған. Адақ халықлары шөлден қырылатуғын ҳалға келген.

Төребекханым елден жүйрик қулынлы бийелерди жыйнап алыпты. Ол бир жерге қулынды байлатып, бир ат шаптырым жерге бийени байлап кете берген де, ғарры патшаның елине барған.

– Дәрьяны жықтырың, – деген қыз, патшаға, – одан кейин мен сизиң менен сөйлесемен!

Патша Төребекханымның келгенине қуўанып, дәрҳал буйрық берген-де, дәрьяны жықтырған. Соннан кейин қыз: – Түргелип турған түйениң қуйрығы жерге жеткен күни, сизиң мен туўралы мақсетиңиз орынланады! – деп елине кете берген. Изинен қуўғыншы қуўған менен жете алмаған, себеби, бийелер өз қулынына жеткенше оғада қатты шабады екен. Қыз саламат елине келген, бирақ, келгениниң пайдасы болмапты. Көп ўақытлардан берли иркилип турған дәрьяның суўы атлығып келип, бирден қаланы басқан. Сөйтип, Адақ қаласы суўға ғарқ болып, апатқа ушыраған. Мыңлаған алтын бесикли балалар суўдың астында қалған»...[2].

«Мойнақтың алдындағы дәрўаза сол шәҳәрдиң түслигиндеги дәрўазасы екен», – деп түсиндиреди шайыр. – Тоқмақ ата – Әбдирахман тақмахий, Ҳәким ата – ҳәким Сулайман, сол Адақ қаласының адамлары екен. Әбдирахманды «тақмахи» деген себеби, сөзди тақмақлап сөйлейтуғын шайыр болыпты, дейди. Ал, Ҳәким Сулайманның шайыр екенлиги әдебият тарийхынан мәлим. Шынында да, бул жерде әййемги заманларда қаланың болыўы итимал. «Бақырған» деген китаптың бир

жеринде «Адағу қул Сулайман ҳәким сөзи» деп келтиреди. Ол сөздиң авторы, Ҳәким Сулайман деген кисиниң мазары 5-аўыл территориясында ҳәзир де бар» [2].

Автордың Мойнақ, Арал әтирапындағы билимлери оның «Арал – елдиң ырысы», «Мойнақ – өткен ўақытларында», «Мүбәрек болсын» деген атамалардағы баспасөзде жәрияланған мақалаларында да жәмленген.

Шайырдың тарийхый дүньятанымында тек ғана Арал темасы бойынша пикирлеўдиң өзин үлкен үш бағдарда үйрениў ҳәм шақапларға бөлип классификациялаў мүмкин:

1. Арал теңизиниң көркем образы: а) Арал теңизи, Арал әтирапы тәбияты, ҳайўанатлар дүньясы ҳ.т.б. ҳаққындағы қосықлары: а) көркем шеберлик; б) шығармаларында суў, теңиз, дәрья, океанға мегзетилген көркемлеў қураллары, теңиз әтирапы адамлары образы, тарийхый мағлыўматлар.

2. Арал тарийхы: Арал теңизи ҳәм Арал жағалаўлары тарийхына байланыслы мақалалары.

3. Арал машқаласы: а) ХХ әсир орталарынан баслап жазған теңизди қорғаў ҳаққындағы қосық-фельетонлары; б) Арал машқаласына байланыслы баянатлары.

Бул бағдарлардың ҳәр бири өз алдына кең изертлеўди талап етеди.

Тилеўберген Жумамуратов балалығынан теңиз бенен тиллесип, толқын менен айқасып өскен шайыр, оннан да әжайып мәнәўий мийрастан нәр алған.

«Дүнья – мүҳит, жүздим тасқын ағысын, Ушыратпадым тоқтайтуғын жағысын», – деп жазады шайыр өзиниң «Өмиримниң лирикасы» қосығында. Шайырдың, дерлик барлық дөретпелеринде қолланатуғын эмоционал-экспрессив көркемлеў қуралларының тийкарында теңиз, толқынлар, булақ, мүҳит ҳәм т.б. турады. Бундай мысалларды шексиз көп келтирип өтиў мүмкин. Оның, ҳәттеки, сатиралық қаҳарманы да түс көрсе, «Теңизге жылым салған, Тонналап балық алған» ҳәм т.б. болып шығады.

Бул өзиндей Арал теңизи перзентлери болған халқымыздың уллы классик шайырлары Күнхожа, Әжинияз, Бердақ, Аяпберген шайырлар менен мәканлас болып, олардың ақыл-санасында, тилинде ядый айтылып жүрген шығыс поэзиясы дүрданалары менен танысқан. Көрнекли шайырлардың өзлериниң қосықларының да ең түп нусқа вариантларын аўылласларынан тыңлап өскен. Тилеўберген өскен «Аққум» аўылында өзге жақлардың ақын, шайырлары талпынып келгендей дилўарлық жарыслары ҳәмийше қызып турған.

Философиялық анықлаўларға қарағанда, тарийхый сана – тарийх қубылысларын, тарийхый мағлыўматларды үйрениў барысында қәлиплеседи. Тарийхый сананы жетилистириўши тийкарлар – ҳәр қыйлы түсиндирмелер, хронологиялар, аңыз-ертеклерде сәўлеленеди. Миллет мәнәўыятының ажыралмас бөлгени сыпатында халықтың өзлигин аңлаўы ҳәм тастыйықлаўына хызмет етеди.

Алым И. Сағыйтов ўақтында мынадай пикир билдирген еди: «Ол (Тилеўберген – М. Ж.) өзиниң туўылып өскен жерлери – Арал теңизи жағаларында тап сол жерде туўылып, өмир сүрген устазы шайыр бабалары Бердақ, Күнхожаның, Әжинияз бенен Аяпбергенниң ҳасыл сөз маржанларын көкирегине тоқып, солардан шайырлық өнерин үйренди. Бул жағынан қарағанда Тилеўберген, сондай-ақ, Аббаз аға менен Садық ағаларды да сол уллы классик шайырлардың дөретпесин даўам еттириўши нызамлы мийрасхорлары деўге болады» [10].

Бул дурыс пикир. Шынында да, Тилеўберген шайыр халық аўыз әдебияты үлгисинен болсын, шығыс классик шайырларының шығармаларынан болсын, ядынан айта билди. Өзи Арал теңизи әтирапында жасаған қарақалпақтың атақлы классик шайырларының қосықларын сол аўылларда таралған түп нусқа вариантларын жақсы билгенликтен, жаңа дәўирде олардың дөретпелериниң халыққа туўры жеткерилиўи ушын жан күйдирген. Оның «Күнхожаның бир қосығы ҳаққында» [4], «Әжинияздың алтын мийрасын кир шалмасын» [5] киби мақалалары бул айтылғанларға мысал болады. Аяпберген Муўсаевтың бурын баспада жәрияланбаған «Тапылмас» қосығын, «Гүлҳәсен» қосығының оригинал вариантын Тилеўберген шайырдың айтып бергени бойынша баспасөзде жәрияланған мақалалар [6] шайырдың миллий мәдениятымызға гирбиң жуқтығысы келмеген патриотлық жанашырлығының мысалы.

Рус жазыўшысы Л. Н. Толстойдың «Үндемей тура алмайман!» деген сөзи ондағы айтпасына қоймайтуғын тасқын талантының белгиси. Қала берсе, халыққа айтар сөзи болғандай билимданлығынан. Тилеўберген Жумамуратовтың үй архивиндеги көркем дөретпелерден басқа, тарийхый

мағлыўматларды жәмлеген ҳәр қыйлы бағдарлардағы мийраслары, оның жетик тарийхый санасынан дерек береди..

«Қарақалпақлардың әййем заманлардан жүдә үлкен халық болғанына әдебият пенен мәдениятының жоқарылығына «Қоблан», «Шәрьяр», «Қырық қыз», «Алпамыс» сыяқлы көплеген дәстан мийрасларының өзи гүўалық берип тур, деген жазыўлары бар шайырдың. – Бул эпослар ҳәм көплеген қосық, жыр, тақмақ, бәйит, өлеңлери ең әййемги вариантлар екенлигинен дерек бермекте. Әсиресе, әййемнен мийрас эпосларымыз антик әдебият дүрданаларынан, греклердиң дүньяға белгили Гомер шығармаларынан қалыспайтуғынына өзим исенемен. «Гөруғлы»ның қырқ шақабын билетуғын бақсылар өткен» деп айтысады ғаррылар». «Не қуўларым бар еди. Не ғазларым бар еди!» – депти бурынлары» – «Қарақалпақтың ҳәр бир аўылларынан шыққан жыраўларын жастан тыңладық. «Жыраў-бақсы жыйналды, қырқ күн ойын ойналды», «Гернай-сырнай тарттырды, алтын қабақ аттырды» дейди ескилер. Жоқ нәрсе айтылмайды» [13].

Жәмийетлик искер, мийнет қаҳарманы Қәллибек Камалов Тилеўберген шайырдың бул киби мақалаларына берген баҳасы дыққатқа ылайық. «Тилеўберген Жумамуратовтың миллетимиздиң тарийхтағы орнын белгилеўде фольклорлық мийрастың әҳмийетин баҳалап жазған сөзлери маған ҳәрдайым ой салады», деп жазған еди ол. – …шайырдың киндик қаны тамған Ана-Ўатанына деген шексиз мехир-муҳаббаты, миллий қәдириятларымызды терең билиў, сонлықтан да, иззет-ҳүрмет пенен жанындай көрип қәстерлеў сезиледи. Себеби, ол усы мәнәўий әлем менен кәмалға келди, «байтеректиң тамыры да тереңде» деп өзиниң айтқанындай, оның бәлент пәрўазы поэзиясының тамырлары да халық аўызеки мийрасынан нәр алды, аўыз әдебиятының ең жақсы дәстүрлерин жақсы меңгерип, әжайып дөретпелеринде жаңаша жанландырды» [8].

Тилеўберген шайыр өзиниң ядта сақлаўшылық уқыбы ҳаққында былай деген: «Бурын жыраўлар, бақсылар айтқан қысса, дәстанларды түнде тойда еситсем, ертеңине күндиз адамларға оны өзгертпестен ядтан айтып берер едим. «Алпамыс» пенен «Гөруғлының» шақапларын сондай дәрежеде билемен»… «Наўайы, Мақтумқулы, Бердақтың шығармаларын жасымда көп оқып едим, олардың қосықлары ядымда елеге шекем сақланады» [11].

Шайырдың дөретпелериндеги тарийхыйлыққа қосымша, усындай мағлыўматларға толы мақалаларын үйрене отырып, бул тулғаны тарийхшы сыпатында да таныймыз.

Бул жуўмақларға келиў себебимиз, биринширен, шайыр өмирбаянына муўапық, ол балалығынан халқымыздың әзелий руўхый азығы болған ескише тәлим алған. Дәслеп аўыллық мектепте, соң, устазлары киби Қарақум ийшан медресеси сабақларынан да суўсынланған. Араб жазыўын жақсы меңгерген, өмиринше, ҳәмме дөретпелерин араб жазыўында жазған, соң заманы талабына муўапық кириллге көширетуғын болған. Үй архивинде бәрше қолжазбалары, гейпара ескише билген дослары менен жазыспалары араб жазыўында. Сол дәўирдиң оқымыслы жасларының бири сыпатында араб-парсы тилинен де хабары болған. «Әжинияз дөретпелери китабый тилде жазылған, шығыс мәдениятының дәстүрлери қарақалпақ поэзиясы ушын тән белги» деп айтатуғын еди. Жазба ҳәм аўызеки пикирлесиўлеринде қарақалпақ уламалары арасында қәлиплескен араб-парсы сөзлеринен, шығыс мәдениятының тийкарындағы парсы-тәжик сөзлерине үнлес китабый тилден, улыўма тийкардағы түркий сөзлерден, түсинбеўшилик, терең билмеўшилик себебинен «бизиң сөзимиз емес» деп терминлерден ўаз кеше бериўден сақ болыўға шақыратуғын еди.

Бул әзелий билимлерге қосымша, Т. Жумамуратов Ташкенттеги Орайлық Азия университетиниң тарийх факультетин айрықша баҳалар менен тамамлаған талаба. Демек, қәнигели тарийхшы. Ол тийкарлы меңгерген тарийхый билимин өз дөретпелеринде ҳәм илимий изленислеринде пайдаланған. Өзи талапламағаны себепли алымлық ҳүжжетине ийе емес, бирақ, қалдырған мийрасларындағы анализлер, тужырымлы пикирлер, болжаў, шамалаўлар, илимий жуўмақлар оның алымлыққа миясар инсан болғанлығының гүўасы. Т. Жумамуратовтың баспасөзде жәрияланған яки үй архивиндеги тарийх, фольклор ҳәм жазба әдебият, тил билими, көркем өнер, тәлим-тәрбия, үрп-әдет дәстүрлер ҳаққындағы мақалалары, пикирлери көп. «Тил байлығы – ел байлығы», «Сынға шымшымайлық жараспайды», «Пәтиўасыз сын», «Саз бенен сөз сай болсын», «Халық шайырлары деген кимлер», «Бала тәрбиялаў – ҳүрмет, устазлық – мәртебе», «Қарақалпақ халқының базы бир дәстүрлери ҳаққында» ҳ.т.б. мийнетлери ҳәр қыйлы аспектлерде өз алдына үйрениўди талап етеди.

Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик академиялық театры залында Т. Жумамуратовтың 100 жыллығына арналған көркем-әдебий кешеде философ алым Жуманазар Базарбаев өз сөзинде шайырдың айтыс өнериндеги шеберлигин баҳалаўға оның патриотизми жағынан жантасып, оның халқына жөнсиз тил тийсе, шапшып кетер мәртлигин, халқының арын арлаўдағы жүреги толы дилўарлығын, қатаң, нәзик қашырымлы айтыс беллесиўиндеги 15 жасар баланың әдепикрамлы этика менен-ақ, күшли қарсыласын мат қылыўын жоқары баҳалаған еди. [13] Әлбетте, импровизация менен сол сәтте тужырымлы сөз айта билиў тарийхый сана ҳәм көркем шеберлик көринислери екенлиги ҳақ.

Жуўмақлап айтқанда, миллет тарийхы, басып өткен жоллары ҳаққындағы тарийхый, географиялық мағлыўматлар, ҳәр бир халықтың жәҳән тарийхындағы орнын белгилейди, халықтың өзлигин аңлаўына, тарийхый ҳәм илимий сананың артыўына тәсир жасайды.

Солай етип, изертлеўлеримиз жуўмағы Тилеўберген Қупбатулла улы көп тармақлы билимге ийе инсан, тарийхтың да билимданы, ел-халқына жаны пидә патриот ҳәм гуманист екенлигинен дерек береди. Шайыр дөретпелеринде тарийхый сана экологиялық сана менен жүйлеседи.

Бүгинги күнде елимизде орынлы түрде туризмге кең итибар қаратылмақта. Туризмниң бир айрықшалығы, тәсир күши, шәрти – сервис хызмети, таңландырыў, сүйсиндириў, елди танытыў. Усы көзқарастан да, Тилеўберген Жумамуратов дөретиўшилигинен туризмди раўажландырыў ислерине де кең пайдаланыўға болады.

Әдебиятлар:

1. Vambery H. Das Turken volkinseinemelhnologischenundethn2ographischen Bezihungen.Leipzig, 1885, s. 373, 374.
2. Ж.Тлеуберген. Мойнақ – өткен ўақытларында. «Қызыл балықшы» газетасы, 1947, №13(935).
3. Жумамуратов Т. Арал – елдиң ырысы. «Совет Қарақалпақстаны» газетасы. 1974, 10-июнь.
4. Жумамуратов Т. Күнхожаның бир қосығы ҳаққында. «Совет Қарақалпақстаны», 13-май, 1975-жыл, №94(11738)
5. Жумамуратов Т. Әжинияздың алтын мийрасын кир шалмасын. «Әмиўдәрья» журналы, 1960.
6. Жумамуратова М. Жүреклерге жол тапқан қосықлар. «Еркин Қарақалпақстан» газетасы, 17-январь, 1992, №12 (15921)
7. Иванов П. П. Новые данные о каракалпаках. Советское востоковедение, т. III, М. – Л.. 1945. стр. 62 – 63. 11 С. П.
8. Камалов С. Илимли ерге нур жаўар. Нөкис, «Илим», 2010, 57.
9. Толстов С. П. Города гузов (историко-этнограф. этюды). Советская этнография, 1947. № 3;
10. Сағыйтов И. Әдебият ҳәм дәўир. Нөкис 1988, 212.
11. Султанов Қ. Шайыр жолы. Нөкис, 1986, 72-бет.
12. Толстов С. П. По древним дельтам Окса и Яксарта. АЛ., 1962. стр. 273. и пр.
13. Шайырдың үй архивинен алынған қолжазба ҳәм видео көринис вариантлары.
14. Философский словарь. Изд. Политической литературы. М., 1986.

SULAYMANOV SALAMAT AREPBAEVICH

Tariyx ilimleriniń kandidatı, docent.
Qaraqalpaq mámleketlik universiteti

SARSENBAYEVA AMANGÚL

Tariyx qánigeligi magistrantı,
Qaraqalpaq mámleketlik universiteti.
Ózbekstan, Qaraqalpaqstan, Nókis

XALÍQ SHAYÍRÍ TILEWBERGEN JUMAMURATOVTÍŃ DÓRETIWSHILIGINDE ARAL TEŃIZINIŃ TUTQAN ORNÍ

Aral teması xalıq shayırı Tilewbergen Jumamuratovtıń dóretiwshiliginde ayrıqsha orın iyelegen. Sebebi, shayır teńiz jaǵasında tuwılıp, teńiz benen sırlas bolıp jasadı. 70-jıllarda Aral teńiziniń qurıp barıwı sebepli Tilewbergen Jumamuratov poeziyasında Aral mashqalası baslı temalar qatarına qosıladı.

Aral teńiziniń qurıp barıw qáwipi júdá keskin mashqala bolıp qaldı. Aral teńizi mashqalası uzaq ótmishke barıp taqaladı. Aral daǵdarısı insaniyat tariyxındaǵı eń iri ekologiyalıq hám gumanitar apatlardan biri bolıp tabıladı. Teńiz basseyninde jasaytuǵın 35 millionnan aslam adam onıń tásirinde qaldı.

Biz 40 – 45 jıl dawamında dúnyadaǵı eń iri jabıq suw basseynleriniń joǵalıp baratırǵanlıǵına gúwa bolmaqtamız. Biraq bir áwladtıń kóz aldında pútin bir teńiz nabıt bolǵanı ele júz bergen emes edi.

1911 – 1962-jılları Aral teńiziniń kólemi eń joqarı bolıp, 53,4 metrdi, suwdıń kólemi 1064 kub kilometrdi, suwdıń júzesi 66 mıń kvadrat kilometrdi hám minerallasıw dárejesi bir litr suwda 10 – 11 gramdı quraǵan edi. Teńiz transport, balıq xojalıǵı, klimat sharayatı jaǵınan da úlken áhmiyetke iye bolǵan. Aral teńizine Sırdárya hám Ámiwdáryadan hár jılı derlik 56 kub kilometr suw kelip quyılar edi.

Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan xalıq shayırı Tilewbergen Jumamuratov tábiyat ilahiyda talant bergen, óziniń mazmunlıq jaqtan tereń dóretpelerinde ómir shınlıǵın sheberlik penen sáwlelendirgen, epikalıq poeziyaǵa jańa formalar engizgen, tákirarlanbas obrazlarǵa bay shıǵarmalar avtorı edi. Shayır qálemine tiyisli lirikalar álleqashan xalqımızdıń ruwxıy múlkine aylanıp úlgergen. Ustaz shayırdıń kewil tolǵanısları, ruwxıy dúnyasınıń sırlı sezimleri, xalıq quwanıshı, dárti menen birge jasaǵan ishki dúnyası biziń sanamızǵa realistlik ertek-poemaları, obrazlıq sózler menen dóretilgen rubayı hám epigrammaları, keń kólemli dástanları, awırlıǵı tas basatuǵın qosıqları arqalı balalıqtan sińgen edi. Qazaq xalqınıń ataqlı shayırı, jazıwshı-akademik Sabıt Muxanovtıń «Yapırmay, Tilewbergen, bala, aǵıp turǵan dárya ǵoy» degen pikirlerinen de shayırdıń qay dárejede el qádirlegen talantqa iye ekenligin kóriwimizge boladı.

Tilewbergen Jumamuratovtıń dóretiwshiliginiń baslanıwı eń áweli kindik qanı tamǵan Aral teńizi jaǵası, Moynaq rayonı menen tikkeley baylanıslı:

Saqpan atıp zordı berip halǵaqqa, Qawın qorıp otırsaq ta shartaqta, Qosıq aytıp júrer edik eliklep, Ayapbergen, Ajiniyaz, Berdaqqa. – Qayjaqta? Aqdáryada, Bozatawda, Moynaqta. [3]

«Tilewbergen óziniń tuwılıp ósken jerleri – Aral teńizi jaǵalarında tap sol jerde tuwılıp, ómir súrgen ustaz-shayır babaları – Berdaq, Kúnxoja, Ajiniyaz benen Ayapbergenniń hasıl sóz marjanların kókiregine toqıp, solardan shayırlıq ónerin úyrendi» [5, 212] degen pikirleri arqalı Ismayıl Saǵitov shayırdıń doretiwshilik jolında qaraqalpaq ádebiyatı baytereklerineń qay dárejede áhmiyetli rol oynaǵanlıǵın atap ótedi.

Joqarıdaǵı qosıq qatarlarınan kóriwimizge boladı, shayırdıń «keń peyillik, adamgershilik, ádillik, xalıqlar doslıǵın qádirlew tuwralı qosıqları – onıń tuwma pazıyletinen kelip shıqqan. Sebebi, ol naǵız tábiyat perzenti, aqdáryashı. Asaw tolqınlar menen ayqasıp ósken er júrek, bawırı keń adam» [3, 98] Shayır pútkil dúnya dıqqatın ózine tartqan tábiyatımızdıń biybaha ǵaziynesi Aral teńizi, onıń gózzalıǵı, xalqımız turmısında tutqan ornı haqqında «Balıqshılar» (1936), «Bizge kel» (1947), «Teńiz jaǵasında» (1959), «Aralım» (1978) h.b. qosıqların jazadı. Olarda keltirilgen:

«*Elge bir ǵáziyne – Aral teńizi, Aldıńa qoyılar balıq semizi». «Elge ırıs bergen saqıy Aralım», «Kól jaǵalay munarlanǵan aq qamıs, Qızılotaw, aq jay tolǵan kók jaǵıs, Geyde motor, geyde jelqom zımıratıp».* [2, 93] sıyaqlı qatarlar arqalı sol waqtlarda ushı-qıyırı joq kók tolqınlar kóz aldımızǵa kelip, tınıq suwlargá aldıńa, gá arqaǵa qaray tolqınlanǵanı oyımızda sáwlelenedi, teńizdiń salqın samalı júzińizdi áste sıypaǵanday sezim payda boladı.

Tilewbergen Jumamuratov óziniń «Aralım» qosıǵı arqalı teńizdiń geografıyalıq jaqtan áhmiyetliligin tómendegishe bayanlaydı:

Adamzatqa tiygen bárha paydası, Bul úlkede tabılmaǵan taylası, Orta Aziyada jerdiń aynası, Juldızdıń sáwlesi, jarqın Aralım [2, 93]

Xalıq dárti shayırlar qáleminiń ótkirlesiwine sebep boları sózsiz. 70-jıllardan baslap Aral teńizi jaǵaları kimsesiz, suwları qumaytlanıp, asaw tolqınlardı jılawlaǵan kemeler endi qum teńizi ishinde háreketsiz qaldı. Elimiz dártine, Aral mashqalasına sherik dóretiwshiler sıyaqlı Tilewbergen Jumamuratov ta qosıq qatarları arqalı az da bolsa xalıq dártine dárman izledi.

Álem shadlı, quyash nurın shashıp tur, Meniń kewlim sınıp, tabım qashıp tur, Búgin suwıń emes, dártiń tasıp tur, San-sawlatıń – táshwish bolǵan, Aralım.

Geograf ilimpazlar Ziyavuddin Akramov, Asom Rafiqovlardıń «Aral mádet soraydı» atamasındaǵı izertlewinde bayanlanıwınsha, Aral teńizi qáddiniń tómenlewi, tiykarınan, Ámiwdárya hám Sırdárya arqalı 60-jıllardıń basına deyin kelip turǵan suw muǵdarınıń azayıwına baylanıslı Araldıń kólemi 1974-jılı 3 metrge tómenleydi. Áste-aqırınlıq penen Aral dárti – álem dártine aylanadı. Tilewbergen Jumamuratov poeziyasında Aral mashqalası baslı temalar qatarına qosıladı. «Shayır 60-jılları dóretken lirikaları menen poeziyamızǵa filosofiyalıq hám publicistikalıq pikirlew keńligin alıp kirdi»:

Kóller quwrap teńiz sorǵa aylandı, Aytıwǵa haqıń joq, tiliń baylandı. Saǵadan insapqa intizar xalqım, Kimler talap, tartıp aldı dáryaǵdı?...

Xalıq mehri menen suwǵarılǵan shayır kewli hámiyshe jaqsı kúnlerge, nurlı keleshekke isengen. Óz zamanlaslarınıń kewlin kóteriw, sezimlerine quwanısh, isenim baǵıshlaw Tilewbergen Jumamuratovtıń úrdisli ádeti bolǵan. Sonlıqtan da:

Hár qıylı zamanǵa jetip náwbetiń, Shaǵalalar shalıp sazlı-sáwbetin, Tilegim tasqınlap asqay dáwletiń, El sawlatı, muhabbatım, Aralım, – qatarları arqalı jaqsılıqtı boljaǵan.

Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan xalıq shayırı, «Berdaq» atındaǵı mámleketlik sıylıqtıń laureatı, «Xalıqlar doslıǵı», «Húrmet belgisi» ordenleri iyesi, dramaturg, dilmash, publicist, tariyx, ádebiyat, til, kórkem óner bilimdanı Tilewbergen Jumamuratov xalqımız yadında súykimli hám shıǵarmaları heshqashan óz qunlılıǵın joytpaytuǵın shayır sıpatında qaları sózsiz.

Júzden júyrik, mıńnan shıqqan tulpar – ol, Poeziya aspanında suńqar – ol. Tilewbergen – bul dúnyaǵa mángilik, Aydınına ǵazlar qonǵan shalqar – ol, Aral, qaraqalpaq bar bolǵan jerde. [1]

Ádebiyatlar:

1. Dawletova G. «Tilewbergen qádirli tuwılǵan jerge». http://jumatleu.uz/?lang=kk
2. Jumamuratov T. «Aralǵa keldim oralıp», Nókis, 2015.
3. Qaniyazov S. «Shayır Tilewbergen Jumamuratovtı eslep». «Erkin Qaraqalpaqstan» 14.08.2004 98-sanı.
4. Пахратдинов А., Алламбергенов К., Бекбергенова М.
5. Сағыйтов И. Әдебият ҳәм дәўир. Нөкис 1988, 212-бет
6. XX әсир Қарақалпақ әдебияты тарийхы. Нөкис, 2011.

ЕЩАНОВА ЗОЯ

Қарақалпақстан Республикасы тарийхы ҳәм мәденияты мәмлекетлик музейиниң аға илимий хызметкери. Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

АРАЛЫН АҢСАП, ТОЛҚЫНЫНДА ТУЎЛАҒАН, БАЛЫҚЛАРЫН ҚУМСАҒАН ШАЙЫР

Әййем заманлардан бери тәбияттың әжайып жаратылыслары, қубылыслары пүткил адамзатты таң қалдырып келген ҳәм булар сол тәбият қушағында жасап киятырған халықтың өтмиши, бүгини ҳәм келешеги менен тиккелей тығыз байланысқан десек қәтелеспеймиз. Себеби, Арал, оның тәғдири ҳәм келешеги ҳаққында, әсте-ақырын таўсылып баратырған көллери, айдынлары, қуслары, ҳайўанатлары ҳәм өсимликлери, қала берсе, тәғдири усы теңиз бенен байланысып кеткен ели-халқы ҳәм булардың бәрин өз баўырында жәмлеп турған Ана жеримиз ҳаққында ойға талмаған, оны өз дөретпелеринде жырламаған шайыр, жазыўшы ҳәм дөретиўши болмаған десек асыра айтпаған болар едик.

Мине, усындай ел-халқын улығлап, туўылған жерин мақтаныш етип көклерге көтерген шайырларымыздың бири – бул Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық шайыры Тилеўберген Жумамуратов болады. Шайыр Мойнақ районының «Ақдәрья» аўылында туўылып, теңизден илҳам-йош алып, баўырында өскен. Сонлықтан да, ол өзиниң «Мойнақта» атлы қосығында: *«Ериккенде ермек ушын қус атып, Талай ғаздың май қармасын асадық. Суўда сүўен, бекире,*

сазан, ақ марқа, Қуў, ғаз, үйрек, қасқалдағын усладық. – Қайжақта! – Порхан атаў, Мәделиде, Мойнақта» – деген қосық қатарлары менен туўылып өскен жерин ҳам оның сулыў тәбиятын, қусларын, теңизиндеги тил үйирген балықларын мақтаныш пенен жырлайды. Шайырдың бул қосық қатарларын оқып, өз көзимиз бенен көргендей көз алдымызға толқынланған теңизди ҳәм ондағы қызғын өмирди яғный толқынлар менен шапшып атырған балықларды ҳәм оларды услаўға ҳәрекет етип атырған шағалаларды, үйрек, қуўларды елеслетемиз. Тилекке қарсы, соңғы жыллардағы Арал машқаласы бундай шийрин қыялларымызды бузып, терең ойға талдырады.

Ана тәбият ҳәм адам. Бул тема ҳеш қашан тарийхтың күн тәртибинен түскен жоқ. Себеби, халықтың тарийхы – ана тәбияттың да тарийхы деген сөз. Әсирлер бойы Ўатанды сүйиўшилик сезими менен ана тәбиятқа деген меҳир-муҳаббат сезимлери бир-бири менен қарысып кеткен. Аралдың тәғдири де, әне, усындай сезимлер арқалы инсанлар қәлбинен орын алады.

Демек, усы орында Қарақалпақстан Республикасы тарийхы ҳәм мәденияты мәмлекетлик музейиниң тәбият бөлими көргизбесинен орын алған «Арал» диорамасына тоқтап өтпекшимен. Бул диорамадағы ҳәр бир экспонат қарақалпақ халқының тиришилик дәреги, мақтанышы ҳәм жүреги болған Арал теңизин көз алдымызға елеслетеди. Бир ўақытлары толып-тасып турған ҳәм дүнья жүзиниң ең ири көллериниң бири болған Арал теңизи бүгин мәдет күтпекте. Бул көргизбедеги қайық ҳәм ондағы балықлар, төбесинде ушып жүрген шағалалар булардың бәри Аралымыздың мәўиж урып турған ўақтында теңиздиң символы сыпатында көзге тасланатуғын болған.

Сондай-ақ, балықшылық ең әййем заманлардан-ақ қарақалпақ халқының тийкарғы кәсиплеринен бири болып келген. Аралымызда 30 дан аслам балық түрлери болып, олар өзиниң мазалылығы менен пүткил дүньяға даңқы кетип, тек қарақалпақлар ушын ғана емес, ал көплеген еллер ушын да азық-аўқат дәреги болған. Ең қымбатлы балықлар: ылақа, карп, сазан, сүўен, бекире, сумырай ҳәм басқа да балықлар аўланыўы бойынша Арал теңизи жоқары орынлардың бирин ийелеген. Сонлықтан, көргизбемизди тамашалаған ҳәр бир тамашагөйдиң қәлбинде теңизимиздиң және өз қәддин тиклеўине болған үмит ушқынлары пайда болары сөзсиз. Себеби, биз теңизимиздиң тарийхына нәзер аўдарсақ, оның суўы бир неше мәрте қайтқанын ҳәм және қайтадан өз қәддин тиклей алғанын көриўимизге болады.

Арал дәрти, Арал машқаласын пүткил халқымыз бүгинги күнде өзиниң дәрти деп қабыл етти. Ҳүрметли Президентимиздиң бул регионда жүзеге келген экологиялық апатшылықтың ақыбетлерин жумсартыў, дүнья жәмийетшилигиниң итибарын усы машқалаға қаратыў, қарақалпақ халқын ҳәр тәреплеме қоллап-қуўатлаў бойынша бир қанша үлкен жумысларды әмелге асырып атырғанын ҳеш қашан умытпаймыз.

Солай екен, уллы шайыр Т. Жумамуратовтың «Аралым» қосығынан үзинди келтирип, оның Аралға деген муҳаббатын, теңиздиң қайта толыўына деген исенимин көриўимизге болады:

Ҳәр қыйлы заманға жетип нәўбетиң, Шағалалар шалып сазы-сәўбетиң, Тилегим тасқынлап асқай дәўлетиң, Ел саўлаты муҳаббатым, Аралым.

Мақтанғанман абройыңа, даңқыңа, Толқыныңды және туўлат, сарқыма, Дүнья көмек сорап жазған халқыңа, Жәҳәнди тойдырған едиң, Аралым.

Демек, шайыр айтқанындай, теңизимиздиң асаў толқынларын, мазасы тил үйирген балықларын, дәртке даўа суўларын тарийхта ғана қалдырмай келешек әўладларымызға да мийрас болыўынан, әлбетте, үмитимизди үзбеймиз ҳәм Аралымыз және дүньяға даңқ таратыўына беккем исенемиз.

Әдебиятлар:

1. Шермухамедов П. «Арал тәғдири – адам тәғдири». «Қарақалпақстан» баспасы, 1990.
2. Жумамуратов. Т. «Аралға келдим оралып». «Қарақалпақстан» баспасы, 2016.
3. Матякубова Г. «Арал – жаңа турмыс теңизи». Эссе. Нөкис.

ТУРСЫНМУРАТОВА БИБИ

Қарақалпақстан Республикасы тарийхы ҳәм мәдениятының мәмлекетлик музейи жетекши қәнигеси. Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

ТИЛЕЎБЕРГЕН ЖУМАМУРАТОВТЫҢ «МАКАРЬЯ СУЛЫЎ» ШЫҒАРМАСЫНДА ЭТНОГРАФИЯЛЫҚ ЭЛЕМЕНТЛЕР

Әййем заманлардан бери Орта Азия хәм Шығыс Европада жасап келген қарақалпақ халқы дүнья мәдениятына өзиниң белгили үлесин қосты.

Қарақалпақ халқының мәдениети ҳәм көркем өнери өзиниң басқа халықларда тәкирарланбайтуғын белгилерине ийе. Қарақалпақ халқының тарийхы, этнографиясы мәдениятын дәслепки изертлеўшилери, совет алымлары В. В. Бартольд, А. Н. Самойлович, П. П. Иванов, С. П. Толстов. Н.А.Баскаков, Т. А. Жданколар болды. Усы алымлардың илимий мийнетлери қарақалпақ халқының өтмиштеги турмысын қайта көз алдымызға елеслетиўимизге, оларға ҳүрмет пенен қарап ҳәр тәреплеме изертлеўге умтылдырады. Қарақалпақ әдебиятында орны гиреўли шайырлардың бири Т. Жумамуратов шығармаларын талқылап қарағанымызда, қарақалпақ этнографиясына тән дереклерди көплеп ушыратып отырамыз.

Этнография – халықлардың материаллық ҳәм руўхый мәдениятын, олардың мәдений-тарийхый өз ара қатнасықларын үйренетуғын илим. Т. Жумамуратовтың «Макарья сулыў» поэмасы қарақалпақ әдебиятында ең бир характерли шығармалардың бири болып есапланады. Қарақалпақлардың мәдений тарийхында ҳаял-қызлардың бас қаҳарманлар сыпатында сәўлелениўи тосаттан болған қубылыс емес. Орта Азия халықларының тарийхында бул ҳәдийселердиң көбирек ушырасыўы мәселениң тийкары болып атыр. Соның ушын да, «Макарья сулыў» поэмасын ҳәр тәреплеме үйрениў арқалы поэмадағы этнографиялық дереклерди анықлап көрсетиўди өз алдымызға мақсет етип қойдық. Бунда ўақыялардың болып өткен ўақты, дәўири, заманға сәйкеслиги, сол дәўирдиң өзине сәйкес болған буйымлары үй-жай, кийим-кеншек, безениў затлары, дәскелер олардың атамалары, сүўретленген ўақыялар тийкарында этнография илиминиң талапларына сәйкес дәлилленеди. Мәселен: *Макарья қызда келбетли тулға, Қулаққа таққан халқалы сырға, Сыңғырласқан тиллә ҳәйкел, өңир моншақ, Жылтыр шытақ, алтын шашбаў, зершашақ, Халқа сырға, әребекли қызлар жүр, Көк саўырлы жезөкшелер жер қашап*.

Ҳалқаплы ямаса халқалы сырға қулаққа тағатуғын бөлектен ҳәм оларды тутастыратуғын силсинели (жапырақ тәризли штақ) халқаптан, яғный ярым дөңгелектен («халқа» дөңгелек деген сөз) турады. Изертлеўге қарағанда, халқалы сырға әййем заманларда Алтайдың түркий халықларында да болған. *Соңынан Орта Азияға, Едил-Жайық бойларына тараған. Алтынлы шытақ жарасқан жасқа, Сәўкеле-маржан жалтырап баста.*

Сәўкеле оғада ертеден баслап ҳаял-қызлардың бас кийими ретинде пайдаланылған. Ол нағыслар менен кестеленип, алтын-гүмис затлар менен безелген. Буны, әсиресе, бай ҳәм батыр қызлар кийген. Сондай-ақ, ҳаял-қызлардың кийим-кеншеклериниң бир неше түрлериниң атын оқыймыз.

Ҳасыл бешпент кийинген сәдеп пенен, Иси жоқ жыртақлаған әдет пенен, Отырды бираз булғарша сөйлеп, Саўғаға берди шатыраш көйлек, Ериси-жипек, арқаўы-пахта, Нағысы нағыз-шатыраш тахта. Билгенге қымбат – көйлектиң куны, Шеберлик пенен тоқыған буны, Тоқылған қоса жипек ҳәм пахта, Түр-түси мысал шатыраш тахта.

Сондай-ақ, сарыжай, садақ, қалқан, найза қусаған урыс қураллары ертеден пайдаланылған. Адамлар өзлерине керекли затлардың бәрин өзлери соға алатуғын болған. Олар аттың ер-турманларын өзлери безейтуғын болған.

Шын, Йонан, Хиндстанда кәрўаны, Жалтылдатып сүрген неше жорғаны. Алақайыс, жипек жона, алтын ер, Сулыў сүйип, шалқып өткен дәўраны.

Бурын бир қаладан екинши қалаға ямаса бир елден екинши елге кәрўан барып турған. Онда түйе менен ат тийкарғы көлик хызметин атқарған. Өйткени, малазықта, көлик те болған.

Бир жери – көпир, бир жери – дарға, Жолларды зырғып телеген арба.

Мине, усындай өзлериниң соққан затларын басқа қалаларға шығарып, басқа затларға алмастырып та отырған. Ҳәзир жасларымыз халқымыздың өткендеги өнер шеберликлерин тек ғана дәстан ҳәм тарийхый жырлардан оқыйды. Ҳаял-қызлардың өнер шеберликлериниң бурын шүтик-шыралар менен қаншадан-қанша нағыслар ойған, кестелер салған, ағаштан нағыс ойған усталардың шеберликлериниң тарийхы өз алдына бир дәстан.

Өрмегин тоқып әсирлер бурын, Жүректиң сазын шертипти Бабам.

Бизиң ҳәзирги күнлеримизде бул нәрселер сийрек гезлеседи. Соның ушын да, әсирден-әсирге келип жеткен халық мийрасларын дәўирден-дәўирге өткен сайын қәстерлеп сақлаў ҳәр биримиздиң миннетли ўазыйпамыз деп түсиниўимиз шәрт.

Жуўмақлап айтқанда, поэмада ҳаял-қызлар мәселеси айрықша сөз етилип, бунда алдына қойылған мақсетлерин орынлайтуғын қыз хаққында сөз етиледи. Соның менен бирге, «Макарья сулыў» поэмасының этнографиялық изертлениўинде ең бир характерли тәреплериниң бири халықлар дослығы мәселесиниң жырланыўы ҳәм сол дәўир ҳәм ҳәзирги дәўир ушын оғада әҳмийетли.

Әдебиятлар:

1. А. Алламуратов. «Мәңги мийрас». Нукус, 1993.
2. У. Оразбаева. «Қырық қыз дәстанында тарийхый-этнографиялық дереклер». «Қарақалпақстан» – 1990.
3. Т. Жумамуратов. «Макарья сулыў». Қарақалпақстан – 1993.

СЕЙТНАЗАРОВА ИНЖАЙЫМ ЕРЖАНОВНА

Филология илимлериниң кандидаты, доцент,
Қарақалпақ мәмлекетлик университети.
Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

ЭТНОМӘДЕНИЙ ТУРИЗМ, ЭТНОГРАФИЯЛЫҚ ЛЕКСИКА ҲӘМ ТИЛЕЎБЕРГЕН ЖУМАМУРАТОВ МИЙРАСЛАРЫ

Этномәдений туризм заманагөй туризмниң тийкарғы жөнелислериниң бири болып, онда этник, этнографиялық, экологиялық-этнографиялық, антропологик (турмыс тәризи туризми), этнографиялық ҳәм ностальгиялық туризм киреди. Әсиресе, соңғы жыллары, елимизде туризмди раўажландырыўға айрықша итибар қәратылмақта. Өзбекстан Республикасы Нызамшылық Палатасы тәрепинен 2019-жылы апрелде, Сенат тәрепинен 2019-жылы 21-июньде мақулланған, Өзбекстан Президенти тәрепинен 2019-жылы 20-октябрь сәнесинде қабылланып күшке кирген, «Туризм ҳаққында»ғы Нызамы алға қатар мақсетлерди қояды. Олардың бири – этномәдений туризмди раўажландырыў мәселеси.

Буның себеби, этнографиялық белгилер, әсирлер даўамында қолланылып келген салт-дәстүрлер, олар ҳаққындағы түсиниклер, предметлер ҳәм оларды билдириўши, кемнен-кем қолланылатуғын сөзлерде ўақыт толқынында өзгерип, өтмишке айланады, жоғалып та кетеди. Ал, буларды өз дөретпелеринде қолланып, сақлайтуғын қәдирият, бул китаплар, уллы талант ийелериниң жазып қалдырған мийраслары болып табылады.

Усы көзқарастан, миллий мийрасымызды, халқымыз тарийхына тийисли этнографиялық белгилерди үйреniўде халық шайыры Тилеўберген Қупбатулла улы Жумамуратов мийрасының әҳмийетли дерек екенлигин атап өтиў орынлы. Шайырдың дөретпелеринде халқымыздың үрп-әдетине, миллий дәстүрлерине, этнографиясына, психологиясына, географиясына, жердиң тәбиятына шекем кең орын берилген. Оның шығармаларының халықшыллығының да тийкарғы себеби – сол. Т. Жумамуратов халық тилинен, миллий тилимиз – қарақалпақ тилиниң байлықларынан барынша толып-тасып пайдаланды. Қарақалпақ халқының салт-дәстүрлери де ертеден киятырған миллий мәденияттың бир бөлеги. Ҳәр бир этностың үрп-әдети, салт-дәстүрлери арқалы бири-биринен ажыралып турады.

Т. Жумамуратов шығармалары – шайырдың жеке өзиниң мийнетлери, дөретпелери болып ғана қоймастан, бул пүткил халқымыздың тил байлығын, сөзлик қорының кеңлигин билдириўши миллий мийрасымыз екенлигин билдиреди. Т. Жумамуратов өз шығармаларында қарақалпақ

миллий әдебий тилиниң ең тийкарғы үлгилерин көрсетип бере алған. Оның шығармаларының қунлылығының себеби шайырдың иләҳий шайырлық таланты менен қоса терең билимлилигинде деп көрсетиў мүмкин.

Этнографиялық лексика сөзлик қурамның үлкен бир бөлегин қурайды. Этнографизмлер тилде бирден пайда болған лексикалық бирликлер емес. Ол бир неше әсирлердиң жемиси. Өйткени, этнографиялық лексика басқа да түркий тиллес халықларға да ортақ есапланады. Халқымыз узақ тарийхый дәўирлерди басып өтиў жолы арқалы өзиниң тарийхый-мәдений, өзине тән белгилерди сақлап келген.

Этнографизмлерди лингвистикалық жақтан изертлеў, әсиресе, шайыр-жазыўшы шығармалары тилинде олардың қолланылыўын үйрениў тилимиздеги бай мийраслардың мәнисин кеңнен ашып бериўге хызмет етеди.

Тилеўберген Жумамуратов өзиниң шығармаларында салт-дәстүрлеримизге байланыслы этнографизмлердиң үлгилерин шеберлик пенен қолланған. Оның шығармалары тилинде салт-дәстүрге байланыслы этнографизмлердиң төмендегидей бир қанша түрлери бар.

Шайыр шығармаларында салт-дәстүрге байланыслы *қуда түсиў, келин түсириў, ул үйлендириў* сыяқлы этнографизмлер кең образлы сәўлелениўин тапқан. Мысалы: *Сол қызымды аласаң,* ***Күйеў балам*** *боласаң* [8: 12]. *Соннан соң қызды алдырған, Қапталында бир жеңгеси, Қыз үйге кирип келипти,* ***Ийилип сәлем берипти.*** [8: 13]. ***Келинли болып*** *перзенттен, Ата менен ененің, Қолларына суў қуйған* [5: 137]. *«Түркстанда* ***шымылдық урлаған****» деп, Мин тағыпсыз бизлердиң бабамызға* [5: 290]. *Бири дайы болса бириңиз жийен, Бириң* ***қуда болса****, бириңиз* ***күйеў*** [9: 77]. *Жаңа түскен келиншектей сынаўлы* [5: 26].

Жоқарыда келтирилген мысаллардан көринип турғанындай, халқымыздың дәстүрине байланыслы *келин түсириў, қыз узатыў, қуда болыў, күйеў болыў, шымылдық, ийилип сәлем бериў, қолынан суў алыў* ҳәм т.б. этнографизмлер айрықша көринисин тапқан. Халқымызда қыз узатып, ул үйлендириў, қуда болыў әсирлер бойы дөреген салт-дәстүрлеримизден бири. Бул дәстүр Шығыс халықларының көпшилигине тән болып, барлық этносларға ортақ есапланған. Қарақалпақ халқының және бир ең әҳмийетли дәстүриниң бири, шаңараққа келин болып түскен келин күйеўдиң ата-анасының, туўысқанларының атын айтпайды. Өзинен үлкен болса *қайнаға, шеше* деп, кишкенелерди *қәйин, бийкеш* деп оларды ҳеш қашан өз аты менен шақырмаған. Мине, усындай табу сөзлер де шайыр шығармаларынан орын алған. Мысалы: *Жас басыңнан көрдиң қанлы думанды, Аман-есен қутылғаймыз* ***еркежан*** [10: 47]. *Дүзегендей еримди, Бир дуўа бер,* ***қайнаға!*** [5: 187].

Шайыр өз дөретпелеринде дәстүримизге сай болған қәде-қәўметлерге байланыслы этнографизмлерди де шебер қолланғанын көремиз. Мысалы: *Салтанатлы дәстүрине жараса, Отырыспаның қәдесине сыймайды. Түрген келип кесе берсе арыўлар* [5:252].

Мақсети иске астырар, ***Күйеўлеў*** *деген дәстүр бар.* ***Қалың мал*** *жоқ, я пара жоқ, Тәғдийри қосса шара жоқ. Түрли ойынлар ойналады,* ***Көримлик****лери соралады* [8: 13].

Халқымызда айырым қәде-қәўметлери усы күнге шекем жетип келген болса, ал, айырымлары ҳәзирги күнде жоғалып кеткен. Мәселен, бурынлары отырыспаларда қыз-жигитлер жуўап-айтыс пенен бир-бириниң қолларынан кесе алысқан. Бул бай мийраслар ҳәзирги ўақытта тек ғана фольклорлық дөретпелерде ҳәм көркем шығармалар тилинде гезлеседи. Усындай дәстүрлеримизди шайыр өз шығармаларында орны-орнында шебер қоллана билген. *Қалың мал, көримлик, күйеўлеў* қәделери ҳәзирги күнде ушырасатуғын дәстүримиздиң бири болып табылады. Қалың мал дәстүри түркий халықларында ертеден-ақ кең тарқалған болып, буны М. Қашғарийдиң сөзлигинде көриўимизге болады. Мысалы: «*Қalың berse қыz alыr*» [11: 497 – 498]. Л. Будагов қалың, қалың мал этнографизмлери татар, қырғыз, алтай тиллеринде «приданье или выкуп за невесту» мәнилеринде қолланылатуғынын көрсетип өткен [3: 27]. *Қалың мал* бурынлары мал менен төленген болып, айырым изертлеўшилер бул қызлардың қәдир-қымбатын жумыс күши менен байланыслы дәстүр десе, ал, айырымлары социаллық теңсизликтен пайда болған деп көрсетеди [1: 25].

Шайыр өзиниң дөретпелеринде өнип-өсиў, баланың туўылыўы, ат қойылыўы, ержетиўи ҳәм теберик жас, урпақ қалыўға байланыслы этнографизмлерди де образлы қоллана алған.

Мысалы: ***Бөбек болдым, бала болдым, ержеттим***, *Адам етип сениң өзиң дөреттиң* [5: 135]. ***Қартлық дәўран «кел!»*** *деп қолын былғайды,* ***Қара шаштың ағы жеңип*** *улғайды* [5: 26]. ***Урпақларым*** *– қанатым, Жүрегимниң тамғасы* [5: 140]. ***Перзент*** *екен адамның,* ***Өмириниң жалғасы*** [5: 163].

Жоқарыда көрип өткенимиздей, шайыр өзиниң шығармаларында перзентли болыў, урпақ қалдырыў, олардың туўылыўынан бала болып ержетип, өмирде теберик жасқа жетиўге шекемги аралықты этнографизмлерди шеберлик пенен қоллана алған.

Шайыр шығармаларында халық миллий ойынларына байланыслы этнографизмлерди де ушыратыўымызға болады. Мысалы: ***«Шүй тасламақ», «Бардым қаш»*** *ойынларым бар еди …* [5: 122].

Ат дүбирин еситпекте кулағым, ***Ҳәм шабандоз****, ҳәм* ***сейис****, Талай атты ойнатқан* [7: 12].

Байшубарлар озып келген ***байрақтан*** [5: 155]. *Шомылып шаўқым саламыз, Таласып қалақ аламыз* [5: 159]. *Саған* ***көкпар*** *инам етиў мениң ойымда, Ессиз қалдым, жаздырылмай қолдан ылағым…* [5: 173].

Халқымызда ***ат шабыс, көкпар (ылақ ойын)*** ертеден киятырған халық ойынларынан есапланған. Бул ойын басқа түркий халықларына да тән есапланады. Халық ойынының бул түриниң этимологиясына байланыслы ҳәр қыйлы пикирлер бар. Г. Вамбери бул ойынды Түркменстанда көргенинде оны *«көкбөри»* деп атаған, сондай-ақ, ойын атының *«көкбөри»* сөзинен келип шығыўы ҳаққында рәўиятлар да ушырайды [2:24 – 25]. Шайыр шығармасы тилинде халық ойынлары туўра мәнисинен тысқары стильлик жақтан аўыспалы мәнилерде де шеберлик пенен жумсалған. Мысалы: *Суў тулпарлар тайын турған байлаўда, Теңиз майданында* ***көкпар ойнаўға*** [5: 95]. *Не есерлер адамлыққа қарамай,* ***Асық ушын төбелескен баладай*** [5: 115]. *Теңиз майданында көкмар ойнаўға, Пароход, я катер десең бизге кел* [5: 87].

Көкмар сөзи ески түркий тилиндеги *ког, көк күгин, күган* (мал байлайтуғын арқан) сөзи тийкарында пайда болған [2: 24 – 25]. Ког, көк арқан мәнисин билдирсе, *мар//мары* монгол тилинде ат мәнисин билдиреди [4: 17]. *Көкмар* сөзи халқымыздың аўызеки тилинде ҳәм классик шығармалары тилинде қолланылады. Мәселен, *көкмар* шабылды, той болды (Күнхожа). Қоңсылас қазақ тилинде *көкпар*, өзбек тилинде *кўпкари*, ал, халқымыздың әдебий тилинде *көкпар* деп аталады.

Дәстүрге байланыслы этнографизмлер халқымыздың өмир турмысына, күнделикли жасаў тәризине байланыслы келип шығады. Халықтың басып өткен жолы, миллий үрп-әдет дәстүрлери, басқа халықлар менен қатнасы этнолингвистикалық анализ жасаўда сәўлеленеди.

Жуўмақлап айтқанда, Тилеўберген Жумамуратовтың мийрасын этнографиялық туризмде кең қолланыў мақсетке муўапық. Оның ушын шайыр дөретиўшилигиндеги этнографизмди ҳәр қыйлы аспектлерде үйрениў туўры болады. Шайырдың, тек ғана Арал теңизин, Арал әтирапын тәрийиплеген қосықлары, публицистикасы, тарийхый изерлеўлери этнографиялық, ностальгиялық туризмде үлкен әҳмийетке ийе. Шайыр Т. Жумамуратовтың шығармаларындағы этнографизмлер шайырдың сөз қолланыўдағы шеберлигине байланыслы түрли стильлик мақсетлерде шебер пайдаланылған. Салт-дәстүрлеримизге байланыслы болған этнографиялық лексиканың үйренилиўи тек тил билиминде ғана емес, ал улыўма жәмийетлик илимлер ушын да үлкен теориялық ҳәм әмелий әҳмийетке ийе.

Әдебиятлар:

1. Адилова Г. Қарақалпақстан қазақтары тіліндегі этнографизмдер. – Нөкис, 2015.
2. Абдумаликов Р., Маҳкамжанов К. Отсиз пойга бўладими? // Фан ва турмуш . – Тошкент, 1991, №8.
3. Будагов Л. Сравнительный словарь турецко-татарских наречии. Т. II. Санкт-Петербург,1871.
4. Жаббаров Э. Ўзбек халқ уйинлари лексикаси: Автореф дисс. канд. фил. наук. – Тошкент, 1998.
5. Жумамуратов Т. Аралға келдим оралып. – Нөкис, 2016.
6. Жумамуратов Т. Макарья сулыў. Роман. – Нөкис, 1973.
7. Жумамуратов Т. Кийиктиң еки ылағы. – Нөкис, 2015.
8. Жумамуратов Т. Дослық ҳаққында қосықлар. – Нөкис, 1988.
9. Жумамуратов Т. Толқында. – Нөкис, 1970.
10. Жумамуратов Т. Өмириңниң өзи философия. – Нөкис, 2005.
11. Махмуд Қашғарий. Девану луғатит турк. Т. III. – Тошкент, 1963.

СЕЙТНАЗАРОВА ИНЖАЙЫМ ЕРЖАНОВНА

Филология илимлериниң кандидаты, доцент,
Қарақалпақ мәмлекетлик университети.
Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

ЗЕРГЕРЛИК БУЙЫМЛАР ОБРАЗЫ ҲӘМ КОМПОЗИЦИЯСЫН ҮЙРЕНИЎДЕ ТИЛЕЎБЕРГЕН ЖУМАМУРАТОВ ДӨРЕТПЕЛЕРИНИҢ ӘҲМИЙЕТИ

Кәсиплик сөзлер улыўма халықлық сөзликти байытыўдағы дереклердиң бири хызметин атқарады. Олар қолланылыў өриси шекленген сөзлер болыўына қарамастан, көркем шығармаларда жийи ушырасады. Бунда көркем сөз шеберлери кәсиплик сөзлерди қолланып, стильлик мақсетте сүўретленетуғын ўақыяға сәйкес кәсиплик колоритти айрықша белгилеп өтиўди, анаў я мынаў персонаждың тил өзгешелигин дурыс көрсетиўди нәзерде тутады. Сонлықтан да, белгили илимпаз Е. Н. Сердобинцева кәсиплик сөзлердиң, яғный, профессионализмлердиң функциональлық-стильлик өзгешеликлерине байланыслы жазылған мийнетинде: «Лекин, көркем сөз, айрықша реалияларды сәўлелендире алғандай кәсиплик шеберликсиз жүзеге келмейди. Бунда жазыўшылар көркем баянлаў стилизациясын, реалистлик жағдайды, қаҳарманның сөйлеў сыпатламасын жаратыў, ўақыяға сезимтал баҳа бериў имканиятларын табады. Кәсиплик атамалардан пайдаланыў тезлиги ҳәм өзгешеликлери, материаллардың баянланыўы тексттиң бағдарланған мәнзили ҳәм мақсетлеринен ғәрезли» [4,73] деп айрықша атап өтеди.

Қол өнерине байланыслы лексиканы изертлеў тек лингвистикалық көзқарастан емес, ал, тарийхый-этнографиялық жақтан да үлкен әҳмийетке ийе болды. Түркий тил билиминде кәсипке байланыслы сөзлерди изертлеў, әсиресе, зергерлик өнерине байланыслы сөзлер ҳаққында ең дәслеп С. Ибрагимовтың мийнетлеринде айрықша көринеди [Ибрагимов, 1956, 1959: 2].

Зергерлик өнерине байланыслы лексика бойынша соңғы дәўирлерде И. Пардаеваның мийнети жарыққа шықты [Пардаева, 1994: 3]. Қазақ тилинде Ш. Тохтабаеваның [Тохтабаева, 1981: 5], Р. Н. Шойбековтың мийнетлеринде [Шойбеков, 1993: 6] арнаўлы изертленген. Р. Н. Шойбеков өзиниң мийнетинде қазақ тилиндеги зергерлик өнерине байланыслы терминлер, олардың мәнилери, турмыста атқаратуғын хызмети, тағыншақларды тағыўдағы салт-дәстүрлерди этнографиялық түрде баянланған. Қарақалпақ тилиндеги қол өнери лексикасы Ш. Алланиязованың мийнетинде арнаўлы изертленди. Мийнетте айырым зергерлик буйымларының келип шығыў тарийхы ҳәм қол өнерине байланыслы сөзлердиң жасалыў усыллары ҳаққында айтылған [Алланиязова, 1997: 1].

Зергерлик кәсип өнериндеги шеберлик, әсиресе, ҳаял-қызлардың безениў буйымларын, яғный, тағыншақларды ислеўде айрықша көзге түскен. Тағыншақ буйымларының *өңирмоншақ, тумар, шашақлы сырға, ай сырға, тамшылы (буршикли) сырға, дүзилиси қурамалы ғозалы сырға, иши куўыс собықлы сырға* сыяқлы түрлери ҳаял-қызларымыздың көркине көрик бағышлаған. Бундай гөззаллықты, көркемликти бақсы-жыраўлар өз қосық-сазларында, жазыўшы-шайырлар болса, өз шығармаларында сондай шеберлик пенен тәрийиплеген. Биз бул мақаламызда белгили қарақалпақ шайыры Т. Жумамуратовтың шығармаларында қолланылған зергерлик тараўына байланыслы атамаларға тоқтап өтпекшимиз.

Қарақалпақ халқының XX әсирдиң екинши ярымында жасап өткен көрнекли тулғасы, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық шайыры, «Халықлар дослығы», «Ҳүрмет белгиси» орденлериниң, Қарақалпақстан Республикасы Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлығының лауреаты, Қазақстан, Башқуртстан, Татарстан ҳәм тағы басқа еллердиң медальлары, ҳүрмет жарлықларына миясар болған әдебиятымыздың өшпес жулдызларының бири Тилеўберген Қупбатулла улы Жумамуратов болады. Ол ҳасыл дөретпелери менен поэзиямызды, әдебий тилимизди байытты, жаңалықлар ендирди, жоқары шеклерге көтерди, әдебий жөнелистеги өз алдына бир дәўирди жүзеге келтирип, шайырлық мектебин жаратты.

Ҳәр бир көркем сөз шебери өз ана тилиниң сөзлик қорының байыўына белгили дәрежеде үлес қосады. Т. Жумамуратов поэзиясының көркемлилиги, сапалылығы, қунлылығын ҳәм шығармалары

тилиниң бай екенлигин есапқа алып оның шығармаларында қолланылған зергерлик кәсип өнери сөзлерине айрықша дыққат аўдарыўды мақсет еттик.

Шайырдың «Макарья сулыў» атлы қосық формасында жазылған дәстанлық шығармасы оның дөретиўшилигинде айрықша әҳмийетке ийе. Биз бул шығармада зергерлик өнерине байланыслы атамалардың оғада өнимли қолланғанлығын көрдик. Тийкарынан, бул шығарманы тиллик көз-қарастан қарасақ, ҳәр тәреплеме бай шығарма. Сонлықтан да, шайыр шығармадағы сөзлерди монша қ терген сыяқлы терип-терип сайлап алғандай. Мысалы: *Қуп орнына алтын сырға жың етип, Әдеп пенен жалт қарады күлимлеп* (11-бет).

Бул қатарлардағы «алтын сырға« атамасының қолланылыўы арқалы биз сол дәўирлерде де ҳаял-қызларымыздың безениў буйымларынан кең пайдаланғанлығын билиўимиз мүмкин.

Сыңғырласқан тиллә ҳәйкел, өңир-моншақ, Жылтыр шытақ, алтын шашбаў, зер шашақ, Ҳалқа сырға, әребекли қызлар жүр, Көк саўырлы жезөкшелер жер қашап (11-бет).

Ал, бул қатарларда болса, қарақалпақлардың зергерлик өнерине тийисли болған мәдениятымыздың ең сайланды үлгилериниң атамаларын избе-из атап өткен сыяқлы. Сондай-ақ, ҳаял-қызлардың гөззаллығын сүўретлеўде зергерлик буйымлары болған тағыншақ атамаларынан кең пайдаланған. Мысалы: *Макарья қыз да келбетли тулға, Қулаққа таққан* ***ҳалқалы сырға, Алтынлы шытақ*** жарасқан жасқа, ***Сәўкеле-маржан*** жалтырап баста (15-бет).

Бул қатарларда шайыр шығарма қаҳарманы болған қыздың келбетин, оның гөззаллығын миллий тағыншақ буйымларына тән сөзлер жәрдеминде тәрийиплеўге айрықша дыққат аўдарған.

Сәўкеле кийип, гәўҳәрдан шытақ тағынып, Қәлемпир әтир жупарын шашып аңқыған (118-бет). *Жуўдырлап ҳәсем өңир моншақ, ҳәйкел, сырғалар, Келиншек-қызлар қосылып атыр қатарға* (135-бет).

Жалтылдап турар әребек, ҳәйкел шайқалып, Ретли сөзге дуўылдап ҳәмме келгенде.

Зергерлик кәсип өнерине байланыслы сөзлер мазмуны жағынан, тийкарынан, ҳаял-қызлардың сулыўлығын тәрийиплегенде кең қолланылады.

Шайырдың «Ағайинли еки батыр» шығармасында зергерлик тараўында қолланылатуғын *алтын, зер* сыяқлы сөзлер мәнилик жақтан байлық, дүнья мәнисинде қолланылған. Мысалы:

Көрди ылғый ҳасыл затты, ***Алтын-зер*** *ақшасы да көп* (157-бет).

Шайырдың шығармаларында зергерликке байланыслы болған сөзлердиң аўыспалы мәниде ҳәм де тилдеги көркемлеў қураллары сыпатында шебер жумсалғанлығын көремиз. Мысалы: *Сондай бол да териңинен* ***гәўҳар*** *тап, Шеттен бақатасқын тапсаң қойа ғой! Үйрек, ғазлар кәрўан тартып баратыр, Көк* ***моншақтай*** *қатар-қатар дизилип.*

Жоқарыда келтирилген мысалларда шайыр зергерлик тараўына байланыслы «гәўҳар» сөзин аўыспалы мәниде, ал, «моншақтай» сөзи болса тилдеги ең көп қолланылатуғын көркемлеў қуралы теңеў хызметинде жумсалған.

Сондай-ақ, шайырдың «Балықшыға» қосығында да зергерлик өнерине байланыслы атамалардың аўыспалы мәниде стильлик мәни бояўы хызметин атқарып келгенлигин көриўге болады: ***Алтын гербиш*** *қалаўшының бири-еқ, Ийем деп тынып тур теңиз өзиңди* (24-бет).

Көк теңиз, көк мотор, ***гүмис балықлар****, Сениң ҳүкимиңде, ықтыярыңда* (25-бет).

Биз шайырдың қәлеген шығармасын анализлеп қарасақ та оның дөретиўшилигинде зергерлик өнерине байланыслы атамалардың жүдә жийилик пенен шығарманың көркем тилин байытыў мақсетинде шебер қолланғанлығын байқадық.

Жуўмақлап айтатуғын болсақ, шайыр Т. Жумамуратов шығармаларында зергерлик кәсип өнерине байланыслы сөзлер стильлик өзгешеликлерде кең қолланылған. Ҳәр бир көркем сөз шебери өз ана тилиниң сөзлик қорын байытыўда белгили дәрежеде үлес қосады. Тек ғана тилимиздиң сөзлик қорының байыўына емес, ал, өз оқыўшыларына шығарма тили арқалы тил байлығының артыўына да үлкен тәсир жасайды. Қарақалпақ халқының белгили көркем сөз шебери Т. Жумамуратов шығармаларында қолланылған зергерлик кәсип өнерине байланыслы сөзлер тек ғана туўра мәнисинде жумсалмастан, шығарма қунының жоқары болыўында аўыспалы мәнилерде кең қолланылған. Бул шығарма тилиниң көркемлигин, тәсиршеңлигин арттырыўда үлкен хызмет атқарады.

Әдебиятлар:

1. Алланиязова Ш. Қарақалпақ тилиниң қол өнер лексикасы. Нөкис, 1997.
2. Ибрагимов С. Фарғона шеваларининг касб-ҳунар лексикаси. Т. I, II, III. Тошкент, 1956, 1959.
3. Пардаева И. Ўзбек тилининг заргарлик терминологияси. Автореф. канд. дисс. Тошкент, 1994.
4. Сердобинцева Е. Н. Функционально-стилистические особенности профессиональной лексики. Пенза, 2016. Стр. 73.
5. Тохтабаева Ш. Қазақтың зергерлік буйымдары. Алматы, 1981.
6. Шойбеков Р. Н. Қазақ зергерлик өнерінің лексикасы. Алматы, 1993.

БЕКБАЎЛИЕВ ДӘЎЛЕТБАЙ

Тарийх илимлериниң кандидаты, доцент,
Қарақалпақ мәмлекетлик университети.
Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

ТИЛЕЎБЕРГЕН ЖУМАМУРАТОВТЫҢ «МАКАРЬЯ СУЛЫЎ» ПОЭМАСЫНДА ТАРИЙХЫЙ-ЭТНОГРАФИЯЛЫҚ МАҒЛЫЎМАТЛАР

«Макарья сулыў» шығармасын автор өзиниң мийирман анасы ҳәм туңғыш устазы болған Ханымхан Төремурат қызының жарқын естелигине арнайды. Бул дөретпени көпшилик әдебият сыншылары қосық роман деп атайды. Биз шайырдың бул үлкен естелигин үйренер екенбиз, шығарманы «Қосық пенен жазылған тарийхый роман» деп атасақ болатуғын шығар деген шешимге келемиз.

Поэманың биринши бөлимине итибар берип қарасаңыз, автор тәрепинен тарийх бетлеринен алынған эфиграф берилген. Онда «Арал әтирапындағы бул саҳра қәўимлердиң бирлигинен қарақалпақлардың өз алдына толық халық болып қәлиплесиўи жетинши-тоғызыншы әсирлерде басланды» деп көрсетеди. Шайыр өз шығармасын белгили дәрежеде өз халқының тарийхый өтмишине қарататуғынлығын билдирип өтеди. Шығарманы оқып отырып автор тарийхты жақсы билиўи, өзиниң қәнигелигиниң де тарийхшы екенлиги, буған қосымша ескише саўаты тынық меңгериўи шайыр дөретиўшилигиниң рәңбә-рәңлигине, оғада көп тарийхый атамалар, ўақыялар менен байланыслы қубылыслардың берилиўине итибар қаратады. Шайыр өзи келтирген тарийхый мағлыўматларға түсиник берип барыўға ҳәрекет етеди. Биз шайырдың үй архивин үйрениў арқалы «Макарья сулыў» поэмасында берилген мағлыўматлар бойынша өзиниң машинкада басылған жазбаларын табыўға миясар болдық. Бул «Темадағы базы бир сөзлерге түсиник» деп аталады. Шайыр оқыўшыға түсиникли болыўы ушын мағлыўматларды алфавит тәризинде жайластырған. Биз усы түсиниклерди нәзериңизге усынамыз.

Астырт – Арал таңлайының түслиги, үстирттен төменги ойпат.

Ақыреп – /ақыреп/-айдың аты, октябрь.

Ақыр – атқа жем салатуғын ыдыс, аслаў, қоршап исленген орын.

Арзамас – ҳәзирги Горкий шәҳәрине жақын, әййемги шәҳәрдиң аты.

Әрембағы – /Ирәм/-әййемги Шәддәт деген патшаның қолдан жасаған бейиши, айтыўларға қарағанда, түслик арабларда болыптымыш.

Әдире – жердиң аты.

Байсын/Жийдели/ – ҳәзирги Қарақалпақстанның жери бурын гейде солай аталған.

Гуржистан – Грузия, гуржи-грузия.

Даңғара – дәп, көпшик.

Дәрбент – көп жоллардың қосылған жери. Екинши мәниси – ҳәзирги Дағыстан жеринде әййемнен бар шәҳәрдиң аты.

Дәрўиш – дин жолында дүньядан безиўши, Дийўана.

Долгорукий – Мәскеў князы, – /XII әсирде/ түркий халқынан үйленген. Гей бир рәўаятларда Мәскәўдиң аты маскиеу/Счастливи зять/ – деген сөзден шыққан деп те айтысады қарақалпақлар арасында.

Едил – Волга дәрьясының қарақалпақша әййемги аты.

Еран/Ерен/ – Иран ели.

Ерназар – қарақалпақ халқын Россияға қосыў жолында, Хийўа ханлығына қарсы гүрес жүргизип, қурбан болған қаҳарманның аты.

Ешмухаммед – Россия патшасы уллы Пётр менен байланыс жасап турған араллылардың Қоңырат, Сәтемир, Хожалий шәҳәрлери бойынша қарақалпақлардың ханы.

Жаркент – Арал теңизине жақын, Сыр бойындағы қарақалпақлардың әййемги үлкен шәҳәри, Бийик қорғанның орны ҳәзирде сақланған. Жайық ҳәзирги Урал дәрьясы.

Жайҳун – Әмиўдәрья.

Жармөнке – ярмарка деген сөзден шыққан.

Жумыр – шопанлардың ески заманларындағы бас кийими.

Жебир/әлжәбир/ – алгебра пәни/китабы сөз.

Жаңарық – таўлы жерлерде сестиң қайталаныўы.

Жем – урыстың жаңлап қызыўы, саўаш.

Жәм ҳәзирги Әмбе дәрьясының қарақалпақша ески аты.

Жасын – радуга.

Зимистан – қыс, қыс айлары.

Зулфуқар – Мухаммед пайғамбардың аталасы, күйеўи ҳәм соңынан шамалы жыллар халифалықты ийелеген Ҳәзрети Әлийдиң қылышы.

Имәә – қол қойыў, китабий сөз.

Ионан – Әййемги Грецияның аты.

Искендер Зулқарнаин – Александр Македонский.

Кауфман – Түркстанның Россияға қосылғаннан кейинги биринши генерал-губернаторы. Хийўа ханлығының Россияға қосылыўына қатнасқан.

Қаза – жыңғылдан, қамыстан тоқып, балық тутатуғын қурал.

Қаракең – қарақалпақтың тағы бир аты.

Каран – ески заманларындағы Қырымда болған шәҳәрдиң аты.

Қала – қорған.

Қурдым – халықтың инанымы бойынша теңиз суўларын тартып, басқа океанлар менен жалғастырып атырған әжайып арна.

Қуркур – ағаштан соғылатуғын гернай шылым.

Қаўыс – айдың аты, ноябрь.

Қарун/карей/ – диний китапларда баян етилген апсанаўий бай, сүтхор.

Қоблан – қарақалпақ дәстанларының биринде ги бас қаҳарман, батыр.

Қыдыр/Хәзир/*мусылманлардың инанымы бойынша гәўсар суўын ишип, мәңги жасап келген пайғамбер, талыққанға қоллаўшы.

Мапарман – ески заманлардағы кийимлердиң бир ҳасылы.

Межер – венгр, Межерстан – Венгрия/китабы.

Мензере – тәбият көриниси, пейзаж.

Мазия – азан айтыўшы.

Макарьия – қарақалпақлар ҳәм басқа да гейпара түркий халықлары, ҳәзирги Горький шәҳәрин бурын солай атап келген.

Мерре – той болыўға белгиленген орын, атшабар.

Мүдире – жол жүргенде суў қуйып, белге қыстырып жүретуғын ыдыс.

Мысыр – Египет.

Наху – тил илими, – грамматик морфология китабы.

Нуғара/нагара/ – Музыка әсбабы, барабан, литары.

Нишапур – Арқа Ирандағы бир шәҳәрдиң аты.

Орал – Урал таўы.

Орын – ҳәзирги Оренбург шәҳәринен өтетуғын дәрьяның аты.

Пәшшеп – ески заманлардағы ханлардың жумсайтуғын жалпылдақлары.

Пәлекият – Астрономия. Илим пәлекият – астрономия илими китабы.

Рақыс – арапша – аяқ ойын.

Паныс – жоқарыға илдирип қоятуғын аспа шыра.

Сулайман – Қуран, Библия ҳәм басқа да диний китапларда айтылатуғын әпсанаўий патша, Соломон.

Сүмбиле – айдың аты, август.

Сарсанкесек – көпшиликке азап берген адамларды кесеклеў жазасы.

Сабзаўат – бақша өнимлери, овошы.

Себет – мийўе салатуғын, талдан, жыңғылдан тоқылған ыдыс.

Сайхун – карўан басы.

Сәркәрда – әскербасы.

Сәрўи/селуи/ – кипарис тереги.

Сәўкеле – маржан ҳәм басқа да ҳасыл тастан исленетуғын қыз-келиншеклердиң бас кийими.

Сыбызғы – най қуўрай, – қарақалпақлардың ески музыка әсбапларынан.

Тағы – бул жерде жабайы адам мәнисинде.

Телеген – төрт дегершикли, ат жегилетуғын арба, күйме.

Таўар ески түркий тили/зат мәнисинде

Танбур – музыка әсбабы.

Тенеппис – дем алыс.

Уристем/Рустем/ – Иран батыры, Фирдаўсийдиң «Шахнама» дәстанының бас қаҳарманы. Ушанжүк тасыйтуғын үлкен кеме.

Хорезм теңизи – Арал теңизиниң бурынғы аты. Ертеде Қаратаўдың арқа ҳәм түслик етегине дейин теңиз болған деп айтысады.

Хиуак – Хийўаның ертедеги аты.

Хургениж – Хорезмниң Хийўадан бурынғы пайтахты. Ҳәзирги Гөне Үргениш районы.

Хатамтай/Хатам/ – Ислам динине – бурын араблардың тай руўынан шыққан ҳәким. Өзиниң жомартлығынан аты шыққан ҳәким.

Хәмиралық – дослық, бирлик, жолдаслық.

Ҳәсет – айдың аты, ийюль.

Чёрние клобуки – қарақалпақлар/ Славиан халықлары әййем заманларында солай аталған.

Шаш – Ташкенттиң әййемги аты.

Шам – Сурия/Сирия/мәмлекети, Дамаск шәҳәри.

Шерўан – Әзербайжан /Дәстанларда айтылыўы

Шатыраш/шатраж/ – шахмат ойыны.

Шатыраш көйлек – қарақалпақ ҳаял-қызларының шахмат тахтасы түриндеги тоқып кийетуғын көйлеги. Соңғы жылларда қалған.

Шын/шин/ – Қытай

Шынықап – атланысларда шайнек-кесе салып жүретуғын жеңил ыдыс.

Ыраде – Ерк, воля.

Юсуп – дәстанлардағы ең сулыў жигит, қуран, Бибилия ҳәм басқа диний китапларда да айтылған.

ХХ әсир қарақалпақ әдебиятының ең үлкен тулғаларының бири Тилеўберген Жумамуратовтың дөретиўшилик хызметин ҳәр тәреплеме илимий көзқарастан үйренип барыў бүгинги әўладтың алдында турған баслы ўазыйпаларының бири десек қәтелеспеймиз. Әсиресе, шайырдың үй архиви материаллары мысалында изертлеўлер алып барылса, көп қырлы ҳәм көп сырлы шайыр дөретиўшилигине баҳа берген болар едик.

ПРНИЯЗОВА НАТАЛЬЯ ВАСИЛЬЕВНА

Старший преподаватель кафедры педагогики и психологии,
Каракалпакский государственный университет.
Узбекистан, Каракалпакстан, Нукус

«АРАЛ – ЛЮБОВЬ И БОЛЬ МОЯ»

«Арал – любовь и боль моя»… До сих пор, мне часто вспоминается литературный вечер – акция под этим названием, проведенный несколько лет назад нашими студентами 3 курса отделения русский язык и литература, факультета иностранных языков Каракалпакского государственного университета им. Бердаха. Студенты выделили ведущие акценты нашей общей Аральский проблемы. Сделать этот акцент более ярким и понятным им помогло творчество народного поэта Каракалпакии Тлеубергена Жумамуратова.

Литературное наследие Тлеубергена Жумамуратова помогает нашей молодежи в формировании своих убеждений, своих ценностей, мотивируют их к поиску своего самосовершенствования. Самое главное, это уникальное творчество выделяемый тем, что оно даёт яркое, ощутимое представление о берегах Аральского моря, о том, что:

«Когда пески и камни плавит зной, Его смягчает водная прохлада. Пылает небо огненной рекой, Впадая в море искристым каскадом.

Рокочет катер где-то вдалеке, Мотора гул все больше нарастает, Вот утонул он в заводском гудке, И легкий пар в лазурном небе тает.

Арал кипит, на берег волны шлет. Они клокочут, пенясь и бушуят,

И в тон им ветер, как дутар, поет, Доносит песню вечно молодую.

Вот лодок хлопотливая семья, Толкается, к причалу приставая, Они полны уловом по края, Блестит и бьется рыба в них живая.

Хоть волны беспокойные кипят, Мальчишки озорные не уймутся, По пояс в пене плещутся, визжат, Играют в салки, прыгают, смеются.

Белеет парус в дымке голубой, Плывя, как лебедь по озерной глади, У ног моих беснуется прибой, А я стою, заворожено глядя.

Вдали рыбачки весело поют, Им вторит птичий хор и шум рогоза, Они как будто славу воздают, Прибрежному рыбацкому колхозу.

Вот у причала грузный пароход, Натужно просигналил отправленье, На борт по трапу заспешил народ, Последние прощанья и волненья…

Моторки юркие снуют, спешат, Вот на одной из них моя подруга. В сетях ее, гляжу, улов богат. Узнали и окликнули друг друга. [2]

Вечер был проведен во Дворце культуры КГУ. Зрители, просматривая видеозаписи о творчестве Тлеубергена Жумамуратова, слушая его стихи, которые с упоением читали ребята, окунулись в теплые воды Аральского моря, слышали шум прибоя, крики чаек над морем.

Ребята очень эмоционально показали всем – мы помним Арал, мы его не хороним. Оно – наше море просто болеет. Все проблемы поднятые на этом вечере студенты проносили сквозь свои сердца и лучше практики очеловечивания души не бывает. Студенты показали, что нельзя быть безразличным, безучастным к проблемам своей родной земли.

На эту проблему обращает внимание весь мир. Глава Республики Узбекистан Шавкат Мирзиеев неоднократно особое внимание обращал на экологическую катастрофу – гибель Аральского моря. По словам, Президента, преодоление последствий высыхания моря требует активной консолидации международных усилий. «Мы выступаем за реализацию в полном объеме принятой в этом году специальной Программы ООН по оказанию действенной помощи населению, пострадавшему от Аральского кризиса», – отметил Шавкат Мирзиеев. [1]

Студенты показали, что мы живущие на этой земле сами должны уметь оказывать первую помощь нравственную, патриотическую, моральную. И сделать это может и должен каждый, кто считает свою землю родной. Творчество одной из ярких личностей литературы Тлеубергена Жумамуратова, народного поэта Каракалпакстана и Узбекистана тому яркий пример.

Сценарий вечера позволил еще раз пройти биографию великого поэта, а вместе с нею погрузиться в родную историю, быт, мораль родного края. Его поэтические и литературные произведения весьма разнообразны по форме, жанрам, экспрессивности и стилю. Закономерно, что современные исследователи рассматривают творческое наследие Тлеубергена Жумамуратова в контексте мировой восточной и западно-европейской культуры и литературы, в нем сильны ренессансные, общецивилизационные воззрения на мир и человека. Специалисты пишут также о новаторстве Жумамуратова, указывают на создание и введение им в каракалпакскую литературу форм стихосложения, новых жанров, приемов и образов.

Он перевел на каракалпакский язык произведения А. Навои, Махтумкули, О. Хайяма, А. Пушкина, М. Лермонтова, А. Ахматовой, С. Щипачева, А. Тукая, Т. Салтыганова, М. Джалиля и др. Его сочинения переведены с каракалпакского на узбекский, казахский, русский, туркменский, татарский, башкирский и другие языки. Его произведение «Красавица Макарья» («Макарья-Сулыў») – первый в каракалпакской национальной литературе роман в стихах. Он имел большой успех среди читателей, еще при жизни автора был переведен на русский язык московским поэтом Аркадием Каныниным.

Многие исследователи дали высокую оценку художественному мастерству, оригинальности и насыщенности романа национальными элементами. В нем повествуется о жизни каракалпаков на берегу Амударьи и в предгорьях Каратау, об их торговых отношениях с разными странами, о борьбе с врагами, разбойниками степных земель, о любви между русским молодцем Парамоном и красавицей Макарьей и союзе этих двух сильных личностей, представителей разных народов. Благодарные зрители с восторгом посмотрели эпизод из этого романа в исполнении студентами 3 курса. Решенную здесь проблему толерантности высоко оценили зрители этого вечера.

На акции были подняты проблемы семьи и брака как очень важный акцент современной жизни. Здесь предоставили на суд и аплодисменты зрителей сценку «Талисман любви».

А сколько стихов, рассказов, песен, танцев подарили ребята, зрителям!!! Порадовали и воспоминания гостей вечера: председателя Союза писателей Каракалпакстана Кенесбая Каримова и доктора филологических наук Курбанбая Жаримбетова.

Хочется подчеркнуть, тогда студенты как раз собирались пойти на практику в школу, и мы понимаем, и они кроме уроков русского языка смогли дать своим ученикам нечто большее: отношение к людям, к своим героям, своим исконным ценностям.

По окончанию праздника активным участникам были вручены почетные грамоты от Русского Культурного Центра Республики Каракалпакстан. Хочется выделить, что все студенты 310 и 311 группы отделения русский язык и литература, факультета иностранных языков КГУ им. Бердаха приняли посильное участие в проведении вечера-акции. Декан факультета иностранных языков Джавад Курбанбаев, заведующая кафедрой отделения русский язык и литература Умида Худайбергенова, кураторы групп Лола Кабулова и Айгул Ходжаниязова поддерживали организацию и проведение вечера – акции «Арал – любовь и боль моя».

Низкий поклон памяти Тлеубергена Жумамуратова, его уникальное творчество, неустанный труд, весомый вклад по сохранению и развитию культурной ценности народа – каракалпакского художественного слова, это яркое представление для всей предыдущей поколении о памяти о нашем Аральском море, о любви и боли о нём.

Литература:

1. Мирзиёев Ш. М. «Храня мудрость прошлых поколений, мы идем на решительные реформы» Речь в Генассамблее ООН 20 сентября 2017,

/https://www.gazeta.uz/ru/2017/09/20/un-ga-speech/

2. Джумамуратов Тлеуберген. http://jumatleu.uz/

ВЕНЕРА САДУЛЛАЕВА

Ташкент Мәлимлеме технологиялары университетиниң
Нөкис филиалына қараслы «Future Miynak»
мәлимлеме-тәлим орайы меңгериўшиси.
Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

АРАЛ АЗАМАТЫ

Адамзатқа ҳәр қашан да туўған ели теберик, мақтаныш болып келген.

Мен ушын да ана топырағым ысық, Мойнағым.

Жазыў столыма отырар екенмен кеўлимде туўылған үлкем өз-өзинен жырланып турады.

Мойнақты айтсақ, Арал теңизи бир есленбей қалмайды. Меннен алдын да, кейин де Арал, Мойнақ көп тилге алынған, елеберин көп жырланары тәбийий. Мен усы еки қәдирли сөзлер жанына және бир қәдирият сыпатында – сүйикли, шебер шайырымыз, Арал жағалаўында туўылып кәмалға келген, теңиз келбетин шыңына жеткерип сәўлелендирген, дүнья жүзи халықларын өз қунлы шығармалары менен Аралды бир барып көриўге ынтықтырған, шын жүрегинен туўған үлкесин сүйген, ҳақыйқый Арал азаматы деген атқа мүнәсип Тилеўберген Жумамуратов исмин жазғым келеди. Бул уллы тулғаны әллеқашан-ақ дүнья халықлары құдиретли үшлик тымсалында көз алдына келтирип үлгерди, мен де, Арал қызы, бүгин атақлы жазыўшы болмасам да жерлесим менен бир мақтанғым келди.

Бул мақаланы жазыўыма «Тилеўберген Мойнақтики, Мойнақ Тилеўбергендики еди», – деген әжайып теңеў себепши болды. Кеўлимдеги гәплерим қағазға көшти. Бул гәпти ким айтқанын еслей алмай қалдым. Лекин, ақыл-санамда мөрленип тур. Мейли, ким айтса да қаҳарманымыз ушын мүнәсип баҳалы пикир билдирген. Ели ушын жанкүйерлик пенен қәлем саплаған, ана жер тәбиятының гөззаллығын барынша сәўлелендирген, Арал теңизин дәл өзиндей етип ҳеш ким жырламайтуғынлығына дәлилли гүўа етип, тәкирарланбас баҳалы мийнетлерин қалдырған, бүгинги күнде ҳәр бир Мойнақшының кеўлинде мәңги сақланып қалған жерлесимиз ушын ҳақыйқый пикир болған.

Есимди таныўанымнан Мойнағым, Арал теңизим, Тилеўберген шайыр менен мақтанып келемиз. Жеке мениң өмиримде бул үш исим ажыралған емес.

Быйыл районымыздың район болып қәлиплескенине 90 жыл толады екен. Бул да аз пурсат емес. Қуўанышлы, қайғылы, жақсы ҳәм жағымсыз күнлер...

Туўылдым да жастан сонда көп болдым, Шадлы өсип, қурғын болдым, тоқ болдым, Ядтан шықпас шомылғаным, жүзгеним, Айдынында мөлдир суўлы көк көлдиң, – Кай жақта? – Аққум, Майпоз, Тентекарна, Мойнақта, – деп шайыр Тилеўберген Жумамуратов жырлағанындай, қосық қатарларында бурқасынлаған Арал көз алдымызда елеслейди.

Бул киби көркем сөзлерден тәсирленген мен де:

Арал теңиз қушағында туўылдым, Жалаң аяқ еспе қумда жуўырдым, Көрмесем де толқынланған жағысын, Қәдирлеймен ҳәр бир тамшы суўын дым. Кемелерге муңлас көрдим өзимди, Ҳәси кетсем кеширгейсиз сөзимди, Аралын сағынған дана халқымды, Тәңирим жаратқан екен төзимли, – деген қатарларымда мен Аралды әрман еттим.

Арал, Мойнақ, Тилеўберген Жумамуратов үшлигиниң қатарында келешекте өзимди көрсем деп қыял сүремен. Мениң бул ойым ушын ҳеш ким мениң үстимнен күлип яки жуўапкершиликке тартпас, солай емес пе?...

Булай деўимниң себеби, мен де усы теберик топырақтың перзентимен. Шайыр айдынлы теңизде жүзип, қырғақта илҳәм перийлери менен бахытқа бөленип қосықлар дөреткен болса, мен еспе қумды қысымлап, от болып аяғым менен бирге жүрегимди күйдирген теңиз ултанында, еспе қумда қалған кемелер қәбирстанында көзимнен аққан жасымды биреўге көрсетиўди қәлемей ернимди қымтып, Аралыма, Мойнағыма ашынғанымнан жүрегим толы дәрт пенен қәлем алғанман...

Кемпир баққан қызбан. Жаслығымнан қатықулақ кемпир апам Зийба Өтемурат қызы Арал теңизи менен байланыслы қосықлар, ертеклер, аңыз-әпсаналар менен өсирген. Мектеп жасыма

шекем кемпир апамды шайыра деп билер едим. Өйткени, ядынан көп нәрселер тоқып бизлерге саўдыратып айтып беретуғын еди. Ҳайран қаламан, ол ўақытлары адамлардың мийлери соншелли таза болған ба, хат саўаты болмаса да усыншама ертеклер қайдан шығады, дер едим. Кейин билсем, кемпир апам ҳеш қандай шайыр емес екен, напақа алар ўақтында «Зыба» деп қол қоятуғын сада, мийнеткеш, жаслайынан жетимликтиң азабын шеккен ҳаял қәйтип ғана шайыр болсын?... Лекин, шайыр болмай да илажы жоқ екен. Себеби, мениң әжем қатықулақ, ядта сақлаў қәбилети күшли, көкиреги нама таныйтуғын дүньяға бир келген өзгеше кемпир еди. Ҳәзир де қулағыма сыбырлы еситилип тур. Әжем аў тарап, гүби писип, өзи кип-кишкентай, кели шелли келсе де қарыўлы келиниң келсабын көтерип ийжан түйип ыңылдап қосық айтып атыр.

Көз жиберип қарап турсам оңаша, Өзгертилген көринис бар жаңаша, Гудоклары комбинаттың, заводтың, Пароходқа сестин қосар тамаша, – Қай жақта? – Қазақдәрья, Үрге, Үшсай, Мойнақта.

Және де: *Көк теңизде суўдың бетин жайнатып, Толқынларды жарғанда көр тамаша, «Мотор» деген арғымақты ойнатып, Тереңге аў салғанда көр тамаша*, – деген қатарларды шайыр Тилеўберген Жумамуратов қәлемине тийисли екенлигин апам байғус билмейтин де шығар. Тек аўыздан аўызға еситип ядлап алған. Қандай әжайып қатарлар. Тап Аралдың ақбас толқынлары көз алдыңа елеслеп, пароходлар сести қулағыңа тал-тал еситиледи. Шеберлик пенен жазылғаны соншелли, қарапайым халық яд алып кеткен, нама шығарып шын жүректен айта жүргендей. Бул қатарлардың қулағыма жағымлылығы соншелли, ана ҳәййиўиндей әзийз, кемпир апам ҳәййиў орнына мине усындай шайырдың Аралды жырлаўшы қатарларын айтқан болса тәәжип емес. Өзлигимди танығанман, Аралды билгенмен, Мойнақты шын кеўлимнен сүйгенмен, усы қатарлар арқалы!...

Еслесем күлемен, орамалдан бөпе соғып кемпир апама бақтырғанман. Қара үйде қос бесик орнатқан апам бир қолына кишкене инимди бесикке бөлеп, екинши бесикте мениң орамалдан соғылған «бөпе»мди шайқап қосық айтып отырады. Қолы талған сада апам сәл мызғыса «апа, қосығыңды айтса, бөпем жылап қалды», – дер едим. Бир күни «Күлкихожақ көше»ниң кемпири (Мойнақта, Марат аўылда көшелер руўларға бөлинип аталады) Нәзигул кемпир келди.

– Зийба, жүр, қуяшламаға шығайық, балаң тым-тырыс-ғо уйқылаған шығар деп бесиктиң бетине жабылған ақ айдыллыны ашып, селк ете қалды. Қуўыршақ шайқап отырмысаң?!..

Апам:

– Қызымның бөкеси жылайды, – деп қосығын даўам етип, бесигин шайқады. Жәннетий кемпир еди сондай.

Сол қылығыма ҳәзир уялсам да бир тәрептен қуўанаман. Жалғаннан болса да «бөпе»леримди бақтыртып алыппан. Мине, ҳәзир ҳақыйқый перзентлериме де ақыл кеңеслерин бергенинде деп бас шайқайман.

Мине, усылайынша сегиз туўысқан киттай кемпирди қыйнап өскенбиз.

1992-жылы ақ бантигим желбиреп оқыўға барғанман. Мениң бахтыма Калинин атындағы орта билим бериў мектеби жаңа имаратқа көширилип, аўылласымыз, төкпе шайыр Тилеўберген Жумамуратов аты берилген еди. Жаңа мектепке қәдем аттық. Анамыз киби меҳри дәрья дәслепки устазымыз Калимбийке Қыясова бизди қушақ жайып күтип алды. Мектеп пенен мектепке исми берилген уллы шайыр дөретиўшилиги менен таныстырар екен, қулағым астында жаңлаған

Сақпан атып зорды берип ҳәлғаққа, Қаўын қорып отырсақ та шартақта, Қосық айтып жүрер едик еликлеп, Аяпберген, Әжинияз, Бердаққа. Қай жақта, Ақдәрья, Бозатаўда, Мойнақта. – деген қатарлардың кемпир апам емес ҳақыйқый қәлем устасы Тилеўберген Жумамуратов жазғанын аңлағанман сонда. Поэзияға, анығырағы, шайыр дөретиўшилигине әбден қызығып, тереңнен үйренип оқый бердик. Шайырды туў етип, оған еликлеп, атақлы шығармам болмаса да дөретиўшиликке мейиллигим бар еди. Гуманитар пәнлерге қызығып қарақалпақ тили ҳәм әдебияты пәнинен пән олимпиядасына қатнасар едим. Ҳәр жылы биринширликти қолдан бермей атырған мен ушын питкериўши класстағы ең соңғы олимпияда жүдә аўыр өтти. Бунда жүзимниң жарық болыўына қыялый устазым Тилеўберген Жумамуратов себепкер болды.

Асығым алшы болған еди сонда...

Жеңимпазлыққа үйренген кеўил кеккейди ме, ериншеклик еттим бе, ержеткенлик белгиси ме, қулласы, бәйгиде қазақдәрьялы оқыўшы менен теппе-тең болыппан. Устазлар бириншиликти қайсысымызға бериўди билместен ҳәлек. Қазақдәрьялы қыз көзәйнек тағар екен. Көзәйнек таққан адам саўатлы болады, – деп қарсыласыма жан басқан муғаллимниң гәпинен селк етип. «Мүмкин, ата-бабасы көзәйнек таққан шығар, көзәйнек тақпағаным саўатымның пәслигин белгилемейди, қосымша сораў бериң«, – деппен сурланып.

Гүмистей ақ шабақ, сүўен, ақ марқа, Көгенлеп қойғандай оралып торға, Ҳәр бирин палўанлар көтерип зорға ..... дегенинде мен шаққанлық пенен: *Суўдан сүйреп алғанда көр тамаша*, – дегенмен ядый, қосықты даўам еттирип.

Бул бизиң мақтанышымыз, Арал азаматы, төкпе шайыр Тилеўберген Жумамуратовтың «Балықшылар қосығы»нан еди деп жуўап бергенмен. Бул сораўды қазақдәрьялы оқытыўшының бериўи, ҳәм сораўға дәл түсиникли жуўап бергеним бәйги сызықларын мәрдана басып өтиўимде қол келди.

Шынында да, мениң менен ким Тилеўберген Жумамуратов дөретпелеринен айтысқа түсиўге бел байлар екен дегенмен өзимше гердийип. Билимге шөллеген жаслар екенбиз-аў сол ўақытларда деймен...

Сол билимлер, жаңалыққа умтылыўшы, дөретиўши инсан болғым келген мени, Қарақалпақ мәмлекетлик университети, журналистика бөлимине еркси жетеледи. Ол жерде биз қолымызда туў еткен қаҳарманымыз Тилеўберген Жумамуратовтың перзенти Малика Жумамуратованың жыллы жүзлилик пенен күтип алыўы мени және де илҳамландырды. Қалай түсиндирсем екен. Қулласы, қазанға от жақты десем анық болар. Студент болдым, оқып жүрип те шайыр дөретиўшилигине көп мүрәжат еттим. Шайырдың биз билмеген көлемли шығармалары менен таныстық, мектеп дәўиримде қосығын тез ядлап алсам екен деп зуўылдатып оқый берген болсам, енди ҳәр бир сөз мәнисин аңлап, сөз таңлаў шеберлигин уғып, ол инсан жаратқан ҳәр бир образ дүньясында жасап, Аралды көрип, Мойнағымның шайыр жасаған заманын жүректен сезинип оқыдым. Қыялымызда бурқасынлаған теңизде жүздик. Әсиресе, «Макарья сулыў»ға меҳрим өзгеше еди. Ондағы сөз таңлаў шеберлик, тәкирарланбас теңеўлер, ўақыялар мазмуны, кулминациянының күши ҳеш кимди бийпарық қалдырмаса керек.

Қуўанаман.... Журналистика бөлиминде студентлердиң оқыў процеси жүдә мазмунлы, дөретиўшиликке ийтермелеўши илажларға толы болады. Жазыўшы-шайырлардың туўылған күнлери, жаңа китап презентациялары жүдә көтериңки руўхта өткериледи. Бул биз келешек журналистлер қәлемимиздиң ысылыўына түртки.

2005-жылы шайыр Тилеўберген Жумамуратовтың 90 жыллық юбилейи өткерилетуғын болды. Устазым Малика Жумамуратова негедур менде Макарья сулыўды көрген еди сонда. Шайыр шеберлик пенен тәрийиплеген шығармадағы Макарьядай сулыў болмасам... бәлким, мойнақлы болғанлығым, қунлы шығарманы дөреткен шайыр туўылған қәсийетли топырақта туўылғаным, шор болса да сол теңиз суўын ишкеним, ҳаўасынан ҳәмнәпес болғаным ушын ба, усы монологты оқыўға мени мүнәсип көрди.

Билесиз, шығармада Макарья сулыўдың сүйиклиси Парамонға жазған хаты бар...

«Жаным, жақын жер шалғай, Жүректиң шери тарқалмай, Көрмей кеттим қайрылып, Әрманда болдым айрылып, Сен келмесең егер деп, Льюдмиланы келер деп, Еки көзим төрт болды, Хошласпай кетиў, – дәрт болды. Мәканым қайда ел қайда, Биз жетемиз төрт айда, Өртенип ғана бараман, Алдымыз қыс бораған, Кетсин десең дәртимди, Орынла айтқан сертимди. Ўәделестик усында, Ҳәлекленбе қысында, Қар ериген мәҳәлде, Атланарсаң бәҳәрде. Барыў ушын жыраққа, Оңайда емес бирақ та, Едилден арман өтерсең, Ақжайыққа жетерсең, Тулпарға қына басарсаң, Орал таўдан асарсаң, Орын дәрья жем бойы, Ырғыз, Торғай кең ойы, Оннан да арман өтерсең, Көк теңизге жетерсең. Ол Хорезм теңизи, Бул да емес ең изи, Ат туяғын сабалап, Бул теңизди жағалап, Аралап елдиң аймағын, Сәйҳун деген дәрьяның, Ағымына жетерсең, Атыңды жалдап өтерсең, Жаңадәрья, Жүзарық, Қызылқумды қақ жарып, Ийрими тайдай туўлаған, Ағыны желдей зуўлаған, Жәйҳунға қарай кетерсең, Туран дейди жеримди, Байсын дейди елимди,

Үстирт пенен Астыртым, Жәйҳунның бойы ел журтым, Жармышлы егис дала бар, Мыңлаған қорған қала бар, Бағдатты излеп барарсаң, Сорастырсаң табарсаң. Жүриў ушын ес көрип,

Жүзигим саған естелик, Өлгенимше күтермен, Өмиримди қурбан етермен, Егер де сен бармасаң, Еки қолым жағамда, Ярман менен өтермен», – деген монологты үлкен театр сахнасында оқып бериўим тапсырылды. Бул мен ушын күтилмеген бахыт, ең уллы тапсырма, соның менен бирге, шайыр алдында имтиханым еди. Бул иске немқурайды қарамаўым керек. Шығармада жасаўым, қаҳарман қыз жүрегиндеги дәртти тап өзиндей сезиниўим шәрт.

Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық артисти Райхан Сапарова (әкем менен бөле, апам) 3 күн даўамында мениң менен шуғылланды. Қатты қыйналдым, сахнада роль ойнаў мен ойлаған шелли аңсат емес екен. Қарапайым аўыл қызы болсам, 1-курспан, сахнаға шығып ядлаған 1,2 қатарды айтып бериўдиң мың түрли машақат екенлигин аңладым сонда.

Әжапамның (Райхан Сапарова) 3 күнлик дәккилеринен соң сахнада өзин қалай тутыў, кийиниў, ҳәр бир сөзди дәл анық айтыў, керек жеринде, қамсығыў, керек жеринде, гердейиў, қай жерде дем алыў, қайсы жерде демди услап турыўға шекем үйренип, таяр болдым. Илаждан бир күн алдын театр директоры Нажматдин Аңсатбаев таярлық барысы ҳаққында көрип шықты. Үстимде миллий кийим, басымда үлкен ҳатеп, биринши үлкен сахнаға шығыўым, оның үстине театр шебери, қатты-қол (театр хызметкерлерине оғыры талапшаң екен, буны перде артында гүзетип турдым)инсан алдында устаз үйреткендей образға кириўге ҳәрекет еттим.

Монологымды дыққат пенен тыңлаған Нажматдин аға «Қызым, қай жерлисең», – деди. Мойнақтанман дедим. Мойнақшылар т ҳәрибин ц етип айтады, шайырдың ҳәр бир сөзин дәл анық жеткер тамашагөйге, сол ҳәрипти дурысласаң болды, қалғаны мақул деди. Мойнақшы қызды, дәл Макарьяны таўыпсыз-ғо деди. Театрда жумыс ислейсең бе, баслаўшы болып деди. Бул маған берген уллы баҳа еди.

Бул әнжуман, Тилеўберген Жумамуратовтың 90 жыллық юбилейи көтериңки руўхта өткерилди. Баслысы, исеним ақланды. Сол ўақыттағы қууанышымды тәрийиплеп бериў ушын мүнәсип сөз жоқ, дәл ҳәзир ойымда.

Көп мақтандым ба...

Биз сондай, көзимизше мақтаса ғаўқылдап кететуғын ақ көкирек аңқылдақлаў саҳрайы қарақалпақпыз негизи.

Бул мақтаныўшылық емес-аў. Шайыр Тилеўберген Жумамуратовты еслегенде ол уллы инсан исми менен байланыслы шийрин демлер көз алдыма келип атырғаны, еске түсириўлерим деп билгейсиз.

Аралды тап өзиндей етип ҳеш кимсе жырлай алмайтуғынлығын шайырдың дөретпелерин оқыған инсан қыялынан бир мәрте болса да дәлиллейди. Шайыр өмирден өткени менен, мине, алтынға бергисиз қунлы шығармалары менен ҳәр бир кеўилде жасап атыр.

Мойнақта келешекте Тилеўберген Жумамуратовлар дүньяға келиўин, Арал қайта жанланып, пароходлар сес бергенде шайырдың қосықларына нәзерегөй қосықлар дөрелиўин тилеп қаламан. Бундай шайыр жүз жылда бир туўылады деген гәпти көп еситтим. Демек, ол туўылған, Мойнақтың қайсыдур шаңарағында тәрбияланып атыр. Үмит пайда болар жүреклерде Арал перзенти ҳеш қашан өлмейди. Мойнаққа үмит қайтты, Арал азаматлары Аралды да толтырса тәәжип емес...

Әдебиятлар:

1. Ахметов С. Әдебият ҳәм критика. Нөкис, Қарақалпақстан, 1978, 41.
2. Жумамуртов Т. Аралға келдим оралып. Нөкис, Қарақалпақстан, 2016.

АЛЛАНИЯЗОВА МАРЖАНГҮЛ

Қарақалпақ мәмлекетлик университети магистранты.
Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

АРАЛҒА КЕЛГЕН ҲӘМ ОРАЛҒАН ШАЙЫРЛАР

Шайыр Т. Жумамуратовтың «Аралға келдим оралып» топламы ҳәм жазыўшы О. Бекбаўловтың «Тарас Аралда» повести мысалында

Арал теңизи адамлар ушын материаллық дерек сыпатында емес, ал, инсан ушын руўхый байлығын жетилистириўде де айрықша орынға ийе болып келмекте. Арал теңиз бойында жасаған шайырлар оннан илҳам алып, дөретиўшилигин байытқан.

Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық шайыры Тилеўберген Жумамуратов өзи Арал бойында Мойнақ қаласында туўылып, ол жердиң нәпеси менен өскен инсан.

Украин шайыры Тарас Григориевич Шевченко тәғдир тақазасы менен сиясий сүргин сыпатында, Бутаков басшылығындағы илимий экспедиция қурамында Арал теңизи бойына келип жасайды. Ал, қарақалпақ шайыры Тилеўберген Жумамуратов болса, өзи усы жерде туўылып өскен. Бирақ, дөретиўшилик ислер менен шуғылланып, пайтахт Нөкиске кетеди. Мине, еки шайыр турмыс жоллары басқа болғаны менен екеўи де Арал теңизиниң өз өмиринде тутар орнына арнап қосықлар жазады.

Т. Г. Шевченко «Көк теңиз тур тып-тыныш» деген дәслепки қосығында Аралға деген қумарлығы сезилип турады: *«Көк теңиз тур тып-тыныш, Әлле қайда қурғақта, Сары пөпек бир қамыс, Желсиз-ақ, ҳаллас урмақта* (1848-жылы «Қос-Арал»).

Жазыўшы Оразақ Бекбаўлов Тарас Шевченконың өмирине тийисли қызықлы мағлыўматларды көбирек Арал теңизине байланыстырып сүўретлейди: «– Қырғыз далалары ҳәм Арал теңизинде қызықлы нәрселер көп… Жазды теңизде, қысты далада, ылашыққа усыған үстин қар басқан скамейкада өткердим. Онда отырып мен сүўретши бийшара қазақлардың сүўретин салыў менен бәнт болдым. (Т. Г. Шевченконың Н. В. Репнинаға жазған хатынан). [2, 152]

Бутаков экспедициясы қурамында украин шайыры Шевченко да қатнасып, Қарақалпақстанда Арал теңизи бойында жасайтуғын қарақалпақлар турмысы менен кеңнен танысады. Оған қарақалпақ халқының ақ көкиреклиги, мийнеткешлиги қаттыға унап калады. Жазыўшы оны Арал бойына келместен бурынғы Тарастың тилинен айтылған диалогта баянлайды:

«Дурыс, мен қарақалпақлар менен арқайын таныса алмадым. Бирақ, Сарымбек атам олар туўралы, көп ғана әңгимелер айтып беретуғын еди. Олардың гүресшең халық екенлиги, мийнеткешлиги, иргелес отырғанлығы себепли, қазақлар менен уқсаслық тәреплериниң көп болатуғынлықлары туўралы айта беретуғын еди. Олар, қарақалпақлар жаман халық емес… – деди Тарас. [2, 154].

Қарақалпақ шайыры Тилеўберген Жумамуратов болса, өзиниң туўылған жерине деген ишки сезимлерин Нөкиске кетпестен де бурын, қайта оралғанында да лирикалық қатарларда шебер жеткереди:

«Нәзер етсем Арал теңиз жағына, Жардай толқын шарпып урар жағасын. Бойын жыйнап гүрс етеди тағы да, Жер сырнайы ызыңлатты намасын.

Көлде жүзген аққуўлардай сызылып, Булдырайды балықшының желқомы. Ықлас пенен қарап турсам қызығып, Балдызымдай суў шашады толқыны». («Теңиз жағасында») [3, 72]

Бизиң сезгенимиз, украинлы шайыр қосық қатарларын сүўрет салғандай етип жазады. Ал, қарақалпақ шайыры болса, сүўретлеў менен бирге, қарақалпақ халқының үрп-әдет дәстүрлерине, ойлаў дүньясына сай етип қосық қатарларын дөреткен. Мәселен, балдыз бенен сөз жарастырып, ҳәзиллесиў қарақалпақ халқында таралған дәстүр.

Шайыр Тилеўберген Жумамуратов Арал теңизи туўралы жазғанда заманагөйлик пенен өтмишти бириктирип, сүўретлейди. Буны биз мына қатарлардан да билиўимизге болады:

«Жайлаўында жорға сүрген шаруўасы, Жапырақтай ғаўлап өскен мал басы. Түўесилмей байлықлардың жалғасы, Сонша «доход» алып атыр, тамаша.

Ҳеш биреў де қалмақ емес жарыстан, Бахыт келип кенелип тур табыстан, Мийнет түби рәҳәт деп, алыстан, Қуўанышы тасып атыр, тамаша.» («Балықшылар қосығы») [3, 72]

Бул қосық қатарларын оқып, шайырдың новаторлығы қосық жазыўдағы форманың жаңашылығы ғана емес, ал, қарақалпақ халқының аўызеки дөретпелери менен заманагөй поэзияның бирикпесин көриўге болады.

Белгили сыншы-алым, профессор С. Ахметов шайыр дөретиўшилигин биринши изертлеген илимпаз. Оның атап келтиргениндей: «Жаслайынан халық творчествосының үлгилерин жақсы билген ҳәм өзлестирген, классик поэзияның қәдир-қымбатын үйренген ҳәм өзине шекемги қарақалпақ шайырларынан үлги алған Тилеўберген Жумамуратов туўған елиниң ғәзийнеси менен шекленип қалған емес, шығыс поэзиясының маржанлары, туўысқан халықлар әдебияты менен таныслық олардан исленген аўдармалар оның шайырлық диапазонын кеңейтти. Оның поэзия океанында еркин жүзиўине мүмкиншилик берди» [1]. Биз шайырдың дөретиўшилигине тән тағы бир өзгешелиги сыпатында пикир жүргизсек, онда шайыр дөретиўшилигинде фольклор шығармаларының стилизацияланғанын көриўимизге болады. Бул оның дөретиўшилик изленисиниң жемиси деп билемиз.

Әдебиятлар:

1. Ахметов С. Әдебият ҳәм критика. Нөкис, Қарақалпақстан, 1978, 41.
2. Бекбаўлов О. Тарас Аралда. Нөкис, Қарақалпақ мәмлекетлик баспасы, 1964. 152.
3. Жумамуратов Т. Аралға келдим оралып. Нөкис, Қарақалпақстан, 2016.

BAHODIROVA ZUHRA AKBAROVNA

Berdaq nomidagi Qoraqalpoq davlat universiteti talabasi.
O'zbekiston, Samarqand

ALLOH ILHOM BERGAN BUYUK SHOIRIM!...

Qoraqalpoq elining ulug‘ ustoz shoirlari – Berdaq, Ajiniyoz, Kunxo‘jalarga munosib shogird bo‘lib, ular tutgan o‘tkir qalamni o‘z ilhom parilari bilan tutgan nazm va nasr yo‘lining mayog‘i bo‘lgan buyuk shoir Tilovbergen Jumamuradovdir.

«So‘zlarim tizil yulduzday,
Yaltillab tursin qunduzday.
So‘z sollansin suluv qizday,
Sevsin shodon elim mening!»

– deya yozgan satrlarini o‘qigan inson albatta, shoirning o‘xshatish san’atiga qoyil qolmay iloj yo‘q.

Qoraqalpoq yurtida «qo‘shiq» deb ataluvchi she’riyat dunyosining so‘z mulkiga ega shoirlari, shuningdek, o‘zbek adabiyoti namoyandalarining dil izhorlaridan–bu xalqlari do‘stligi, qardoshligini misolini ko‘rish mumkin. Bir daryodan suv ichgan ahil va inoq bu xalqlarning ularning tarixida va bugunida ham qalbi bir, dini bir.

Tilovbergen Jumamuradov o‘z yoshlik yillarida 1947-yilda yozgan «Navoiyga» she’rini o‘qib hayratda qolasan kishi. Buyuk mutafakkir, she’riyat mulkining sultoni Navoiy ijodi va misoli cheksiz bir ummon, ushbu ummonga qancha chuqurroq sho‘ng‘isangiz shuncha ko‘p inju terasiz. Shu sababdan ham Navoiy asarlari, shoir aytganlaridek:

Odamda o‘rnasa asl donolik,
Qolur so‘zi doimo yangilanib.

Navoiyning zamoniga besh asr,
Bo‘lsa ham biz bilan yuribdi hozir.

...Chin ko‘ngildan sevgan odam bolasini,
Hasam lab o‘rnatgan so‘zning qal’asini.

O‘zbekiston xalq shoiri Mirtemirni gohida «Tilovbergen shoirga Alloh Taolo ilhom bergan» deb ta’riflanadi. Shoirlar dunyosi shunaqa ilhom o‘z-o‘zidan keladigan narsa emas. Uning qalbida tug‘ilgan, o‘sgan so‘zlari nimadandir ta’sirlansagina jonlanadi. Bu shoirda esa Orol dengizining yuragi bor. Dengiz nafasidan jamlangan so‘zlar mislidur. Bu durlar tilab olinmagan. Haqiqatan, Tilovbergen Jumamuradovdek ulug‘ shoirimizga in’om etilgan. Durlar shoir qalbi orqali qog‘ozga to‘kilgan. Orol dengizining ruhidan bahra olgan so‘zlar bugun shoir kitoblarida, she’rlarida mujassam.

Shoir–inson. O‘zbekiston va Qoraqalpog‘iston ikki yurtni Vatan deb tan olgan bu insonning poeziyaga qo‘shgan ulushi ham o‘zbek xalqi uchun ham qoraqalpoq xalqi uchun ham shoirning o‘zi «Dunyo, avvalo, hamma uchun qurilgan»idek, u yozgan misralar ham ikki yurt uchun yaratilgan.

Shuni aytish joizki, shoirning yuragida yana bir so‘z nihol kabi undi. U – do‘stlik. Ikki insonning munosabatini mustahkamlovchi bu ko‘prik shoirning dilida xalqlarni birlashtiruvchi mulkka aylandi.

Shuning uchun ham Abbos shoir o‘z so‘zida «haqiqiy shoir deb Tilovbergenni aytsa bo‘ladi» degan edi. U yozgan romanlari, dostonlari, she’rlari xoh qoraqalpoq bo‘lsin, xoh o‘zbek bo‘lsin, butun dunyo poeziyaga qiziquvchilarining yuragini ruhlantiradi. Shoir she’riyatiga sodiq qoladi.

Aziz she’riyat shaydolari, nazm bog‘ida Alloh in’om etgan ilhom egalari talaygina. Lek, bu bog‘da Alloh tilab xalqqa jo‘natgan bulbul zaboni bittagina. Bu bulbulning nolalari hali ko‘p eshitiladi, o‘qiladi, kuy qilinadi va, albatta, ruh bag‘ishlaydi. Zero, mashhur yozuvchisi Sabit Muhanov tasdiqlaganlaridek, Tilovbergen og‘a – oqib turgan daryo!

Ha, Tilovbergen shoirning o‘zi hayotligida muqaddas Orol dengizi haqida ko‘p yozgan. Uning kun sayin qurib, kamayib borayotgani boshqa Orol farzandlari singari uni ham tashvishga solgani, hattoki, boshqalardan ham ko‘p u uchun qayg‘urgani uning yozgan asarlarida o‘z tasdig‘ini topgan.

Yana keldim Orolga qaytib,
Ko‘zimdan namlanib yosh chiqdi.
Nozlanar to‘lqinlar buralib,
Yodimga soldi, eh, yoshlikni,

– deya yozgan satrlarida Orol nafaqat uning kelajagi, balki, yaqin o‘tmishi, yoshlik, bolalik davrlariga guvoh bo‘lgan makon ekanligini ifodalaydi. Orol faqatgina Tilovbergen Jumamuradovning tug‘ilib o‘sgan diyori emas, Orol shoirning butun bir borlig‘i, jism-u joni, chin ma’noda Orol uning yuragi edi.

Azamat botirlar suvingi ichganda,
Yordam-la inoq xalq qo‘lin cho‘zganda,
Shoirman deganlar yerin o‘pganda,
Tilovbergan shoiring olgan hayolim,
Mo‘ynog‘ingga yana qaytgin, Orolim!
Tillarimda qoldi baytlar, Orolim!
Endi o‘z so‘zingni aytgin, Orolim!
Tilovberganingni qaytar, Orolim!

8. МӘДЕНИЯТ ҲӘМ СӘНИЯТ. КУЛЬТУРА И ИСКУССТВО. CULTURE AND ART

АҢСАТБАЕВ НАЖИМАТДИН

Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық артисти,
Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлықтың лауреаты.
Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

КЕЎИЛДЕГИ ҚОСЫҚЛАР

Тилеўберген Жумамуратов қарақалпақ халқының үлкен тулғасы, жүректиң төринен орын алған шайыр. Мектепте «Мәсмәмбеттиң түси», «Тон менен төбелес»лерин драмалық дөгереклерде «уқшатып» ойнап, тамашагөйлеримиздиң кеўлинен шыққанбыз. Жазғанлары кишигирим сахналық шығармадай, бәрин сүўретлеп қойыпты, «күн ғыжлап тур, жаздың айы», «үстинде бар сеңсең тоны, басында бар малақайы» дегендей кийинип, «сондағы ышқы-қумары, шөптиң сары сорпасында»сын келистирип арқайын ойнай бересең.

Қосықларын ядлап, шайырдың өзин қандай адам екен деп қызығатуғын едик. 1966-жылы театр институтын питкерип келип жумысқа араластық. 1968-жылы Айымхан апа Шамуратоваға «СССР халық артисти» атағы берилди ҳәм юбилейи кеңнен белгиленди. Бул сәнеге байланыслы концерт бригадасы дүзилип, барлық районларды айландық.

Бригадамыз қурамында Тилеўберген Жумамуратов та бар екен. Сонда ол Айымхан апаға жазған қосығын оқыған еди. Оннан соң сораўлар бойынша қосықлар оқыды, қулласы, усы дәслепки ушырасыўымда-ақ, Тилеўберген ағаның халық сүйген шайыр екенлигине гүўа болдым. Оның сахнадан залдағы тамашагөйге тәсир жасаў қәбилети күшли еди. Мысалы, ол: *Дүнья-мүҳит, жүздим тасқын ағысын, Ушыратпадым тоқтайтуғын жағысын. Жол-жөнекей сәлем берип өтсем деп, Қағып кирдим ярым әсир қапысын*, – деп өмир философиясын тәрийиплеп, бирден залдың дыққатын тартады, «өзгеше океан» қулақты елең еткизеди, бул есиктиң сырлы мазмуны қызығыўшылық оятады.

Қосық оқыў манери, сөздиң мазмунға сәйкес дикциясы, салдамаллы әлпети тыңлаўшыны поэзия әлемине жетелейди. Бул әлемде өмир бар, жаратылыс бар, дана инсан, гөззал тәбият нәпес алады, олар қосық болып төгиле береди. Халық жым-жырт, тыңлап отырады. «Не бир дослар әрман етти келиўди, шоғы сөнди көрмей кетти елиўди» дегенинде кеўиллер елжиреп, еске әлле нелер түсип қамсығыў басланса, соның арасынша, *«айға жеткен көз толмастай заман бул, жүз жаста да ҳеш ким сүймес өлиўди»* дегени – кеўилге бәҳәр самалындай жағып түсип, алға талпындырады, оптимистлик йош береди. Өткинши ҳәм мәңгилик, қыйын ҳәм қыймас өмир шынлығын ашып таслап, оғыры жанға батпасын деген ойда ҳәзилге бүркегенине муңая күлесең. Барабара, «Өмир – сол. Тәғдир – сол. Қалай да бул мениң өмирим. Ҳеш кимдикине усамаған!» – деп шүкиршилик етип қуўанасаң. «Мен жасасам, дослар менен жасайын, қатар-қурбы дослар менен жасайын, үлкен-киши, аға-ини, қарындас, қартлар менен жаслар менен жасайын» деген арзыўдың гейде әрманлы екенлигин және мойынлап, адамның қәдирине ой жуўыртасаң.

Сөйтип, сезимлериң мың қубылып отырғанында, «Түйе шалбар кийипти! «Теңизге от тийипти!» «Қус атыпты бир мерген мылтық етип уўықты» – деп сатирасы басланып кеткенинде, қыяллар дүньясына шуңғыған сезимлериң шайдай ашылады. Лапгөйлердиң «бәлдиў бәри өтириги»не қыран күлки толы залға қосылып дуў күлесең!...

Мине, усындай өмирдиң «уңқыл-шуңқылына» дейин итибарды тәрбиялайтуғын, тәсирли, бирде лирикалық, бирде сатиралық, терең мазмундағы, оптимистлик, патриотлық қосықлары менен Тилеўберген аға концерттиң ярым саат, бир саатын бир өзи алған ўақытлары болды.

1975-жылы Уфаға бардық, Мустай Карим қарақалпақстанлыларды башқурт жазыўшылары менен бирге үйине шақырды, елиниң үрп-әдетлерин көрсетти. Сондайда Тилеўберген аға жақсы сөзлерди айтып, мушайралар өткерип, отырыспаны поэзиялық әнжуманға айландырып жиберетуғын еди. Башқуртстанда, Түркменстанда, Татарстанда, Қырғызстанда көп дослар арттырдық.

Көбинше қазақстанлы дослары менен айтысқа түскен бул киси. Бул еки халықтың тиллери жақын, және оларда айтыс жанры жақсы раўажланған, шайырымыз бәсекилеслерин «баўлап» жеңип кете берген.

Тилеўберген аға қарақалпақ әдебиятындағы үлкен фигура, үлкен шайыр бола турып, елимиздиң үлкен бир драматурги де еди. Ертеректе, «Қызлар ҳәзили» пьесасы қойылып атырғанында бизлер оқыўда едик.

Жетписинши жыллары, мәденият министримиз Кәримбай аға Қудайбергенов, театрдың өмиринде қандай пьесалар қойылыў керек, бәринен ол хабардар. «Наўайы Астрабатта», «Ақмақ патша», «Отелло», «Жол көрсетиўшы жулдыз» деген үлкен пьесаларды қойыўда өзи бас-қас болып жүретуғын еди. Тилеўберген ағаның усынған «Тиклеген туў» музыкалы драмасын да мақуллады. (Пьесаға ең әдепки автордың қойып бергени «Кемедеги жалаў» деген ат пенен келип еди).

Пьесаны сахналастырыў Рейимбай Төрениязов екеўимизге тапсырылды. Рейимбай аға бас режиссёр, мен ол ўақытлары режиссура сырларына жүдәмә қанық емеспен, бир-еки спектакльди шығарыўда ассистент болғаным ғана бар, маған:

– Усы спектакльдиң тәғдирин саған тапсыраман, өзиңше қойып көр, жүдә келистиралмай атырған жериң болса жәрдем етемен, – деп бизге барлық еркти берди, ҳәм бас роль – Байхан деген жигиттиң ролин де бизге минәсип көрди.

Тилеўберген аға драматургияның қағыйдасына ҳәр тәреплеме туўры келетуғын шығарма жаратты. Бунда ҳәдийселер, ўақыяның раўажланыўы, кульминациясы, шешими, ҳәммеси бар, ҳәммеси сәйкес келеди. Бирақ, сонда да, режиссураға дурыс түспейтуғын айырым моментлер бәри бир табылады. Сөзде келискен ўақыяға сценарий имканиятлары жетиспей қалады, идеяны бериў ушын басқаша жол тутыўға туўра келеди, гей бир ҳәрекетлерди символикалық көрсетиў керек болады. Көпшилик Тилеўберген ағаның жүзине «мынаў мынандай» деп айталмайтуғын еди, мен жаслық қылдым ба!

– Аға, атыспақ ўақыялары бар, сахнада қуры атып турған автоматымыз жоқ, «тақа-тақ» келисиңкиремей тур, не қылайық, усыларды алып тасласақ дым зыян етпейди, – десем, ол:

– Балам, пьесаны биз тапсырдық, сизлер қалай етип қойсаңыз қоя бериң, режиссуралық шешим Сизден, – деп өзи мийнетимди жеңиллестирди.

Пьесада театрымыздың ең зор артистлери таңланды. Досберген Ранов – Шайдаков, Жунайдханның образын Жолдасбай Палымбетов атқарды. Пьесаға таярлық үш-төрт айға созылды, күниге бир мәрте, күн ара ушырасып турамыз, пикирлесемиз.

Пьесаның музыкаларын жазыў Сапарбай Палўановқа тапсырылды.

– Музыкаларды мениң менен ойласып жаз, балам, – деди оған Тилеўберген аға. – Он бир буўынлы қосыққа сай намалар бар, бир «Муҳаммес»тиң неше түрли ырғақлары, вариантлары бар, бәрине итибар бериў керек. Муң-уўайымның қысқа буўынлы сазға жеткендей ҳалы бар жағдайлары болады, изей суўдай жаўлап кеткен қат-қат шерлер тоқтаўсыз ағылып келгенде, көп буўынлы қосықлар пайда болады. Шақ-шақ қуўанышлар вулкандай атылып шадлы нама болып жаңлайды, саз бәрин сөйлейди. Көбинесе қарақалпақтың ески халық намаларына жақын етип жаз, – деп кеңес берди.

Сапарбай достымыз Ленинград консерваториясын айрықша баҳалар менен питкерип келген талантлы композитор, драматургтиң дөретиўшилик нийетин дурыс аңлайтуғын инсан еди. Оның үстине өзиниң пикирине ийе, сол пьесаның қайсы қосығына қандай нама керек, қайсы эпизод, көринис қандай музыкалық безелиўди талап етеди, бәрин жақсы биледи.

Айтайын дегеним, Тилеўберген ағаның усыныслары оған мақул келип отырды.

Сөйтип, бир музыканы жазатуғын болса, ямаса жазған болса, дәрриў Тилеўберген ағаға тыңлатамыз. Ол киси намалар тарийхын да жақсы биледи екен, қайсы нама қаяқтан шықты, ким шертти, ким өзгерис енгизди, нәтийжеси қандай болды, бәрин айтады:

– Айдаўдағы қыз-келиншеклердиң дәртлери мынадай болады, перзентин жойтып турған ананың зары, елге сағыныштан жүреги «қарс айрылып» турған жигиттиң ата-анасын, туўған-туўысқанын жойтып турғандағы дәрти мынадай болар. Мен балалығымда көп қосықларды кеўлимде сақлап қалғанман, – деп силтеў береди, дуўтар шертип көрсетеди, қулласы, олар бир жақсы дөретиўшилик компоньёнлар болды.

Пьесада түркмен турмысын көрсететуғын жерлери, Үшшақбек, Қосшақбек деген түркмен персонажлар бар еди, олардың айтатуғын қосықларын Сапарбай «қатырып» жазды. Себеби, Сапарбайдың өзи он жасында туўылған жери Қоңыраттан Ташаўызға көшип кетип, Ашхабадта музыкалық училищени питкерген, бул жигит түркмен сазларын биледи, солардың намаларынан киргизген-дә.

Спектакльде ўақыялар сезимлер толқынларында, сазлардың эстетикасына бөленип, өтип атады. Мысалы, мәрдикардан журтын сағынып келген жигит елге жақынлаўдан бир ыраштың басында турып ойнап өскен мәканына көзи тоймай айтатуғын қосығы бар: *Қысы-жазы нур қуяшлы жақты аспаным бармысаң, Хорезмли, қарақалпақ ата-мәканым бармысаң! Үлкен-киши, қатар-қурбы, туўысқаным бармысаң, Ҳәзилкеш дайы-жийенлер жана-жаным бармысаң, Қублагәҳим, ата-анам меҳрибаным бармысаң?!*

Соннан елге келсе, әкеси өлтирилген, қарындасы байдың ылақларын бағып жүрген, сүйген қызын бай аламан деп атырған.. Сондағы жалғыз қарындасын излеп айтқан жерлери бар:

Көзиме гәўҳар көринди ойнап өскен жерлерим, Бағы-бостанлы дала, егинли атыз, шеллерим. Ядымнан шыққан емес сениң балалық күнлериң, Қулағымнан кетпейди шүлдирлеген тиллериң, Жастан еркелеп өстирген Райханым бармысаң?!..

«Шүй тасламақ», «Бардымқаш» ойынларым бар еди, Бирге өсип, ҳәзиллесип сүйискен дилбар едиң, Төрт-бес күн ара үзилсе, бир көрмекке зар едим, Қосылмақ мақсетинде опалы ашық яр едиң, Жүрегимди бәнт еткен Мийирханым бармысаң?!

Сөйтип жүрсе, анасы тири, бирақ, қайерде екенин билмейди, сонда анасын зарыгирян излеп жүрип айтатуғын қосыққа Сапарбайдың музыкасы дым сәйкес түсти.

Жүзиңди көрмедим, сағындым, Душпаның бас ийип бағынды. Бармысаң дүньяның жүзинде, Жоғалған перзентиң табылды – деп төрт куплет айтылады.

Мен бул қосықты көп айттым, Башқуртстанда, Татарстанда өткерилген мәденият күнлеринде, Москва сахналарында да айттым, репертуарымның тийкарынан орын алды, Тилеўберген аға «кеўилди бәнт еткен қосықлар» деп туўры айтқан екен.

Бул дәўириниң талабын есапқа алып жазылған пьеса болса да, мазмун жағынан қарақалпақ халқының тарийхый тәғдиринде болған ўақыяларды миллий колоритте ҳақыйқат сәўлелендирген, пьесаның залды толқытқанының гүўасы болдым.

Биринши премьера 1971-жылы, ески театрда болды. Жаңағы ариялардан кейин бирден зал қол шаппатлап жибереди-дә көп ўақытқа дейин, үлкен театрларда, үлкен ареналық сахналарда бундай қубылыслар – жақсы ариялардан кейин тым-тырыслықтың момент күшли қол шаппатлаўларға айланғанын көргенбиз, бирақ, өзлеримиз сол ўақытлары жаслық қылдық па, албыраңқырадық.

Спектакль тамамланыўдан республикамыздың ақсақаллары сахнаға көтерилди. Қол шаппатлаўлар бираз ўақыт тоқтамады. Мине, сонда, ел басшыларымыз Қәллибек Камалович, Ережеп Айтмуратовлар:

– Биринши мәрте көрип атырмыз, қарақалпақ тетрында жақсы ариядан кейин усындай алғыслаўды! Сондай жақсы жумыс болған екен, – деп үлкен баҳа берди.

Мен елиўинши жыллардан берли театрдың тарийхында қандай спектакльлер қойылды, бәрин билемен, бирақ, Тилеўберген ағаның пьесасы бойынша қойылған бул музыкалық драманы өзим театрдың бир табысы деп есаплайман. Бул қарақалпақ театрының бир этаплы спектакли болып қалды, алтын фондынан орын алды. Сапарбайдың сондағы жазған музыкасы классикалық музыкаларға айланды. Премьера табыслы өткеннен кейин, Тилеўберген аға бир баспақты сойып театрымыздың жәмәәтин үйине мирәт етип, ҳәммесиниң кеўилин алды. Ол сондай халықшыл, кеўили ашық адам еди. Рети келген жерде, «әй, шайды бизиң үйге барып бирге ишеғояйық» деп турғаны. Бул миймандос шаңарақтың бийкеси Орынбасқан апа деген бир жақсы адам бар еди, оның қолынан көп дуз иштик, анамыздай болды.

Тилеўберген ағаның балаларына келсек, барлығы жоқары мағлыўматлы, тәрбиялы. Байрон – мектепте ҳәр қыйлы лаўазымларда тәлим-тәрбия менен шуғылланды, бизлер менен қатар жорамыз еди, өмирден ертелеў кетти. Асия мектеп директоры, көп жыллар педагогикалық училищени басқарып келген тәрбияшы. Зухра – бизиң менен кәсиплес, театрымызда әдеп балет группасында ойыншы, кейин бас балетмейстер болып иследи, ҳәзирги ўақытта училищеде

хореографиядан сабақ береди. Малика – университетти питкерип келген жыллары бизиң театрымызда әдебий бөлим баслығы болып иследи. Сахнада қойылып атырған спектакльлер ҳаққында көлемли мақалалар жазды, пьесалардың тил көркемлигин сақлаўда жәрдем берди, ҳәзир ол университет доценти. Усы жерде бир ўақыя есиме келеди, 1980-жылы, ол ўақытлары мен театрдың бас режиссёры, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық артисти Қуўатбай Әбдирейимов, ол ўақытта театр директоры, татар драматурги Туфан Миннуллинниң «Әлдермештен Әльмендер» деген пьсеасын сахнамызда қойды. Сол жылы «Еркин Қарақалпақстан» газетасында Малика қарындасымыздың усы пьеса ҳаққындағы «Әзирейлини алдаған адам қарақалпақ сахнасында» деген мақаласы жәрияланды. Мақала көпшиликке унап, ҳүрметли халық шайыры Ибрайым аға Юсупов, ол ўақытлары газета редакторы еди, Маликаны газетаның мәденият бөлимине жумысқа да шақырды. Ал, енди айтайын дегеним, сол жылы Қарақалпақстанның Татарстандағы мәденият күнлери болды, бирди-жарым делегатларды Туфан аға үйине мирәт етти. Сонда сөзден сөз шығып, бизден барған газеталарды бетлеген Туфан ағай: – Сизлерде мениң пьесамның сахнаңыздағы және бир өмирине арналған мақала жазылыпты. Мақала авторына мениң миннетдаршылығымды, кишкене саўғамды жеткерсеңиз, – деп, «Мәлике қарындасымызға, бизниң Туқайибиз. Туфаннан» деп жазылған, Абдулла Тоқай ҳаққындағы китап-сувенир берди. Бизлер «яқшы» деп аманатты алып атырсақ, Тилеўберген аға күлимсиреп, перзенти ушын мақтанышлы кейипте болса да, дым үндемейди.

Шайырдың Замира, Мурат, Диляра деген перзентлериниң бәри де өз исиниң маманлары, бул шаңарақтан устазлар, балет өнери қәнигеси, гидрогеолог, журналист, инженер-механик, қәнигели саўда хызметкери – ревизор да жетилисип шыққан. Демек, бул инсанды елимизге ҳәр қыйлы тараўлардың жоқары мағлыўматлы қәнигелерди тәрбиялап берген деўге болады.

Тилеўберген Жумамуратов – руўхый мийрас жаратып, өмир сабақларынан көп естеликлер қалдырды. Оның пьесаларында ойнап артистлеримиз атақ-абырай алып қуўанды, китапларын оқып, эстетикалық тәсирлер алдық. Соның ушын бизиң бир устазымыз болып жүреклеримизде мәңги қалады.

ҚУРБАНБАЙ ЗАРЕТДИНОВ

Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан көркем өнер ғайраткери,
Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлықтың лауреаты, композитор, профессор.
Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

БИЛИМДАН МУЗЫКА СЫНШЫСЫ

Қарақалпақ халқының музыка мәденияты тереңнен басланатуғынлығы мәлим. Халқымыз тарийхында жыраўлар, бақсылар, қыссаханлар, шайырлар көп. Халық жыршылығы аўызеки әдебият пенен тығыз байланысқан. Бул нәрсе ҳәзирги дәўирде де даўам етип, музыка тарийхы фольклор менен қоса изертленбекте, жазыўшы-шайырлардың дөретиўшилигиниң көркем өнерге байланыслы синкретик белгилери үйренилмекте. Әдебиятымыздың көрнекли ўәкиллери Жийен жыраў, Бердақ бақсы, Өтеш шайыр, Аббаз қыссахан болып аталыўының себеплери де, олардың өз өнерлерин шайыршылық пенен қоса алып барғанлығында ямаса шайыршылығы өнер арқалы жүзеге шыққанлығында болып табылады. Сонлықтан да, көркем сөз шеберлериниң композиторлар менен бирге ислесиўи дөретпелердиң қунлы болыўына алып келеди.

Әлбетте, поэзия менен музыка байланысынан сөйлегенде, шайырдың нама қосықлары ҳаққында сөз барса керек, деген ой туўылады. Бирақ, мен Тилеўберген Жумамуратовтың талантының үйренилмеген қырларына байланыслы, шайырдың өзиниң миллий музыкамыздағы орны ҳаққында пикирлеримди билдирмекшимен.

Шынын айтқанда, шайырды таныўым, мектеп дәўиринен, «Мәсмәмбеттиң түси» сатиралық қосығын устазымыз Өтеген Есжановтың ядлатқанынан басланды. Қосықтың кеўилиме қонғаны сонша, елеге шекем тақмақ түринде айтып бере аламан. Демек, халқымыз бул инсанды, оның қосықлары, драмалары менен таныйды.

Тилеўберген аға халқымыздың шайыр деген түсинигиндеги дәстүрлерин сақлаған адам. Ядый дилўарлығы, төкпелетип қосық шығарыўы, айтыста жеңимпазлығы, халық аўызеки әдебия-

тын, халқымыздың ески намаларын да билиўи менен ажыралып туратуғын еди. Қазақтың төкпе ақыны Жамбыл Жабаев қолынан домбырасын тасламаған болса, Тилеўберген шайыр да балалығынан дуўтар менен дос болған. Бирақ, Тилеўберген шайыр өзиниң руўхый устазларынан соңғы басқа дәўирде жасап, ҳүкиметтиң жуўапкерли жумысларында ислегенинен, Жийен жыраўдың «қобызымды қолға алып, қайғылы нама шаламан» дегениндей, шайырлығын саз әсбабында тарат-паған. Шығармаларын ғалаба хабар қуралларында жәриялаған. Дуўтарды, қәдимги қарақалпақ болып, кеўил хошы ушын шерткен.

Солай да, өзиниң қатықулақлығы тийкарында еситкенлерин басқаларға үйретиўге тырысатуғынлығы менен заманласларына мәлим еди. Поэзияның музыкаға жақынлығына, сөзлердиң сазға сәйкеслигине, бақсышылықта ҳәр устаздың өзине тән жаратқан мектеби болатуғынлығын ҳәм ҳәр бир устаз мектебинен шыққан шәкиртлик белгилер де индивидуал өзгешеленетуғынын, халық қосықларының сөзлерин дурыс айтыўды, наманың сөзге үйлесимине көп кеўил бөлиўди нәсиятлап өтти. Гези келгенде, автор өзиниң қосықларына жазылған намаларға да сын көзи менен қараған. Олардың арасында нама жазылып, автордың кеўлине қонбағаннан айтылмай қалғанлары бар.

Т. Жумамуратовтың «Тикленген туў» музыкалы драмасына композитор Сапарбай Палўанов тәрепинен нама жазылды. Бул музыкалық драма театрымыз сахнасында бир неше жыллар даўамында қойылып келинген. Музыка бабында Сапарбай Палўанов жүдә айрықша талантлы инсан еди. Ол Тилеўберген ағадағы музыкалық түсимпазлықтың қәдирин билди. «Тикленген туў» спектаклине намалары жөнинде Тилеўберген аға менен көп мәселелелерде ойласықта болғанынан хабарым бар. Шайырдың пьесаны жазғандағы сезинген намаларын жүзеге шығарыў нийетинде болды. Шайыр менен көп мәсләҳәтлесип, шайырдың ески намалар жөниндеги ужыбатлы пикирлерин есапқа алды. Спектакль режиссёры, көркем өнеримиздиң көрнекли тулғасы Нажиматдин Аңсатбаев телевизордағы интервьюларында, сөйлеген сөзлеринде бул күнлер ҳаққында жақсы мағлыўматлар берген. Сол спектакльдеги «Анажан» қосығы ҳәзирги күнде сүйип айтылып халық қосығына айланып кетти.

Қосық тарийхында «песенник-шайыр», «композитор – песенник», «автор атқарыўшы» деген түсиниклер бар. Роберт Рождественский, Николай Добронравов, Илья Резник, Булат Окуджава, Джонни Мерсер, Барри Гибб ҳәм тағы басқа көп санлы «песенник» шайырларды атап көрсетсек болады. Бул киби шайырлар қосық жазыўда композиторлар менен беккем байланыста жумыс алып барады. Бунда композитор менен ойласқан ҳалда шайыр қосық жазады, яки алдын ала жазылған музыкаға, соң сәйкес қосық жазылыўы да мүмкин. Олар өз дөретиўшилигин намақосықлары ушын бағышлаған. Биз, Тилеўберген Жумамуратовты қосықшы-шайыр яки болмаса нама қосықлары ушын қосық шығарыўшы шайыр деп айта алмаймыз. Бәлки, халық сазларының шайдасы ҳәм билимдан музыка сыншысы деп айтамыз.

Тилеўберген аға заманагөй қосықлардың да мазмунлы болыўына, нама сәйкеслигине жан күйдирип сын мақалаларын жазған. Мысалы ушын, өткен әсирдиң алпысыншы жылларында оның «Саз бенен сөз сай келсин» деген мақаласы «Совет Қарақалпақстаны» газетасында жәрияланды. Мениң буны билетуғыным, музыкаға қызыққанымыздан, музыка ҳаққындағы пикирлерге қулақ түрип, газетада бундай мақалаларды көрсек, қәстерлеп сақлап жүретуғын едик. Тилеўберген ағаның сол, саз бенен сөз сай келсин, деген гәпин афоризм билип, өмиримше ядта сақладым.

Қарақалпақтың атақлы бақсысы Генжебай Тилеўмуратов пенен Тилеўберген Жумамуратовтың дослығын заманласлары биледи. Тилеўберген шайыр Генжебай бақсының әкеси Тилеўмурат бақсыны жақыннан таныған. Оның бақсышылық сырларына, қосық айтыў, саз шертиў, саз жаратыў лабораториясына қанық болған. Сонлықтан, бул атақлы сазенденің перзенти Генжебай бақсыны ҳәмме ўақыт баўырлап, қасынан қалдырмай бирге жүрген. Олар шахмат ойнайтуғын еди. Усындай «шахмат гросс»ынан шаршағанда, Генжебай аға дуўтар шерткен. Сонда Тилеўберген аға Генжебайдың әкеси Тилеўмурат бақсының усылларын оның перзентиниң есине салып, руўхландырып отырған. Тосыннан ба, ямаса адайыдан мақсет еткен бе, Тилеўберген шайыр Генжебай бақсыға дуўтар шерттирип, ҳәр бир халық намаларының ҳәр бирине комментарийлер берип барған сазлы-сәўбети магнитофонға жазып алынған. Қарақалпақстанда көп үйлерде бул баҳалы мағлыўмат қолдан-қолға тиймей, еситкен адамлар бир-биринен жазып алып жүрипти. Бул әпиўайы нәрсе емес. Мениңше, шайыр Генжебай бақсының өнериниң қәдир-қымбатын түсинип, тап сондай

етип шерте алатуғын талант енди дүньяға келмес деп, оннан соң, бақсы сазларының өзгеше манерин келешек әўладқа жеткерип, мағлыўмат болсын деп жаздырған, ол намалардың тәрийпин де айтып кеткен. Оның намаларға берген баҳалы пикирлери, әсиресе, пьесаларын қойғанда автор сыпатында композиторлар менен пикирлесиў нәтийжелери миллий намаларымыздың көркейиўине, сулыў наманың жүзеге шығыўына анағурлым тәсирин тийгизген.

Қарақалпақ халық намалары жүдә оригинал, халқымыздың жасаў шараяты, миллий колоритине тән усылда дөрелген. Мәселен айтатуғын болсақ, шабандозлық та миллий белгилеримиздиң бири. Мине, усы аттың шабысын тәрийиплеген «Қара жорға» намасы да басқа халықлардың бул түстеги намаларынан өзгеше, тек қарақалпақларға тән айрықша дөретпе. Усы бир ғана саздың өзи де халқымыздың музыкалық мәденияты жоқары екенлигинен дерек береди. Бунда атлардың бәйгиге қарай зуўлап баратырғанлығы, атлардың туяқларының бир тегис басылыўы наманы атқарыўшының оң қол дәсти менен толық көрсетиледи. Ал, бәйгиге жетип келген жеңимпаз аттың қурды айланып киятырғанлығы, ол бәйги жеңимпазы сыпатында бас байрақты алып турғанлығы намада жақсы, үлкен бир композициялық нама ырғақлары арқалы еки тарлы дуўтар әсбабында сәўлелендириледи. Мине, булардың ҳәммесин Тилеўберген аға дурыс тәрийиплеп берген. Оның магнитофонға жазып алынған бир ғана сәўбетин тыңласақ, бул мағлыўматлардың тарийх, әдебият, тил, музыка, атқарыўшылық шеберлик мәселелериниң ҳәммеси ушын да әҳмийетли дерек екенлигине көзимиз жетеди.

Елимиздиң белгили тулғасы академик Сабыр Камаловтың үй архивинде де бул кассета сақланған. Ол усы сазлы сәўбетте Тилеўберген шайыр айтып отырған тарийхый мағлыўматларды, музыка, бақсышылық ҳаққындағы пикирлерди жоқары баҳалаған. *«Бул жүдә баҳалы материал. Қарақалпақтың намаларына берилген бундай комментарийлерди мен ҳеш бир қарақалпақстанлы музыка сыншыларының мийнетлеринде көрмедим. Әттең, китапта намаларды да бериў қыйын да! Сабыр Камалов. 1-август 2004»* деп жазылған. [1]

Бул сәўбет текстиниң жәрияланғаны музыка тарийхы ушын әҳмийетли болды. Неге дегенде, республикамызда қарақалпақтың намаларын бундай етип қәнигелерше тәрийиплеў болған емес.

Бунда айтылған Тилеўберген ағаның түсиндирмелерин мен маман дирижёр-композитор сыпатында оғада жоқары баҳалайман. Шынында да, бул намалар, шайыр айтқандай, халықтың колорити тийкарында пайда болғанлығынан жүдә жүрекке жақын, соның менен бирге, қайсы миллетти де лал қалдырғандай сырлы, таңландырарлығы, және қайсы миллет ушын да түсиникли ҳәм кеўилге қонымлы. Бул қәсийет жақсы сазлардың бәрине де тән.

Сондай-ақ, Батыс композиторлары Бетховен, Моцарт, Паганини сыяқлы виртуоз атқарыўшылардың өз дөретпелерин дүньяға танытқаны сыяқлы халқымыздың усындай нама ырғақларын, композициялық көринислерди тыңлаўшылардың көз алдына елеслете алғанлығына «бәрәкалла» деп, мақтаныш пенен еле дүньяға көрсете алатуғынымызға исенемен.

Әпиўайы еки даўыслы наманы симфониялық оркестрге көп даўыслы, көп тембрли етип атқарған өнерпазларымызды шет еллерде ҳайран қалып тыңлағанлығы ҳәм рахметлер айтып қол шаппатлағанлығы уллы шайырымыздың бир әрманының орынланғаны деп түсинемен.

Сондай-ақ, «Қара дәли» намасын симфониялық оркестр менен аламойнақ дуўтарда Генжебай Тилеўмуратовтың шәкирти Қуўат Өтемуратов Ташкент, Алматы ҳәм т.б. қалаларында оригинал түрде шерткенинде тыңлаўшылар ерксиз өз миннетдаршылықларын билдирген еди. Себеби, халқымыздың бул дөретпесинде дүнья стандартына сай үлкен симфониялық оркестр менен аламойнақ дуўтар тарлары ырғақлары шырайлы үнлести, наманың структурасы, формасы ҳәзирги дәўир менен байланысып кетти, ҳасыл мийрас илимий-техникалық прогресс бийикликлеринде заманагөй шешимлерде және де шоққыларды гөзледи.

Тилеўберген Жумамуратовтың бир ғана кассетада соншелли бай мағлыўматларды бергенине қарап, шайырдың эстетикалық талғамы жоқары екенлигине, Ана-Ўатанын, халқын мақтаныш еткен патриот инсан, үлкен энциклопедиялық билим ийеси, миллий музыкамыз жанкүйери, музыка сыншысы екенлигине, бул инсанның бизиң дәўирлесимиз, жерлесимиз, устазымыз болғанлығына кеўилимди мақтаныш сезимлери кернейди.

Әдебиятлар:

1. Жумамуратов Т. Өмириңниң өзи философия. Нөкис, 2005-жыл, 315-бет.

ЖОЛДАСБАЙ ТУРДЫМУРАТОВ

Академик, Қарақалпақстан Республикасына мийнети сиңген мәденият хызметкери, халық аралық илимлер академиясының лауреаты, Нөкис қаласы 22-санлы балалар музыка ҳәм көркем өнер мектеби, Хореография бөлими. Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

ТИЛЕЎБЕРГЕН ҚУПБАТУЛЛА УЛЫ ЖУМАМУРАТОВТЫҢ КӨРКЕМ ӨНЕРГЕ ҚАТНАСЫ

Ҳақыйқый көркем өнер адамзаттың кеўил дүньясына қозғаў салады, хеш кимди бийпәрўа қалдырмайды. Көркем өнердиң көпшилик жанрлары шайыр-жазыўшылар тәрепинен жаратылады, көпшилик әдебий дөретпелер кинофильм, спектакль, балет өнерлерине айналады, шайырлардың қосықларына музыка жазылып сахналарда жаңлайды. Композиторлардың әжайып намалары, художниклердиң картиналары, скульпторлар жаратқан мүсинлер кеўлимизди оятады, толқынландырады, жақсылық сезимлерин арттырады. Бизиң күнделикли көрип жүрген әпиўайы деталларымыздан сезбеген яки итибар бермеген қәдириятларды таптырады.

Тилеўберген Жумамуратовтың көркем өнерге қатнасы дегенде, ең дәслеп, ҳақыйқый шайырдың қосықлары сәният, көркем өнер мүлки екенлигин айтқым келеди. Себеби, ол қосықлар, әсиресе, шайырдың өзиниң сахнада оқыўында талай залды толқындырғанын яки силтидей тындырғанын, гейде қыран-топан күлкиге бөлегенин көргенмен. Шайырдың импровизациясына тән белги аўызша жаратылған дөретпелердиң толығы менен жетилискен эстетикалық талғам ҳәм мүлки бола алыўы әдебиятымызда жаналық еди. Шайыр поэзиясында қағазсыз қосық қатарларын турған жерде төкпе шайыры сыяқлы аўызеки әдебиятына тән усыл, профессионал шеберликте жазба әдебиятының композициялық пүтинлигинде көркемлик бояўларында кайталанбас, уйқас ҳәм мазмунлы үйлесиминде сәўлеленгенлиги көринеди.

Автордың өзи бул дөретпелериниң барлығын көлемли шығармаларды, поэзиялық романды да ядынан айтып атқарып бериўи таңқаларлық қубылыс, жаңалық, айрықша талант белгиси болды. Ол поэзия тилинде сөйлеўши оратор дилўар инсан еди.

Шығыс ҳәм батыс мәденияты дүрданаларының халық шайырларының мийрасынан, дәстанлардан мысалларды ядынан айтады. Шайырлығы басым талант ийеси, кишигирим әдебий ушырасыўларда да үлкен халық аралық аудиторияларды да силтидей тындырып, биресе ойландырып, биресе қыран-топан күлкиге бөлей алды.

Тилеўберген Жумамуратов урыстан соң жазған өзиниң дәслепки қосықларынан да шайырлықтың қыйыншылығын, халық алдындағы жуўапкершилигин жақсы сезеди, түсинеди, ол «шайырлық шәкирти» деген қосығында усы сезимин айқын айтады.

Тәсири жоқ уйқасында пайда жоқ, Дөрет жаңа образ, бурын ойда жоқ.

Шайыр қәлемлес жолдасларына жаңа нәрсе дөретиўге, жаңа шығарма дөретиўге, әдебиятымызға салмақлы үлес қосыўға, ҳәр кимди өз ҳаўазы менен келиўге шақырады. Бул әдил сөз, себеби, жаман шығарма жазып изиңди өширгеннен жазбағаның абзал.

Тилеўберген Жумамуратов төкпе шайыр, ол қосықларын ядтан да айта алады, қағазға да түсире алады. Отырған жерде керек болса ядтан қағазға түсирип отырмастан қосық шығара береди. Бул оның артықмаш байлығы. Шайыр жазып отырған адамының психологиясына тек күлкиңди келтирип қоймастан, өз жолдасларын сынға алады:

Ҳамал барда самалдай, Есип едиң, яр-яр. Қулағымды дигирлеп, Тесип едиң яр-яр.

Ҳамалы зор биреўди, Көптей көрдиң, яр-яр. Ҳамалы жоқ көпти сен, Шөптей көрдиң, яр-яр. Ҳамал кетип самалың, Тынып қалды, яр-яр. Өр минезиң шийшедей, Сынып қалды, яр-яр.

Шайыр жай сөзлер менен де адамға тәсирли қосықты дөрете алған. Тилеўберген Жумамуратовтың юмор-сатиралары усындай өзине тән стиллик өзгешелиги менен айрылады. Әлбетте, оның бундай дәрежеге жетиўи көп излениўдиң, үйреniўдиң нәтийжеси.

Тилеўберген Жумамуратов халық шайыры десе халық шайыры. Өйткени, оның лирикалық, юмор-сатиралық қосықларында да халықлық дөретпелери кең пайдаланылған.

Оның юмор ҳәм сатиралық қосықларын кимге арнаса, соның өзине ылайық, сол адамның өзине ғана тийисли сөз таўып айта алды. Бул қосықтың салмақлылығын, тәсирлилигин күшейтеди.

Ол «Мәсмамбеттиң түси» деген қосығында ҳадал мийнет етиў орнына өз ҳәмелинен пайдаланып күнде мәс болып жүрген адамның жаман қылығын былай сүўретлейди.

Жыйналыс кетти ашылып, Мәсмамбет отыр ортада, Көтерилип-басылып, Басланыўдан жыйналыс, Питиўине асығып, Арқаланған адамдай, Стульға беккем асылып. Сақланған менен болмады, Денесин бийлей алмады, Урты кетти бултыйып, Еки көзи қылтыйып, Ерин кетти бозарып, Бет ажары өзгерген, Помидордай қызарып.

Бул қатарлар басқа адамға емес, ал, тек мәс адамға ғана тийисли сөз. Жазып отырған объектин дурыс сүўретлей алыўы шайырдың шеберлик белгиси.

Бунда сөз бенен мәс адамның портрети жүдә қызықлы жаратылған.

Тилеўберген Жумамуратовтың юмор ҳәм сатираларының адамға тәсирлилигиниң тағы бир сыры, ол юмор ҳәм сатиралық қосықларына еле де болса, бизиң турмысымызда ушырасатуғын типлик ўақыяларды мазмун етип алыўында көринеди. Оның қайсы юморлық ҳәм сатиралық қосықларын оқысақ та, оқыўшы оны турмыста ушырастырады, бул шығарманың исенимлилигин арттырады. Бул тағы да оқыўшының оған болған қызығыўшылығын пайда етеди.

Шайырдың шығармалары бириниң изинен бири жәрияланып оқыўшы жаслар, оқыўшылар арасында елеге шекем образларын тамашагөйлер еле умыта қойған жоқ.

Айта кетсек, белгили ҳәўескер талант ийеси тахтакөпирли Жуманазар Мамутов, өзиниң репертуарында Тилеўберген шайыр образына кирип, оның қосықларын образларға дөнип, автордың өзиндей атқарып қызық тамаша берер еди. Жуманазар аға балалығынан шайыр дөретпелерин қулшына үйренген, жаслық жылларында жалындай лаўлап, өзин көрсете алатуғын талантлы инсан болып, өзи де мәнили сөзлерди көп билетуғын ҳәм өзиниң қасынан шығарып ушырма сөзлер айтатуғын, мәдений мәресимлерге шырай ендире алатуғын азаматлардың бири еди.

Тилеўберген Жумамуратов жазыўшы шайыр, аўдармашы, драматург сыпатында өзин сынап көрди. Драматургия қыйын өнер, ҳәр персонажға өз алдына образ жазыўы керек, ал, режиссёр бул образлар ушын актёрларды таңлайды ҳәм фильмдеги бәрше образлардың жаратылыўын бағдарлайды. Автёр өзине тапсырылған образды жүзеге шығарады.

Драматург сахналық шығарма, пьеса жазғанында театр айрықшалығын билиўи шәрт. «Қызлар ҳәзили» комедиясын сахналастырыўшы режиссёр Рейимбай Төрениязов пенен тынбай күни-түни бирге таярланып, ойласып ҳәзирги Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик академиялық сазлы театрында 1966-жылы премьерасы болды. Тамашагөйлер жақсы қабыллады.

Ҳәзирги заман турмысын сүўретлейтуғын «Қызлар ҳәзили» комедиясы оның комедия жанрындағы биринши қәдеми болса да, сәтли шықты. Комедия тилиниң образлылығы, жанрының өткирлиги, ондағы бюрократизм, орынсыз гәрдийиўшиликтиң әшкараланыўы таңландырғандай еди.

Тилеўберген Жумамуратовтың «Макарья сулыў» шығармасы қарақалпақ әдебияты тарийхында қосық пенен жазылған биринши роман болып есапланады.

Усы романды оқығанымда толқынланып, қарақалпақ балети болыўына талапланып либретто жазыўда өзиме исендим. Себеби, халқымыздың әййемнен берли уллы рус халқы менен қарымқатнаста болғанлығының, аға-инилик сезимлердиң әсирлер бойлап кәсиплесип киятырғанлығының бир дәлили сыпатында тарийхый әпсанаға тийкарланып шығарма әдебиятымыздың ғәзийнесине қосқан елеўли ийеси. Парамон менен Макарья арасындағы муҳаббат еки халықтың арасындағы бир-бирине деген сүйиспеншилигиниң образы.

Сондай-ақ, бул романда терең философиялық, өткир ойлары гөззал тәбият көринислери менен халқымыздың бурыннан сақланып келген жарасықлы дәстүрлерин сүўретлеўлеринен заўық алып өзимниң шығармамды (либретто, 3 актли, 7 көринисли) сәўлелендириўде ләззет алдым. Ҳәзирги ўақытта композитор Баҳадыр Алланиязов пенен «Макарья сулыў» атлы балети менен өз ара дөретиўшилик пенен ислесип атырмыз, тез арада халыққа инам етемиз деген нийеттемиз.

БАЙБОСИНОВА СЭНИЯ САРСЕНБАЕВНА

Қарақалпақстан Республикасы тарийхы ҳәм мәденияты мәмлекетлик музейи илимий ислер бойынша директордың орынбасары. Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

МУЗЕЙ ПЕДАГОГИКАСЫНДА МӘДЕНИЯТТЫҢ ОРНЫ

Музейлер халықтың мәдениятының жоқары дәрежеде раўажланыўында үлеси кең болып саналады. Музейлердиң және бир әҳмийетли жери ол жерде тарийхый тулғалардың мағлыўматларын үйрениў ушын тийкарғы мәскан болып есапланады. Заманагөй музейдиң тәлим функциясын әмелге асырыўда әҳмийети жоқары болып, бул музей педагогикасы деген пәнди раўажландырыў болып есапланады. Бунда тек ғана музейдиң тәлим имканиятларын есапқа алыў емес, бәлки, тамашагөйге педагогикалық тәсир көрсетиўге имкан жаратады.

Музей педагогикасы машқалаларын илимий интизам ретинде қабыллаў ушын тийкарғы түсиниклер ретинде алымлар төмендегилерди киргизеди: «музей предмети», «музей мәденияты», «музей тәлими», «музей байланысыў», «тәлим», «дидактика», «көргизбели пикирлеў» ҳәм басқалар. Музей педагогикасында оқыў интизамы ретинде әҳмийетли орынды музей педагогының орны, яғный, педагогтың мақсети, жумыс алып барыўының нәтийжелиги, музей педагогының мектеп оқытыўшысынан ажыралып турыўы тийис. [1]

Музейге келген тамашагөйлер ушын тек ғана коллекция менен таныстырыў менен шекленбестен, уллы тулғалар дөретиўшилиги ҳаққында да кеңнен мағлыўматлар берилип, әдебий кешелер өткерилип барылады. Мәденият, спорт, көркем өнер, әдебият тарийхы ҳаққында сөз етер екенбиз, қарақалпақ әдебиятына тоқталып өтсек. XX әсирдиң 60 – 80-жылларында қарақалпақ әдебияты ҳәр тәреплеме раўажлана баслады. Тематикалық қосықлар баспадан шығарыла баслады. Бул дәўирлерде Татарстан, Башқурстан, Дагистанда Қарақалпақстан әдебияты күнлери өткерилди. Буннан тысқары, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан жазыўшыларының съездлери, Ташкент қаласында Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан жазыўшылар әдебияты күнлери, Нөкис қаласында Ташкент мәденият күнлериниң өткерилгени әдебияттың, раўажланыўына унамлы тәсирин тийгизди. Соның менен бирге, жас жазыўшылардың дөретиўшилигин кеңнен жәриялаў мақсетинде Нөкис, Ташкент, Москва қалаларында семинарлар өткерилди. 1987-жылы 18 – 20-октябрь күнлер аралығында Ташкент қаласында Қарақалпақ мәденияты күнлери өткерилди. Бул мәденият күнине Қарақалпақстаннан 14 жазыўшы қатнасты. Т. Жумамуратов, И. Юсупов, К. Алламбергенов, А. Төрешовлар әдебий кешеде сөзге шығып өзлериниң дөреткен қосықларын оқып берди. XX әсир қарақалпақ поэзиясы мақтанышы боларлық көплеген поэма ҳәм дәстанлар дөретилди. А. Дабылов, С. Нурымбетов, Ж. Аймурзаев, Т. Жумамуратов, И. Юсупов, Т. Қайыпбергенов, К. Султанов ҳәм т.б. дөретиўшилиги халық арасында кеңнен танылды. Б. Қайыпназаров, Т. Мәтмуратов, К. Рахманов, Ж. Избасқановлардың дөретиўшилиги көзге түсе баслады. Бул шайырлардың шығармаларында поэзиялық, философиялық образларды көплеп ушыратыўға болады.

Конференцияны шөлкемлестириўден тийкарғы мақсет, қарақалпақ әдебиятының раўажланыўына өз үлесин қосқан тулғалардың дөретиўшилигин кеңнен үйрениў, үгит-нәсиятлаў, Орта Азия халықларындағы дәўирлес шайырлардың дөретиўшилигиндеги тутқан орнын белгилеў, миллий әдебиятымызды дүнья халықларына жақыннан таныстырыў, жасларымызда әдебиятқа, мәдениятқа муҳаббат сезимлерин оятыў арқалы кәмил инсанлар болып жетилисиўине тийкар жаратыўдан ибарат. Әлбетте, дөретиўшиликке қызығыўшы жасларды, әне, усындай сөз зергерлериниң әдебий мийрасы менен жақыннан таныстырып барыў күтә әҳмийетли.

Қарақалпақстан Республикасы тарийхы ҳәм мәденияты мәмлекетлик музейи Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық шайыры, драматург, публицист, философ ҳәм филолог Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлықтың лауреаты, халық аралық әҳмийетке ийе «Халықлар дослығы», «Хүрмет белгиси» орденлери ийеси Т. Жумамуратов туўылғанлығының 106 жыллығына бағышланып, «Қарақалпақстанның мәдений мийраслары» атамасындағы халық аралық илимий-әмелий конференция шөлкемлестириўди нәзерде тутқан.

Бүгинги күн жаслар тәрбиясында шайырдың дөретиўшилиги оғада әҳмийетли болып есапланады. Қарақалпақстан Республикасы тарийхы ҳәм мәденияты мәмлекетлик музейиниң жаңа тарийх коллекциясында Т. Жумамуратовқа тийисли болған жеке буйымлары, шайырлар менен, заманласлары менен биргеликтеги ушырасыўлардағы фотолары сақланып келмекте. Қарақалпақ әдебиятында философиялық, эпикалық поэзияға, драматургияның раўажланыўына өз үлесин қосқан шайыр ҳаққында келешек әўладқа кеңнен мағлыўматлар берип, ол дөреткен шығармалары арқалы жасларды әдеп-икрамлылыққа шақырыўда музей хызметкерлериниң орны бөлек болып есапланады.

«Өзиниң барлық характери менен Тилеўберген Жумамуратовтың таланты сийрек ушырасатуғын талант. Ал, талант – халық ғәзийнеси», деп жазған С. Ахметов. Шынында да, халықты танытатуғын оның зыялы инсанлары, шайыр-жазыўшылары, көркем өнер ғайраткерлери саналады. Ана тилимиз – қарақалпақ тилин жетик дәрежеде өзлестирген, көркемлик жақтан байытқан шайыр Т. Жумамуратов дөретиўшилиги менен танысар екенбиз, қосық қатарлары мисли өзимиздиң қыялымызда туўылып атырғандай, бир әлем заўық аламыз.

Дүнья иши – таўсылмастай ўақыя, Дана сөзи – көзимизге тотыя. Ҳеш илимпаз қалтасынан алған жоқ, Өмириңниң өзи – философия.

Шайыр Аббаз Давылов «ҳақыйқый шайыр деп Тилеўбергенди айтыўға болады» деп тән алғанлығы бийкарға емес. Т. Жумамуратов дөретиўшилиги оғада бай. Ол поэзиялық, прозалық, драмалық, публицистикалық жанрларда қәлем тербетти. Лекин, оны журтқа белли еткен – поэзиясы болды. Онда айқулақтың қубылыўындай төртликлер, терме, сонет, баллада, тымсал, юмор-сатиралық қосықлардан тартып, поэма, қосық-балладаға шекем бар. Әдебияттаныў илими – бул үлкен мийрасты еле үйренип келмекте.

Бизге белгили халық шайыры Т. Жумамуратовтың «Жүрек муҳаббаты», «Дослық», «Мениң заманласларым», «Кәраматлы тулға», «Толқында», «Түрли өткеллер» киби көплеп китаплары, «Таңламалы шығармалары» томлықлары баспадан шықты. Оның «Қызлар ҳәзили», «Тикленген туў» пьесалары театр сахнасында қойылды. Тилеўберген Жумамуратов Омар Ҳайямның рубайыларын, Муўса Жәлилдиң дәртли лирикасын, Тоқтағулдың даналық термелерин, уллы сөз зергери Алишер Наўайы ҳәм А. С. Пушкинниң шығармаларын қарақалпақ тилине күтә шебер аўдармалады. Оның әдебиятымыз раўажланыўына қосқан үлеси ҳаққында жүдә көп сөз етиў мүмкин. Солай болса да, Т. Жумамуратовтың биз билмеген қырлары жүдә көп болған. Бул конференция бизге бул әжайып дөретиўши ҳаққында жаңадан-жаңа мағлыўматлар, әдебий сабақлар ҳәм жаңа пикирлер берери анық. Конференцияда Республикамыздағы жоқары оқыў орынларының студент жаслары, профессор-оқытыўшылар, шайыр-жазыўшылар қатары Россия, Украина, Қазақстан, Қырғызстан, Татарстан республикаларынан да әдебиятшы алымлар қатнасыў тилегин билдирмекте.

Шайыр 60-жыллардағы дөреткен лирикалары менен поэзияға философиялық ҳәм публицистикалық пикирлеў кеңлигин алып кирген. Ал, «Океан артында» поэмасы менен эпикалық поэзияның тематикалық шеңбериниң кең екенлигин аңлатқан. Әпиўайы халықтың кеўлинен шығатуғын шығармалар дөреткен. [3] Шайыр халық тәғдирин сүўретлеў арқалы поэзияда жаңа қаҳарманлардың жаңа образын жаратқан. Т. Жумамуратов дөретиўшилиги даўамында жайдары қосықлардың шебери болыў менен биргеликте көбирек рубайы, төртликлер, эпиграммалар да жазған. Бул арқалы шайыр лирикаға жаңа формалар енгизген болса, поэзияға философиялық ойтолғанысларды тереңлеткен.

Т. Жумамуратовтың заманласларының пикирлерине гөре шайыр көплеген төртликлерди ҳәр тараўға бағышлап айтып кеткен. Ҳәттеки қағазға түсирмей, жуўмақланбай қалған, аўызеки айтылған төртликлери бир қанша болған. [4] Шайырдың дөретиўшилиги менен танысқан ҳәр қандай адам өмирдеги философиялық көзқарасларды аңлап жетеди. Соның менен бирге, қосық қатарларындағы, шығармаларындағы сөзлердиң мәниси инсанға өзгеше илҳам бағышлайды. Өмирге деген көзқарасы өзгерип және де ашық болып жасағысы келеди.

Әдебиятлар:

1. Эго-хх: санъатдаги умуминсоний қадриятлар ва миллий ўзига хослик. Халқаро илмий-экспериментал онлайн конференцияси. Тошкент, 2020.https://yandex.uz/search/?text=Эго-...
2. Қарақалпақ әдебияты. Нөкис, «Билим» баспасы, 2007.
3. К. Мәмбетов «Әдебият теориясы». Нөкис, «Билим» баспасы, 1993.
4. Айтжанов Х. Аўызеки мағлыўматы, январь, 2021.

ШАЙХЫМАНОВА ОРАЗГУЛ

Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети, көркем өнер факультети, вокал бөлими студенти. Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

СОҢҒЫ ТОЙ

Өткен әсирдиң екинши ярымында, халқымыз арасынан көплеген талант ийелери жетилисип шыққан. Жазыўшылар, алымлар, художниклер, инженерлер, артистлер, басқа да кәсип ийелери турмыста жаңалықлар енгизген. Бир қанша еллердиң белгили азаматлары менен дослық қатнасықта болған. Халқымыз арасында, олардың өмиринде болған қызықлы ўақыялар ҳаққындағы әңгимелер гезип жүрипти.

Солардың бири, елимиздиң сүйикли шайыры Тилеўберген Жумамуратов. Ол кисиниң өмири, дөретиўшилиги туўралы жүдә көп жазылған. Мен, шайырдың перзенти Мурат ағадан жазып алынған, атамыздың өмириндеги ең соңғы той ҳаққындағы еске түсириўди усынаман.

* * *

Жаңа 1990-жылдың енди басланған күнлериниң биринде, жумыс кабинетиме бир жигит келип, аманлық-есенлик сорасып болғаннан соң, тойдың хабаршысы екенлигин айтты. Түркменстанның, қоңсы Гөне Үргениш районында жасайтуғын, Шамурат деген ағамыз, баласының үйлениў тойының ойласығына мирәт етипти. Бул киси менен барды-келди қатнасығымыз бар еди, бирақ, тойдың ойласығына шақыратуғын дәрежеде емес еди. Бир елден бир елге, кеңес тойға шақырылғаныма ҳайран болып, түсиниңкиремей қалдым.

Кешки аўқаттан кейин, әкеме, кеңес тойдың хабарына түсиниңкиремей отырғанымды айттым. «Шақырған жерге барыў керек, тойдың хызмети бар шығар, бармасаң әдепсизлик болады», деди.

Айтылған күни тойханаға жетип бардым. Шай-пай ишип болып, Шамурат ағаның баласы Жумамураттан, маған тойдың қандай хызмети бар екенин сорадым. Ол сәл күлимсиреп, «хабарым жоқ, сизди ағам шақырды», деў менен шекленди. Бул жердиң дәстүри бойынша кеңес тойда мийманларын жақсылап күтеди екен. Кеңес тойда пельмен писирип, үш аўқат бергенин биринши ҳәм ақырғы көргеним болды.

Ўақыт бираз болды, тойдың хызметлери де бөлистирилип шамаласты. Мениң менен ҳеш кимниң иси жоқ. Жумамуратқа қарасам, күлип, ийнин қысады.

Отырыспа қыза барды, мен де арқайынласайын дедим. Саат он бирден өткенде, бир жигит келип, «Нөкистен келген Муратты, яшуллылар шақырып атыр», деди. Үлкен залда, түркменниң ғаррылары отырған екен. Көп сорасып отырмастан, «тойға Генжебай бақсыны алып келе аласаң ба?», деди. Мен албыраңқырап барып, «қәйдем, айтып көрейин», дедим. Төрде отырған ғарры, «Бул жуўап емес, әкелемен ямаса әкеле алмайман, деп жуўап бер. Әкеле алмайман десең, қапа болмаймыз, түркменде бақсылар көп, бирақ Генжебай бақсыны жүдә жақсы көремиз, сени ойласыққа шақырған мақсетимиз де усы, соның ушын, анық жуўап бер», деди. Бул сөзлерден кейин, «әкелемен» дегенимди билмей қалдым. «Той шемби күни. Бақсы жума күни, кешки саат алтыда, усы жерде болыўы керек, саған руқсат», деп жуўап берип жиберди.

Ертесине азанғы шайымды ишип болып, жумысқа бармай, әкемниң уйқыдан турыўын күттим, ол киси түни менен жумыс ислеп, кеш туратуғын еди. Шайын ишип отырып, «Түркменлер тойға не хызмет тапсырды?», деп сорады. Болған ўақыяны айтып бердим. «Болады, ҳәзир Генжебайдың үйине барамыз, сениң ушын қәтере түсемиз», дегеннен соң, бақсының үйине жол алдық.

Саат 10 лардан өте, Мәтеке Жуманазаров көшесиндеги Генжебай ағаның үйине келдик. Ағамыз үйинде екен, ерте барғанымызға ҳайран болмады, себеби, әкем ол үйге, тез-тезден саз тыңлаўға барып туратуғын еди. Генжебай аға үйинде бир өзи екен, тезден телефоннан апамызды жумысынан шақырып алды. Шай ишилди, аўқат келди, бақсы йошып саз шертип отырды, арасында шайыр қызықлы әңгимелер айтты, ҳәммениң кеўли хош. Шайыр менен бақсы, бир-бирине жүдә мәдениятлы, ҳүрмет пенен сәўбетлескени, еле көзимниң алдында.

Гезектеги сазды шертип болып, дуўтарын қапталына қойып болғаннан соң, әкем, «Генжебай, бизлер саған жумыс пенен келип отырмыз» деп еди, бақсы бирден күлип жиберип, «астапурулла, сизиң маған жумысыңыз түседи дегенге, ким исенеди», деди. «Мураттың жумысы бар, мен қәтереши», деди.

«Мураттың жумысы болса питеди ғой, оған сиз қәтереши болсаңыз», деди. Әкем, тойдың қайсы жерде, кимниң тойы, мениң ўәдемди, асықпай түсиндирди. Бақсы тыңлап болып, бираз үндемей турып, «байбуў-байбуў», деп басын шайқады. «Тамағыма операция ислегениме бир ҳәптеден енди өтип атыр, мен тойды атқара алмаспан. Бул қолайсыз болды ғой, бир мәрте хызмет айтып, питпей қалғаны», деп, қыйналғаны билинип турды. Үшеўимиз де тым-тырыс болып қалдық. Бир қолайсыз жағдай болды, ҳеш ким сөйлемейди, төмен қарасып отырмыз. Әкемниң сөз таба алмай, үндемей қалғанын сонда көргенмен. Көзимниң алдынан қураш кийген, түркменниң ғаррылары өтип атыр, аяқ-қолымда диңке қалмай баратыр. Бираз үнсизликтен кейин, мен, «Генжебай аға, еки қосық айта аласыз ба?», дедим. Ол киси, сораўыма ҳайран қалғандай қарап, «бес қосық айта аламан, бирақ, оның менен той атқарылмайды», деди, әсте даўыс пенен.

Менде қандай да күш пайда болып, «еки қосық жетеди, тойды баслап берсеңиз, қалғанын шәкиртиңиз Турғанбай бақсы даўам етеди. Генжебай бақсы тойға келди ме-келди», дегеним, Генжебай аға бирден күлип жиберди, көзинен жасы аққанша күлди де, «ақыл жастан деген, екеўимиз де усыны ойламағанбыз, тойға еле төрт-бес күн бар, оған шекем өзимди бираз аламан, тойға, қуда қәлесе, барамыз», деп әкемди, мени қуўандырды.

Ўәдеге опалы болып, жума күни, кешки саат алтыда, Генжебай, Турғанбай бақсылар, Кәримбай гиржекши минген «Волга» машинамды тойхананың есигиниң алдына апарып тоқтадым. Ўәдемнен шыққаныма, ишимнен қуўанаман.

Той ийелери мийманларды ҳүрмет пенен күтип алып, үйге мирәт етти.

Кеңес тойда яшуллылар отырған залға киргизди. Сол ғаррылар, ҳеш қозғалмағандай, сол күнги сынын бузбай отыр екен, бақсыларды төрге шығарды. Бир кесе шай ишер-ишпестен Генжебай аға дуўтарын алып, тойды баслады. Бул елдиң дәстүри солай екен. Бақсының келгенин билгенлер жыйналысып, үй лыққа толды, коридорда ҳаяллар отырды. Қосық жаңлап атыр, адамлар сондай итибар менен тыңлап, ўақты-ўақты бақырып, бақсының хошаметин бермекте. Мен де, бақсыны уйығып тыңлап отырып, саатыма көзим түсип кетти. Келгенимизге еки сааттан көп болыпты, «бес қосық айтаман» деген ағам, тоқтайтуғын түри жоқ. Генжебай ағаның тамағын ойлап, әстен Турғанбай ағаның қасына барып, қәўетеримди айттым. Ол киси, басын ийзеп мақуллады. Және еки қосықтан кейин, нәўбет Турғанбай бақсыға өтти. «Адыңнан», «Саналы гелди», Мақтумқулының қосықларын сондай шебер атқарғанынан, тыңлаўшылар миннетдаршылығын билдириў ушын, бақырып хошаметлеп отырды. Саат түнги он екилерде, бир жигит кеширим сорап, орнынан турып, өзин таныстырды. Колхоздың баслығы екен, бақсыларға рахметин айтып, яшуллыларының руқсаты менен бизлерди қонақ жайымызға алып кетти. Қонақ жайымыз өзиниң үйи екен. Үйине кире беристе бир жигит, үлкен қошқарды алдымызға алып шығып турған екен. Мезбан, мийманларынан қошқарды сойыўға руқсат сорады, Генжебай аға «мақул» деп, руқсат берди.

Отырыспа және даўам етти. Үйдиң ийеси, «мен баслықпан» деместен, өзи хызмет ислеп отырды, түркмен халқының Генжебай бақсыға деген ҳүрметин сонда көрдим.

Ертесине әкемди тойға алып келиў ушын, Нөкиске кеттим. Әкемди алып, үлкен жолдан, той болып атырған аўылға бурылсам, Турғанбай ағаның даўысы жаңлап шығып атырған екен. Сес күшейттириўши үскене қойған екен-аў, деп ойладым (ҳақыйқатында үскене қойылмаған екен).

Тойханаға келсек, бақсыларға үлкен сахна қурылған, ортада үлкен-үлкен томарлар жанып, дөгерегинде адамлар сабан төселген қурда отырып, ҳәз етип қосық тыңламақта. Генжебай бақсы келди дегенди еситип, тойға жүдә көп адам келген. Қурға барып отырыўдан қолға суў алынып, алдыңа аўқат келеди. Адамлар бақсыны сүйсинип, жүдә итибар менен тыңлайды екен, тек

хошаметлеп бақырған даўыслар еситиледи. Сахнада, халқымыздың мақтанышы, Генжебай аға, Турғанбай аға, Кәримбай ағалар бақсышылықта алдына адам салмайтуғын, түркмен халқын ыразы қылып, бийик лапызда қарақалпақ қосықларын атқармақта. Көкирегимде қуўаныш, мақтаныш сезимлери пайда болды.

Той тарқағаннан кейин, Шамурат аға бақсыларға миннетдаршылығын билдирип, мийманларын үйинде күтти. Акем, Генжебай бақсы тамағының аўырыўын умытып, көп қосық айтып кеткенлигин ҳәзил қылды. Сонда Генжебай аға, бақсының илҳамы, тыңлаўшының мәдениятына, итибарына байланыслы екенлигин айтқан еди. Бул той, әкемниң өмириндеги көрген ең соңғы тойы болды.

Еки күннен кейин, 14-январь күни, әкем емлеўханаға жатты. Жеңил-желпи емленемен деп еди, наўқасының аўырлығы соң анықланды. Бирақ түскинликке түспеди, ақырғы күнине шекем кеўилли, адамға азарсыз, мәртлерше жасады. Генжебай бақсы, ағасының кеўлин сорап барып турды.» Аға, тезирек аяққа турың, Түркменстанға тойға барамыз, маған жүдә унап қалды» деп, күлип отыратуғын еди.

Тилеўберген шайыр, 1990-жылдың 2-апрелинде дүньядан өтти.

Әкемиз, бахытлы өмир сүрди деп ойлайман. Көплеген еллерди көрди, халқының сүйикли перзенти, Ибрайым ағаның айтқанындай «даңқлы шайыр» болды. Перзентлери, турмыста ылайықлы орынларын таўды, ақлықлары қуўандырды. Өмирден налымады, дүньяның гөззаллығын терең түсинди. Өмирине ыразы болып кетти.

Мен көп жыллар әкемниң шофёры болдым. Республикамызда бармаған районымыз, аўыл-аймақларымыз қалмаған есабы. Үлкемиздиң әжайып адамлары менен ушырасыўлар, дос артты-рыўлар, маған да үлкен мектеп болды. Әкем – биринши устазым, көп оқыўды, әлпайымлықты, адамларға ҳүрметти үйретти. Күлимсиреп турған келбети мениң өмиримниң ақырына шекем бирге болады.

Бәнт басарға, әкемиздиң Генжебай бақсыға арналған қосығын дыққатыңызға усыныў орынлы болар дедим.

ГЕНЖЕБАЙ БАҚСЫҒА

Генжебайға қаршадайдан таныспан,
Дуўтар сести самал менен жарысқан.
Қандырады қулақлардың қурышын,
Еситкенде жақын түўе алыстан.

Өртекедей ойнақшыйды бармағы,
Ҳәр наманың онсан түрли салмағы.
Генжебайға қуўат берген, йош берген,
Ашық айдын, пирлериниң әрўағы.

Сестине мегзеген гүлдирмаманың,
Ақыл айырады жақсы-жаманын.
Билгенлерге әлўан түрли сыры бар,
Дуўтарда шертилген ҳәр бир наманың.

Буннан көрип турман сазлар тасқынын,
Руўхы бар уллы Арзы бақсының.
Есжан менен Жапақлардың шәкирти,
Өзи болса мийрасхоры жақсының.

Бурынлары журт жыйналып көп болып,
Саз тыңлаған қатар-қатар шоқ болып.
Бул күнлерде Генжебайлар болмаса,
Дуўтар сазы кетер еди жоқ болып.

Онда еситилер тулпар шабысы,
Теңиздиң толқыны, дәрья ағысы.
Адамлардың қайғы менен шадлығы,
Тоғай шуўылдысы, қуслар даўысы.

Жаў қолында өлип кеткен ярлары,
Муңлы жананлардың аҳыў-зарлары.
Түсингенге бәрин айтып берип тур,
Генжебайдың дуўтарының тарлары.

Қурыжланып шерткен шақта бул киси,
Көңилди тебирентер саздың үлгиси.
Нама лапызынан еситилип тур,
Жигитлер дәлкеги, қызлар күлкиси.

Саздың парқын алғыр жүрек аңлайды,
Журт ҳеш ўақта гөззаллыққа қанбайды.
Генжебайдың сазы өшпес мәңгиге,
Елеберин оркестрде жаңлайды.

9. АНЫҚ ҲӘМ ТӘБИЙҒЫЙ ПӘНЛЕР. ТОЧНЫЕ И ЕСТЕСТВЕННЫЕ НАУКИ. EXACT AND NATURAL SCIENCES

БЕГМУРАТОВА ГҮЛБӘҲӘР АСАМАТДИЙНОВНА

Президент мектеби қарақалпақ тили ҳәм әдебияты пәни оқытыўшысы. Филология илимлери бойынша философия докторы (PhD)
Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

ӘДЕБИЯТ ҲӘМ МАТЕМАТИКА: ОЙ-ҚЫЯЛДАН РЕАЛЬЛЫҚҚА

Математика пәни баланы дурыс ойлаўға, логикалық пикирлеўге үйретсе, әдебият адамның дөретиўшилик қыялын раўажландырады. Әдебият пенен математика илиминиң тутаслығында биз әтираптағы ҳақыйқатлықты аңлаймыз. Әдебият инсан өмириниң руўхый тараўын ашыўға қаратылған, ал, математика арқалы инсан қыялының затласыўы, яғный, материаллық, техникалық нәтийжелерге қол жеткиземиз. Көз алдымызда жаңадан бой тиклеп атырған зәўлим, сулыў имаратлар да математикалық, геометриялық билимниң ҳәм дөретиўшилик ушқыр қыялдың жемислери. Математикалық билим тек қурылыста емес, ал, көркем шығармаларды дөретиўде де оғада әҳмийетли.

Белгили сүўретши Леонардо да Винчидиң: «Математикаға байланысы болмаған ҳеш бир пәнде анықлық жоқ» [2], ал, уллы орыс шайыры А. С. Пушкинниң «Геометрия ушын да поэзиядағы сыяқлы илҳам керек» [3] деген пикирлери математика менен әдебияттың тығыз байланысын нәзерде тутады.

Мектеп сабақлықларындағы фольклорлық ҳәм әдебий шығарма қурылысынан математикалық мәселелерди, белгилерди табыў ҳәм олардың көркемлик хызметин талқылаў арқалы балаларда өз билимлерин турмыслық тәжирийбелер менен тығыз байланыстыра алыў көнликпесин раўажландырыў оғада қызықлы нәтийже береди. Бунда баланың ойлаўы, сынлық пикирлеўи еки тәреплеме раўажланады:

биринширден, әдебият арқалы математикалық билимин тереңлестиреди, логикасын күшейтип, дөретиўшилик қыялын еле де байытады;

екиншиден, математика арқалы шығарманың мазмунын, оның тәрбиялық әҳмийетин толық түсинеди.

Мәселен, «Шәрьяр» дәстанында:

Қырқ күн тамам болғанда, Шәрьяр соққан қалаға, Мама таяр болады, Жақынлап келип қалаға, Көзлер таслап қарады, Қырқ гезде оры бар, Және қырқ гез тереңи, Сексен гездей қала бар, Он еки жерде дәрўаза, Алты жерде жаз аўыз, Тилсим екен дәрўаза... [1: 91] деген қатарлар балалардың көз алдына геометриялық фигураны елеслетеди. Олардың усы сырлы қала жөниндеги қызығыўшылығы дәстан ўақыяларына, оның мазмунына ықлас оятыўы мүмкин.

Ал, белгили халық шайыры Т. Жумамуратовтың «Қәсийетли гәўҳар тас ҳәм ақыллы шопан ҳаққында ертек» шығармасы да балалардың ең қызығып оқыйтуғын, шайырлық шеберлик пенен жазылған әжайып дөретпе. Ертек қурылысында шайыр математикалық есап түринде берилген жумбаққа оғада әҳмийетли көркем-психологиялық ўазыйпа жүклеген. Жумбақ арқалы перзентлери арасындағы социаллық-руўхый теңликти сақлаў, яғный, малды олардың жасы ҳәм хызметине қарай әдалатлы түрде, тең бөлистириў, сондай-ақ, олардың санасын, аўызбиршилигин сынаўды мақсет етеди. Мысалы:

Он жети малды бөлиңиз, Тийкарын сөздиң билиңиз, Бар малды еки бөлиңиз, Бирин үлкениң алыңыз, Жасы он сегизге жетти, Бар малды үшке бөлиңиз, Бирин ортаншың алыңыз, Жасы он

алтыға жетти, Бар малды тоғызға бөлиңиз, Бирин кишкенеңизге бериң, Жасы он екиден өтти, Сизлер солайынша бөлиңиз,... Бөлсеңиз кесир қалмайды, Бирақ кесирли бөлмеңиз, Соны питкермей келмеңиз! ... [1: 163]

Бул жумбақты балаларға еки түрли математикалық мәселе етип бериўге болады:

1) Бөлиниўи тийис 17 малдың қазы тәрепинен қалай бөлингенин есап көринисинде сораў;

2) сол 17 малдың Ақылбек тәрепинен қалай бөлингенин есап көринисинде сораў ҳәм оларды өз ара салыстырыў, жуўмақ шығарыў.

Талқылаў барысында оқыўшылар жумбақтың ертек қурылысындағы көркемлик хызметин дурыс түсинип жетеди, өзлериниң математикалық билимлерин, ақылын, зейинин шыныктырады ҳәм әдиллик, аўызбиршилик, адамгершилик қәсийетлерди өз бойларында раўажландырыўға үлес қосатуғын тәлим-тәрбиялық мазмуны терең тағы бир әжайып шығарма менен танысып, оны еслеп қалыўға миясар болады.

Жуўмақлап айтқанда, әдебият ҳәм математика бирлиги оқыўшыларда еки пәндеги мағлыўматты бир-бири менен тығыз байланыстырыў, ойлаў-пикирлеў арқалы реаль өмирдеги турмыслық билим-көнликпелерин беккемлеп барыўда үлкен әҳмийетке ийе.

Әдебиятлар:

1. Әдебият. Палымбетов К. Аллашев П. 6-класс ушын сабақлық хрестоматия. Нөкис: Билим. 2017. – Б. 91, 163.

2. Дышлысь А. Литература и математика // Наука и жизнь. 1999. №1.
https://www.nkj.ru/archive/articles/9918/

3. Митрофанова Н. В., Шохалова Н. П. Мировоззрение и творчество А. С. Пушкина в свете математических законов. // https://school-science.ru/

ГҮЛЧЕХРА ТЛЕГЕНОВА

Қарақалпақ мәмлекетлик университети,
Физика факультети студенти.

ДИНОРА БЕГДУЛЛАЕВА

Қарақалпақ мәмлекетлик университети,
Шет тиллери факультети студенти.
Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

ТИЛЕЎБЕРГЕН ЖУМАМУРАТОВТЫҢ «ҚӘСИЙЕТЛИ ГӘЎҲАР ТАС ҲӘМ АҚЫЛЛЫ ШОПАН ҲАҚҚЫНДА ЕРТЕК» ШЫҒАРМАСЫНДА ЛОГИКАЛЫҚ МАТЕМАТИКА

Математикалық логика (теориялық логика, символикалық логика) – математикалық белгилер, формал системалар, математикалық пикирлердиң аргументлилиги, улыўма математикалық дәлил тәбияты, есаплаў ҳәм математика тийкарларының басқа тәреплерин үйренетуғын математиканың бөлими. Кең мәниде формал логиканың математикаласқан шақапшасы сыпатында қаралады. Мысалы, «предмет бойынша логика», «метод бойынша математика», «математикалық методлар жәрдеминде раўажланыўшы логика» [1]. Бул тараўдың қолланылыўын ҳәр қыйлы тараўдың мийнетлеринде көриўимиз мүмкин. Мәселен, әдебият тараўында қолланылыўын прозалық, поэзиялық яки драмалық шығармаларда ушыратамыз.

Қарақалпақ әдебиятында лирик ҳәм сатирик шайыр сыпатында орын қалдырған Тилеўберген Жумамуратовтиң «Қәсийетли гәўҳар тас ҳәм ақыллы шопан ҳаққында ертек» шығармасы терең даналық, әдеп-икрамлылық, дидактика өлшемлери менен суўғарылған болып ғана қалмастан, дөретиўшиниң математикалық билим дәрежесиниң жоқары екенлигин де көрсетеди. Бул шығарма өз ишине тәрбиялық әҳмийетке ийе қубылысларды, мысалы, кишипейилик, аўызбиршилик, иззет-ҳүрмет, жәрдем қолын созыў, биреўдиң ҳаққысына көз тикпеў, ҳадаллық сыяқлы пазыйлетлерди қамтыған.

Математикалық логиканың сәўлеленген жери сонда, шығарма қаҳарманы ғарры өз балаларына өмири бойы жыйнаған малын бөлип бериў ушын ортаға жумбақ таслайды:

...Бир жумбақ айтып берейин, Билиңиз сынап көрейин, Он жети малды бөлиңиз, Тийкарын сөздиң билиңиз, Бәлким мен өлип кетемен, Тиримде бөлип кетемен, Бар малды еки бөлиңиз. Бирин үлкениң алыңыз, Жасы он сегизге жетти, Көмек берди, мийнет етти. Бар малды үшке бөлиңиз, Бирин ортаншың алыңыз, Жасы он алтыға жетти, Шамалы хызмет көрсетти. Бар малды тоғызға бөлиңиз, Бирин кишиңизге бериңиз, Жасы он екиден өтти, Ержетсе етер хызметти [2, 163].

Бул гәпти еситкен ғаррының перзентлери ҳайран қалады. Қалайинша он жети малди екиге, тоғызға бөлемиз деп ойланады ҳәм урысып, жағаласып та қалады.

...Айтатуғын шәртимиз сол – Сатыўға берилмесин жол. Сойыўға сирә болмайды, Бөлсеңиз қалмайды, Бирақ кесирли бөлмеңиз, Соны питкермей келмеңиз! [2, 163]

Сондай-ақ, ғаррының айтыўы бойынша он жети малдың кесирсиз (қалдықсыз) бөлиниўине балалардың ақылы жетпейди, өйткени, шынында да, он жети екиге, үшке, тоғызға бөлинбейтуғын еди.

Солай етип, мәселеге әдил ҳәм дурыс шешим табыў мақсетинде қазының алдына барады. Бирақ, қазы өз мәпин биринши орынға қойып, былай бөлистиреди: *Бул сөзге барлығы турды, Қазының үстине кирди. Оннан бир ақыл сорады, Бирақ, ол ҳақы сорады: – Бир малды қазы алады, Сонда он алты қалады, Соны екиге бөлемиз, Және бирин қазы алады, Ортақ сан он бес болады. Он бести үшке бөлемиз, Бесеўин тағы беремиз, Енди еки мал қалады, Биреўин қазы алады, Кишиңизге бири жетер, Соның менен тартыс питер* [2, 164].

Қазының тапқан шешимине балалар наразы болады. Соңынан олар малларды әдиллик пенен бөлистирип бериўин сорап Ақылбек атлы балаға барады. Ол болса даналығы менен төмендегише шешим табады: *Он жети барлық малыңыз, Мен бир мал бердим, алыңыз, Мейли сыйыр, мейли өгиз, Гүлләни болды он сегиз, Он сегизди екиге бөлиң, Тоғызын үлкениң алың. Он сегизди үшке бөлиң, Ортаншыңыз алтаўын алың, Он сегизди тоғызға бөлиң, Ең кишиңиз екеўин алың, Бөлдик биз он жети малды, Өз малым аўысып қалды* [2, 167].

Бул шешимди математикалық тәризде баянлайтуғын болсақ:

- 17 + 1 = 18;
- 18 : 2 = 9;
- 18 : 3 = 6;
- 18 : 9 = 2
- 9 + 6 + 2 = 17.

Енди, Ақылбектиң бул малларды әдалатлы бөлистирип бергенине илимий жақтан қараймыз. Ғаррының айтыўы бойинша берилген санымыз 2 ге, 3 ке ҳәм 9 ға қалдықсиз бөлиниўи керек. Яғный, бул жерде берилген улыўма сан 2, 3 ҳәм 9 санларының ең киши улыўма еселиги (ЕКУЕ) болыўы керек. Демек, 18. Баланың ақыллылығы менен дәслеп ол қосып берген бир малы және өзине қайтады.

Солай етип, шығармада мәселе ҳеш қандай даў-жәнжелсиз даналық пенен шешиледи. Ақылбектиң бул исине ҳәмме ҳайран қалысады ҳәм оның зийреклиги ертек арқалы басқаларға да үлги сыпатында көрсетиледи.

Жуўмақлап айтқанда, шайыр Тилеўберген Жумамуратовтың «Қәсийетли гәўҳар тас ҳәм ақыллы шопан ҳаққында ертек» атлы дөретпеси дидактикалық әҳмийетке ийе шығарма саналады. Онда адамлар арасындағы қатнаслар, әдиллик, ҳадаллық, дәмегөйлик ҳәм дослық сыяқлы қәсийетлер, сондай-ақ, инсанның даналығы ҳәм зийреклиги өз көринисин тапқан. Шығармада математикалық логиканың жоқары дәрежедеги шеберлик үлгисин көриўимиз мүмкин.

Әдебиятлар:

1. А. С. Карпенко. А. И. Лойко, 2021, Логика математическая, Россия;
2. К. Палымбетов, П. Аллашов, 2017, Әдебият, 6-класс, Нөкис, «Билим».

АТАБАЕВ АРЫСЛАНБЕК
Қарақалпақ мәмлекетлик университети.
География ҳәм тәбийий ресурслар факультети студенти

ТИЛЕЎБЕРГЕН ЖУМАМУРАТОВ ШЫҒАРМАЛАРЫНДА ГЕОГРАФИЯЛЫҚ АТАМАЛАР

Тилеўберген Жумамуратов қарақалпақ әдебиятының ири тулғаларының бири. Оның шығармаларының тематикасының кеңлиги, терең мазмуны, тил шеберлиги, әмелий әҳмийети ҳаққында әдебиятшы, тилши алымлар көплеген изертлеўлер жүргизип, илимий мийнетлер дөреткен. Шайыр дөретпелери еле де талай илимий мақалалар, көлемли мийнетлер жазылыўына тийкар боларлық материалларға бай. Сонлықтан, шайыр дөретиўшилигиндеги ҳәр бир темаға айрықша итибар қаратылыўы тийис.

Мен болажақ географ сыпатында шайыр шығармаларында тилге алынған топонимлерге дыққат аўдарылыўы керек деп есаплайман. Себеби, топонимлерди үйрениў әҳмийетли мәселе, ол жасларда Ўатан сүйиўшилик сезимлерди пайда етеди. Шайыр өз туўылған жериниң географиясын жетик билиўи, топонимлерди өз қосықларында тәрийип етиў арқалы кең китап оқыўшыларында туўылған жерге деген муҳаббат сезимлерин оята алғанлығы менен де өзгешеленип туратуғын көркем сөз шебери. Оның қосықларында өз туўылған жериниң кең пайтақ даласы, ҳәр бир төбешиги, аўылы менен қаласы, көли менен сайлары, дәрьясы менен таўлары бәри-бәри шексиз муҳаббат пенен жырланады. Әсиресе, бизлерге, бүгинги жасларға көриў несип етпеген, өз балықлары менен дүньяға даңқ таратқан, бир ўақытлары толқынлары көкке шапшыған Арал теңизи, қанша пароходларды күтип алып, қаншасын шығарып салған бурынғы порт қала Мойнақ, теңиз ишиндеги атаўлар шайыр шығармалары арқалы көз алдымызда жанланады.

Тилим жетпес айтқан менен биримлеп, Толқып ҳаллас урған менен дирилдеп, Тоқтамайды пароход-мотор кәрўаны, Ескен желге ерегискен гүрилдеп. – Қай жақта? – Асаў Арал айдынында, Мойнақта – деп мақтаныш етеди шайыр.

Т. Жумамуратов шығармаларында қолланылған топонимлер шайыр туўылып өскен Мойнақ, Арал жағалаўлары әтирапындағы елатлар, жер-суў атамалары менен ғана шекленип қалмайды, оның географиясы жүдә кең. Оның қосықларында Қарақалпақстанның қала-аўыллары, Өзбекстанның таў ҳәм дәрялары, атақлы қалалары, пүткил дүнья жүзиндеги белгили орынлар, материклер, мәмлекетлер тилге алынады.

Биз бул мақаламызда Тилеўберген Жумамуратов шығармаларында қолланылған топонимлер ҳаққында сөз етпекшимиз. Топоним – ҳәр қандай географиялық объекттиң меншикли атамасы [3: 5]. Ҳәзирги күнде топонимлер өз ишинде 40 тан аслам топарға бөлинеди. Шайыр Т. Жумамуратов шығармаларында топонимлердиң 12 ден аслам түри бар. Олардан антротопоним, астроним, гидроним, комоним, лимноним, макротопоним, ойконим, ороним, потамоним, урбоним, фитоним ҳәм этнотопонимлерди ушыратамыз [3: 4]. Шайыр шығармаларында қолланылған топонимлердиң айырымларына таллаў жасаймыз.

Ойконимлер

Ойконимлер халық жасайтуғын ҳәр қандай орынның меншикли атамасы, елатлы пунктлер, қала ҳәм аўыллар [3: 4]. Т. Жумамуратов шығармаларында ойконимлер көплеп ушырасады. Мысалларға дықкат аўдарайық: *Қызлары сулыў, жигити батыр, **Әйемги Қыят** болмапты батыл.* [4: 51]

***Қаражар**дан қарап турып таңқалдым, Салақулаш түлкисиниң қуйрығы.* [4: 10]

***Қазақдәрья, Үшсай, Шеге, Мойнаққа,** Келсем зил кетемен иштен, Аралым.* [4: 26]

Шайыр шығармаларында бул мысаллардағыдан басқа да Ақдәрья, Бозатаў, Үрге, Мәдели, Ашшықуй, Қыятжарған, Кетенлер қаласы, Марат аўыл, Қытай, Япония, Хорезм усаған ойконимлер ушырасады.

Урбоним – топонимниң түри, қала, қала ишиндеги майдан атлары атамасы [3: 4]. Шайыр Т. Жумамуратов шығармаларында урбонимлерди де көплеп ушыратамыз. Мысалларға дықкат аўдарайық: ***Париж, Лондон** шәҳәрлери қыяда, Жайсаң болып аталыпты дүньяда. «Қайсы шәҳәр сулыў»* – десе биреўлер: – *Өз **Нөкисим** ҳәммесинен зыяда.* [4: 105]

***Сочи, Ташкент** – бәрин гезди, Нәўбет бермей басқаларға.* [4: 142]

*– Ассалаўма әлейкум, Ғафур аға, Ташкентим **Алматы**дан жақын, аға.* [4: 164]

*Гезип келдиң **Шымбай, Мойнақ, Хийўасын, Ташкент, Мәскеў**лерге барған Қыяссаң.* [4: 195]

*Ата-баба не көрмеген бурында, Жәйҳун-Сайхун, **Түркстанда, Қырымда**,* [4: 195]

*Қанат қағып Арал, Жәйҳун бойында, Хорезмниң қыры менен ойында, **Шымбай, Чарджоў, Хийўа, Қоңырат** тойында, Мерекелер саўып келген бүлбилим.* [4: 197]

Шайыр шығармаларында жоқарыда келтирилген мысаллардан басқа да Самарқанд, Үргениш, Термиз, Бухара, Әндижан, Наманган, Ферғана, Қаршы, Қызылорда, Қарағанды, Киев, Ереван, Баку, Ашхабад, Душанбе, София, Рим, Төрткүл, Елликқала, Тахтакөпир, Қазан усаған қала атларын, яғный, урбонимлерди ушыратамыз.

Антротопоним – адамлардың аты, фамилиясы, лақабынан алынған топонимлер [3: 11]. Мысалларға дыққат аўдарайық: *Сизлерде де әлпешлеген бала бар, Не себептен **Вашингтон**да қан ағар,* [4: 41]

*Барғанымда **Шымбайға**, Көз саламан сол жайға.* [4: 79]

Журт және жыйналып, мен ҳәм барғанман,

*Қонысы қайтадан толған **Шоманай**.* [4: 56]

***«Машан»** менен «Хожакөл»де, Былтыр қыслап қалып едик.* [4: 22]

*Ядгерлик қалған, орманы қалың жеринен, Шәҳәрлер орнап **Макарья**, Бақый атына.*

Жоқарыда келтирилген қатарлардағы Вашингтон, Шымбай, Шоманай, Макарья, Машан көл атамалары антротопонимлерге мысал болады.

Гидронимлер

Гидронимлер топонимниң бир түри. Тәбийий ямаса адам тәрепинен жаратылған ҳәр қандай суў объекти, усы тийкарда океанлар, теңизлер, қолтықлар, дәрьялар, сайлар, жап, канал, қудықлардың меншикли атамалары [3:4]. Шайыр Т. Жумамуратов шығармаларында көплеген гидронимлерди ушыратамыз. Мысалларға дыққат аўдарайық: ***Арал**ға келдим оралып, Көзимнен ытқып жас шықты.* [4: 7] ***Әмиўдәрья** тасқынындай таралып, Шайырлықтың сөз булағы ағылды!* [4: 13] *Көңили-дәрья **Әмиў, Сыр** ҳәм **Зарафшан,** Өзбек туўысқанға болсын шәрәф-шән.* [4: 218] *Сүўретлеп жаңа **Каспий теңиз,** көлин, Тың көтерген үлкениң жигитлерин*, [4: 168]

Шайыр шығармаларында буннан басқа Жәйҳундәрья, Хожакөл, Кегейли, Тентекарна, Қаратерең, Қаракөл, Таллық сыяқлы гидронимлерди ушыратамыз.

Оронимлер

Оронимлер бул жер бети рельеф формалары, таў, таў дизбеги, алап, тегислик, қырлар, төбешиклер, ойпатлықлар ҳ.т.б. рельеф формаларына ийе объектлердиң атлары [3: 4]. Мысалларға дыққат аўдарайық: *Биржандай **Көкшетаў**да ән шырқаса, Дабылы Байсын елге барған қазақ.* [4: 228]

*Қыялы **Алатаў**дан асып турған, Дарыны Сыр суўындай тасып турған,* [4: 228]

*Онда бар **Каспий**диң асаў толқыны, Онда **Қарақум**ның отлы жалыны.* [4: 225]

*Шолпан түўе ***«Қап таўының»,** Өзи жумбақ еди бурын.* [4: 43]

Жоқарыда келтирилген мысаллардан басқа да шайыр шығармаларында Қаратаў, Қызылқум, Бөршитаў, Үстирт, Памир, Булур (Памир таўының ески аты), Туран оронимлерин ушыратамыз.

Макротопонимлер

Макротопонимлер көпшиликке танымалы, белгили болған ири тәбийий географиялық объектлердиң атлары [3: 4]. Мысалларға дыққат аўдарайық:

*Залым Гитлер **Европа**ны бүлдирип, Талайларды дар ағашқа илдирип,* [4: 30]

*Жаў шайпалтқан **Азия**ның елинде, Қаңғып кеткен жел айдаған қаңбақтай.* [4: 48]

*Әмиўдәрья қайта ақпас **Памир**ге қарай, Өткен ағыс қайырылмайды бир жүрген изге.* [4: 81]

*Толғанып көшкен **Дунай**ға, **Балқан**ның бийик, ойларын, **Едил**, **Жайық** бойларын. **Кавказ**дың, Шығыс арқасын,* (Шыйқылдатып арбасын), [4: 49]

*Гездик бийик шоққысын, **Балқан** таўын аралап.* [4: 216]

Жоқарыда келтирилген қатарлардағы Европа, Азия, Памир, Дунай, Балқан, Едил, Жайық, Кавказ, Каспий атамалары макротопонимлерге мысал болады.

Этнотопонимлер

Халық, руў, қәўим атлары илимде этноним делинеди. Жүдә көп орынлар этнонимлер арқалы пайда болған. Этнонимлерден пайда болған орын атлары этнотопонимлер делинеди [3: 11]. Этното-

понимлерди үйренип халықлар, руўлар қай жерлерде жасағанын, қай жерлерге көшкенин анықлаў мүмкин. Мысалларға дыққат аўдарайық: *Ҳәр азамат, намыс ушын атлансын, Перзент болса* ***Қарақалпақстан****ға!* [4: 64] *Ким билмесе* ***Қазақстан*** *даласын, Жүрегимниң айнасынан қарасын.* [4: 229] *Қәлемди бәлент услап адым атқан, Болдыңыз* ***Өзбекстан*** *мақтанышы.* [4: 165]

Бангладеш*тиң, узақ* ***Мадагаскар****дың, Абыройлы делегатын басқардың*, [4: 182]

Жоқарыда келтирилген қатарлардағы Қарақалпақстан, Өзбекстан, Бангладеш, Қазақстан, Мадагаскар атамалары этнотопонимлерге мысал болады.

Биз шайыр Т. Жумамуратов шығармаларында қолланылған топонимлердиң айырымларына ғана тоқталдық. Оның шығармаларында қолланылған топонимлердиң бәрин топлап, олардың шығыс дереклерин, яғный, неге солай аталыўы ҳаққында мағлыўматлар толықтырылып жыйналса география илими ушын да, тил, тарийх илимлери ушын да баҳалы мийнет болары сөзсиз.

Әдебиятлар:

1. Абишов Г. Шымбай районы топонимлери. Нөкис: «Қарақалпақстан», 2020.
2. Әбдимуратов Қ. Неге усылай аталған? – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1965.
3. Ǵulomov P., Mirakmalov M. Toponimika va geografik terminshunoslik. Toshkent, 2005.
4. Жумамуратов Т. Өмириңниң өзи философия. Нөкис: «Қарақалпақстан», 2005.

PATULLAEVA GÁWHAR

Filologiya ilimleriniń kandidatı, docent,
Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı.
Ózbekstan, Qaraqalpaqstan, Nókis

TILEWBERGEN JUMAMURATOV POEZIYASÍNDA QOLLANÍLǴAN QUS ATAMALARÍNÍŃ LINGVISTIKALÍQ ANALIZI

Ózi tuwılıp ósken Aral teńizin, xalqın, onıń biybaha tábiyatın sheber súwretlewge janı qumar perzenti, «lebinen ot esken shayır» degen bahalawlarǵa erisken Tilewbergen Jumamuratov óziniń keyingi basılımında [1: 3] ata jurtına degen súyiwshiligin «Asaw Aral aydınında, Moynaqta! El bar meken meniń tuwǵan jerimdey!» degen arnawlı bóliminde tolqıp bayanlaydı. Shayır qosıqlarında til qurallarınıń biri sıpatında qus atamaların da sheberlik penen paydalanǵan. Olardan tikkeley leksikalıq mánili sóz sıpatında qollansa, geyde stillik jaqtan kórkem bayanlaw ushın teńewlerde paydalanılǵan, demek, usı jaǵınan ádewir ónimli qollanılǵanın kóriwge boladı.

Házirgi qaraqalpaq tilinde qus atamaları ornitonimler degen termin menen de qollanıladı. Qaraqalpaqstan faunasında ushırasatuǵın quslardıń atamaları túrlishe bolıp, olardıń morfologiyalıq qurılısı, etimologiyası júdá qızıqlı másele. Sonlıqtan da, biz bul maqalamızda shayırdıń poeziyasında qollanılǵan ayırım ornitonimlerdiń etimologiyasına, semantikası hám morfologiyalıq qurılısına toqtap ótemiz. Shayırdıń birneshe qosıqların úyrenip qaraǵanımızda, onda kóbinese qurılısı jaǵınan tiykar sózlerden ibarat qus atamaları qollanılǵan. Mısalı: ǵaz, úyrek, quw hám t.b.

Qaraqalpaq tilinde basqa túrkiy tillerindegi sıyaqlı ayırım ornitonimler birdey etimologiyalıq sıpatqa iye. Shayır «Miynet báhári» qosıǵında báhárdiń keliwi menen gózzal tábiyattıń janlanıwındaǵı miynet maydanın súwretlew ushın quslardıń da tábiyattıń bir bólegi ekenligin sheber bayanlaǵan. Mısalı:

Úyrek, ǵazlar kárwan tartıp baratır,
Kók monshaqtay qatar-qatar dizilip.

Úyrek sózi atlıq sóz bolıp, eski túrkiy tilinde «súńgi» mánisin ańlatqan. Úyrek sózi «kóp márte súńgiwshi» mánisin bildiredi [3]. Ol barmaqlarınıń arası perdelengen, juqa teri menen beklengen, qısqa moyınlı, jalpaq tumsıqlı, suwda júzetuǵın qus [3: 407]. Ǵazlar sózinde bolsa, kóplik forması menen kelip kópligin bildirip qollanılǵan.

Shayırdıń «Aralım» qosıǵında bolsa, usı sózdiń fonetikalıq variantı órdek formasında qollanıladı. Bul sóz ózbek tilinde *urdak*, túrkmen tilinde *órdek* formasında qollanıladı. Mısalı: *Ayna kóller, quwıń, órdek, ǵazlarıń, Meniń júregimde jatır, Aralım.*

Bul qatarlarda teńizdegi tek ǵana quw, órdek, ǵazlar emes, -lar forması arqalı kóp quslardıń mákan etkenin maqtanısh penen bayanlanǵan.

Ǵaz – uzın moyınlı, pári bahalı, suwǵa beyimlesken, jabayı hám asırandı qus [4: 41]. Ǵaz negizi kópshilik ellerde kiyeli qus sıpatında tán alınǵan. Bul sóz etimologiyası jaǵınan parsı tilindegi ǵaz sózinen kirgen bolıp, házirgi waqıtta ózbek hám túrkmen tilinde «ǵoz» formasında qollanılǵanı menen túrk tilinde tek «ǵoz» túrinde saqlanıp qalǵan.

Shayırdıń maqtanısh sezimlerin «Ámiwdárya» qosıǵında da seziwge boladı. *Mısalı: Ondatra, balıq,* ***ǵaz benen quwı****, Jaǵası shalqıp baylıqqa tolı. Házlik lebi shımbır-shımbır sezilip,* ***Totı, tawıs*** *taranadı súzilip.* («Miynet báhári»)

Bul keltirilgen birinshi mısaldaǵı *quw* sózi uzın boylı, iymek moyınlı, suwda júzetuǵın úlken qustı bildiredi. Al, ekinshi qatarlardaǵı *totı, tawıs* qusların ózleriniń sırtqı ózgeshelikлerine sáykes kórinisti sheber súwretlep bergen.

Totı etimologiyalıq jaqtan parsı tilinen qaraqalpaq tiline kirip kelgen sóz bolıp, al semantikalıq jaqtan uzın quyrıqlı qırǵawıl tuqımlas, túrli túske iye sulıw qus [2: 146]. Al, *tawıs* arab tilinen ózlestirilgen sóz bolıp, qırǵawılǵa megzes sulıw qustıń atamasın bildiredi. Sonday-aq, shayır shıǵarmalarında házirgi qaraqalpaq ádebiy tilindegi sóz jasaw usıllarınıń biri sóz qosılıw usılı arqalı jańa máni ańlatıwshı qospa sóz de kórkemlik penen qollanılǵan.

Qaraqalpaq tilindegi ornitonimlerdiń morfologiyalıq qurılısı hár túrli formada bolıp, ayırımları túbir sóz halında qollanılsa, ayırımları dórendi sóz túrinde ushırasadı. Mısalı: *Sıbızǵı ses sıńqıldaǵan* ***aq quwlar****, Qanat qaǵıp qonar kólge sızılıp ...*

Bul mısalda *quw* sózi birinshi komponentinde kelgen *aq* kelbetlik sózi menen jasalǵan *sostavlı* atlıq arqalı quwdıń reńi ózgeshelenetuǵın bir túrin (aq shaǵala, ala ǵarǵa hám t.b.) kórsetedi.

Demek, shayır qosıqlarında tiykar sóz túrinde de (quw), qospa sóz túrinde de (aq quw) ushırasatuǵın qus atamaları ónimli qollanıladı.

Sonday-aq, qospa sózlerden jasalıp, yaǵnıy birikken sózlerden quralǵan qus atamasınan *kólbuǵa* sózin de «Miynet báhári» qosıǵında sheber qollanǵan hám barlıq oqıwshılarǵa birdey túsinikli bolıwı ushın oǵan arnawlı silteme berip «kólbuǵa – qustıń túri» dep kórsetip ketken. Mısalı: ***Kólbuǵanıń*** *barabanday sestine, Bárshe quslar sestin qosıp sayraǵan.*

Bul *kólbuǵa* qusınıń sestin barabannıń dawısına megzetip súwretlewi, oǵan basqa quslardıń da seslerиniń qosılıp shıǵıwı bir orkestr menen atqarılǵan namaǵa usatılıp sheber súwretlewge erisken. Ol sóz qurılısı jaǵınan bolsa, eki atlıq sózdiń birigiwinen jasalǵan. Onda birikken sózdiń birinshi komponentindegi atlıq ekinshi komponentindegi atlıq penen heshqanday grammatikalıq formalarsız baylanısqan.

Juwmaqlap aytqanda, til quralların orınlı paydalanıw dárejesi joqarı bolǵan sóz zergeri Tilewbergen Jumamuratovtıń sheberlik penen qollanǵan qus atamalarınıń etimologiyası, qollanılıw ózgeshelikleri ele de izertlewdi talap etetuǵın máselelerdiń biri. Sebebi, onıń poeziyasında til quralларınıń biri sıpatında qollanılǵan sózler mánileri, formaları, qurılısı, stillik boyawları jaǵınan hár qıylı bolıp, olardı sóz sheberi óz ornı menen kerekli jerinde durıs paydalanıw arqalı obrazlılıqtı, tásirlilikti payda etedi.

Ádebiyatlar:

1. Тилеўберген Жумамуратов. Аралға келдим оралып. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2016.
2. Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги. IV том. – Нөкис.: 1992.
3. Раҳматуллаева Ш. Ўзбек тилининг этимологик луғати. Тошкент.: 1998.
4. Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги. II том. – Нөкис.: 1984.
5. Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги. III том. – Нөкис.: 1988.
6. Бекбергенов А. Қарақалпақ тилинде сөзлердиң жасалыўы. Нөкис.: 1979.

10. ОРАТОРЛЫҚ ҲӘМ ЖУРНАЛИСТИКА. ОРАТОРСТВО И ЖУРНАЛИСТИКА. ORATORY AND JOURNALISM

АБДИМУРАТОВ АБДИСАМЕТ

Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети
«Журналистика» кафедрасы доценти, ф.и.к.
Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

ТИЛЕЎБЕРГЕН ЖУМАМУРАТОВТЫҢ ОРАТОРЛЫҚ ШЕБЕРЛИГИ

Терең тәсирли сөзлер, өткир пикирли гәплердиң жанлы жүзеге асыўы ораторлық шеберлик саналады. Белгили илимпаз В. В. Ученова ораторлық шеберликти публицистлик хызметтиң тымсалы сыпатында қарап, инсан шешенлик, дилўарлық пенен сулыў ҳәм исенимли айтылған сөз жәрдеминде ғана сезимлерге тәсир ете алыўы, кең жәмийетшилик алдында бәршеге ҳәм ҳәр кимге жеке тәризде әҳмийетли болған ой-пикирин жеткизе алыўы, оларды өз изине ерте алыўы мүмкин екенлигин айтады. Оның тастыйықлаўынша: «Риторика илиминиң тийкарғы принциплериниң бири өз сөзлерин исенимли ҳәм тәсиршең етип қурыўдан ибарат» [8; 3]. Сонлықтан, ораторлық шеберлик – бул даналық, тәбийғый талант, сөз мәденияты. Соның менен бирге, ол – халықлық атақ. Оны ҳәр ким ийелей бермейди де.

Миллий мәдениятымыз тарийхында терең из қалдырған сөз шебери Тилеўберген Жумамуратовтың дөретиўшилиги ҳәр дәўирде бир қанша аспектлерде илимий изертленди. Шығармаларын Аяпберген, Аббаз, Садық киби халық шайырлары дөретиўшилиги менен салыстырмалы түрде монографиялық жобада изертленген алым М. Жумамуратова шайырдың импровизация қәбилетине айрықша итибар қаратады. Автордың пикиринше: «Тилеўберген халық шайырларының дәстүрлерин даўам еттирип, талай мәрте айтысларда жеңисти қолдан бермеген. Қосықларын төкпелетип шығарып кете бериўи менен, ядынан оқыўы, ҳәр бир сөзге терең мәни берип, айқын, нық сөйлеўи менен және устазларына жақынласады» [2; 11 – 12].

Ҳақыйқатында да, Тилеўберген шайыр жаслайынан жүдә инталы болғанлықтан устазларынан, әсиресе, Аббаз шайырдан журтшылықтың алдында қосықты қыссаханлық жолы менен қыраҳәтке салып оқыў усылын терең меңгерип алған. Әдебиятшы-илимпаз Қ. Султанов болса, шайырдың бундай қәбилетлерин әдеўир ертерек аңлаған. «Тилеўберген шайыр өзиниң ядта сақлаўшылық уқыбы ҳаққында былай деген: «Бурын жыраўлар, бақсылар айтқан қысса, дәстанларды түнде тойда еситсем, ертеңине күндиз адамларға оны өзгертпестен ядтан айтып берер едим. «Алпамыс» пенен «Гөруғлының» шақапларын сондай дәрежеде билемен»… «Наўайы, Мақтумқулы, Бердақтың шығармаларын жасымда көп оқып едим, олардың қосықлары ядымда елеге шекем сақланады» [7; 72], – деп шайырдың сөзин келтиреди автор өз изертлеўлеринде.

Тилеўберген Жумамуратов өз заманының лирик шайыры, әжайып публицисти, төкпелетип суўырып-салмай қосық шығарып, оны кәмине келтирип ядый оқып кете беретуғын уқыпқа ийе сөз зергери болды. Жаслайынан шайыршылық айтысында дилўарлығы менен даңқ таратты. Сонлықтан да, оған өзбек шайыры Миртемир «Тилеўберген шайырға Алла Таала илҳам берген», – деп баҳа берсе, Шуҳрат «Тилеўберген – лебинен өтескен шайыр», – деп тән алады. Қазақ ойшылы Сәбит Муханов болса, «Япырмай, Тилеўберген, бала, ағып турған дәрья ғой! [1; 3] – деп, таңланады. Ал, заманында шайыр менен талай жыйынларда, сәўбетлерде мудамы бирге жүрген устазы Аббаз: «Ҳақыйқый шайыр деп Тилеўбергенди айтыўға болады» [5; 34] десе, шәкиртлериниң бири,

белгили жазыўшы ҳәм илимпаз Камал Мәмбетов: «Ол ҳәмме жазған шығармаларын ядтан билетуғын, ...қудайтала тилине берген талант ийеси еди» [3], – деп еслейди.

Өз заманласы, шайыр Ғалым Сейтназаров: «Тилеўберген аға – халық мотивиндеги төкпе шайыр. Жыйналысларда, жазыўшылардың басқоспа отырыспа-мәжилислеринде өзиниң гейпара сезгени менен көргенине сол жерде отырып-ақ ушқыр қатарлар арқалы қолма-қол қосық шығарып кете береди» [6] – деп жазады.

Т. Жумамуратовтың өмири, оның тилге шешенлигинен дерек беретуғын дереклерге толы. Бирақ, оның ораторлық шеберлиги елеге шекем илимий изертленбеди. Тийкарында, қарақалпақ халқы нағыз шайыр деп қағаз, қәлемсиз-ақ бирден аўызша қосық шығара беретуғын төкпе шайырларды түсине береди. Тилеўберген шайырдың дәслепки дөретиўшилик жолы тап солай басланған. Ол бармаған аўыл-аймақ қалмай, мудамы әпиўайы халық пенен ушырасып, өз шығармаларын оқып берип жүрген. Ондағы бир жақсы қәсийет, рети келген жеринде, сол отырған жеринде-ақ, ядтан қосық шығарып айтып кете беретуғын, турмыста жекке-сийрек ушырасатуғын ораторлық қәбилетке ийе еди. Ол, ҳәтте, атақлы ақынлар менен де айтысқа түсе алатуғын дәрежеде болған. Тилеўберген қатнасқан жыйыннан адамлар мудамы шайырға кеўиллери толған ҳалда тарқасқан. Себеби, ол өз қосығын қандай орталықта оқыса да, оғада үтирине түсирип, өзи қәйтип ықласланып жазған болса, сол сезими, бар ықласы менен даўыс толқынларын орнына қойып, ҳәр бир сөзди, ҳәтте, қатарды дәл түсирип оқыйтуғын еди. Усындайда, гейде өзи де байқамаған ҳалда бирден ядтан қосық шығарып айтып салған, ал, кейин оны қағазға түсире алмай қалған жағдайлар да шайыр турмысында көп ушырасқан. Оның төкпелетип шығарған қосықлары да уйқас ҳәм мазмунға, көркемлик бояўларға ийе. Шайырдың оқыған қәлеген қосығы жүрек төринен бурқасынлап шығып журтшылықтың да кеўилине қонымлы болды. Бул ораторлық, дилўарлық өткир таланттың белгиси еди.

Шайыр лапызы оның шығармаларында өзине тән өзгешеликлери менен айрықшаланып турады. Ондағы сүўретлеў манерасы өз алдына. Ҳәр бир теманы абайлап аңғарып барсаңыз, автор тарийхый дереклерди ҳеш қоспай сөйлемейди. Буның тийкарғы себеплериниң бири: биринширден, Т. Жумамуратов өткендеги тарийхый ўақыялардың уңқыл-шуңқылына дейин бес бармағындай жақсы биледи. Екиншиден, өзиниң жазған барлық қосықларын ядтан билетуғын дым саққулақ адам еди. Үшиншиден, ол суўырып салмай, төкпе шайыр болды. Көзи көрсе, қулағы еситсе кеўли тасып сол заматта бир неше куплетти дөндирип шығарып таслайтуғын әдети бар еди. Журтшылыққа тез танытып жиберген шайырдағы мине сол туўма қәбилетлерин есапқа алып, оны шешен ҳәм дилўар, оратор шайырлар қатарына қосыўға толық ҳақылымыз.

Айтыс – қарақалпақ фольклорында да, жазба әдебиятта да өз орнына ийе үлкен жанр. Онда сөздиң құдиретине, салмағына, өлшемине айрықша итибар қаратылады. Ҳәр қандай айтыстың сөз дизбеги, мейли, ол қандай үлгиде берилмесин, инсан жүрегине ләрзем салатуғын күшли қатар сөзлер менен айтылған ҳәм дөретилген болады. Айтысты шешенниң шешени шығарады, дөретеди, сөз жарысына түседи. Оған тилден жүйрик, суўырып салмай талантқа ийе ғана адамлар қатнаса алады. Нағыз ораторлық өнердиң үлгилери мине усындайда көзге тасланады.

«Қосық пенен дәсме-дәс айтысқа түскен адамды шайырлықтың шыңына жеткен адам деп атаўға болады» [4; 64 – 68], – дейди қазақ ойшылы Мухтар Әўезов. Адамның сөзге шешенлиги де, оның дилўарлық қәбилети де әйне усындайда халықлық сынға түседи. Кимниң ким екенлиги сол дәсме-дәсте айдынласады. Гүллән журтқа даңқы таралған қазақтың құдиретли жыршы ақыны Үмбетали Кәрибаев пенен Тилеўбергенниң усындай айтысы бар. Тилеўбергенниң уқыбын еситип, күш сынасыўға оның арнайы излеп келгенлиги ҳаққында усындай мазмундағы қазақ ақынларының хатлары ҳәм айырым еске түсириўлеринде мағлыўматлар қалдырылған.

Тилекке қарсы, бундай айтыслардың ҳәр қыйлы варантлары халықтың арасында ҳәзирге шекем айтылып жүрген болса да, олардың текстлери толығы менен жазып алып сақланған емес. Бирақ, усының өзи де Т. Жумамуратов жаслайынан-ақ ҳақыйқый сөз зергери, дилўар инсан сыпатында журтшылыққа кеңнен танылғанын дәлиллеўге жеткиликли. Буннан басқа, қазақтың ақыны Садық Қасымовтың Тилеўбергенге жазған хатынан, шайырдың Кенен Әзербаев пенен сөйлескенлери ҳәм Сарбай Мәўленов пенен ҳәзил-дәлкеклеринен, оның бирден аўызша қосық шығарып кете беретуғын төкпе шайырлық, шешенлик, ораторлық кәбилетин аңлаў қыйын емес.

Әдебиятлар:

1. Жумамуратов Т. Аралға келдим оралып. – Н: «Қарақалпақстан», 2016. 3-бет.
2. Жумамуратова М. Сөз маржанын дизгенлер: Илимий изертлеў. – Нөкис, «Қарақалпақстан», 1994. – Б. 11 – 12.
3. Мамбетов К. Сөз зергери Тилеўберген…..// «Еркин Қарақалпақстан». 1995. 28-декабрь
4. Муханов С. Айтыслар туўралы. – Алматы. 1962. – Б. 64-68.
5. Пахратдинов Ә. Халық шайырларында шайырлықтың келип шығыў тарийхынан. Нөкис. 1980. – Б. 34
6. Сейтназаров Ғ. Сүйикли шайыр. «Совет Қарақалпақстаны» газетасы. 1987. №67 (11970)
7. Султанов Қ. Шайыр жолы. – Нөкис. 1986. – Б. 72.
8. Ученова В. В. У истоков публицистики. Монография. – М., Изд. Моск. Ун-та. 1989. – С. 3.

БЕКБЕРГЕНОВА ЗИЯДА УТЕПОВНА

Филология илимлериниң докторы,
Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясы.
Қарақалпақстан бөлими

ГҮЛНАРА ТУРДЫШЕВА

Журналист, «Қарақалпақстан Жаслары»
газетасы редакциясы.
Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

ТИЛЕЎБЕРГЕН ЖУМАМУРАТОВТЫҢ ИМПРОВИЗАТОРЛЫҚ ШЕБЕРЛИГИ

Т. Жумамуратов, тийкарынан, XX әсирдиң 60-жылларына шекем әдебиятта сатирик шайыр сыпатында танылса, 70–80-жыллардға келип шайыр фольклорлық миллий мийрасларымызды, халықтың үрп-әдет дәстүрлерин ҳәзирги поэзиямызда шеберлик пенен пайдаланғанлығы менен айрықша көзге түсти. Сонлықтан да, шайырдың ҳәр бир шығармасының желисинде халықтың даналық сөзлери, образлы мәнили қатарлары, халық сүйген әдебий қаҳарман образлары шебер сәўлеленеди. Автордың ҳәр бир қосығы, атақлы «Макарья сулыў» дәстаны да ана тилимиздиң бай мүмкиншиликлери тийкарында дөретилди. Халық дәстанлары үлгисинде дәстан дөретиў усылы Т. Жумамуратовтан бурын-ақ, Аяпберген Муўсаев, Аббаз Дабылов, Садық Нурымбетов дөретиўшилигинде де ушырасады. Шайыр Т. Жумамуратов та усы дәстүрди даўам еттириўшилердиң бири сыпатында аўызеки әдебияттың ең жақсы үлгилерин өз дөретиўшилик устаханасында қайта ислеп, оған жаңа форма, жаңа мазмун берип, әдебий шығармалар дөретиўге еристи. Т. Жумамуратовқа тән және бир өзгешелик фольклорлық, классикалық әдебияттың дәстүрий жанры айтыста өз шеберлиги, ҳәзиржуўаплығы, тапқырлығы, көркем сөзге шешенлиги менен өз заманласларынан ажыралып турады. Бул, әлбетте, халық шайырының тез ўақыттың ишинде ядтан қосық шығарыўға бейимлигин, төкпешилик, суўырып салма (импровизатор) уқыплылығының күшли екенлигинен дәрек береди. Т. Жумамуратовтың халық арасында кеңнен тараған ҳәм соңынан көп томлық қарақалпақ фольклорының «Қарақалпақ халық қосықлары ҳәм салт жырлары» деп аталған V томына (Нөкис, «Қарақалпақстан», 1980) усы көп томлықтың «Айтыс» деп аталған XII томына (1983) кирген ҳәзил-дәлкек қосықлары менен айтыс жанрында дөретилген жуўап айтыслары киргизилген. Шайыр оғада жас гезинде қазақтың белгили шайыр – жыршысы Үмбеталы Кәрибаев пенен айтысқа түседи. Буны шайырдың өзи де былайынша баян етеди: «Мен ол ўақытлары он жети жаста едим. Еле тек ғана бир аўылға белгили болғаным болмаса, пүтин елге мәлим болғаным жоқ еди. Үмбеталы суўырып салып айта беретуғын ақпа шайыр еди. Талай қыз-жигитлердиң отырыспасында жырлағанын көретуғын едим. – Мен сизиң менен айтыспайман, – деп жуўап қайтардым. Бирақ, аўылдың халқы Үмбеталыны қоймаған. «Сен сол бала менен айтыс. Өзи келисим менен айтыспаса, сен сөз бенен оны илип айт. Оннан кейин ол да айтысты даўам етип жибереди» – депти. Усындай сөзлерге байланыслы Үмбеталы маған мынандай сораўларды берди: – Қарақалпақлар Хожа Ахмет Яссаўийдиң шымылдығын урлап, ғарғыс алған. Қарақалпақлардың

аз болыўы да соннан дейди. Соның ырас-өтиригин айтып бер? – деп сорады. Сөз тийгеннен кейин мен де қарап қала алмадым. Екеўимиздиң арамызда айтыс басланып кетти. Мен оның сораўына жуўап қайтардым. Буннан кейин ол жеңилип қаларман деп ойлады ма: – *Шамаңды байқадым. Сениң алдыңда басымды ийемен!* – деп айтысты даўам етпеди» [2, 321 – 322]. Мысалы, қазақ шайыр-жыршысы Үмбеталы Кәрибаев Тилеўберген шайырға хат арқалы ҳәзил-шыны аралас мынандай қосық қатарларын жоллайды: *Тилеўберген қарағым жас баласың, Аққумның отырыспасын басқарасың, Юсиптей сын-сымбатың келисип тур, Қызлардың жүрегинде сақталасың. Уясы дүзиў жердиң улы дейди, Еситтим көп аралап ел арасын, Айтқаны өз халқыңа ырас болса, Дүньяда китап қоймай ақтарасың. Журттың бәри сыртыңнан шайыр дейди, Жүйрик болсаң несине тоқталасың?*

....Қарақалпақ үлкен ел болған екен, Басқарған талай журттың буқарасын, Түркстанға барғанда көрип жүрмиз, Хожа Ахмет Яссаўий мақбарасын. «Содан қарғыс алыпты қаракең», деп, Душпанлары шығарған масқарасын, «Содан кейин азайып қалған екен», Деп сыртынан айтады журт ырасын. Ақын болсаң осыған жуўап қайтар, Шебер сөз ескен желдей бурқырасын, Шымылдықты урлаған урылардың, Урпақтары болған соң сақталасың. «Қарақалпақ улымын» деў де уят, Оны айтып несине мақтанасың? «Халық айтса қалып айтпайды» деген сөз бар. Дәлилде «қаракеңниң» ақ-қарасын?! [2, 322 – 323].

Өз гезегинде Тилеўберген шайыр да Үмбеталының сораў-жуўапларына былайынша жуўап қайтарады: – *Көп сәлем Үмбеталы ағамызға, Излесек Сиздей аға табамыз ба! Талай-талай мақтаўлы болсаңыз да, Асылып турсыз бүгин жағамызға! Ҳәзирше шабытыма келгеним жоқ, Ойлансақ, шамалы сөз табамыз да, Сиз бир бийик, асқар таў, мен төбешик, Шабылған тарлансыз ғой арамызда.... «Түркстанда шымылдық урлаған деп», Сын тағыпсыз бизлердиң бабамызға. Урлаўына сизлердей гүўа турса, Бабамыздың айыбын жабамыз ба? Шымылдықты урласа, алған шығар, Бул гәп я ырас, я жалған шығар. Бир шымылдық бир халыққа мүлк болмайды, Көп болса төрт-бес уры болған шығар, Ҳәр елде ондай уры болмаймекен, Қазақта да урылар болған шығар. Әўелден арқан-тусаў урлайтуғын, Өзиңниң арқадағы шарўаң шығар, Нағашылы-жийенлер урлап болып, Жаласы қарақалпаққа қалған шығар... Гүмбезинде бар дейди, алтын алқап, Қазақлар сатып жеген жүрек жалғап, Ҳеш азамат өз халқын ғарғамайды, Яссаўий – қазақ емес, қарақалпақ!..* [2, 323 – 324].

Усылай етип, шайыр өз халқының халық шайыры ҳәм бир перзенти сыпатында қарсыласына дәл нышанаға тийгизип жуўап қайтарады. Шайыр ушқыр қанатлы сөзлер менен өз қарсыласына көркем сөзден ҳеш жеңислик бермегенлиги сезилип турады. Буны биз, Үмбеталының Тилеўбергенге қайтарған мына жуўабынан да анық көриўимизге болады.

Хат жазаман, мен арнап, Тилеўберген қарағым, Ылғалың жүрип бул күнде, Әркимнен артық талабың, Сен болмасаң қызбайды, Аққумда мениң базарым, Қай ўақытта хат жазсам, Меңлибек еди шабарым, Мойнаққа сени кетти деп, Хабарыңды сорадым, Аман-есен келдиң бе? Арымайтын араның, Айтысыўға шама жоқ, Күшиңди байқап қарадым, Айналайын қарағым, Алдыңа бас урамын! [2, 324 – 325].

Солай болса да, еки халықтың да сөз шеберлериниң бир-бирине болған шайырлық шабытқа шығыўы, сөз жарыстырыўы, дослық ҳәзил-дәлкек айтысларынан ары өтпейди. Ҳәттеки, олар бир-бириниң шайырлық талантын, көркем сөз шебери екенлигин халық түсинигине қонымлы халық дәстанларындағы Юсипке, «тарланға», «тулпарға» теңеўи де оғада әҳмийетке ийе.

Тилеўберген шайырдың шайырлық сөз өнерин жарыстырыўдағы шеберлигине ҳайран қалып сүйсинген Үмбеталы Кәрибаев оған төмендегише жуўап қайтарады.

Тилеўберген сөз айттым сынаў ушын, Опырай керамат ғой мынаў күшиң, Жасыңнан тил зибанды берген екен, Түртип ем бир сөйлетип қараў ушын. Айтқанымның бәри де қалжаң гәп ғой, Мақсетим жоқ тақымнан бураў ушын, Барлық халық барды десе ким нанады, Бир ғана шымылдықты урлаў ушын. Бул айтылған ақмақтың сөзи шығар, Елиңниң душпанына жараў ушын, Халқыңның жүреклери ашық екен, Узақтан келген барлық қонақ ушын.... Қарақалпақ батырдың баўыры деп, Сиз түўе қазақлар да мақтанамыз [1, 353].

Халық шайырының көркем сөзге усталығы, импровизаторлығы (төкпе шайыр екенлиги) фольклордағы айтыс жанрын ҳәзирги дәўир әдебиятында раўажландырыўдағы шеберлиги жоқарыдағы Үмбеталы Кәрибаев пенен ҳәзил-дәлкек айтысларында, және де мойнақлы дайысы Палман менен

айтысы, Мойнақ районының Мәдели аўылында жасаўшы муғаллим Кәримбай Муўсаев пенен айтысы ҳәм т.б. өзи менен жасаған заманласлары менен ҳәзил-дәлкек, дослық дегишпелеринде де анық көринеди.

Әдебиятлар:

1. Қарақалпақ фольклоры. Қарақалпақ халық қосықлары ҳәм салт жырлары. Нөкис. Қарақалпақстан. 1980. V том. 353-б.

2. Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық. Айтыс. XII том. Нөкис. Қарақалпақстан. 1983. 322 – 323-бб.

SHÍNNAZAROV NARIMAN JUBATXANOVICH

Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı magistrantı.
Ózbekstan, Qaraqalpaqstan, Nókis

QARAQALPAQ XALQÍNÍŃ TÓKPE SHAYÍR ULÍ

Hárqanday sóz sheberi kórkem shıǵarmalardı dóretiwde xalıqtıń milliy ádebiy tilinen, til birliklerinen paydalanadı. Al, sol shıǵarmanıń kórkem tillik bahalılıǵı dóretiwshiniń til birliklerinen qay dárejede qollana alıwı menen baylanıslı.

Belgili shayır T. Jumamuratovtıń shıǵarmaları izertleniwi máselesine búgingi kúnge shekem ádebiyattanıw ilimi kózqarasınan baha berilip keldi. Bul, tiykarınan, Tilewbergen Jumamuratov shıǵarmaları lingvistikalıq baǵdarda da izertleniwge ılayıq degen uǵımdı ańlatadı. Sebebi, T. Jumamuratov shıǵarmaları shayırdıń jeke óziniń miynetleri, dóretpeleri bolıp ǵana qoymastan, bul pútkil xalqımızdıń til baylıǵın, sózlik qorınıń keńligin de kórsetedi.

T. Jumamuratov óz shıǵarmalarında qaraqalpaq milliy ádebiy tiliniń eń tiykarǵı úlgilerin kórsetip bere alǵan. Qaraqalpaq til biliminde shayır T. Jumamuratovtıń shıǵarmalarınıń tillik ózgesheliklerin izertlewde ulıwma tilimizde kórkem shıǵarmalar tiliniń izertleniwi boyınsha bir qatar sheshiliwi tiyis máselelerdiń bar ekenligi kórinedi.

T. Jumamuratov belgli shayır. Ol kóp sanlı lirikalıq, satiralıq qosıqlar, poemalar dóretti. Onıń kóplegen shıǵarmaları rus, ózbek, qazaq hám basqa da tuwısqan milletler tiline awdarıldı. Onıń dóretiwshilikte salmaqlı miynetleri ushın húkimetimiz oǵan «Ózbekstan xalıq shayırı», «Qaraqalpaqstan xalıq shayırı» húrmetli ataqların berdi. Ol Respublikalıq Berdaq atındaǵı sıylıqtıń laureatı. Tilewbergen Qupbatulla ulı Jumamuratov 1915-jılı Moynaq rayonınıń Aqdárya awılında tuwıldı. Onıń dóretiwshiligine xalıq ádil baha berip, «Xalıqlar doslıǵı», «Húrmet belgisi» ordenlerine miyasar boldı.

T. Jumamuratov – dramaturg, dilmash, publicist, tariyxshı, ádebiyat, til, kórkem óner bilimdanı.

T. Jumamuratov qaraqalpaq tiliniń sózlik baylıǵınan oǵada sheber paydalana alǵan. Bul haqqında shayırdıń qaraqalpaq tili baylıqlarınan oǵada orınlı hám anıq, dál orınlarda paydalana alıwın belgili ádebiyatshı Q. Sultanov (Жумамуратов Т. «Аралға келдим оралып». – Нөкис: Қарақалпақстан, 2016. 4-б.) usı kitapqa bergen tómendegi pikirleri menen kórsetedi:

«Bir ilimpaz, bir tilshi, ádebiyatshı qaraqalpaq tilin qansha dárejede tereń bilemen dese de, T. Jumamuratovtay biliwi múmkin emes. Bunı ayrıqsha belgilep ótiwi kerek».

2015-jılı Tilewbergen Jumamuratovtıń 100 jasqa tolıw merekesi respublika kóleminde saltanatlı túrde belgilep ótildi. Usı múnásibet penen T. Jumamuratov shıǵarmalarınıń jóninde de bir qatar ilimiy maqala, tezisler járiyalandı.

Shayırdıń: «Ómirimniń ózi filosofiya» (2005), «Aralǵa keldim oralıp» (2016), «Úy qasında sarı tal» (2016), «Tańlamalı shıǵarmaları» (1972) t.b. bir qatar belgili miynetleri bar. Qaraqalpaq poeziyasında óziniń poetikalıq dóretpeleri menen salmaqlı orın qaldırǵan talantlı sóz sheberi T. Jumamuratov naǵız kórkem sóz ustası, improvizator shayır bolǵan.

Poeziyamızda onıń shıǵarmalarınıń ornı girewli. T. Jumamuratovtıń shıǵarmalarınıń tili xalıq tili menen kútá únles, ápiwayı, kórkem jáne obrazlı. Ol óz dórepelerinde sóz mánisiniń awısıw usıllarınan, yaǵnıy troplardan ónimli paydalanǵan. Sóz sheberi olardı shıǵarmada hár qıylı lirikalıq obrazlar dóretiwde, olardıń kewil keshirmelerin, ruwxıy tolǵanısların ashıp beriwde, turmıstı kórkem etip súwretlewde, ulıwma, alǵa qoyılǵan ideyanı til arqalı kórkemlep súwretlewde zárúrli til quralı sıpatında jumsaǵan. Bulardıń hárbirin qollanıwda shayırdıń sóz tańlaw sheberligi kózge taslanadı.

T. Jumamuratov shıǵarmalarında awısqan mánilerde qollanılǵan sózlerdiń metafora, metonomiya, sinekdoxa, epitet, teńew, giperbola hám litota, ironiya janlandırıw sıyaqlı túrleri stillik maqsette sheberlik penen qollanılǵan. Ol shın mánisindegi tókpe shayır bolǵan. Qanlıkólshi, marhum atamız, kóp jıllar Moynaqta ishki isler bóliminde islegen Tilew Mamutov belgili shayır Tilewbergen Jumamuratov haqqında tómendegishe eslegen edi: «Shayır qaysı jerge barmasın, házil aralas qosıqlardı suwırıp salıp aytatuǵın edi, onıń bul qábiletine hámme tańqalıp qaraydı. Tilewbergenniń kóp qosıqları xalıq arasında».

T. Jumamuratovtıń qaraqalpaq xalqı ushın qaldırǵan miyrasları heshqashan ólmeydi, máńgi jasaydı.

ҚОЖЫҚБАЕВА ЗИЯДА АДИЛБАЕВНА

Қарақалпақ мәмлекетлик университети
Журналистика кафедрасы доценти,
филология илимлериниң кандидаты.
Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

ҚАЛЫС ХЫЗМЕТ – ӘПСАНАЎИЙЛИККЕ ТИЙКАР

Жәмийетлик қарым-қатнаста журналист сөзи өзиниң тәсиршеңлик күшине ийе. Заман ҳәм дәўир талабы барлық дәўирлерде де журналистлерден ҳақыйқатлық ушын калыс хызмет етиўди талап еткен. Журналисттиң еркин дөретиўшилик пенен шуғылланыўда поэзияның унамлы тәсири бар.

Тилеўберген Жумамуратов өз заманының әжайып публицисти болып, өз заманласлары менен ушырасыўларда төкпелетип суўырып-салмай қосық шығарыўға уқыплы, дилўар сөз зергери болды. Жаслайынан шайыршылықта дилўарлығы менен даңқ таратты.

Т. Жумамуратовтың өмири, оның тилге шешенлигинен дерек беретуғын дереклерге толы.

Ел арасында Т. Жумамуратовтың бир гай хызметкериниң қопаллығына байланыслы тап сол ўақытта импровизация менен шығарылған қосығының кишкене тарийхын көпшилик биледи. 1959-жылы декабрь айында Т. Жумамуратов көлик кемтарлығынан Кегейлиге хызмет сапарында жүк машинасына минеди. Жолда суўыққа тоңып турған еки кемпирди көрип, аяп, үш адам миниў қадаған екенин билсе де, шофёрға «кемпирлерди ала кетейик, суўықта қатып қалар» деп жалынып машынға мингизеди.

Бирақ, Кегейлиге кирген жерде ГАЙ хызметкери машынды тоқтатады. Басқа жигитлер шайырды танып, булардың нийетлери жақсы ойда екенлигинен, «уят болар, қояғояқ» десе де, биреўи, баслығы усайды, тәўеллеге турмайды:

«Мениң атымды Сәден дейди! Машыныңыздың роторын сытып аламан», деп қопаллық етеди. Өзи мәс екен. Тилеўберген шайыр район басшылығы жайына, мәжилис болып атырғанына қарамастан, кирип келип, болған жағдайды айтады: *Кегейлиге келип едик, Кирген жерде күтип алды. Бизлер минген машинаның, Роторын сытып алды. – Мениң атым Сәден, – дейди, Мен қорқаман неден?! – дейди. Кегейлиге келгенлерден, Алатуғын қәдем»* – дейди.

Өзи күтә шаққан екен, Жүз граммды қаққан екен, «Еки кемпир мингиздиң» деп, Үлкен гүна таққан екен!»

Биз сөз шеберинің конкрет тек бир бағдардағы, яғный, оның ҳуқық қорғаў мәселелерине байланыслы ой-пикирлерине, унамсыз иллетлерге қарсы сатиралық публицистикасына ғана дыққат аўдардық.

«Сатиралық публицистика – жәмийеттеги унамсыз иллетлер менен шуғылланыўшыларға қарсы турыўда оғада әҳмийетли рол ойнайды» [4?18] – деп жазады өзбек сатиралық публицистикасын изертлеген алым Ориф Саидов. Шынында сатиралық публицистиканың жәмийеттеги роли оғада күшли. Ол көркем әдебият пенен тығыз байланыста, публицистикалық жанрларының жетилисиўине тәсир жасады. Сатиралық публицистика күнделикли баспасөзде айрықша орын ийелейди. Оның өмириндеги айырым ўақыяларға тоқтап өтсек:

1949-жылдың қысында Мойнақтың «Машанкөл» деген жеринде колхозшылар көп балық шығарып, балық трестиниң немқурайдылығы салдарынан бираз балықлар зая болған. Шайыр бул материаллар менен толық танысып, «Қызыл Қарақалпақстан» газетасына «Көрген исти еттик баян» атлы фельетон жазған. Фельетон 1950-жылы январьда газетада жәрияланған екен.

Сегиз мың центнер балық, «Машан», «Хожа көл»де қалып, Ширип кетти көрмеген соң, «Балық трест» хабар алып! Жуўап бермей барғанларға, Ең болмаса Қаражарға, Тасытпады ақырында, Рәҳәтин көрди ғарға. Ҳәзир көрсең таў-таў екен, Мәлин, сағаллар жаў екен. Қайта-қайта жеп кетеди. Тоймайтуғын гөрқаў екен, – делинген балықтың атынан.

Бул фельетон қосық пенен жазылып, шайыр поэзиясында публицистлик руўхтың жүзеге шығыўы оның газета-журналлар менен тығыз байланысы республика турмысына жәмийетлик хызметкер сыпатында терең араласыўының да нәтийжеси болса керек.

Усындай объектив жағдайлар шайыр шығармаларында публицистлик пафосты күшейтеди. Бул болса, өз гезегинде, оның шығармаларының қунлылығын және де арттырады.

Бундай дәстүрлерди туўысқан халықлардың әдебиятында ушыратамыз. Мәселен, өзбек әдебиятында Алишер Наўайыдан басланған бул дәстүрди, соңғы әўлад – Ғафур Ғулам, Абдулла Қаҳҳар, ҳәм басқалар даўам етти.

Ал, қазақ әдебияты публицистикасында болса, Сәкен Сайфулин, Бейимбет Майлин ҳәм басқалар көзге тасланады.

Ал, қарақалпақ әдебиятында болса жазыўшылар Мырзағалий Дәрибаев, Дәли Назбергенов, Жолмырза Аймурзаев фельетон жанрында бир қатар шығармалар дөретип, бул жанрдың раўажланыўына үлес қосты.

Т. Жумамуратовтың фельетон-хат формасында шығармалары бар. Олар журналистика теориясында адресли фельетонлар деп аталады. «Совет Қарақалпақстаны» газетасының 1958-жылы 18-май №99 санында «Бет жүзине қарамай...» деген рубрика атында жәрияланған бир қатар фельетонлар буған мысал бола алады.

Оны шайыр «Дослық дәлкек, бирақ, шын» деген темада жәриялайды:

Нөкисторг директоры Жолдас Жаңабаевқа

Балалардан

«Сәлем Қосыбай ағаға, Кийимлер қайда балаға, Еситемиз бийпул деп, Нөкистен басқа қалада. Менсинбеўге бола ма? Талай барып дүкәнға, Бос қайтамыз ғалаба, Зат тым-тырыс болған соң, Бала, зат ала ала ма? Алып сатар бар екен, Жылмаңлап жүрген арада. Соларда көрдик биразын, Пара берип ала ма? Зат аз келсе солар шад, Сатады қымбат баҳаға, Жасы үлкеннен дәме сол, Кетпесин тилек далаға». Қурылыс трестиниң басқарыўшысы Г. Толстенко ҳаққында: Көр, Георгий ағаны, Қурылыстың маманы. Асықпайды бирақ та, Әдетиниң жаманы. Усындай да бар екен, Адамның нағыз «шабаны»: Он бес жылда питкерген, Жалғыз кеселхананы. [5]

Мине, усындай бир формада белгили бир адреске қаратылған фельетон дөрелди. Және де усындай бағдардағы фельетонлардан:

Электростанция директоры жолдас Шварцтың есине: «*Гейде жақты артады, Гейде геўгим тартады, Қәпелимде, тас түнек, Балалар шуўлап қорқады, Түсемиз енди ҳәлекке, Сөгис аралас гил өкпе? Директор көрмей, япырмай, Свети оның бөлек пе?!*

Коммунал хожалық директоры Жолдас Қосбатыровқа: *«Скорая помощ» жүре алмай, Батыпты жапта иркилип, Қосбатыров уялмай, Ҳәз етипти бир күлип. Егилген түрли ағаш көп, Биразын ешки кемирди, Жапырақ жеп, нәлше жеп, Түйелер де семирди».*

РесПОның председатели Бабаназаров ҳәм Нөкис қалалық саўда бөлиминиң баслығы Ақназаровқа: *Универмагты көрсең барып, Қурсағы аш, қалған арып, Өз қарны қампайған соң, Ойламапты Ақназаров. Дүкәнларды көрсең байқап, Өкинесең басты шайқап. Қысы менен қалпақ толы, Жаз түсиўден шығар байпақ.*

Жоқарыда көрип отырғанымыздай, бул шығармалардың барлығы да белгили бир адреске, анығырақ айтқанда, көпшилик жағдайда хожалық басшыларына тиккилей қаратылған ашшы сатира. Бундай дәўир шынлығын поэзия тилинде баянлаў арқалы публицистика жанрларына да бир қанша жаңалық киргизе алды. Оның «Мәсмәмбеттиң түси», «Тон менен төбелес» шығармалары қосық-фельетон жанрында дөрелген өлмес шығармалар.

Жуўмақлап айтқанда, Тилеўберген Жумамуратовтың сатиралық публицистикасының орайында әдиллик ҳаққындағы идеялары жасайды. Сонлықтан да, оның поэтикалық-эстетикалық мийрасы менен мәнәўият әлемине тәсир жасаған дөретиўшилик тәжирийбелерди үлги сыпатында үйрениў әҳмийетке ийе. Халық шайырларының жәмийетти саламатластырыўға қаратылған дөретиўшилиги – күшли мәмлекеттен – күдиретли жәмийетке қарай концепциясында руўхый мийрас сыпатында баҳалы.

Әдебиятлар:

1. Бекмурзаев Н. Нотиқлик асослари – Т., «Фан» 2006
2. Жумамуратов Т. Өмиримниң өзи философия. – Н: «Қарақалпақстан», 2005; Аралға келдим оралып. – Н: «Қарақалпақстан», 2016.
3. Рустамов А. Сўз хусусида сўз. – Т: – 1987.
4. Саидов О. «Ўзбек фельетони». Тошкент, 1981,
5. «Совет Қарақалпақстаны» газетасы, 1958-жыл.

ПАЛЎАНОВ БАХЫТБАЙ НУРЛЫБАЕВИЧ

Филология илимлериниң кандидаты, доцент
Қарақалпақ мәмлекетлик университети.
Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

ТИЛЕЎБЕРГЕН ЖУМАМУРАТОВТЫҢ ЖУРНАЛИСТЛИК ХЫЗМЕТИНИҢ ӨЗГЕШЕЛИГИ

Сөз зергери Тилеўберген Жумамуратовтың дөретиўшилигин әдебий сын көзқарасынан изертлеген белгили әдебиятшы илимпаз С. Ахметов шайыр ҳаққында унамлы пикир билдирип, «Т. Жумамуратов – эпикалық поэзия тараўында әдеўир жақсы танылған шайырларымыздың бири. Оның поэмалары, балалар ушын ертеклери баспасөзде өзиниң объектив баҳасын алды. Оның улыўма дөретиўшилигин, соның ишинде, көпшилик поэмаларын халық поэзиясының руўхы характерлеп турады. Бул оның фольклорлық сюжетти, образларды жийи қолланғанлығында ғана емес, ал халықтың бай поэтикалық дәстүрлерин дөретиўшилик бағыттан утымлы пайдалана билгенлигинен де айқын көринеди. Соның ушын да, шайырдың шығармалары өзиниң тәбийлиги, әпиўайылығы, түсиниклилиги менен оқыўшының жүрегинен орын алып киятыр» [1; 54].

Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық шайыры Тилеўберген Жумамуратовтың дөретиўшилигинде журналистлик хызметтиң орны үлкен. Себеби, ол шайыр болып халыққа танылғаны менен, оның журналистлик хызметлери де нәтийжели болды. Шайыр «Арал балықшысы» газетасында жумыс ислеген. Ол бир нешше журналистлик материаллар жазған. Бул оның журналистлик хызметиниң бир тәрепи болып табылады. Оның журналистлик хызметиниң екинши қайталанбас

тәрепи қосық қатарлары менен жазылған журналистлик шығармалар болып есапланады. Мине, усы жағынан ол басқа қарақалпақ шайырларынан өзгешеленди.

Шайырдың журналистикаға тийисли жанрларда қара сөз бенен қәлем тербетиўи оның журналистлик хызметин белгилесе, ал, оның қосық қатарлары менен журналистлик жанрларда шығармалар жазыўы, оның басқа шайырлардан өзгешелигин көрсетеди.

Мәселен, шайыр дөретиўшилигинде сатиралық жанрлар қатарынан орын алған фельетонның орын алыўы буған мысал болады. «Көрген исти еттик баян» (Машанкөлде болып өткен бир ўақыя туўралы фельетон)» [2; 90 – 92] деген дөретпеси қосық қатарлары менен жазылған журналистлик шығарма. Бул жерде авторға ҳәм көркем-әдебий дөретпеге қойылатуғын талапты орынлаўға, соның менен бирге, журналистика теориясына бойсыныўына туўра келген.

Шайыр дөретиўшилигинде публицистикалық лирика да ушырасады. Буны биз шайырдың «Ўатан усы болса, қайда көшемиз?...» деген еки шуўмақтан ибарат дөретпесинен билиўимизге болады.

«Жайлап ата-баба, әке-шешемиз, Тасқын суўға ийе едик кеше биз. Әй, мәканлас баўырларым, досларым, Ўатан усы болса, қайда көшемиз?!» [2; 97]

Бул қосық қатарлары арқалы, автор өз оқыўшысы менен туўрыдан-туўры сәўбетлесип, Ана-Ўатанның жалғызлығын, оны ҳасла таслап кетиўге мүмкин емеслигин, туўған жерди таслап көшип кетиўге болмаслығын атап өткиси келген.

Шайырдың дөретиўшилигине итибар қаратсақ, онда көркем-әдебий журналистика жанрларына тән қосықларын көплеп ушыратыўға болады. Мәселен, мемуар жанрын еслетиўши «Еске алыў» [2; 151], хат жанрындағы «Ашылмаған хатлар» [2; 175 – 176] ҳәм басқа дөретпелери пикиримизди дәлиллейди.

Шайыр дөретиўшилигинде фольклорлық дәстүрлер заманагөй теманы сәўлелендириў мақсетинде бериледи: «Тәшимниң талабы» [2; 191 – 196] сатиралық рәўият болғаны менен мазмуны бойынша фельетон жанрын еслетеди. Бундай юмор-сатиралық характерине ийе шайырдың «Мәсмәмбеттиң түси» [2: 201 – 202], «Тон менен төбелес» [2; 207 – 209] дөретпелери журналистиканың сатиралық жанрларына мазмун жағынан жақын келеди.

Шайырдың фольклорлық дәстүрлерге мүрәжаат етип, тымсал жанрында («Тирийек жутқан жайын» [2; 221 – 222]), әпсана жанрында («Бала туўралы сөз» [2: 267 – 273]) оның имканиятларынан кең пайдаланыўы, оны заманагөй турмыс машқалаларын сөз етиўде пайдаланыўы дөретиўшилик жақтан утымлы шыққан. Сонлықтан, биз халық шайыры Т. Жумамуратовтың әдебий-көркем журналистикасы, оның эпикалық поэзиясындай жетилискен деген пикирдемиз. Шайыр дөретиўшилигиниң усы тәреплери еле арнаўлы изертлеў жумысына айланбағанын көриўге болады.

Әдебиятлар:

1. Ахметов С. Әдебият ҳәм критика. Нөкис, Қарақалпақстан, 1978. Б. 396.
2. Жумамуратов Т. Аралға келдим оралып. Нөкис, Қарақалпақстан, 2016. Б. 322.

ЎТЕНИЯЗОВА ГУЛЗАДА ЖУМАНИЁЗОВНА

Ўзбекистон журналистика ва оммовий коммуникациялар университети, стажёр-тадқиқотчиси.
Ўзбекистон, Тошкент

НОТИҚЛИҚ САНЪАТИ ВА ФАЛСАФИЙ АФОРИЗМЛАР
(Т. Жумамуратов ижоди мисолида)

Жамият ривожланиб борар экан, ўз навбатида ушбу жамиятга таъсир қилувчи кучлар ҳам мукаммаллашиб бораверади. Шу нуқтаи назардан, бугунги кунда давлатимизда таълим-тарбия тизимидаги янгиланишлар сезиларли даражада. Давлатимизда олиб борилаётган сиёсат ўсиб келаётган ёш авлодга тўғри таълим-тарбия бериш, уларнинг онгида миллий ва умуминсоний қад-

риятларга содиқлик, китобга ошнолик, буюк аждодларимизнинг хотирасига юксак эҳтиром, лойиқ авлод бўлишга интилишни шакллантириш кабиларни долзарб мавзу сифатида белгилаб бермоқда.

Таълим-тарбия масаласида енг аввало, таълим берувчининг ўзи чуқур билимга, юксак салоҳиятга, айниқса, ўз билимини етказиб беришда муҳим ҳисобланган нотиқлик санъатига эга бўлади. Нотиқлик санъати деганда кўпчилик ёшларда давраларда соатлаб гапириб, еринмасдан фикрини бафуржа билдириб туришга ўзида куч топа оладиган инсон деган тушунча юради. Бу – нотўғри. Нотиқ – қисқа, аниқ ва таъсирли тарзда сўзлайдиган, фикрини оммага етказа оладиган шахс. Нотиқлик – кишилар онгига тез таъсир қилиш, таъсирчанлик ҳусусиятларига эга. Нотиқ – (лотинча *«orare»* – «шарҳ», *«orator»* – «шарҳловчи») нутқ сўзловчи, такомиллашган нутқ эгаси, нотиқлик санъати эгаси.

Бугунги кунга келиб нотиқлик санъати билимлари анча янгиланди. Нотиқ оммага ўзини тинглата олиши учун ҳар томонлама саводхон бўлиши талаб этилади. «Сизда ҳам, менда ҳам атрофдаги дунё билан мулоқатга киришишнинг фақат тўртта услуби мавжуд; бизга қилаётган ишимиз, бошқаларга қандай муносабатда бўлишимиз, нимани ва қандай гапиришимизга қараб баҳо берадилар. Кўпчилик кишилар узундан-узоқ ҳаёт йўлига мактабни тугатган ҳамон қадам қўйишади, улар ҳатто ўзларининг сўз захираларини онгли равишда бойитишга ҳаракат қилмайдилар, ҳар бир сўзнинг маъно ўзгаришлари ва бу сўзни ўрнида равшан қўллаш, талаффуз қилишни ўрганадилар ҳам. Улар ишда ва кўча-кўйда ишлатилган сийқаси чиққан жумлаларни ишлатишга ўрганиб қолишган... «Атоқли руҳшунос Дейл Карнеги айтганидек, омма олдида сўзлаш санъати инсон ҳаётида катта ўрин эгаллайди. Кўп бора ишлатилган сўз бирикмалари инсонни зериктиради.

Ушбу вазиятда афоризмлар ёрдамга келади. Нотиқларнинг қочирим ва афоризмлардан фойдаланган ҳолда нутқ сўзлаши ўзига ҳос ҳусусиятларга эга. Ораторлар фақат цитаталарни келтириб-гина қолмай, уларни тушунтириб, изоҳ ҳам бериб ўтади. Ушбу услуб амалиётда оқланган. Сабаби, у биринчидан, фикрлаш муҳитини яратади ва тингловчиларни обрўли шахснинг дунёқараши билан таништиради. Иккинчидан, ғояни тингловчиларнинг онгига тез етиб боришини таъминлайди. Агар гапиришда маълум бир муаммо бўйича турли ҳил дунёқарашлар тортишаётган бўлса, цитаталар фактли материаллар вазифасини бажариши билан ҳам муҳим ҳисобланади. Бу вазиятда цитата айтилган назарий қоидаларга иллюстрация ролини ижро этади. Цитата келтириш, айниқса, оппонент ва ғояли оппозициялар билан тортишувда таъсирчан қурол сифатида жуда қулай. Омма олдида нутқ сўзлашда тўғри қўлланилган цитаталар унинг таъсирчанлигини, рухий-таъсирчанлик аҳамиятини кучайтиради, тингловчиларни зериктирмайди.

Интернет сайтларига назар ташласак, XX аср қорақалпоқ адабиётининг беқиёс нотиқ шоири Т. Жумамуратовнинг кўпгина мисралари ижтимоий тармоқларнинг ўткир сўз бирикмаларига айланиб, оммага ўз фикрларини ифодали тушунтиришда катта энциклопедия вазифасини бажараётганининг гувоҳи бўламиз. Афоризм сифатида ёш зиёли аҳолининг ҳам, катта ёшдаги шоир Тилеуберген Жумамуратовнинг замондошларининг ҳам фикрни таъсирчан етказиш қуролларининг бири сифатида кенг қўлланилиши кузатилди. «Афоризм – бу ёзувчи ёки шоир томонидан эҳтиёрсиз равишда айтилган, ўзида теран маънони акс эттирувчи сўз бирикмаси» деган қоида Т. Жумамурвтовнинг нотиқлиқ санъатимизга қўшган ҳиссасини яққол намоён етади. Чунончи, сўз бирикмаси бошқа одамлар томонидан ҳам ишлатилган бўлиши зарур. Инсоннинг ёши ўсгани сари, у теран маъноли ва кучли таъсир қиладиган афоризмларни билиб боради ва уларни айни ўрнида ишлата оладиган бўлади. Тилеуберген Жумамуратов кўп сўз бирикмаларини айтиб ўтган ва улар кўпчилик замони вакилларининг есида қолган.

Нотиқлик санъатининг негизида афоризмлар аҳамиятга эга. Нотиқтик санъатининг келиб чиқиши қадим замонларга тўғри келади. Одамзод гапира бошлаганда сўзнинг қадри беқиёс бўлган. Вақт ўтиши билан оддий сўз ва оддий овоз тони орқали бошқаларга ички кечинмаларни ифодалаш оғирлашган. Одамларга фикрининг тўлиқ тарзда етиб бориши учун ҳам меҳнат қилиши натижасида нотиқлик санъати келиб чиққан. X ва XI аср нотиқлари – сиёсий оратор Марк Тулли Цицерон ва Кайковусларнинг нотиқлиқ санъатининг шаклланишида ўрни катта. Уларнинг «Давлат

ҳақида», «Нотиқлик ҳақида» ва «Қобуснома» асарларини нотиқлик тарихида дастлабки адабиётлар сифатида таъкидлаб ўтиш жоиз.

«Фэйсбук» ижтимоий тармоғидаги қуйидаги фикрларга этиборимизни қаратсак:

«Тилеуберген оғани кўрсам, ҳудди отамни кўргандек кўнглим тошиб кетади, у замоннинг одамлари жуда боладек оққўнгил ва борича ҳалолликга интилишган. Гоҳида кичкина акам «хитрость» қилиб, светнинг счетчигини ҳисобини қайтарса, уйга киргизмасдан, кувиб чиқарадиган эдилар. Яхшиликни билмайдиган нодон, ҳукумат сенга свет қуриб берса, сен уни алдайсан деб. Озгина ойлигини олишидан дарҳол, свет қаризидан қутилар эдик. Шундай «теберик» оталарнинг жойлари жаннатда бўлсин! Руҳлари шод бўлсин!»

Гулистан Оразбаева: «Тилеуберген оғанинг шеъҳрини ўқиб, отам эсимга тушди. Аввалги инсонлар тўғри яшашган. Қаттиққўл эдилар. Фақат меҳнат билан одам кўп яшайди. Еринчоқликни енгиш керак. Ўйласам, ҳаммаси ҳақиқат. Жойлари жаннатдан бўлсин. Малика опа, сизга раҳмат. Отангиз ҳақида эслаб, чин қалбдан ёзганингиз учун. Буюк инсонларнинг қизи буюклигича қолар экан. Қонида бор чин инсонийлик фазилат, дегим келди. Жонкуяр, меҳри баланд инсонсиз. Умрингиз узоқ, мартабангиз улуғ бўлиб бора берсин!».

Оддий халқдан ташқари буюк уломалар ҳам шоир Т. Жумамуратовни сўз устаси бўлганлигини алоҳида эътироф этган. Масалан, Ўзбекистон Қаҳрамони, Ўзбекистон ва Қорақалпоғистон халқ шоири И. Юсупов қўйидагини таъриф этади: «Юздан тулпор шоир эдинг сен шундай! Кўплар шеър ёзди, ў эса шоир эди». Ушбу афоризм халқ оғзаки тилида ёзилганлиги, оддий, лекин, таъсирчанлиги билан ажралиб туради. Т. Жумамуратовнинг ҳақиқий шоир бўлганини икки қаторда усталик билан кўнгилга «ўтирадиган» қилиб таъриф этади. Қозоқ халқининг суюкли ўғли, жамоат арбоби Сабит Муханов: «Ё Раббим, Т. Жумумуратов – тошқин дарё-ку» дея эътироф этади. Оқиб турган дарё суви тинчлик нималигини умуман билмаслигини ҳисобга олсак, биринчи томондан шоирнинг изланувчанлиги, тинимсиз меҳнатлари эътироф этилган деган хулосага келиш мумкин. Лекин, бу ерда шоир истеъдодининг мукаммаллиги кўпроқ акс этган.

Истеъдодли шоирлардан бири К.Раҳманов Т. Жумамуратов ҳақида қуйидагича зикр қилади: *«Қўшиқ бўлиб отилганда, Шошиб қолди ботирлар ҳам».* Афоризмлардан фойдаланиш ОАВ ходимлари, фан фидойилари ва оддий халқ вакиллари томонидан ишлатилганда катта фарқга эга бўлади. Юқорида келтирилган сўз бирикмалари сўз усталари нутқидан териб олинган бўлиб, Т. Жумамуратов ижодидаги жўшқинлик, бадиий пафос таърифини топган. Оммавий ахборот воситалари ходимларида кўпроқ оддий, бир эшитганда маъносини тушуниб етиш мумкин бўлган афоризмлар ишлатилади. Бинобарин, ОАВ услуби шуни тақазо этади. Омма орасида каттакичик, зиёли-ю оддий фуқаролар мавжуд. Т. Жумамуратов асарларининг буюклиги ҳар икки соҳа фидойилари учун бирдек тасирчанлик характердаги мазмунни бера олади. Масалан: *«Умр учун муҳаббатим тугамас» ва «Юрак, лекин қаримайди, ёш бордур»* деб умрга муҳаббат мавж ураётган қалбининг туб-тубидаги ҳаяжонини ва туйғуларини ифодалаб, ўқувчини ҳам позитив яшашга ундайди. Халқ орасида афоризмга айланиб улгурган қаторлар умр фалсафаси ҳисобланган яшашга бўлган муҳаббатни тарғибот қилади. Асар мавзуси ҳам инсониятнинг умрини гўзал ва фаровон этиш мақсади асосида юзага келади.

Шоир шеърий мисраларида одамзодга барака келтирувчи бирлик, адолатлилик, дўст бўлиб яшашни улуғлаб ёзади: *«Дунё бошида ҳамма учун қурилган».* Тўкин-сочин, бахтли умр гарови меҳнат эканлигини, ҳаракатда бўлганларгина ҳақиқий бахтга эришиши мумкинлигини қисқа, оддий, лекин таъсирли равишда зикр этади: *«Чин гўзаллик меҳнат севган билакда».* Т. Жумамуратов ижодининг бошқа шоир ва давлат арбобларидан фарқланадиган томони мавзулар хилма-хиллигидадир. Масалан, шоирнинг инсоннинг мардлиги ва ўзига бўлган ишончи тўғрисида теран фикри кишини бениҳоя ўзига жалб этади. Ушбу бир қаторга битилган сўз бирикмалари ҳаётнинг энг буюк сири – ўзига бўлган ишонч туйғусини юксакларга кўтаради: *«Арслон ётар ҳар юракнинг тўрида».* Файласуф энг мард ва қўрқмас, жониворлар подшоҳини келтириб, китобхоннинг кўз олдига ботирлик сиймосини яққол гавдалантира олган.

Тилеуберген Жумамуратов асарларининг ўзига хос тили, мавзуси, таъсирчанлиги, инсон қалбини яхшиликка етаклайди, уни ҳаётнинг енг олий туҳфаси – муҳаббат ва унга қуриладиган

ришталарини онгли равишда қадрлашга ундайди, позитив характерда тарбиялайди: *«Ҳар одамга севган ёри ҳўп сулув».* Умуминсоний ғояларни ўзида мужассам этган. Жамият учун ҳам оила учун ҳам бирдек зарур ҳисобланган дўстликни жаҳонни бошқарувчи сардорга қиёслаб, тушунтиради. *«Умрингнинг ўзи философия»* деган мисралар бу борлиқни ўрганиш учун узоқларга мурожаат қилмасдан, донишманд умрга қулоқ туриш, у билдираётган ишоралар асосида яшаш кераклигини, ушбу биз яшаётган умримиз енг яхши устоз эканлигини баён қилмоқда. Т. Жумамуратов қаламидан яралган фалсафий дунёқарашларга битилган шеърий мисралар вақт ўтса ҳам, ўз қадр-қимматини йўқотмайди, аксинча, камолотга етакловчи афоризмларга айланиб, мангу яшайверади.

Адабиётлар:

1. Саодат Шомахсудова. Нотиқлик санъати сирлари. «Ўзбекистон», №4, 2013 й. 48 – 49-бетлар
2. Қабуснама. Нөкис. «Қарақалпақстан» – 1991.
3. Д. Карнеги «Ўз-ўзига ишонч ҳосил қилиш ва омма олдида сўзлаш санъати». Тошкент. «Янги аср авлоди» – 2010.
4. www.infoogle.ru.

KOZHIKBAYEVA ZIYADA ADILBAYEVNA

Candidate of Philology, Associate Professor.
Karakalpak State University named after Berdakh

ISLAMBEK ABIEV KALBAY-ULI

Karakalpak State University named after Berdakh, Master.
Uzbekistan, Karakalpakstan, Nukus

PSEUDONY AND KARAKALPAK MEDIA

The word of the journalist has a certain power in public relations. At all times, modernity has demanded honest service from journalists in the name of truth. With the free creativity of a journalist, a pseudonym plays a positive role. During the formation of the media in Karakalpakstan, this technique had a special place. So what is an alias?

A pseudonym from Greek («false name») means a fictitious name. [1 – 192]

In Western countries, the pseudonym was used by workers of literature and art. In the countries of the East (Japan, China), the tradition of using a pseudonym was associated with a change in social status. As is known from history, in the field of literature and art there were outstanding famous personalities.

For example: Sandro Batticelidi's real name is Alessandro Felippepi, Marilyn Monroe's name is actually Norma Jean Baker. The name change is due to the fact that they renounced too long a name. [3 – 145]

In eastern countries, including in the Karakalpak mass media, the main purpose of using pseudonyms was different. Since the population of the Karakalpaks was small, writers and journalists had to defend themselves from enemies. The first national newspaper was called «Erkin Karakalpak» (Free Karakalpakstan), and it began to be published in 1924. [4 – 17]

The newspaper devoted more space to critical materials, and the feuilleton genre developed. The well-known scientist of Turkic science, academician M. K. Nurmukhammedov assesses the feuilleton and essay as small genres of literature.

«Small in volume, operational, combining the features of newspaper and magazine journalism and fiction, the feuilleton genre is of great importance in the public life of the people. In the Karakalpak mass media, the feuilleton appeared first in wall newspapers, and then on the pages of republican newspapers. 5 – 67]

In the 48th issue of the newspaper in 1932, a feuilleton was published by Jean Aryslan «Kairanly Kkiller» (Amazed representatives), which speaks of those who hindered changes in society.

In 1932, in the 75th issue of the newspaper «Kyzyl Karagalpakstan» (Red Karakalpakstan), a feuilleton «Berdimbetting bүligi» (Berdimbet's riot) appeared with the pseudonym of the author «Goyan» (Hare), which was dedicated to exposing the outdated elements of the ancient world.

In 1931, the journalist–editor T. Seytmamutov under the literary pseudonym «Epsinbay» in the 87th issue of the newspaper «Kyzyl Karagalpakstan» (Free Karakalpakstan) publishes a feuilleton entitled «Biri emes–bari» (Not one, but all). This feuilleton is written as a harsh criticism of the food and cuisine in Turtkul.

In the course of studying the thematic focus of newspaper materials, we determined the following:

The problem of water supply. On this issue, the newspaper published materials in the genre of an

essay, feuilleton, report. Especially, under the pseudonym «Kypshakly», the feuilleton «Kakan-Kakan» [6] was published, in which the problem was revealed through dialogues and public relations were criticized.

Problems in the education system. On this issue, that is, on the issue of education, teachers, opening an educational program, many critical articles have been given. And in the feuilletons, the sharpness of thought is immediately evident. Under the literary pseudonym «Tolkyn» (Wave), feuilletons are published under the names «Kylshynak awlyndagy mugallimler kydyryp zhur» (teachers of the village of Kylshynak are walking), «Zhalkas mukallim zhas ballatyrdy from based on specific facts. Feuilletons published under the pseudonym «M.uly» (son of M.) and «Mator» can also be referred to a number of such feuilletons.

A number of critical articles on the issue of the purity of the language were published under the pseudonyms «M. Ulmukan», «Alip». According to the content and disclosure of the problem, they are written according to the requirements of the feuilleton genre.

It is no coincidence that the authors published their feuilletons on the pages of newspapers under various pseudonyms, for example, as Goyan (hare), Otkir (acute), Sezgish (sensitive), Tolqyn (wave), Zhumatilew, etc. At that time, firstly, newspaper publishers were in the minority, and they sometimes had to place several of their works in the same issue. Secondly, it has become a custom for the authors of feuilletons and critical materials to use pseudonyms in order not to endanger their personal lives. Thirdly, the event described in each feuilleton was based on concrete facts, and the acuteness of language and bitter truth stand out in them.

In fact, the tradition of using a pseudonym is more developed in the West. Replacing extremely long names with short ones is most often characteristic of Spanish, Portuguese and Latin American politicians and athletes. For example, Edson Aranetes do Nascimento became famous in the arena of world sports (football) under the short name Pele.

At the beginning of the 20th century, to define the spirit of the era, to express their civic position, proletarian poets Mikhail Epstein and Efim Pridvorov worked under the literary pseudonyms Mikhail Golodny and Demyan Bedny. In Russian literature, Anton Pavlovich Chekhov had the largest number of pseudonyms. 3–76]

If you pay attention to the history of pseudonyms, you can find that their formation is associated with time and space. There are the following types of them:

Aliases in the form of an eidonym–here the emphasis is on any physical aspect. For example, Poncrat Black.

Ethnonyms – meaning nationality. For example, Lesya Ukrainka.

Geonimler – pseudonyms with the definition of the place of residence. For example, I. V. Lotarev - Igor Severyanin.

Phrenonyms – focus on expressing the characteristic features of creativity. For example, S. M.

Arkhangelsky – Sergey Sad, N. I. Belov – Nikuola Gust, Alexey Peshkov – Maxim Gorky.

Titlonim – aimed at expressing place in society. For example, V. T. Kimrilov is a poet soldier.

In some cases, the connection of the initial letters of the name.For example, N. V. Korneychukov – Korney Chukovsky, Tulepbergen Kayipbergenov – Tulek Kayipbergenov.

Geronyms – to express closeness to legendary personalities. For example, V. Ya. Abramovich – Vladimir Lensky, E.A. Pridvorov – Demyan Bedny.

Chromotones – aliases with the expression of color. For example, K. M. Fofanov – Arkady Oranzhivy, N. Shor – Anatoly Fioletov.

Zoonyms – names of animals. For example, GD Deev – Hamster.

Anagammas – a tendency to change letters in places, for example V. Ya. Bryusov – Avreliy (his real name is Valery), A.Kantemir – Khariton Maketin.

Various letters inside the anagram. For example, I. Krylov – Navi Volyrk. (Reverse order of letters in the name Ivan Krylov).

Women are masculine names and vice versa. For example, E. Bagritsky – Nina Voskresenkaya, V. Brussov – Nelly, V. Khadesevich – Elena Arbatskaya.

Factonyms – an expression of the place of birth. For example, A. S. Pushkin worked under the pseudonym «Arzamasets».

Literary pseudonyms. Names fictitious by the writers themselves. For example, Maxim Gorky – Alexey Maximovich Peshkov, [2 – 13] ..

Other writers have this kind of fictitious name. For example, Sadreddin Aini Sadreddin Murodzoda, Tleburgen Zhumamuratov – Zhumatilew.

In the Karakalpak media we studied, we used such pseudonyms as Zoonyms (Goyan – hare, Aryslan – lion, Tolgyn – wave), Titlonims (Otkir – acute, Sezgish – sensitive, Alip).

Considering the work of the poets, it can be noted that the poet Azhiniyaz worked under the pseudonym «Ziywar», and the people's poet of Uzbekistan and Karakalpakstan, the hero of Uzbekistan Ibrayim Yusupov – Ayaziy. Thus, we came to the conclusion that through this tradition, the work of journalists and writers finds a second life ...

Literature:

1. Подольская Н. В. Словарь русской ономастической терминологии. М., Наука, 1988. С-192.
2. Бялик Б. А. Судьба Максима Горкого. М. Худ лит. 1986. С-13.
3. Дмитриев В. Г. Придуманные имена. М., Соврмиенник. 1986.
4. Досымбетов Г., Юсупов О. Қарақалпақстан баспасөзи пайда болыўы ҳәм раўажланыўы тарийхынан. Нөкис, Қарақалпақстан, 1991. – Б.17.
5. Нурмухамедов М. Шығармаларының еки томлығы. II том. Нөкис, Қарақалпақстан, 1991.
6. Қыпшақлы. Кақан-қақан.// Қызыл Қаралпақстан. 1932-жыл, №12.

11. ПЕДАГОГИКА. ПСИХОЛОГИЯ. PEDAGOGY. PSYCHOLOGY. ОҚЫТЫЎ УСЫЛЫ. МЕТОДИКА ОБУЧЕНИЯ. TEACHING METHODS

ПАЗЫЛОВ АРЗЫ КЕНЖЕБАЕВИЧ

Қарақалпақстан Республикасы халық муғаллими,
Педагогика илимлериниң кандидаты, доцент.
Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты.
Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

ТИЛЕЎБЕРГЕН ЖУМАМУРАТОВТЫҢ ПЕДАГОГИКАЛЫҚ ҚАРАСЛАРЫ

Мектепте 5-класста оқып жүргенимде хәўескерлер дөгерегине ағза болып, мектеп сахнасында биринши рет Өзбекстан хәм Қарақалпақстан халық шайыры, уллы сөз зергери Тилеўберген аға Жумамуратовтың «Мәсмәмбеттиң түси» атлы сатиралық қосығын тақмақлап айтып, образға кирип, нағыз Мәсмәмбеттиң өзи болып атқарып шыққаным есимде. Буннан соң Тилеўберген ағаның шығармаларына болған хәўесим күшейип, оның «Тон менен төбелес» атлы сатиралық қосығын да сахнаға алып шығып, тамаша көриўшилердиң узақ даўам еткен қол шаппатлаўларына миясар болғанман. Бирақ, ол ўақытларда тәжикстанлы илимпаз Атахан Сейфуллаевтың атап өткениндей, Тилеўберген ағаның «…барлық халықлардың эстетикалық ғәзийнесин байытыўға үлес қосқан қарақалпақ халқының дана хәм уллы перзенти шығыстың сүйикли шайырларының бири…» екенлигине ақылым алыса бермеген. Сондай-ақ, уллы өзбек шайырларынан Миртемирдиң «Тилеўберген шайырға Алла таала илҳәм берген» деп баҳа берилгенлигин, Ғафур Ғуламның оны «…уллы шайыр» деп мойынлағанлығын, ал, Шуҳраттың «…ләбинен от ескен шайыр» деп тән алғанлықларын биле бермегенмен. Қазақтың уллы жазыўшысы С. Мухановтың «Япырмай, Тилеўберген, бала, ағып турған дәрья ғой» деп таңқалғанлығын жасы үлкенлердиң әңгимелеринен еситкенмен. Ҳәзир шайырдың «Өмириңниң өзи философия» (Қосықлар. Нөкис. «Қарақалпақстан» баспасы, 2005-жыл, 336-бет) атлы топламын кайтадан оқып отырып, ҳақыйқаттан да, профессор С. Ахметовтың атап көрсеткениндей, ағамыздың «…таланты сийрек ушырасатуғын талант» екенлигине исенимим артты. Өзимше қосық жазғанның барлығын да шайыр деп есаплайтуғын едим. Бирақ, қәлем тербеткенлердиң ишинде де ҳақыйқат шайыр дәрежесине жеткенлердиң азшылықты қурайтуғынлығына көзим жетти. Өзбекстан Қаҳарманы Ибрайым Юсуповтың Тилеўберген ағаға арнап жазған қосығындағы «Көплер қосық жазады, ал, ол шайыр болды» деген даналығын тән аламыз.

Тилеўберген ағаның шығармалары менен таныс емес адамды республикамызда табыў кыйын. Ол қарақалпақ әдебиятында өшпес жулдызлардың бирине айналған. Оның поэзиясы қарақалпақ әдебиятын жаңа мазмунлар байытқан жоқары шеклерге жетиўине имканият дөретип берген. Соның менен бирге, биз, оның үлгили шаңарақ отағасысы, тәрбияшы-ата, педагог хәм психолог шайыр ретинде де елге танылған деп исенимли түрде айта аламыз. Себеби, оның дөреткен ҳәр бир шығармасының мазмуны менен тереңирек танысыў нәтийжесинде биз, бәркулла жасларды да, ересеклерди де жаман иллетлерден, әдетлерден сақланыўға, унамлы пазыйлетлерди көбирек бойына сиңдириўге шақырып турғанлығының гүўасы боламыз. Т. Жумамуратов педагог сыпатында жасларға ақыл, әдеп-икрамлылық, мийнет, эстетикалық хәм дене тәрбиясын бериўдиң тәрепдары болған. Тәрбия ислеринде жазалаўға қарағанда көбирек хошаметлеў, үлги өрнек методларынан пайдаланыўдың абзаллықларының басым екенликлерин ата-аналар хәм устазлардың

ядына салып турған. Ал, психолог ретинде ҳәр бир баланың, ҳәр бир шахстың минез-қулқында өзине тән психологиялық өзгешеликлердиң болатуғынлығын, олардың ҳәр бириниң минез-қулық ҳәм әдетлериниң бир-бирине ҳасла уқсамаслығын, деген менен, олардың жүреклерине жабыўдың төте жолларын турмыс тәжирийбелери арқалы изертлеген ҳәм оны таўып халыққа жеткере билген. Педагогика пәниниң тәрбия теориясы деген бөлиминде «жәмийетлик сананы қәлиплестириў» деген тәрбия методы ушырасады. Әдетте, бизлер оны «исендириў» методы деп те атаймыз. Тилеўберген ағаның шығармаларында көплеп ушыратыў имканиятына ийе боламыз. Ол туўған ананы қәдирлей билиўди жасларға үйретиўден, олардың ядларына салып турыўдан жалықпаған шайыр ҳәм ананың қәдирин тирисинде билиўдиң зәрүрлигин жасларға уқтырыўға, жан-тәни менен умтылған. Соның ушын да, өзи ҳәмме ўақыт *«мен анамның нәли болып көгердим»* деп айтыўдан шаршамаған, ал, жасларымызға: *«Қыял гейде ермеклейди адамды, Көзим түсти әтирапты қараңғы... Түсинде де көриў қыйын өлген соң, Тириликте қәдирлей бил анаңды»*, – деген жасы үлкенлик қәсийетин қалдырған.

Және де ол ананың ким екенлигин де жасларымызға түсиндириўди мақул көреди ҳәм оларды *«Бәримизди тик аяққа турғызған, жердиң асқар шыңы дейбер анаңды»* деп көрсетиўге ериседи. Шайыр ананың тәрбиясы арқалы ҳәр бир адамның ержететуғынлығын, өз баласы ержетемен дегеншелли ҳәр бир ананың түн уйқысын төрт бөлген күнлерин ядқа түсире отырып, педагог сыпатында жасырын түрде «не ушын?» деген орынлы сораўды да қояды. Бул сораўға өзи оқыўшы болып, *«... адамшылық ар ушын»* деп жуўап береди. Атаны ҳәм ананы сыйлаў – ҳәр бир инсанның азаматлық парызы екенлигин жасларға уғындырыўды мақсетке муўапық деп есаплайды. Ана ҳақ-қындағы усындай мағлыўматларға ийе болған оқыўшы сөзсиз «Исмиңди умытсам инсан емеспен, тутарман ҳәмириңди, болмас демеспен» деп өз анасына қарап мәрдана түрде айтыўы тәбийий. Ол тәрбияның мәңгилик қубылыс екенлигин, оның жасап турған жәмийетимиз ушын зәрүрлигин ядта тутқан ҳалда: *«Адам болсаң жәмийетке керексең, Қосылмасаң тамыры жоқ терексең. Ойламасаң тек өзиңнен басқаны, Айтшы, қәне, сен кимлерге керексең?»* деп адамның өмир бойы тәрбияға мүтәжлигин ҳәм өзин-өзи тәрбиялап барыўы кереклигин ҳәр биримиздиң ядымызға салады.

Шайыр ағамыз «ел алғысы»н өзиниң ушқыр қанаты деп есаплаған. Елдиң алғысына ерисиў арқалы талай мәртебе шарықлаўларға мәрдана шығатуғындай исенген ҳәм шыққан. Халқымыздың «ғарғыс алма, алғыс ал» деген төрели нәсиятларын бәрқулла ядында мөрлеп қойыўды өзиниң «азаматлық парызы» деп билген. *Елдиң көркиниң адам ҳәм ел* екенлигин, адам адам менен тиллеспей, биреў-биреўин қуўатламай жасаўының қыйынлығына терең мәни бере отырып, ол: *«Мен жасасам дослар менен жасайын, Бала-шыға, қостар менен жасайын. Үлкен-киши, қатар-қурбы заманлас, Қартлар менен, жаслар менен жасайын»* деп өзиниң жүрек төринен шыққан сезимлерин билдиреди.

Тәрбия ислеринде адамлар арасында ушырасатуғын унамлы пазыйлетлер менен бир қатарда гейпараларда унамсыз минез-қулық ҳәм әдеплердиң де өз көринисин табатуғынлығын бийкарламайды. Ол адамлар турмысында ушырасатуғын унамлы ҳәм унамсыз сыпатларға өзинше психологиялық жақтан баҳа береди. Қайсы унамсыз сыпатты, қайсы унамлы сыпат арқалы жеңиў имканиятларын көрсетеди. Мәселен, ол өзиниң *«Арыслан жатыр ҳәр жүректиң ишинде»* атлы төртлигинде «ишкирнелик» аўырыўы ҳәм оны емлеў ислеринде пайдаланыўға жарамлы дәри ҳаққында *«Ишкирнелик өз алдына бир кесел, ҳақыйқатлық – емлейтуғын дәриси»* екенлигин билдиреди.

Ал, ашыў мәселесине келгенде, халқымыздың *«ашыў – душпан, ақыл – дос»* деген даналығын басшылыққа алды. Өзи, ашыў тек ғана душпан емес, ал, *«ақмақлықтың пышағы»* екенлигин де көрсетип береди. Психология илимине сүйенген ҳалда «ерк»ти беккем услаўдың тәрепдары болады. Оның пикиринше ашыў – бәрқулла еркти жеңиўге ҳәрекет жасайды. Егер де «өз еркиңди ашыўыңа жеңдирсең, ақыл сеннен тапырақлап қашады» дейди. Өз еркиңди ашыўға жеңдирмей услап турыўдың бирден-бир жолы сабырлылық екенлигин уқтырады. «Сабыр түби – сары алтын» деген халық даналығынан келип шыққан ҳалда сабырлылықты – *«жақсылықтың нышаны»* деп нәсиятлайды.

Тилеўберген ағаның көрсетиўи бойынша менменлик – бул, *басқа түскен* аўыр *кеселлик* саналады ҳәм *ол адамды* бир бәлеге *шатпай қоймайды*. Ал, *залымлық* болса, ол бир *шырпы*. Демек,

залымлар ҳәмме ўақыт от бериўге бейим келеди дегенди аңғартады. Залымлықты жеңиўши қарсы қуралды – әдиллик деп «әдилликтиң күдиретли күши бар» екенлигине исенеди. Соның ушын да, ол, *«Залымлық – бир шырпы, әдиллик – дарақ, жақсы болсаң, дарағысаң халқыңның»* деп нәсиятлағанды мақул көреди.

Шынлық пенен ҳарамлылық арасындағы парықты *«Шынлық – алтын, жайнап турар нур болып, ҳарамылық – жасырынан кир болып»* деп оны жасларымыздың ядына салып турыўдың абзаллығын көрсетип өтеди. Ол, тәрбия ислеринде жазалаўдың, ҳәттеки, даўыс көтерип сөйлеўдиң орынсызлығын сезип, *«Сен олардың ким боларын билмессең, Көз алартып ҳәкиреңлеме жасларға»* деп, өз нәўбетинде гейпара «қайта тәрбиялаўға мүтәжлерди» тәртипке шақырып қойыўды да есинен шығармайды.

Тәрбия ислериндеги үлги-өрнек методына айрықша итибар бере отырып, еликлеўге үйрениўге қумар болған жасларымызды қоллап-қуўатлаўдың зәрүрлигин уқтырады. Ол, *«бала қартқа еликлесе, ағалықтың нышаны»* екенлигин көрип қуўанады. *«Көп еситип, көп үйренсе, ағалықтың нышаны»* деп, баланы бул жолдан қайтармаўымыз, керисинше, оны қоллап-қуўатлаўымыздың зәрүрлигин түсиндиреди. *«Он бесинде аға болса, даналықтың нышаны»* деп, елимизде даналардың көплеп табылыўының тәрепдары екенлигин де билдирип қояды. Бул орынлы айтылған нәсиятларды оқып отырып, филолог илимпазлардан С. Баҳадырова ҳәм Т. Мәмбетниязовлардың *«Тилеўберген Жумамуратов инсаныйлық қәдириятларды қәстерлеген ҳасыл дөретпелердиң авторы...»* деген терең мазмунлы, шын жүректен шыққан пикирине қосылмасқа илажымыз да қалмайды. Жуўмақлап айтқанда, быйыл туўылғанына 106 жыл толатуғын Т. Жумамуратовтың шығармалары өзиниң мазмунлылығы менен тәлим ҳәм тәрбия ислеринде қолланыўға қолайлылығы, түсиниклилиги, педагогика ҳәм психология пәнлерин оқытыў барысында оның қосық қатарларынан пайдаланыўдың абзаллығы ҳәм ықшамлылығы менен көзге тасланады. Ал, Тилеўберген ағаның педагогикалық-психологиялық бағдардағы қосықларды дөретиўдеги туўма таланты, оның ҳақыйқый «адам жанының инженери» екенлигинен дерек береди.

ПАЗЫЛОВ АРЗЫ КЕНЖЕБАЕВИЧ

Қарақалпақстан Республикасы халық муғаллими,
Педагогика илимлериниң кандидаты, доцент.
Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты.
Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

ТИЛЕЎБЕРГЕН ЖУМАМУРАТОВ ПОЭЗИЯСЫНДА «АЙРАЛЫҚ» ПСИХОЛОГИЯСЫНЫҢ СӘЎЛЕЛЕНИЎИ

Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық шайыры Тилеўберген Жумамуратовтың терең мазмунлы қосықлары менен танысыў ҳәр бир адамды ойларға талдырады ҳәм оларға терең заўық бағышлайды. Әсиресе, оның урыс жылларында жазған қосықлары, ҳәсиретли ата ҳәм аналардың, жетим қалған балалардың, жесир қалған жубайлардың, ағасынан ямаса инисинен айрылған ағаини, апа-қарындаслардың зары-гирянлық пәрядларын баянлап бериў уқыплылығы өз алдына.

Тилеўберген Жумамуратов урыс жылларындағы адамлардың психологиясын жетик үйренген устаз шайырлардан саналады. Ол өз қосық қатарларында сол дәўир адамларында ушырасатуғын сағыныш ҳәм үмит сыяқлы психологиялық сезимлерди оғада үлкен шеберлик пенен суўретлеп береди. Урысқа кеткен ағасын күткен шайыр, өзиниң «Жан ағам кеттиң, келмедиң» атлы қосығында тылдағы аўҳалдың да урыс майданындағы аўҳалдан жақсы болмай атырғанлығын, елдиң жоқлыққа да, ашлыққа да шыдам бериўлерин келтирип өтеди.

Сағыныш ҳәм «тири болғай-дә» деген уўайым менен жасаған жаўынгер анасының баласы жолына интизар болып қарап жүргенлигин ҳәм оның баўырларының зар еңирегенлерин, күнлердиң қайғы менен өтип атырғанлығын, перийзатының үмит пенен күтип отырғанлықларын, бирақ, сонда да, ағасынан хабар-атар болмағанлығы себепли уўайымға батқанлығын шеберлик пенен сүўретлейди. Деген менен, жаўынгерди өлимге қыймайды. Соның ушын да, ол: *«Айралықтың оты*

жаман, Күни-түни сағынаман, Болғайсаң өлимнен аман, Жан ағам кеттиң, келмедиң.» (1, 32) деп, өзиниң де, анасының да, баўырларының да күтип жүргенликлерин ақ қағаз бетине түсиреди.

Сағыныш – үйдеги адамда да, дүздеги адамда да ушырасатуғын психологиялық қубылыс. Сағыныштан сарғайған адам түрли қыялларға беріледи, өзин қоярға жер таппайды. Бәрқулла сағынған адамының дийдарын көриўдиң несип етиўин алла тааладан жалынып, сорап жүреди.

Тилеўберген Жумамуратов усындай аўыр жылларда өз анасының жүзин көре алмай сағынған жаўынгердиң тили менен: *«Жүзиңди көрмедим, сағындым, Душпаның бас ийип бағынды. Бармысаң дүньяның жүзинде, Жоғалған перзентиң табылды, Жан-ана, жан ана, ана, жан ана!*» (1, 45)
деп билдирип өткенди мақул көреди.

Ата-анасынан айралықта жүрген жаўынгер тили менен «балам аман болса болар еди» деп қайғыдан күйип-пискен анасын жоқлаўлары, оны табыў ушын пүткил өмирин сарп етиўге таяр турғанлығы баянланады. Шайыр қосығының мазмунлары бойынша жаўынгердеги күйиниш, сағыныш сыяқлы сезимлер жыйналып дәртке айланады. Өзбекстан Қаҳарманы Т. Қайыпбергеновтың «Маман бий әпсанасы» романында орынлы түрде атап өткениндей, «дәрт тилге урса сөйлейди, көзге урса жылайды». Шайыр тәрийиплеген, анасын жоқлаған жаўынгер дәрти ҳәм тилге, ҳәм көзге урады. Тилге урған жаўынгер дәрти: *«Қайғыдан күйдиң бе, пистиң бе, Жалынлы отларға түстиң бе, Излейин өмирди сарп етип, Бар болсаң, бул жердиң жүзинде, Жан-ана, жан ана, ана, жан ана! Өлдиң бе шыдамай күйикке, Душпанлар өлтирди дейик пе, Бар болсаң кел ана, көр ана, Ығбалдың шыққанын бийикке, Жан-ана, жан ана, ана, жан ана!»* (1, 45) – деп адамлардың жүрегин елжиретеди.

Т. Жумамуратов өз қосықларында тек ғана урыс жылларындағы айралық емес, ал, парахат турмысымыз дәўиринде де ушырасып туратуғын, өлимниң ҳақ екенлигин дәлиллейтуғын, ерксиз түрде адамның психологиясына тәсир ететуғын қосықлар дүркинин дөретти. Олардың ишинде «Күйеў емес, ул едиң», «Наўрыз Жапақов пенен хошласыў», «Тилеўмурат Қаниязовтың естелигине», «Асқар Мәмбетназаровтың естелигине» атлы қосықларын атап өтиўимизге болады.

«Еске алыў» қосығында өз жуптысын келмес сапарға атландырғаннан кейинги шайырда пайда болған «айралық» психологиясы сәўлелендириледи. Ол жуптысын ойлайды, еслейди. Ядқа түсириў ўақтында өз зайыбының «гүл ишинде ҳасылдай» гүл болғанлығы, оның қарамықтай күлимлеген көзлери, нур шашып турған жүзлери, майрылып қалғанында мәдет болған адамгершиликли пазыйлетлери бирим-бирим көз алдына келеди. Бирақ шайырдың *«Келип турман елжиреп, Қәбириңниң басына»* (1,103) дегени менен уйқыдағы арыўы сөйлемейди, күлмейди, ҳәттеки, келгенин де билмейди.

Бундай ҳалатларды шайырдың қызы М. Жумамуратова да өз шығармаларында сәўлелендиреди. Биз шайырдың ҳәм шайыр қызының айралық тәшўишин тәрийиплеўши шығармаларының мазмунына қарап отырып, айралықты басынан кеширип атырғанлардың ҳәммесинде де сағыныштың басымлығын көриў имканиятына ийе боламыз. Әлбетте, олар «Жаным, бүгин айқын түсиме енши» (2), деп өзин жалғыз қалдырып кеткен қостарын түсинде көриўге де қайыл екенлигин билдиреди. Бирақ, қапылып, түске де ене бермейди.

Ал, айралықты басынан кеширип атырған ҳәм қәбир басына келген шайыр Тилеўберген Жумамуратов болса, өз дәртин ишине жутып: *«Көп сарсылдым ойланып, Өлим дәрти от екен. Қәбириңди айланып, Иштен жанып кетемен»,* (1, 103) деп өз жолын даўам етеди.

Т. Жумамуратовтың поэзиялық шығармаларының мазмунынан айралық – тек ғана қапашылық, сағыныш ҳәм күйинишлерден ибарат емес. Бунда, изде қалғанлардың алға қарап умтылыўлары, шаңарақты сақлап, ул-қызларды үйли-жайлы қылыўға болған талпыныслары да өз орнын тапқанлығын аңлаў мүмкиншилигине ийе боламыз.

Жуўмақлап айтқанда, Тилеўберген Жумамуратов поэзиясындағы айралық психологиясы мәселелери терең изертлеўди талап ететуғын мәселелердиң қатарынан орын алады. Егер де оның ҳәм басқа да шайырлардың айралық психологиясына байланыслы жазылған қосықлары философлар, әдебиятшылар, психологлар ҳәм педагоглар тәрепинен ҳәр тәреплеме изертленилсе, атап өтилген ҳәр бир илим тараўында жаңа изертлеў бағдарларының объектлери пайда болады. Өз нәўбетинде бул изленис илимниң раўажланыўына сөзсиз өзиниң унамлы тәсирин тийгизеди.

Әдебиятлар:

1. Т. Жумамуратов. Өмириңниң өзи философия. Қосықлар. Н:. «Қарақалпақстан» баспасы, 2005-жыл, 336 б.
2. М. Жумамуратова. «Ҳәзирше». «Еркин Қарақалпақстан» газетасы. 25-октябрь, 2014-жыл, №129 (19591).

ПАЛЫМБЕТОВ КАМАЛБАЙ САРСЕНБАЕВИЧ

Филология илимлериниң докторы, профессор,
Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў
хызметкерлерин қайта таярлаў ҳәм олардың
қәнигелигин арттырыў аймақлық орайы.
Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

ТИЛЕЎБЕРГЕН ЖУМАМУРАТОВ ДӨРЕТПЕЛЕРИН ЖАҢАША УСЫЛДА ОҚЫТЫЎ ҮЛГИЛЕРИ

Улыўма орта билим беретуғын мектеплердиң қарақалпақ классларына арналған VI класстың оқыў бағдарламасында ҳәм «Әдебий оқыў» сабақлық хрестоматиясында Т. Жумамуратовтың «Қәсийетли гәўҳар тас ҳәм ақыллы шопан ҳаққында ертек» поэмасына арнаўлы саат ажыратылған.

Биз класс оқыўшыларына дәслеп, оқыў жылының басында, биринши ярым жылда өтилетуғын көркем шығармалардың дизими менен таныстырамыз. Және де ҳәр шеректиң басында өтилетуғын темаларды оқыўшылардың дәптерлерине жаздырамыз. Усылай ислесек, өтилетуғын темалар оқыўшыларға алдын ала белгили болады ҳәм олар таза темаға муғаллим менен теңдей таярланып келеди. Бул халық шайыры Т. Жумамуратовтың «Қәсийетли гәўҳар тас ҳәм ақыллы шопан ҳаққында ертек» поэмасын өткенде де әмелге асады. Солай етип, муғаллим сабақты төмендегише жобаластырса болады.

Сабақтың мақсети:

а) оқыўшыларға «Қәсийетли гәўҳар тас ҳәм ақыллы шопан ҳаққында ертек» поэмасы бойынша түсиникти қәлиплестириў, ертек мазмунын өзлестириўге еристириў;

б) ертекти үйрениў арқалы оқыўшылардың сөз байлығын раўажландырыў, оларды еркин пикирлеўге үйретиў;

в) ертек қаҳарманлары мысалында оқыўшыларда жоқары инсаныйлық пазыйлетлерди пайда етиў, оларды мийнет етиўге тәрбиялаў т.б.

Сабақтың барысы:

1. Шөлкемлестириў;
2. Тест сораўларын шешиў;
3. Оқыўшыларды топарларға бөлиў;
4. «Қәсийетли гәўҳар тас ҳәм ақыллы шопан ҳаққында ертек» поэмасының мазмунын сөйлеп бериў (оқыўшылар менен бирге);
1. Текстти көркемлеп оқыў;
2. Топарларға тапсырма бериў;
3. Топар ағзаларының пикирлерин тыңлаў;
4. Үйге тапсырма бериў.

Классқа кирип оқыўшылар менен сәлемлесип, барлық оқыў қуралларын, класс тазалығын, оқыўшылардың сабаққа қатнасын анықлап, тахтаға арнаўлы қағазға (плакатқа) жазылған тест сораўларын илдиремиз. Оқыўшыларды оң ҳәм сол қатарға ажыратып, еки вариантта исленген тест сораўлары тарқатылады. Тапсырма ҳәр вариантта 5 сораў көлеминде болып, сораўлар үй тапсырмасы ҳәм өтилген темалар бойынша дүзиледи. Оқыўшылар тест сораўларын шешип болғаннан кейин, жуўап қағазлары алмастырылады. (Бундағы мақсет, бириниң ислеген тест жуўабын, екиншисине тексертиў). Тахтаға жуўап қағазы илдириледи. Оқыўшылардың өзлери тексереди ҳәм ҳәр бир оқыўшы өз билимин өзи анықлайды. Тест жуўапларын жыйнап журналға (дәптерге арнаўлы журнал ислеп қоямыз) белгилеймиз. Солай етип, таза теманы басламай турып, ортаға сораў тасланады.

– Қандай ертеклерди билесиз? (ҳәр қатардан бир оқыўшыдан соралады).

– Қайсы ертеклер унайды?

– Не ушын унайды?

Сораўлар бойынша жуўапларды улыўмаластырып, ертектиң тәрбиялық әҳмийети ҳаққында жуўмақ жасаймыз.

Оқыўшыларды 6 оқыўшыдан 3 топарға бөлемиз. Т. Жумамуратовтың «Қәсийетли гәўҳар тас ҳәм ақыллы шопан ҳаққында ертек» поэмасын үйде оқып келиў тапсырылған еди. Муғаллим шығарманың мазмунын баслап береди, оқыўшылар избе-из мазмунын толықтырып барады. Яки болмаса, мынадай усылды қоллансақ та болады. Поэма текстин оқыўшыларға оқытамыз, кейин мазмунын биргеликте айтамыз.

1-тапсырма:

Текстти баслап оқыймыз: *Бир күни мал бағып жүр еди, Әжайып гәўҳар көреди, Таўлардан таўып алыпты, Көрипти, ҳайран қалыпты. Тас екен зор кәраматлы, Бәнти бар алты қабатлы, Бир бәнтин ашып көреди....*

Сораў: Ҳәр бир бәнтте нени көремиз?

Топар ағзалары избе-из тәртипте билгенин жазып береди.

Жуўабы: *Биринши бәнт дүньяға жақтылық береди;*
Екинши бәнт жыллы, ыссы белги береди;
Үшинши бәнт неше түрли сарай;
Төртинши бәнт ҳасыл затлар;
Бесинши бәнт түрли-түрли аўқат, мийўе;
Алтыншы бәнт бир зат қуйындай шабады.

Ҳәр бир топар алты қабаттағы алты көринисти өзлериндеги қағазға 3 минут ишинде избе-изликти сақлап жазады. Ўақыт болғаннан кейин топар басшысы жазғанын оқыйды. Оқыўшылар жумыс ислеп отырғанда сыртынан бақлап барылады.

2-тапсырма: «Мен шопан ғаррыман. Сизлер мениң балаларым. Он жети малды үш топар өзлериң бөлисип ала қойың», – деймен. Топар ағзалары жуўапларын жазып тапсырады. Оны муғаллим оқып таныстырады.

3-тапсырма: Ҳәр топарға кесте қағаз тарқатылады.

I. *«Бас ислемесе, еки аяқтың соры».* Мәнисин түсиндириң. Ертектен усы нақылға мысал келтириң.

II. *Аўзы ҳеш ала болмасын,*
Ала болсаң қазы да жаў,
Көпек те жаў, тазы да жаў.
Дос адам дара болмасын. Мәнисин түсиндириң. Мысал келтириң.

III. *«Хызмет етпе, хызмет етсең миллет етпе».*

Қазының ҳәрекетине не дейсиз?

Топар сәрдарлары жуўаплар менен таныстырады. Қосымша сораўларға жуўап береди.

Муғаллим топар ағзаларының ҳәр бир тапсырмаға қайтарған жуўабына қарай әдил баҳалаўы тийис. Соңынан ертектиң даўамын (VI, VII, VIII, IX бөлимлерин) оқып келиўди үйге тапсырмаға беремиз.

Келеси сабақта алтыншы бөлимнен баслап, поэманы оқыўшыларға көркемлеп оқытаман. (10 мин).

Шығарманың мазмуны бойынша сораў-жуўап усылында гүрриңлесемиз.

1. Ғарры не ушын балаларын сынамақшы болды?

2. Шыбық буўылса сынбаўының мәнисин түсиндириң.

3. Жумбақты балалар Ақылбектиң жәрдеминде шешип келгеннен кейин ғарры не ушын Ақылбекти шақыртады?

4. Ақылбектиң әкеси ким?

5. Елге ким шабыўыл жасаған?

6. Жаў шапқанда Ақылбек ҳәм оның дослары қайда еди?

7. Ақылбек пенен балалар елдеги аўҳалды көрип не иследи?

Ғарры гәўҳар тасты не ушын өзиниң балаларына емес, Ақылбекке береди?

Мине, усы сораўлар әтирапында гүрриңлесемиз.

«Қәсийетли гәўҳар тас ҳәм ақыллы шопан ҳаққында ертек» поэмасы тоғыз бөлимнен турады. Ҳәр бир бөлимге ат қойыў тапсырылады. Топар ағзалары тапсырманы ислеп болғаннан кейин, бөлимлерге қойған темалары менен танысамыз.

Үйде таярлап келген кестелер тарқатылады. Оқыўшылар оны өзлери толтырады.

Шығарма аты	Авторы	Қаҳарманлары	Қаҳарманларға сыпатлама	Арзыў-әрманлары, мақсетлери	Мақсетине ерисиўде тосқынлық еткен нәрсе

Кестениң орнына «Гейзер» усылын қоллансақ та болады.



I. Ғарры

II. Ақылбек

III. Ғаррының балалары

Күнделиклерине үй тапсырмасын белгилетип бөлимлерге қойылған тема бойынша шығарма жазып келиўди ҳәм уқыбы бар оқыўшыларға ертек мазмуны бойынша сүўрет салып келиўди тапсырыў керек.

Сабақ жуўмақластырылып шығарманың мазмунына жуўмақ жасалады. Сабаққа белсенди қатнасқан оқыўшыларды хошаметлеймиз. Ҳәр бир топарда кимлер жақсы араласып отырғанын, кимлер бир шетте араласпай отырғанын айтып ескертемиз.

Т. Жумамуратовтың «Қәсийетли гәўҳар тас ҳәм ақыллы шопан ҳаққында ертек» поэмасын усындай етип өткенимизде, бул шығарманы өзлестирмей қалған оқыўшы болмайды деп ойлаймыз. Бунда оқыўшы ертектиң мазмунын жақсы есте сақлап қалады ҳәм өз бетинше пикирлеўге үйренеди.

Жуўмақлап айтқанда, Т. Жумамуратовтың «Қәсийетли гәўҳар тас ҳәм ақыллы шопан ҳаққында ертек» шығармасын өтиў арқалы оқыўшыларды:

1. Мийнет етиўге;

2. Ериншекликтен аўлақ болыўға;

3. Ҳәр бир исти ақыллылық пенен, даналық пенен шешиўди үйреniўге;

4. Аўызбиршиликли болыўға;

5. Ата-анаға мийирман болыўға;

6. Бир жағадан бас, бир жеңнен қол шығарып душпанға қарсы гүресиўге;
7. Елди жаўлардан қорғаўға;
8. Туўған жерди гүллентиўге;
9. Билим алыўға (сырттан алым алдырды, елине мектеп салдырды. 174-б.) ҳәм тағы басқа ең жақсы пазыйлетлерге тәрбиялаймыз.

ПРНИЯЗОВА НАТАЛЬЯ ВАСИЛЬЕВНА

Старший преподаватель кафедры педагогики и психологии
Каракалпакский государственный университет.
Узбекистан, Каракалпакстан, Нукус

ИЗУЧЕНИЕ ТВОРЧЕСТВА Т.ЖУМАМУРАТОВА НА ОСНОВЕ НРАВСТВЕННОСТИ ПО ИНТЕРАКТИВНОЙ МЕТОДИКЕ

В процессе обучения и научного поиска формируются знания, навыки, умения, происходит всестороннее интеллектуальное развитие личности, происходит становление их мировоззрения. Творческое наследие Тлеубергена Жумамуратова – народного поэта Узбекистана и Каракалпакстана, лауреата Государственной Премии имени Бердаха, помогает молодежи с более близких позиций осмыслить и воспринять нормы нравственности в актуальных, проблемных вопросах жизни.

В соответствии учебному плану на общественных дисциплинах, на уроках литературы для внедрения философского размышления поэта можно проводить самые разнообразные индивидуальные, групповые и соперничающие интерактивные формы и виды методов обучения. Например, в методе «трехступенчатое интервью», мы предлагаем выделенным командам разные задания в виде официальных интервью о жизни и творчестве поэта, его литературных героях, особенностях и стиле письма автора. Все это происходит через главную сферу – умственную деятельность студентов. На основе этой деятельности создается система обучения, объединяющая содержание и форму научного познания, устанавливающая связи и отношения между предметами и явлениями объективного мира.

Проводить эти занятия необходимо с учетом уже имеющихся знаний. Так зная умение студентов в подборе стиля, формы текста можно предложить им разбор одного из произведений Т. Жумамуратова в виде интерактивной процедуры «РАФТ», где предлагаем общую тему (например, по произведению «Красавица Макарья»), затем каждый получает карточку с конкретным заданием: в какой форме написать письменную работу, в каком стиле и в какой роли.

Условием построения теории обучения в высшей школе является взаимосвязь трех формирующих начал: -накопление опытного эмпирического материала исходя из оценки практики учебного процесса, его типизации, классификации и группировки; -установление эмпирических связей и элементов, составляющих учебный процесс; -формирование теоретических, обобщенных, объективных отношений, составляющих учебный процесс, выявление их причин и развития. Учитывая эти особенности, нами внедрялся один из интерактивных методов «Путешествие по карте». В качестве ведущих точек на карте были предложены произведения автора: «Журавль и змея», «Хитрость Ташима», «Табунщик», «Талисман любви», «Братья – батыры», «Слово о сыне», «Влюбленный», «Посиделки», «Душа матери», «Девушка из Чимбая», «Среди океана», «Волшебная жемчужина» и т.д.

Взаимосвязь этих начал обеспечивает теории обучения содержательную основу, достаточную научную определенность и объективность. На базе этих групповых обсуждений развиваются знания, навыки и практический опыт студентов. Учебный процесс совершается более активно в тех случаях, когда он связан с решением задач проблемных ситуаций, а проблемы имеют мотивационную основу, включая живой интерес к предмету изучения, когда у студентов возникает потребность в ее восприятии. Поэт психологически готовит молодежь к ее самостоятельной сози-

дательной деятельности и очень аккуратно старается уберечь молодежь от ошибок, которыми так богат современный мир.

«Что слава? Это ветер вихревой. Несет тебя, наполнив парус твой. Но чуть задремлешь, как умчится прочь, Наполнив паруса судьбы другой», находим мы на страницах творчества Тлеубергена Жумамуратова. Все это очень легко поддается использованию в нетрадиционных формах современного обучения.

ЖУМАМУРАТОВА МАЛИКА

Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети
Журналистика кафедрасы профессоры.
Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

«МЕКТЕПТИҢ КҮШИ, АҚЫЛЫ, МИЙИ – МУҒАЛЛИМЛЕР»

Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық шайыры Тилеўберген Қупбатулла улының бай руўхый мийрасы филологиялық, эстетикалық, философиялық, педогогикалық аспектлерде үйренилиўге ылайықлы. Ол лирик, сатирик, философ шайыр сыпатында үлкен табысларға еристи, прозалық, драмалық, публицистикалық шығармалар да жазды. Турмыс тараўларының ҳеш бири шетте қалмаған бул дөретиўшиликте тәлим-тәрбия мәселеси айрықша орын ийелейди.

Оның тәлим-тәрбияға арналған шығармаларының өзин жанрлық түрлерге бөлип үйрениў мүмкин, сондай-ақ, дөретпелердиң гөзлеген аудиториясына қарай да изертлесе болады. Мәселен, «Қәсийетли гәўҳар тас ҳәм ақыллы шопан ҳаққында ертек», «Кийиктиң еки ылағы» поэмалары, «Қарлығаш, мылтықшы ҳәм жылан», «Тырна менен жылан» тымсаллары, «Әбиў әпсанасы» рәўаяты, жумбақлары киши жастағы балаларға арналған. Ал, «Ағайинли еки батыр», «Океан ортасында» поэмалары, «Бала туўралы сөз», «Ушырасыў» сыяқлы балладалары мектеп оқыўшыларының итибарын тартады.

Халық шайыры – халықтың шайыры. Тилеўберген Жумамуратов үлкемиз турмысының барлық тараўларының алға илгерилеўине көркем сөзи менен үлес қосты. Жақсыны үгит-нәсиятлады, жаман иллетлерди сатира ушына түйреп, жәмийетшилик сынына тартты. Ол мектептеги ата-аналар жыйналысларында, соңғы қоңыраўларда, ҳәр жылы болатуғын оқытыўшылардың әнжүманларында белсенди қатнасатуғын еди. Кең театр сахнасында республикамыздың барлық мектеплеринен келген муғаллимлер, тәрбияшылар алдында сөйлеген жалынлы сөзлери, ужыбатлы пикирлери еле халықтың ядында.

Бизиң қолымызда, шайырдың 1968-жылы муғалимлердиң съездиндеги сөзиниң тексти бар. «Бала тәрбиялаў – ҳүрметли ис, устазлық – мәртебе» деген атамадағы бул баянат: «Бағман бағды удайына тәрбияламаса, мийўели ағашлар отын болыўдан басқаға жарамай қалады» деген екен уллы Наўайы. Билимсиз адам мийўесиз дарақ» – деген пикирлер менен басланады.

«Қус уяда қанат байлайды, – деп жазған екен ол. – Соннан кейин ғана көтерилип ушады. Адамның да қанат байлап ушатуғын уясы бар. Ол ең алды менен үй тәрбиясы, екиншиден, мектеп. Ҳәр бир инсан мектепте билимниң негизлерин үйренгеннен соң ғана қустай шарықлап, көкке көтериледи. Ал, енди илимниң қандай бийигине ушатуғыны оның өзиниң еркинде. Мектептеги, соңындай дүркин-дүркин суңқарларды көкке көтерип, аспанға ушырып атырған кәраматлы күш неде? Ол – устазлықта, оқытыўшылықта. Мектептиң күши, оның ақылы, оның мийи – муғаллимлер болып есапланады».

Усы жерде шайырдың төртликлерин еслесек: *«Қус та уясынан сезим алады, Ҳәр бир нәрсе негизине барады. Әкесине усамады десең де, Ең болмаса бир белгиси болады»* – деген поэзиялық шешим, оның усы публицистикалық мийрасында да көринип тур.

Шайыр өз пикирлерин және даўам етеди: «Шәкирт устаздың дәрежесине жеткеннен соң ғана шәкиртлик дәрежеге жеткен» депти бир қанша уламалар. Сол айтқандай, мектепти питкерип, бийикке шыққан шәкиртлер жүдә бир жарамас болмаса, оқытқан оқытыўшыларын умытпайды. Көрген жерде ийилип сәлемин береди. «Мениң устазым» деп таныйды. Устазлық мәртебе деген сол.

Малды тәрбиялап жетилистирген шаруаларды қадирлеймиз. Пахтаны тәрбиялап өстирген дийқанларды «ақ алтынның қаҳарманлары» деп көклерге көтеремиз. Булардың ҳәммеси де орынлы. Себеби, ҳәммеси де инсан ушын хызмет етеди. Ал, оқытыўшы устазлар болса, олар тиккелей адамның өзин тәрбиялайды. Сонлықтан да, оларды «адам жанының қәнигелери, инсанды тәрбиялаўшы қаҳарманлар» деп атасақ, артық болмас деп ойлайман».

Көркем әдебият – жәмийетлик ойды жақсылыққа бағдарлаўшы, жәмийет азадалығы ушын гүресиўши азамат. Сонлықтан да, шайыр дөретиўшилигинде педогогикалық қараслардың белгили орын ийелейтуғынлығы сөзсиз.

Тилеўберген Жумамуратовтың өз дөретпелеринде тәлим-тәрбия мәселесине айрықша кеўил бөлетуғын және бир себеби, өз мийнет жолын мектептен баслаған муғаллим. Сонлықтан да, ол: «Бул хызметтиң қандай ҳүрметли екенин де, қандай қыйын екенин де түсинемен. Өйткени, бир ўақытлары мен өзим тил ҳәм әдебият бойынша оқытыўшы болып көрдим, – деп жазады. – *«Егер бир шәкирт сабағына жақсы таярланып келсе, муғаллим қуўанады. Егер сабағын билмесе, тәртипсизлик етсе, жағымсыз ҳәрекети болса, сол баланың ата-анасынан бетер қыйланады, оқыўшының, ең алды менен оқытыўшының жулынына тийеди. Әлбетте, оқыўшылар көп ҳәм олардың ҳәр бирине түрлише әлпайымлық керек. Мине, усындай қыйыншылықларды жеңип шыққан оқытыўшыларды ҳақыйқат устаз деп есаплайман».*

Мысалы, муғаллимлердиң қәнигелигин жетилистириў институтының хызметкери Жумагүл былай еслейди:

– 1987-жылы Қарақалпақ мәмлекетлик театрында оқытыўшылардың август мәжилисинде Тилеўберген Жумамуратовтың сөзи айрықша тәсирли болды ҳәм мен бул күнди ҳеш умытпайман.

Шайыр минберге шығып: *Адам болсаң, жәмийетке дерексең, Қосылмасаң, тамыры жоқ терексең. Ойламасаң, тек өзиңнен басқаны, Айтшы, қәне, сен кимлерге керексең?!* – деп, жағымлы нәсият сөзлерин баслағанда, зал гүў қол шаппатлап жиберди ҳәм соң силтидей тынды».

Бундай шығып сөйлеўлердиң бири екиншисине усамаған, ҳәр қыйлы ҳәм терең мазмунлы болған.

Шайыр, кишкене нәресте де, әлбетте, жәмийетлик әҳмийеттеги үлкен инсан екенлиги ҳаққындағы философиялық жуўмақларын билдирип, балалық қыял ҳәм жаслық талпынысларды қәстерлеўди қосықларында нәсиятлап келген еди. Мысалы: *«Адам бойы аласа деп тарыспа, Пил де оннан артып түспес алысқа. Кип-кишкене баланың да қыялы, Айдан өтип, барып қайтар Марсқа».*

«Қабақ үйип бултаңлайсаң, басқарма, Жүрегиңде ериместей тас бар ма? Сен олардың ким боларын билмейсең, Көз алартып, ҳәкиреңлеме, жасларға!»

Биз сөз етип отырған баянатта да шайыр усы ойларын даўамлайды, мысаллар келтиреди: «Аўызбиршилиги жоқ, ашшы тилли шаңарақта өскен балалар не болмақшы? Баланы үй-ишинде жақсы тәрбиялаўдың өзи – жәмийетлик ис, мектеп тәрбиясына көмекши, деген сөз. Себеби, бала жәмийеттиң адамы. Егин тәрбиясы бастан болады, адамға тәрбия жастан қонады. Бала ғой, деп қараўға болмайды. Үш-төрт жастағы көрген-билгенлерин бала өмир бойы есте сақлап жүреди ҳәм соның өзи мийге тәсир қалдырады. Семья басшысының баланың көзинше өсек айтыўлары, сөгис сөз сөйлеўи, өтирик гәп айтыўы, мәс болып оны-муны сандырақлаўлары үлкен қылмыс. Бундай аўҳалларды, ҳәтте, тәрбияшы болған айырым жолдаслардан да сезип жүрмиз. Атларын айтпай-ақ қояйын. Бирақ, жүдә уят. Бир сөз бенен айтқанда, бала-шағаның алдында үй хожасының абырайы түсиўден жаман, зыянлы нәрсе жоқ. «Адамның билинсе жалған сөзлери, пәтиўаға аспас қалған сөзлери» деген екен Наўайы.

Соның менен бирге, шайыр, өз қарасында тәлим-тәрбияның усылларын мәсләҳәт етеди: *«Бизиң жәмийетимизде тәрбияның еки түри бар. Биринши – түсиндириў. Екиншиден, үгитлеўге келмей, шығаннан шыққанлары болса, илажсыз жазалаў орынларының қолына түседи. Ата-ана бийшаралар, енди өкинип, шөжесин жоғалтқан таўықтай қақалап, ҳәр жерге қәтере етип жүргенин көресиз. Солардың биреўи туўралы былай жазған едим: «Өзиң туқым сепкениң, Сондай болар деппедиң? «Қағып жибер аз ғана, Ишпесең де көп» – дединг. «Мынаў найсап жийениң, Уқшатып бир сөк» – дединг. «Мынаў жаман дайың ғой, Арқасынан теп» – дединг. «Мийўа берип турыпты, Нәлшесинен еккениң. Жаслай солай үйретсең, Кереги не өкпениң?!»*

– Жазыўшы, шайырлар тәрбия жумысына өзлериниң шығармалары арқалы көмек бериўге тийисли, – дейди автор, жуўапкершиликти сезинип, – Жазыўшының ўазыйпасы жазып тәрбиялаў, оқытыўшының ўазыйпасы оқытып тәрбиялаў. Ал, ата-ананың үйдеги тәрбиясы олардан да жуўапкерли. Бәри де бир-биринен ажыралмайтуғын ағайин. Сизлер менен бизлердиң мақсетимиз – халыққа ҳадал жүреклилик пенен хызмет етиў.

Хәмме бирден топылғанда дөгерек, Қыйқаңлардың қыйсықлығын жеңер-ек,

Бес бармақтың бәри бирдей болғанда, Адам ушын суд, прокурор не керек?»

Шайырдың педогогикалық пикирлер және даўам етеди: *«Ири ҳәр ўақыт майдадан басланады. Биреўлер балаларын «доктор киятыр, сени шаншады» деп қорқытады. Бир күнлери аўырағойса, ол бала келген докторды бәледей көрип, ҳүрреси ушады. Ислеген ем қонбай, қыйыншылыққа ушырайды. Ҳәтте, еми зая болыўы да мүмкин. Тағы биреўлер «ғарры киятыр, кемпир киятыр, сени өйтеди, сени бүйтеди» деп ғубыжық көрсетеди. Сонлықтан, бала ержеткен соң да, биразының мийниде тәсири қалып, ғарры менен кемпирлер көзлерине жин болып көринеди. Керек десе, қартайған ўақытларында ата-ананы сыйламаў фактлери де бар. Сондай жаман тәрбия, семьяның өзи ушын да, жәмийет ушын да үлкен зыян».*

Тилеўберген Жумамуратовтың шығармаларын, әсиресе, төртликлерин, рубайыларын оқып қарасаңыз, шайырдың ең унатпағаны – менменлик екенлигин көремиз. Менменлик – ҳамал-паразлыққа, парахорлыққа, жаўызлыққа ийтермелейди, басқа да жағымсыз иллетлердиң негизи менменлик, демек, ақылсызлық. Шайыр менменликтиң тийкарын да көргенлиликке, тәрбиялылыққа байланыстырады. – *«Мениң турмыстан байқаўым бойынша, – деп жазады ол, – менмен адамлардың балаларының мурынларында батпан самал. Егер ким менмен болса, ким шуғыл болса, ким өтирикши болса, ким ҳәмелпараз болса, ким күншил болса, – соның ҳәммеси де бир ўақыттағы болған жаман тәрбияның кесапатынан келип шыққан тәсир деп ойлайман.*

Ал, базы биреўлер ҳәмелдиң кишилеў дүмпешигине шығағойса, мурны таўды гөзлейди, өзинен төменгини көрмейди, менсинбейди. Өзинен жоқарғыны көптей көреди, төменгини шөптей көреди. Сөйтип жүрип, биреўлердиң ҳақысына жармасады, мәмлекеттиң мүлкине қол салады. Ақырында, өзин-өзи қақпанға түсиреди.

Урлық әўел басланады түйнектен, Бара-бара жийилесер сийректен. Ҳеш бир адам уры болып туўылмас, Уры болса, соны биреў үйреткен, – демектиң мәниси сол».

Рус жазыўшысы Л. Н. Толстойдың: «Барлық бахытлы семьялар бир-бирине усайды, ал, ҳәр бир бахытсыз семьялар өзлеринше бахытсыз» дегениндей, тәрбия бериўде ҳәр бир ата-ананың өзинше жолы, усыллары, тийкарлары бар. Баянат авторының да тәлим-тәрбия ҳаққындағы өз ойлары бар. – «Тәрбияны жастан алмаса, буўын қатып кеткеннен кейин қыйын болады, – дейди ол, жети жасқа дейинги тәрбияның өзи үлкен әҳмийетке ийе. Бирақ, ҳәмме тегис биле бермейди. Биреў баласын шырлатып, басына урып, сабап атырғанын көргенимде, тула бойым түршикти. Себеби, басқа урыў – оның мий клеткасының раўажланыўына зәлел, ҳәтте, көп зақым келсе, ақылы зайыл болыўға шенли апаратуғынын билгенде, ата-аналар олай етпес еди. Баланы ашыўланбай, кеўилли отырғанда қәтесин айтып, уялтыў жолы менен тәрбиялаў – ең жақсы қәсийет. Бирақ, өшиктирмеў керек. Мине, усылардың ҳәммесин халыққа түсиндиретуғын, үлги болатуғын, ең алды менен оқытыўшы устазлар болады».

Мине, усындай, әпиўайы ғана тилде, бәлентпәрўаз сөзлерсиз, сыйқасы шыққан жөн нәсиятлардан өзгеше, турмыслық шыншыллыққа бөленген, дана атаның жағымлы нәсиятындай бул дидактикалық қатарлар усылайынша даўам ете береди.

«Адам болсаң, жәмийетке дерексең», «Залымлық – бир шырпы, әдиллик – дарақ, Жақсы болсаң, дарағысаң журтыңның» – дегендей ойлар оның ересек жасларға арналған тәлим-тәрбиялық шығармаларының орайында турады. Ол буннан ярым әсир бурын шығарған «Тон менен төбелес» атлы сатиралық қосығында нәшебентликтиң адамның үйин күйдирерликтей зыянын әпиўайы турмыслық эпизодта көрсеткен еди.

Шайырдың төртликлериниң көпшилиги педогогикалық идеяларға қурылған. Мысалы: *«Егин тәрбиясы бастан болады, Адамға тәрбия жастан қонады. Қараўсыз егиннен ҳеш ҳасыл күтпе, Тәрбиясыз бала душпан болады».*

Бул дөретиўшиликте, ата-ана болыў – үлкен жуўапкершилик екенлиги менен бирге, бийбаҳа ғәзийне, Жаратқанның инам еткен қәдирли аманаты, мийрим-шәпәәтиң тийкары екенлиги де меҳирли сезимлерге бөленген қатарларда өз сәўлесин тапқан:

«Бала десе ықлас неге артады? – Гейде урыссам, муҳаббатым бар тағы. Не дуўасы бар екенин билмедим, Мәргиясы жүрегимди тартады». «Хәмме нәрсе бара-бара тозады, Ой тоқыйды қыялымның қозағы. Тозбақ емес бала ушын муҳаббат, Барған сайын аўырлатар азабы». «Ул перзентиң – қуўанышлы тойханаң, Қыз перзентиң – барып келер бай қалаң. Жақсы перзент өмириңниң қанаты, Қартайғанда жасартады қайтадан». Өз гезегинде, перзент те ата-ананың қәдир-қымбатын билиўи ҳаққындағы ой бул дөретиўшиликте көрнекли орынға шыққан. Мысалы, «Бала туўралы сөз» балладасында ата-ананы қәдирлемеген перзентке қатты сөз айтылады:

– Әкем мени жеккөреди дедиң бе? Инанбаспан, әкем болды мениң де, Адам түўе, ҳайўан да өз баласын, Ҳеш ўақытта қыйған емес өлимге. Көп қорлапсаң, өз анаңды қасында! Ләтте пикир уялаған басыңда. Душпан болса, жетпеген бе қуўаты, Неге сени өлтирмеди жасыңда?!

Ата сыйлаў, ана сыйлаў – парызың. Төле, заңғар, ақ сүт берген қарызын! Нешше жыллар түн уйқысын төрт бөлди, Ойлап қараң адамшылық ар ушын! Солар – өмир берген жериң-аспаның, Мийриминен шешек атты жас жаның. Ҳәтте, қанхор өз перзентин қыймаған, Тыңла, мынаў бурынғының дәстанын» – деген қатарлардан соң, Ҳәким Улықман ҳәм Искендер патшаға байланыслы халық әпсанасына сүйенип, ҳәтте, оғыры мийримсиз адам да, перзенти ушын пидә екенлигин тымсаллап көрсеткен.

Ҳәм: *«Өз әкеңди өзиң душпан көресең, Сениң әкен Искендерден залым ба!?» –* деп сөзин жуўмақлайды.

Шайырдың шығармаларында, әсиресе, Ана сезими айрықша қәстерленеди. *«Мен анамның нәли болып көгердим», «Тыпыр-тыпыр палапанның қанаты, Қарлығыштың ләбин сорып қанады. Бәримизди тик аяққа турғызған, Жердиң асқар шыңы дей бер ананы» –* дегендей жүдә көп сезимталлы қатарларын, «Ананың кеўли балада» поэмасын ананы қәстерлеўге арнады. Ал, оның «Ана» қосығы халыққа таралып кетти, оған нама жазылып айтылып жүр. Әлбетте, бала тәрбиясындағы ата-ананың орнын ҳеш нәрсе менен алмастырып болмайды. Бул қатаң ўазыйпа, үлкен жуўпкершилик төмендегише қатарларда өз сәўлесин тапқан: *«Балам гәззап, мен ҳақпан, деп мақтанба, Метр өлшенеди еки жақтан да, Алды менен бас болады гинәли, Аяқ барып балшық жерге батқанда». «Улды-қызды мәпелединң, тербеттиң, Мине, бүгин үстин десең ҳүрметтиң. Қартайғанда қайта бала боларсаң, Сонда есап, еркелетсе перзентиң».*

Шайырдың дүнья қарасындағы тәлим-тәрбиялық басламаларды бир мақалада толық таллаў қыйын. Биз оның бир ғана баянатта жәмленген педогогикалық қарасларын, келтирген мысалларын қарап өттик. Оны баспасөзде қайтадан жәриялаў арқалы ен жайдырыў керек, деген жуўмаққа келдик.

Тилеўберген Жумамуратовты көпшилик сөз усталары устазым, деп биледи. Себеби, ол отыз жыл даўамында Қарақалпақстан Жазыўшылар аўқамында белгили лаўазым – мәсләҳәтши болып ислеп, жазыў шеберлиги бойынша бағдар берген, көп ғана шайыр, жазыўшыларымыздың дәслепки қосықларын баспасөзде жәриялаўға, туңғыш топламларын шығарыўға жәрдем еткен устаз. Оның дүньятанымы терең үйренилиўи, ен жайдырылыўы, тәлим-тәрбиялық дөретпелерине мектеп сабақлықларынан еле де кеңирек орын берилиўи, шеберлик устаханасы журналистика қәнигелигине оқытыўда тәжирийбели мектеп болыўы тийис.

ЮСУПОВ КОНЫСБАЙ

Кандидат филологических наук, доцент,
Каракалпакский государственный университет.
Узбекистан, Каракалпакстан, Нукус

ОСОБЕННОСТИ ИЗУЧЕНИЯ ТВОРЧЕСТВА Т. ЖУМАМУРАТОВА В АКАДЕМИЧЕСКИХ ЛИЦЕЯХ

В процессе глобализации народов мира учебно-воспитательные проблемы имеют особое значение. Для предоставления качественного образования, улучшения получения образования и совершенствования методов оценки результатов усвоения эффективно используются виртуальные образовательные технологии, открытые образовательные ресурсы, образовательные технологии, системы управления образованием. Исходя из поставленных задач, совершенствуется технология обучения каракалпакской литературы в академических лицеях, анализируется информация учащихся на уроках литературы на основе инновационных подходов. По применению инновационных технологий при преподавании проведены исследования такими учеными как О. Ю. Богданова [1], К. Юлдашева [2], А. Пахратдинова [3], Ш. Исломов [4], В. Я. Коровин [5], С. Матжанов [6], К. Хусанбаевой [7], К. А. Юсупова [8], К. Палымбетов [9], Дж. Сагидуллаева и Ж. Каниязова [10] и.д.

В академических лицеях изучаются основные понятия по методике преподавания каракалпакской литературы, связь программ с предметами, принципы преподавания, организация и пла нирование занятий, интерактивные методы, разбор художественных произведений, изучение творчества писателей, проведение работ внеурочных занятий.

Учащиеся знакомятся с творчеством Т. Жумамуратова, И. Юсупова, Ш. Сейтова, К. Рахманова, Ж. Избасканова, Б. Генжемуратова, Х. Даулетназарова, О. Сатбаева, а также с их лирическими песнями, сюжетами в их прозе и с их стилями. В результате конференции у учащихся формируются глубокие знания о народной поэзии в период независимости. К тому же, проведённое занятие с учащимися академических лицеях по методу конференции способствует к расширению их научных взглядов.

Преимущества использования метода конференции в обучении каракалпакской поэзии: Конференция, посвящённая данному периоду творчества, побуждает учащихся работать с особым интересом и ответственностью; во время подготовки к конференции у учащихся появляются возможности ознакомиться с трудами Т. Жумамуратова, И. Юсупова, Б. Генжемуратова, Ж. Избасканова, Н. Торешова, О. Сатбаева и др. Учитывая этот факт можно сделать вывод, что данный вид занятия является наиболее подходящим и развивает исследовательские качества учащихся. Даются тематические, идейные знания о каракалпакской поэзии периода независимости. Тема защиты Родины и тема любви к Родине становятся основными темами каракалпакской поэзии после обретения независимости. Эту тему можно развивать с помощью метода дискуссии. Разнообразное использование методов способствует укреплению теоретических знании. Для начала нужно определить количество материала и отведённое время. Для того, чтобы каждый урок был интересным нужно определить цель каждого занятия. [8; стр.58]

Некоторые произведения Т. Жумамуратова желательно изучать с помощью методов конференции и дискуссии. Задачи метода дискуссии т.е разделение на этапы, оценивание должен определять лекционный преподаватель. Остановимся на порядке использования этого метода. Метод проведения этого типа занятии не отличается от других, но при данном способе организованный работы проводится более широкая дискуссия на заданную тему.

Цель занятия привить учащимся любовь к Родине, обогащение знании в области каракалпакской поэзии, совершенствование ораторских качеств, расширение кругозора, воспитание рационально мыслящих людей.

Для проведения занятия нужно учитывать количество студентов и чистоту аудитории. Для того, чтобы учащимся было понятна новая тема по поэзии Т. Жумамуратова, нужно на доске написать следующее:

1. Поэма «Дружба» Т. Жумамуратова
2. Поэма «Душа матери в ребенке» Т. Жумамуратова
3. Поэма «Два киичонка» Т. Жумамуратова
4. Поэма «Два брата-богатыря» Т. Жумамуратова
5. Поэма «Сказка о волшебной жемчужине» Т. Жумамуратова

Таким образом вопросы распределяются среди учеников. Ученики отвечают на вопросы. Преподаватель должен внимательно выслушать каждого учащегося и, опираясь на их ответы, поставить им оценки. Вообще, метод дискуссии оставляет у учащихся большое впечатление. Оценки ставятся в соответствии с критериям. Должен учитываться смысл каждого задаваемого вопроса. Затем суммируя все это должны выставляться оценки по следующим критериям.

Первый ученик: «В ней автор правдиво описал боевую дружбу Аяпа, Марьи и Павла, любовь каракалпака и русской девушки, выдержавшую все испытания войны». Первый учащийся рассказал о поэм «Дружба» Т. Жумамуратова, ответил на вопросы, активно делился своими мыслями и не допустил ни одной стилистической ошибки. На все вопросы ответил конкретно. Поэтому ему ставится оценка «5».

Второй учащийся хорошо рассказал о поэма «Душа матери в ребенке» Т. Жумамуратова, ответил на вопросы, но допустил несколько стилистических ошибок. Поэтому ему ставится оценка «4».

Третий учащийся хорошо рассказал о поэма «Два киичонка» Т. Жумамуратова, ответил на все вопросы, но допустил стилистические ошибки. Следовательно ему ставится оценка «4».

Четвёртый учащийся не смог хорошо рассказать о поэма «Два брата-богатыря» Т. Жумамуратова, допустил стилистические ошибки. Поэтому ему ставится оценка «4».

Пятый ученик: «Сказка о волшебной жемчужине» повествует о судьбе представителей двух поколений – Старика и юноши Акылбека. Героя упорно борются за свое счастье, предолевают много трудностей. Поэт приводит читателей к выводу, что путь к счастливой жизни – в неустанном творческом труде, в поисках борьбе. В образе Акылбека воплощены характерные черты героя каракалпакских народных сказок.

Пятый учащийся рассказал о поэме «Сказка о волшебной жемчужине» Т. Жумамуратова, ответил на вопросы, активно делился своими мыслями и не допустил ни одной стилистической ошибки. На все вопросы ответил конкретно. Поэтому ему ставится оценка «5».

Метод дискуссии повышает их уровень мышления, а также интерес к поэзии Т. Жумамуратова. Использование разнообразных методов обучения предмету каракалпакской литературы напрямую зависит от педагогического мастерства преподавателя. Из этого следует, что правильное использование методов может пробудить интерес учащихся к каракалпакской литературе.

В обучении поэзии Т. Жумамуратова в академических лицеях можно использовать такие современные интерактивные приёмы как «Зиг-заг», «Мозговой штурм», «Круглый стол». Для обучения ученикам поэтическим трудам можно использовать «Круглый стол». Для проведения этого метода от учащихся требуются бумага и ручки. [8; стр.26]

Тематика произведений Т. Жумамуратова можно объяснить учащимся с помощью метода «Зиг-заг». Для того чтобы дать представления о лирике Т. Жумамуратова, раздаются учебные материалы. Группа наблюдателей изучает материалы. Затем же изученные материалы, объясняются друг другу. Потом определяется насколько корректно они поняли тему. Цель этой работы обеспечение полного понимания учащимися тематика произведений Т. Жумамуратова. Нужно дать каждому члену группы конкретные задачи. Вся группа несёт ответственность за своего члена, и за каждый ответ. Можно задавать индивидуально каждому участнику вопрос для того, чтобы проверить его знания. Это можно сделать разными способами. Например: Можно проверить в письменном виде, задать несколько вопросов в устной форме или же спросить о лирике.

В настоящее время есть ещё один метод обучения каракалпакской поэзии – инсерт. Смысл этого метода в том, что можно взять отрывок из любого стихотворения и дать послушать учащимся. Задачей учащихся является определить кому принадлежат эти строки, и какому периоду относятся.

Одним из новых методов обучения является метод кластер. Этот метод подразумевает собой объединение всего того, что учащийся узнал во время занятия, посвящённого лирика

Т. Жумамуратова. Слово «кластер» означает «думать». Разделение на кластеры – это метод, предназначенный для повышения уровня мышления у учащихся. Этот метод позволяет поднять на новый уровень обучение произведений Т. Жумамуратова. Использование метода кластер зависит от цели и задачи занятия.

В наше время есть ещё один эффективный метод обучения произведений Т. Жумамуратова – метод «Углы». Метод «Углы»– используется для работы с различными мнениями т.е вырабатывает у учащихся процесс мышления. Метод «Углы» можно использовать в следующей теме «Тематика произведений Т. Жумамуратова».

Тематики поэм Т. Жумамуратова («Учитель Жолдас», «Место, где расцвела акация»);

Идейно-тематические особенности поэм Т. Жумамуратова;

Изображение темы Родины и красоты в поэзии Т. Жумамуратова;

Красота поэзии Т. Жумамуратова;

Дидактические и нравоучительные мотивы в поэзии Т. Жумамуратова;

Тема Родины в лирике Т. Жумамуратова. Эти темы должны быть распределены между учениками.

Учащиеся должны основываясь на всём этом сделать выводы.

Мнения учащихся должны основываться на научных фактах.

В целом, использование интерактивных методов обучения в лирике Т. Жумамуратова способствует достижению желаемого результата и разнообразию проводимых занятий.

Необходимо перечислить отличия используемых методов в академических лицеях от методов, проводимых в школах. Во-первых, не будет целесообразным применение в обоих случаях одинаковые методы. Здесь нужно учитывать применение методов с учетом возрастных особенностей учеников. Во-вторых, необходимо классифицировать методы по особенностям и способам применения. Однако данные методы составляют трудности для учащихся школ. В преподавании поэзии Т. Жумамуратова, и в проведении занятий, а также в правильном использовании методов обучения от педагога требуется большое методическое мастерство.

Литература:

1. Богданова О.Ю., Леонова С. А., Чертова В. Ф. Методика преподавания литературы. – Москва: Педагогика, 2002. -162 с.

2. Юлдошев Қ., Мадаев О., Абдуразоқов А. Методика преподавания литературы. Тошкент-1994, стр 87.

3. Пахрадинов А. Методика преподавания каракалпакской литературы – Нукус: Билим, 2004.

4. Исломов Ш. Изучение лиро-эпических произведений на уроках родной литературы в IX – X классах таджикской школы: Автореф.... канд. пед. наук. – М., 1990. 26 с.

5. Коровин В. Я. Анализ художественного произведения в курсе литературы IV – VII классов. -М.: Просвещение,1977. - 224 с.

6. Матжанов С. Мактабда адабиётдан мустақил ишлар. Т. Ўқитувчи, 1996.

7. Хусанбоева Қ., Ниёзметова Р. Методика преподавания литературы. Т. «Баркамал файз мадиа», 2018. Стр.352

8. Юсупов К. А. Методика преподавания каракалпакской литературы. – Ташкент: Сано-стандарт, 2018. Стр.48. Методика преподавания каракалпакской литературы в академических лицеях. (монография). – Нукус: Каракалпакстан, 2019. Стр. 18

9. Палымбетов К. Методика преподавания литературы. Нукус, 2009.

10. Сагидуллаева Ж, Қаниязова Ж.. Әдебият теориясын оқытыўда инновациялық технологиялар. - Нөкис, «Qaraqalpaqstan», 2016, 48 бет.

ЮСУПОВ ИСЛАМБЕК

Каракалпакский государственный университет.
Узбекистан, Каракалпакстан, Нукус

ИЗУЧЕНИЕ ТВОРЧЕСТВА Т. ЖУМАМУРАТОВА В ШКОЛЕ

В методических трудах А. Омаров [2], О. Ю. Богданова [3], К. Юлдашева [4], А. Пахратдинова [5], З. Я. Резь [6], Ш.Исломов [7], В. Я. Коровин [8], Г. Н. Тараносова [9], С. Матжанов [10], К. Хусанбаевой [11], К. А. Юсупова [12] а также в трудах других методистов по преподаванию литературы приведены множество полезных советов. Но, к сожалению, в этих трудах, посвящённых школе, мало обращено внимание к творчеству писателей. С этой точки зрения было бы уместно разнообразить использование форм методов обучения лирика Т. Жумамуратова в школе.

Необходимо теоретическое знание и методическое мастерство педагога для постановки проблемных задач и для их решения в процессе проведения проблемного урока по творчеству известного поэта Т. Жумамуратова. Преподаватель литературы различными методами и приёмами вводит эти проблемы. Во-первых, выделяет ситуации, которые стали бы источниками проблем. Для этого преподаватель обязан знать мотивы лирики, особенности жанра, а также труды, посвящённые творчеству этого писателя. Так же преподаватель должен уметь находить вопросы, которые могли бы стать противопоставлениями в поэзии Т. Жумамуратова. Во-вторых, нужно уметь выбирать и преподносить проблемные ситуации по творчеству Т. Жумамуратова. В третьих, по содержанию и своеобразию творчества Т. Жумамуратова можно выдвигать проблемные мнения. Таким образом, вопросы для студентов должны иметь последовательность, а также иметь свои цели. Например: Почему Т. Жумамуратов мало писал в прозе? Как раскрыты образы его героев в драматических произведениях? Встречается ли в творчестве Т. Жумамуратова троестишие? Дайте описания героев в лирических произведениях писателя. В-четвёртых, ученики должны выразить своё мнение по поводу решения возникших проблем по творчеству Т. Жумамуратова. Их мнение в этот момент должно быть направлено в правильное русло. Желательно, чтобы ученики сами решили возникшие проблемные ситуации.

В процессе обучения необходимо выделить основные задачи. С целью качественного и результативного обучения нужно придерживаться этих методических требований. Учебное пособие должно соответствовать требованиям государственного стандарта и учебной программы, чтобы вооружить учеников систематическими знаниями. В соответствии с государственным образовательным стандартом и образовательной программой определяется основные цели и задачи, а также первостепенные и второстепенные задачи занятии. В обучении должно сохраняться единство обучения и воспитания. Обучение по творчеству Т. Жумамуратова должно быть направлено на воспитание общечеловеческой и национальной ценности, а также в духе идеологии национальной независимости. Посредством обучения по творчеству Т. Жумамуратова должны развивать национальное самосознание студентов, а также пробудить гордость за нашу родину.

К тому же, во время занятия необходимо активное участие каждого ученика, чтобы успевающие и отстающие ученики работали индивидуально, чтобы учеников учились работать самостоятельно, чтобы во время занятия ученики умели и могли выражать свои мысли и в дальнейшем могли реализовать свой потенциал. Вид занятия должен соответствовать плану занятия. В плане каждого занятия должны учитываться цель занятия, дидактические задачи, возраст студентов и их индивидуальные качества, методы преподавания, а также интеллектуальный уровень преподавателя. Некоторые этапы обучения могут быть изменены т.е расширены или же сокращены в соответствии с требованиями занятия. Поэтому создания новых и усовершенствованных методов обучения является одной из главных задач национальной педагогики.

В обучении по творчеству Т. Жумамуратова также могут быть использованы и другие виды занятии такие как выездные, семинарские, практические и факультативные занятия. Как было выше сказано К. А. Юсупов [12], К. Палымбетов [13], Дж. Сагидуллаева [14] и Ж. Каниязова [14] в своих методических трудах высказали полезные идеи. Эти методисты выразили свои мысли о развитии методов обучения литературы, отвечающие требованиям времени, в использовании

новых научно-технологических и научно-информационных разработок для достижения желаемого результата, а также в повышении качества знании, получаемые студентами.

Известны, также различные формы работы с учащимися на уроках литературы. В этом случае от преподавателя требуется мастерство работы не только с группой, но и с каждым отдельно взятым студентом. Использование разнообразной методов литературы способствует к повышению качества знании, к достижению высокого результата, а также к повышению интереса студентов к учёбе. Таким образом развитие основных требовании к проведению занятии является одним из базовых тем на сегодняшний день. Каждая новая тема должна основываться на научных знаниях. Учитывая интеллектуальный уровень студентов надо правильно подобрать количество материала, изучаемой темы, нужно рационально определить основные моменты темы и с помощью всего этого повысить уровень подготовки учеников, а также создание проблемных моментов.

В обучении лирика Т. Жумамуратова одними из новых и эффективных методов обучения являются методы конференции и дискуссии.

Из этих вышеприведённых методов остановимся на рассмотрений метода конференции. В методическом труде К. Юсупова выражены следующие мысли, раскрывающие цели и задачи урока конференции: «Метод конференции – метод классного и внеклассного урока. В методе конференции материалы занятия изучаются в следующих целях: понятие об используемом материале, глубокое знание теоретических трудов, касающихся этого материала, побуждение интереса студентов относительно этого материала» [12; стр. 45]. Значит метод конференции акцентируется на проявление интереса студентов к учёбе. Этот метод можно использовать с большим успехом для обучения лирика Т. Жумамуратова. Этот метод поможет изучению каракалпакской литературы в период независимости, потому что темы, указанные в программе даны в дидактической форме лекции. Во-вторых, учащиеся в 9 классе полностью ознакомятся с поэзией Т. Жумамуратова. В-третьих, учащиеся смогут познакомиться с творчеством поэтов периода независимости. Учитывая все эти факты, уместно было бы использовать метод конференции для проведения занятии, так как именно этот метод может способствовать к проявлению интереса со стороны учащихся, а также к быстрому усвоению темы. Организация проведения занятия с помощью этого метода осуществляется преподавателем. Преподаватель даёт идейно-тематические понятия о поэзии периода независимости, а также о творчестве поэтов, творивших в этот период. Минимум за неделю до занятия преподаватель должен разделить нижеуказанные темы между учащимся 10-класса в школе:

1. Тематика лирика Т. Жумамуратова («Узбекскому поэту Гафуру Гуляму», «Памятнику Абая», «На волне», «Дружба», «Рыбаку», «Чабан»).
2. Воспитательные мотивы в творчестве Т. Жумамуратова в период независимости.
3. Изображение правдивой истории в поэзии Т. Жумамуратова («Красавица Макарья»).
4. Тема Родины в поэзии Т. Жумамуратова («Ташкент», «О Навои», «Другу из Хорезма», «Кегейли», «Мой Турткуль», «Тахтакупыр», «Чимбаю»).
5. Популярностью пользуются сатирические произведения поэта («Стихи о стихи», «Драка с одеждой», «Сон Маспамбета», «Вежливый Алламурат», «Председатель-поклонник критики»).

Перед тем как начать занятие преподавателю следует проверить готовность учеников. Каждому рассказчику отводится по два наблюдателя. В их обязанности входят наблюдение за качеством выступающего рассказчика. После начала урока выслушиваются выступления каждого рассказчика. Каждому рассказчику даётся минимум 6 минут. Каждому наблюдателю даётся 3 минуты. В сумме 6 рассказчикам отводятся 36 минут, 12 наблюдателям – 36 минут. Получается, что для обсуждения темы занятия уходят 72 минуты, а также 8 минут для заключения. После всего этого преподаватель объявляет результаты занятия. Опираясь на результаты выставляются оценки рассказчикам и наблюдателям. [12; стр.18]

Таким образом учащиеся должны оценить выступление рассказчиков и показать недостатки, если они есть. Затем задаются вопросы рассказчикам. Вот таким образом, с помощью дискуссии у учащихся появляются представления о поэзия Т. Жумамуратов.

Т. Жумамуратов, как и А. Мусаев и А. Дабылов, принадлежит к числу тех народных каракалпакских поэтов, чъе творчество представляет собою своеобразный переходный этап от

фольклора к литературе. Даются тематические, идейные знания о поэзия Т. Жумамуратова. Тема защиты Родины и тема любви к Родине становятся основными темами каракалпакской поэзии после обретения независимости.

Литература:

1. Богданова О. Ю., Леонова С. А., Чертова В. Ф. Методика преподавания литературы. – Москва: Педагогика, 2002. - 162 с.
2. Юлдошев Қ., Мадаев О., Абдуразоқов А. Методика преподавания литературы. Тошкент – 1994, стр 87.
3. Пахрадинов А. Методика преподавания каракалпакской литературы – Нукус: Билим, 2004.
4. Исломов Ш. Изучение лиро-эпических произведений на уроках родной литературы в IX – X классах таджикской школы: Автореф.... канд. пед. наук. – М., 1990. 26 с.
5. Коровин В. Я. Анализ художественного произведения в курсе литературы IV – VII классов. – М.: Просвещение, 1977. - 224 с.
6. Тараносова Г. Н. Анализ художественного текста в системе подготовки учителя языка и литературы в национальной школе. Дисс.докт. пед.наук. – Москва, 1991
7. Матжанов С. Мактабда адабиётдан мустақил ишлар. Т. Ўқитувчи, 1996.
8. Хусанбоева Қ., Ниёзметова Р. Методика преподавания литературы. Т. «Баркамал файз мадиа», 2018. Стр.352
9. Палымбетов К. Методика преподавания литературы. Нукус, 2009.
10. Юсупов К.А. Методика преподавания каракалпакской литературы. – Ташкент: Сано-стандарт, 2018. Стр.48. Методика преподавания каракалпакской литературы в академических лицеях. (монография). – Нукус: Каракалпакстан, 2019. Стр. 18
11. Палымбетов К. Методика преподавания литературы. Нукус, 2009.
12. Ж. Сагидуллаева, Ж. Қаниязова. Әдебият теориясын оқытыўда инновациялық технологиялар. – Нөкис, «Qaraqalpaqstan», 2016, 48 бет.

BAYNAZAROVA GÚLJAYNA ÓMIRBAYEVNA

Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı akademiyalıq liceyi.
Ózbekstan, Qaraqalpaqstan, Nókis

«QARAQALPAQ TILINIŃ QOLLANÍW ÓRISI BOYÍNSHA SHEKLENGEN LEKSIKASÍ» TEMASÍN OQÍTÍWDA INTERAKTIV METODLARDAN PAYDALANÍW

Tildi sistemalı úyreniwge tiykarlanǵan ana tilin oqıtıw metodikası oqıwshılardı óz betinshe hám erkin pikirlewge úyretiw, olardıń sózlik baylıǵın asırıw, ózgelerdiń pikirin tıńlaw hám onı orınlı qollanıw, awızeki hám jazba sawatlılıǵın jetilistiriw, pikirin anıq bayan etiwde óz kórinisin beredi.

Forma hám mazmun uyǵınlassa, logikalıq pikirlewge erisiw «oqıwshı – tálim – oqıtıwshı» múnásibetlerin tuwrı shólkemlestiriw tálim nátiyjeliligin arttırıwda tiykarǵı qural ekenligin ámeliy tárepten tiykarlap beriwge xızmet etedi.

Sonlıqtan, sabaq barısında kóbirek oqıwshınıń iskerligin arttırıwǵa qaratılǵan metodlardı qollanıwǵa háreket ettik.

Biziń bul temamızdaǵı sabaq forması – tolıq kombinaciyalanǵan oqıw sabaǵı. Bunda biz oqıtıw metodında «Kishi bayanlaw lekciyası»nan, «Blic soraw», «Mozayka» metodı, «Berilgen maǵlıwmatlardıń durıs-qáteligin úyreniw», «Rolli oyın» metodlarınan paydalansaq boladı. Keltirilgen metodlardı kishi toparlarda islew ushın qollanıw óz nátiyjesin beredi.

Qaraqalpaq dialektologları tárepinen birqansha dialektologiyalıq materiallar jıynalıp, qaraqalpaq tilindegi dialektlerdiń bóliniwine azı-kem qosımshalar usınıldı. Jıynalǵan materiallardıń tiykarında islengen klassifikaciya boyınsha qaraqalpaq tilinde arqa hám qubla (túslik) dialektleri dep atalǵan aymaqlıq jaǵınan belgili qubılıslarǵa iye eki dialekt bar.

Qaraqalpaq tiliniń arqa dialekti Qaraqalpaqstan Respublikasınıń Arqa rayonlarında Shımbay, Taxtakópir, Kegeyli, Moynaq, Qońırat, Shomanay, Xojeli, Nókistiń aynalasında jasawshı

xalıqtı qamtıydı. Bul aymaq qaraqalpaqlardıń burında da hám házirde de tiykarǵı jaylasqan ornı. Usı jerlerde jasawshı xalıq, tiykarınan, házirgi qaraqalpaq ádebiy tiliniń forması menen uqsas keledi. Bul uqsaslıqtı fonetika grammatikalıq qubılıs, leksikalıq quramı tarawlarında qaraqalpaq ádebiy tilin (jazba hám awızsha) arqa rayonlardaǵı qaraqalpaqlardıń sóylew tili menen salıstırıw dáwirinde de seziwge boladı. Sonlıqtan, arqa dialekttiń ádebiy tilge tırnaq bolǵan tiykarǵı tirek bazası dep sanaw aqılǵa muwapıq keledi.

Demek, qaraqalpaq tilin úyreniwdiń birinshi dáwirlerinde ilimpazlardıń dıqqatı arqa rayonlarda jasawshı qaraqalpaqlardıń tiline awdarılıwı fakttıń tosattan bolǵan nárse dep qarawǵa bolmaydı. Bul boyınsha S. E. Malovtıń, E. D. Polivanovtıń, A. A. Sokolovtıń hám N. A. Baskakovtıń miynetlerinen de kóp nárse tabıw itimal.

Ádebiy tildiń normaları menen salıstırıp qaraw arqalı dialektlik ózgesheliklerdi tuwdıratuǵın dialektizmniń ulıwma úsh túrin kóriwge boladı.

Olar leksikalıq-fonetikalıq, leksikalıq-grammatikalıq hám leksikalıq dialektizmnen ibarat.

Qaraqalpaq tili qubla (túslik) dialekti Qaraqalpaqstan Respublikasınıń qubla rayonlarında jasawshı xalıqtı óz ishine aladı. Qubla dialektiniń wákilleri (Tórtkúl, Beruniy, Ámiwdárya rayonıńıń Nazarxan awılı) til hám aymaǵı jaǵınan túrkmenler, Xorezmózbekleri hám qazaqlarǵa jaqın qońsı. Qubla dialekti óziniń fonetikalıq, grammatikalıq hám leksikalıq ózgesheliklerge iye. Olardıń geybirewleri xalıq tariyxı menen baylanıslı bolsa, basqaları qaraqalpaqlardıń qońsılas túrkiy xalıqları menen ekonomikalıq, sociallıq hám mádeniy jaqınlıǵı nátiyjesinde júzege kelgen.

Arqalap barıwı kúshmúytek ǵoy. (*T. Qayıpbergenov*). («kúshmúytek» awır) qıyınıraq sıyaqlı óz dialektlik sinonimlerine iye, olar respublikanıń arqa rayonlarındaǵı qaraqalpaqlardıń tillerinde qollanıladı.

Qaraqalpaq tili Qońırat sóylesiminiń leksikalıq quramında sızǵı (úlgi aǵash), ashaq (aǵashtı jonıw ushın qural atı), quwısqulaq (qatań) mánisinde qollanıladı: al, qubla dialektinde frazeologiyaǵa baylanıslı mınanday qatarlar bar: mazalı jigit – jaqsı jigit, tis jemew – azap kórmew, shańaraq bolıw – xojalıq bolıw t.b.

Moynaq rayonında balıqshılıqqa baylanıslı bay leksika bolsa, respublikanıń qalǵan rayonlarında paxtashılıqqa, xojalıqtıń basqa túrlerine baylanıslı qollanılatuǵın dialektlik sózler bar.

Dialektlik leksikanıń maqseti – qaraqalpaq tiliniń sózlik quramın, fondın bayıtıw, tilimizde az qollanılatuǵın sózlerge keń jol ashıw, ulıwma xalıqlıq tildi bunnan bılay da bayıta beriw is bolıp tabıladı.

Adamzat ómiriniń hárbir bóliminiń arnawlı leksikası, specifikalıq terminologiyası bar. Ol awıl xojalıǵında, mal sharwashılıǵında, balıqshılıqta, sanaat, medicina, yuridika, ilim, ilim-texnika álwan túrli qubılıslarda óz ornına iye.

Tildegi ulıwmalıq leksika menen birge Kásiplik leksika haqqında da aytıw múmkin. Kásiplik leksika ulıwmalıq leksikadan óndiris qatnasıqları hám qurallarınıń anıq zatlardıń atamaları háreketlerin bildiriw arqalı ózgeshelenedi. Mısalı: Balıqshılar tilinde qır brigadası (qır brigadası) degeni bolmasa Mátekeniń de múshkili ańsat emes. (*K. Sultanov*). Jılım, aw, nárete, sholpı, jılım-aw, aw toqıw isine baylanıslı pryaj, konge, iynelik, maki hám t.b. sózler qollanıladı. Mısalı: Al, Saǵıydulla bolsa tayaw, eskekti qolına uslaǵan boyı óz anasın maqtay berdi. (*O. Aytjanov*). Mine, qarap kór, fabrichnıy qalqıdan hesh kem emes ǵoy. (*K. Sultanov*). Sonlıqtan aw toqıwshılar qanday básekege tússe, «iynelik» salıwshılar da bir-birinen mártebesinen bálent kórsetiw ushın jarısıp ıqlas penen isleydi (*K. Sultanov*).

Texnikanı basqarıwshılardıń tilinde olardıń kásibine baylanıslı: tormoz, tezlik, val, gaz, rul, ballon, spidometr, schetchik sózleri qollanıladı.

Fizkultura hám sport penen shuǵıllanıwshılardıń tilinde olarǵa xarakterli mınaday sózler bar: fizkulturnik, skolok, turnik, solnica, qalaq oynaw, shúrppe (mıltıqtıń shúrppesi) taǵı basqalar.

Tilde medicinaǵa baylanıslı: operaciya, recept degen terminler: Texnikalıq terminlerden: mexanizaciya, elektrifikaciya, texnologiya, podval, polosa.

Til bilimine qatnaslı: fonema, faringal, kontekst t.b. atamalar qollanıla basladı.

Qaraqalpaq tilindegi kórkem ádebiyatlarda Kásiplik leksikanıń mısalların kóplep tabıwǵa boladı. Biraq ta óndirislik kásiplik terminologiyanı shekten tıs qollanıw ádebiy shıǵarmalardıń bahalıǵın kemitedi.

Argotizmler sociallıq jaqtan sheklengen leksika bolıp, sózlerdiń emocional-ekspressivlik máni berilip qollanılǵan ulıwma xalıqlıq sózler. Professionalizmnen mına belgileri menen ayırıladı:

1) haqıyqatlıqta qubılıstıń atamasın tiykarǵı mánisi menen emes, al, parallellik belgisi menen atap kórsetedi. Ol sózdiń xalıq tilindegi ataması, yaǵnıy, sinonimi boladı;

2) barlıq argotizmlerge ekspressivlik-stillik boyaw tán;

3) usınday qásiyetke iye bolǵan argotizmler xalıqtıń sóylew tilinde tez waqıtta keń qollanılıw órisine iye bola baslaydı.

Xalıq sóylew tiliniń ayrıqsha specifikalıq mánidegi sózleri argotizmler boladı.

Sapojnika (hesh jerge jaramaytuǵın jumısshı) mánisinde.

Qarız – (tapsırılmaǵan ekzamen). *Lapsha baspa* – (ótirik sóylew).

Banzı – (otırıspaq). *Qoyan bolıw* – (sabaqtan ketip qalıw).

Urılar arasında qollanılatuǵın *akademiya* (tyurma). Frayer (tájiriybesiz urı).

Mektep oqıtıwshıları, studentler hám hár qıylı kásiplik argalar bar. Argotizmler vulgarizmlerge ekspressiv-stilistikalıq jaqtan uqsas. Olardı qollanıwǵa jol qoymaw kerek.

XX ásirdiń baslarına shekem qaraqalpaqlar, tiykarınan, alǵanda diyqanshılıq, sharwashılıq, balıqshılıq, mayda ónermentlik h.t.b. isleri menen shuǵıllanıp kelgenligi belgili. Usıǵan baylanıslı qaraqalpaq tiliniń sózlik quramında joqarıda atalǵan turmıs tarawlarına tán kásiplik belgige iye leksikalıq birlikler orın alıp keldi.

Mısalı, diyqanshılıqqa (paxtashılıqqa) baylanıslı sózler súdigar, súdigarlaw (*súrilgen jer*), tapqa keliw (*jerdiń súrimge tayar bolıwı*), tapqa taslaw *(tuqımdı tapqa salıw*), ǵawasha, ǵawasha paqalı, shigit, shigit egisi, siyrekletiw, kultivaciyalaw, shırpıw, otaw, jergilikli tógin, azıqlandırıw, paxta mamıǵı.

Dánli eginlerge baylanıslı sózler: qırmızı, salı, masaq, túyeklew (dánli daqıllardı sabaǵınan ayırıw, aydaw), kombayn, jazlıq, gúzlik, aq egis, aq biyday, qızıl biyday, qızıl tarı, jasımıq, nayman, sút bolıw, ushıq (dánniń pispey qalǵan bólegi).

Sharwashılıqqa baylanıslı sózler: gúwen, gúwenlew (*ılaq, qozılardı bir qatar dizip baylaw*), jipgileń (*jerdegi shóp-shárdiń jawın yamasa shıq túsip jumsaq bolıwı*), kóterem (*mallardıń arıqlawı*), silos (*mallar ushın maydalanǵan ot-shóp*), sawlıq qoy (*qozılaytuǵın qoy*), jazlaw, qıslaw, úyir, pada, uwız, ǵunan, otar, janlıq, málshi, qırqıw, qarasan, awsıl (*mal awırıwı*) tuwsha, jorǵa, júrmel, tól alıw, sawmal (*ashımaǵan qımız, ashımaǵan biyeniń súti*).

Balıqshılıqqa baylanıslı sózler: jılım, nárete (awdıń túrleri), jórgem, jormal (balıq dizetuǵın jip), tayaw-eskek (kemeni ıǵızıw ushın paydalanatuǵın qurallar), iynelik (nárete toqıǵanda qollanılatuǵın qural), mardan (jekennen toqılǵan balıq salatuǵın ıdıs).

Mayda ónermentshilikke baylanıslı sózler: kórik, balǵa, máki, urshıq, shıǵırshıq, biz, sozan, zerger, balǵa, qashaw, iskenje (zatlardı qısıw ushın islengen qural), shot (ketpenge usaǵan aǵash jonıw ushın qollanılatuǵın qural).

Qurılıs kásibine baylanıslı sózler: Gerbish, qanat, párdiywal, pátik, paqsa, saz ılay, beren, qodager, fasad proekt, obyekt, korpus, beton, qara may, tirek, termoplastinka, blok, kanalizaciya, qáliplew, cement, armatur, gerbish, áynek, saz ılay, topan.

Diyqanshılıqqa baylanıslı geypara sózlerdiń mánileri:

• *Urqan* – (eki túrli mánide) 1) Palız hám hárqıylı ósimliklerdiń gúllew aldında jańa shıǵıp kiyatırǵan kishkentay sabaǵı;

2) Sharıqtıń párigi menen iyikti tutastırıp aylandıratuǵın jip, sabaq.

• *Dombıq* – ósimliktiń túbin bosatıp, qır dógeregine úyilgen topıraq.

• *Shanaq* – ǵarbız, palawqabaq, asqabaq, suwqabaq tuqımların egiw ushın qarıqtıń boyınan islengen orın.

• *Keriz* – shıǵırdıń suw alatuǵın suw jıynalıp turatuǵın jeri, shuqanaǵı, oyı, suw saqlaǵıshı.
• *Keskirt* – artıq-kemi joq, bir qálipte alınatuǵın nárse, alatuǵın muǵdar, shama.
• *Kewsen* – diyqanlardıń qırman basına kelgen adamǵa beretuǵın dáni.

Balıqshılıqqa baylanıslı geypara sózlerdiń mánileri:

• *Azna* – adamlar otırıw ushan qayıqtıń ústindegi kese tartılǵan aǵashı.
• *Saldaw* – keme súyreytuǵın arqan, jip.
• *Saldaw tartıw* – súyrew, tartıw.
• *Saldawshı* – saldaw tartıwshı adam.
• *Bórge* – sazan toparına kiretuǵın balıqtıń mayda túri.
• *Tóslik* – adamlardıń janlı-janıwarlardıń kókirek súyeginiń ústine pitken maylı eti, tósi.
• *Gúmpildek* – balıqtı awǵa qarap quwatuǵın qural.
• *Gúmpildek urıw* – balıqlardı bir jerge qashırıw.
• *Sıralǵı* – balıq yamasa basqa da ań awlaw túrlerinen beriletuǵın bólek.

Sharwashılıqqa baylanıslı geypara sózlerdiń mánileri:

• *Dónen* – tórt jasar ayǵır jılqı
• *Qırıqlıq* – qoy-eshkilerdiń júnin qırqatuǵın qayshı formasındaǵı uzın temirden islengen qural
• *Shańlaq* – jazdaǵı mallardıń jatatuǵın ornı
• *Tebingi* – taqımdı, kiyimdi attıń terinen saqlaw ushın erge jalǵastıra tigilgen úzenginiń ústin jawıp turatuǵın bılǵarı
• *Júrmel* – mingen kisige júrisi jaylı at
• *Qırıqpa* – bir jasın toltırıp ekige qaraǵan qulın

Mayda ónermentshilikke baylanıslı geypara sózlerdiń mánileri:

• *Sazǵap* – sazdıń qabı, kebi
• *Iyik* – qaq jıńǵıldan eki ushlı etip, sharıqqa ornatıp jip iyiriw ushın islengen ásbap
• *Sózan* – ushı topır iymeklew úlken iyeniń túri, bizdiń ornınan ótkeriwge arnalǵan iymek iyne.
• *Qozaq* – jerden qazıp islengen bóz toqıytuǵın ásbap, orın.
• *Óre* – tirepberdi, úy-jaydıń dálizıniń ishine bellikke tirep qoyılǵan aǵash.
• *Pátimek* – etiktiń ultanı bekkem bolıwı ushın ultan qosılıp qaǵılatuǵın sherim, teletin.

Qaraqalpaqstanda xalıq xojalıǵınıń rawajlanıwı menen awıl xojalıǵı tarawında da, sanaat tarawında da úlken ózgerisler payda boldı, óndiris tarawları keńeydi, miynet etiwde shólkemlestiriwdiń jańa usılları payda boldı. Miynet ónimdarlıǵın arttırıwǵa baǵdarlanǵan ilimiy-texnikalıq jetiskenlikler turmısqa keńnen endirildi.

Usıǵan sáykes funkcionallıq jaqtan belgili kásip tarawları boyınsha jańa terminlerdiń toparı kóbeyip bardı.

Blic sorawlar:

1. Shatırash kóylek shań bolar dep qaǵaman
   Óńirime háykel, monshaq taǵaman. Qosıq qatarlarında qansha gónergen sózler berilgen?
2. Qaraqalpaq hayal-qızları basına taqıya kiyip, aydınlı yamasa jupqa oraǵan hám onıń sırtınan ne oraǵan?
3. Pátimek qaysı kásipke baylanıslı qollanılatuǵın sóz bolǵan?
4. Kóterem, awsıl, qarasan qaysı kásipke baylanıslı qollanılatuǵın sózler sanaladı?
5. Iskenje, shot sózleri qaysı kásipke baylanıslı qollanılatuǵın bolǵan?
6. Qırıqpa qaysı kásipke baylanıslı hám mánisi qanday?

«Mozayka» metodı

Bul metodtı ótkeriwde tiykarǵı maqset oqıwshılardı oylawǵa, erkin pikirlewge, sonday-aq, shaqqanlıqqa úyretedi. Sebebi, bul tapsırmanı kishi toparlarǵa bersek, olar qarsılas topardan tez hám burın bolıwǵa háreket etedi. Bunıń ótkeriliwi tómendegishe:

Qutıǵa bóleklenip qıyılǵan qaǵazlardıń artına hár qıylı sózlerdi jazıp aralastıramız. Bunnan soń usı aralastırılǵan sózlerdi konvertlerge salıp, kishi toparlarǵa tarqatamız. Tarqatılǵannan

soń, onıń ótkeriliw tártibi oqıwshılarǵa túsindiriledi, yaǵnıy, bólek qıyılıp tarqatılǵan qaǵazlardı orın-ornına qoyıp, olardan gáp payda etiw kerek. Usı jerde biziń temamızǵa baylanıslı xalıq naqıl-maqallarınan paydalansaq boladı. Mısalı, *Bir jıl tut ekken kisi, Júz jıl gáwhar teredi. Bir túp sheńgeldi, Mıń jıl qoralasań da baǵ bolmas. Bir kúnge ógiz ólmeydi, Eki kúnge iyesi bermeydi. Aǵash ekpegen sayasında jatpas. Túyege naz qıl deseń, bir tanap jerdi wayran etedi. Áńgime buzaw emgizedi, Buzaw tayaq jegizedi. Atızlı jerde er ólmes, Úyirli jerde at ólmes. Balıǵı bolmaǵan kóli qurısın, Kiyigi bolmaǵan shóli qurısın. Segiz qırlı balıqtı, Toǵız qırlı jigit aladı.*

Biz bul maqalamızda qollanılıw órisi boyınsha qaraqalpaq tiliniń sheklengen leksikasında, ásirese, kásiplik sózlerge kóbirek dıqqat bóldik.

Sabaqtıń bekkemlew basqıshında bunnan basqa birneshe metodlardı qollanıp kórdik. Bul ótilgen sabaqtıń mazmunınan kelip shıqqan halda oqıwshılardıń alǵan bilimlerin qadaǵalaw ushın kishi toparlarǵa sorawlarǵa juwap qaytarıw hám maǵlıwmatlardıń durıs-qáteligin anıqlaw maqsetinde tarqatpa materiallardı beremiz. Onda hár tarqatpa materialda óz toparınıń atına baylanıslı tómendegi sorawlar beriledi.

Tómende berilgen sorawlarǵa juwap qaytarıw hám berilgen maǵlıwmatlardıń durıs-qáteligin anıqlaw.

1. Toy-merekege shıǵarda, bir jaqqa qıdırǵanda hayal-qızlar ústine kiymeshek jamılǵan.
2. Jormal–jerdegi shóp-shárdıń jawın jawıp yamasa shıq túsip jumsaq bolıwı
3. Degershigine gúlmıyıq qaqqan ózbekler qollanılatuǵın arbalar qaraqalpaq awıllarında paydalanılǵan. Bunday arbanıń túrin telegen arba dep ataydı.

Rolli oyın metodı

Kásiplik sózlerdiń xalıq tilinde qollanılıwın biliw maqsetińde «Rolli oyın» metodınan paydanıp kórdik. Bunıń ushın hámmemizge belgili bolǵan qaraqalpaq xalıq ertegi «Túlki, tasbaqa hám taskene» erteginen paydalandıq. Sebebi, onıń mazmunı barlıq oqıwshılarǵa tanıs, lekin, onıń ishindegi diyqanshılıq kásibine baylanıslı sózlerdiń mánisın barlıq oqıwshılar bile bermeydi. Máselen, kewsen, qırmandı qızıllaw, qırman súziw, qazıq qaǵıw, sonday-aq, bul ertekte diyqanshılıq kásibine baylanıslı gónergen sózler de qollanıladı, mısalı, gúnde, moyıntırıq, pazna, tanap. Bul metodtı qollanıwda biz oqıwshılardıń aktyorlıq sheberliginiń qáliplesiwine, ózin erkin tutıwına erisemiz.

Ádebiyatlar:

1. E. Berdimuratov. Házirgi qaraqalpaq tili (leksikologiya). Nókis: «Bilim» 1994.
2. Sh. Allaniyazova. J. Táńirbergenov. Qaraqalpaq tilin oqıtıwda innovaciyalıq texnologiyalar. Oqıw qollanba. «Bilim» baspası, 2015.
3. J. Sagidullaeva, J. Qaniyazova. Ádebiyat teoriyasın oqıtıwda innovaciyalıq texnologiyalar (metodikalıq qollanba). – Nókis: «Qaraqalpaqstan» baspası, 2016.

12. ЕСЛЕЎЛЕР. ВОСПОМИНАНИЯ. MEMORIES

БАЙТИКОВА БАКТЫГҮЛ БАТЫРБЕКОВНА

Педагогика илимдеринин кандидаты, доцент.
Ош мәмлекеттик университети

МАМАТЖАНОВА ЗАРИНА МАМАТКАРИМОВНА

Ош мәмлекеттик университети Улук окутуучусу.
Кыргызстан, Ош

АДАБИЯТ АЙДЫҢЫНДА

Ошентип, бир тууган элибиздин ар тараптуу маданиятын азыноолак болсо да, гезиттин өткөн сандарында баяндадык. Бул сапар сиздер менен Каракалпакстан жана Өзбекстан эл акыны, Бердах атындагы мамлекеттик сыйлыктын лауреаты, «Калктар достугу, «Урмат белгиси» ордендеринин ээси, импровизатор, лирик, философ акын, сатира-юмор чебери, драматург, публицист, сөз чебери Тилеуберген Жумамуратовдун бейнесине токтоло турган болдук.

Акын атабызды даңктап жатып, анын ыр саптарынан мисал келтирбесек сөзүбүз куру болуп калаар:

Күндөр өттү, көргөн түштөй белгисиз, Күндөр өттү, кайтып аны көргүсүз. Турмушумда не бир күндөр кездешти, Өмүрүмдүн жарымына бергисиз.

* * *

Адам болсоң, жааматка дарексин, Кошулбасаң тамыры жок терексин. Ойлобосоң бир өзүңдөн башканы, Айтчы кана, сен кимдерге керексин?

* * *

Убакыт өтөр, тулпар аттай чабышып, Жаз да келер, кыштан өмүр талашып.

Албетте, ар нерсеге шылтоо болот демекчи, Каракалпакстан жергесине сапарыбызды улап жатып, ушундай белгилүү акындын кызы Замира Жумамуратованын үйүндө конокто болобуз деп үч уктасак түшүбүзгө кирбесе керек. Көрсө, биздин делегацияны Каракалпакстандан акындын дагы бир кызы Малика Жумамуратова тосуп ала турган экен. Ар бир күнүбүз тарых демекчи, тарыхтагы улуу адамдардын үйүндө олтуруп, анын чыгармачылыгы менен аз да болсо таанышууга туура келди. Бул тууралуу макалабыздын биринчи бөлүгүндө баян эттик.

Учурда белгилүү акындын кыздары Малика, Замира Жумамуратовалар Ош мамлекеттик университетине конок-лекцияга келишти. Мына ушундай кырдаалдан пайдаланып, алардын атасы тууралуу сурап, каракалпак адабиятынын өкүлү тууралуу интернет булактарында даяр материалдар менен эмес, жөн гана улуу акын турмушта кандай адам эле, жашоого көз карашы кандай эле, кыздарынын көзү менен чагылдырып берүүнү туура көрдүк.

– Саламатсыздарбы? Кыргызстан жергесине, анын ичинде Ош шаарына куш келипсиздер.

Бүгүн адабият ааламында маалымат айдыңы менен кошо өзгөрүүлөр көп десек болот, ошентсе да адабиятыбыздын башаты элдик оозеки чыгармачылыктан башталат эмеспи. Сиздердин атаңыздардын да чыгармачылыгы фольклор менен байланышып, элдик чыгармалалар менен тамырлап кеткен дешет, буга эмне дейсиздер?

– Замира Жумамуратова:

– Албетте, атабыздын чыгармачылыгын элдик чыгармалардан алыс коюуга болбойт. Атам өзү ошол чыгармаларга, айтымдарга суугарылып, элдик адабиятты терең билген адам. Ага учурунда даңкталган «Огонёк» журналында иштеген белгилүү публицист Юрий Карасев бекеринен «Каракалпакстандын акыны Тилеупберген Жумамуратов ырлары кенен таралган, бардык жерде анын ырлары сүйүү менен кабыл алынган акын. Ал өз өлкөсүнүн, жердештеринин өмүрүн жана каракалпак элинин тарыхын терең билген жазуучу. Анын поэзиясы туулган жери, улуттук фольклор менен тыгыз байланышып кеткен« деп айтпаган чыгар. Атамдын чыгармаларында элдик философия, ошону менен катар юмор, азил да камтылчу. Менин оюмча, окуганга, түшүнгөнгө жөнөкөй, бирок ичинде терең мазмун бар эле. Балким, учурунда атамдын чыгармачылыгын баалабаган чыгарбыз, бирок анын ырлары дайыма эл-жерди сүйүү, Мекенин сүйүү сезими менен жазылганын билебиз. Себеби, атам өз жерин ушунчалык жакшы көрчү. Ыр жазууга шык, дарамет сөзсүз бир нерсенин таасиринен улам келсе керек.

Малика Жумамуратова: – Атамдын башка акын-жазуучулардын өзгөчөлүгү – ал адабий жанрлардын көп түрдүүлүгүнө көңүл бурганы жана бардыгында өз дараметин көрсөтө алгандыгы деп ойлойм. Ал поэзиялык, прозалык, публицистикалык, драмалык жанрда жазды, андан башка поэзияга өзгөчө көңүл буруп, төрт илтик, рубайы, лирикалык сатираларды, көлөмдүү сюжеттүү чыгармаларды, балдарга жомокторду, поэмаларды калтырып кетти. Анын сөз чеберлигин айтыш өнөрүнүн мисалында айтса болот.

Атабыз Омар Хайамдын, Муса Жалилдин, Пушкиндин, Токтогулдун жана башкалардын ырларын көп окуп, алардын таасиринде каракалпак поэзиясында бир өзгөчөлүктү жаратып, ошондой эле аларды которуу менен каракалпак адабиятына чоң бир эмгек сиңирди десек жаңылбайбыз.

– Чынында, улуу адамдын атагын алыстан укканда аны дагы да тереңирээк билүүгө ашыгат экенсиң. Акын Тилеупберген Жумамуратов тууралуу абдан көп илимий-публицистикалык макалалар жазылыптыр. Ошентсе да, атаңыздардын үй-бүлөдөгү орду, апаңыздар менен, сиздер менен болгон мамилеси, тарбиясы тууралуу сөз кылсаңыздар...

Замира Жумамуратова: – Атабыз адамдын көңүлүн калтырбаган, абдан кичипейил адам эле.

Биз үй-бүлөдө көп бир тууган болгонбуз. Агабыз Байронду эске албаганда жалаң кыздарбыз. Кичүү инибиз Мураджан жана сиңдибиз Диляра кийин төрөлүштү. Мына ушундай кыздарын өзгөчө жакшы көргөн, аларды эч качан какыс-кукус кылбаган инсан болчу атабыз. Ал эми апам атама караганда катуу кол эле. Негизги тарбияны апам берди десем болот. Турмуштун кереметтери адамды аябастыгын, ага дайыма даяр турушубузду кичинебизден эле кулагыбызга куят эле. Атам баарыбызды мүмкүн болсо көп окууга, билим алууга чакырат болчу. Өзү гезитте, редакцияда иштегениненби же негизи бизди окусун дейби, айтор балдарга арналган бардык гезит-журналдар ай сайын келип турчу. Аларды окуп, талкуулап, жаттап айтып берүү бизге адат эле. Атам кандайдыр бир кемчилик кетирсек, аны урушуп айтпай «Кызым, ушул ишти ушундай эле аткарып койсок кандай болот эле?» деп суроо берип, ошол ишти үйрөтүп койчу. Атамдын мындай мамилесине биз ансайын эркелечүбүз.

Мектепте окуп жүргөндө мугалимибиз менен тыгыз байланышта болуп, биздин кандай баага окуп жатканыбыз тууралуу дайыма кабардар эле. Эсимде бары, ал ата-энелер комитети болуп да, мектептеги окуучулардын ата-энелери менен жакындан иш алып барчу.

Малика Жумамуратова: – Биздин ушундай жетишкендиги бизге атамдын опол тоодой орду бар. Баарыбызды билимдүү болууга, жакшы окууга чакырып, тарбиялуу, ыйбалуу болууга чакырды. Анын ар бирибизге өзгөчө мамилеси бизди шыктандырып, турмушта өз ордубузду табууга өбөлгө болду. Апам экөөнүн мамилесине токтолсом. Атам апамды жакшы көрүп, сүйүп алган. Апамды бирөөгө кичинекейинен эле кудалашып коёт. Ошентсе да бири-бирин жактырган жаштар сүйүүсү үчүн күрөшүп баш кошушат. Атам мына ошондой киши болгон. Өз сүйүүсүн коргой алган жана камкордук көрө алган. Апамдын ата-энеси атам менен апамды көпкө чейин кечирбей, качан гана агам Байрон төрөлгөндө кечириптир. Ошентип, атам апамды көзү өткүчө аспеттеп, кастарлап карады. Апам эмнегедир жаш ортоңунда ооруп калды. Апамды дайыма аячу, кайда барбасын ага дары чөптөрдү, өсүмдүктүн майларын алып келип жүрдү. Апамдын көзү өткөндөн кийин, биз анын бейитине барсак, ал биз менен барчу эмес. Биз келгенден кийин гана барчу. «Айланып

алдында жүрөмүн, кабырыңдын башында» деген ыр саптары дагы бар. Атамдын кандай сезимде жүргөнүн анын ырларынан байкайт элек. Анын мунканганы мындай эле, баары өз тиричилиги менен, бир гана сен жоксун жанымда деп кайгырчу.

Атам менен апам бизге балалыктын эң бир сонун күнүн тартуулаган инсандар болушту.

Ырас, адам баласы ата-энесин эстеп олтуруу мыйзам ченемдүү көрүнүш. Сиздер атактуу инсандын уул-кыздарысыздар. Бүгүн мына Ош жергесине келдиңиздер, кандай ойлордо, кандай сезимдердесиздер?

Малика Жумамуратова: – Кыргыз эли каракалпак эли менен бир тууган эл. Биз бүгүн маалымат заманында жашап, абдан көп маалыматка ээ болгондой эле, көп досторду арттырышыбыз зарыл. Дүйнө бизге кең болушу керек. Кайсыл жаатта болбосун интеграцияланып жашашыбыз зарыл. Кыргызстан бизге белгилүү уулу Ч.Айтматов менен, берметтей Ысык-Көлү менен, меймандос калкы менен таанымал. Мына ушундай керемет жерге келгенибиз бизди абдан таасирлентти.

Замира Жумамуратова: – Илгертен ынтымак деген сөз бардык калктарда бийик сөз болгон. Анын сыңары бардык жерде, бардык элде, бардык чөйрөдө ынтымак болсо, ошондо гана тынчтык орнойт. Тынчтык болсо, жашоо боёктуу, көркөм болот. Мына ушундай ынтымакчылыгыбыз артып, кылымдарга байланышыбыз үзүлбөсүн. Кыргыз калкы кылымдарды карыткан калк. Биз ушундай калктын эл-жери менен таанышканыбызга чексиз кубанычтабыз.

Ошентип, маегибизди көпкө улантып, калктардын достугу тууралуу кеп кылдык. Айтмакчы, маектешкен каармандарым тууралуу кеп кылсам, Малика Жумамуратова – Каракалпак Бердах атындагы мамлекеттик университетинин доценти, филология илимдеринин кандидаты. Ош мамлекеттик университетине журналистиканын өнүгүү тенденциясы, ааламдашуу мейкиндигиндеги маалымат каражаттарынын орду сыяктуу маселелерди камтыган конок-лекция окуганы атайын чакыртылды. Конок-лекция өз деңгээлинде өтүп, студенттер кызыккан суроолорун бергенге, каракалапак эли тууралуу маалымат алганга да жетишти. Замира Жумамуратова – кесиби боюнча геолог. Кыргыз жергеси менен таанышууга келген. Өз ишинин мыкты адиси. Адабиятка кызыккан атасындай сөз чебери.

Мына ушундай окурманым, адабият айдыңында улуу акындын кыздары менен маектешип, жөнөкөйлүктөн бийиктикке умтулган акын тууралуу сөз кылдык. Мындай асыл адамдар тууралуу дагы кебибиз алдыда. Элдин тарыхы, элдин маданияты – анын адабиятында деген сөз бекеринен айтылбаса керек.

ҚАБУЛОВА МИЯСАР ТОЛЫБАЕВНА

Қарақалпақстан Республикасы прокуратурасының
Ғәрезсизлик ҳәм Нызам юридикалық газетасы бөлим редакторы.
Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

УЛЛЫ ТУЛҒА

Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық шайыры, Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлықтың лауреаты, «Халықлар дослығы», «Ҳүрмет дослығы» орденлери ийеси болған импровизатор, лирик, философ шайыр, сатира-юмор шебери, драматург, дилмаш, публицист, тарийх, әдебият, тил, көркем өнер тараўлары бойынша билимдан, уллы сөз зергери болған шайыр атамыз бул – Тилеўберген Жумамуратов.

Бизлер кишкене пайытымызда шайыр атамыз тез-тезден үйимизге қыдырып келип туратуғыны еле ядымда. Шайыр атамызды көзимиз бенен көргенимиз ушын шығар оның келбети елеге шекем көз алдымда. Оның үлкен көзәйнеги менен үстиндеги қоңыр реңли узын плащь өзине жүдә жарасықлы еди. Шайыр атамыз үйимизге қыдырып келгенинде, кишкене үкелеримиз бенен бирге атам келди деп оның алдынан жүгирисип шығар едик. Оннан кейин Тилеўберген Жумамуратовтың мектепте оқыўшыларының дерлик бәршеси жақсы көрип ядлайтуғын «Ана» қосығын атамызға ядтан айтып беретуғын едик.

Әй ана, билемен тилегимдесең, Сен мениң мудамы жүрегимдесең. Қандай көретуғын болсаң сен мени, Мен де тап жанымдай көремен сени. Сеннен қымбат не бар маған дүньяда, Сен болмасаң келмек қайда дүньяға! ....

Шайыр атамыз болса, бизлерге «бәрекелла», әне, шайырдың баллары, деп марапатлап қойса, бизлер қуўанысар едик. Себеби, бул қосықты ҳәрдайым бәршемиз анамызға сүйип айтатуғын қосықлардан. Оннан соң болса, шайыр атамызға ядлаған нақыл-мақалларды ким көп биледи деп жарыспақта айтар едик.

Әдебиятшылар шаңарағында дүньяға келгенимиз ушын кишкенелигимизден үйимизде әдебиятшылар, шайыр-жазыўшы ҳәм журналистлер мийманда болып, жасы үлкен атақлы, ел сүйген, уллы инсанларды көзлеримиз бенен көрип өскенбиз. Ҳәттеки, бизлер олардың көпшилигин шаңарағымыз ағзалары киби жақсы көрер едик. Бәлким, оларды биз өзлеримизге жақын ағайин есаплап, оларға ата, әжаға яки апа деп мүрәжат етер едик. Есимди билгели яд болып қалғаны, шайыр атам Тилеўберген Жумамуратов сол ўақытлары бизлердиң әкемиз Қарақалпақстан халық шайыры Толыбай Қабуловқа «Сен мениң Байрон баламнан үлкен баламсаң» деп әкемиздиң дөретиўшилик ислеринде жол-жоба көрсетип, өмир жолында, турмыс машқалаларында ушырасатуғын базы бир қыйыншылықларды жеңип шығыў ушын өзиниң басып өткен тәжирийбелери менен бөлисип, келешекке жол силтеп туратуғыны кишкенелигимнен есимде.

Оннан қала берсе, әкем шайыр атама өзиниң жаңадан шыққан китапларын саўға етер еди.

Оннан қала берсе, анам Өзбекстан халық муғаллими Рысгүл Уснатдинова мектепте қарақалпақ тили ҳәм әдебияты пәни муғаллими болып көп жыллар мийнет етип, ол узақ жыллар Жазыўшылар аўқамында жуўаплы хаткер лаўазымында жумыс ислеп келген әкемиз Толыбай Қабулов пенен ойласқан ҳалда мектепте әдебий ушырасыўлар шөлкемлестиретуғын еди. Бул да, бәлким, ата-анамның бир тараўда, мийнет жолы әдебиятқа жақын болыўы себеп шығар.

Олардың тийкарғы мақсети жасларды тәрбиялаўда тәлим менен қоса жақсы сөз бенен тәрбияланып ержетсе, ертеңги күни елимиздиң ийгилиги ушын хызмет етеди деген нийетлери болған. Әлбетте, әдебиятты сүймей турып пәнди сүйип оқытыў мүмкин емеслигин жақсы билемиз. Анам әкемиз бенен ойласқан ҳалда класстан тыс жумысларға да үлкен әҳмийет берип, әдебият тараўының уллы тулғаларынан Т. Жумамуратов, А. Алиев, Т. Қайыпбергенов, Ж. Дилмуратов, Ж. Аймурзаев, Г. Есемуратов, Б. Қайыпназаров, Х. Сейтов, Т. Қабулов, Ж. Сейтназаров, С. Аббазов ҳәм тағы бир қанша шайыр-жазыўшылар менен ушырасыўлар шөлкемлестирген.

Анам Валентина Терешкова мектебинде муғаллим болып жумыс ислеп жүрген ўақытларында оқыўшылар менен әдебий ушырасыўға шайыр Т. Жумамуратов мирәт еткен. Усы әдебий ушырасыў кешесин өткергенинде оқыўшы жаслар сүйип оқыйтуғын китапларының авторын өз көзлери менен көрип, дийдарласыў ҳәм шайыр менен өз ара пикирлери менен ортақласыў бахтына миясар болған.

Әкемиз Қарақалпақстан халық шайыры Толыбай Қабуловтың жазған китапларын оқығанымызда, шаңарағымыздың жақын инсаны болған шайыр атамыз Тилеўберген Жумамуратовқа арнап жазған көплеген қосық қатарларын көремиз. Мәселен:

ШЫНЫНДА ДА ШАЙЫР ЕДИ

Тилеўберген аға Жумамуратовқа арналған

Тилеўберген аға шынында да,
Шийрин тилли шайыр еди.
Мушайра болса Римға да,
Барыўға ол тайын еди.

«Мәспәмбеттиң түси» оны,
Раўаж етти исин оның.
Оның хатқа түсирилгенин,
Оқығанлар қайыл еди.

Мойнақ, Майпоз, Үшсай, Үрге,
Отырғызды оны төрге.
Ол – Аралда жүзген өрге,
Ушан кеме-қайық еди.

Әшкаралап жағымпазды,
Тек пайдалы жағын жазды.
Оның юмор, сатирасы,
Атқа тартқан айыл еди.

Қатықулақ, сөзге шебер,
Журттан өзгешелеў келер,
Заман Зухра болса егер,
Ол – ҳақыйқый Тайыр еди.

«Байнияздың тиси жоқ» деп,
Кемпир менен иси жоқ деп,
Әттең, бойы киширек деп,
Ҳәзил сөзди ойып еди.

Журт гүл төсеп қәдемине,
ЫІнтық еди сәлемине.
Не дөрелсе қәлеминен,
Турысы – халыққа қайыр еди.

Тилеўберген аға шынында да,
Нағыз төкпе шайыр еди.
Ҳәтте, мойны жулынса да,
Аўзына сөз тайын еди.

Тилеўберген аға – Тахиатастағы,
Нур тартып турған ГРЭСтей еди.

Қәлем тербеп, тилинен дур шашқаны,
Уллылыққа қосқан үлестей еди.

«Алламурат әлпайым» болып өзи де,
Журт инанды оның айтқан сөзине,
Алтын, гүмис болып көлеңкеси де,
Ҳақыйқатлық ушын гүрестей еди.

Ийелеген жоқ ол үлкен лаўазым,
Я көтерип сөйлеген жоқ ҳаўазын,
Қосық пенен таўып дәрттиң даўасын,
Шуғла шашып турған қуяштай еди.

Жырлады ол қулан, кийик, жейранды,
Туўылған мәканды, мәртлик майданды.
Баласына Байрон деп ат қойғанда,
Өлимге ҳеш көзиң қыймастай еди.

Ашық болып Тәңирдиң ҳәр таңына,
Дос арттырып, йош жыйнады жанына.
Қосық пенен жазған романы да,
Макария да алтын мийрастай еди.

Бул қосықтан тысқары китапларда шыққан және бир қосығын мысал етип келтирсек:

ТИЛЕЎБЕРГЕН АҒАНЫ ЕСЛЕП

Жақсы сөзлер – жанға азық болсын деп,
Бахыт қусы басымызға қонсын деп,
Гөззаллықтың дүньясына жол силтеп,
Жеңиске баслаған гүрестей еди.

Барған жерде мерекени айырып,
Шыға жолға шабар еди шайырлық,
Оны көрип, ушқан қуслар қайрылып,
Уллылыққа қосқан үлестей еди.

Астарында ҳәр бир айтқан сөзиниң,
Инсанлығы турар еди өзиниң,
Қосық етип барлық ишки сезимин,
Тилеги – журт оны үлескей еди.

Аппақ нур бар еди муҳаббатында,
Жайнап турар еди жазған хатында,
Тилеўберген аға ҳақыйқатында,
Айтқан сөзи – ақыл-кеңестей еди....

22-февраль, 1997-жыл. Нөкис қаласы.

Әлбетте, шайыр атамыз Тилеўберген Жумамуратов ҳаққында көплеген еске түсириўимиз мүмкин. Шайырдың ақлық қызы Баян Тилеўбергенова мениң достым. Оның менен бир факультетте журналистика қәнигелигинде бирге оқыдық ҳәм 30 жылдан берли беккем дос болып келмектемиз. Группаласларымыз бизлерди шайырлардың қызлары деп ҳәўес пенен қарар еди. Бизлер болса, олардың қосықларын мақтаныш пенен оқып берер едик. Университетти питкергенимизден соң бираз жыллардан кейин шайыр атамның шаўлығы Алпамысжанның, тусаў тойында мен тусаў кескенимди де мақтаныш ете аламан. Бүгинги күнге шекем бизлер Қабуловлар шаңарағы менен Жумамуратовлар шаңарағы аталар жолын даўам етип, жақын қарым-қатнастамыз.

ДЖУМАМУРАТОВА ДИЛЯРА ТЛЕУБЕРГЕНОВНА

Главный бухгалтер Центра содействия предпринимательству при Каракалпакском Республиканском управлении Торгово-промышленной Палаты Республики Узбекистан. Узбекистан, Каракалпакстан, Нукус

О ЖЕНЩИНЕ, МАТЕРИ, МУЗЕ

Вспоминая своих родителей, народного поэта Каракалпакстана и Узбекистана Тлеубергена Жумамуратова и Урынбаскан Хожаназарову, сквозь призму лет, я, как дочь, все глубже осознаю, какую роль в творческом развитии отца сыграла мама. «Да, если в этом мире жить, то лишь среди друзей. С детьми и внуками, с женой любимою своей...», – это отец писал о своей семье и, конечно, о супруге. Посвятив ему свою жизнь, она всегда находилась рядом с ним, всячески его поддерживала, была заботливой подругой, музой и вдохновительницей его таланта, первым слушателем и строгим критиком его произведений.

Урынбаскан родилась в 1922 году в Муйнакском районе, получив общее образование в районной школе, вышла замуж за отца, который был старше нее на 7 лет. Рука об руку все 46 лет они шли по жизни и вместе переживали радость и боль, трудности войны и послевоенных лет, горечь потерь близких, рождение детей, внуков, творческие успехи отца.

Быть женой поэта – счастье, но вместе с тем это неустанный труд. Порой, забывая об усталости и сне, она заботилась о нем, чье творчество требовало ее внимания и оценки, для чего нужно было работать над собой, чтобы быть ему полезной. Оберегая мужа от житейских забот, умная и мудрая женщина все хозяйственные дела взвалила на свои хрупкие плечи, вплоть до строительства, ремонта дома и других неженских забот. Мы, дети, с малого возраста приученные к труду, вместе с мамой «вили свое родовое гнездо», помогали матери по хозяйству.

Проявляя удивительное терпение и великодушие, Урынбаскан занималась и домом, и детьми, и приемом гостей, которые могли нагрянуть в любой момент, также и сама вместе с мужем успевала сходить в гости к друзьям и родственникам, посещать разные культурные мероприятия.

В доме всегда было много гостей. Кроме многочисленных родственников и друзей, бывали в гостях поэты, писатели, артисты, художники, скульпторы из самых разных республик. Однажды поэт пригласил домой всю труппу артистов Казахского Государственного театра драмы, приехавшую на гастроли. Это был настоящий творческий вечер, который остался в памяти каждого его участника...

Творческая интеллигенция нашей республики всегда находила в этом доме радушный прием. Приходили не только известные люди, но и молодые таланты, которых отец консультировал и помогал идти по жизни, а хозяйка дома – за чаем вела с ними беседы на разные житейские темы. Каракалпакские народные певцы – жырау и бахсы, вместе с поэтом разбирали фольклорную музыку, песни и дастаны. Благодаря феноменальной памяти, он игрой на дутаре умел воспроизводить знакомые ему с детства произведения народного творчества, знал много исторических событий, связанных с тем или иным литературным наследием, имена исполнителей тюркских песен и мелодий давних времен. Такие вечера с дискуссиями, песнями и рассказами длились долго. Мы же, дети, были не сторонними наблюдателями, а внимательными слушателями, что и формировало нас как личность.

Большим увлечением папы была игра в шахматы, а играл он мастерски. Художники Кауендер Бердимуратов, Жоллыбай Изентаев, скульптор Жолдасбек Куттымуратов, драматург Пирлепес Тлегенов и другие известные люди часто засиживались с отцом за шахматной доской. За долгими партиями продолжались их беседы о творчестве, искусстве, жизни. Помнит дом, как гостили творческие личности из других республик. До сих пор в домашней библиотеке бережно хранятся оставленные ими автографы. Традиции домашнего гостеприимства переняли и мы, и наши многочисленные друзья из Москвы, Ашхабада, Уфы, Риги, Алма-Аты, Ташкента, из областей Узбекистана помнят радушие наших родителей.

Когда в доме собиралось много людей, на помощь хозяйке приходили соседки, которые с удовольствием помогали ей. Она, как женщина, родившаяся на берегу Аральского моря, была отличной хозяйкой, вкусно готовила, хорошо шила, вышивала. О ее золотых руках ходили слухи и иметь наряд от Урынбаскан желали от соседок до тех, кто тщательно следил за своим гардеробом. Обращались к ней и тогда, когда нужны были наряды в национальном стиле – чапаны, головные уборы. В различной степени ее мастерство унаследовали мы, дочери, которые с малого возраста помогая ей, постигали секреты ее мастерства.

Супруги вместе воспитали семерых детей: 2 сыновей и 5 дочерей. При рождении детей, имена им традиционно выбирал отец: первенца назвал в честь английского поэта Байроном. Затем родились дочери: Асия, Зухра, Замира, Малика, сын Мурат и я, Диляра. Все семеро получили высшее образование и стали специалистами в разных направлениях: физик, филолог, хореограф, инженер-геолог, журналист, инженер-механик, финансист. На многообразие профессий, выбранных детьми, повлияло чтение имеющихся в домашней библиотеке книг и журналов. Папа большое внимание уделял воспитанию детей, для чего не жалел средств. Он для нас приобретал художественную, научно-техническую, общественно-политическую литературу на разных языках: выписывал и покупал книги, журналы, газеты. Почтальоны, вошедшие в дом с полной сумкой, часто уходили уже с наполовину пустой.

В 1985 году мама после тяжелой болезни ушла из жизни. В течение всего этого времени, папа был рядом, всячески поддерживал ее, возил на лечение. С диагнозом, с которым обычно люди живут максимум 3 года, она прожила 15 лет, при этом до последнего своего дня вела активную жизнь, оставаясь приветливой и красивой. В последние мгновенья своей жизни она нашла в себе силы попрощаться сблизкими, сделав, как обычно, наказы детям, невесткам и внукам. Но последние ее слова, конечно же, были предназначены поэту, ему одному.

Духовная поддержка и постоянная забота скромной каракалпакской женщины – спутницы жизни, матери, хозяйки домашнего очага, помогли Т. Жумамуратову стать истинно народным поэтом, и этого ему не хватало в последние годы жизни. Он пережил свою супругу всего на 5 лет.

ГУЛЬЗАДА АЛЛАНИЯЗОВА БЕРДАХ КЫЗЫ
Студент Узбекского государственного университета мировых языков.
Узбекистан, Ташкент

ТЛЕУБЕРГЕН ЖУМАМУРАТОВ ГЛАЗАМИ ПРАВНУКОВ

Каково быть потомком великого, талантливого, всеми признанного человека? Во-первых, это, как и сказала выше, большая гордость. При каждом упоминании о том, что ты часть семьи великого поэта, слышишь в ответ удивление и восхищение, слышишь слова благодарности в его адрес и, даже, тёплые воспоминания других людей, связанные с Тлеубергеном Жумамуратовом. Во-вторых, это большая ответственность, так как нужно быть достойной внучкой своего дедушки и стараться сохранить его имя и творчество в памяти людей, гордо демонстрируя его произведения и рассказывая о его жизни. Да, я не видела своего прадеда вживую, но меня с детства преследует такое чувство, как будто он всегда был и есть рядом со мной и нашей семьёй, как будто живёт внутри нас и продолжает наблюдать за нами.

С самого детства мне моя бабушка, дочь Т. Жумамуратова, и просто самый близкий мой человек, рассказывала разные истории из своей жизни и и из жизни её семьи, про интересные случаи из детства, про их бывшие традиции, образ жизни и привычки. Всё это мне казалось таким интересным, вдохновляющим, что мне хотелось просто попасть в то время, когда бабушка была еще маленькой девочкой, а прадед уже состоявшимся молодым поэтом. Мне бы послушать с его уст его произведения, стихи, роман. Благодаря бабушке у меня была возможность вырасти, слушая его прекрасные произведения.

У меня до сих пор есть возможность с интересом читать произведения Тлеубергена Жумамуратова. А ведь любой человек любого возраста может найти для себя интересное в его творениях.

Дело в том, что это был поэт народа, который писал абсолютно для всех: для детей, подростков, взрослых. Для детей были произведения, загадки, сказки, которые были полны волшебства и интересных, смешных моментов. Любой ребенок будет с интересом их слушать, а мы, внуки, правнуки, даже, учили наизусть его сказки и рассказы в стихах.

Помню, как в начальных классах увидела портрет, висящий в кабинете каракалпакского языка, где был изображён мой прадедушка и с гордостью учителю и одноклассникам заявила об этом. Более того, увидев, что нам задали выучить стихотворение Тлеубергена Жумамуратова, очень была горда.

Во многих произведениях Тлеубергена Жумамуратова присутствует дух положительного нравоучения, наставлений, указаний для жизни. Здесь можно упомянуть про самый знаменитый роман в стихах «Красавица Макарья», где главную героиню обучают очень много учителей разным наукам. Это означает, что автор призывает к тому, чтобы с самых юных лет все занимались наукой и много учились. Поэтому, эти произведения подходят, и даже обязательны к прочтению для подростков, которые только начинают свой путь в большой мир. Кроме того, существует много пьес и стихов про дружбу между людьми, странами и нациями, которые должны быть прочитаны всеми нами. К примеру хочу привести его стихотворение о дружбе:

Отпущен человеку краткий век...
Всегда добро и зло между собой
С тех пор, как появился человек,
Вели непрекращающийся бой.

И спорам, распрям не было конца,
Нередко торжествующее зло,
Ожесточив и огрубив сердца,
Людей к исчезновению вело.

Сцепившись, люди, злее диких псов,
Дрались за пост, за деньги и за трон.
Чтоб привести к стопам своих богов
Себе подобных - из иных племен.

Веками люди день за днем подряд
Сходились, как быки, с рычанием львов;
Подобно змеям, источали яд
И бились смертным боем петухов.

И целые народы навсегда
С земли исчезли, растворились в ней.
Задумывайтесь, люди, иногда
Над главами истории своей!

Эх, люди, люди! Вы понять должны,
Что лишь для мира создан человек.
Забыли разве, что и без войны
Отпущен человеку краткий век?

(Перевед А. Каныкина)

Как видите, автор настаивает на добре между людьми, говорит о ненужности войны, ведь мы все люди, а люди нужны друг другу. Автор ссылается на горький опыт в истории человечества, когда войнам не было конца и надеется, что люди сделают выводы и больше не повторять ошибки прошлого.

Тлеуберген Жумамуратов – дитё Арала, дитё Муйнака. Он был большим патриотом и уважал тех людей, кто отстаивал честь своих родных земель. Гордился щедростью родных полей, и, конечно, полнотой богатства Аральского моря. Немало стихов и рассказов посвятил он Родине. Читая их можно проникнуть в атмосферу счастливого, полного, игривого Арала, почувствовать атмосферу праздника, спокойствия, благодати в Муйнаке. Он настолько точно описывал каждую капельку моря, каждую песчинку земли, что не покидает ощущение присутствия.

По словам людей, наш прадедушка был хорошим семьянином, очень любил детей, внуков. Во многих его стихах он упоминает имена своих детей. А его дети, внуки, правнуки тоже очень его чтят и любят, вспоминают лишь о хорошем, думая о нем. Благодаря ему, не только у его детей, но и у правнуков было счастливое детство, полное уюта, тепла из за его интересных произведений, которые полны искренности, любви, истинных чувств простого человека.

ЖЕЛТАЯ ИВА У ДОМА

Вышла дочка Зухрахан во двор –
Вот и все, и весь бы разговор.
Но она, комично семеня,
Закружилась около меня.
Где-то прутик маленький нашла,
И почти привычно завела:

– «Папа, папа, прутик погляди,
Папа, папа, прутик посади,
Этот прутик срезали вчера,
Пусть растет средь нашего двора»
«Подожди!» – Да где там! Следу нет.
И пошел я за девчушкой вслед.

Прутик веткой желтой ивы был,
Корешки живые сохранил.
Я вскопал, а полила она,
А в листву окутала весна.
Подвязала деревце Зухра,
Обласкала деревце Зухра,

И оно окрепло, прижилось,
За четыре года поднялось.
Эй, прохожий, мимо не иди,-
На густые кроны погляди:
Здесь деревьев тьма, – сочти-ка их!-
Но, как ива, пышных нет таких!

Корни роют землю в глубине,
Ветки режут ветер в вышине,
На земле, под шапкою ветвей
Вышивка из бликов и теней.
И поверьте, лишь под ней одной
Отсидеться можно в летний зной.

А Зухра пошла в четвертый класс.
Учит нашу девочку сейчас
Наставница по имени Сара,
Что живет от нас за три двора.
Доброты и мудрости, полна,
Любит нашуивушку она.

Что, ты хочешь иву? – В добрый час,
Ветку можешь срезать хоть - у нас!

Перевел А. Сендык

БАЙТИКОВА БАКТЫГУЛЬ БАТЫРБЕКОВНА –

Ош мамлекеттик университетинин
доценти, педагогика илимдеринин
кандидаты.
Кыргызстан, Ош

МАЛИКА ЖУМАМУРАТОВА – АТАСЫНЫН ИШИН УЛАНТУУЧУ

Прагматика коммуникатив вазифаларни ҳал қилиш мақсадида лисоний воситалардан танлаб фойдаланишни назарда тутувчи реал мулоқот вазияти сифатида талқин қилинади. Прагматика инсоният томонидан лисоний белгилардан фойдаланишнинг барча шарт-шароитларини, вазиятларини ўрганишни кўзда тутади. Шарт-шароитлардан, вазиятлардан фойдаланиш деганда, лисоний воситалардан уларга мос келадиган, адекват воситалардан фойдаланиш, бу орқали суҳбатдошга коммуникатив таъсир қилиш усул ва воситалари тушунилади [1, 43].

Лингвистик прагматиканинг шаклланишига ўз ҳиссасини қўшган олим Л. Витгенштейн тилни ўрганишда муҳим омиллардан бири сифатида субъектив факторларни алоҳида ажратиб изоҳлади. Олим бу жараёнда нафақат матннинг ички контекстини, балки инсон фаолиятининг таъсири орқали вужудга келадиган тилдан ташқаридаги вазиятларни ҳам ҳисобга олиш заруратини таъкидлади [5, 187].

Ўзбек тилшунос-олими М. Хакимовнинг таъкидлашича, прагматик ҳодисалар моҳиятини ўрганиш тилшуносдан мантиқий ва фалсафий мушоҳадаларни ҳам талаб қилади. Шунинг учун лингвистик прагматика масалалари ҳодисани фақат лисоний таҳлил этибгина қолмасдан, балки унинг мантиқий, фалсафий ва социал хусусиятларини ҳам ўрганади [6, 18].

Лингвистик прагматика тушунчасининг умумий чегараларини лисоний белгиларнинг нутқ жараёнида функцияга киришуви, шунингдек, нутқ фаолияти жараёнида билдирилган фикрларнинг ўзаро муносабатлари, сўзловчи ва тингловчи муносабатлари, нутқ актларидаги коммуникатив вазият сифатида белгилаш мумкин [4, 123].

Матн биз томондан юқори даражадаги тил бирлиги сифатида кўриб чиқилади. Тил тизими тўғрисидаги билимлар кўплаб матнлар ичидан лингвистика орқали ажратиб олинади. Лингвистик мезонларнинг тўпланиши у ёки бу журналистик матн хусусиятини аниқлаб олишга ёрдам беради ва ушбу тизимнинг элементлар тўплами бўлган журналистик матннинг умумлашган лингвомаданий моделини акс эттиради. Табиий тил концептуал фикрий образларни аниқ бир оғзаки ва ёзма уйғунликка бирлаштиради, муайян журналистик матнда мавжуд бўлган матнолди субъектив ахборотни узатишга имкон беради.

Матннинг яратилиши, тузилишининг моделлаштирилиши ва фаолияти жараёнининг тадқиқоти билан шуғулланувчи матншунослик бугунги кунда журналистларда лингвистик фан сифатида қизиқиш уйғотмоқда. Бу тилшунос олимлар томонидан тилнинг замонавий ҳолатини лингвистик ва нутқий урф-одатларнинг кенг спектрларидан келиб чиққан ҳолда турли омиллар асосида тасвирланиши билан боғлиқ. Мазкур йўналишдаги тадқиқотларда оммавий нутқда кузатилаётган лексик ва семантик ўзгаришларнинг тасвирланиши асосий ўринни эгаллайди. Бу «бирлик, тил ёки матн сифатида сўз семантикасининг ўзи муаммоли бўлиб қолгани» билан боғлиқ. Агар илгари грамматик-семантик таҳлилнинг асосий бирлиги сўз бўлган бўлса, бугунги кунга келиб эса, олимларнинг диққат эътиборини ўзига тортган бирлик аниқ сўз ёки бошқа сўзларнинг сўз бирикмалари билан муносабатда бўлган маъноси бўлиб қолмоқда. Ушбу ёндашув тил ривожланиши замонавий тенденцияларини таҳлил қилишга имкон беради, аммо бир бутун макротизим – матнни кўришга йўл бермайди.

Юқоридагилардан келиб чиққан холда, ўта долзарб бўлган вазифа сўзловчи ва тингловчи муносабати прагматикасига суянган ҳолда матн ҳосил қилишда иштирок этувчи маъновий ва структурали моделлаштириш вазифаси бўлиб қолмоқда. Охирги айтиб ўтилган аспект журналистика нуқтаи назаридан қизиқарли бўлиб қолмоқда, чунки у журналистик амалиётга олиб чиқувчи бевосита йўл вазифасини ўтайди ва ҳар қандай ахборотнинг муайян йўналтирилганлиги ижодий фаолиятнинг яхшиланишига олиб келади, журналистик матн бу вазиятда максимал ҳисобланади. Олимларнинг кузатувига кўра, нутқий коммуникация феномени матн ҳосил бўлишидаги барча омилларнинг ўзаро иштирокидан иборат. Шу каби омилларга ёки «матнда ўз ифодасини топган кўп қиррали борлиқлар«га объектив фаолият хусусиятларини, фикрий фаолият табиатини, тил бирликларининг тизимли муносабати, коммуникатив жараённинг шартлари ва хусусиятлари киради. Нутқий фаолият жараёнида морфология, синтаксис, сўз ҳосил бўлиши, лексик ўзаро таъсирлар, синтаксис устун келган ҳолда тил воситаларидан матннинг коммуникатив

маъноси келиб чиқади. Шу орқали журналистик матнининг журналистика соҳасидаги муайян ижтимоий-маданий модели билан муносабатига ишора қилувчи лингвистик ва ижтимоий-маданий мезонларнинг қирраларини ажратиб кўрсатади.

Медиаматн виртуал маънавий борлиқни жамлайди, имманент тарзда аксиологик репрезентацияга йўналган медиаматн қадриятларни синтезлаш ва тарқатиш бўйича ноёб лаборатория ҳисобланади. Натижада, журналистика истеъмолчининг аксиологиясини шакллантирувчи ижтимоий ва сиёсий институт сифатида намоён бўлади. «Тўртинчи ҳокимият»нинг бу йўналишдаги жадал ривожи журналистикани дин ва санъат каби коммуникатив омиллар билан бир қаторга қўйди.

ОАВнинг маданиятни мерос қилиб олиш функциясини ўрганишда, одатда, бу вазифанинг амалга ошишига хос икки даража ажратиб кўрсатилади. Биринчиси – тарихий ёки вертикал – қадриятларни авлоддан авлодга ўтказишни назарда тутади. Иккинчиси – долзарб ёки горизонтал – маданий ахборотнинг аниқ жамият ичидаги айланиши жараёни билан боғлиқ. Медиаматнни тўлдирувчи ва ташкил этувчи жамоавий фон билимлари ментал тасаввурларга асосланади. Оммавий коммуникация маҳаллий ишлаб чиқарувчиси ва реципиентига хос ахборотга ишлов беришнинг психологик тамойиллари халқ маънавияти семантикасидан бошланади.

Adabiyotlar:

1. Karimov R. Tijorat xatlarining lingvopragmatik aspekti (ingliz va o‘zbek tillari materialida). Filol.f.bo‘yicha falsafa dokt. (PhD) diss. –T., 2018. – 43-b.
2. Leontyev A.A. Psycholinguistic features of the language of the media. // Language of Mass Media: Textbook for Universities. // Ed. M.N. Volodina. - M .: Academic project: Alma Mater, 2008. p.165-166.
3. Luhmann N. Media communications. - M .: Logos, 2005.
4. Ko‘chiboyev A. Matn pragmatikasi. – Samarqand., 2015.-123-b.
5. Нойберт А. Прагматические аспекты перевода. // Вопросы теории перевода в зарубежной лингвистике. – М., 1978. – С. 187.
6. Xakimov M. O‘zbek pragmalingvistika asoslari. –Toshkent.: Akademnashr, 2013. –18-b.

AHMEDOVA MALIKA

Uzbekiston davlat jahon tillari universiteti.
O'zbekiston, Toshkent

YANGILIK MEDIA DISKURSIDA KOMMUNIKATIV TEXNOLOGIYALARNING ROLI

Zamonaviy media sohada yangiliklar nashrlari muhim rol o‘ynaydi, siyosatchilar va jamoatchilikning yo‘nalishi asosan ma’lumotlarning mohiyati va mazmuni bilan belgilanadi. Yangiliklar – bu shaxs hayoti, shuningdek, turli xil korxonalar, jamiyatning turli tuzilmalari uchun muhim manba hisoblanadi. Filologiya fanlari doktori X. Do‘stmuhamedovning so‘zlariga ko‘ra, «ommaviy axborot vositalari va aloqa imkoniyatlari shunchalik rivojlanganki, axborot tarqatish chegara bilmaydi». [3, 25]

Matbuot va Internetda yangiliklar ommaviy axborot vositalarining nutqining kommunikatsiya texnologiyalarini rivojlantirish muammosi, auditoriyaning mavjudligi va keng qamrovi tufayli nafaqat Rossiya, O‘zbekiston, balki dunyoning ko‘plab boshqa etakchi mamlakatlarining media tizimlari uchun dolzarbdir. Yangiliklar to‘g‘risidagi ma’lumotlarning professional tarzda taqdim etilishi odamlar farovonligi va tinch-totuv yashashiga xizmat qilishi kerak.

Axborot texnologiyalari yordamida aholiga, jurnalistlarga va boshqa davlat idoralariga axborot taqdim etiladi, turli xil obyektlarning axborot resurslarini boshqarishda foydalaniladigan aloqa kanallari orqali ma’lumotlarni to‘plash, tashkil etish va xavfsizligi amalga oshiriladi. [4, 35-37] Jamiyatning turli guruhlari bilan o‘zaro aloqalar zamonaviy davlat organlarining kommunikativ faoliyatining markazidir. Xususan, PR-kommunikatsiya subyekti, davlat tuzilishi, aholi, jamoat tashkilotlari, kasaba uyushmalari, fondlar va ommaviy axborot vositalari bilan o‘zaro aloqada bo‘ladi.

Axborot faoliyatining ahamiyati O‘zbekiston Prezidenti Sh. Mirziyoyevning Matbuot va ommaviy axborot vositalari xodimlari kunini nishonlash munosabati bilan qilgan nutqida ham qayd etildi. U jurnalistlar faoliyatidagi yutuqlarni ham, mavjud kamchiliklarni ham qayd etdi. Masalan, davlatimiz rahbari «aksariyat ommaviy axborot vositalarida yuqori ijtimoiy ahamiyatga ega bo‘lmagan materiallar hukmronlik qilmoqda ... Yana bir muhim savol: jamoatchilikni ba’zi jurnalistlarimiz va bloggerlarimizning bilim darajasi va kasbiy mahorati, munozara madaniyati pastligidan xavotirda» deb ta’kidladi. [1]

Yigirmanchi asrning ikkinchi yarmida kognitiv ilm-fanning rivojlanishi tilshunoslarni nutq so‘zlash kabi masalani diqqat markaziga olib chiqishiga olib keldi. N. D. Arutyunovaning so'zlariga ko‘ra, diskurs – bu «ekstralingvistik: pragmatik, ijtimoiy-madaniy, psixologik va boshqa omillar bilan birlashtirilgan izchil matn»; maqsadli ijtimoiy harakat sifatida qaraladigan nutq, odamlar o‘zaro ta’sirida va ularning ongi mexanizmlarida (bilim jarayonlarida) ishtirok etuvchi tarkibiy qism.» [2, 136-137]

Ommaviy axborot vositalari, xususan gazetalar, bugungi kunda jamiyat hayotida ulkan rol o‘ynamoqda, ham ma’lumot taqdim etishning umumiy uslubini, ham ma’lum bir nashrning til dizaynini belgilab beradi. Aloqa texnologiyalarining jadal rivojlanishi elektron ommaviy axborot vositalarining o‘sishiga ta’sir ko‘rsatdi. Shunday qilib, o‘zbek, shuningdek rus va boshqa xorijiy gazeta nashrlarining aksariyati qog‘ozga bosilgan nashr bilan birga onlayn nashrlarga o‘tdilar. Masalan, biz «Narodnoye slovo», «Pravda Vostoka», «Rossiyskaya gazeta», «Komsomolskaya pravda» va boshqa bir qator gazetalarni keltirishimiz mumkin.

Bugungi kunda media-matnlarni tahlil qilayotganda yangiliklar nutqining kognitiv xususiyatlarini o‘rganishga katta ahamiyat berilmoqda. Bu kommunikativ jarayonning turli tarkibiy qismlari: xabar muallifi, uning manzili, aloqa sohasi, xabar kanali, niyat va boshqalar qanday ekanligi haqidagi savolga javob olishga imkon berdi. Matn ichidagi tashkilotda aks ettirilgan va unda lingvistik birliklar va tuzilmalarning boshqa tartibini emas, balki ma’lum bir yoki boshqa narsani aniqlaydi.

Boshqa tomondan, axborot saytlarining paydo bo‘lishi ilgari bosma matbuot materiallari asosida ishlab chiqilgan yangiliklar diskursiyasi nazariyasini qayta ko‘rib chiqishga olib keldi. Axborot vositasining o‘zgarishi nutqning o‘ziga xos bir qator xususiyatlarini o‘zgartirishga olib keldi: o‘zgarishlar xabarning manziliga, aloqa kanaliga, uning mazmuniga, shuningdek, yangi kommunikativ makondagi lingvistik birliklarni tashkil etish uslubiga ta’sir ko‘rsatdi.

Endi nafaqat diskursiv amaliyotlarning o‘ziga xos xususiyatlariga qiziqish ortib bormoqda, balki gazeta, ommaviy axborot vositalari va Internet maydonlarida yangiliklar nutqini ishlab chiqarish va idrok etishni o'rganishda kognitiv va pragmatik yo‘nalishlarga e’tibor kuchaymoqda.

E’tibor bering, bosma va onlayn nashrlar mahalliy va global miqyosdagi turli darajadagi auditoriya bilan ommaviy axborot vositalarida so‘zlashishda eng yangi aloqa usullari va texnologiyalaridan keng foydalanadilar. Tadqiqotlar shuni ko‘rsatadiki, Internet-saytlar auditoriyasi xalqaro va miqdoriy jihatdan bosma matbuot o‘quvchilaridan bir necha baravar yuqori.

Shunday qilib, axborot saytlari paydo bo‘lishi bilan bosma matbuot materiallari asosida ishlab chiqilgan yangiliklar nutqi nazariyasini qayta ko‘rib chiqish zarur bo‘ldi, chunki axborot muhitining o‘zgarishi nutqning o‘ziga xos xususiyatlarini o‘zgartirishga olib keldi: o'zgarishlar xabarning manziliga, aloqa kanaliga va uning kontekstiga, shuningdek, tilni tashkil etish uslubiga ta’sir ko‘rsatdi.

Adabiyotlar:

1. Мирзиёев поздравил журналистов с праздником: к чему призвал их президент. //https:m.uz/sputniknews.ru.

2. Арутюнова Н. Д. Дискурс. // Лингвистический энциклопедический словарь. – М., 1990. С. 136 – 137.

3. Дўстмуҳаммад Х.Н. Оммавий ахборот воситаларини ривожлантиришнинг демократик андозалари. –Т.: «Ўзбекистон». 2005.

4. Леньшина А. А. Различие терминов «коммуникативные технологии» и «коммуникационные технологии» // «Молодой ученый». 2019. №26. С. 35-37// URL ttps://moluch.ru/archive/264/61185/.

14. КӨРНЕКЛИ ТУЛҒАЛАР. ИЗВЕСТНЫЕ ЛИЧНОСТИ. FAMOUS PEOPLE

ДАЎЛЕТМУРАТОВА МИЙУАГУЛ

Қарақалпақстан Республикасы тарийхы ҳәм мәденияты мәмлекетлик музейи хызметкери. Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

ӨШПЕС ДАҢҚҚА БӨЛЕНГЕН ДОКТОР

Әййемги Рим ойшылы Цицерон «Өмир қысқа, бирақ ҳүрмет, даңқ мәңги болыўы мүмкин» деген еди, ҳақыйқатында да, бир инсан өмири пүткил адамзат тарийхына салыстырғанда тез сөнип қалатуғын кишкене бир шам сыяқлы болса, оның халық арасында ерискен ҳүрмети, даңқы қуяш нуры сыяқлы мәңги нур шашып турғанға мегзейди. Мине, усындай мәңгилик данққа ерискен инсанлардан бири Қарақалпақстанда медицинаның раўажланыўына, әсиресе, хирургия тараўына тийкар салған Оразымбет Халмуратов еди. XX әсирге шекем бизиң үлкемизде халыққа медициналық хызмет көрсетиў жүдә төмен дәрежеде еди. Соның ушын да, 1924-жылдан баслап жергиликли халық ўәкиллеринен медицина хызметкерлерин таярлаўды жолға қойыў мақсетинде бир қатар жаслар Ташкент, Оренбург сыяқлы қалаларға оқыўға жибериледи. Солар қатарында Оразымбет Халмуратов та Ташкент қаласына үлкелик медицина техникумына оқыўға киреди. Солай етип, кейин ала халық арасында «Қанатлы доктор», «Қанатлы хирург», «Халмурат доктор» аты менен танылып, халықтың ҳүрметине ерискен пидайы инсан Оразымбет Халмуратовтың медицина тараўына қойған дәслепки қәдемлери мине усылай басланады. Жаслайынан әке-шешеден айрылып жетимликтиң зарын тартқан, кисиниң малын бағып күн көрип кәмалға келген Оразымбет Халмуратовтың медицина тараўына кирип келиўине оның ата-анасы ҳәм де қарындасының аўыр кеселликтен қаза табыўы, сондай-ақ, 1918-жылы әскерий хызметин өтеў пайтында жарақатланып әскерий лазеретке түскенинде оны емлеп, оған жол көрсеткен епшил фельдшер Пономарев та түртки болған болыўы мүмкин. Ол 1928-жыл техникумды питкерип Ташкент каласында қәнигелиги бойынша жумысқа орналасады. Сол ўақытта жумысынан қол үзбей жүрип САГУдың медицина факультетине кирип билим алыўын даўам еттиреди. Белгили илимпазлар Е. Шляхтин, Н. Кассирский, А. Крюков, М. Слоним, П. Баровский ҳәм т.б устазлар қолында сабақ алады. Ол устазларының Ташкентте қалып илим менен шуғылланыў ҳаққындағы усынысларына қарамастан, өз тилеги менен Қарақалпақстанға қайтады. Себеби, Қарақалпақстанда жуқпалы эпидемиялық кеселликлер кең тарқалып, ал, медицина хызметкерлери жетиспей атырған қыйын ўақыт болады. Ол ўақытлары емлеўхана тек 20 орынға ийе болып, дәри-дәрмақлар, хирургиялық инструментлер жетиспегенлигине қарамастан, олар қолда бар мүмкиншиликлеринен, қала берсе, жақсы сөз, меҳир муҳаббети менен көп наўқасларды емлеген О. Халмуратов 1933-жылы сүзек (тиф) кеселлиги эпидемиясын тоқтатыўда эпид отряд дүзип қатнасып көплеген адамларды өлимнен сақлап қалады. О. Халмуратов 1934-жылы Ленинград медицина институты клиникаларында хирургия бойынша билимин жетилистирип, бийтапларды емлеўде хирургия илими жетискенликлерин, жаңа емлеў усылларын үлкемизде биринши болып әмелге асырыўға кириседи. Ол, ҳәттеки, үйине қайтпастан хирургия бөлимине қанша наўқас алып келинсе, сонша операция ислейди. Сол ўақытлары санавиация ушыўшысы болған Борис Тихомоловтың естеликлеринде О. Халмуратов пенен биргеликте бир күнниң өзинде төрт жерге Хожелиге, Шораханға, Мойнақ ҳәм Шымбай районларына ушып барып наўқасларға операция исленилгенин жазады. Бул «Қанатлы доктор»дың бир күнде ислеген жумыслары еди. 1930 – 1940-жыллары Россиядан Қарақалпақстанға жәрдем ретинде келген врачлар экспедициялары менен бирге гә түйеде, гә пияда аўыл аралап наўқасларды таўып кеселханаға апарып жатқарған. Оразымбет Халмуратов кишипейил инсан болып, оның

ойында даңқ-мәртебе арттырыў, дүнья жыйнаў сыяқлы ойлар болмаған. Ол тек ғана бир мақсет пенен жасады, ол да болса халықтың денсаўлығын жақсылаў, аналар ҳәм балалар өлимшилигин азайтыў, жуқпалы кеселликлер тарқалыўын тоқтатыў, халық арасында медициналық, гигиеналық, санитариялық билимлерди нәсиятлаў, келешек кадрларды таярлаў, емлеў профилактикалық мәкемелер ашыў болған. Қарақалпақстанның өзине тән айрықшалығын есапқа алып, 1937-жылы санавиация самолёты ажыратылады. О. Халмуратов өзиниң еске түсириўлеринде «Бул самолёт пенен көбинесе мен ушатуғын едим. Ырасын айтсам, басқа врачлар бул самолётта ушыўдан қорқатуғын еди. Себеби, усы самолёттың көп рет аварияға ушырағанлығын олар еситкен. Ал, мен болсам ҳеш қашан өлим ҳаққында ойлаған емеспен. Өзим 1960-жылға шекем усы самолётта төрт рет аварияға, оннан тысқары, көп рет жеңил ҳәм орташа жарақатлар алғанман. Бәри бир сәл тәўир болыўдан узақ жайлаўлардағы шаруўаларға, Үстирт жазықлығындағы нефть-газ излеўшилерине, Арал теңизи балықшыларына және ушып кете беретуғын едим» деп жазып қалдырған, бул қатарларды оқып оның мәртлигине ҳәм өз кәсибине пидайылығына, ел-сүйгишлигине тәсийин қаласаң.

О. Халмуратов денсаўлықты сақлаў комиссары орынбасары болып ислеген ўақытлары да түнги нәўбетшиликлерде турып қурамалы операциялар иследи. Оның жумыс кабинетинде бәркулла ақ халат ҳәм хирургиялық әсбаб-үскенелер ҳәм дәри-дәрмақлар сақланатуғын саквояжы турған. О. Халмуратов республикамызда жергиликли медицина кадрларын таярлаў мәселесине кеўил аўдарды, оның шәкиртлери жүдә көп болды. Ҳәзирги республикамыздың ҳәр бир хирургин оның шәкирти деп айтсақ болады, себеби, ол үлкемиздиң ең дәслепки хирург врачы еди. Ол, сондай-ақ, медицина тараўын шеттен керекли кадрлар менен толықтырыў мәселесине де ҳүкиметтиң итибарын тартты ҳәм де 1939-жылы Украинадан 190 акушерка, фельдшер ҳәм медсестралардың Қарақалпақстанға алып келиниўин тәмийинледи. Олардың көпшилиги кейин ала усы жерде қалып тараў пидайыларына айналды. Оразымбет Халмуратовтың мийнетлери өз ўақтында баҳалап барылды, оған 1943-жылы «Мийнет Қызыл Байрақ» ордени, 1945-жылы «Қарақалпақстанға мийнет сиңген врач», 1960-жылы Өзбекстан Республикасына мийнет сиңген врач ҳүрметли атақлары берилди, бир неше рет жуўапкер басшы органларға депутат болып сайланып ири қалаларда өткерилген сессиялар, съезд ҳәм әнжуманлар қатнасыўшысы болды. 1969-жылы медицина хызметкерлери арасынан биринши болып «Социалистлик Мийнет Қаҳарманы» атағын алыўға миясар болды.

Оразымбет Халмуратов ярым әсирден көбирек ўақыт шыпакер-хирург болып иследи, он мыңнан аслам адамға операция ислеп оларды әжел қурығынан қутқарып қалды. Оны Қарақалпақстанда жети жастан жетпис жасқа шекемги ҳәмме таныды, олардың иззет-ҳүрметине ҳақыйқый мәниде миясар болған өз кәсибиниң пидайысы еди десек алжаспаған боламыз. Ол ҳәмийше өз шыпакерлик антына садық, кеўли де ақ халаты сыяқлы гирбиңсиз пәкизе инсан еди. Сонлықтан да, оның естелиги халқымыздың ҳәм мыңлап шәкиртлери қәлбинде мәңги сақланады.

Әдебиятлар:

1. С. Бегалиев, А. Нурниязов Г. Мамбеткаримов, К. Алламуратов. «Қарақалпақстан Республикасы денсаўлықты саклаў тараўының илимпазлары». Нөкис.
2. М. Турымбетова, А.Нурниязов. «Қаҳарман шыпакер».
3. Х. Сейтов. «Қанатлы хирург».

ГАНИЕВА ШАХНОЗА ХАТАМОВНА

Соискатель ученой степени Доктора Философии (PhD)
Национального института художеств и дизайна имени Камолиддина Бехзода.
Узбекистан, Ташкент

ИГОРЬ САВИЦКИЙ: ПОИСКИ ЭТНОГРАФИЧЕСКОГО И КУЛЬТУРНОГО НАСЛЕДИЯ КАРАКАЛПАКОВ

«Искусство окружает нас как воздух», эти слова принадлежат абсолютно одержимому человеку, всю свою жизнь, бескорыстно преданному искусству. О коллекциях, которые он собрал, давно уже ходят легенды.

Сегодня, мы попробуем заглянуть в то прошлое, в тот заповедный Каракалпакстан, каким его увидел Игорь Савицкий семьдесят лет тому назад. С именем этого человека в Каракалпакстане связано многое. История создания Государственного музея искусств Каракалпакстана, который сейчас носит его имя, формирование уникальных коллекций, загадочные имена художников русского и Туркестанского авангарда, которые еще ждут своих исследователей. О коллекции каракалпакского музея, да и о самом Игоре Савицком написаны книги, многочисленные статьи и сняты документальные фильмы. Трудно остаться равнодушным к личности, который оставив свою квартиру в центре Москвы, переезжает в 50-е годы прошлого столетия в Нукус, где он начинает собирать все, что касается самобытного, неповторимого, спрессованного веками искусства каракалпаков. Но, впервые в Среднюю Азию, Савицкий попал еще раньше. В годы Великой Отечественной Войны. Тогда, Московский Полиграфический институт, где Савицкий учился на графическом отделении, был эвакуирован в Самарканд. Два года, которые он провел в Самарканде, во многом определили его судьбу. Город поразил молодого художника своими архитектурными памятниками, восточной экзотикой, культурой. Именно там, в Самарканде, он познакомился с художниками-модернистами Константином Истоминым и Робертом Фальком. Они и стали его учителями. Возможно, благодаря их мировоззрению и их работам, Савицкий стал безупречно и без ошибочно чувствовать все то, что связано с искусством авангарда.

В своих дневниках он писал: «Еще будучи студентом, во время Войны в Самарканде, я был очарован Средней Азией… В 50-е годы мне предложили поехать в археолого-этнографическую экспедицию Толстого…» Работая художником в экспедиции академика Сергея Толстого, Игорь Савицкий уже тогда мечтает о создании музея, в котором были бы собраны уникальные археологические находки. Да и мог ли он, романтик по натуре, не восхититься грандиозными, древними городищами, под наносами которых, скрывались артефакты далеких эпох и могущественных государств. Эти земли древнего Хорезма теперь территория современного Каракалпакстана. Находки Хорезмской археологической экспедиции – это удивительные, по своему художественному и историческому значению произведения. Коллекцией экспедиции Толстого гордятся в Государственном Эрмитаже. Солидное собрание, свидетельствующее о высоком уровне ремесел в древнем Хорезме, экспонируется и в каракалпакском музее. Многие из произведений, представленных там, датируются IV – III веками до н.э. Это глинянные сосуды с грандиозных городищ Кой-Крылган-кала и Джамбас-кала. Удивительно то, что уже тогда, их создавали на гончарном круге. В Нукусе хранятся и много находок, связанные с различными религиозными культами, как например, заорастрийский ассуарий в виде лежащего верблюда, он датируется I веком до н.э. Но не только дата делает эту находку уникальной... на поверхности ассуария вырезаны символические изображения. Археологи утверждают, что это «тамга» (печать) правящей Хорезмской династии, род которой, восходит к мифическому герою Сиявушу. Во II – III веках был создан статуарный ассуарий в форме человека. Находками Хорезмской экспедиции были и всевозможные бусы, браслеты, ожерелья и бронзовые заколки. Они были обнаружены в сакских захоронениях. Уникальной, является покрытая ангобом, скульптура VII века «Лошадь из Туямуюна». Она связана с культом солнечного бога Митры, которого изображали в виде небесного всадника. Но, формирование коллекций Игоря Савицкого началось не с древнего, а с декоративно-прикладного искусства, без которого, невозможно представить жизнь каракалпаков.

В фондах Государственного музея искусств Каракалпакстана, который он создал позднее, бережно хранится личный архив Игоря Савицкого. Его письма, записи в полевых тетрадях. Знакомясь с ними лично, в фондах музея автор этой статьи понимала, что это проникновенные исповеди, где он искренне пишет о людях и об искусствекрая, с которым он связал свою судьбу: «Неожиданно открылся новый мир – мир народного гения, народной мудрости, народной эстетики. Каракалпаки сумели донести до наших дней свое особое понимание прекрасного«, читаем мы в одном из его писем.

Вот так он понял заповедный Каракалпакстан. И он стал его второй Родиной. Приведу еще один отрывок из его письма: «У маленького народа, в недавнем прошлом затерянного среди песков и протоков Амударьи оказалось великолепное искусство, потрясающее мастерство, безупречный вкус, удивительный такт в распределении орнамента и цвета».

И он без устали, в самых отдаленных селениях и аулах, собирал изделия народных мастеров, которые теперь украшают залы его музея. Каракалпаки – немногочисленный, в прошлом полукочевой этнический народ, имеющий древнейшую историю и самобытную культуру, сумел сохранить свою идентичность. Стойкость этой художественной системы – отражение единой духовности этноса.

И впервые, презентация этого искусства состоялась на открытии Музея искусств Республики Каракалпакстан в 1966 году. Но как, с какими трудностями создавалась эта коллекция?! Автора статьи потрясли следующие строки в одном из его дневников: «Однажды я увидел старый коврик, которым закрыли шлюз в арыке. У меня уже не было денег, истратил и свои, и казенные. Пришлось снять и продать свои сапоги, чтобы коврик не уплыл от меня». Поистине, это был самоотверженный, титанический труд, результатом которого стала уникальная коллекция декоративно-прикладного и народного искусства Каракалпакстана. Постепенно, молва о странном русском человеке, собирающем старинные вещи, разлетелась по аулам и районам Каракалпакстана. Игорь Витальевич Савицкий не просто собирал произведения декоративно-прикладного искусства края, а на протяжении десятилетий скрупулезно изучал их.

Действительно, буквально каждое творение декоративно-прикладного искусства каракалпаков в коллекции Савицкого – будь то одежда, богато украшенная вышивкой, или свадебный аксессуар – «саукеле», традиционные украшения юрты, это всегда, в каждом случае – единый, абсолютно законченный ансамбль, отмеченный целостностью, преемственностью образов, форм и средств выразительности. Это огромный мир орнаментальных образов, сложившихся веками. Приведем лишь несколько примеров.

С древними, воинствующими племенами массагетов, живших несколько тысячелетий назад на побережьях Арала связан женский наряд «Кок-койлек». Это домотканое, ритуальное свадебное платье невесты, украшенное великолепной вышивкой, магические знаки которой, символы будущей жизни. «Кеймишек» – типичная одежда замужних женщин XIX, начало XX веков. Красный – «кызыл кеймишек» для молодых женщин, а белый – «ак кеймишек» – для пожилых. «Саукеле» – старинные свадебные головные уборы, напоминают шлемы древних саккомассогетских воительниц. Более ранние из них назывались «тобелик», созданные из тонкого, листового серебра, они богато украшались полудрагоценными камнями. Поверх головного убора, традиционно одевалась «жегде» – накидка. Женские ювелирные украшения, браслеты, монументальные нагрудные подвески – «хайкел» – свидетельство высокого мастерства каракалпакских ювелиров. Рассказывают, что в прежние времена, в каждом ауле работал свой ювелир – «зергер». Сакральное значение имели практически все узоры каракалпакских произведений народного искусства. Совершенно уникально украшались юрты каракалпаков. Это самые разнообразные ковровые предметы, паласы, кошмы, тканные орнаментированные дорожки. Их узоры чрезвычайно разнообразны и всегда полны символики. Старые мастерицы насчитывают более шестидесяти старых символов. В них всегда доминировали зооморфные и геометрические элементы. Вот некоторые их названия: «гаргатырнак» (когти ворона), «кумырска бель» (талия муравья). Все эти произведения Игорь Витальевич Савицкий называл шедеврами, но еще они и свидетельства безупречного вкуса коллекционера. Он был настоящим подвижником искусства. Не могу не рассказать о коллекции французского художника ФернанаЛеже, часть которой с 1975 года принадлежит Нукусскому музею. Семьдесят девять копий великих мировых шедевров скульптур и барельефов были созданы по заказу Фернана Леже в Лувре. После смерти Леже, его супруга Надя Леже подарила часть этой коллекции Советскому Союзу. То, что экспонируется в залах Нукусского музея было отобрано самим Савицким в Москве, благодаря его связям. Он лично занимался транспортировкой из Москвы в Нукус копий монументальных скульптур всемирно известных памятников искусства древнего Египта, Ближнего Востока и Европы. В создании этой коллекции для своего музея им двигало одно желание – познакомить каракалпакский народ с классикой мирового искусства.

Игорь Витальевич Савицкий осознанно и прозорливо собирал полотна, так называемого Туркестанского и русского авангарда, тогда порицаемого официальной критикой. Основу коллекции живописи и графики Нукусского музея составили произведения 20 – 30-х годов прошлого

века. Но это было не случайно… Смелое, неординарное решение Игоря Савицкого, со временем, принесло музею мировую славу. Таким образом, благодаря подвижничеству Игоря Савицкого, в Нукусе, где буквально за чертой города начинаются пески Кызылкумов, еще в 60-е годы прошлого века была собрана особая, разнообразная, уникальная коллекция, которой сегодня интересуются практически во всем мире. Это тысячи и тысячи живописных и графических работ, авторами которых были русские и Туркестанские авангардисты, некогда непризнанные, но теперь, ставшие классиками искусства. Много громких имен, но эта тема – отдельного исследования.

Государственный музей искусств Каракалпакстана имени Игоря Савицкого – это не только уникальное, масштабное собрание. Музей стал поистине научной базой для исследователей известных и неизвестных страниц народного творчества каракалпаков и художников, очарованных Востоком.

Литература:

1. Алиева З. Ж. К истории каракалпакских женских украшений. SAN'AT №1. Ташкент, 2000.

2. Богословкая И. Каракалпакский орнамент: образ и смысл. МИЦАИ. Алматы, 2019 г.

3. Жданько Т. А. Народное орнаментальное искусство каракалпаков. Материалы и исследования по этнографии Каракалпаков. Труды Хорезмской археолого-этнографической экспедиции. Москва, 1958 г.

4. Ремпель Л.И. К изучению каракалпакского народного искусства. Вступительная статья к книге И.В. Савицкого Народно-прикладное искусства каракалпаков. Ташкент, 1965 г.

5. Толстов С. П. Работы Хорезмской археолого-этнографической экспедиции АН СССР в 1948 – 1953 гг. ТХАЭЭ. Москва, 1958 г.

ОСПАНОВА ФАРИДА КАРИМБАЕВНА

Қарақалпақстан Республикасы тарийхы ҳәм мәденияты
Мәмлекетлик музейи жаңа тарийх бөлим баслығы.
Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

КОЛЛЕКЦИОНЕР, ХУДОЖНИК, ЭТНОГРАФ АЛЕКСАНДР ЛАВРЕНТАЕВИЧ МЕЛЬКОВТЫҢ ФОТОЛАРЫНДА ҚАРАҚАЛПАҚ ЭТНОГРАФИЯСЫ

Қаракалпақ халқының мәденияты ҳәм көркем өнери өзиниң басқа халықларда тәкирарланбайтуғын белгилерине ийе. Бул белгилерде халықтың әзелден киятырған негизги үлгилериниң сақланыўы, сыртқы хәм ишки экономикалық, мәдений, эстетикалық, диний ҳәм басқа да тәсирлердиң нәтийжесинде бир қанша өзгерислерге түсип раўажланыўы арқасында қәлиплескен. Бүгинги күнге дейин сақланып келген мәдений мийрасларға қарасақ, қарақалпақлардың басқа халықлар менен ҳәр түрли қатнаста болғанын сезе мыз. Әлбетте, қарақалпақ халқы өзиниң түр-түси, үрп-әдети, этнографиясы бир-бирине жақын болған қазақ, өзбек, қырғыз, түркмен халықларынан бөлек жасамаған. Этнография илими – халықлардың материаллық ҳәм руўхый мәдениятын, олардың мәдений тарийхый өз ара қатнасықларын үйренетуғын илим. 1920-жылы Оренбургда жас алымлар жәмийети дүзиледи, ҳәм бул жәмийет Қырғыз аймағын изертлеў жәмийети деп жүритиледи. 1925-жылдан баслап Қырғызстанды изертлеў жәмийети Қазақстанды изертлеў жәмийети болып өзгереди.

Бул жәмийет 3 тараўға бөлинеди. 1. Тарийхый археологиялық 2. Тәбийий географиялық 3. Этнографиялық. Этнография тараўының жетекшиси коллекционер, художник, этнограф Александр Лаврентаевич Мельков 1928-жылы қарақалпақ халқының турмыс тәризин, этнографиялық ҳәм мәдений жақтан үйрениў мақсетинде экспедиция шөлкемлестиреди. Мельков этнографиялық материалларын қарақалпақ, өзбек, қазақ, түркмен халықлары арасынан жыйнаған. Оның қойыў сыя қәлемде ҳәм гуашта сызылған қарақалпақлардың үй-руўзыгершилик буйымлары, мал шаруўашылық қураллары, тоқылған гилемлери, кестешилик қол өнерлери, миллий саз асбаплары-ның фото сүўретлери ҳәм эскизлери, Москва антропология ҳәм этнография музейинде, Қазақстан ҳәм Қарақалпақстан республикалары музейлеринде де сақланып келинбекте.

Қарақалпақстан үлкеси бойлап өткерилген экспедицияда жергиликли фольклорист алым Қаллы Айымбетов жол баслаўшы болып жүреди. Ол экспедиция ўақтында халық арасынан фольклорлық материаллар жыйнайды. Қ. Айымбетовтың «Халық даналығы» китабында: Мен Шымбайда болып, экспедицияда минетуғын көк атымды безеўге киристим. Экспедиция жетекшиси этнограф болғанлықтан қарақалпақлар өз атларын қалай сазлап безеп, миниўин көрсетким келип, атқа – ушығалы ала нағыслы терлик, шашақлы жипек жона, ғали, козлик, ақбаслы ер, ғола занги, гүдери қанжыға, ғалы қоржын бөктерип атланыў менен Қазақстанды үйрениў жәмийетиниң Қарақалпақстан экспедициясының баслығы А. Л. Мелковты күтип алдым деп келтиреди. Бул этнографиялық экспедиция қыр далаңлықтан атлы, суўда кеме менен жүрип, Хожели, Қоңырат, Шымбай, Мәккатай, Мәдели, Қазақдарья ҳәм тағы басқа да үлкемиздиң бир қанша қала ҳәм аўылларынан қарақалпақ қара үйиниң ағаш бөлеклерин, өрилген, тоқылған безениў буйымларын, шыйдан (қамыстан) исленген төсеклерин, қарақалпақ аўыл адамларынаң турмыслық затларын жыйнайды. А. Л. Мельков экспедицияда жыйнаған материалларын Қарақалпақстан тарийх-үлкетаныў музейинде сақлайды. А. Л. Мелковтың жыйнаған материаллар музейимиздиң фотосүўретлер ҳәм фотонегативлер фондында бийбаҳа экспонатлар қатарында сақланып келинбекте. Бул фотосүўретлерде қарақалпақ қара үйиниң өрилген, тоқылған безениў буйымлары – каршын, керги, ақ-басқур, ший тоқып атырған келиншеклер, үй-руўзыгершилик буйымлары – дигирман, шарық, жүнтарақ, гүби хәм атлаў, қуман, шөмиш, қазан тутқыш, ҳаял-қызлардың кийимлери-қызыл киймешек, ер адамлардың қара үйдиң ағаш бөлеклери болған уўық ҳәм кереге соғыў, мөре басыў, жүўери дәнин жыйнаў ўақты, кемпир апаларымыздың дәнди кепшик пенен суўырып тазалап атырған көринислери, қарақалпақлардың жасаў орынлары, базарлары, музыкалық саз-әсбаплары сәўлеленген. Музейлеримиздиң ўазыйпасы өсип киятырған келешек әўладқа халқымыздың тарийхын ҳәм мәдениятын, ата-бабаларымыздан мийрас болып қалған үрп-әдет дәстүрлеримизди, халқымыздың миллийлигин көз қарашығындай абайлап асыраў ҳәм үгит-нәсиятлаў болып есапланады.

Әдебиятлар:

1. Қ. Айымбетов. «Халық даналығы». Нөкис, 1988-ж.
2. А. Алламуратов. «Мәңги мийрас». Нөкис, «Билим», 1993-ж.

АЛЛАХОВА ГҮЛНАЗ

Қарақалпақстан Республикасы тарийхы ҳәм мәденияты мәмлекетлик музейи илимий хызметкери. Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

ҚЫЯС ЖЫРАЎДЫҢ МИЙРАСЫ

Ҳәр бир халық өзиниң миллийлиги менен бир-биринен ажыралып турады. Қарақалпақ халқы әзел-әзелден өзине тән миллий музыкаларына, олардың шебер атқарыўшыларына, нама дөретиў-шилерине бай халық.

Қарақалпақ халық жыршылары аўызеки әдебияты менен жазба әдебиятын узақ жыллар даўамында өз репертуарында жырлаўы, қайта ислеўи арқалы жанр болып қәлиплескен. Ҳәр жыраўдың жырлайтуғын тарийхый жырлары ҳәр қыйлы. [2] Усындай жырларды атқарыўшылар жыраў, бақсы, қыссахан, сазенде, қосықшы болып бир неше топарларға бөлинеди. Соның ишинде, жыраўлар шығысы жағынан қарақалпақ халқының массагетлер дәўиринен киятырған ең ески өнерпазлары болып табылады. Жыраў – қолына қобыз алып халықтың әдебий мийрасы болған, дәстанларды, тарийхый жырларды жыйналған көпке тамаша бериўши, өз заманының арзыў әрманын айтыўшы, қобызға қосып аўыз әдебияттың үлгилерин: нақыл-мақал сөзлер, толғаў-термелерди үгит-нәсиятлаўшы, сөз шебери, талант ийеси, хош ҳаўазлы, сазенде. [1] Қарақалпақ халқында жыраў үлкен ҳүрметке ийе болған. Олар халық пенен бирге болып, халықтың улы менен қызларының ўатанды, елди қорғаўдағы ерлик ислерин көркем сөз бенен тәрийиплеген.

Көрнекли алымларымыз, филология илимлериниң докторлары профессор Қ. Айымбетов, К. Мәмбетов, С. Баҳадырова көркем өнер илимлериниң кандидатлары А. Алламуратов, Т. Адамбаевалар өзлериниң илимий-изертлеў мийнетлеринде миллий сөз өнеримиздиң тамырларын Ғазтуўған жыраў, Соппаслы Сыпыра жыраў, Қорқыт ата дәўирлеринен баслайды.

Соппаслы Сыпыра жыраў менен Қорқыт атаның жыраўшылық өнерин, XVIII – XIX – XX әсирлерде жасаған Жийен жыраў, Халмурат, Қазақбай, Шаңкөт, Ербай, Жийемурат, Нурабулла, Айтуўар, Қабыл, Бекмурат, Қурбанбай, Ерполат, Хожамберген (Өгиз жыраў), Есемурат, Қыяс ҳәм т.б. жыраўлар даўамлап келген.

Хайратдин улы Қыяс жыраў Шымбай районында 1903-жылы туўылған. Қыястың ата-бабалары дийқаншылық пенен шуғылланған. Әкеси Пиримбет аўыл мектебинде моллашылық еткен. Қыяс биринши устазын әкем деп билген, себеби, ол Жийен жыраўдың, Мақтумқулының, Әжинияздың, Бердақтың қосықларын, Ормамбет бий толғаўын, «Не жаман», «Дәркар» сыяқлы терме-толғаўларды ҳәм қысса дәстанларды қыз-жигитлер жыйналған жерде бәлент даўысқа салып оқыйтуғын хош ҳаўаз адам болған. Қыяс 15 жасынан түнлерде Досымбет жыраўдың дәстан атқарған жолларын тыңлап, кейиннен «Толғаў», «Кең қайыр», «Киши толғаў», «Қыз бала» сыяқлы толғаў ҳәм қосықларын намасы менен үйренген.

1925-жыллары Қыяс жыраў көпшилик қатары саўат ашып, жазыў, оқыўды үйренген. Ол Түменбай жыраўдың шәкирти Қабыл жыраўдың изине ерип, оннан «Мәспатша», «Әжибек», «Қурбанбек», «Қыз палўан», «Бужырмерген», «Шәрьяр», «Бозуғлан» дәстанларын жазып алған. Қыяс жыраў 1932-жылы Шымбай халық театрына, 1933-жылы Төрткүлде шөлкемлестирилген радиоеситтириў комитетине сазенде жыраў болып жумысқа киреди. 1939-жылы Төрткүл, Ташкент, Москвада өткерилген халық талантлыларының олимпиадаларына қатнасып үлкен табысларға ериседи. 1942-жылы Қыяс жыраўға ҳүкиметимиз тәрепинен «Қарақалпақстан халық жыраўы» атағы бериледи. 1944-жылы «Көз айдын», «Шалқыма», «Жигирма бесте», «Көрдим», «Жолшы», «Шер бейит» намаларын айтып даўысы граммпластинкаға жазып алынады. Ол 1960-жылы Москвада өткерилген пүткил жер жүзилик шығысты изертлеўшилердиң 25-конгресине қатнасып, «Қырық қыз» дәстанын үзиндилер атқарып, 72 елден келген миллет ўәкиллерин өз атқарыўшылығы менен таңқалдырды. 1966-жылы жыраў-шайырдың «Қарақалпақстан» баспасында «Қобыз термелери» атлы қосықлар топламы баспадан шығады. 1974-жылы 71 жасында дүньядан көз жумады.

Қыяс жыраў қарақалпақ халқының сүйип тыңлайтуғын жыраўы болған. Ол дилўар, қатықулақ адам болып, өзинен бурынғы жыраўлар ҳаққында көп әпсаналарды билген ҳәм халық арасында айтып жүрген. Қыяс Хайратдинов өзиниң айтқан дәстанларының ҳәм қарақалпақ мәдениятын раўажландырыўға қосқан үлкен үлесиниң арқасында халық ишинде үлкен ҳүрметке ийе болған.

Қарақалпақстан Республикасы тарийхы ҳәм мәдениятының мәмлекетлик музейи көргизбе залында Р. Матевосян тәрепинен сүўретленген Қыяс жыраўдың портрети ҳәм оның қобызы қойылған. Бул портрет қарақалпақ халқының белгили жыраўы Қыяс жыраў ҳәм ол жасаған дәўирлерде халық турмысында жыраўшылықтың әҳмийети, халықтың аўызеки әдебиятының бизиң дәўиримизге келип жетиўинде жыраўлардың орны ҳаққында музей тамашагөйлерине толығырақ мағлыўмат бериўде әҳмийетли болып есапланады. Сондай-ақ, жыраўдың қобызы музейимиздиң бийбаҳа экспонатларының бири болып, оны 1986-жылы Байниязова Бийбайша апамыз музейге тапсырған. Бул қобыз қарақалпақ халқының ең ески саз әсбапларының бири болыў менен бирге, жыраўдың бизиң дәўиримизге келип жеткен бийбаҳа мийрасы болып табылады.

Әдебиятлар:

1. Айымбетов Қ. Халық даналығы. – Нөкис «Қарақалпақстан», 1988.
2. Нызанов М. Қарақалпақлар. – Нөкис «Билим», 2020.

ЕРЕЖЕПОВ АРТЫҚБАЙ

PhD, Нөкис қаласы 1-санлы
Балалар музыка ҳәм көркем өнер мектеби директоры.
Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

ҚАРАҚАЛПАҚ БАҚСЫШЫЛЫҚ МЕКТЕПЛЕРИНИҢ РАЎАЖЛАНЫЎ ТАРИЙХЫ АРҚАЛЫ ЖАСЛАРДЫ ТӘРБИЯЛАЎДАҒЫ ОРНЫ

Қарақалпақ музыка көркем өнериниң дөретиўшилик байлығы менен айрықша халық ҳүрметине ийе болған тараў бақсышылық өнери.

Бақсы өнериниң атқарыўшылық репертуарында ашықлық, сүйиўшилик дәстанларын ҳәм қосықларын атқарыў менен Орайлық Азия ҳәм Кавказ бойы еллеринде кең таралған. Бақсы атамасы басқа миллет халықларында аталыўын үйрениўге нәзер салсақ, қарақалпақларда «бақсы», өзбек ҳәм түркменлерде «бахши», қазақларда «жыршы», азербайжанларда «ашүг», грузинлерде «мыгасан», армиянларда «гусан» сөзлери фонетикалық ҳәм функциялық характери жағынан улыўма уқсаслығын ғана аңлатып қалмастан, олардың атқарыўшылық өнериниң де жақынлығы көринеди [1].

Бақсышылық өнериниң бундай жақынлықлары олардың көп әсирлик мәдений социаллық ҳәм экономикалық байланысларының кең ен жайып урқан атқанлығынан дерек береди. Бақсы өзиниң бурынғы мәниси ел шайыры, сазендеси. Ел арасында қобыз я домбра шертип, дәстанлар оқып жүрген шайыр, сазенделери бар, биз оларға бақсы деймиз.

Ески ҳижрий тоғызыншы мүлшелде Наўайы заманында бул сөз – «уйғурча ёзғон котиб» мәнисин ислетер еди деп атап өтеди. Профессор Күприлийзоданың Ҳалокухон заманында жазылған «Зич илхони»нен көширмесине гөре «Бахшилар ҳар ойда уч кун парҳез тутиб ибодат қиларлар ва белгили емаклар ерлар эмиш». Демек, булар болжаўшы «авлиёлар» мәнисин де аңлатады [4]. Алым Күприлийзода бул сөздиң мәнилери ислетилгенлигине таянып, бурынғы заманларда «Қоҳин-шойр-мусиқийшунос» дин баслықлары болғанлығын туўры пикир екенлигин атап өтеди. Лироэпикалық дәстанлары кең тарала баслайды деп көрсетеди. Сүйиўшилик ҳаққындағы дәстанлардан «Юсуп Ахмед», «Ғәрип-Ашық» дәстанларының қарақалпақ, өзбек, тәжик, түркменлер, қырғызлар, қазақлар ҳ.т.б. арасында кең таралғанындай-ақ қарақалпақ бақсылары да кең таралған. Қарақалпақ музыка искусствосы тараўында бақсышылық өнери өзлериниң атқарыўшылық жолларына қарай бир қанша мектеплерге бөлинеди. Филология илимлериниң докторлары Н. Даўқараев, Қ. Айымбетовлар бақсышылық мектебин Муўса ҳәм Сүйеў мектеби деп екиге бөледи. Бирақ та соңғы экспедиция дәўириндеги бақлаўларға қарағанда, бақсышылықты кеңирек етип төрт топарға бөлиўге туўра келеди.

Булар, Ақымбет, Ғәрипнияз, Арзы, ҳәм Құтым мектеплери болып, ҳәр қайсысы өзлериниң айрықша айтыў жолына, мектебине ийе. Олар өзлери дүзген усы мектеплеринен шәкиртлер таярлаған, соған ылайық намалар дөреткен. Бирақ соны да айтып өтиў керек, булар баслаған мектеп тек те усылардан басланып, олардан бурын бул жолдан ҳеш ким жүрмеген деген пикир туўылмаслығы керек. Олардан бурын да бир неше бақсылар бул жолда айтып келген, бирақ олардың аты ҳәзирше толық мәлим емес.

Булардан алдын Хорезм ўәлаятында шағатайлы аты қосық болып тиллерге дәстан болған әпсаналық бақсы Ешбай өткен. Ол пүткил Хорезм ойпатлығында жасаўшы өзбек, қарақалпақ, түркменлер арасынды кеңнен белгили болып, оны өзбеклер де, қарақалпақлар да, түркменлер де өзлермиздиң бақсымыз деседи. Әлбетте, оның әҳмийети кимлигинде емес, оның қарақалпақлар арасында кеңнен мәлим болып халыққа еткен хызметинде. Бақсының қарақалпақ арасында терең ҳүрметке ийе болып, халық Ешбайсыз кеўил хошлық етпейтуғынлығы, оның атындағы «Ешбай» қосығын елеге шекем сүйип айтатуғынлығында көриўге болады.

«Ешбай бармай ҳеш ким тойына қурмады, Жүзин көрмей қызлар ўәкил бермеди...», қатарларында Ешбай халық бақсыларының атасы сыпатында ҳүрметке бөленди; *«Ешбай, Нуржан,*

Аташ пенен саз өтти..., Өлгеннен соң ўәспин Ғәрипнияз айтты...», Ешбайдың Нуржан, Аташ усаған қарақалпақ бақсылары менен бир дәўирде жасап, заманлас болғанлығы олардың дослығы усы «Ешбай» атлы қосық қатарында көринеди. Ал, *«өлгеннен соң ўәспин Ғәрипнияз айтты»* делинген қатарға қарағанда Сүйеў бақсының устазы – Ғәрипнияз Ешбайдың шәкирти болып оның жолын даўам еттирген. Гөне Үргениш әтирапында XVIII әсирде жасаған Мәтнияз қарый деген бақсы болып, өз дәўиринде 23 шәкирт таярлап жетистирген. Төрткүлдеги белгили Әмет бақсы Султан улының айтыўына қарағанда: Ешбай да, Нуржан да, Аташ та, Ғәрипниязлар да сол Мәтнияз қарыйдың шәкиртлери деген мағлыўматты береди. Ал, берунийли 95 жасар Серик суўпы улы Нуржан ата Мәтнияз қарыйды Ниязымбет көрши – лақабы. Мәтнияз қарый өмириниң ақырында көзден қалып, заман қысыўметине налып, төмендеги «Көзлерим» қосығын айтқанлығын хабарлайды: «*– Эй! Қудая өтти өмирим мунша дәўраным қәне, 23 шәкирт шығардым мунша дәстаным қәне, Арзыў әрман менен алған майы табаным қәне, Кеўлим истер көрмеге келди қумарым қәне»* [2]. Жоқарыда келтирилип өтилген бақсылардың бәри де, тийкарынан, еки мектептен, яғный, Ақымбет пенен Ғәрипнияз баслаған мектептен өрбигенлигин, қалған еки мектеп Арзы ҳәм Қутым мектеби усы мектеплерден соң айрылып шыққанлығы, айтыў усылларының Ақымбетке – Арзы, Ғәрипниязға – Қутымның жақынлығы жағынан анықлаўға болады. Жоқарыда айтылған илимпазлардың Муўса ҳәм Сүйеў мектебине бөлиниўдеги тийкарғы көзде тутқан жолы Муўса менен Сүйеўдиң устазлары баслаған жолды жоқары басқышқа көтерип, бақсышылық өнеринде бурын болмаған форма ҳәм атқарыўшылық стиль методлар менен безеп дөретиўшилик жақтан раўажландырғанлығында. Ҳақыйқатында да, олар тек те бақсы болып ғана қоймай, күшли композиторлар да болып, қарақалпақ музыкасын байытты. Мектептиң репертуарларында қосықлардың атлары ҳәм намаларында улыўмалық болған менен атқарыўшылық усыллары пүткиллей өзгеше. Муўса бақсының жолы нағыз қарақалпақ бақсысының атқарыўшылық усыллары толығы менен сиңдирилген өзгеше колоритке ийе [3]. Бәринен де бурын ескертилип өтилетуғын, нәрсе, ҳәр бир бақсының қайсы мектептен шығыўына қарамастан, олардың индивидуаллық өзгешелигин естен шығармаўымыз керек. Яғный, бир мектептен шыққан болса, сол мектептиң майда-шүйдесине шекем қалдырмай ямаса өзгертпей айтады деген пикир туўылмаслығы керек. Ҳәттеки, жеке бир бақсы бир тойда бир түрли етип атқарса, екинши тойда тап соның өзин сол күйинде қайталаўы мүмкин болмағандай, асып яки кем түсип кететуғыны сөзсиз.

Сонлықтан, бир мектептен өрбиген адамның ҳәр түрли етип айтатуғынлығын, бирақ улыўма бир ығбалға бағынатуғынлығын усыннан көремиз. Мәселен: Бир мектептен тараған бақсылар болыўына қарамастан, Жуман бақсының айтыўы менен Шерназар бақсының айтыўының арасында үлкен парық бар. Шерназар бақсы Муўсаның жолына нағыз қарақалпақ намаларын өз ырғағы менен қосымтасы оригинал түринде атқарса, Жуман бақсының атқарыўында қарақалпақ намалары өз оригиналлығын сақлап турыўы менен қатар, оған қоңсылас халықларының музыкасы-ның тәсири басым екенлиги көринеди. Бул жерде көзге түсетуғын нәрсе ҳәр бир атқарыўшы өз репертуарларын жасаған орталығына, тыңлаўшылар жәмәәтиниң талабына қарап соған ылайықлап дүзетуғынлығында. Сонлықтан, Шерназар бақсы Шымбай әтирапында жасап қарақалпақша жолға айтса, Жуман Беруний, Төрткүл әтирапында жасап, намаға қосымталар қосып атқарған. Сондайақ, усы мектептен айрылып шыққан Арзы мектеби менен Қутым мектеби жөнинде жоқарыда айтып өткен едик. Усы Муўса мектебиниң соңғы әўладларының арасында үлкен өзгешелик бар. Себеби, олар Муўса мектебинен таралған болыўына қарамастан, Есжан Муўсаның жолына айтса, Шанияз Арзы бақсының жолына айтады. Сүйеў бақсының мектебинен тараған Орынбай ҳәм Жаңабай бақсылар менен Жапақ бақсының атқарыўында да үлкен айырмашылық бар, Жапақ бақсы нағыз Сүйеўдиң жолына айтатуғын болса, Орынбай менен Жаңабай бақсылардың айтыў жолына жергиликли халықтың, яғный, араллы өзбеклердиң тәсири тийип бир қанша өзгешеликке ушырағанлығын көремиз. Ҳақыйқатында да, булардың барлығын қарақалпақ музыкасының өзгешелиги деп қаралса да болар еди. Соның менен қатар, Орынбай бақсының намаларының арасында Жапақ бақсының репертуарларында ушыраспайтуғын намалар да гезлеседи. Мысалы: «Шырўан қатар», «Шайқы шиўар», «Зәрлетме», «Мола әрман», «Сайҳал» т.б. деп аталатуғын намалар көп.

Орынбай бақсының шәкирти – ҳәзирги Жуман Розымовтың атқарыўындағы намалар өзиниң темпераментлилиги жағынан күтә үзип, секиртип айтыў, синкопа, паўзалар қусаған атқарыў-

шылық усыллар арқалы жаңылтпаш формасында болып келиўи менен айрылады. Мәселен: «Дәрдиңнен» намасының Жапақ бақсы менен Орынбай бақсының атқарыўы арасында усындай белгилер айрықша жийи гезлеседи. Жапақ бақсы бул наманы атқарғанда лигалар арқалы, бир демди узақ созып, ағыслы түрде даўыс ырғақларын толқытып атқарса, ал, Орынбай бақсының шәкиртлери Жуман, Балтабай, Нарыбайлар «Дәрдиңнен»ди жүрмелдиң шабысындай секиртип, даўысты үзип таслап, синкопалар қолланып атқарады. Олар ҳәр бир музыкалық фразалардың изине паўзалар қосып, үзип-үзип жибереди. Жапақ бақсыдағы музыкалық фразалар болса, бир демде бир қанша музыкалық фразаларды бириктирип ағылтып айтады. Қарақалпақ музыкасында әсирлер бойы даўам етип киятырған атқарыўшылық искусствосы дәстан менен наманың арасындағы байланысты беккемлеп келди. Бақсылар дәстанлардың тек те қуры мазмунын баян етип ғана қоймай, олар өз баянламасын саз бенен намаға салып атқарады. Қарақалпақ музыкасында дәстанға салып айтылатуғын намалар үлкен орын ийелейди. Сонлықтан, бақсылардың атқарған «Ғәрип ашық, Саятхан-Ҳамра, Ҳүрлыха-Ҳәмира, Ашық-Нәжеп, Юсуп-Ахмет» т.б. лирикалық дәстанлары менен Наўайы, Мақтумқулы, Әжинияз, Бердақ, Өтеш, Омар ҳәм т.б. классиклердиң қосықларына айтылған намалары өзиниң көркемлигиниң байлығы жағынан қарақалпақ халқының руўхый мәдениятын ҳаққында кең түсиник береди.

Әдебиятлар:

1. Айымбетов Қ. «Халық даналығы». Қарақалпақстан баспасы. 1968-жыл, 142-бет.
2. Адамбаева Т. Автор дала жазыўынан. 1960, ӨзССр ИАККФ китапхана фондында инв. 34329.
3. Адамабаева Т. Революцияға шекемги қарақалпақ музыкасы. «Қарақалпақстан» баспасы, 1976-ж. 59-б.
4. Боровков А. К. Вопросы изучения тюркоязычного эпоса народов Средней Азии и Казахстана. – Сб. вопросы изучения эпоса Народов . – М., 1958.с-69.// Сабурова А. А. Қарақалпақ тилиндеги музыка терминлери. Автореф.дисс.канд.филол.наук. – Нөкис, 2008. -43-бет.
5. Фитрат А. «Ўзбек классик мусиқаси ва унинг тарихи». Тошкент. ЎзРес фанлар академияси «Фан» нашриёти. 1993 йил 32-бет.

ПАЛМАНОВА СВЕТЛАНА

Қарақалпақстан Республикасы тарийхы ҳәм мәдениятын мәмлекетлик музейи аға илимий хызметкери. Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

НАЎРЫЗ ЖАПАҚОВТЫҢ ӨМИРИ ҲӘМ ДӨРЕТИЎШИЛИГИ

Шайыр, журналист, аўдармашы, алым, жәмийетлик ҳәм партиялық ғайраткер Н. Жапақовтың өмири ҳәм дөретиўшилик жолы, жигирмаланшы әсирде қәлиплести ҳәм раўажланды. Бизиң басып өткен тарийхый жолымызда Наўрыз Жапақовтың да өзине ылайықлы үлеси болды. Өз алдына ел болған алтын шаңарағымыздың тарийхының үлкен жетискенликлериниң биреўи – жаңа қарақалпақ интеллигенциясының туўылыўы болды. Биринши рет булардың пайына халықты саўатландырыў, денсаўлықты сақлаў ислерин шөлкемлестириў, баспасөз ислерин раўажландырыў, жаңа көркем әдебиятты дөретиў, театр ҳәм басқа да мәдений мәкемелерди уйымластырыў, жәмийетлик шөлкемлерде сиясий-шөлкемлестириўшилик ислерди алып барыў ҳ.т.б. ўазыйпалар тийисли болды. Булардың алдында 1920-жыллары басланған 30-жыллардың ири сиясий-жәмийетлик, мәдений мәселелериниң шешими турды. Ҳақыйқатында, бул дәўир Қарақалпақстанның улыўма раўажланыўында үлкен бир этапты пайда етти ҳәм усы дәўирде үлкемизде кең масштаблық қурылыслар жүргизиле баслады. Мектеплердиң саны өсти, орта билим беретуғын, оқыў орынлары пайда болды. Биринши илим изертлеў институты, муғаллимлер институты пайда болды. Биринши рет қарақалпақ театры пайда болды. Баспасөз орайы раўаж алды, қарақалпақ тилинде оқыў қураллары пайда болды. Сөз етип атырған дәўирде жәмийетлик-сиясий ҳәм әдебий ислерге белсенди араласқанлардың бири, сол дәўирлерден халық алдында ҳәм ҳүкиметимиз алдында үлкен мийнетлери бар, хызмети ҳәм абырайы менен халыққа кеңнен танылған, әдебиятымыздың ҳәм илимимиздиң ири ўәкили Наўрыз Жапақович Жапақов болды. Наўрыз Жапақов 1914-жылы 16-майда бурынғы Түркстан үлкесиниң Сырдәрья области Әмиўдәрья

бөлиминиң Көкөзек волостында ҳәзирги Тахтакөпир районынында туўылды. Ол баслаўыш мектепти 1930-жылы питкерип шығады. Мектепти питкерип, жоқары оқыў орынларына оқыў ушын Төрткүлге барады, бирақ Қарақалпақ областлық комсомол комитети жибермей, сол жылы басланған ғалаба басланғыш оқыў мектеплериниң бирине муғаллим етип жибереди. Солай етип, 1930-жылдың октябринен 1931-жылдың июлине шекем Кегейли районында басланғыш мектептиң муғаллими болып ислейди. Наўрыз Жапақовтың дөретиўшилик жумысы 30-жыллардан басланады. Ол бул ўақытта лирик шайыр сыпатында көзге түсти. Шайырдың усы бүгинге шекем бир неше топламлары жарық көрип, қарақалпақ әдебиятының алтын қорынан орын алып отыр. Шайырдың қосықлары республикамыздан тыс туўысқан халықлар тилине аўдарылып, кең китап оқыўшылар жәмийетшилигине белгили болып киятыр. Ол 1935-жылдан баслап аўдармашылық пенен шуғылланып, А. Наўайының «Фарҳад ҳәм Шийрин» (1940 Төрткүл) А. С. Пушкинниң «Тутқын» («Қызыл Қарақалпақстан» газетасы 1936-жыл, 14-октябрь), М. Ю. Лермонтовтың «Қашқын» (Қарақалпақстан әдебияты ҳәм көркем өнер журналы 1941-жыл), Х. Х. Ниязийдиң «Қарашаш» Мухимийдиң «Көзлерин», А. Сурковтың «Коммунистлердиң маршы» ҳәм тағы басқа жазыўшы-шайырлардың шығармаларын қарақалпақ тилине аўдарып, қарақалпақ китап оқыўшыларын оларды өз ана тилинде оқыўға миясар етти. Қарақалпақ әдебияты ҳәм исскуствосының тарийхында киносценарий дөретиўдиң ирге тасын қалаўшылардың бири Н. Жапақов деп айта аламыз. Оның қарақалпақ халқының турмысынан алып М. Мелкумов пенен бирге жазған «Арал балықшылары» деген киносценарийси 1957-жылы экранда көрсетилип, республикамыздың ҳәм республикамыздан тыс кино тамашагөйлердиң дыққатына миясар болды. Н. Жапақов соңғы ўақытта дөретиўшилик жумысының басым бөлегин әдебияттаныў илимине қарай бағдарлады. Қарақалпақ әдебиятының тийкарын салыўшылардың биринен есапланатуғын А. Мусаев, К. Аўезов, С. Мажитов XIX әсирдиң аяғы, XX әсирдиң басларында жасаған Абдиқадир шайыр Бекимбет улы ҳаққында жазған көп санлы мақалалары менен монографиялық жумыслары жоқарыдағы жазыўшы-шайырлардың өмири дөретиўшилик шеберликлери ҳаққында баҳалы илимий мағлыўматлар береди. Н. Жапақов бир неше поэмалардың да авторы. Оның поэмалары тек өз ўақты ушын ғана емес, ҳәзирде де актуаллығы менен баҳалы. Әдебият турмыстың айнасы. Әсиресе, бул реалистлик әдебиятта айрықша көзге тасланады. Турмыстағы қаҳарманлар – көркем әдебияттаныў қаҳарманлары. Усындай турмыстан алынған реал қаҳарманлар образы Н. Жапақовтың «Суўшы», «Дослық дәстаны», «Узақтағы жайлаўда», «Шайыр сөзи», «Бахытлылар» поэмаларында исенимли сүўретленген. Елимиз ҳүкимети тәрепинен Н. Жапақовтың мийнетлерин жоқары баҳалады. Ол он алты жыл бурынғы аўқамның Өзбекстан Республикасы ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Советиниң депутаты болды. Жазыўшы, көрнекли илимпаз, жәмийетлик ғайраткер Н. Жапақов еки рет Ленин ордени, еки рет «Ҳүрмет белгиси» ордени, бир рет «Қызыл жулдыз» ордени менен сыйлықланды. Аўыл хожалығы тараўындағы жетистирген табыслары ушын Пүткил аўқамлық ҳалық хожалық жетискенликлериниң көргизбеси Бас комитетиниң үлкен ҳәм киши алтын медальлары менен, сондай-ақ, Өзбекстан Жоқарғы Советиниң Президиумының бир неше рет ҳүрмет жарлығы менен сыйлықланды. Илим тараўындағы хызметлери ушын оған «Өзбекстанға ҳәм Қарақалпақстанға мийнети сиңген илим ғайраткери» ҳүрметли атақлары берилди.

Наўрыз Жапақов қарақалпақ халқының жәмийетлик турмысының, мәдениятының, әдебиятының, илиминиң раўажланыўына салмақлы үлесин қосты. Бизиң халқымыз оның азаматлық ислерин ҳеш қашан умытпайды ҳәм халқымыздың тарийхынан өз орнын алады. Ҳәзирги дәўирде Н. Жапақовтың портрети бизиң Қарақалпақстан Республикасы тарийхы ҳәм мәденияты мәмлекетлик музейимиздиң экспозиция залынан республикамыздың XX әсирдеги көрнекли интеллигенция ўәкиллериниң қатарынан орын алған ҳәм де бир қанша китаплары, жеке буйымлары музейимиз коллекциясында сақланбақта. Оларды асырап-сақлаў ҳәм де келген тамашагөйлеримизге кеңнен түсиник берип барыў ҳәр бир музей хызметкерлериниң ўазыйпасы.

Әдебиятлар:

1. К.Камалов. «Ел хызметинде». «Қарақалпақстан». Нөкис, 1995.
2. Н. Жапақов. «Еске түсириўлер, илимий мийнетлер».
3. Қарақалпақстан, «Билим» баспасы. Нөкис, 1990.

УТЕПБЕРГЕНОВ АРЫСЛАН

Қарақалпақстан Республикасы тарийхы ҳәм мәденияты мәмлекетлик музейи илимий хызметкери. Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

ҚАЛЛЫ АЙЫМБЕТОВ – ҚАРАҚАЛПАҚ ӘДЕБИЯТТАНЫЎ ИЛИМИНИҢ КӨРНЕКЛИ ЎӘКИЛИ

XX әсир қарақалпақ әдебияты ўәкиллериниң дөретиўшилиги жөнинде М. Нурмуҳаммедов, Қ. Айымбетов, Ә. Насруллаев, Қ. Байниязов, Қ. Султанов, С. Аллаяров, Т. Мәмбетниязов, Г. Есемуратовлар илимий жумыслар алып барды. Булардың ишинде жемисли мийнет ислеген илимпазлардың бири Қаллы Айымбетов (1908–1973) әдебияттаныў илимине 20-жыллардан баслап араласып, фольклор шығармаларын жыйнаў иси менен шуғылланды. Қ. Айымбетов 1908-жылы 20-мартта Шымбай районының «Жалпақ жек» деген жеринде (ҳәзирги «Бахытлы» хожалығы) туўылған. Ол ата-анасынан жаслай жетим қалып, Шымбай қаласындағы мектеп-интернатында тәрбияланған. 1925–1929-жыллары Төрткүлдеги педагогикалық техникумда, ал, 1930–1933-жыллары Алма-Ата қаласындағы Қазақстан мәмлекетлик педагогикалық институтында тәлим алған. Ол мийнет жолын 1927-жылы Төрткүл қаласындағы балалар үйинде тәрбияшы болып ислеўден баслады. 1933–1941-жыллары Қарақалпақстан илим-изертлеў институтында аға илимий хызметкер, Москва қаласындағы Орайлық мәмлекетлик баспаның қарақалпақ редакциясының басқарыўшысы, Орайлық Атқарыў комитети жанындағы Миллетлер институтының аспиранты, Тил ҳәм әдебият илим-изертлеў институтының директоры лаўазымларында жумыс иследи. Ол республикамызда Жазыўшылар аўқамы, мәдений-ағартыў мекемелери, орта ҳәм жоқары оқыў орынларын шөлкемлестириўге белсенди қатнасты. Қаллы Айымбетов қарақалпақ халқының ең бай курамалы ғәзийнеси болған фольклористика тараўын ең биринширлерден болып жыйнап, курастырған бирден-бир алым болып есапланады. Ол 1920-жыллардың ақырларында-ақ, мектеплер ушын оқыў китапларын жазып, мәденият, билим урқанын жайыўшы болды. Ол фольклорлық шығармаларды жыйнаў менен бирге, оны баспада жәриялаў ислери менен де шуғылланды. Ол 1939–1940-жыллары Н. Дәўқараев, О. Кожуровлар менен бирге Қарақалпақстанның ҳәмме районларына илимий экспедицияға барып, халық аўызеки дөретпеси ҳәм классикалық поэзиямыздың әжайып нусқаларын жыйнады. Усының нәтийжесинде «Қарақалпақ халық дөретиўшилиги», «Қарақалпақ халық аўызеки әдебиятының түрлери», «Қайта туўылған халық» усаған топламлары менен альманахлар «Қоблан», «Алпамыс», «Мәспатша» дәстанлары, Бердақ, Өтеш, Омар, Аяпберген шайырлардың қосықлары өз алдына китап болып, 1940–1947-жыллары Төрткүл қаласында басылып шықты.

Қ. Айымбетов фольклор, әдебият шығармаларының жанкүйер жыйнаўшысы ғана емес, зәбердес изертлеўши де болды. Ол 30-жылларда-ақ О. Кожуров пенен бирликте қарақалпақ әдебиятының түрлери ҳаққында пикир жүритип, биринширлерден болып қарақалпақ фольклорының классификациясын жасады. Оның 1939-жылы «Қарақалпақстан әдебияты ҳәм искусствосы» журналының 4–5–6-санларында жәрияланған ҳәм 1940-жылы өз алдына китап болып басылып шыққан бул мақаласында XX әсирге шекемги қарақалпақ шайырларының дөретиўшиликлери ҳаққында айырым пикирлер орын алған. Қ. Айымбетов 1963-жылы «Қарақалпақ драматургиясының очерклеринен» атлы мийнети ушын илим кандидаты дәрежесин алған болса, 1968-жылы «Халық даналығы»н изертлеў арқалы филология илимлериниң докторы дәрежесин алыўға еристи. 1977-жылы оның «Қарақалпақ фольклоры» атлы мийнети жарық көрди. Қ. Айымбетов бул мийнетлеринде қарақалпақ фольклорының түрлери, оның атқарыўшылары ҳәм дөретиўшилери, олардың репертуарлары ҳаққында кең түрде пикир жүритип, жыраў-шайырлар, сондай-ақ, фольклорлық дәстүр тийкарында өсип шыққан халық шайырлары дөретиўшилигиниң фольклор менен жазба әдебиятты тутастырыўшы үлкен көпир болғанлығын дәлиллейди.

Қаллы Айымбетовтың ислеген мийнети ҳаққында академик Жуманазар Базарбаев: «Қаллы Айымбетовтың халықтың өзлигин аңлаўына, илимге ҳәм мәдениятқа қосқан үлеси жоқары. Оның, әсиресе, қарақалпақ аўызеки әдебиятын жыйнаўдағы ҳәм оны халықтың ақыл-ойының

раўажланыўына пайдаланыўдағы баҳалы хызметин көриў арқалы, оны қарақалпақ фольклорын изертлеўшилердиң атасы деп баҳалаўға болады» – деп өзиниң пикирин билдиреди.

Қарақалпақстан Республикасы тарийхы ҳәм мәденияты мәмлекетлик музейи экспозициясында қарақалпақ халқына белгили тулғалардың портретлери орын алған. Қаллы Айымбетов өмири даўамында музейимиз бенен байланыста болып, өзиниң 80 процентке жақын қолланған буйымларын музейге тапсырып кетиўге үлгерген. Оның буйымларының ишинде халық аўзынан жыйнаған қолжазба материаллары айрықша әҳмийетке ийе. Буннан басқа оның жеке буйымларынан өзиниң пайдаланған столы, стулы, гилеми де музейимизде сақланбақта. Бул экспонатлар фольклорист алым Қ. Айымбетовтың қарақалпақ халқына ислеген мийнетлерин келешек әўладқа жеткерип бериўде әҳмийетли болып табылады. Сондай-ақ, оның қолжазбалары әдебиятты изертлеўши жас илимпазлар ушын баҳалы материал болып есапланады.

Әдебиятлар:

1. Пахратдинов Ә., Алламбергенов К., Бекбергенова М. XX әсир қарақалпақ әдебияты тарийхы. Нөкис: «Қарақалпақстан», 2011.
2. Айымбетов Қ. Өткен күнлерден елеслер. Нөкис: «Қарақалпақстан», 2008.

НУРАЛИЕВА МАЙРА

Қарақалпақстан Республикасы тарийхы ҳәм мәденияты мәмлекетлик музейи аға илимий хызметкери. Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

ТӨЛЕПБЕРГЕН ҚАЙЫПБЕРГЕНОВ – ҚАРАҚАЛПАҚ ӘДЕБИЯТЫ БАЙТЕРЕГИ

Төлепберген Қайыпбергенов XX әсирдиң белгили жазыўшысы. Ол өзиниң көп ғана дөретпелери менен қарақалпақ әдебиятында үлкен из қалдырды. Оның очерклери, гүрриңлери, романлары миллий көркем прозамызды байытыўда үлкен роль ойнады. Т. Қайыпбергенов 1929-жылы 7-майда Кегейли районының аймағында дийқан шаңарағында туўылды. Болажақ жазыўшы еле аўылдағы мектепте оқып жүрген ўақытларынан-ақ, зийрек ҳәм көп оқыўды қәлейтуғын, қунтлы оқыўшы болды. Кейин Хожели педагогикалық училищесинде оқып, өз аўылында муғаллим болды. 1950-жылы Т. Қайыпбергенов Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтының рус тили ҳәм әдебияты бөлимине оқыўға түседи. Тап усы ўақыттан оның әдебиятқа араласыўы басланды. Оның ең дәслепки гүрриң ҳәм очерклери «Блокнот сөйлейди» деген топламында басылып шықты. Оның «Секретарь», «Муғаллимге рахмет», «Суўық тамшы», «Уйқысыз түнлер» повестьлери, «Қарақалпақ қызы», «Қарақалпақ дәстаны», «Қарақалпақнама» дөретпелери, сондай-ақ, ғәрезсизлик дәўирине тийисли «О дүньяға атама хатлар», «Түркийнама» ҳәм тағы басқа дөретпелери ҳәзирги қарақалпақ прозасының буннан былай да раўажланыўында үлкен әҳмийетке ийе екенлигин айтып өте аламыз.

Т. Қайыпбергеновқа қарақалпақ әдебиятына қосқан үлеси ушын Бердақ атындағы Республикалық, Хамза атындағы Өзбекстан Мәмлекетлик сыйлықлары берилди. Буннан басқа ол 1980-жылы «Қарақалпақ дәстаны» трилогиясы ушын Бурынғы Аўқамның мәмлекетлик сыйлығын, «Қарақалпақнама» роман-эссеси ушын М. Қашқарий атындағы халық аралық сыйлықларын алыўға миясар болды. 1950-жылы жәрияланған «Секретар», 1958-жылы жәрияланған «Муғаллимге рахмет» повестьлери қарақалпақ повесть жанрын раўажландырыўда белгили орынға ийе. Т. Қайыпбергенов 60-жыллардың екинши ярымынан баслап «Қарақалпақ дәстаны» трилогиясын жаза баслады. Трилогия 70-жыллардың екинши ярымында жазылып питкерилди. Роман рус, өзбек, қазақ, түркмен тиллерине аўдарылды. Бул дөретпени изертлеўде қарақалпақ әдебиятшы алымлары менен бирге өзбек илимпазы П. Шермухаммедов, орыс илимпазы Зоя Кедрина Т. Дабылова ҳәм басқа да илимпазлар изертлеў жумысларын алып барды. Роман үш китаптан ибарат болып «Маман бий» әпсанасы, «Бахытсызлар», «Түсиниксизлер» деген бөлимлерден турады. Трилогияда

қарақалпақ халқының XVIII әсирдеги турмысы, тарийхый фактлер тийкарында көркем тилде ашып берилген. Романның биринши китабында тийкарғы орайда XVIII әсирдеги қарақалпақ батыры Маман бийдиң тарийхый ҳәрекети турады. 1743-жылы августта қарақалпақ елшилери патша Россиясына қосылыў нийетинде Петербургқа барады. Бул елшилерди жас Маман басқарып барады. Романның сюжети жүдә көп планлы. Сюжеттиң тийкарғы жолы Маман бий әтирапында раўажланса, оның гейпара тараўлары Абылқайыр, Мурат шайық, Аманлық, Ырысқул бий, Есенгелди, Айғара бий ҳәм тағы басқалардың ҳәрекетлери менен тығыз байланыслы. Бирақ, олардың, ҳәммеси Маман бий образының әтирапларында болып өтеди.

Трилогияның екинши китабы «Бахытсызлар» романы. Бул романның сюжети тийкарынан XVIII – XIX әсирдеги қарақалпақлардың Хийўа ханының қол астына толық өтиўи болып есапланады. Романда Айдос бий, Есенгелди бий, Төремурат суўпы, Мухаммедамин хан, Мухаммед Рахим, Бегис, Мыржық, Қумар, Ерназар, Күнхожа ҳәм тағы басқа тарийхта болған қаҳарманлар бар. Жазыўшының бул роман сюжетиниң орайында халқымыздың тарийхындағы белгили адам – Айдос бий турады. Бул инсан туўралы тарийхымызда еки түрли түсиник бар. Биринши, халық майданында Айдос бий ҳәмел ушын еки иниси Бегис пенен Мыржықты өлтирип, жаўыз адам сыпатында сүўретленеди. Ал, XIX әсирде жасаған халқымыздың атақлы шайыры Бердақ өзиниң «Айдос бий» шығармасында Айдосты ҳәмелпараз, бирақ мәртлиги, батыллығы бар адам сыпатында сүўретлейди. Т. Қайыпбергенов «Бахытсызлар» романының тийкарын дүзиўде бүгинги тарийх илиминиң жетискенликлерине сүйенеди ҳәм шығарманың сюжетин қурыўда усыларға итибар береди. Қарақалпақлардың XIX әсирдиң биринши ярымындағы бас бийи Айдос Хийўа ханлығына сүйенип қарақалпақ ханлығын дүзбекши болады. Айдос ойшыл, өз халқының тәғдирин тереңнен ойлай алатуғын адам. Ол өз мақсетин әмелге асырыў ушын Хийўа ханлығына барынша жаранады. Бирақ, Қоңырат қаласының ҳәкими Төремурат суўпы Хийўа ханлығынан ғәрезсиз Қоңырат ҳәкимлигин дүзбекши болып, елдиң ишиндеги еки басшы ортасында қарама-қарсылық пайда болады. Айдостың еки иниси Бегис пенен Мыржық Төремурат суўпы тәрепине өтеди. Хийўадан хан келип Айдосты қоллаған болып Төремурат суўпы ләшкерлерине қарсы урыслар жүргизеди. Усы урыста Айдос инилери Бегис пенен Мыржықты өлтиреди. Айдос буннан кейин де қарақалпақ бийлерин бириктирип ғәрезсиз мәмлекет дүзбекши болады. Бирақ, ел бирикпейди. Бул Айдостың өлимине алып келеди. Романның үшинши китабы – «Түсиниксизлер»де Мыржық пенен Қумардан туўылған бала Ерназардың өз халқына аға болып, Хийўа ханлығы зулымлығына қарсы алып барған гүреслери сүўретленген. Ерназар алакөз образы әдебиятымыз тарийхында Маман бий, Айдос баба ислерин даўам етиўши өз халқының ғәрезсизлиги ушын гүрес алып барған батыр тарийхый адам образы сыпатында сүўретленеди.

Қумар ана образы бул жазыўшының үлкен табысы. Ол ақыллы, уқыплы ҳаял. Ҳәмме жасы үлкен, жасы кишини сыйлай алған ана. Ол атақлы Есенгелди мехремниң қызы. Қайин ағасы менен күйеўи Мыржықтың, Төремурат суўпы менен Айдостың арасындағы алаўызлықларға да қарамайды. Ҳәммесин де өз орны менен сыйлайды. Өзиниң ҳаяллық ар-намысын ҳәмме жерде де қорғай алады. Бул роман, тийкарынан, аты тарийхта әпсана болған инсан Ерназар алакөздиң өмирин ҳәм ол жасаған дәўирдеги қарақалпақ халқының тарийхын сүўретлеўге арналған. Жазыўшы бул романның тийкарына Ерназар алакөздиң өмирине байланыслы тарийхый фактлерди алады ҳәм өзи де ядынан (көркем ойынан) дәўир зулымлығын ҳәм баслы қаҳарманлар өмирин толықтырыў мақсетинде көп ғана ҳәдийселерди қосады. Романда Ерназардың жаңа жигит бола баслаған дәўиринен баслап, халық көтерилисиниң басшысы болып, көтерилисшилер ыдырап, жеңилиске ушырап, Ерназардың өлимге гириптар болыўына шекемги жүдә көп жыллық ўақыялар сүўретленеди. Ерназар алакөз бул – «Бахытсызлар» романындағы Айдостың иниси Мыржық пенен келине Қумардан туўылған бала. Ол жасынан-ақ ақыллы, сөзге шешен, өмир қубылысларын өзинше шеше алатуғын батыр жигит болады. Гүреслерге түседи ҳәм палўанларды жеңеди. Анасын, өмирлик жолдасын, аўылласларын қәдирлейди. Ерназар Маман бий менен Айдос баба идеялық тийкарын салған қарақалпақ халқын дүзиў ушын гүресип рус патшаларынан жәрдем сорамақшы болады. Оның бул идеясын әмелге асырыўда Қарақум ийшан, Жанғазы төре ҳәм басқалар кесент береди. Ерназар қазақ, түркмен ағайинлерден жәрдем алып ханлық дүзеди. Миллети қазақ Зарлық дегенди хан етип сайлап өзи бас ўәзири болады. Хийўа ханлығы бул жас ханлыққа қарсы әскерий

ҳүжим жасайды. Гүресте жас ханлық жеңиледи. Ерназар алакөз өз халқын жоқары идеяларға баслаўшы, халқының ғәрезсизлиги ушын гүрес алып барған адам. Ол илим, билим үйренсин деп бир қатар қарақалпақ балаларын Россияға оқыўға жибереди. Ол өз аўылласы Шоңқының қолынан қаза табады. Биз үлкен дөретиўшилик лабораториясына ийе Т. Қайыпбергеновтың шығармаларын көрсетиў арқалы уллы адамгершилик пазыйлетке ийе қаҳарманлар, халық тилеги ҳәм әрманы, халықтың әпиўайы турмысынан баслап қурамалы турмыс қәлпине шекем миллий колоритке тойындырылған көркем тили, жаслар тәрбиясы, улыўма инсаныйлық тәрбияларды келтирип шығарыўшы, бағдарлар бериўши көркем дөретпелердиң қарақалпақ әдебиятындағы прозалар дүркими келбетин ашып бериўди мақсет еттик.

Әдебиятлар:

1. Есенов Ж. «Шеберликтиң сырлары». Нөкис, 1986.
2. Есенов Ж. «Сөз қәдири». Нөкис, 1989.
3. Қайыпбергенов Т. «Қарақалпақ дәстаны» Маман бий әпсанасы. Нөкис: «Қарақалпақстан», 1989.
4. Қайыпбергенов Т. «Қарақалпақ дәстаны» Бахытсызлар. Нөкис: «Қарақалпақстан», 1979.
5. Қайыпбергенов Т. «Қарақалпақ дәстаны» Түсиниксизлер. Нөкис: «Қарақалпақстан», 1976.
6. Алламбергенов К. «Ғәрезсизлик дәўири әдебияты». – Нөкис: НМПИ киши типографиясы, 2005.

НУРЖАНОВ МАНСУР

Қарақалпақ мәмлекетлик университети.
Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

ҲӘЗИРГИ ДӘЎИР ПОЭМАЛАРЫ ҲАҚҚЫНДА ГЕЙПАРА ОЙЛАР

Миллий ғәрезсизлик жылларында қарақалпақ әдебияты өзине тән раўажланыў жолына түсти. Ғәрезсизликтиң дәслепки дәўириндеги жәмийетлик-сиясий ҳәм руўхый-мәдений саладағы айырым қыйыншылықлар, атап айтқанда, базар экономикасына байланыслы машқалалар, кедергилер, әдебияттағы идеялық-тематикалық бир тәреплемеликлер, поэзиядағы шаўқым сүрен менен публицистизмниң басымлығы ҳ.т.б. уқсаған кемшиликлер болғанына қарамастан, көркем сөз дүньясы өзиниң раўажланыўын биротала тоқтатқан жоқ. Ол кем-кемнен жаңа заман талабына сәйкес түрде раўажлана баслады. Әдебиятымыз раўажланыўындағы жаңалыққа умтылыс, қаҳарман образларын ғәрезсизлик идеясы негизинде жасаўға деген ҳәрекетлер әдебияттың гүрриң, повесть, роман, дәстан, поэма қусаған жанрларында да көзге таслана баслады. Усы көзқарастан лиро-эпикалық поэзияның аўыр жүгин тартып жүрген поэма жанрының әдебиятымыз раўажланыўында салмақлы орны бар. Биз бул дәўир поэмашылығын «Қарақалпақ поэмасы. Проблематика. Жанр. Стиль. Қаҳарман образы. (1980 – 2010-жж)» деген тема бойынша изертлеў объекти етип алған едик. Жумыста алынған илимий-теориялық жуўмақларымызды тезис формасында ортаға таслағанды мақсетке муўапық деп ойлаймыз.

1980-жыллардың II ярымы менен ғәрезсизлик дәўири поэмашылығы әдебиятымыздың раўажланыўында елеўли орынға ийе. Бирақ бул жыллардағы поэма жанрының изертлениў дәрежесин талап дәрежесинде деп болмайды. 1980-жылларға шекемги поэмалар ҳаққында Ә. Насруллаевтың, Қ. Султановлардың диссертациялары жақланды [1,17 – 18, 15 – 16], оларда айырым дыққатқа ылайық пикирлер бар. Ал, изертлеўшилерден П. Дабыловтың, К. Мамбетовтың жақында жақлаған диссертацияларында бизди қызықтырған мәселелер ҳаққында бир қанша илимий әҳмийетли жуўмақлар бар [2, 16 – 17, 14 – 15]. Изертлеўши Ш. Сайымбетовтың 1955 – 1980-жыллардағы қарақалпақ поэмасын изертлеўге арналған мийнетинде дыққатқа ылайық илимий-теориялық пикирлер бар екенлигин айтып өтиўимиз керек [3, 14 – 15].

1980 – 2000-жыллардағы қарақалпақ поэмашылығы тек бурынғы дәстүрий стильлик бағытта раўажланып қоймастан, ал, әлўан түрли поэтикалық сыпатларға да ийе болады: лиро-эпикалық, лирикалық, лиро-драмалық, драмалық поэмалар жүзеге келди, насрый поэма, дәстан-поэма қусаған жанрлық түрлер әдебий процессте көринди. Поэмада диний-мистикалық мотивлер, мусылман

мифологиясына тән образлар, детальлар сезилерли орын ала баслады, сондай-ақ, фольклорлық образ ҳәм жанрлар стилизацияға ушыраўы нәтийжесинде пайда болған поэмалар да жүзеге келди. Олар поэманың әлўан түрли идеялық-тематикалық, жанрлық-стильлик бағдарлар бойынша раўажланыўына, оның сюжетлик-композициялық қурылысының ҳәм конфликтлик тәбиятының өзгерислерге ушыраўына, жанрдың поэтикалық көп түрлилигиниң артыўына хызмет етти. Усыларды есапқа ала отырып, соңғы дәўирлердеги қарақалпақ поэмалары ҳаққында жуўмақларымызды төмендеги тезислер түринде бергенди мақул көрдик.

1. 1980 – 2000-жыллардағы қарақалпақ әдебиятында лиро-эпикалық поэмалар салмақлы орынды ийеледи. Олардың қурылысында лирикалық ҳәм эпикалық сыпатлар өз ара тәсир етисип, жанрдың структуралық өзгешелигин пайда етти. Нәтийжеде, поэманың бул жанрлық түри әдебиятымызда дәўирдиң аўыр жүгин тартыўда елеўли хызмет етти. Усы көзқарастан И. Юсуповтың «Бүлбил уясы», «Посейдонның ғәзеби», «Ўатан топырағы», Ж. Избасқановтың «Өтемис», Т. Сәрсенбаевтың «Қайнаўыт», Ш. Сейтовтың «Қыял атаўы», «Түйеге айланған Арқарлар ҳақ-қында қобыз бенен жырланатуғын ертек-дәстан» ҳәм тағы басқа шығармалары лиро-эпикалық сыпатлары менен ғана емес, ал, турмыс шынлығын сүўретлеўиниң, қаҳарманлар образын жасаўының өзине тәнлиги, сюжет ҳәм конфликтлер қурыў, композиция дүзиў формаларының бийтәкирарлығы менен усы дәўир поэмашылығымыздың поэтикалық рәңбәрең түрге дөниўине хызмет етти. Әсиресе, олардағы ҳәзирги заман менен тарийхый өтмиш ўақыяларын бириктирип сүўретлеўде бийтәкирар поэтикалық қәсийетлерге ийе шығармалардың жүзеге келгени дыққатты өзине тартады. Мәселен, И. Юсуповтың «Ўатан топырағы»нда автор қаҳарманлар образларын ашыў, дәўир руўхын бериў мақсетинде бурынғы дәстүрий эпикалық баянлаў формасынан бас тартып, пүткиллей басқаша поэтикалық формада – лирикалық ҳәм эпикалық сүўретлеў усылларын синтезлеў арқалы тоталитаризм дәўири сиясатын шебер сүўретлеўге ерискен. Ал, оның «Бүлбил уясы» шығармасында болса Екинши жер жүзилик урыс себепли келип шыққан трагедиялық шараят шебер сүўретленген. Усы себепли бул шығарма әдебиятымыздағы усы темаға арналған басқа шығармалардан поэтикалық қурылысы бойынша пүткиллей ажыралып турады. Бунда автордың ең биринши гезекте лирикалық сыпатларды эпикаға үйлесимли түрде сиңире билиў шеберлиги, халқымыздың эстетикалық дүньятанымына питкен символико-метафоралық ойлаў қәбилетинен утымлы пайдаланғаны салмақлы көркем функция атқарған. Ж. Избасқановтың «Өтемис» поэмасында автордың лирикалық ҳәм эпикалық сыпатлардың синтезинен шебер пайдаланғаны бул шығарманың 1980-жыллардағы қарақалпақ поэмашылығында елеўли орын ийелеўине негиз жаратқан.

2. Шайырларымыздың өз дөретиўшилигинде лирикалық ҳәм эпикалық сыпатларды синтезлей алыў шеберлиги ғәрезсизлик дәўири қарақалпақ әдебиятында насрый поэма жанрының пайда болыўына тийкар болды. Усы көзқарастан Х. Дәўлетназаровтың «Әлўидағ, муҳаббат, хош қал, жаслығым!» дөретпеси әдебиятымызда жаңа қубылыс болды. Поэмада ўатан сүйиўшилик ҳәм муҳаббат темасының өз ара тығыз бириктирилип сәўлелендирилиўи, шығарманың насрый баянында лиризмниң тереңлиги, автордың қаҳарман образларын ашыўда психологиялық сүўретлеў усылларын утымлы пайдаланыўы шайырдың индивидуаль стилинен дәрек береди. Қаҳарманлар образларын жасаўда, муҳаббат темасын сәўлелендириўде эпикалық баянлаў менен сезимтал лириканың шебер синтезлениўи Ә. Өтепбергеновтың «Қумар», «Назлы» атлы прозалық дөретпелеринде де елеўли орынды ийелейди. Бул шығармаларда турмыс шынлығының поэмалық принциплер жәрдеми менен ашып берилгенлигин айтып өтиўимиз керек.

3. 1980 – 2000-жылларда лирикалық поэма жанры әдебиятымызда елеўли орынға ийе болды. Усы көзқарастан И. Юсуповтың «Мәмелек ой», Х. Дәўлетназаровтың «Ийесиз журт», О. Сәтбаевтың «Өмир толғаныслары», «Гүлдирсин», Б. Генжемуратовтың «Суў пери» ҳәм тағы басқа шығармалары дыққатқа ылайық. Бул дөретпелерде инсан баласындағы руўхый тазалық пенен нәкаслықтың, ҳүждан менен ҳүждансызлықтың, жаўызлық пенен меҳир-муҳаббаттың, ўатан сүйиўшилик пенен сатқынлықтың өз ара гүреси жаңаша түрде сәўлеленген. Бул шығармалардағы сюжет ҳәм конфликт қурыўдағы, композиция дүзиўдеги жаңашыллық поэтикалық көп түрлилик тек поэма жанрының ғана емес, ал, улыўма әдебиятымыздың заман талабына сай раўажланыўына хызмет етти.

Аты аталған шығармалар авторларымыздың тек форма саласындағы изленислериниң жемиси болып қоймастан, оларда әдебий қаҳарманлардың социал-жәмийетлик белсендилиги, лирикалық қаҳарманның жаңаша ойлаўы ҳәм пикирлеўи айқын көзге тасланады. Бул нәрсе аты аталған поэмалардың көркем қурылысында бурынғыға уқсамаған поэтикалық өзгерислерди келтирип шығарды.

И. Юсуповтың заман талабына сай көркемлик изленислери «Мәмелек ой» лирикалық поэмасында да аттан анық көзге тасланады. Руўхыйлық тереңлик, қаҳарман образын ашыўдағы өзине тәнлик, философиялық пикирлеўдиң басымлығы, психологизм бул шығарманың сюжетлик-конфликтлик, композициялық өзине тәнлигин пайда етип, оның бийтәкирар жанрлық өзгешелигин тәмийинледи. Бул шығарма 1980-жыллардың II ярымында жүз берген жәмийетлик-сиясий өзгерислердиң, ғәрезсизлик идеяларының күшейиўи еркин пикирлеўге деген умтылыс себепли жүзеге келди. Сонлықтан, бул шығарма тек формалық изленистиң нәтийжеси болып қоймастан, ол автордың жаңа заман талабына сай мазмун таңлаўы ҳәм оны психологиялық сүўретлеў усыллары арқалы сәўлелендириўи себепли жүзеге келеди. Бул теориялық пикирди Б. Генжемуратовтың «Суў пери» поэмасы туўралы да айтыўға болады.

4. 1980 – 2000-жылларда лиро-драмалық, драмалық поэмалардың жүзеге келиўи де жанрдың көркем қурылысының сезилерли поэтикалық өзгерислерге ушыраўына алып келди. Мәселен И. Юсуповтың «Мәңги булақ» драмалық поэмасының жүзеге келиўи ҳәм оның бир неше мәртебе театр сахнасында қойылыўы көркем өнер дүньямызда елеўли ҳәдийсе болды. Онда автордың әпсаналық сюжет дөретиўдеги, фантастикалық ўақыяларды сәўлелендириўдеги өзине тәнлиги, өтмиш ҳәм келешек ҳәдийселерин болжап сүўретлеўдеги шеберлиги бул шығарманың миллий поэмашылығымыз тарийхында елеўли из қалдырыўына негиз болды.

5. Ғәрезсизлик дәўири поэзиясында Н. Төрешованың «Ялғаншы» лиро-драмалық поэмасы белгили орынды ийелейди. Бул дөретпе автордың ҳәзирги заман талабына сай көркемлик изленислериниң нәтийжеси болып табылады. Шығармада лирикалық ҳәм драмалық сыпатлардың өз ара шебер үйлестирилгени, диний мотивлердиң утымлы түрде қолланылғанлығы шығарманың бийтәкирар сюжетлик ҳәм композициялық қурылысы, қаҳарманлар образларын жаңа заман талабына сай жаратылғанлығы дыққатқа ылайық.

6. Ғәрезсизлик дәўири идеологиясы диний мотивлердиң, образлардың, инанымлардың, улыўма мусылман дүньятанымына сай түсиник ҳәм идеялардың әдебиятымызда еркин түрде пайдаланыўына кең жол ашып берди. Ә. Өтепбергеновтың «Аллаңды умытпа», «Аллада есап бар» дәстан-поэмалары бул пикиримиздиң дәлили. Бул шығармаларды әдебиятымыздағы мазмун ҳәм форма саласындағы жаңаша изленислердиң жемиси десек болады. Оларда өз көркем концепциясын ашып бериў мақсетинде автордың исламий диний мотив ҳәм түсиниклерден, фольклорлық сюжетлерден шебер пайдаланыўы дыққатты айрықша өзине тартады. Булардың барлығы миллий ғәрезсизлик дәўириниң жаңаша идеялық-эстетикалық талаплары менен байланыслы десек, мақсетке муўапық болады.

7. 1980 – 2000-жыллардағы қарақалпақ поэмашылығында айтылған көркемлик, жанрлық-стильлик табыслардан тысқары, оның буннан былай да раўажланыўына кесент келтирип атырған жағдайлар да баршылық. Шығармаларда дидактизмниң еле де ушырап турыўы, фольклорлық жанрларды стилизациялаўдағы тәжирийбениң жетиспеўи, аўызеки халық поэтикалық дәстүрлерин олақ түрде ислетиў сыяқлы кемшиликлер еле де көзге тасланбақта.

8. 1980 – 2010-жыллардағы қарақалпақ поэмашылығының раўажланыўында И. Юсупов, К. Каримов, Х. Дәўлетназаров, О. Сәтбаев, Н. Төрешова, Б. Генжемуратов ҳ.т. басқалардың жаңа идеялық-тематикалық бағдарларға қурылған шығармаларының тутқан орны үлкен болды. Олардың шығармаларының бийтәкирар сюжетлик қурылысы, конфликтлериниң өзине тәнлиги, композициялық айрықшалығы жанрдың бурынғыға уқсамаған поэтикалық қәсийетлерин келтирип шығарды. Бул нәрсе, өз гезегинде, қаҳарманлар образларын ашып бериўди барынша тереңлестирди, шығармалардағы социал-психологиялық, философиялық жуўмақларды айтарлықтай байытты.

Жуўмақлап айтқанда, 1980 – 2010-жыллардағы қарақалпақ поэмашылығы мазмун ҳәм форма саласында өзине тән раўажланыў жолына ийе болды. Шайырларымыз өз шығармаларында миллий-эпикалық ҳәм жәҳән әдебияты дәстүрлерин шебер үйлестирген ҳалда жанрлық-стильлик көп түрлиликке ерисе алды, қаҳарман образын ашыў барысында көркем психологиялық сүўретлеў

усылларынан пайдаланыў дәрежеси артты, жанрдың поэтикалық құрылысын жетилистириўде лирикалық, эпикалық ҳәм драмалық сыпатлардың синтезинен утымлы пайдаланыў имканияты көбейди. Нәтийжеде, бул дәўир қарақалпақ поэмашылығы әдебиятымызда өзиниң елеўли орнына ийе болды.

Әдебиятлар:

1. Насруллаев А. Зарождение и пути развития каракалпакской советской поэмы (1917 – 1945гг) Автореф... дисс..кан...филол...наук – Ташкент, 1954; Султанов К. Современная каракалпакская поэма (1953 – 64 гг). Автореф..дисс...кан..фил..наук. – Тошкент: 1967

2. Дабылов П. Қарақалпақ поэзиясында лирикалық қаҳарман образының жасалыў өзгешеликлери (Т. Мәтмуратов ҳәм К. Рахманов поэзиясы мысалында). Филол...илим...философ..док. дисс- Нөкис: 2017; Мәмбетов Қ., И. Юсупов поэмаларының жанрлық өзгешеликлери. Филол... илим..философ...док.. дисс..,- Нөкис-2019;

3. Изертлеўши Ш. Сайымбетовтың филология илимлери бойынша философия докторы (PhD) дәрежесин алыў ушын таярлаған «ХХ әсир екинши ярымы қарақалпақ поэмаларының поэтикалық қәсийетлери (1955 – 1980-жыллар)» атамасындағы диссертациясы жазып питкерилди.

БЕКБЕРГЕНОВА АБАДАН УТЕПОВНА

Өзбекстан Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими
Қарақалпақ гуманитар илимлер илим изертлеў институты.
Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

САРЫГҮЛ БАҲАДЫРОВА ИЗЕРТЛЕЎЛЕРИНДЕ ГҮРРИҢЛЕРДИ ҮЙРЕНИЎ МӘСЕЛЕСИ

Илимпаз С. Баҳадырованың «Шеберликтиң сырларына» деген мақаласында «шеберликтиң сыры неде?» – деген сораўға жазыўшылардың шығармаларындағы характердиң терең турмыс шынлығынан туўылатуғынын, характердиң қалай жасалатуғынына итибар қаратады. Сондай-ақ, «характер жасаўда көбинесе автордың таныстырыўы ислетилмесе, қаҳарман характериниң ашылыўында автордың аўзынан сөз шықпаса сәтли шығады, ондай жағдайда жазыўшының қаҳарманды ис-ҳәрекетте дәлиллеп бериўи керек» – деген пикирди айтады. Усындай шеберлик пенен сәтли шығармалар қатарында К. Смамутовтың «Дилбар» гүрриңин көрсетиўге болатуғынын, бир аўыз сөз айтпастан Дилбардың характерин ҳәрекети арқалы оқыўшыға жеткерип бериўи жазыўшының жетискенлигинен дәрек беретуғынын айтып өтеди. Соның менен бирге, илимпаз К. Султановтың түркмен басқыншыларының қолында бенде болып кеткен Арыўхан деген қыздың тәғдири ҳаққында жазылған «Арыўхан» гүрриңинде Арыўхан образы да, оны қутқарып келген жигит образы да көринбейтуғынын, себеби, автор қаҳарманлардың образларын жасаўдан гөре ўақыяны жазыўды жоқары мәселе етип қойғанын, халықтың аўзында жүрген ўақыяны сол турысында жазғанлығын айтып өтеди. Сондай-ақ, илимпаз усы мақаласында уллы илимпазлар С. Антонов, Л. Тимофеев, Н. Венгров, Г. Ленобльдиң пикирлерине сүйенген ҳалда көркем шығармадағы «дәлил» ҳаққындағы мәселеге итибар қаратады. Илимпаз «Дәлийл» шығармада сөз болып атырған мәселени тәбиятына қарай ҳәр түрли болыўы мүмкин екенлигин, айырым гүрриңлерде қаҳарманның бир ҳәрекети, айырымларында сезимниң қубылыўы, айырымларында гүрриңниң барлық сюжети оның дәлили бола алатуғынын айтады [1]. И. Юсуповтың «Сейдан ғаррының геўиши» гүрриңинде барлық сюжети геўишиниң орын алмасыўын түсиндириўге қурылғанын айтып өтиў менен бирге, Қ. Әметовтың «Кеңес» гүрриңинде редакция хызметкериниң әдебиятқа түсинбей оның саўатсызлығын бир аўыз сөзи менен-ақ бергенлигин, жас шайырдың «Поезд» деген қосығын оқып көрип ол поездды ойлап тапқан конструктор ҳаққында бир аўыз айтыўын кеңес етеди, усы бир аўыз сөзинен оның саўатсызлығы, топаслығы түсиндирилип берилетуғынын, ал Ө. Айжановтың «Жийен» гүрриңинде, қаҳарманның еки түрли кейпи берилгенлигин, жер-көкке сыйдыра алмай киятырған қуўанышы ҳәм ол қуўаныштың нәрсе изи де қалмай өкиниш туўдырыўы бири-бирине қарама-қарсы болған еки кейпиниң бири мәселе болса, екиншиси оның нәтийжеси екенин «Жийеним» деп көкиреги тарса айырылып киятырған Бекбаўлының жийени

жолда ушырасып, оны танымаған адам болып өтип кететуғыны, дәслеп қуўаныштан толып тасып киятырған қаҳарманның қуўанышы демниң арасында айтып тилкетпейтуғын өкпеге айланатуғыны, усыннан кейин оқыўшының биринши мәселениң бул нәтийжеси екенлигин билетуғынын ўақыяда дәлилдиң ояныўын көриўге болады деген пикирди айтып өтеди. Илимпаз бул мақаласында көркем шығармадағы «дәлил» ҳаққындағы мәселеге шекленип қоймастан, К.Смамутовтың «Қалған кеўил», И. Юсуповтың «Сейдан ғаррының геўиши» гүрриңлериндеги жазыўшының деталь табыўдағы шеберликлерин гилт сыпатында көринип турғанлығын дурыс айтып өтеди. Мақалада жоқарыда аты көрсетилген жазыўшылардың гүрриңлери проф. С. Баҳадырова тәрепинен өткен дәўир көзқарасынан К. Смамутовтың «Дилбар», Ө. Айжановтың «Жийен» гүрриңлери дурыс баҳаланған деп есаплаймыз. Сондай-ақ, илимпаз уллы илимпазлардың пикирлери тийкарында, көркем шығарманың жаны болған, гүрриңди гүрриң ететуғын, жазыўшының шеберлигин жүзеге шығаратуғын «дәлил» мәселесине, жазыўшылардың гүрриңлериндеги «характер сызыў», «деталь табыў» шеберликлерине дурыс итибар қаратқанлығын көремиз. Ҳәзирги дәўир көзқарастан алып қарайтуғын болсақ илимпаздың анализлеген К. Смамутовтың «Дилбар», Ө. Айжановтың «Жийен» гүрриңлери турмыс шынлығынан алынған жақсы шебер жазылған қунлы әҳмийетин жойтпаған гүрриңлер болып табылады деп айтыўға болады. Әсиресе, «Жийен» гүрриңиндеги ўақыялар исенимли берилгенлигин, турмыста Бекбаўлының жийениндей адамлардың ҳәр қандай дәўирде де бар екенлиги, жазыўшы типик қаҳарман образын шебер сүўретлегенлиги дәлилге итибар қаратқанлығын көремиз. Илимпаз С. Баҳадырова тәрепинен «Гүрриң жанрының гейпара өзгешеликлери» деген мақаласында [2] гүрриңиндеги характер сызыў, дәлил ҳәм гүрриңдеги ең әҳмийетли рольди ойнайтуғын ағзаларының бири есапланған көркем шығарманың тилине де дыққат аўдарылғанын көремиз. Қ. Әметовтың «Мәрьяш» гүрриңиндеги «Мәрьяш бул сөзге бетин бир жыйырды да үндемеди. Үндемегени жақтырмағаны еди.» Ал, Ө. Хожаниязовтың «Пәкене» гүрриңиндеги Пәкениең айыбы ашылған ўақтында өз айыбын сездирмеў ушын өзиниң күлиўин «Мүмкин, кимниң үстинен ким күлип атырғанын өзи де билмейтуғын шығар, бирақ, бундай адамлар билсе де, билмегендей, көрсе де, көрмегендей болып жүре береди. Ўаҳәттегене, сол жери аянышлы-аў», – деген жазыўшының сызған қатарлары басқа жанрларда басқаша етип сүўретленер еди, сонлықтан, көркем гүрриң жазыўдың техникасын ийелеў бул басқа, ықшам формада терең ойды бере алатуғын тилди меңгериў деген сөзге алып келетуғынын айтып өткен.

Жуўмақлап айтқанда, бир қатар қарақалпақ гүрриңлериниң жетискенлиги менен кемшилиги өткен дәўир көзқарасынан илимпаз С. Баҳадырова тәрепинен дурыс анализге тартылған деп айтыўымыз орынлы. Келешекте илимпаздың изертлеўлериндеги гүрриңлерди ғәрезсизлик дәўири көзқарасынан еле де ҳәр тәреплеме терең изертлеп үйрениў әҳмийетли мәселелердиң бири болып табылады.

Әдебиятлар:

1. Баҳадырова С. Шеберликтиң сырларына. «Әмиўдәрья», 1971-жыл, №11, 126-бет

2. Баҳадырова С. «Гүрриң жанрының гейпара өзгешеликлери». ӨзРИАҚҚБ. «Хабаршысы», 1970-жыл, №3, 75 – 79-бетлер.

ҚАЗЫМБЕТОВА ЗИЙЎАР МАҚСЕТБАЕВНА

Қарақалпақ мәмлекетлик университети.
Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

ЖИЙЕНБАЙ ИЗБАСҚАНОВ ШЫҒАРМАЛАРЫНЫҢ ФОНЕТИКАЛЫҚ ҲӘМ СИНТАКСИСЛИК ПОЭТИКАСЫ

Тилдиң материаллық тәрепин сеслер қурайды екен, тилдеги сөзлер, сөз дизбеклери ҳәм гәплер сеслер арқалы жаратылады. Сөйлеўдеги сеслик қураллар айырым жағдайларда стильлик хызметлерди де атқарады. Әдетте, көркем шығармаларда, әсиресе, лирикалық шығармаларда сеслер, сеслердеги пәт – сөйлеўдеги тәсиршеңликти асырыўшы қураллар есапланады.

«Сөйлеў сеслериндеги эмоционаллық, тәсиршеңлик, еситиўдеги жағымлылық, баянлаўдағы көтериңкилик, олардың көркемлилиги, эстетикалық роли – фонетикалық стилистиканың үйрениўши объекти есапланады.» [3: 88].

Рус тил билиминде Л. В. Щерба, Р. И. Аванесов, М. В. Панов, Л. Р. Зиндер ҳәм т.б. алымлардың мийнетлеринде фоностилистикаға байланыслы бир қанша илимий пикирлер берилген. Қарақалпақ тил билиминде еле бул бойынша арнаўлы түрде изертлеў алып барылмаған.

Фоностилистикалық қураллар аўызеки сөйлеўде толығырақ көринеди, ал, жазба тилде оның айырым белгилерин көрсек болады. Бирақ, сондай болса да, Ж. Избасқанов шығармаларында фонетикалық қураллардың стильлик хызмет атқарып, лингвопоэтикалық жақтан тексттиң тәсиршеңлигин арттырыўы өзине тән усыллар арқалы берилген.

Фонетика тараўы тилди системалы ҳәм структуралық бағдарда үйренеди. Поэтикалық тилдеги ең майда элемент – сес қосық қурылысындағы ырғақ, сеслик тәкирар, сеслик үнлесликти пайда етиў арқалы қосықтың қонымлылығын пайда етеди. Сеслерди арнаўлы түрде таңлап алыў ҳәм тәртиплестириў арқалы уйқасымлы қосық қәлиплеседи.

Көркем тексттиң қурылысындағы фонетикалық факторларға, басқаша айтқанда, текстти сеслик жақтан шөлкемлестирилиўин сестиң мәнилик ҳәм фонетика-семантикалық байланысларды сәўлелендириўиниң түрлерине – сеслик тәкирар, аллитерация, ассонанс ҳәм уйқас киреди. Сондайақ, паронимия да сеслик дүзилиске байланыслы пайда болатуғын қубылыс есапланады. [3: 27]

Биргелкили даўыссыз сеслердиң қайталаныў қубылысы – аллитерация қубылысы болып, бунда сеслик тәкирарлар вертикаль ҳәм горизонталь түрде болып, фонетика-семантикалық байланыслардың пайда болыўында әҳмийетли мәниге ийе болады. [4: 19]

Ж. Избасқанов шығармаларында аллитерация жийи ушырасады. Олар шайырдың лираларында төмендегише берилген:

Шайыр дөретпелеринде биргелкили бирдей сеслердиң қосық қатарларының дәслепки үш қатарында қайталаныўы гезлеседи. Мысалы: *Тап соныңдай гезлери, Тек өзиңди таң қылып, Тыңламастан өзгени, Кетким келер қаңғырып!...* [8: 203]

Бул қатарларда дәслепки үш қатар биргелкили «т» сесинен басланып уйқасқан.

Шайыр дөретпелеринде биргелкили бирдей сеслердиң қосық қатарларының дәслепки еки қатарында қайталаныўы гезлеседи. Мысалы: *Сентябрдиң соңы. Салқын самаллар Көңил тарларыңды елтип қашпайды. Онша ашылыспай думанлы таңлар, Меруерт тамшыларын дизе баслайды.* [8: 102]

Бул қатарларда дәслепки еки қатары биргелкили «с» сесинен басланып уйқасқан.

Шайыр дөретпелеринде биргелкили бирдей сеслердиң қосық қатарларының кейинги еки қатарында қайталаныўы гезлеседи. Мысалы: *Гүзги ойлар...О-ҳо, қаныңдай, Әлўан түрли сезимге толы. Сәҳәрдеги сырлы сағымдай, Сазырайып жатар қус жолы.* [8: 67]

Бул қатарларда кейинги еки қатары биргелкили «с» сесинен басланып уйқасқан.

Шайыр дөретпелеринде биргелкили бирдей сеслердиң қосық қатарларының кейинги үш қатарында қайталаныўы гезлеседи. Мысалы: *Сол ўақлары кетсем далаға, Жолым узарар, Жүрген сайын ғамсыз баладай, Жүзим қызарар.* [8: 54]

Бул қатарларда кейинги үш қатары биргелкили «ж» сесинен басланып уйқасқан.

Шайыр дөретпелеринде биргелкили бирдей сеслердиң қосық қатарларының барлық қатарында қайталаныўы гезлеседи. Мысалы: *Бәҳәр қайтып келер ...Бизге мәлим бул, Бирақ, жойтып алсаң жыллар табылмас*....[8: 57]

Бул қатарларда барлық қатарлар биргелкили «б» сесинен басланып вертикаль түрде уйқасқан.

Шайыр дөретпелеринде дәслепки еки қатары ҳәм кейинги еки қатардағы сеслердиң бирдейлиги ушырасады.

Мысалы: *Арасында ақ сәўлелердиң Адасып кетип Жүргендейсең тарқатып шерди, Жырлар дөретип.* [8: 93]

Бул қатарларда дәслепки еки қатары «а» сесинен кейинги еки қатары биргелкили «ж» сесинен басланып уйқасқан.

Шайыр дөретпелеринде бирдей даўыссыз сеслер қосық қатарларында жийи жумсалып ишки уйқаста, горизонталь түрде үнлесип келиўи ушырасады. [2: 69] Мысалы: *Қырқ күн, қырқ түн*

ғарға-қузғынлар, Қара тумсық не бир бузғынлар, Қырқ гез қуйы үстинде ушып, Мол жемтиктен ойынға түсип, Қырқ күн, қырқ түн тойлады олар. [8: 78]

Бул қатарларда биргелкили жуўан даўыссыз сеслер «қ», «ғ» жийи жумсалып үнлесип келген. Поэтикалық синтаксис синтаксислик категорияларды, формаларды, қубылысларды көркем ўазыйпаға бағындырып қолланыў ҳәм эстетикалық хызмет атқарыў аспектинен изертлейди. Көркем тексттиң синтаксиси мәселелери ажыралмас пүтинлик есапланатуғын тексттиң семантика-структуралық дүзилисиниң шеңберинде ҳәм синтаксисте функционаллық бағдарынан қатнас жасаўының тийкарында үйренилиўи тийис. [1: 116]

Көркем тексттеги метрикалық бирлик – қосық қатары менен сәйкес келген синтаксислик бирликлер – гәплер тәкирардың ҳәр қыйлы түрлери арқалы байланысады. Бул тәкирар Ж. Избасқанов шығармаларында төмендегише усылларда көринеди:

Бирдей сөзлердиң ҳәр бир қатар басында қайталаныў қубылысы – анафора шайыр дөретпелеринде көплеп гезлеседи. Мысалы: *Хош бол, қарлы шыңлар, туўылған таўлар, Хош бол, кеңликлерим, жасыл жайлаўлар, Хош бол, тоғайлардың тербелислери, Хош бол, санмың қустың тасқын сеслери.* [8: 640]

Шайыр дөретпелеринде бирдей гәптиң қайталаныў қубылысы да қосыққа тәсиршеңлик, өзгеше эмоционаллық бере алған. Бирдей сөзлердиң қатар соңында қайталаныўы – эпифора қубылысы бир неше көринисте келген.

а) бир сөздиң қатар соңында қайталаныўы:

Сондай қалай жүрермен сенсиз, Қалай өмир сүрермен сенсиз. [7: 35]

Тоғай–таллар... Түп тамырдан кестик биз, «Әмиў-тасқын. Қурымайды», – Дестик биз, Пахта ушын барлығынан кештик биз, Сыйлық, атақ алғанларың болмаса? [6: 13]

б) бирдей гәплердиң қатар соңында қайталаныўы: *Көңилдеги аҳым-сени сүйемен, Бар болса гүнаҳым?!...-сени сүйемен, Саған жетпес дадым! – сени сүйемен, Шерге көкирегим қанып турады* [8: 142

в) *бирдей сөзлердиң екинши хәм төртинши қатарда қайталаныўы: Жас ойшылдай биз ҳәм мектепке, Ықласланып қатнаған жерлер. Арамыздан жыллар өтпекте... Улын есте сақлаған жерлер.* [8: 17]

с) шуўмақларда биринши ҳәм үшинши қатарларында бирдей гәплердиң қайталаныўы: *Кетпе мениң қасымнан, Өтинемен алдыңда, Кетпе мениң қасымнан, Қуўанышым қал бунда.* [8: 142]

д) шуўмақларда екинши ҳәм төртинши қатарларында бирдей бирликлердиң қайталаныўы: *Атар, қанша таңларым атар?! Сенсиз. Әттең, сағыныш жаныма батар, Сенсиз.* [8: 154]

Мине саған – Сырты жылтырақ, иши ялғанлық, Мине саған – Не сөйлерин билмей қалғанлық!... [8: 602]

е) ҳәр бир шуўмақтың бирдей бирликлер менен жуўмақланыўы: *Көкиректе от болса, болса шырайың, Ышқыдан ығбалың күлсин илайым... Бунда не мәни бар, Недур гүнайың? – Неге шын ашықлар сийрек табысар?...Қуштар болған менен сүйип қаншама, Татлы ҳазарына күйип қаншама, Сап сезим қатықтай уйып қалса да, Неге шын ашықлар сийрек табысар?...* [8: 251]

г) ҳәр бир шуўмақтың бирдей бирликлер менен басланыўы: *Бәри, бәри түсер есиме: Жыйнап-терип мың-мың тан шығын Дизип бердим тан сәўлесине, Жылтылдаўын...гүмис тамшының! Бәри, бәри түсер есиме: Не аядым дейсең өзиңнен?! Жырларымнан тамылжып шире, Саған деген меҳрим сезилген.* [8: 235]

Булардан тысқары, «Мен күткен күн», «Мен – бир метеорит әрман тийеген», «Айғабағарлар» атлы қосықлары да усы усылда жазылған.

ж) шуўмақларда тәкирарланатуғын элементлердиң биреўи синтаксислик бирликтиң басында, екиншиси синтаксислик бирликтиң ақырында келип, оларды байланыстырыў қубылысы – эпаналепсис қубылысы да шайыр дөретпелеринде ушырасады. Мысалы:

Бармасам болмайды Барсам да болмас. Сезимтал арзыўлым, Сениң қасыңа. Көкирегимде хошлығым қалмас, Сағыныштың алтын тасынан. Өзим-өзгеники, Бул ғой батады. Тәғдирге налыма, Сен-жаны алмаз, О, ғамгүн көңлимниң, Әзийз ўатаны, Бармасам болмайды, Барсам да болмас... [8: 385]

з) шуўмақларда тәкирарланыўшы элементлердиң биреўи биринши синтаксислик бирликтиң ақырында, ал, екиншиси екинши синтаксислик бирликтиң басында жумсалыўы эпанстрофа қубылысы да шайыр дөретпелеринде қолланылған. Мысалы: *Аман еткил ығбалым: Мени оннан айырма, Оны меннен айырма*. [5: 43]

Өмирде ҳәм қыс бар, жаз бар, Билмей өтер парқын базылар, Сағынады көлди ғазлар, Көллер неге сағынбас. [5: 61]

Өзи маған, мен оған унап, Қуштар болсам дилбарға егер, Бираз өтпей арадан, бирақ, Ол ҳәм жалықтырып жиберер. [5: 64]

Әлле қайда түн гезер, Әлле қайда күн гезер, Мени сенсиз өлсин деп, Сени менсиз өлсин деп. [8: 646]

Жуўмақлап айтқанда, Ж. Избасқанов шығармаларының тили курамалы болып, онда эстетикалық пүтинликти тәмийинлеўши сеслердиң ҳәм сөзлердиң жәмлесиўин, шөлкемлескенлик пенен қолланылғанлығын көриўге болады. Шайыр тексттеги мәни ҳәм мазмунның қәлиплесиўи ушын фонетикалық ҳәм синтаксислик бирликлерден өнимли пайдаланған.

Әдебиятлар:

1. Абдиназимов Ш. Лингвопоэтика. – Нөкис, 2019.
2. Генжемуратов Б. Әжинияз лирикасының поэтикасы – Нөкис: Билим, 1997.
3. Қиличев Э. Ўзбек тилининг практик стилистикаси. Т., Ўқитувчи, 1985.
4. Насыров Д., Бекбергенов А., Жәримбетов А. Русша-қарақалпақша лингвистикалық терминлер сөзлиги. Нөкис, 1979.
5. Избасқанов Ж. Муҳаббаттың алмаз қырлары. – Нөкис, 1990.
6. Избасқанов Ж. Муҳаббат лирасы. – Нөкис, 1992.
7. Избасқанов Ж. Лирика дәптеринен. – Нөкис, 1982.
8. Избасқанов Ж. Ақ куслар. – Нөкис, 2014.

JARÍLQASÍNOVA MALIKA QUWANÍSHBAY QÍZÍ

Berdaq atındağı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti magistrantı.
Ózbekstan, Qaraqalpaqstan, Nókis

JIYENBAY IZBASQANOVTÍŃ PEYZAJ LIRIKASÍ

Kórkem ádebiyattıń eń baslı belgilerinen biri – insandı gózzallıqtı súyiwge tárbiyalaw, joqarı pazıyletlerdiń iyesi bolıp jetilistiriwge bağdarlaw bolıp tabıladı. Hárqanday dóretiwshiniń aldına qoyǵan maqsetlerinen biri turmısımızda júz berip atırǵan waqıya-hádiyselerdi, sonday-aq, insaniyattıń ruwxıy dúnyasındağı qubılıslardı kórkem obrazlı etip kórsetip beriw. Bunday obrazlı etip kórsetiwde dóretiwshi tábiyat kórinislerinen óz ornında paydalana bilse, dóretpeniń kórkemligi bayıp, salmağı ele de artıp bara beredi. Ásirese, tábiyat penen insan yamasa sırtqı ortalıq arasındağı baylanıstı sáwlelendiriw lirikada jetekshi orındı iyeleydi. Peyzaj lirikası – qosıq qatarlarında tábiyat kórinislerin kórkem obrazlı etip súwretlew hám usı tiykarda jámiyetlik qubılıslardı, insan psixologiyasın beriw.

Házirgi dáwir qaraqalpaq poeziyasında óziniń dóretiwshilik jolına hám jeke stiline iye shayır J. Izbasqanov peyzaj janrınıń sheberi sıpatında keń jámiyetshilikke belgili. «Poeziyam – ómirimniń ózegi» dep keltirip ótken shayır J. Izbasqanovtıń qosıqları tereń lirizm menen suwǵarılǵan, obrazlı súwretlewlerge oǵada bay bolıp, qaraqalpaq poeziyasın ideyalıq-tematikalıq, janrlıq jaqtan ele de bayıttı.

Shayırdıń poeziyasın oqıy otırıp, onıń peyzaj lirikasınıń kópshiligi gúz hám de qıs máwsimine baylanıslı dóretilgenliginiń gúwası bolamız. Onıń lirikasındağı poetikalıq obrazdıń bir túri sıpatında berilgen «gúz» obrazına názer awdarayıq: *Gúmis keńliklerdi qıyal aralar. Úmit penen bağıp hár kún biz. Mine, kóz aldımda altın dalalar, Altın gúz.* [2. 129-b]

Lirikada ulıwma kórkem ádebiyatta gúz paslı kóbinese ayralıqtıń, úmittiń sóngenligin bildiriwshi simvolı sıpatında súwretlenip kelgen, al, shayırdıń bul qosıq qatarlarında bolsa,

lirikalıq qaharmannıń ertengi kúnnen úmiti, keleshekke isenimi gúz obrazı mısalında kórkem súwretlep berilgen.

Shayırdıń tábiyat qubılısların súwretlewdegi jáne bir sheberligi lirikalıq qaharman menen birge parallel qoyıp súwretlewinde kórinedi: *Meniń kóńilimde, tábiyat anada Qanday da usaslıq barlığı ayqın. Tunjırasam usap qısqı dalaǵa, Saratan waqtına-quwanǵan paytım!* [2. 66-b]

Bul qosıq qatarlarında shayır lirikalıq qaharmannıń ruwxıy keshirmelerin, oy tolǵanısların tábiyat kórinisleri arqalı oqıwshıǵa jetkerip bere alǵan, yaǵnıy, qaharman óziniń ruwxıy halatın tábiyat penen birge baylanıstıradı.

J. Izbasqanovtıń qaysı bir qosıǵın oqısaq ta, olardıń barlığı da tereń sezim hám tuyǵılarǵa qurılǵanlığınıń gúwası bolamız. Shayır óziniń poeziyasında tábiyat kórinislerinen orınlı paydalana otırıp, lirikalıq qaharmannıń ózinshelik sıpatqa iye xarakterin jasaǵanlığın kóremiz:

Ármanlı arzıwday jalańash tallar, Qıs qarǵa kómipti átiraplarıńdı. Endi bayaǵıday erke samallar. Sıldırlata almas japıraqlarıńdı Sonda qırawlı qáhári qarıp ayazdıń Qarawsız qalǵanday turasız dúzde. Tańqalarlıq kórki bir ájep jazdıń, Enetuǵın shıǵar túslerińizge [2. 47-b]

Shayır «Tallar, tallar» atamasındaǵı bul qosıǵında «tal» obrazın jetekshi oray sıpatında paydalanıp, lirikalıq qaharmannıń jetilisken kózqarasların, ruwxıy keshirmelerin simvolikalıq baǵdarda sáwlelendiredi. Tallar – watannıń, máńgiliktiń, pákliktiń, ómirdiń simvolı. Ol qáhárli qıstıń qushaǵında qalıwı múmkin, biraq sónbes ármanlar hám úmitler kewlimizge isenim hám de kúsh baǵıshlap turadı.

Sonday-aq, shayır J. Izbasqanov poeziyasında watan ullılığın, tuwılǵan jer gózzallığın jırlaytuǵın qosıqlar da ayrıqsha dıqqatqa ılayıq. Shayır watan temasına baylanıslı dóretpelerinde, sonday-aq, ıshqı-muhabbat lirikalarında da gúz kórinislerinen sheber paydalana alǵan.

Juwmaqlap aytqanda, J. Izbasqanovtıń dóretiwshiliginde peyzaj lirikası tiykarǵı orındı iyeleydi. Onıń qaysı temada dóretilgen qosıǵın alıp qarasaq ta tábiyat penen sıbaylasıp, qarısıp ketkenligin sezeseń. Sonlıqtan da, shayır dóretpeleri óziniń ideya-tematikalıq jaqtan ráńbáreńligi menen ajıralıp turadı.

Ádebiyatlar:

1. A.Dosımbetova. «J. Izbasqanov lirikasında gúz obrazı». «Ámiwdárya» №5, 2014-j.
2. J. Izbasqanov. «Aq quslar». Nókis: «Qaraqalpaqstan», 2014-j.
3. J. Izbasqanov. «Muhabbat lirası». Nókis: «Qaraqalpaqstan», 1992-j.

ТУРСЫНБАЕВ ИЛХАМ

Қарақалпақ мәмлекетлик университети магистранты.
Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

САҒЫНБАЙ ИБРАГИМОВ ПОЭЗИЯСЫНЫҢ ӨЗГЕШЕЛИГИ

Ҳәр қандай көркемлик өзгешелик, ҳәр қандай поэтикалық мазмун шығарманың идеялық бағдарынан тиккелей ғәрезли. Өйткени, ҳәр қандай көркем шығарма мазмун менен форманың өз ара қатнасынан дөреледи. Белгили сөз шеберлеримиздиң бири Сағынбай Ибрагимов поэзиясының көркемлик өзгешеликлерин сөз еткенде оның қосықларының идеялық-тематикалық бағдарын да айтып өткен орынлы. Оның қосықлары «Интеллектуаль поэзия» деп аталатуғын әдебий қубылысқа жатады. Бул бағдардағы поэзия адамның ишки дүньясын ашып бериўге ҳәрекет етиледи ҳәм де бул қосықлар арқалы жасларды заманагөй пикир жүритип жасаўға тәрбиялайды.

Белгили илимпаз Қ. Оразымбетов, С. Ибрагимов дөретпелери ҳаққында мынандай баҳалы пикирлерин билдиреди: «С. Ибрагимов қосықларында ой-пикир ағымы бир тегис раўажланбайды, ол ерте бәҳәрдеги абыржы муз сыяқлы қай жеринен шатнаўы белгисиз түске айланады. Ой-пикир сырлы сезим күрсаўына оранып алады да оның мәнисин оқыўшының шағыўын қыйынластырады. Сырлы басланған жумбақлы пикир сырлы жуўмақланады. Ҳәтте, айырым шығармаларын оқып бо-

лып лирикалық қаҳарманның пикирлеў қашырымын аңламай қаласаң, жуўап излесең, изленесең» [1].

Ҳақыйқатында да, поэзияға өзгеше түр ендирген талант ийелериниң бири С. Ибрагимов болды, оның қосықларында ой-пикирлер дүньясы избе-изликте раўажланбайды. Өткир сезим, сырлы сандыққа оралған қатарлар арқалы оқыўшыны терең ойға шүмиўге бағдарлайды.

С. Ибрагимов қосықлары көбинесе проза менен шегараласады. Қосықтағы редиф, уйқас бир-бирине сәйкес келмейди. Мысалы: *Шайқалады Шахаманда жәнеўит таллар...Мен аспанды пәршелеймен сай жағасында, Дара жулдыз жайғаспады ҳеш қайда. Жоллар қақшып алды. Ғайып болды шуғла ушқынған. Журттан ерекемеседиң, көптиң бири едиң сағыйраның кеўли менен жер басып келген. Тәғдириң бе? Тәғдириңе еркелемедиң. Ағыстасап. Бой бермейди тереңлер бүгип* [2. 29].

Шайыр қосықларының идеялық-тематикалық бағдары анық, поэтикалық мазмуны терең, ойлаў диапазоны кең. Сондай-ақ, оның поэзиясы дүньялық қубылысларға, жәмийетлик орталыққа философиялық ҳәм дидактикалық көзқарасларын бериў шеберлиги менен баҳалы. Мысалы: *Адам – ол адам тек ойлары менен, ойларың пәс болса – дүнья тарылар. адам ба ол Айға умытылып көрмеген? Жер басып жүрген бир жарым-жартылар...Жасай бериў мүмкин. Күнлерде не бар? Түн өтсе келеди өте береди. Дүньяны руўхына алған адамлар, Ҳаят мәнисине түсиник береди*. [2. 5]

Бул қатарлардан көрип өткенимиздей, шайыр қосыққа терең философиялық мәни жүклеген. Адамзат дүньяға келер екен ҳәр түрли соқпақларға қәдем басады. Базылар бул соқпақтан дүзеў жүрсе, базылар өз нәпсиниң қулы болады. Өмирде қай тәризде жасаў инсанның өз қолында. Сонлықтан, өз соқпағын дурыс таңлап алып, жеке пикирге ийе болыўы керек. Бул пикирлер шайырдың қосықларында өзгеше көринис тапқанлығын көремиз.

С. Ибрагимов лирикасы жүдә рәңбәрең, онда инсан руўхый әлеми, дүньяға мүнәсибет, руўхый толғаныслар өзгеше усылда бериледи. Мысалы: *Жанып турған отқа өзимди ураман, орнымда бир шымтым күлим қалады, күлден шығып бир қус аспанға ушады... Қайда барады ол, қайда қонады.*

Өмирде ең иләҳий сезим бахытлы болыў сезими. Бахыт ҳәм бахытсызлық бул инсанның кеўил кеширмелеринде жәмленеди. Шайыр Сағынбай Ибрагимов та «Бахыт» түсинигин өз қосықларына сиңдириўге урынады.

Дәрйа ағып турса алдыңа бир адамдай бахытлысаң әлемде. Дурыслық жағында сен бахытлысаң жердиң бетиндеги нурлы күнлерди, бир неше демлерге көбийте алдың. Сабыр мақамында сен бахытлысаң бәлели күнлерди өзиңде сақлап, қайырлы құнлерди күте аласаң [3. 203]

Сондай-ақ, шайыр өз қосықларында жақсылық ҳәм жаманлық арасындағы мәңги гүрес, инсаныйлық, ар-намыс, инсанлар арасындағы нәпсине тоймаўшылық ҳалатларын төмендеги қосық қатарларында образлы баянлайды.

Ақ пенен қараны айырмақ болып, жәҳиллерге байлап бердим қолымды бул жолда яқшының көргени қорлық, жәбир менен сабырдың қәсасы толы Қара жерди қайра басып жүргениң, еки дүньяда ҳәм болар заўалы нәпси дорбасына тумсығын көмип, елдиң ар-намысын сатқан сорлардың [3. 245].

Шайыр С. Ибрагимов лирикасының характерли тәрепи инсан психологиясын шебер ашып бере алады. Оның қаҳарманлары өз өмирине наразы болып, көп нәрселерден айрылған, турмыста өз жолын, алға қояр мақсети жоқ, не себеп жасаў кереклигин түсинбей жүрген руўхый жарлы адамлар. Ол дүньяда ҳәмме нәрсеге жаны ашып, бул дүньяда түсинбейтуғын сырлар көп сыяқлы көринеди. Бул пикирлерди шайыр қосықларында толық ашып береди.

Әдебият майданына келген ҳәр қандай шайырдың темасы – бул муҳаббат темасы. Инсанның жүрек төринде жатырған ең сара сезимлериниң бири – шын ашықлық сезимлери. Әпиўайы халық ўәкилинен шайыр халқының айырмашылығы сонда, ол бул патриотлық сезимлерди көркем сөздиң құдиретли күши менен жеткерип береди. Шайыр тәрепинен айтылған ҳәр бир көркем сөз бул сезимлердиң өмирин узайтады. Бул жолда шайыр С. Ибрагимов та өз сезимлерин көркемлеп жеткерип бериўден ҳасла шаршамайды.

Бир заман дәртимди жеңиллетиўге «Жаным..» деп *сыбырлар күним бар еле, Ҳайран көзлериңе телмирип, түнлер руўхыма жыйған мәртлигим менен* [3. 275]

Сондай-ақ, шайырдың «Дәшти-қыпшақлы жанан» қосығында сын-сымбатлы қыз образы тәсирли баянланады. Мысалы: *Атыңды әсирлер жеткерди маған, ҳәй Дәшти-Қыпшақта доланған жанан! жол шалғай, таўлардың басы думан, көрин, көзлеримниң ағыў-қарасы* [3. 276]

Автор өз қосықларында өмир ҳаққында философиялық ойларын көбирек жырлайды. Оның лирикалық қаҳарманы өмириниң тез өтип баратырғанына қамсығады. Ол ҳеш нәрсеге үлгере алмай қалады. Оның көкиреги соншелли кең, ол еле де бул өмирдиң барлық сыр сандықларын ашып көргиси келеди. Бирақ ўақыт қанатын жайып қашыўды даўам етпекте.

Тарийх – бул қайсы бир ўақытлары болып өткен, Тарийх – бул бүгинги күнге қатнасымыз.

Тарийх – бул ертеңги күнге шақырығымыз.

Жуўмақлап айтқанда, көркем дөретиўшилик дүньясында ҳәр бир көркем өнер ийесиниң жеке дөретиўшилик жолы болады. Ҳәзирги қарақалпақ поэзиясының жаңа бағдарда раўажланып жетилисиўинде ҳәр бир талантлы шайырдың өз орны бар. Буны анықлап бериў ҳәзирги әдебияттаныў (соның ишинде, поэзия) илиминиң ўазыйпасына киреди. Усы көзқарастан ҳәзирги қарақалпақ поэзиясының талантлы ўәкили С. Ибрагимов шығармаларының үйренилиўи поэзия илиминиң изертлеў шеңбериниң кеңейиўине тәсирин тийгизеди.

Әдебиятлар:

1. Оразымбетов Қ. Таңламалы шығармалар топламы. Еки томлық том. Нөкис: Билим, 2018.
2. Ибрагимов С. Бесинши мәўсим. Қосықлар. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1986.
3. Ибрагимов С. Таңламалы қосықлары. – Нөкис: Билим, 2016.

САТЕНОВ АЛИШЕР

Қарақалпақстан Республикасы тарийхы ҳәм мәденияты мәмлекетлик музейи бас қәнигеси.
Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

ИБРАЙЫМ ЖОЛЫМБЕТОВТЫҢ ӨМИРИ ҲӘМ ДӨРЕТИЎШИЛИГИ

Дүньяны таң қалдырып атырған, адам ақылы жекке-сийрек жететуғын, ал, ўақыяларды айрықша аса тәбийий талантлы инсанлар ғана жаратқан ҳәм жарата алады. Адам болғанның барлығы да өзине ылайық турмыслық талантлары болады. Ал, қудайдың нәзери түсип, ҳеш кимде ушыраспайтуғын, адам ойлап жете алмайтуғын, құдирет инсанлар дүньяға келеди, оған бир нешше мың, ҳәттеки, миллионлар ойы, ақылы, таланты жетисе алмайтуғын илим, билим булағын, дүнья сулыўлығын берип қойғандай сөзледи. Олар ой жетпес алп таланты бириктирип берип қойғандай ақыллы инсанлар. Бул, мениңше, тәбияттың, Алла тааланың айрықша күши деп ойлайман. Олардың аз ғана өмирде жасаў тиришилигин, ой сезимин, ҳәр бир иске уқыплылығын, адам ойлап жетисе алмайтуғын құдирет нәрселерди ислейтуғын, жарататуғынлығын көрип тәсийин қаласаң. Оқыў бар, үйрениў бар, оқыў, үйрениў, әлбетте, жабығып турған бойдағы талантты, алға қарай раўажландырады. Ал, тәбийғый талантлы инсан оқыў, үйрениў арқалы өзиндеги алпталанты байытады. Дүньяда өз кәсиби бойынша жаратылған нәрселерге ҳеш ким ойлап билмеген жаңалықлар қосады. Оның ақылы, ойлаў қәбилети дүньялық масштабы гөзлейди. Дүнья илимине, искусствосына, техникасына, бурылыс жасайды. Ҳәттеки, дүньяны титретип апатшылыққа ушыратыўы да мүмкин. Оны дүньяны апатшылықтан аман сақлап қалыўы да мүмкин. Мысалы: атом, водород бомболарын, лазерьди, ойлап табыўшылар оларды тынышлыққа қалқан етип те жумсаўдың жолларын таўып береди. Ал, әлем гөззаллығын таныўшылар болса, жүрегиниң ләрземин оятып, меҳириңди қандыратуғын әжайып ҳәдийселер тилсимин шешип береди. Бул тараўда узаққа кетпей тек Қарақалпақстан Республикасынан шыққан талант ийелерин сөз етсек арзыйды.

Солардың бири Ибрайым Жолымбетов болып табылады. Жансыз тасқа жан ендирген жансебил мүсинши, өтмиш дәўирлерди сүўретлеў өнериниң түрли жанрларында сөйлеткен әжайып сүўретши. Үлкемизде керамика тараўын раўажланыўына үлес қосқан художник, қолы

гүл, жүреги нур өнермент Ибрайым Жолымбетов 1958-жылы жаздың мысқайнаған шилле айының ишинде тарийхый Кердер кеңликлеринде дүньяға келди. Әкеси – Жолымбетов Жумамурат, анасы – Өтемуратова Жаңыл зиялылар шаңарағында туўылған болажақ талант ийеси 1975-жылы өз аўылындағы 1-санлы (Жийен жыраў атындағы) орта мектепти табыслы тамамлады ҳәм усы жерден өнер дүньясына қанат қомлап ушты.

Өнер жолында дәслеп, Қарақалпақстандағы кийели сәният дәргайларының бири Жапақ Шамуратов атындағы көркем өнер билим журтында тәлим алды. Устазы Музаффар Бурханович Ищанов. Оны 1979-жылы питкерген болса, 1986-жылы Ташкент мәмлекетлик театр ҳәм сүўретлеў институтын тамамлап, өз сүйген қәнигелигин ийелеп шықты ҳәм мийнет майданына жоллама алды. Ибрайым Жолымбетов өз дөретиўшилик жумысларын өткен әсирдиң жетписинши жыллары-нан баслаған жан серек жанкүйер өнер ийеси. Сәният әлеминиң зәбердес ўәкили.

1992-жылы Украинада өткен Халық аралық художниклер форумы қатнасыўшысы. Усы жылы Крымның Гурзуф қаласында жекке көргизбеси ашылды.

1993-жылы Өзбекстан Республикасы Биринши Президентиниң ҳүрмет жарлығы менен сыйлықланды. 1995-жылы №14 Әжинияз сайлаў округинен ҳалық депутаты болып сайланды.

2009-жылы Қазақстан Республикасы Алма-Ата қаласында А. Қастеев атындағы Қазақстан Мәмлекетлик көркем өнер музейиниң ҳәзирги заман өнери бөлиминде Орайлық Азия ҳәм шет еллер өнери галереяның өзиниң жеке көргизбесин шөлкемлестирди. Галереяның бес саўғасы ҳәм ақшалай сыйлықларын алыўға миясар болды.

2011-жылы Халық аралық Азия ҳәм Европа галереясында Европа көргизбесиниң қатнасыўшысы ҳәм бас сыйлық ГРАМПРИ жеңимпазы, «Астана» қаласы, 2012 – 2015-жыллары ҳалық аралық көргизбелери қатнасыўшысы. 2018-жылы Қарақалпақстан Республикасы И. В. Савицкий атындағы Мәмлекетлик көркем өнер музейинде өзиниң жеке юбилей көргизбесин ашты. 2019-жылы Қарақалпақстан Республикасы көркем өнер тарийх ҳәм мәденияты мәмлекетлик музейиниң салта-натлы ашылыўына өз шығармалары менен қатнасты. Ибраим Жолымбетов бабаларымыздан қалған тасқа ойыў, ағаштан ойыў, темирден ислеў, дийўалға росписьлер ислеў, әсиресе, қыйын тараўды аль химия менен байланыслы стекло, форфор, керамика тараўларын қайта раўажландырған художник. Ибраим Жолымбетов еле нәўқыран жигит ўақыттың өзинде мәмлекет пайтахтындағы Ташкент метросының Ташкент «Космонавтлар проспекти» станцияларын безеў ислерине қатнас-қан. Ташкенттеги «Россия» мийманханасын ҳәм «Юбилейный» хоккей стадионының ишки ҳәм сыртқы қурылысының, шырайлы шығыўында өз үлесин қосты ҳәм шебер художник сыпатында танылған. Художниктиң мийнетлери жеке коллекция ҳәм жер жүзиниң ҳәр қыйлы музейлеринде сақланбақта, булардан атап өтсек, Өзбекстан, Қазақстан, Туркия, США, Болгария, Қытай, Россия, Испания, Қубла Корея, Италия, Греция, Бангладеш, Сирия, Монголия ҳ.т.б.

15. ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ТАРИЙХЫ ҲӘМ МӘДЕНИЯТЫ МӘМЛЕКЕТЛИК МУЗЕЙИ. МУЗЕЙ ИСТОРИИ И КУЛЬТУРЫ РЕСПУБЛИКИ КАРАКАЛПАКСТАН. MUSEUM OF HISTORY AND CULTURE OF THE REPUBLIC OF KARAKALPAKSTAN

ТУРГАНОВ БАХЫТ ҚУРБАНБАЕВИЧ

Ўзбекистон халқаро ислом академияси хузуридаги
Малака ошириш маркази Қорақалпоғистон Республикаси
минтақавий филиалининг «Ижтимоий ва мутахассислик фанлари»
кафедраси мудири, тарих фанлари номзоди, доцент.
Ўзбекистон, Тошкент.

ҚОРАҚАЛПОҒИСТОН ТАРИХИ ВА МАДАНИЯТИ МУЗЕЙИДАГИ МЕТАЛЛ БУЮМЛАР

Қорақалпоғистон тарихи ва маданияти давлат музейи ҳисобланади. Музейдаги ўлкамиз археологияси бўлимидаги экспо-нантлар халқимизнинг қадимий тарихи, моддий маданияти тўғрисидаги тасаввурларимизни бойитади. Бўлимда Қорақалпоғистон худудидаги тош даври (палеолит, мезолит, неолит), бронза даври, темир даври ва ўрта асрларга оид археологик экспонатлар ўрин олган. Айниқса, тошдан ясалган меҳнат қуроллар, архаик даврдан то ўрта асрлар даврига оид турли хил сопол, тош, металл буюмлар, қурол-аслаҳалар, қолиблар, остадонлар, Ёнбош-4, Тупроққалъа, Қўйқирилганқалъа каби ёдгорликлар макетлари ва бошқа да кўплаб экспонантлар қизиқарлидир.

Мақолада археология бўлимидаги металл экспонантлар ҳақида тўхтаб ўтамиз. Музейнинг археология фондида архаик даврга оид Дингильджа, антик даврга оид Қойқирилганқалъа, илк ўрта асрларга оид Тўккалъа, Бургутқалъа воҳаси, ривожланган ўрта асрлардаги Қаватқалъа, Миздакхон ёдгорликларидан топилган темирчилик, рихтагарлик ва мисгарлик буюмлари жамланган.

Жанубий Оролбўйида металлсозлик соҳасининг шаклланишдан далолат берувчи энг қадимий экспонантлардан бири бу – сувлиқ қолиби ҳисобланади. Қолиб – Тўрткўл тумани Бургутқалъа воҳасидаги Африғийлар даврига оид №38 кўрғон атрофидаги тақирлардан топилган [5, -Б. 304]. Қолиб ёпиқ шаклда бўлиб, иккита қисмдан туради, катта қисми майда донали қум аралашмасидан иборат лойдан тайёрланган. Қолиб ҳажми: узунлиги – 212 мм, марказий қисми кенглиги – 40 мм, охирги қисми кенглиги – 30 мм, иккаласининг биргаликдаги баландлиги – 73 мм, охирги учлари баландлиги 54 мм. Иш жараёнида қолибнинг иккала қисми бир-бирига мустаҳкам боғланган. Қолибнинг юқори қисмида эритилган металлни қўйиш учун шар-шар каби 13 мм узунликдаги тешикчаси бор. Унинг оғзининг диаметри – 9 мм, ички қисми – 6 мм.

Сувлиқ қолиби мил.ав. IX – VIII асрларга, яъни сўнгги бронза давридаги Амиробод маданиятига тегишли топилма ҳисобланади [5, -Б. 306]. Қолиб бронза даврида металлсозлик соҳаси йўлга қўйилганлигидан ва от-улов транспорти фаолиятидан далолат берувчи музей экспонанти ҳисобланади.

Жанубий Оролбўйида мил.авв. II минг йилликдаёқ от-улов транспортидан фойдаланиш йўлга қўйилган. Ўша даврга оид Тозабоғёб маданияти Байрамқазган, Кўкча 15 ва Кўкча 16 манзилгоҳларидан ҳам лойдан ясалган арава ғилдиракчалари топилган [2, -Б. 188]. Минтақада от-улов транспортининг пайдо бўлиши натижасида товар алмашуви, ички ва ташқи иқтисодий алоқалари ва ҳарбий ҳаракатлар имкониятлари кенгаяди.

Ушбу фикрни бронза даврига оид ёдгорликларда қайд қилинган от суяклари, Қават 3 маконидаги лойдан ясалган от ҳайкалчаси ва музей фондидаги сувлиқ қолипи яна бир карра тасдиқлайди [3, -Б. 106, 3-расм].

Архаик даврга оид Дингильджа (мил.ав. VI – V аср) ёдгорлигидан топилган металл буюмлар Жанубий Оролбўйида металлсозлик соҳаларининг ихтисослашувини ўрганишда муҳим аҳамият касб этади. Музейда ушбу ёдгорликдан топилган бронза халқа, узук, бигиз, илмоқ, юрак тарзли безак буюми ва бошқа металл буюмлар фрагментлари жой олган. Музейдаги Дингильджадан топилган пичоқ бўлаги уч қисми сақланиб қолган, дастаси йўқ, текис, икки томонлама, кучли занглаган. Ушбу темир пичоқ фрагменти минтақада темирчилик ҳунармандчилигининг юзага келишини ўрганишда муҳим аҳамиятга эга. Жанубий Оролбўйида Кўзалиқ ва Дингильджа темирчилик ҳунармандчилиги юзага келган илк ёдгорликлар ҳисобланади.

Археология фондидаги ушбу темир пичоқ фрагменти химиявий ва физикавий жиҳатдан таҳлил қилиш асносида ўрганишни талаб этади.

Музейда антик даврга оид Қойқирилганқалъа (мил.авв. III – II аср) дан топилган бронза камон ўқи учлари сақланмоқда. Улар икки шаклга ажралади.

1-Шакл. Ромбсимон икки парракли, зўғотали даста ясалган скиф типидаги ўқ учлари. 2-Шакл. Уч парракли уч қиррали учлари бор, зўғотали даста ясалган.

Шунингдек, Бургутқалъа (VII – VIII аср), Миздакхон (XIII – XIV аср) ёдгорликларидан топилган темир камон ўқи учлари ҳам сақланмоқда.

Ушбу ўқ учлари Жанубий Оролбўйи халқларининг антик давр ва ўрта асрлардаги ҳарбий ишларини ўрганишда муҳим аҳамият касб этади.

Антик даврга оид қизиқарли археологик экспонантлардан бири бронза қозондир (1-расм). Топилган жойи қайд қилинмаган. Бронзадан қўйма тайёрланган, кенглиги 15 см, баландлиги 17 см. Қозоннинг асосий гавда қисми кўзасимон, кенг бўйинли, қовур тарзли бурун, зооморфли даста ва учта туёқларидан иборат. Зооморфли даста буруннинг қарама-қарши томонига ковширланган. Эҳтимол, даста шакли от бўлиши мумкин. Қозон тузилиши ва шаклига кўра, кўчманчиларга хос «ёввойи услуб»да тайёрланган.

Қадимда қозонлар билан боғлиқ турли хил қараш ва удумлар мавжуд бўлган. Саклар ва массагетларда ҳам бронза қозонлар муқаддас саналган, тангрилар шарафига ўтказилган қурбонлик маросимларида ана шундай қозонларда махсус таомлар пиширишган [1,- Б. 21 – 33].

Музейдаги илк ўрта асрга оид Тўккалъа топилмалари темирчилик, рихтагарлик, мисгарлик соҳалари тараққиётидан далолат берувчи экспонантлардан ҳисобланади. Ёдгорликдан бел (2-расм), кетмон, болта-теша, теша, ўроқ, пичоқ, камон ўқи учлари, бронза коса, узук, сирға, камарлар тўплами каби кўплаб металл буюмлар топилган [6, 47 – 49]. Металл буюмлар VII – VIII аср ва IX – XI асрларга тааллуқли. Уларнинг баъзилари бугунги кунда музей экспозияларини безаб турибди.

Музей экспоциясидаги металл қошиқлар бугунги кун кишиларини ҳайратга солиши шубҳасиздир. Музейда бронза сўқма ясалган 2 та қошиқ ва кумушдан қўйма тайёрланган чўмичсимон қошиқлар сақланмоқда. Улар Тўккалъа (IX – XI аср), Миздакхон (XIII – XIV аср) ёдгорликларидан топилган (6-расм).

Археологик материаллар Жанубий Оролбўйида металл қошиқлардан фойдаланиш антик даврдаёқ йўлга қўйилганлигини кўрсатади. Улар Тупроққалъа (III – IV аср), Куня-Уаз, Миздакхон мақбараси (III – IV асрлар) ёдгорликларида топилган [7, -Б. 122, -расм. 51, 6]. Ушбу қошиқларнинг тухумсимон резервуар қисми унчалик чуқур эмас, безаксиз ва сўқма ясалган.

Музей фондидаги Тўккалъа (IX – XI аср) ёдгорлигига оид бронза қошиқ узунлиги 23 см, резервуар қисми чўзинчоқ тухумсимон шаклда, эни 3,2 см, дастаси буралмали ясалган ва энига 0,5 см. Миздакхон (XIII – XIV аср) ёдгорлигидаги бронза қошиқ узунлиги 17 см, даста нисбатан ингичка қилиб ясалган (6-расм).

Илмий адабиётлар металл қошиқларнинг қадимда ва илк ўрта асрларда фойдаланиш вазифалари тўғрисида турли мунозарали фикрлар мавжуд.

Металл қошиқлар қадимда дафн маросимидаги деталлардан бири бўлган ёки илк ўрта асрда рўзғорда эмас, ҳунармандчилик ва диний маросимларда қўлланилган деган илмий адабиётларда фикрлар мавжуд [6, -Б. 117 – 121].

Саёҳ Ибн Баттута (1333 йил) Хоразм амирининг меҳмондорчилиги тўғрисида «.....Тозаланган анор доналари ичига тилла қошиқлар солинган олтин ва кумуш идишларда тортилди» дея маълумот беради [4, -Б. 59–60].

Қадимдан Жанубий Оролбўйида хилма-хил сопол ва металл кўзалар турлари тарқалган. Музей фондидаги мис кўза XII – XIII асрлар бошидаги Қаватқалъа ёдгорлигида топилган (3-расм). Унинг баландлиги 34 см, диаметри 18 см, таги 15,5 см, буйни баландлиги 6 см, оғзи диаметри 3,5 см. Кўзанинг цилиндрсимон гавдаси юқори томони бироз кенгайган, бўйни тор, пакана ва таги айланасимон. Кўзанинг тор бўйнидан, узун бурунча туртиб чиққан, елка қисми сатҳи кичик ўйма нақшларда безатилган. Кўза қисмлари бир-бирига тишчалар чиқариш усулида ўзаро бириктирилган ва қалайи билан ковширланган. Кўза ошхона идиши сифатида сув ва бошқа суюқликларни сақлаш мақсадида ишлатилган.

Музейдаги мисгарлик соҳасига оид экспонантлардан яна бири мис това ҳисобланади (4-расм). У XII – XIII аср бошидаги Қаватқалъадан топилган. Това баландлиги 9 см, устки диаметри 29 см, таги 21 см, дастаси узунлиги 22,5 см. Идиш тагига нисбатан устки қисми бироз кенг. Ён томон деворлари юзасидаги айланасимон параллел чизиқлар оралиғи учбурчак, нуқта тарзли нақшларда безатилган. Дастасининг устки юзаси ҳам шу каби безатилган. Мис това ясалиш техникасига кўра бешта алоҳида қисмдан иборат, улар махсус тишчалар орқали бир-бирига бириктирилган.

Унга ўхшаш идишлар Жанубий Туркманистон Шехр-Ислам (XII – XIII аср) ва Тувадаги Улуг-Хорум (XIII – XIV аср) храмида қайд қилинган [6, -Б. 119–121].

Музей фондларидаги бронза ва мис қозон, қошиқлар, кўза, това, кўзгу каби экспонантлар халқимизнинг қадимдан эстетик маданияти юксак бўлганлигидан гувоҳлик беради (1–8 расм).

Музей фондларидаги металл буюмларнинг аксарият қисмини XIII – XIV асрларга оид Миздакхон ёдгорлигидаги топилмалар ташкил этади. Улардан катта ҳажмдаги темир пичоқлар, ўроқлар, боғмон пичоқлари, бронза кўзгулар фрагментлари, темир тешалар, қайчи, илмоқ ва бошқада бронза, мис, темирдан ясалган буюмлар ва уларнинг фрагментларидан иборат (5–8 расм).

Айниқса, бронза кўзгулар ва сирли сопол идишлардаги тасвирлар халқимизнинг ўрта аср бадиий санъати ўрганувчи манбалардан биридир.

Мазкур металл топилмалар асносида XIII – XIV асрларга оид Миздакхон ёдгорлигидаги темирчилик, рихтагарлик ва мисгарлик ҳунармандчилиги соҳаларининг ривожланиш тенденцияларини ўрганиш мумкин.

Хулоса сифатида таъкидлаш мумкинки, музей экспозияси ва фондларидаги ҳар қандай экспонантлар халқимиз маданияти ва тарихининг кўзгусидир. Энг аввало музей фондларидаги металл экспонантларни ўрганиш Жанубий Оролбўйи халқларининг қадимги давр ва ўрта асрлардаги темирчилик, рихтагарлик, мискарлик, заргарлик ҳунармандчилиги маҳсулотлари, уларни ишлаб чиқариш технологияси, бадиий безатиш анъаналари ва фойдаланиш вазифалари тўғрисидаги тарихий маълумотларни бойитади. Шунингдек, халқимизнинг моддий маданияти, маънавий тасаввурлари ва эстетик тафаккурини ўрганувчи муҳим манбалар ҳисобланади.

Адабиётлар:

1. Акишев К. А., Кушеев Г. А. Древняя культура саков и усеней долины реки Или. – Алмата. 1963.
2. Итина М.А. История степных племен Южного Приаралья: (II начало I тысячелетия до н.э.). – М.: Наука, 1977. - 240 с., ил. (ТХАЭЭ. Т. 10).
3. Итина М. А. Раскопки стоянки Кават 3 в 1958 г. // МХЭ. – М., 1963. Вып. 6. – С. 106–128.
4. Иброҳимов Н. Ибн Баттута ва унинг Ўрта Осиёга саёҳати. –Ташкент, 1993.
5. Сабурова М. А, Ягодин В.Н. Литейная форма из Хорезма// СА. – Москва, 1964.- № 1. -С. 304–306.
6. Турганов Б. Қ. Хоразмнинг ўрта асрлардаги металл созлик ҳунармандчилиги (VIII – XIV асрлардаги археологик материаллар асосида)// Тарих фанлари номзоди илмий даражасини олиш учун ёзилган диссертация. – Самарқанд. 2009.
7. Ягодин В. Н., Ходжайов Т. К. Некрополь древнего Миздахкана. – Ташкент: Фан, 1970.

АЛИЕВА ЗАФАРА ЖУМАБАЕВНА

кандидат искусствоведения (PhD), старший научный сотрудник Института искусствознания Академии наук Республики Узбекистан.
Узбекистан, Ташкент

АСПЕКТЫ ИЗУЧЕНИЯ КУЛЬТУРНОГО НАСЛЕДИЯ КАРАКАЛПАКСТАНА (НА ПРИМЕРЕ ЮВЕЛИРНОГО ИСКУССТВА XIX – НАЧ. XX ВВ.)

Изучение традиционного искусства позволяет уяснить вопросы художественно-мировоззренческих смыслов в расширенном контексте. В частности, способствует осмыслению понятия «культурное наследие» и связанной с ним проблемы сохранения и развития культуры, во многом определяемой задачами, которые стоят перед обществом, тем, что вкладывается в данное понятие в тот или иной исторический период [2. С. 3]. В данной статье рассмотрены отдельные аспекты культурного наследия на примере традиционного ювелирного искусства каракалпаков.

Истоки искусства каракалпаков принято связывать с наследием древних кочевников Приаралья – массагетов-апасиаков и сармато-аланов, а также средневековых племен восточных печенегов и огузов, а в целом с широким древним пластом степных культур Восточной Европы и Азии [17, С. 72–74; 7, С.405–406; 15, С.6–10]. В этой связи интересно отметить, что в кон. XIX в. особенностью, традиционно мужского, ремесла ювелиров была работа на заказ и выезд мастеров на заработки, что отразилось на характере взаимовлияния с городскими школами, и возможно на заимствовании хорезмийской ювелирной техники тонколистового серебра с золочением и рафинированного орнамента для головных украшений. В других видах каракалпакских украшений, из массивных листов серебра с крупными вставками, прослеживается общность с туркменской школой. Совпадение конструктивных, семантических основ каракалпакской, туркменской и хорезмийской школ, хотя с последней выявляются стилистические различия, неслучайно. В этногенезе народов этих школ обнаруживаются общие восточно-печенежские и огузские субстраты.

Организация ремесла каракалпакских ювелиров (как правило, потомственных мастеров) способствовала сохранению многовековых традиций и основывалась на общем цеховом уставе кузнецов и ювелиров [4, с.34; 18, с.148–150, 160–161]. Но очевидно, что в какой-то исторический период разность необходимых навыков и рост заказов обусловили отделение ремесла ювелиров зергер (от иран. – золото) от кузнецов темирши (от тюрк. – железо).

Надо заметить, что в рассматриваемый период бытовало неоднозначное общественное мнение о деятельности ювелиров и кузнецов. С одной стороны, мастеров окружали особым почтением, их ремесло считалось делом избранных, находящимся под покровительством Хазрети Даута – святого Давида и пиров (духов умерших мастеров). Дукан (мастерская) по обработке металлов называлась кийели – сакральным обиталищем духов, здесь обязательным было поддержание благопристойности, порядка и ритуальной чистоты. По традиции мастера всегда начинали работу с молитвы, а в благотворительные дни готовили жертвенное угощение для аула, приглашая мусульманского священника. С другой стороны, кузнецов и ювелиров, имеющих дело с огнём и металлом, побаивались, считая их колдунами, способными как излечить человека от недуга, так и наслать на него проклятие. Из перечисленного легко заметить, что хотя организация ремесла ювелиров и строилась в духе почитания ислама, однако в ней сохранялись реликты культа предков, культа огня и металла, отожествления мастеров и колдунов/шаманов.

Связь с ранними верованиями прослеживается также в семантике форм изделий ювелиров и представлениях о материалах изготовления украшений. Каракалпакские украшения традиционно делались из серебряных сплавов. Золото использовалось редко, и в основном в технике золочения и насечки. Исключениями были золотые аребек, бронзовые и медные аншык и жез билезик. При этом цвет материалов изготовления был канонизирован и наделен значением, скорее восходящим к доисламской космогонии.

Известно, что в Коране упоминаются золотые украшения и жемчуга, как предназначенные для праведников, удостоенных Рая [9, 22:23]. Т.е. драгоценные материалы отнесены к области сакрального. Для здравствующих исламское мировоззрение одобряет ношение серебра и полудрагоценных камней, даже считает это желательным [6, С.156]. Можно думать, что за этим кроется и некий компромисс – изготовление для широких масс изделий из серебра иногда с золочением (нередко из простых сплавов, но посеребренных). Однако, у каракалпаков бытовали литые бронзовые типы украшений (в качестве ритуальных атрибутов в традиционных семейных обрядах) с зооморфными изобразительными мотивами, как рудимент, находящий аналогии в золотых изделиях скифского искусства. Возможно, применение серебра, а не золота, имеет ранний религиозно-культовый генезис, связанный с поклонением небесным светилам и переосмыслениями в соответствии историческим напластованиям. Я склонна полагать, что после смены звериного стиля [15, С.10 – 13] переход на широкое применение серебряных сплавов в ювелирном искусстве степняков Южного Приаралья наступил ещё в древнюю эпоху, возможно в кушано-афригидский период. Что было продиктовано реалиями «смутного» времени в Хорезме IV – VI вв. и зарождением новой феодальной формации, её становлением в VII – VIII вв. и появлением комплексного полукочевого хозяйствования, подобного культуре Кердера, этническими изменениями, и как следствие – мировоззренческими.

В XIX в. у каракалпаков сплошной позолотой покрывали только головные виды украшений, что, возможно, отражало рудиментарные воззрения, связанные с бинарным разделением мира. Например, это могло быть связано с реликтами дуальных представлений о золоте, как металле, ассоциировавшемся с солнцем, огнём, мужским началом, которому в космогонии отводились слои неба (аналог. тюрк. Синее небо Кёк; божество Тенгри). И соответственно с реликтами представлений о серебре, ассоциировавшемся с луной, водой, женским началом, которому в космогонии отводился переход от верхнего мира и средний мир – всё что находится на поверхности земли и водоёмы (аналог. тюрк. Йер-су; богиня Умай). Об этом можно судить по сюжету из эпоса: «Сына Солнце родишь на свет. Дочь Луну ты родишь на свет» [16, с.84 – 85]. Интересно вспомнить и разделение мира, соответственно частям фигуры человека. Голова, где якобы обитала душа [11, С.9]), соотносилась с небом (организованный порядок). Так, женщине только на голову дозволялось надевать «солнечные» золотые украшения. Плечи, грудь и руки женщины [10, с.223] соотносились с её основными функциями хозяйки и кормилицы, но характеризовались неорганизованностью с элементами хаоса [13, т.1. с.399; 13, т.2. с.208; 14, С.17]. Не поэтому ли нагрудные и наручные украшения были из «лунного» серебра.

Очевидно, что после принятия ислама на территории Центральной Азии подобное бинарное разделение органично вписалось в новые догмы. Известно, что исламские богословы призывали отказаться от золота и носить «очищающее» серебро. Золото же дозволялось носить царям «в нашем мире» и праведникам в «ином». То есть, при утере космогонического значения ранние представления замещались художественно-декоративным видением, произошла смена сакрального апотропеическим, прежнее, утратив значение знания (пространственного мироустройства), стало способом рационального понимания мира (влияние исламского мировоззрения) [14, С.24 – 25].

Для инкрустации украшений каракалпаки применяли красные сердолик и кораллы, а также бирюзу. Сердолик был особенно популярен, его красный цвет (совпадает с тюрк. мифообразом духа солнца и огня – Ал) – известный символ жизни, активного мужского начала, солнца [16, с.84] и огня, всегда устремлённого вверх. Кроме того, серебряные перстни с сердоликом были любимы мужчинами всего мусульманского Востока и самим пророком Мухаммедом [6, с.156]. Хотя, «популярность этого камня на территории Средней Азии предшествовала исламу... Кораллы же якобы «обеспечивали» большое потомство» [3, с.293]. Перечисленное позволяет допускать, что и доминирование красного цвета в свадебном костюме каракалпачки кон. XIX в. неслучайно. А именно, это шлемовидный убор, нагрудник, нарукавники и вышивка на фоне синего платья кок койлек – всё красного цвета.

Бирюзу (от перс. «фируз» – «победоносный») издревле называли камнем победы и счастья, она считалась воинским талисманом. Как символ жизни, голубая бирюза ассоциировалась с небом в ясную погоду (совпадает с тюрк. мифообразом Синего неба – Кёк) и его отражением в глубоком

водоёме. На старинных каракалпакских уборах саукеле и тобелик вставки из бирюзы зеленного цвета. Достоверных данных о том, что эти вставки изначально были голубыми или зелеными не обнаружено, но косвенно можно допускать, что они в разное время служили талисманами благополучия и любви, символами силы, молодости и изобилия [3, С.292]. Однако, учитывая то, что в культуре многих народов Средней Азии гладкое синее платье женщины носили во время траура, можно думать, что у каракалпаков голубой/синий цвет в сочетании с красным сопоставлялся с пассивным женским началом (платье кок койлек) [16, с.84–85].

Вероятно, рассмотренное выше сочетание цветовой символики в свадебном костюме таило древнюю метафорическую картину мироздания. Другими словами, такое воплощение могло представлять собой универсальную концепцию мира, актуализировало представления о жизни.

Интересно, что комплексы украшений подвергались и возрастной дифференциации, отражавшей архаичные воззрения перехода в иное состояние (жизненные циклы: невеста, мать, мать-матерей), т.е. воззрения, связанные с реликтами культа богини плодородия. Венцом такого разделения, конечно же, выступал свадебный комплекс. В XIX в. богатство комплекса украшений невесты диктовалось представлениями об ее особой уязвимости (все украшения были оберегами) и «восточным» взглядом на женщину-дочь и женщину-мать (показатель достатка отца и мужа). Но прежде всего, украшения выступали важной атрибутикой в сакрализации архаичных ритуально-обрядовых действ. Хотя, в процессе вековых переосмыслений они обрели качества праздничной атрибутики и декоративную эстетику (демонстрировавшей богатство). Так, основными функциями украшений выделяются: магическая и эстетическая. А в целом, украшения наряду с элементами женской одежды составляли единый ансамбль народного костюма, дополняя поэтический образ женщины.

В гармоничном сочетании свадебных головных уборов (шлемовидного саукеле и тиарообразного тобелик) с нагрудно-головной накидкой кызыл киймешек и платьем кок койлек (мотивы его декора восходят к древним воинским снаряжениям) выражалась идея уподобления невесты небесной царице – богине Умай, покровительнице всего живого, воинов и охотников, одной из ипостасей которой был образ птицы. Упомянем, что в трактовке и декоре шлема саукеле сохранилась символика Умай, как рудимент ее «иконографии» [19, С.92]. Сакральному красному цвету саукеле и семантике богини Умай соответствовали ювелирные бляхи: жыга (царская печать, эгрет) и кыран (меткая ловчая птица) со стилизованной изобразительной «сценой терзания» – нападения ловчей птицы на архара, которая изображалась архаичным магическим принципом «часть за целое». Позолоченная шапка тобелик завершала образ женщины-птицы и небесной царицы.

Известно, что каракалпакский саукеле представляет собой феномен трактовки воинского шлема [1, С.28–35, 128–131], его первичный генезис исследователи относят к шлемам амазонок, скифских и хорезмийских царей [17, С.72–74; 8, С.115–118; 12, 136–138]. Саукеле как бы магически защищал голову и шею невесты, однако, применялись и обереги, «мешавшие» разглядеть черты её лица - носовое кольцо аребек и височные серьги синселели сырга с бахромой цепочки, проходившей под линией подбородка. Так психологический эффект, притягивающий к разглядыванию наряда невесты, одновременно украшал и оберегал ее. Аналогичная пышность убранства костюма, характерная мусульманкам, объясняется этнографами и искусствоведами применением функции «завесы» и стремлением скрыть истинный лик того, кто представляет несомненную ценность для общества и семьи [5, С.13].

Заметим, что у каракалпаков женщины никогда не закрывали лица чадрой или чачваном. Но, в нач. XX в. устойчиво сохранялась функция «завесы» в женском ритуальном костюме, что объяснимо историческим стереотипом миропонимания полукочевников, способствовавшем сохранению корневых воззрений, в том числе суеверных представлений о «дурном глазе» и «порче». Об устойчивости верований в обереги у каракалпаков свидетельствует обрядовая практика (особенно до 30-х гг. XX в.) с использованием ювелирных украшений. Отсюда следует, что украшения служили для обеспечения эмоционального комфорта, отвечая религиозным чувствам человека.

Из опыта изучения генезиса семантики каракалпакских украшений, упомяну и то, что их формы вращались вокруг ареала природы степей и смешенного хозяйствования. Здесь надо подчеркнуть, что ментальная специфика каракалпаков, в прошлом полукочевников, отличалась

созерцанием природы с характерной сакрализацией, чему способствовали суровый ландшафт окружающих степей и особенности устройства быта, проникнутые чувством незыблемости мироздания и спокойного ритма времени. Это, несомненно, отражалось в семантике каракалпакских ювелирных изделий, цельности и монументальности их форм, приглушенности фактуры, плоскостной манере декора, уравновешенном ритме повторяющихся элементов орнамента, умеренности вставок. И это узловое отличие от мироощущения представителя городской культуры, больше направленного к самосозерцанию, продиктованного реалиями замкнутого городского пространства, с его более уплотненным и пёстрым социумом, ощущением неумолимости времени.

В крупных городах, где была развита торговля, вращавшая взаимовлияния соседних государств, возникали проявления инновационных восприятий, своего рода «моды». Что не могло не отражаться в рафинированной стилистике прихотливо ажурных и многодельных изделий декоративного искусства городских жителей. Другими словами, ювелирному искусству городских этносов была характерна тенденция трансформации под воздействием изменений эстетики, когда форма отдаляется от прототипа, теряя первичную семантику и изделия обретают символику благополучия, лишь отвлеченно сохраняя память об оберегах. Разумеется, что эти трансформации постепенно (а скорее – частично) ретранслировались и на эстетике украшений полукочевников. Для нашей темы интересно отметить, что данный процесс имел очень давнюю историю и характеризует развитие народного искусства всей Центральной Азии, где, например, ювелирное искусство всегда находилось в русле живой творческой традиции. Другое дело, что старые мастера чтили и придерживались своей корневой художественной традиции.

Таким образом, ювелирное искусство каракалпаков в XIX – нач. XX вв. представляло собой устойчивую систему организации ремесла. В изученном материале выявляются такие факторы формообразования и семантики украшений, как рудименты архаических культов (космогонического, плодородия, охоты, фетишизма, тотемизма), а также зороастризма, культа богини Умай и в целом тенгрианства. Кроме того, изученный материал указывает на историческую древность и преемственность технологических и эстетических традиций в искусстве каракалпаков, отразивших эволюцию религиозных воззрений и этнокультурных влияний.

Литературы:

1. Алиева З. Ж. Женские ювелирные украшения каракалпаков XIX – нач. XX вв. (по материалам ГМИ им. И. В. Савицкого и РИКМ Каракалпакстана): Диссертация на соискание ученой степени кандидата искусствоведения. – Ташкент, 2004.

2. Ахмедова Н. Р. Теоретические аспекты изучения культурного наследия в контексте современного искусства Центральной Азии: Сохранение культурного наследия: проблемы и перспективы: Материалы Международной научной конференции. – Алматы, 2012.

3. Борозна. Н. Г. Некоторые материалы об амулетах-украшениях населения Средней Азии: Домусульманские верования и обряды в Средней Азии: Сборник статей под редакцией Г. П. Снесарева, В. Н. Басилова. – Москва, 1975. – С. 281–296.

4. Гаврилов М. Ф. Рисоля сартовских ремесленников. Исследование преданий мусульманских цехов. – Ташкент, 1912.

5. Горожанкина Е. М. Таинство серебряной завесы // Ж. Творчество. № 9 (417). – Москва, 1991. – С. 13–16.

6. Ермакова Е. Небо из расплавленного серебра и колонна из зеленного изумруда (об отношении мусульман Средней Азии к украшениям и ювелирному делу): Мифологические представления в народном творчестве: Сборник статей под редакцией П. Гамзатовой, О. А. Пашиной. – Москва, 1993. – С. 150–164.

7. Жданко Т. А. Народное орнаментальное искусство каракалпаков: Материалы и исследования по этнографии каракалпаков: Труды ХАЭЭ. Т. 3. – Москва, 1958. – С. 373–410.

8. Жданко Т.А. Каракалпакская эпическая поэма «Кырык кыз» как источник историко-этнографический источник // Ж. Краткие сообщения института этнографии. № 30. – Москва, 1958. – С. 110–120.

9. Коран. Перевод и комментарии И. Ю. Крачковского. – Москва, 1963.

10. Краткая чувашская энциклопедия: под редакцией А. А. Трофимова. – Москва, 1981.

11. Лунева В. В. Из истории головных украшений Узбекистана // Ж. SAN`AT. № 3–4. – Ташкент, 2005. – С. 9–10.

12. Морозова А. С. Каракалпакский женский шлемовидный головной убор «Саукеле» // Археология Средней Азии, VI. Тр. ТашГУ. № 200, кн.41. – Ташкент.1963. – С. 134–138.

13. Мифы народов мира. Энциклопедия, под редакцией С. А. Токарева. В 2-х т. – Москва, 1987.

14. Мкртычев Т. К. Космология древних и ее отражение в искусстве Средней Азии V – X веков.: Автореферат диссертации на соискание ученой степени кандидата искусствоведения. – Ташкент, 1985.

15. Ремпель Л. И. К изучению каракалпакского народного искусства /В кн. Савицкого И.В. Народно-прикладное искусство каракалпаков. Резьба по дереву. – Ташкент, 1965. – С. 5–25.

16. Сказание о Шарьяре. Каракалпакский народный эпос. – Нукус, 1971.

17. Толстов С. П. К вопросу о происхождении каракалпакского народа // Ж. Краткие сообщения института этнографии. 1947. № 2. – С. 69–75.

18. Этнография каракалпаков. XIX – начало XX века (материалы и исследования) / под редакцией Т. А. Жданко, С. К. Камалова. – Ташкент, 1980.

19. Ягодин В. Н. Кердерская Умай // Ж. Вестник каракалпакского отделения АН РУз. – Нукус, 1999. №2. – С. 88–94.

ЮСУПОВА АЙЖАМАЛ ИБРАЙИМОВНА

Қарақалпақстан Республикасы тарийхы ҳәм мәденияты мәмлекетлик музейи директоры.
Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

ҚАРАҚАЛПАҚ ГИЛЕМШИЛИГИНДЕГИ НАҒЫСЛАР

Қарақалпақ халқының қол өнери тарийхый мәдениятымыздың ажыралмас бир бөлеги десек болады. Бул өнер үлгилери өтмиш дәўир мәдениятын көз алдымызда сәўлелендириўши қәдирли мийрас болып бир неше әсирлерден дерек береди.

Қарақалпақстандағы қол өнери буйымларының тарийхына сүўретлерге, саяхатшылардың қолжазбалары, археологиялық қазылмалар, илимий-изертлеў жумысларының жуўмағы арқалы нәзер таслап шамалаўға болады. Булардың бәри бир ўақытта, бирден пайда болған деп ойлаўға болмайды. Қарақалпақ халқын қураған этникалық топарлардың қол өнери кәсиби туўралы мағлыўматлар бизди жүдә ерте заманға жетелейди. Археологиялық қазыўлар менен айырым жазба ҳәм аўызша мағлыўматларға қарағанда, Қарақалпақстан аймағында жасаған руўлар өтмиште темир, тас, сүйек, саз ылай, ағаш, жүн сыяқлы, яғный усы жерде бар шийки затлардан күнделикли турмыслық буйымлар ислеген ҳәм нағыслап безеп пайдаланған.

Қарақалпақ халқының қол өнеринде пайдаланған нағыслары туўралы ең дәслепки мағлыўматлар белгили рус илимпазы, археолог С. П. Толстов, этнограф Т. А. Жданколардың изертлеўи нәтийжесинде жазылған. Әлбетте, бул илимпазлар саны аз, бирақ, бай қол өнерине ийе қарақалпақ халқының қол өнерине итибар берип, бурын мағлыўматтың аз болғанын, дерлик изертленбегенин атап көрсетеди. Соңынан, бул өнердиң ең жақсы үлгилерин сақлап қалыў менен бирге бүгинги күнде дүньяға белгили музейимиздиң тийкарын салған художник Савицкий, сондай-ақ, А. Алламуратовтың, филология илимлериниң кандидаты К. Мамбетовтың китапларында қол өнери дөретпелери, олардағы нағыслар ҳаққында аз да болса жазылды.

Музейимиздеги сақланып атырған қол өнери дөретпелериндеги нағысларға нәзер салсақ жүдә ерте дәўирлерге тийисли буйымларда оғада әпиўайы көринисте, яғный, сызықша, дөңгелек, қыя сызық түринде болып, булар бармақлар менен орынланған. Соңынан инсанлар әтираптағы тәбиятқа, тиришиликтиң негизи болған күн көрис тийкарларына итибар бериў арқалы буйымларға қурамалы нағысларды салып өзлестирген. Буған мысал ретинде өсимлик тәризли, ҳайўанатлардың мүшелери менен аталған, теңиз ҳәм дәрья жағалап жасаған жерлерде балықшылыққа, сондай-ақ, аңшылыққа байланыслы нағысларды, (яғный зооморфный) атап өтсек болады. Усы нағыслар арқалы халық белгили бир уғым, түсиник ҳәм мағлыўматларды билген, демек, бул белгилер турмыс мүтәжлигинен келип шыққанын тастыйықлайды.

Нағысларды үйрениў барысында олардың ҳайўанатларға байланыслы, өсимлик тәризли, геометриялық, затларға (предмет) байланыслы болыўы менен бирге ең дәслепки мәнислерине де итибар беремиз. Мысал ушын, дөңгелек нағыс – күн белгиси, мүйиздиң көп түрлери – мал шаруа-

шылықтың, молшылықты; қусқанат, қустумсық, ғазмойын – аңшылықты, ал, өсимликке уқсас нағыслар егиншиликти, қармақ, шанышқы, балықкөз нағыслары балықшылықты аңлатады.

Бүгинги күнде неше әсирлерден бизге жетип келген нағыслар, ҳәзирги заманға сай болып, ҳәр бир миллеттиң руўхый ҳәм материаллық байлығына айналған. Усы мийраслар арқалы биз қарақалпақ халқының, яғный, бизиң ата-бабаларымыздың жасаў жағдайын, турмыс қәлпин үйренемиз. Себеби, бул нағыслар мәдениятымыздың негизи, буларда халықтың өзине тән миллийлиги сақланып сол дәўирдеги, яғный, жазба әдебият болмаған ўақытлардағы турмысты сәўлелендиретуғын бирден-бир белги болып есапланады. Бундай белгилер халқымыздың қол өнеринде: қара үй безеўлеринде, турмыслық мүликлерде, қыз-келиншеклердиң безениў буйымларында, кестешилик ҳәм тоқымашылық үлгилеринде анық көринеди.

Қарақалпақ халқы нағыслары арасында зооморфлық мотивлер ең көп тарқалған нағыслар қатарына жатады. Ол қол өнериниң барлық түрлеринде, сондай-ақ, тоқымашылықта да қолланылады ҳәм тәбийғый шараят пенен де, хожалық түри менен де тығыз байланыслы, себеби, тәбият барлық дәўирлерде де нағыстың, дөретиўшиликтиң таўсылмас дереги болып келген.

Ерте дәўирлерде нағысларда ҳайўанатлардың дене көриниси толығы менен сәўлеленсе, IX – XII әсирлерге келип, яғный, ислам дини үстемлик еткен дәўирден баслап тири жәнликлердиң, ҳайўанатлардың сүўретлерин нағыс ретинде қолланыў қадаған етилген, соның тәсиринен олардың айырым мүшелерин (қошқаршақ, мүйиздиң бир неше атамасы: қосмүйиз, тақмүйиз, сегизмүйиз, қарсымүйиз, суламамүйиз, хорасанымүйиз, он екимүйиз, бөрикөз, ғазмойын ҳәм т.б. нағыс көринисиндеги нағысларды гилемши қызларымыз тоқымашылықта пайдаланған. Соның менен бирге, шеберлеримиз өз өнерлерин еле де жетилистириў ушын айырым нағыслардың қурылысына, тоқып атырған затларының түрлерине қарап тәбият пенен байланыстырып кем-кем байытып барған ҳәм әжәйып қол өнери дөретпелерин пайда еткен.

Сондай-ақ, бурынғы заманда гилемши қызларымыз әтираптағы тәбият көринислерине итибар менен карап, оларды ҳәр түрли көринисте пайдаланыўының нәтийжесинде өсимликлерге байланыслы көплеген атамалардан ибарат нағыслар келип шыққан. Бул типтеги нағысларда өсимликтиң көзге тасланар бөлеклери, мәселен: жапырақлары, гүллери ямаса мийўелери сәўлеленеди. Ҳәр қыйлы өсимликлердиң мотивлеринен шеберлер сызықларының сулыўлығы, гөззаллығы, соның менен бирге, анықлығы менен ажыралып турағын түрли композициялар дөреткен ҳәм олар бүгинги күнде де инсанды таңландырып, өзине тартады. Бундай нағыслардан: дарақ, шақа, путақ, терис путақ, ғаўаша гүл, жапырақ атлы нағысларды гилемшиликте қолланған.

Тоқымашылықта геометриялық көринистеги нағысларды да көп пайдаланған. Булар: туўры, иймек, толқынлы сызықлар, штрих, шатраш, шыйратпа, ромбик ҳәм үшмүйешликлердиң бир неше түрлеринен ибарат. Бул геометриялық мүйешликлер оғада көп мәнисти билдирген. Атап айтатуғын болсақ, квадрат ямаса төртқул атанақ фигурасынан келип шығып, мәниси жағынан да оған жақын. Дүньяның 4 тәрепин – арқа, қубла, батыс ҳәм шығысты, яғный, төрт бағдарды аңлатып, оның орайында инсан турғанлығын уққандай боласаң. Ал, үшмүйешликлер бәрҳама күшли тумар орнында қолланып келинген, яғный, универсал характердеги глобаллық символ сыпатында түсиниўге болады. Үшмүйешликлер ҳәр түрли бағдарда ушырасады ҳәм соған байланыслы оның мәниси де өзгерип келеди. Булардан басқа тәбият қубылысларына, майда затларға байланыслы да бир қанша нағыслар бар. Булардан тоқымашылықта: пискекше, тикеш, шылаўыш, атанақ, баўырсақгүл атлы нағыслардан қолланылған.

Бизге жетип келген нағысларды тоқымашылық үлгилеринде көп пайдаланғанына мысал ретинде қара үй безеўлерин айтсақ болады. Қарақалпақ гилемшилиги, тийкарынан алғанда, 3 түрли тоқылып: түкли, терме ҳәм аралас усылда (техника) тоқылады.

Нағыслы қурлардың бәри отаўды безеў ушын исленеди. Сонлықтан, оның узыны, ени, нағыс ислеў техникасы исленетуғын нағыслары белгили бир үлгиге ийе. Усы отаўдың безеўлеринде нағыслар көбинесе өсимлик тәризли, ҳайўанатлардың мүшеси менен аталған ҳәм геометриялық нағыслардан ибарат болып, олар ишки ҳәм сыртқы безеўлери болып бөлинеди.

Қара үйдиң ең биринши ҳәм ең тийкарғы ишки безеўлериниң бири «ақбасқур» болып табылады. Ақбасқур қарақалпақлардан басқа түркменлерде, қазақларда да болған. Оның аты, көлеми, нағыслары улыўма уқсас, бирақ, қарақалпақша ақбасқур айырым өзгешеликлерге ийе. Ең баслы

өзгешелиги, қарақалпақлардың ақбасқурының ериси (фоны) пахта жиптен болады. Ал, түркмен ҳәм қазақы ақбасқурлар толығы менен жүн жиптен тоқылған. Қарақалпақлардың ақбасқурының және бир өзгешелиги, бунда ҳәр бир нағыс композициясы тик сызық пенен бөлинип турады. Бул қолдан уршықта ямаса шарықта ийирилген пахта ҳәм жүн жиптен тоқылады. Узынына өрмекке тартылған пахта жип «ерис», ал, кесесине өткеретуғыны «арқаў» деп аталады. Усы екеўиниң арасына ҳәр түрли реңдеги жүн жиплерден «дарақ», «қосмүйиз», «қарсымүйиз», «ғазмойын» нағыслары салынған, узынлығы 12 – 15 метрлик ақбасқурлар үйдиң сыртынан уўықтың бүгилген жеринен нағысы ишке қаратып тартып байланады. Ақбасқурда көбинесе өсимлик нағыслары пайдаланылған болып, олар өзине тән мотивлерге ийе ҳәм бундай нағыслар дүньяның барлық халықларында гезлеседи.

Усы ақбасқурда салынған нағыслар белдеў ҳәм белжипте де толығы менен қайталанып тоқылады.

Терме усылы менен тоқылатуғын гилемшилик үлгилерине алаша ҳәм дастурханды айтсақ болады.

Ал, қызыл басқурдың нағыслары терме усыл менен тоқылып, ири-ири «баўырсақгүл», «керегекөз» ҳәм майда геометриялық нағыслардан ибарат. Түкли усыл менен тоқылатуғын қара үй безеўлери қаршын ҳәм есикқас.

Қаршынның ең көп таралған үлгилери «қаршынгүл» нағыслы ҳәм «тайтуяқ» нағыслы түрлери. Баслы нағыс композициясының дөгерегин қоршаған жийеги қара үстине қызыл менен ислетилген қосмүйиз, баўырсақгүл, атанақ, пискекше нағыслардан болады. Бул нағыс пенен исленген қаршынларда қызыл ҳәм қара реңлер басым. Ал, есикқас классикалық болып, барлық Қарақалпақстанның аймағына жайылған бир түри бар. Ол бир-бирине тутасып кеткен бир қатар сегиз қырлы дөңгелектен турады. Ишинде төрт тәрепи мүйизлер менен қоршалған ромб нағысы болады.

Солай етип, қарақалпақ халық қол өнери көркем образларда сәўлеленген тийкарғы руўхый қәдириятлар ҳәм эстетикалық идеаллар системасын өзинде жәмлеген болса, соның менен бир қатарда, халықтың раўажланыў барысында қәлиплесип, әўладтан әўладқа өтип киятырған көркемлик қәдириятларды сақлаў ҳәм таратыў формалары менен усылларын, халық дөретиўшилиги шығармаларының жасаў формаларын өз ишине алады. Оларды ҳәзирги дәўирде сақлап қалыў ҳәм раўажландырыў зәрүр, бул арқалы инсаниятта бар ең қәдирли нәрсе – халық даналығын, кеўил тазалығын ҳәм руўхый гөззаллықты қәстерлеў болып табылады.

Бүгин биз сөз еткен гилемшилик үлгилери ҳәм олардың нағыслары аз ғана өзгерислерге ушыраса да даўам етип атырғаны, бул өнердиң халық арасында қәдир-қымбатының жоқары екенин, соның менен бирге, турмыста еле де пайдаланып атырғанынан дерек береди.

Әдебиятлар:

1. А. Алламуратов. «Каракалпакская народная вышивка». Издательство «Каракалпакстан», Нукус 1977 год.

2. А. Алламуратов. «Мәңги мийрас». Нөкис: «Билим» баспасы, 1993-жыл.

3. А. Пирназарова. Қара үй (отаў). Қарақалпақша нағыс үлгилери. «Саният», №1 2020-ж.

4. Д. С. Насыров., О. Доспанов. «Қарақалпақ тилиниң диалектологиялық сөзлиги». «Қарақалпақстан» баспасы. Нөкис: 1988-жыл.

5. С. П. Толстова и Т. А. Жданко. – «Археологические и этнографические работы Хорезмской археологии 1945 – 1948 г». Издательство АН СССР Москва, 1952 год.

6. Т.А.Жданко. – «Материалы и исследования по этнографии каракалпаков». Издательство АН СССР Москва, 1958 год.

7. Т. А. Жданко, С. К. Камалов. «Этнография каракалпаков. XIX – начало XX века» (материалы и исследования). Ташкент: Издательство «Фан» Узбекской ССР, 1980 г.

НУРУМБЕТОВА АЙСАНЕМ АЯПБЕРГЕНОВНА

Қарақалпақстан Республикасы тарийхы ҳәм мәдениятыы
мәмлекетлик музейи илимий хаткери.
Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

ҚУБЛА ӘМИЎДӘРЬЯ БОЙЫНАН ТАБЫЛҒАН ТЕРРАКОТА МҮСИНЛЕРИ

Адамзат тарийхының бизге белгисиз ең айемги дәўирлерин археологиялық қазып изертлеўлер нәтийжесинде ғана билиўге болады. Адамзаттың ең алғашқы, яғный, жер бетинде қәлиплесиў тарийхын, олардың пайдаланған күнделикли мийнет қуралларына қарап тас, қола ҳәм темир дәўирлерине бөлип үйренилген.

Қарақалпақстан Республикасы Орта Азиядағы ең әййемги аймақлардың қатарына киреди. Республикамыз аймағында жайласқан ҳәм бизиң бүгинги күнимизге шекем жетип келген археологиялық естеликлер ҳәм ески қалалар буған айқын мысал бола алады.

Қубла Әмиўдәрья бойындағы археологиялық естеликлер ҳаққындағы ең биринши мағлыўматлар рус әдебиятларында пайда болған.

Дереклерге қарағанда, Қарақалпақстан территориясында улыўма 1000 ға жақын тарийхый орынлар жайласқан. Солардан бүгинде 300 ге жақыны ғана илимий жақтан үйренилип анықланған.

Усындай тарийхый қала ҳәм қорғанлардан археологиялық изертлеўлер нәтийжесинде табылған тас, қола ҳәм темирден исленген, өзинде тарийхый дәўирлерди сәўлелендирген естеликлер бизиң Қарақалпақстан Республикасы тарийхы ҳәм мәдениятыы мәмлекетлик музейинде сақланып келинбекте.

Қарақалпақстан Республикасы тарийхы ҳәм мәдениятыы мәмлекетлик музейи, дәслеп 1929-жылы республикамыздың биринши пайтахты Төрткүл қаласында, илимий изертлеў орайы ретинде шөлкемлестирилген.

Ҳәзирги күнде музейде 7 фонд жумыс алып барып, булардан бири археология фонды есапланады. Бул фондта жәми 14 897 экспонат болып, соның 48 уникаль-экспонатлар қатарына киритилген. Музейимиздиң археология бөлиминде белгили илимпазлар Я. Гулямов, С. П. Толстовлар басшылығында өткерилген археология-этнографиялық экспедициясы ўақтында Джанбасқала, Топыраққала ҳәм Қойқырылғанқалалардан табылған археологиялық табылмалар, солардан айрықша тоқтап өтетуғын болсақ, өзиниң уникаль ҳәм бийтәкирарлығы менен адамлардың итибарын тартатуғын капитель, оссуарийлерди айтып өтсек болады.

Сизлерге жоқарыда айтып өтилгендей уникаль ҳәм бийтәкирар, сондай-ақ, музейимиз ғәзийнесинен айрықша орын алған экспонатлардың бири, терракота мүсиншелери ҳаққында айтып өтпекшимен. Терракота мүсиншелерин археологиялық жақтан үйрениў XIX әсирдиң 2 ярымына туўра келеди. Көплеген дереклерде бүгинги күнге шекем арадан 100 жылдан аслам ўақыт өтиўине қарамастан, терракота мүсиншелери илимий жақтан толық үйренилмеген деп айтып өтилген. Тийкарынан, терракота мүсинлери 2 ге бөлинеди: антропоморфлық (адам көриниси сәўлеленген) ҳәм зооморфлық (ҳайўанат көриниси сәўлеленген).

Археолог илимпазлар С. П. Тослтов, Б. И. Вайнберг ҳәм Н. Д. Двуреченскаялардың шығармаларында терракота мүсинлерин зороастризм дини менен байланыстырып, оларды диний мәресимлер өткерилгенде пайдаланылған деп айтып өтилген [1, 241]. Буған Республикамыз территориясында жайласқан Қойқырылғанқала, Қалалықыр, Бүркитқала сыяқлы естеликлерден табылған мүсинлер дәлил бола алады. Айырым дереклерде сол дәўирде адамлар зороастризм динине сыйынып, жаңа жылды күтип алыў пайытында жаңа терракота мүсиншелерин жасап жаңа жылды жақсы тилеклер менен күтип алған, ал, жыл ақырында мүсинлерди сындырып, өткен жылдағы қайғы-ҳәсиретлер гөне жылда қалсын деп ырым еткен.

Ҳәзирги ўақытта Қарақалпақстан Республикасы тарийхы ҳәм мәдениятыы мәмлекетлик музейинде 40 қа жақын терракота мүсинлери сақланып, соның 25 данасы бизиң музейимизге Бажыхана хызметкерлери тәрепинен тапсырылған. Бул мүсинлер бизиң эрамызға шекемги VI – I әсирлерге тийисли болып, Республикамыз территориясында жайласқан Бүркитқала ҳәм Қаватқалалардан табылған. Ҳәр бир мүсин өзгеше көринисте болып, биреўиндеги орнамент, жүз көриниси

екиншисинде тәкирарланбаған. Бул мүсинлерде еркек, ҳаял көриниси, сондай-ақ, ат ҳәм қуслар сәўлеленген.

Жуўмақ ретинде айтатуғын болсақ, халқымыздың узақ тарийхый өтмишин танытатуғын ҳәм сол тарийх бетлеринде өшпес из қалдырған руўхый, миллий мийрасларын, миллий дәстүрлерин ҳәм диний исенимлерин усындай бийбаҳа табылмалар арқалы көриўимизге болады. Тарийхый естеликлер комплекси болған ески қала ҳәм қорғанлардан табылған, бундай археологиялық табылмалар ҳалқымыздың бир неше әсирлик миллий мийрасы сыпатында қәдирлеп, келешек әўладқа жеткериў музей хызметкерлериниң алдына қойылған ўазыйпа деп есаплайман.

Әдебиятлар:

1. Труды Хорезмской Археолого-этнографической экспедиции XVI. Издательство «Наука», Москва, 1991 г.

САБУРОВА БАХТЫГУЛ

Қарақалпақстан Республикасы тарийхы
ҳәм мәденияты мәмлекетлик музейи
тәбият бөлиминиң аға илимий хызметкери.
Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

ӘЙЙЕМГИ КӨРКЕМ ӨНЕР МӘКАНЫ – ТОПЫРАҚҚАЛА

Топыраққала – Орайлық Азиядағы ең көрнекли естелик. Қаладан табылған баҳалы дереклер тек елимиздиң ғана емес, ал, жер жүзи халықларының илимпазларын қызықтырып келмекте. Бул қала Қарақалпақстан Республикасының Елликқала районының аймағында жайласқан болып, ол б.э.ш. III – II әсирлерде қурылған. Ўақыттың өтиўи менен эрамыздың IV – V әсирлеринде қала қай-та тикленген.

Топыраққаланың дүзилиси туўры мүйешли болып, 17,5 га майданды ийелейди. Тарийхшылардың мағлыўматына қарағанда, қалада 2000 – 2500 адам жасаған. [1, 18 – 19]

Қалашаның арқа бөлими үлкен патша сарайларының, от храмларының ҳәм майданшаларының қалдықлары менен бәнт.

Қала гүмбез сыяқлы линиялы ҳәм қорғаныў дийўалы менен қоршалған. Дийўалдың қубла тәрепиндеги дәрўазасы арқалы ибадатханаға барылған. Көшениң еки тәрепинде 8 бөлим үйлери салынған. Үйлердиң ортасынан тар көше өтеди. Қаланың арқа-батыс бөлиминде бийиклиги 14 м, майданы 80х80 м сыпаның үстине гербиштен сарай қурылған. [2] Сарайдың жанында 40х40 метрли үшмүйешли, бийиклиги 25 метр келетуғын арк бүгинги күнге дейин сақланған. Қаланы қазыў процесинде жүзден артық турар жай, имаратлар, сегиз сарайдың залы анықланған. Заллар нағыслар ҳәм рельефли (реңли) скульптуралар менен толтырылған.

Қаланың арқа-батыс мүйешиндеги патша сарайының дийўалындағы III әсирге тийисли сүўрет ҳәм скульптуралар айрықша әҳмийетке ийе. Дийўалда орнатылған сүўретлер ҳәр түрли темада болғанлығы ҳәм стили менен илимпазлардың дыққатын тартады. Сүўретлер сарайдың дийўалына қалың сыбаўдың үстине минерал бояўлардан исленген, оған өсимликлердиң желимлеринен де қосылған. Сүўретлерди салыўда ақ, қара, көк, көкшил, қызыл, сары, жасыл ҳәм қойыў жасыл реңлери көбирек пайдаланылған.

Топыраққала бөлмелериниң биринде үшмүйешли көринистеги үлкен арфа шертип атырған ҳаялдың сарғыш реңдеги оғада жақсы исленген сүўрети толығы менен сақланған. Музыкант қолына билезик таққан, жүзи домалақ, шашы буйра, шерткен наманың сыйқырына берилиў жағдайы сезилетуғын дәрежеде сүўретленген. Мине, усы бөлмеден табылған басқа бир сүўретте әжайып шеберлик пенен салынған, көзлери менен тик қарап турған, қаслары қосылған ҳаял жүзиниң жоқары бөлимин сәўлелендиретуғын фрагмент адамның қыялын сол дәўирдиң көркем өнер дүньясына алып киреди. Арфа шертип атырған ҳаялдың бөлмесиниң астынан еки тарлы саз әсбабының пердесин услап турған адамның қолы сүўретленген нағыс үлгиси қазып алынды.

Ҳәр түрли бөлмелерден жолбарыстың үш сүўрети (басы, куйрық бети ҳәм еки пәнжеси), аттың төрт сүўрети, қырғаўылдың қызыл фонда көкшил-фиолет реңдеги сүўрети, сондай-ақ, адамның қаптал, басының жүзи тәрепинен көринисин, балтырын сүўретлейтуғын фрагметлер қазып алынған. Сарайдың орайлық майданшаларындағы бөлмелердиң биринде дийўалға исленген бир композицияға бирлестирилген ақ кийимли, тик турған ҳаялдың ҳәм қара шекпен кийген ер адамның сүўрети жақсы сақланған.

Топыраққаланың дийўаллы сүўретлери нағыстың мотивлериниң көп екенлиги менен ажыралып турады. Дийўаллы сүўретлерде қубла-шығыс, қубла-батыстағы мәмлекетлердиң элементлери сезиледи. Бунда сол еллер менен өз ара қарым-қатнастың тәсири екенлигин атап өтиўимиз керек. Сондай-ақ, адамлардың сезимлерин, ҳайўанлардың характерин шеберлик пенен ҳәм ҳәр түрли усылларда бериўине қарағанда топыраққалалы художниклер бурыннан киятырған жетилискен традицияға ийе болғанлығын да көрсетеди. [6]

Әййемги мәдениятты изертлеген илимпаз С. П. Толстов та буны айрықша атап өткен: «Бул жерде улыўма басқаша көркем орай болған. Сол орай Орта теңиз ҳәм Орта Шығыстың соңғы мәдений-көркем орайлары арасында айрықша орынды ийелеген болыўы мүмкин».

Ҳақыйқатында да, қаладағы өзине тән көркем өнер дөретпелери инсаниятты терең ойға салады. Қурылыслар, жайлар, бир-бирине уқсамайтуғын шығармалар әййемги мәдениятымыздың күдиретин көрсетеди.

Қарақалпақстан Республикасы тарийхы ҳәм мәдениети мәмлекетлик музейинде топырақ қаланың макети ҳәм фото сүўретлери менен бирге қала дийўалларындағы сүўретлер тийкарында дөретилген картиналар орын алған. Булар белгисиз художник тәрепинен дөретилген «Арфа шертип атырған ҳаял», «Ҳаял адамының мүсини» ҳәм Ф. Ю. Мадгазин тәрепинен Топыраққала дийўалларындағы сүўретлер тийкарында дөретилген картиналары болып есапланады. Усы картиналар, яғный, Топыраққала дийўалларындағы сүўретлер қарақалпақ халқының тарийхында сүўретлеў өнериниң ерте дәўирлерде-ақ пайда болғанын аңлатады. Сондай-ақ, музей филиалы Елликқала археология музейинде де Қарақалпақстан аймағындағы археологиялық естеликлердиң макетлери ҳәм сол қалалардан табылған табылмалардан ибарат экспонатлар қойылған болып, Елликқалаға келген туристлерде айрықша қызығыўшылық оятпақта.

Әдебиятлар:

1. Қыдырниязов З., Реймов Қ. Топыраққала – әййемги мәдениятымыздың тиреги. Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети. Хабаршы журналы. №1-2 (18–19) 2013.

2. Хожаниязов Ғ., Ҳәкимниязов Ж. Қарақалпақстанның әжайып жети естелиги. – Нөкис, 2004.

3. Алламуратов А. Қарақалпақстан искусствосының тарийхынан – Нөкис. «Қарақалпақстан» баспасы, 1968.

БӨРИБАЕВА РИТА АМЕТОВНА

Қарақалпақстан Республикасы тарийхы ҳәм мәдениети мәмлекетлик музейи жетекши қәнигеси.
Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

КӨК КӨЙЛЕК ТАРИЙХЫ

Қарақалпақ ҳаял-қызларының миллий кийими болған көйлеклерине жүдә итибар менен қараған. Қарақалпақ кестешилик өнериниң әжайып үлгилериниң бири көк көйлек. Ол келиншектиң ҳәм жас ҳаялдың кийими. Көк көйлек (бояқ көйлек деп те аталады) кестеленеди. Нағыслар жағадан басланып, еки өңирин бойлап көйлектиң алдынғы етегине дейин ҳәм еки жеңиниң ушында болады. Көк көйлектиң таўары беккем, нағысы қурамалы. Ол қолдан тоқылған көк гезлемеден тигилген. Көйлектиң тийкары болмыш реңли сабақты бояў ушын көк реңли бояў уллы Жипек жолы кәрўанлары арқалы буйыртпа менен алдырылған. Айырым мағлыўматларда болса, қызыл жыңғылдың бүршигинен, қарамықтан алынған. Көйлек толық пахтадан тоқылады. Пахта дәслеп

шығыршық арқалы шигиттен айырылады. Соң шарық пенен жиби ийирилип, қозақта таўар болып тоқылады. Теңиз бойындағы аўылларда жасаўшы ямаса сол жақтан қырға көшип келген ески адамлар көк көйлектиң нағысын «Саўыт нағыс» деп атайды. Соның менен бирге, нағыссыз көк рең қарақалпақларда қайғы матамның белгиси болған. Бир аңыз бойынша Мухаммед пайғамбар қазаланғанда көк түсли жалаўын барлық ҳаяллар бөлисип алып, матам белгиси сыпатында көйлек етип кийип алған делинеди. Соннан баслап көк түсли кийим қайғы белгиси болған, соның менен бирге, әййемги түркийлер көк түс арқалы аспанды, таңирини, жаратыўшыны түсинген ҳәм ол реңди улыўлаған. Бул ески мағлыўматлар келтириў арқалы ҳалқымызда оғада сийрек сақланған, келип шығыў ҳәм кийиниў дәўирлери толық анықланбаған Көк көйлектиң социаллық психологиялық яки диний түсиниклер менен байланыслы болыўы итимал екенин көрсетемиз. Басқа халықларда бундай кийим жоқ. Көк көйлек тек ғана қарақалпақларға ғана тән. Көк дерминди ҳәзирги жинси материалын еске салады ҳәм усы мата түриниң дәслепки дөретиўшиси қарақалпақ шеберлери болғанлығына гүман туўдырмайды. Қарақалпақлардың әзелден Уллы жипек жолы бойында қонысланыўы ҳәм оларда саўда-сатлық ислериниң айрықша раўажланыўы бул материалдың Европа еллерине тарқалыўына себеп болса әжеп емес. Өйткени, ҳәзирге шекем оның дәслепки үлгилери қарақалпақлардан басқа ҳеш қайсы халықларда ушыраспаған. Ал, алды кестеленген көк көйлек айырым Сибирь халықларында, мысалы хантыларда бар. Бирақ, оның нағыс үлгилери реңи басқаша. «Саўыт нағыс» деген атаманың өзи де қызығыўшылық туўдырады. Қарақалпақлардың арғы теги Арал бойын жайлаған сақ-массагетлер болғанлықтан, оларда қызлар ат минип бәрқулла атланысларға қатнасқан. «Қырық қыз» дәстанында да сол дәўир ўақыялары сәўлеленген деген пикир бар [1]. Солай екен, урыс-саўашларда саўыт кийген қызлардың жаўынгерлигине байланыслы көк көйлек нағысын «саўыт нағыс» деп аталыўы да тийкарсыз емес. Көк көйлектиң жағасының дөгереги ушығаланып, қызыл киймешекке тән нағыс пенен («омыртқа», «қумырсқабел») кестеленеди [2]. Олардың төменинде қарақалпақ зергершилик буйымларының ҳәзирге дейин сақланып келгенлериниң ҳеш қайсысына толық уқсамайтуғын тағыныў затлары қызыл жипек пенен кестеленеди. Олардың саны ҳәр көк көйлекте ҳәр қыйлы. Төмен кеткен тилигиниң жийеги жипек сабақ пенен беккем етип торланады. Көк көйлектиң өңири (сийнелиги) бир неше қыя сызықлар менен бөлинип, сол сызықларға қызыл, ақ, сары реңли «қосмүйиз», «сегизмүйиз» нағыслары дизилген болады. Көйлеклерди пашшайыдан, бөзден тигип, жағасын болса қара ушыға ямаса қызыл ушыға таўарға нағыслар салып, дөгереклерин жипек сабақлар менен жийеклеген. Көйлеклердиң материалы, ислениў техникасына қарай пашшайы көйлек, көк көйлек, шатыраш көйлек сыяқлы түрлери болған. Бул көйлеклердиң ишинде алдына толығы менен шырайлы нағыслар түсирилген көк көйлек таңқаларлық гөззаллық пенен ҳақыйқый көркем жетикликтиң үлгиси болып табылады.

Қарақалпақ ҳаял-қызларының көк көйлеги Орта Азияның басқа халықларында ушыраспайды. Бул да халқымыз тарийхының өзиншелигиниң бир белгиси болса керек. Усындай көйлектиң бир данасы Қарақалпақстан Республикасы тарийхы ҳәм мәденияты мәмлекетлик музейинде сақланып атыр. Бул көк көйлекти өз қолы менен Наженова Несийбели апамыз 5 жыл кестелеген, үстилерин саўыт нағыслар менен безеген. Бул нағысланған көк көйлек ҳақыйқатында да, саўытты көз алдымызға елеслетеди. Буны саўға ретинде 1991-жылы музейге қызы Улдай апа тапсырды. Бектурған қызы Несийбели 1912-жылы Қанлыкөл районында туўылған. Ол жас ўақтынан баслап өнерге қызығыўшаң болған. Сол ўақытлары аўылларға жипек сабақ сатыўшы саўдагерлер тез-тез келип турған. Улдай апаның айтып бериўи бойынша Несийбели апаның әкеси Бектурғанның 2 қара малы болған. Сыйырымды сатып сабақ әперемен деп жүрген гезде бир сыйырын қасқыр жеп кеткен. Соған қарамай қызының өнерге деген ықласын қайтармай жалғыз сыйырын сатып сабақ алып берген. Сол екен Несийбели апа 14 жасынан баслап тоқый баслаған ҳәм 5 жыл даўамында тоқып 19 жасында питкерген. Ол заманда усы көк көйлекти Несийбели ападан узатылатуғын қызлар алып кийип турған. Бул көйлек ең киши қызы Улдайханға берилген. Көйлектиң музейге тапсырылыўы да өз алдына тарийхқа ийе. Яғный, 1991-жылы көк көйлекти ел басшылары сорағанда Улдайхан бергиси келмеген. Бул көйлектиң Қарақалпақстан Республикасы тарийхы ҳәм мәденияты мәмлекетлик музейине тапсырылыўына Несийбели апаның руўлас иниси шайыр, халық жазыўшысы Әденбай Тажимуратов «Көк көйлекти музейге тапсыр, сениң апаңның талантын,

өнерин халық көреди» деген иси түртки болады. Бул сөзлерден кейин 1991-жылы Наўрыз байрамы күни Улдайхан көк көйлекти музейге, сол ўақыттағы музей директоры Атағулла Қудайбергеновке тапсырады.

Ҳәзирги ўақытта бул көк көйлек музейдиң бийбаҳа экспонаты болып, музей көргизбесинен орын алған. Музейге келген ҳәр бир тамашагөй бул көйлекти көрип, оның нағысларына, нағыслаўда пайдаланған жипек сабақлардың үйлесимлигине таңқалады.

Әдебиятлар:

1. Жданко Т. А. Работы каракалпакского этнографического отряда в 1956 г. В кн.: Материалы Хорезмской экспедиции. М.,1959

2. А. Алламуратов. Каракалпакская народная вышивка. Нукус – 1977

3. Этнография каракалпаков. XIX начало XX века (материалы исследования). Ташкент – 1980.

АТАЖАНОВА ГУЛНАРА

Научный сотрудник Каракалпакского Государственного музея истории и культуры Республики Каракалпакстан
Узбекистан, Каракалпакстан, Нукус

ТОК-КАЛА

Городище Ток-кала расположено на небольшом естественном холме Ток-тау, находящемся в 14 км к северо- западу от г. Нукуса. Археологически Ток-кала впервые обследована С. П. Толстовым в 1946 г. Общая площадь памятника немного больше 8 га. Самая высокая часть холма возле русла занята развалинами укрепления. К нему с востока примыкает городище, похожее на укрепленное поселение. На южном склоне находятся остатки неукрепленного поселения.

В Государственном музее истории и культуры Республики Каракалпакстан в зале экспозиции представлены археологические находки найденные с Ток-калы.

Оссуарии имеют форму прямоугольного ящика на ножках, уплощенной сверху крышкой. Алебастровые оссуарии существовали в Хорезме только в афригидский период. Кроме того, они известны в дельте Амударьи на небольшом могильнике Куюк-калы. Отпечатки, сохранившиеся на оссуариях, позволяют частично восстановить процесс их изготовления. Они отличаются друг от друга качеством алебастра и выделки. Основным способом изготовления оссуариев была отливка их целиком или по частям в форме. Во всех оссуариях, где кости были потревожены, лежало по одному черепу.

А также представлены рисунки с росписями на лицевой части оссуария, сцена оплакивания. Покойник, судя по одежде (кафтан), – мужчина, лежащийна таком же ложе. В верхней части позади умершего плохо различается какое-то изображение. Вряд ли это фигуры людей. Большая часть оплакивающих сидит, только четверо стоят. Все они наносят себе удары и вероятно, рвут волосы в знак горя. В правом верхнем углу стоит на коленях человек, наклонившись вперед, в сторону умершего. Особое внимание обращает на себя персонаж, сидящий у изголовья покойника и одетый во все черное, поджав под себя одну ногу, а другую,согнутую в колене, поставив перед собой. Можно понять, что это женщина. И по сей день в Средней Азии так обычно сидят женщины на полу или на земле. Обе руки описываемой фигуры подняты на уровень головы, длинные волосы распущены по плечам. Вероятно, это вдова умершего или профессиональная плакальщица.

Густо расположенные бугры, усыпанные керамикой, стеклом и обломками жженых кирпичей, - таков вид неукрепленного поселения IX – XI вв. Оно занимает всю южную часть холма.

Лепная керамика распространена довольно широко и распадается на две различные группы. Первую составляют сосуды, абсолютно аналогичные лепной посуде. Найдены горшки с насечками на венчике, чернолощеные кувшины с прочерченным линейно-геометрическим орнаментом и белой инкрустацией, курильницы, сковороды вылепленные на просе, и сегментовидные крышки с загнутыми кверху краями.

Вторую группу составляют кухонные горшки, широко распространенные на средневековых памятниках Хорезма в IX – X вв. Характерной их особенностью являются добавление в тесто в качестве отощителя мелкой дресвы, светлосерый в изломе цвет черепка и сплошное покрытие черноватым ангобом. Все горшки этого типа с Ток-калы имеют округлую, почти шаровидную форму. Дно плоское со следами песчаной подсыпки. Шейка у сосудов отсутствует. Плоский венчик лежит прямо на плечиках. Небольшие ручки помещены в самой верхней части сосуда.

Ремесленная керамика, сделанная гончарами на станке, составляет всю прочую посуду: хумы, кувшины, миски, столовые горшки и т.д.

Хумы представлены несколькими формами, но не все они восстанавливаются полностью. Красные хумы покрыты белым ангобом. У хумов яйцевидной формы верхняя часть тулова украшена линейно-волнистым узором, выполенным зубчатым штампом. Другие хумы с резко профилированным венчиком и четко выраженной горловиной представлены обломками только верхних частей.

Кувшины представлены сосудами различных размеров. Среди находок целых экземпляров нет. Форма тулова может быть округлой или вытянутой с покатыми плечами. Всегда имеется ручка.

Миски найдены в очень небольшом количестве. Полностью известна форма лишь небольшой мелкой плошки без поддона. Имеются и более сложные формы, но они целиком не реконструируются. Найден обломок небольшой глазурованной мисочки с прямыми краями.

Столовые горшки имеют тонкий чистый черепок, кремовый или ярко-розовый. Часто для покрытия с внешней стороны применялся белый ангоб, значительно реже – красный. Удалось восстановить лишь несколько форм. Найден один целый горшок, покрытый снаружи красным ангобом. Черепок у него красноватого цвета, звонкий, хорошего качества.

Для всего слоя IX – XI вв.характерно широкое распространение стеклянных изделий. Найдены два целых флакончика, стеклянная четырехугольная коробочка, несколько донышек сосудов с оттиснутым на них рельефным орнаментом, а также фрагмент стенки какого-то изделия, сплошь покрытый рельефным орнаментом. Из иных находок стоит упомянуть только железную лопатку, железный наконечник стрелы и костяной гребень с двумя поцарапанными надписями, выполненными арабским шрифтом.

Люди, жившие на холме Токтау в IX – XI вв. хранили своих умерших на территории зороастрийского могильника предшествующего периода. Прямой аналогией цистовым захоронениям Ток-калы являются такие же погребения на могильнике Миздахкана, раскопанные в 1952 г.

Значение комплекса археологических памятников Ток-кала, датируемого в целом IV – III вв. до н.э. – XI в. н. э., не исчерпывается большой серией разновременных интересных вещей, так как полученный материал позволяет поднять целый ряд проблем, выходящих далеко за пределы истории северного Хорезма. Раскопки на Токтау показали, что район дельты Аму-Дарьи, на протяжении всего рассматриваемого периода жил насыщенно и напряженно. Значение найденных на некрополе Ток-калы погребальных текстов и росписей, несомненно, очень велико. Все это заставляет высказать предположение о том, что, вероятно, в раннем средневековье и в последующий период в IX – XI вв. Ток-кала являлась крупным культурным центром на периферии Хорезма.

Мы вправе ожидать, что дальнейшие работы принесут еще не одно интересное открытие в этой области.

Литература:

1. А. В. Гудкова. «Ток-кала». Издательство «Наука» Узбекской ССР Ташкент – 1964.

ДОСПАНОВА ГҮЛНАРА

Қарақалпақстан Республикасы тарийхы ҳәм мәденияты мәмлекетлик музейиниң жетекши қәнигеси. Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

ҚАРА ҮЙДИҢ БЕЗЕНИЎ БУЙЫМЛАРЫ

Қарақалпақ халқының ең әййемги киятырған бийбаҳа мийрасларының бири қара үй (ақ отаў) болып, оның үш түри бар: алты қанатлы, сегиз қанатлы, он еки қанатлы. Алты қанатлы үй жас шаңарақка арнап тигилген. Сегиз қанатлы үйде үлкен шаңарақлар көпшилик болып жасаған. Ал, он еки қанатлы қара үй орынлары мәсләҳәт төбелерге тигилип, ел ағалары бийлер кеңес қурған.

Қара үйдиң сүйеклери таяр болғаннан кейин оған безелетуғын затларын қояды. Мәселен: ақ басқур, қызыл басқур, көк қур, қызыл қур, дизбе, аяқ баў, ишки жанбаў, есик қаслар менен безеген. Ал, сыртқы тәрепинде түнлик, үзик, үзикке қосып тигилген ақ қур, шийлер, белбеўлер, арқан, есигине есик шийлер менен безетилген. Қара үй таяр болғаннан кейин ишине дәскелерин қойған. Мәселен: сандық, сабаяқ, шай сандықлар, мыс қуман, лаген, гүби шелек, керегелерге кергилер, қоржынлар илдирилген. Шеп тәрепинен төрде сандыққа жүклерин жыйнаған. Ең астына боқжама, оның үстине қурақ көрпе-төсеклерин жыйнаған. Сабаяқлар оң тәрепте есикке таман турып, онда азық-аўқатлар, ыдыс-табақлары сақланған. Сондай-ақ, керегелерге териден исленген шанашлар, қурақ кергилер де сән берип турған. Қара үйдиң сыртқы безеўлери: шийөңир, суўағар, шийесик, жезший, сыртқы жанбаў, ақ қур, белжип, бел арқан, бақалақ үзик, түңликтен қуралған.

Гилем тоқыў усылы менен исленген қара үй безеўлери оғада әжайып дөретпе болыў менен бирге үйдиң талапқа сай дурыс қурылып, беккем нық турыўына үлкен хызмет атқарған. Қара үйди безеўши қурлар негизинен екиге бөлинеди. Бириншиси, түкли нағыс пенен тоқылатуғынлар. Буларға: ақбасқур, белдеў, белжип, жанбаў, ийинбаў, суўағар, шийөңир, керги (айырымлары) киреди. Екинши түри түксиз палас усылында нағысланып тоқылған қурлар. Булар қызылбасқур, қызылқур, аққур, түркменқур, избе, дизбе ҳәм т.б.

Ақбасқур – булардың ишинде ең сәнлиси ҳәм үлкени. Оның ени 40 – 50 см, ал узынлығы 12 – 13 см аралығында болып келеди. Оны отаўдың шаңарағы көтерилип, уўықларының бәри шаншылып болғаннан кейин уўықтың сырт жағынан бүгилген жериниң тусынан нағысын ишке қаратып, тартып байлайды. Шыйратылған жип болып питкен ушлары үйдиң жақлаўларына байланады. Ири етип исленген қызыл, көгис реңли нағыслар уўықлардың арасынан көринип турады. Ақбасқурдың нағыслары ортадан баслап еки ушына қарап тәкирарлана береди. Бундай етип исленгени, үйде отырған адам қай жерден қараса да нағыстың үлкен бир бөлегин көриўге мүмкиншилик алады. Бул әййем заманлардан бери қәлиплескен көркемлик усыл белдеў, белжиплерде де қолланылады. Белжип ақбасқур қусап нағысы ишке қаратылып, бириктирилген керегелерди беккем етип тартып турады. Ал, белдеў болса керегениң сыртынан ший қапланғаннан кейин тап белжиптиң тусынан тартылады. Ол сыртта болғаннан кейин нағысы да сыртқа қарап турады. Булардың узыны, ени, нағыслары, реңи де бир-бирине уқсас. Бир айырмашылығы белдеў белжиптиң көп ғана майда нағыслары палас усылында исленеди.

Бизиң музейимизде ақбасқур, қызылбасқур, аққур, қызылқур, түркменқур, ийинбаў, жанбаў, қаршынның алды, есикқас, гилем, алашалар сақланбақта ҳәм олардың айырымлары көргизбе залынан орын алған.

Мине, усындай қара үйлер ҳәм оның безениў буйымлары ҳәзирги күнге шекем бийбаҳа алтын ғәзийне сыпатында қолланып, шет елли мийманлардың қызығыўшылығын оятатуғын буйым сыпатында көзге тасланады.

Әдебиятлар:

1. А. Алламуратов. «Мәңги мийрас». Нөкис, 1993.
2. А. Өтемисов. «Қарақалпақлардың өнер кәсиплери». Нөкис, 1991.

ЖУМАБАЕВА ГҮЛАЙЫМ

Қарақалпақстан Республикасы тарийхы ҳәм мәденияты мәмлекетлик музейиниң илимий хызметкери. Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

МУЗЕЙИМИЗ ТАРИЙХЫНАН

Қарақалпақстан Республикасы тарийхы ҳәм мәденияты мәмлекетлик музейи республикамыздағы пүткил халыққа белгили музейлерден болып, ол бир әсирге шамалас тарийхқа ийе. Бул музей Орайлық Азиядағы ең ески илимий-ағартыў мекемелериниң бири болып, ол ең дәслеп Қарақалпақстанның биринши пайтахты Төрткүл қаласында 1929-жылы бир неше онлаған экспонат пенен өз жумысын баслаған. Бул музейдиң дәслепки шөлкемлестириўшилери Н. А. Баскаков, Н. В. Торчинская, фольклорист алым Қаллы Айымбетовлар болып, олар музейди экспонатлар менен толықтырыўда аянбай хызмет етти. Бир әсирге шамалас дәўир ишинде музейимиз қарақалпақ халқының узақ тарийхый өтмишин, миллий мәдений мийраслары менен бир қатарда тәбийий байлықларын өзинде жәмлеген 80 мыңнан аслам экспонатқа ийе. Булардың арасында бийтәкирар экспонатлардан туран жолбарысы, XIX әсирдеги қарақалпақ халқының классик шайыры Бердақ Ғарғабай улының дуўтары, Бердақтың қызы Ҳүрлиман қыз бақсының қызыл киймешеги, Әжинияз Қосыбай улының ҳасасы, халық батыры Ерназар Алакөздиң дойыры ҳәм капительлерди мысал етип келтирсек болады. Бул экспонатлар қарақалпақ халқының тәкирарланбас үлгилери сыпатында келген тамашагөйлерде, әсиресе, шет елли мийманларда оғада үлкен қызығыўшылық оятады.

Музей тараўы еле де кеңейип, оған Мойнақ «Экология» музейи, «Арал тарийхы» музейи ҳәм Елликқала «Археология» музейлери филиал етип бекитилди. Музей бөлимлерине тоқтап өтетуғын болсам, олар тәбият-археология, этнография ҳәм жаңа тарийх бөлимлеринен ибарат.

Музей хызметкерлери илимий-изертлеў жумысларынан тысқары музейдиң тарийхы, оның жәмийетшилигимизде тутқан орны, әҳмийети ҳаққында Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан республикаларының газета-журналларында кең көлемли мақалалар жәриялаў, радиотелевидение арқалы көрсетиў, еситтириўлер, интервьюлар ҳәм үгит-нәсият жумысларын алып барып атыр.

Сондай-ақ, музейде көргизбелер ҳәм ҳәр қыйлы байрам сәнелерине, белгили инсанларға, тарийхый тулғаларға бағышланған кешелер, илимий конференциялар өткериў жолға қойылған. Музей фондларын экспонатлар менен толықтырыў мақсетинде Қарақалпақстан Республикасы Бажыхана Бирлеспеси менен бирге жумыс алып бармақта. Яғный, усы бажыхана бирлеспесинен Айғақлы зат ретинде алып қалынған тарийхый әҳмийетке ийе буйымлар музейге экспонат ретинде тапсырылмақта. Мәселен, Бирлеспе хызметкерлери тәрепинен музейимизге археологиялық табылмалар, ҳаял-қызлардың тағыншақлары, ата-бабаларымыздың услап тутқан буйымлары, ески пул бирликлери, сайғақлардың шақлары тапсырылып, музей фондларында сақланбақта.

Ҳәзирги ўақытта музей көргизбесин байытыў ҳәм ондағы миллий мийрасларымызды пүткил дүньяға танытыў ҳәм пүткил дүнья жәмийетшилигиниң дыққатын тартыў мақсетинде бир қатар жумыслар алып барылмақта. Музей экспозициясын заман талабына ылайықлы жаңа үскенелер, техникалық қураллар, 3D видео технологиялары, инфокиоскалар менен тәмийинлеў, музей тамашагөйлерине хызмет етиўдиң жаңа усылларын енгизиў арқалы музейди тек ғана Өзбекстан көлеминде емес, ал, шет еллерге, кең жәмийетшиликке таныстырыўды ҳәм усы арқалы елимиздиң экономикасын көтериўде өз үлеслеримизди қосыўды алдымызға мақсет етип қойғанбыз. Усы мақсетлеримизди әмелге асырыўда бир қатар жумысларды режелестирип атырмыз. Халқымыздың оғада бай ҳәм бийбаҳа мийрасларын қәстерлеп сақлап, оны келешек әўладқа жеткерип бериўде ҳәм дүнья халықлары арасында өз миллийлигимизди танытып, жәҳән цивилизациясында гиреўли орын ийелеўде биз музей хызметкерлери бүгинги күнде мәмлекетимиз тәрепинен жаратылып атырған бәрше шараятларға, имканиятларға сүйенген ҳалда аянбай мийнет етемиз ҳәм буны өзлеримиздиң миннетли ўазыйпамыз деп билемиз.

Әдебиятлар:

1. Архив материалларынан алынды.

НЫЗАНОВА ГҮЛНАЗ МУРАТБАЕВНА

Қарақалпақстан Республикасы тарийхы ҳәм мәденияты мәмлекетлик музейи этнография бөлими баслығы. Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

ҚАРАҚАЛПАҚ ХАЛҚЫНДА ТЕМИРШИЛИК ӨНЕРИНИҢ РАЎАЖЛАНЫЎ ТАРИЙХЫ

Ҳәр қандай халықтың өзине тән белгили дәрежеде өнери болған. Себеби, ҳәр қандай елдиң жасаў шараяты, дәстүри өзлерине тән өнерди талап етеди. Өнердиң раўажланыўы ушын халықтың социаллық жағдайлары да әдеўир тәсир жасайды.

Қарақалпақлар бурыннан-ақ аграр ел болған. Олар көбинше дийқаншылық, мал шарўашылығы ҳәм аңшылық пенен шуғылланған. Соның менен бирге, турмыс талабынан келип шығып ҳәр қыйлы кәсип түрлери де раўажланған. Булар: усташылық, гүлалшылық, зергерлик, жуўазшылық, темиршилик, шойыншылық, бөз тоқыў, кесте тигиў ҳ.т.б. өнерлери халықты зәрүр затлар менен тәмийинлеп келген.

Өнерментшилик халық тараўына тығыз байланыслы болғанлықтан, оғада узақ дәўирлерге барып тақалады. Адамлар күнделикли турмыста өнерментлер жаратқан буйымларды бир неше әсирлерден бери пайдаланып киятыр. Дәўирлердиң өзгериўи менен айырым буйымлар сыртқы келбетин өзгерткени менен миллийлигин жойтпаған ҳалда заманға ылайық гөззаллыққа уйғынластырылып даўам ете береди. Айырым түрлери болса әўладтан-әўладқа мийрас болып, бизиң дәўиримизде де әҳмийетин жойтқан жоқ.

Усы өнерментшиликтиң түрлериниң ишинде көп күш ҳәм уқыпты талап ететуғын түри темиршилик кәсиби болып табылады. Бул кәсип, әсиресе, XIX әсирде ҳәм XX әсирдиң басында жоқары дәрежеде болған. Темир усташылық өнери ең көп тарқалған өнер түри болып, ол тек халықты турмыс затлары ҳәм аўыл хожалық қураллары менен ғана емес, ал, басқа тараўларды да зәрүрли буйымлар, қурал-сайманлар менен тәмийинлеп келген.

Металлдан ҳәр қыйлы буйымлар ислеў қарақалпақларда бурыннан бар кәсиплерден есапланады. Археологиялық изертлеўлер менен этнографиялық материаллар Әмиўдәрьяның төмениндеги халықларда темир усташылықтың бурыннан бар екенин, оның жоқары дәрежеде раўажланғанын дәлиллейди.

Бизиң эрамыздың VI – VIII әсирлерине тийисли темир еритиўши печлердиң қалдықлары Султанўайс таўының етеклеринен, Күйикқаладан табылған. Ал, жыйналған дала материаллары болса XIX әсирде XX әсирдиң басында қарақалпақ аўылларында темир усташылық жоқары дәрежеде раўажланғанын көрсетеди. Жасы үлкен ағайлардың ҳәм темирши усталардың айтыўына қарағанда, темирдиң пири ҳәзирети Даўыт өзбеклерге де, қарақалпақларға да темир усташылықты бирдей ўақытта берген екен. Қарақалпақларда 7 ата, ҳәтте, 12 атадан берли темирши уста болып киятырғанлар да ушырасқан. Темирши усталардың арнаўлы устаханалары (дүкәны) болған. Олар өз алдына қара үйде болған ямаса устахана ушын арнаўлы жай салған. Соның менен бирге, айырым темирши усталар ашық аспан астында жумыс ислеген. Темирши усталар көпшилик жағдайда өз аўылының яки өз руўының, гейде қоңсы аўыллардың мүтәжин питкерген. Мийнети ушын затлай ҳәм ақшалай есапласқан. Аўылларда темирши устаның ҳақысы зүрәәт жыйнап алынғаннан кейин берилген. Қалалы темирши усталар ислеген өз затларын жергиликли базарда сатып, ақшалай алған. Усының менен бирге, аўылда жасаған айырым усталар соққан затларын тиккелей устаханасында дәнге, жүнге алмастырған. Орта Азияның басқа халықлары сыяқлы, қарақалпақларда да темир усташылық «пирли» ис деп есапланған. Темирши устаның устаханасы дүкән деп аталған. Дүкән кийели болады деп, дәстүр бойынша устаханаға ҳаял ямаса бала кириўге, устаға ямаса оның қуралы туўралы жаман гәп айтыўға, устаханаға дәрет алмай кириўге, устаның қуралын патас жерге қойыўға, соққан затты питкермей бериўге болмайтуғын болған. Темирши усталарда белгили мийнет тәртиби болған, олар оны қатаң сақлаған. Жумысқа кирисиўден алдын темирши уста қудайға сыйынған, Ҳәзирети Даўыттан мийрим-шәпәәт, истиң оңға басыўын сораған. Буннан кейин барып ол өз жумысына кирискен.

Темирши устаның ең тийкарғы қуралының бири көрик болған. Көриктеги темирди қыздырыў ушын көмирден тысқары ерик, жийде уқсаған қатты ағашлардан пайдаланған. Темиршилер соққан буйымларының сыпаты менен мақтанған. Олардың соққан шегелери менен бел ҳәм кетпенлер сапланғанда, шеге белдиң сабын беккем услап туратуғын болған.

Устаханада темирши уста шәкирти менен бирге ислеген. Қалалы темирши усталардың дүкәны көбинесе базарда болған. Ал, айырым усталар бир өзи ислеген. Шәкиртликке 12–13 жаслы балаларды алған. Шәкирт уста болып шығыўы ушын 5–10 жыл ўақыт кеткен.

Темирши қолынан дөреген буйымларға ҳеш ўақытта да талап азаймаған. Олар соққан буйымлар ҳәр бир хожалықта болған. Отқа тапланып, шөккишке ийленген бул қыйлы-қыйлы буйымлар мудамы өз қарыйдарларына ийе болып келген. Ҳәзирги ўақытта темирши усталарымыз заманагөй көриклерде ҳәм станокларда дийқаншылық тараўында техниканың бузылған, сынған жерлерин қайта ислеў ҳәм аўыл хожалығында қолланылатуғын әсбапларды ислеў менен шуғылланбақта.

Қарақалпақстан Республикасы тарийхы ҳәм мәденияты мәмлекетлик музейи экспозициясында темирши устаханасының макети қойылған болып, ол темирши устаханасының сол дәўирдеги көринисин көз алдымызға келтиреди. Макетте темирши уста өз шәкирти менен жумыс ислеп атырғаны ҳәм темирши устаханасының, оның қолланған қураллары, ислеген буйымлары көрсетип берилген. Сондай-ақ, витринада темирши устаның ислеген буйымлары орын алған болып, сол дәўирде исленген ҳәм бизиң дәўиримизге шекем келип жеткен бул буйымлар музейге келген тамашагөйлерде өзгеше қызығыўшылық туўдырады. Себеби, бул буйымлар ҳәзирги дәўирде қолланыўдан шыққан ямаса жаңаша көриниске ийе болған. Мысалы, витринадағы пәкилер сол дәўирде қолланылған болып, оны темирши уста полаттан ямаса темирден ислеген. Оны ислеўде темир ямаса полатты қыздырып, керекли формаға келтирген. Соң оны бир рет таплап, жүзин қайрақ тас пенен егеген.

Буннан басқа музейдиң этнография фондында бир қанша темирши устаның ислеген буйымлары ҳәм қолланған қураллары сақланбақта. Олар көргизбе өткериўде ҳәм сол өнердиң тарийхын үйреniўде әҳмийетли болып есапланады.

Әдебиятлар:

1. Мәмбетов К. Қарақалпақлардың этнографиялық тарийхы. Нөкис.: «Қарақалпақстан», 1995.
2. Өтемисов А. Қарақалпақлардың өнер кәсиплери. Нөкис.: «Қарақалпақстан», 1991.

ҚАРАЖАНОВА ЗИЯДА

Қорақалпоғистон Республикаси тарихи ва маданияти давлат музейи етакчи мутахассиси.
Ўзбекистон, Қорақалпоғистон, Нукус

ҚОРАҚАЛПОҚ КАШТАЧИЛИГИНИНГ АСОСИЙ ТУРЛАРИ

Қадимдан қорақалпоқлар ярим кўчманчи қиёфасини бошқариб келган. Шаҳар ҳаёти кириб келгунига қадар уларнинг кундалик ҳаётида ўзига хос хусусиятлар сақланиб қолган. Қорақалпоқ халқ каштачилигининг ўзига хос хусусиятларидан бири шундаки, нақш ва нақшларнинг турли хил нақшларидан кийим ва уй-рўзғор буйимларининг ҳар хил турлари ва мақсадларини безашда фойдаланилади. Каштачиликда геометрик шакилларни афзал кўришади. Нақшни чизиш учун икки хил мато бўлган: пахта матоси (бўз) ва фабрика матолари. Бўз матони оқ жегде, оқ киймешек олди, кўк кўйлак, женгсе, женгуш, от ойил, жаурынша, шайқалталарни кашталаш учун асос бўлиб хизмат қилган. Урф-одат бўйича қорақалпоқ ҳунармандлари каштачиликни аввал нақш солмастан, кўз билан тикган.

Каштачилик, кўк кўйлак, женгсе ва женгуш учун худди шу бўз матони тўқ кўк рангга бўялган. Бўяш учун сотиб олинган бўёқ ва маҳаллий ўсимликларнинг илдизлари аралашмаси ишлатилган.

Қорақалпоғистоннинг йирик қишлоқлари ва шаҳарларида, шаҳар аҳолиси ва овуллар оҳалисининг буюртмаларини бажарадиган бўёқчилар бор бўлган. Қорақалпоқлар шунингдек, қизил киймешек, женгуш учун қизил ва қора мато сотиб олишган. Кўпинча (қизил киймешек, женгсе ва женгуш кашталарида) нақшнинг бир хил ўлчамлари ва симметриясини сақлашга имкон берадиган текис тикув чизиғи чизилган. Бу сув тарту, салма-суволиш, суғориш арықчасини чизиш деб номланган. Сунгра бази аёллар бу чизиқни безак сифатида қабул қилиб «сувнақш», «салманақш», «сичқониз» нақш деб ном берган. [1]

Каштачиликнинг ҳарбир тури учун ўзига хос тикувлар, шунингдек, безак тасвирларининг маълум бир дунёси мавжуд. Бази безаклар ҳархил турдаги кийимга ўтказилган бўлса ҳам ҳар доим бир хил услубда бажарилган.

Қорақалпоқ миллий либосларидаги безак нақшларининг таҳлили. Қорақалпоқ миллий нақшлари – минг йилликлар тили, у қадимги амалий санъат турларининг ичида энг қадимгисидир. Нақшлар қадимги ёши улуғлар каби халқ донолиги, инсоннинг дунёга келган дастлабки кўзқарашлари, унинг сеҳрлилиги табият кучларига таъсир кўрсатувчи даслабки қадамлар ҳисобланади. Енг кўп қўлланилган геометрик формалар (крест, тўртбурчак, ромб, айлана) пиктографик нақшлар сингари шартли белгилар, осмон қуёш сифатида тенг олиниб, муқаддас маънога эга бўлиб келган. Қорақалпоқ халқининг XIX–XX аср бошларига тегишли кашталаридаги нақшлар ҳайвонот ва ўсимлик дунёси, геометрик мотивлардан иборат. Бу нақшлар қорақалпоқ қадимда ота-боболари маданиятига тегишли символлар дунёси бўлиб келган. Зооморф мотивлар қадимги замонлардан буён қўлланилиб, ҳайвонот стили (буғи, қўчқор, туя, қўй, қарға ва ҳоказолар) шу каби ҳайвонларнинг айрим қисмлари олиниб кашта нақшларида тикилган. Масалан: шохлари, боши, оёқлари стилизация қилиниб кашта нақшларида қўлланилган. Ҳар хил турли нақш мотивлари яратилган, турли кўринишдаги муйизлар (қошқармуйиз ва ҳоказо) ғарғатырнақ, ғарғатуяк, туйетабан, ғазмойын, қумырысқабел ва ҳоказолар. Ромб, квадрат ва крестлар навбатма-навбат маълум сонлар билан такрорланиб келади. [1] Қорақалпоқ нақши ўзида дастлабки асосларини сақлаб қолган қимматли тарихий материал сифатида уни яратган халқнинг этник тарихи ва этногенезисини ўрганишида жуда муҳим манбаа бўла олади. Шу боисдан хам уни «тасвирий фольклор» деб аташади. Қорақалпоқ аёл-қизлари тўйларда, байрамларда каштачилик билан бежирим безатилган кўк кўйлак, қизил киймешек кийимларини кийишган.

Қизил киймешекнинг олд тарафи ўртасидаги узун энли жияк нақшларини кўп марта ўлчаб кўриш натижасида аёллари кўйлаги олди ўртасидаги каштада эни қўйдагича нақшлар қўлланган. Кауаша ёки йирик гулнақшли жиякни кўйлакларда бошқа безакларга қараганда кўпроқ қўлланган. Яна бир қизиқарли жиҳати шундаки, қизил киймешекнинг олд тарафи безаклари тузилиши муайян тартибга асосланиши билан худди «ҳаёт дарахти»га ўхшайди. У вертикалига «учлик»ни ҳаётнинг пайдо бўлиши, ривожланиши ва тугалланишини ифодалайди. Киймешекнинг пастки қисмидаги безакларда ер ости дунёси билан боғлиқ жонзотлар қурбақа, илон, чаён, ўргимчаклар тасвирланган бўлсада, лекин унда сув, зооморф, ўсимлик мотивлари ва ердаги ҳаёт билан боғлиқ белги-рамзлар кўпроқ кўрсатилган. Айни мотивлар қизил киймешекнинг олд томони ён тарафларини безашда ҳам қўлланилган. Кўйлакнинг олд тарафи ўртасидаги энли қора жияқдаги шакллар турлича бўлсада, уларнинг барчасидаги нақшлар бешик шаклини ёдга солади. Кўйлакнинг олд тарафи ўртасида тикилган энли узун қора жияк нақшлари эса, келиннинг қайси қабиладан еканлигини билдирувчи ўзига ҳос маълумотнома саналади. Ундаги бешик шаклидаги нақшлар эса дунёга келадиган келгуси авлоднинг рамзи ҳисобланади. Қизил киймешекнинг олд тарафи ўртасидаги энли узун жияк нақшларида аёлнинг ижтимоий мавқеини кўрсатадиган белги ҳам акс эттирилган. Қорақалпоқ санъатидаги безаклар маънолари тахлили шундан далолат берадики, қушлар, ҳайвонлар, ўсимликлар тасвири, геометрик шаклларда ифодаланган барча нақшлар ҳимоя воситаси вазифасини бажарган. Уларнинг барчаси юксак даражада тасвирланган бўлиб, нақш турлари умумий образини ўзида мужассамлаштиради ҳамда узоқ тарихий жараёнда шаклланган маҳаллий анъаналарини ифода этади. Безак нақшлари кишиларнинг табият тўғрисидаги тасаввурини акс эттирувчи образлар ва белгилар тизимини ҳамда уларнинг у билан боғлиқ дунёқарашини, эстетик дидини намоён этади.

АЙНАЗАРОВА ИНДИРА

Қарақалпақстан Республикасы тарийхы ҳәм мәденияты мәмлекетлик музейи көшпели көргизбе бөлим баслығы. Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

ЗАРДУШТИЙЛИК ДИНИ ТАРИЙХЫНАН

Дин әзелден инсан руўхый дүньясының ажыралмас бөлеги сыпатында адамзаттың жоқары идеялары, ҳақ ҳәм ҳақыйқат, инсап ҳәм әдалат ҳаққындағы арзыў-әрманларын өзинде жәмлеген, оларды турақлы қағыйдалар түринде беккемлеп киятырған идея ҳәм көзқараслардың тутас бир системасы екенлиги бәршемизге жақсы мәлим. Әсиресе, көп әсирлер даўамында ҳалқымыз қәлбинен терең орын алып, өмирдиң мазмунын аңлаў, миллий мәдениятымыз ҳәм турмыс қәлпимизди, қәдириятларымыз, үрп-әдет дәстүрлеримизди өлмейтуғын етип сақлаўда муқаддес динимиздиң күдиретли фактор болып киятырғанын айрықша атап өтиў тийис. Усы орында тарийхқа нәзер таслайтуғын болсақ, буннан үш мың жыл бурын ҳәзирги Хорезм аймағында китап сыпатындағы – зардуштийлик дини пайда болды. Бул динниң тийкарын салыўшы Зардушт Сепитома дин тәлийматшысы, философ, шайыр ҳәм тәбияттаныўшы алым болған. Диний раўаятларға қарағанда, Зардушт Наўрыз күнлериниң биринде руўханыйлар басшылығында муқаддес ишимлик – «ҳаома» таярламақшы болған. Усы мақсетте ол ерте таң пайытында дәрьядан суў алып келиў ушын дәрья жағасына барған. Суў алып болғаннан кейин сол ўақытта Зардуштың көзине жағада турған жарқыраған сағым – Воҳумана көринеди ҳәм оның сыйқырлы нурына қарай жүреди. Зорға дегенде ол уллы дәрежели қудай Ахурамазданың алдына барады.

Ахурамазда пүткил тиришиликти жаратқан Қудай таала екенлиги ҳаққындағы өзиниң хабарын билдириў ушын адамлар арасынан Зардуштты таңлап алғанлығын айтады. Бул ўақытта Зардушт 40 жасқа толған еди. Сол күннен баслап Зардушт Ахурамазда динииниң пайғамбарына айланады. Енди ол өз қәўимлери арасында динин халық арасында үгит-нәсиятлай баслайды. Усындай жол менен жаңа дин – зардуштийлик дини пайда болады.

Зардуштийликтиң муҳаддес китабы «Авесто» деп аталып, бул қарақалпақ тилинде «шешиўши түрде орнатылған нызам қағыйдалар» деген мәнисти аңлатады. Авесто ата-бабаларымыздан киятырған өмирге жол көрсеткиш мийрас есапланып, буннан үш мың жыл бурын бизиң үлкемизде пайда болған уллы мәденият, жоқары руўхыйлық тийкарында дүньяда биринши рет жақсылық ҳәм жаманлықтың, мийримлилик пенен жаўызлықтың, билимлилик пенен наданлықтың адамзат раўажында әҳмийетин көрсетип берген шарапатлы китап. Бул инсаниятты ақыллandырған мийрастағы ағартыўшылық түсиниклер, көзқараслар, дүньяға «Илим нурының Шығыстан тарағанлығын», соның нәтийжесинде бул китап Шығыс билиминиң тийкары ғана емес, ал, батыстағы еллердиң ҳәр қыйлы илимлериниң раўажланыўына жәрдем еткен. Бизиң ата-бабаларымыздың даналығынан, ақыл-уқыбынан, әсирлик тәжирийбесинен дөреп, он еки мың өгиз терисине алтын сыя менен жазылған бул отыз еки китапты: олардың әдеп-икрамлылығының жоқары дәрежеси, руўхый күшиниң беккемлигиниң дереги деп есаплаймыз. «Авесто» ҳаққында уллы бабамыз Абу Райхан Беруний өзиниң «Өткен халықлардан қалған естеликлер» атлы китабында төмендеги сөзлерди жазып қалдырған:

«Патша Дара ибн Дара ғәзийнесинде 12 мың қара мал терисине алтын менен жазылған бир нусқа бар еди. Искендер от ханаларды ўайран қылып, оларда жумыс ислеўшилерди өлтирген ўақытта оны күйдирип жиберди. Соның ушын Авестоның 3/5 бөлеги жоғалып кетти». «Авесто»ның сақланып қалған бөлими төрт китапты қурайды. Олардың биринщиси «Вадавдат» (Вендидат) деп аталады. Ол 22 баптан ибарат болып, қудай Ахурамазда менен пайғамбар Зардуштың сораў-жуўаплары ҳәм бир-бири менен дийдарласыўларынан ибарат. Екинши китап болса, «Ясна» деп аталады. Оның мазмунын, тийкарынан, Зардуштың хатлары қурайды. Үшинши китап «Виспарт» деп аталған болып, ол 24 баптан турады. Оның мазмунын әлемди билиўге тән пәнду-нәсиятлар қурайды. Соның менен бирге, бул пәнду-нәсиятлар ибадат намазларының жыйындысы деп те аталады. Төртинши китап «Бундахаш» (Яшта) деп аталады. «Бундахаш» Ахурамазданы

залым күшлерге қарсы гүресте улығлаўшы 22 қосықтан ибарат. Бул жерде соны да айтыў керек, яғный, Искендер «Авестоның» астрономия, философия ҳәм медицинаға тийисли бөлимлерин грек тилине аўдарған. Сонша қыян-кести заманға қарамай бул тарийхый мийрас, алтын ғәзийне, жүдә узақ жоллардан қыйын сынаўлардан, аўыр қысыўметлерден өтип бизиң күнлеримизге жетип, өзлигимизге қайтқан. Биринши Президентимиз И.А.Каримов бизиң елимизге, «ким қылыш пенен кирип келсе, сол биринши рет усы теңи-тайы жоқ китапты жоқ етиўге урынған,–деп айтып өткен еди. Солай етип, халықты оның тарийхынан ҳәм ядынан айырғысы, оның ерк-ықрарын басып таслағысы келген». Нәтийжеде, зорлық, заман қыяметлери, халықлардың тынышсызлығы, үзликсиз жаўгершиликлери, халық билген ҳәм дөреткен «Авесто» китабының тилин «өли» тиллердиң қатарына айландырған. Кейин ала, ғәрезсизлик нәтийжесинде бул муқаддес китаптың өзимизге қайтып, оның Хорезмде 2700 жыллығының пүткил дүнья жүзи жәмийетшилигиниң белгилеўи, бүгинги күни оның инсаниятты руўхый-мәдений турмысының ажыралмас бөлеги ҳәм тәрбияның қуралына айланғанлығы оны дөретиўшилердиң әўладлары болған бизлерди де сөзсиз шадландырады. Соны да айтып өтиўимиз керек, ҳәзирги күнде Қарақалпақстан Республикасы тарийхы ҳәм мәдениети мәмлекетлик музейиниң археология экспозиция залында зардуштийликке тийисли болған экспонатларымыз сақланып келмекте. Атап айтатуғын болсақ, Қойқырылғанқаладан, Топыраққаладан, Токқаладан табылған оссуарийлер буның айқын мысалы. Айтайық, Токқаладан табылған оссуарийде «Авесто»ның Вандидат китабының алтыншы бөлиминдеги тапсырмаларға сәйкес тас ямаса алебастрдан исленген. Токқала, Миздакхан естеликлеринен табылған оссуарийдағы ийтлердиң сүйеклери, дийўалларда салынған олардың сүўретлери, зардуштийлик дининде ийтти кәраматлы деп есаплап, олардың өлими адамлардың өлими менен бир турғанлығының гүўасын береди. Зардуштийликтиң дәстүри бойынша өлген адамлардың сүйеклерин етинен айырыў ушын өлини ўақытша таслап коятуғын орын болып, бул Әмиўдәрьяның оң тәрепиндеги Шылпық естелиги. Соның менен бир қатар, бундай хызметти атқаратуғын қурылыс Әмиўдәрьяның шеп жағасындағы Қубатаў ҳәм Миздакхан қаласынан да табылған. Зардуштийликтеги отқа табыныўдың айрықша орын алғанлығынан пайда болған от храмлары Айбүйир қаласынан, Жамбасқаладан, Топыраққаладан табылған. Олардың бир өжиресиниң ортасында дөңгелек сахнада арнаўлы темирден исленген әтөштенде «өшпейтуғын от» жанып туратуғынлығы анықланған. Усындай қубылыс Әмиўдәрьяның сол жағасындағы Миздакханның қасындағы Геўир-3 храмынан да табылған. [2] Бундай зардуштийликке тийисли тарийхый орынлар Қарақалпақстанның көплеген аймақларынан табылған. Келешекте илимпазларымыз өтмишимизди баян ететуғын тарийхый жаңа орынларды ашып, тарийхымызды байытыўға, мәдений естеликлеримиздиң санын көбейтиўге ҳәм қайта тиклеўге, келешек әўладқа жеткерип бериўге өз күш-ғайратларын қосады деген үмиттемиз.

Әдебиятлар:

1. У. Т. Жураев., И. С. Сайджанов. «Дүнья динлери тарийхы». Нөкис–2003-жыл. «Қарақалпақстан» баспасы.

2. Ж. Базарбаев. «Миллий идея – бизиң идеямыз». Нөкис – 2003-жыл. «Билим» баспасы.

ДАЎИРХАНОВА ИЛЬМИРА

Қорақалпоғистон Республикаси тарихи ва маданияти давлат музейи табиат ва археология бўлими бошлиғи. Ўзбекистон, Қорақалпоғистон, Нукус

ҚЎЙҚИРИЛГАН ҚАЛЪА РАСАДХОНАСИ

Қўйқирилган қалъа Қорақалпоғистон ҳудудида бундан бир неча минг асрлар аввал ўзининг аниқ лойиҳа бўйича қўрилганлиги архитектураси билан жаҳонга машҳур қадимий қалъаларнинг бири.

Қўйқирилган қалъа қадимги Хоразм воҳаси, ҳозирги Қорақалпоғистон Республикасининг Тўрткўл тумани Калтаминор қишлоғида жойлашган. Қўйқирилган қалъа 1951–1957-йилларда Москвадаги Миклухо-Маклай номидаги Этнография институти Хоразм экспедицияси раҳбари, академик, профессор С. П. Толстов ва академик Яҳе Ғуломовлар томонидан қазиб ўрганилган, улар тарих учун жуда муҳим маълумотлар берган. Қўйқирилган қалъа нафақат бизнинг воҳада, балки, жаҳонда аниқ лойиҳа бўйича архитектура асосида лой пахса ва хом ғиштдан қурилган энг қадимий қалъалардан биридир. Қалъа цилиндрсимон айлана шаклидаги уч қатор баланд девор билан ўраб олинган бўлиб, унинг марказий қисми икки қаватли ҳукмдор саройи ва расадхонадан иборат бўлган. Қалъада беморларни даволайдиган шифохона, айниқса талабаларга дарс бериш хоналари, лаборатория бўлганлиги алоҳида маънони билдиради. Археологлар бу хоналар деворларига математик, тригонометрик, геометрик формулалар, жумладан, косинус теоремаси формуласи ёзилганини аниқлаганлар. Қўйқирилган қалъада расадхона бўлганлигин С. П. Толстов ҳам ўз китобларида қисқа маълумотлар бериб ўтган. Айниқса 1967-йили «Наука» нашриётида босилган «Қойқрылган-кала» китобида бу расадхона ҳақида батафсил ва жуда аниқ маълумотлар берилган. Юртимизда расадхона пайдо бўлганлигининг ўзига хос сабаблари мавжудлиги ҳақида сўз юритамиз.

Қуёш, Ой, юлдузлар вақтни, яъни йил, ой, кунни ҳисобловчи асосий табиий воситалар эканлигини, бир сўз билан айтганда, коинот қонуниятлари ўртасида ва Ердаги табиат қонуниятлари ўртасида узвий алоқа борлигини қадимдаёқ аждодларимиз чуқур ўргатганлар ҳамда бу борада пухта билимга эга бўлганлар. Шундай бир даврда нафақат коинотдаги ва табиатдаги, ҳаттоки жамиятдаги ўзгаришларни аниқ ҳисоб-китобини юритиш учун ҳам тақвим Қуёш нуридек зарур бўлиб қолган. Айниқса, деҳқончилик ва ирригациянинг пайдо бўлиши экинларини экиш, ҳосилни йиғиб-териб олиш вақтини аниқлаш учун йил, ой, кун ҳисобини аниқ билишга интилиш расадхонага бўлган эҳтиёжни келтириб чиқарган. Кейинчалик чорвачилик, ҳунармандчилик ва турли халқлар ўртасида савдо-сотиқнинг кенгайиши тақвимга, расадхонага бўлган эҳтиёжни янада тезлаштирган. Энди Қуйқирилган қалъа расадхонаси ҳақида археологлар, тарихчи ва астроном олимлар берган маълумотларга эътибор берсак. Цилиндрсимон, айлана шаклидаги бинонинг 6–7 метр қалинликдаги деворларига ўрнатилган махсус деразалар тепага йўналтирилганлиги, пастки қаватда турган астроном-кузатувчига осмоннинг маълум қисмини кўриш имконини берган. Қўйқирилган қалъа деразалари қурилиши астрономик кузатишлар учун мослаб шундай жойлаштирилганки, улардан фақат учтаси–шарқий, жануби-марказий ва ғарбий деразалар радиал йўналишда жойлаштирилган. Қолган тўрт дераза айлана шаклидаги бинода жанубий радиусга параллел, худди квадрат шаклидаги бинодагидек жойлаштирилган. Бу ҳолат шимолий-ғарбий, шимоли-шарқий, жанубий-ғарбий, жануби-шарқий йўналишларда астрономик кузатиш олиб бориш имконини берган.

Қуйқирилган қалъадаги асосий кузатув воситалари, бу ўз даврининг буюк ихтироси квадрант ва устурлоб каби расадхона асбобларининг бўлганлигидир. Квадрант доиранинг тўртдан бир бўлаги шаклида бўлиб, осмон жисмлари баландлигини ўлчайдиган қадимий астрономик бурчак ўлчаш асбоби бўлган. Яъни, устурлоб астрономик кенглик ва узунликни ўлчайдиган қадимги бурчак ўлчаш асбобидир. Археологлар Қўйқирилган қалъадан шу расадхона асбобларининг 42 та синиқ парчаларини топишган. Улардан 8 таси ўрганишга яроқли бўлган, бошқа қисми жуда майдаланиб кетган. Археологлар расадхонанинг яроқли синиқ парчаларидан 6 тасини таъмирлаб, реконструкция қилишган, яъни, қайта тиклашган.

«Қўйқирилган қалъадан» китобида (259 бет) муаллифлар – М. Г. Воробёва, М. М. Рожанская ва Н. И. Веселовскийларнинг мақоласида Қуйқирилган қалъадан топилган расадхона диски кўриниши, айниқса, ундаги тиргонометрик-астрономик ҳисоб-китобларга асосланиб ишланган тасвирлар ҳамда ички айлананасининг саккизга бўлингани худди Мисрдаги Дендер ибодатханаси ёнидаги расадхонадан топилган дискни эслатиши таъкидланган. Бу икки топилма таққослаганда, улар айнан бир хил схемада ишланганини кўрсатиб ўтилган. Бу маълумотлар қадимги Хоразм ва Миср ўртасида ҳам яқин алоқа бўлганлигини ҳамда уларнинг тарихий тараққиёт даври ҳам бир-бирига жуда яқин бўлганлигини кўрсатади. Қуйқирилган қальада ҳақиқатан ҳам расадхона бўлганлигин тўлиқ тасдиқлайди. Ўз-ўзидан аёнки, жуда қадим даврдаёқ юртимизда математика, геометрия, тригонометрия, астрономия, астрология, физика каби фанлар ниҳоятда ривожланган,

чунки расадхона фаолияти билан боғлиқ бу фанлар шу даврдаёқ мавжуд бўлганлигини тасдиқлайди.

Қорақалпоғистон Республикаси тарихи ва маданияти давлат музейининг экспозиция залида ва археология фондида тарихимизни гавдалантирадиган бир неча асрлардан бизгача етип келган археологик қалъаларнинг макетлари ва улардан топилган бебаҳо ашёлар жой олган. Экспозициямиздаги Қўйқирилган қаъла макети ва унда топилган тегирмон тоши, қизил лойдан ясалган буюмлар ва оссуарийлар музейга ташриф буюрган томошабинларга уша даврдаги буюк аждодларимиз илм-фан, юксак маданият билан бирга ўзига хос қурилиш, меъморчилик ривожланганлигин кўриши мумкин.

Адабиётлар:

1. Толстов С. П., Вайнберг Б. И. М. Памятник культуры древного Хорезма. «Наука», 1967.
2. Исмоилов С. Нурли Ўзбекистон – жаҳон цивилизацияси ватани. Тошкент, «Янги нашр», 2011.

МАТКАРИМОВА ГУЛЬЧИЙРА ХУДАЙБЕРГЕНОВНА

Қарақалпақстан Республикасы тарийхы ҳәм мәденияты мәмлекетлик музейи бас қәнигеси.
Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

НӨКИС АТАМАСЫНЫҢ КЕЛИП ШЫҒЫЎЫ

«Ҳәр бир ҳалық өз елиниң, ҳалқының тарийхын, келип шығыўын тереңнен изертлеўи керек, өз тарийхын толық үйренип билмеген елдиң келешеги жоқ» – деген еди Биринши Президентимиз И. А. Каримов. Демек, ҳалқымыз келешекке үлкен үмит-исеним менен жасаўы керек. Ҳақыйқатында да, тарийхымызды терең билиў ушын жазба дереклерден көп үйрениўимиз керек. Сонлықтан, Қарақалпақстан жеринде ең әййемги дәўирлерден баслап археологиялық изертлеўлерди кеңнен жүргизиў, қала мәдениятын ҳәм қурылысын жазба тарийхый дереклерден терең үйрениўге итибарды күшейтиўимиз керек. Өтмиштеги тарийхымызға нәзер таслай отырып, республикамыздың пайтахты – Нөкис қаласының пайда болыў дәўири қайсы ўақытларға туўра келеди, қала не ушын «Нөкис» деп аталған деген сораў ҳәр биримизде пайда болады.

«Нөкис» атамасы өзиниң раўажланыўында узақ ўақытты қамтыйтуғын ең әййемги қонысланыў, пайда болыў дәўиринен тартып тап бизиң эрамызға дейинги IV – III әсирден басланады. Қонысланыў тарийхын изертлеўдиң дәслепки басқышларын көрсететуғын бирден-бир дерек археологиялық изертлеў мағлыўматлары болып табылады. Сөзимиздиң дәлили ретинде Нөкис қаласының арқа-батыс тәрепинде жайласқан әййемги «Шорша» қаласының археологиялық изертлениўин келтирип өтемиз. Усы археологиялық объектти илимий жақтан изертлеў жүдә қыйын. Себеби, ҳәзир оның аймағында қойымшылық толық жайласыўына байланыслы изертлеў жумыслары шекленген, ҳәтте, ол әййемги қурылыслардың излерин жоқ етип жиберген. Қаланың аэрофотогеодезиялық жоллар менен түсирилген сүўретлерин изертлеў нәтийжесинде бул жерде салынған қорғаныў дийўалларының бар екенлиги, оның тәреплери 50 – 60 метр болып, ал майданы 0,25 – 0,30 гектарды ийелеген қорған болғанлығы анықланған. Археологиялық изертлеў нәтийжесинде қорғанның ишинде қаланың жақсы сақланған мәдений қатламының болғанлығы мәлим болды. Археологларымыз тәрепинен қойымшылық орынларын қазғанда топырақтың қатламларынан ҳәр қыйлы гүлалшылық буйымларының сынықлары табылған. Бул буйымлардың өмир сүриў дәўири бизиң эрамызға дейинги IV әсирден бизиң эрамыздың IV әсирлериниң аралығы деп табылды. Бул фактлер болса, гүлалшылық буйымларының қалдықларын изертлеў, оның раўажланыў басқышларын көрсетиў мүмкиншиликлерин береди. Ең әййемги басқыштан бизиң эрамызға дейинги I әсирге ҳәм бизиң эрамыздың I әсирине тән дереклер естеликтен табылмады. Бул қалада усы дәўирде адамлардың жасаўын, тиришилик етиўиниң үзилиске түскенлигин билдиреди. Ҳәзирги ўақытта тарийх илими ийе болған барлық археологиялық дереклерге қарасақ, «Шорша»ны қорған қала сыпатында белгилеў мүмкиншилигине ийе боламыз. Ол әййемги Хорезм

мәмлекетиниң арқа-батысындағы қорғанлардың бири болып, тек шегараны қорғаў емес, ал, Әмиўдәрья арқалы суў жолы қатнасында қадағалап турған. Ҳәзирги Нөкис районы аймағында жайласқан Төктаўдағы қала да, усы сыяқлы қорғанлардың бири болған. Қазыў-изертлеў жумысларының нәтийжесинде оның шегара қорғаны екенлиги ҳәм ләшкерлер тәрепинен қорғалып турылыўы айтылған. Нөкистиң[1] аймағында орта әсирлерде жасаған адамлардың турмысының қандай болғанлығы ҳаққында мағлыўматлар күтә аз. «Шорша» қаласы жайласқан орында орта әсирге тән гүлалшылық буйымларының, қурылыс қалдықларының табылғанлығы ҳаққында дереклер бар. «Шорша»ға жақын жердеги жергиликли ҳалық арасынан этнографлар жыйнаған мағлыўматлар бойынша онда жақынға дейин дийўаллар менен минаралардың қалдықлары сақланып келгенлиги мәлим. Этнографлардың болжаўы бойынша, олар қарақалпақтың «Нөкис» руўы жасаған қоныс орнында орта әсирдиң ақырында сақланған қорғаныс дийўалларының қалдықлары болып табылады. Қарақалпақлардың көп жыллық топонимикалық изертлеўлер жүргизиў материалларында қала атына сәйкес келетуғын этимологиялық сөз – «Нөкис». Бул турақлы информаторлардың айтыўына қарағанда, «Нукэс» сөзи парсы тилинде «тоғыз адам» ямаса «тоғыз батыр» деген мағананы аңлатады. Олар кейин ала қарақалпақ руўларының бири – «Нөкис» руўының басшыларының аты болып қәлиплесип кеткен. Ески парсы сөз элементлеринде «кэс», «кеш» деген ҳәзирги қарақалпақ тилинде «адам» деген мәнини аңлатады. Тағы да, түркий тиллес ҳалықлардың келип шығыўында «Нөкис» атамасы түркий тиллес руўлардың топары атларын аңлатады. Этнотопоним изертлеўлеринде Нокюз (Нөкис), Тобун-Нокос сөзлери «аўыллы жер» атлары мағанасын береди. Сөзимизди жуўмақлай келип, Нөкис атамасының келип шығыў тарийхын өсип киятырған жас әўладқа таныстырып барыў бул ҳәр биримиздиң миннетли ўазыйпамыз есапланады. Усы орында шайыр ағамыз Ибрайым Юсуповтың мына қатарлары менен жуўмақласам.

Нөкис десе қозып кетер делебем,
Көп жырладым, жырлайман да еле мен.
Жер жәҳәнде бул шәҳәрге усаған,
Қала таппай бәрҳа қайтып келемен.

Әдебиятлар:

1. Камалов К. «Ел хызметинде». Нөкис – 1995 жыл, «Қарақалпақстан» баспасы.
2. Қунназаров К. «Миллий идея – бизиң идеямыз». Нөкис – 2003 жыл, «Қарақалпақстан» баспасы.

САЛИЕВА НУРЖАМАЛ

Қарақалпақстан Республикасы тарийхы ҳәм мәденияты мәмлекетлик музейи аға илимий хызметкери. Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

ҚАРАҚАЛПАҚЛАРДА ҚУРАҚ ҚУРАЎ ӨНЕРИ ҲАҚҚЫНДА

Қарақалпақларда қурақ қураў өнери ертеден баслап раўажланған. С. Дудинниң пикиринше, гилем тоқыўдың өзи қурақтан келип шыққан. Яғный, ҳәр түрли реңдеги терилерди ямаса таўарларды бир-бирине қураў арқалы көлемли ҳәм көзге тартымлы, соңын ала нағыслы затлар исленген. Соң оларда тутас тоқыў, яғный гилем өнери келип шыққан.

Қурақта тек геометриялық нағыслар болады. Көбинше төртмүйешлик, ушмүйешлик, узынша төртмүйешлик, еки тәрепи тең үшмүйешликлерди айырым жағдайда ромб ийрекейлерди ҳәр түрли етип бириктиреди. Олардың атлары гилем нағыс, сегиз ақший қурақ, қурақ усылында шымылдық қас, дастық, дастурхан, көрпеше исленген. Қурақ көрпеше нағысының ең кең тарқалған еки түри бар. Биринши тури үшмүйешлик ҳәм төртмүйешликтен қуралған сегиз ушлы жулдыз түри болып есапланады. Бул қурақ қойыў қызыл төртмүйешликтиң төрт тәрепине жуп-жуптан сегиз ақ

[1] К.Қунназаров «Нөкис қаласының қурылыў тарийхы». Нөкис – 2003-жыл «Қарақалпақстан» баспасы.

мүйешлик орнатылып, төртмүйешлик ишине орналасқан сегиз қырлы жулдыз түринде қуралады. Сыртқы тәрепи болса, қызылдан, дөгереги қара ҳәм ақ реңлерден исленген үшмүйешликлер менен жийекленеди. Бунда көрпешениң енинде жулдыз төрттен, ал узынына қарай қәлегенше кете береди.

Қурақ көрпешениң екинши түри текшели айыл нағыслардан ибарат болып, ортасы атанақ туринде келеди. Текшели айыл нағыс ҳәр түрли реңге өзгерип бир неше мәрте сыртынан салынады. Ортасы қойыў қызыл реңли, төрт шетинде көк ямаса жасыл реңлер аралас болып келеди. Сырты қара, оның сырты ақ болып, екинши қоңсылас баўырсақгүлден турған композицияның ортасындағы атанақ ҳәм сыртындағы биринши баўырсақгүл реңлери бойынша биринширисин тәкирарлайды. Қурақ өнери шымылдыққа көп қолланылған. Толығы менен қурап исленген шымылдықта, тек қасы қуралған шымылдықлар да ушырасады. Егер шымылдық қастың өзи болса онда қурақ пенен кестеленген нағыс араласып келеди. Сопақ төртмүйешликлерден қуралған текшеленген ири үшмүйешликтиң арасында үш шақалы өсимлик нағысы кестеленеди. Толығы менен қуралған шымылдық сопақ төртмүйешликли ақ қыйындылардан дизилген ири тегисленген баўырсақгүл нағысларынан турады. Олардың ортасы қызыл көк ямаса басқа реңли таўарлардан исленген атанақ болады. Усындай ертеде қуралған шымылдыққастың айырым үлгилери бизиң дәўиримизге жетип келген ҳәм музейимизде сақланып келмекте. Ҳәзирги дәўирде қурақлардың бир неше үлгилери пайда болды. Бундай қурақ көрпе, көрпеше ҳәм шымылдық қаслардың заманагөй үлгидеги түрлери хожалықларда көплеп ушырасады ҳәм әлбетте, үйлерге сән берип турады. Бундай қурақ көрпе ҳәм көрпешелерди халқымыз қыз узатыў тойларында да қыздың дүньясына қосып бериўди үрдиске айландырған. Оларды жас шаңарақлар қуралып кетсин, өзлеринен көбейсин деген жақсы нийетлер менен тигеди. Қурақ қураў өнериниң умытылып кетпей ҳәзирги дәўирде де даўам етип атырғаны биз ушын мақтаныш десек алжаспаймыз. Себеби, бул өнер халқымыздың өтмишинен дерек берип, өзлигимизди аңлаўға ийтермелейди. Келешегимиз болған жасларымызға бундай халқымыздың қол өнери ҳаққында тереңирек үйретип ҳәм оның әҳмийетлери туўралы мағлыўматлар берип барыў, оларды асырап-сақлаў биз музей хызметкерлериниң әдиўли ўазыйпасы.

Әдебиятлар:

1. Алламуратов А. Қарақалпақстан искусствосы тарийхынан. «Қарақалпақстан» баспасы, Нөкис, 1968.
2. Алламуратов А. Мәңги мийрас. «Қарақалпақстан» баспасы, Нөкис, 1993.

УТЕМУРАТОВА РАЗИЯ

Қарақалпақстан Республикасы тарийхы ҳәм мәденияты мәмлекетлик музейиниң бас қәнигеси.
Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

БАДАЙ ТОҒАЙ ҚОРЫҚҚАНАСЫ ҲАҚҚЫНДА МАҒЛЫЎМАТ

Бадай тоғай қорықханасы, тоғай ландшафтын ҳәм ҳайўанат дүньясын сақлап қалыў мақсетинде 1971-жылы шөлкемлестирилген. Ол Әмиўдәрьяның оң жағасында республикамыздың Беруний районы аймағында жайласқан. Оның жер майданы 6462 га дан ибарат.

Соның менен бирге, қорықханада қуслар, балықлар ҳәм жәнликлердиң түрлери де жүдә көп. Қорықханада кеминде 8 түрге тийисли сүт емизиўшилер тиришилик етеди, қуслардың көплеп түрлери, бир неше түрдеги жер баўырлаўшылар, 20 дан артық түрдеги балықлар ушырайды. Жабайы шошқа (доңыз), қум қоян, түлки, қамыс пышығы, порсық, сасық күзен, хийўа қырғаўылы, булдырық, тырналар ҳәм суўда жасаўшы қуслардың көплеген түрлери, шубар жылан, хантаў гүмгүми ҳәм басқа да кесирткелердиң түрлери қорықхана фаунасының негизин қурайды.

Бадай тоғайдағы ҳайўанатлар дүньясының султаны болған Бухара суўыны XIX әсирдиң басында Әмиўдәрья жағасындағы тоғайларда кең тарқалған ҳәм Сырдәрьяның төменги жағында да тиришилик еткен. XX әсирдиң басында ол Сырдәрья регионында жоғалып кеткен. Ал,

Әмиўдәрьяда болса 60-жылларға шекем тек дәрьяның жоқарғы жағындағы «Арал-Пайғамбар» ҳәм «Жолбарыс сай» қорықханаларында ғана сақланып қалған. Бул ҳайўанды сақлап қалыў ушын 70-жыллардан баслап-ақ оларды қорғаў илажлары көриле баслады. Усы илажларға тийкарланып шөлкемлестирилген бул қорықханада бухара суўының бас саны 80-жыллардың ақырына келип 900 ге жетти, бирақ 90-жылларда көпшилик популяциядағы суўынлардың бас саны тағы да кемейип кетти. Бул ҳайўан жоғалып кетиў қәўпи астында болып ол ХТҚА «Қызыл китабы»на киргизилген.

Бухара суўыны – сулыўлық эталоны болып есапланады. Оның сурғылт реңли жүни жазға келип сарғыш түске енеди. Суўынның артқы тәрепинде «айна» деп аталатуғын үлкен ашық сары реңли дақ бар. Қәўип туўған пайтларда бул дақтағы жүн тикейеди ҳәм бул «айна» көлеми үлкейип, басқа суўынларға қәўип туўралы хабар хызметин атқарады. Бүгинги күнде Бадай тоғайда суўынларды аўлайтуғын жыртқышлар топарына қасқырлар ҳәм сағаллар киреди. Суўынлар пада болып тиришилик етеди. Базыда падалардың саны 15 – 25 бас суўын болады. Жупласыў дәўири сентябрь айының екинши ярымынан басланады. Бул дәўирде еркек суўынлар қатты даўысы менен өзиниң бар екенлигин урғашы суўынларға билдиреди. Урғашысы апрель-май айларында, әдетте, бир бала, ал сийрек жағдайларда еки бала туўады. Денесиндеги тарғыл жүни себепли суўын балаларын тоғайдағы өсимликлер ишинде көриў қыйын.

Бадай тоғай қорықханасы 1976-жылдан баслап Бухара суўынын акклиматизациялаў менен шуғылланады. Бул жумыслар Тәжикстандағы «Рамит» қорықханасынан вольерде сақлаў ушын алып келинген үш суўыннан басланған еди. Кейин ала усы қорықханадан және 9 бас суўын алып келинди. Олар бул жерге бейимлесип балалай баслады. Оларды вольерде артықша сақламастан 1985-жылы сентябрьде 5 суўын тоғайға жиберилди ҳәм 1982-жылы июньде және 19 бастан ибарат пада еркинликке шығарылды. 1984-жылға келип тоғайдағы суўынлар саны 30 – 31 басқа жетти. Суўынлар қорықханаға иргелес жайласқан Таллық тоғай ҳәм Ақтаў тоғай аймақларындағы отжемге бай аймақларда тиришилик етеди. Суўынларды вольерде сақлаў жүдә машақатлы ис, себеби, еркек суўынлар жийи-жийи шарбақтан секирип өтип тоғайға кетип қалады. Ҳәр жылы вольерде бир неше суўын балалайды.

Бухара суўынының Қарақалпақстандағы басқа тоғайларда да жаңа популяциясын қәлиплестириў ҳәм оларды исенимли түрде қорғаў бүгинги күнниң ең әҳмийетли баслы ўазыйпаларының бири болып табылады. Буның ушын жергиликли халықтың ҳәм кең жәмийетшиликтиң қатнасыўы, усы мәселелерди терең түсинип жәрдем бериўи лазым. Усыған тийкарланып бизиң музейимизде де тәбиятты қорғаў аўқамы менен биргеликте бир қанша жумыслар алып барылып атыр. Сондай-ақ, музейимизде Бухара суўынының еки жуп шақлары тәбият бөлиминдеги баҳалы экспонатларымыз қатарында сақланбақта.

Әдебиятлар:

1. «Бадай-тўқай қўриқхонаси ва Қорақалпоғистондаги тўқайларни сақлаб қолиш». Қорақалпоғистон Республикаси Табиатни муҳофаза қилиш Давлат Қўмитаси.

2. «Хонгул Узбекистонда» В. П. Лим. Н. В. Мармазинская.

ЕСЕМУРАТОВА САРБИНАЗ

Научный сотрудник Каракалпакского Государственного музея истории и культуры Республики Каракалпакстан. Узбекистан, Каракалпакстан, Нукус

ЮВЕЛИРНЫЙ УКРАШЕНИЯ В СРЕДНЕЙ АЗИИ

Изготовление ювелирных украшений издавна было развито у народов Средней Азии. Ювелирное ремесло является наименее изученной областью традиционных занятий каракалпакского народа, оно очень слабо освещено в этнографической литературе; между тем изделия каракалпаков

немало отличались от ювелирных изделий других народов Средней Азии. В XIX – XX в. среди каракалпаков ювелирное искусство было очень развито. Они изготовляли главным образом женские украшения, а также украшения из серебра для седел и конской сбруи, поясов и других предметов. Некоторые украшения народов Средней Азии ранее были амулетами, а позже стали выполнять чисто декоративные функции. Во многих орнаментах и формах нашли отражение различные пережитки древних религий, магических обрядов, тотемизма и культа природы. Некоторые животные и птицы наделялись сакральными свойствами, считались священными. К таким животным относились прежде всего баран и горный козел. Прежде они считались родовыми тотемами. Поэтому мы видим изображения закрученных или стилизованных рогов или головы барана в орнаменте ювелирных изделий. Бывало так, что кости барана пришивались к женским и детским головным уборам. Нагрудные украшения подчинялись строгой возрастной дифференташии, выражая принадлежность определенному классу девушки-невесты, замужней женщины, матери, матери-матерей. То есть комплексы украшений могли выражать принадлежность к жизненному циклу-юность, молодость, зрелость, старость. Ювелирные украшения разделялись на повседневные-обязательные и праздничные-ритуальные, хотя не имели существенных отличий в характере декора у различных слоев общества. Они изготовлялись из серебра, по единой технологии и устоявшимся художественным канонам, инкрустировались сердоликом. Бедные слои общества заказывали изделия из сплавов (меди, бронзы, олова, с малым добавлением серебра), имитирующих драгоценные металлы.

Такие изделия все же покрывали тонким слоем серебра. Лишь несколько типов литых ритуальных украшений-аншык, жезбилезикспециально делались из бронзы и меди, или латуни, возможно, они представляют собойподражание золотым украшениям древних скифов, т.к. архаичны и выразительны по характеру декора. Народы Средней Азии любили инкрустировать свои изделия вставками полудрагоценных камней, считая, что последние наделены магическими свойствами. Сердолик, по представлениям народа, давал здоровье, благоденствие и покой, радость и изобилие; кораллы-богатство и плодовитость, а бирюза-победу; «женщины и девушки носили бирюзу, чтобы привлечь любовь мужа или молодого человека», кроме того, она улучшала зрение, предохраняла коня от падения; жемчуг исцелял от болезней, защищал от бед и несчастий; перламутр способствовал увеличению потомства. Формы украшений каракалпаков были очень древние и происходили со скифских времен. В них стилизовано изображались культовые символы и тотемы. Многие из этих украшений не встречаются у других народов, например, подвески шар-туйме, аншык, височные ладанки кыран со «сценой нападения орла на архара».

Для девушек изготовляли крупные нагрудные подвески: жумалак-туйме (полые яйцевидные украшения с пояском узора «змеиный след»); бака-туйме (стилизованные фигурки лягушек); шар-туйме (в форме креста, символа Солнца и Огня). Поясное «звенящее» девичьи украшение онгирмоншак был наделен способностью отгонять злых духов. Его форма напоминала купол, а в круглом основании проходил ряд цепочек с ромбами и звенящими шариками гоза (орех). Самобытны были девичьи височные серьги силсинели-сырга, соединенные проходящей под подборотком цепочкой с ромбовидными подвесками. Эта цепочка снималась при свадебном ритуале одевания невесты, и впредь серьги назывались сояу-сырга (стебель без листьев). На массивных нагрудных украшениях хайкель были роговидные навершия, связанные с изображением быка (рога, закрученные вверх) и барана (рога, закрученные вниз). Название хайкель (идол, памятник) восходило к культу предков и тотемизму. Рога сильного быка и плодовитого барана наделялись свойствами оберега и были символами «лунного быка» и «солнечногобарана». Другие разновидности украшения имели изображения крепостной стены (символ убежища), цветущего куста трилистника (символ Умай, покровительницы рожениц и детей). В центре украшения был амулет-полный футляр, в котором издревле хранили иглу-средство от злых сил, а после принятия ислама – написанную на бумаге молитву. Хайкель считался главным украшением в приданом невесты. Она носила его как оберег весь детородный возраст. Символикой древней богини плодородия обладало бронзовое украшение аншык (матушка). Его дарили невесте на свадьбу как оберег женщины, готовящейся стать матерью. Украшение схематично изображало женскую фигурку и её чрево. На аншык изображались древние тотемы- противостоящие фигурки птиц или

баранов, волчьи головы, что «обеспечивало» охрану детородных сил женщины-днём и ночью. В этом украшении сохранилась древнейшая идея взаимовлияния двух миров – мира людей и мира духов. В старину замужние каракалпачки носили золотое (серебряное) носовое кольцо, аребек. Подобные носовые серьги встречались у туркменов, узбеков-кипчаков, арабов и др. Ювелирные украшения Средней Азии XIX – первой трети XX века живут и в наше время, выполняя чисто декоративную функцию. Как дополнение к национальному костюму их надевают в дни семейных праздников и торжеств. Многие из них оседают в музейных собраниях, являясь богатейшим источником художественных образов и форм для художников-ювелиров, создающих национальные украшения сегодня. Бережно храня традиции прошлых веков, они умело соединяют их с требованиями современности, внося свой вклад в развитие декоративно-прикладного искусства.

Литературы:

1. Этнография каракалпаков. XIX – начало XX века (материалы исследования). Ташкент 1980.
2. Н.Сычева. Ювелирные украшения народов Средней Азии и Казахстана. Москва 1984.

БАЙБОСИНОВ СЕРИК САРСЕНБАЕВИЧ

Ўзбекистон Маданият вазирлиги Ўзбекистон Бадиий экспертизаси бўлими бошлиғи. Ўзбекистан, Қорақалпоғистон, Нукус

МУЙҚАЛАМ СИРЛАРИ

Дунёда халқларнинг бойлик даражаси, аввало, ижодкорлар томонидан яралган бебаҳо илмий, бадиий асарлар ҳисобланади. Ҳар бир халқнинг ўз маданияти, санъати, адабиёт ва илм-фан даражасининг ривожланиш тарихи мавжуд. Уларнинг урф-одатлари, санъат ва маданият мактаблари авлоддан авлодга ўтиб келади. Қорақалпоқ халқи санъати ва маданияти яққол сўзимиз далили бўла олади. Қорақалпоқ тасвирий санъати мактаби деганда Ж. Изентаев, М. Худайбергенов, И. Алибеков, Қ. Сайпов, Ж. Лепесов, Ж. Қуттимуратов, А. Еримбетов, Б. Серекеев, С. Байбосинов асарлари кўз олдимизга келади. Ушбу рассомларнинг ижоди ўзига хос услубда ривожланган. Қорақалпоқ рассомлик мактаби ижодкорлари яратган асарлари композициясида қишлоқ хаёти халқ ҳунармандчилиги, амалий санъат наъмуналари, қадимий археологик ёдгорликлар манзараларини яққол акс эттиради. Ўзбекистон Бадиий Академияси Қорақалпоғистон бўлими ижодкорлар уюшмаси аъзоси рангтасвирчи рассом Абдулла Еримбетов ижодига мансуб асрлардаги образлар ўз хусусиятига эга. Рассом 1931-йил Навойи вилояти Тамди туманида туғилган 1951-йил Н. А. Островский номидаги Тошкент давлат театр ва рассомлик институтининг Актёрлик санъати бўлимига ўқишга тушади. Ўқиш давомида А. Еримбетов тасвирий санъатга бўлган қизиқиши ортиб боради ва институтнинг тасвирий санъат бўлимида ўқишни давом эттиради. Рассом асарларида Ўрто Осиё халқлари маданияти ва санъатидаги бой анъаналар жаҳон рангтасвири ютуқлари билан ажойиб таризда уйғунлашган. У ижоди давомида кўплаб кўргазмаларда ўз асарлари билан қатнашади 1961 – 1963-йилларда Тошкент шаҳрида ўтказилган Қорақалпоқ адабиёти ва санъати кунларида ўз асарлари билан қатнашади. 1988-йили И. В. Савицкий номидаги Қорақалпоқ давлат санъат музейида рассомнинг шахсий кўргазмаси бўлиб ўтди. 1960-йили энг йирик рангтасвир асари ҳисобланган «Т. Шевченко Оролда» картина композициясини яратади. 1960 – 70-йилларда «Башқуристон аёли портрети», «Автопортрет», «Демисинова» портрети, «Қора теранг кўли», «Булутли кун», «Қизкеткен», «Она ер қирғоғида», «Қора уй атрофида» деб номланган картиналарида Қорақалпоқ табиатининг гўзаллигини, ўзининг сирли рангли гаммаси билан образларни аниқ қилиб яратган.

Мусаввир жаҳон санъати, П. Сезанн, П. Гоген, Винсент Ван Гог сингари рангтасвир усталари ижодини иштиёқ билан урганади. Маълумки, XX асир бошларида Ғарбий Европа ва рус тасвирий санъати ва маданиятида пайдо бўлган оқим ва йўналишлар Ўрто Осиё республикаси, жумладан, Ўзбекистон тасвирий санъати ва маданияти, бадиий хаётига ҳам ўз таъсирини

кўрсатади. А. Еримбетовнинг рангтасвир асрлари Шарқ ва Ғарб бадиий тизими ўртасидаги ўзаро алоқадорликнинг яққол намунасидир. Рассом ижоди давомида манзара, майший, портрет ва натюрморт жанрларида кўплаб асарлар яратади. А. Еримбетовнинг манзара жанридаги асарларида постипрессионист мактабининг таъсири сезилади. Яратган картина композициялари ранглари табиатдан олинган иссиқ ва совиқ ранглар бирикмасини кўришимиз мумкин. «Балиқчи қишлоғи» композициясида эса рассом постипрессионизм йўналишига хос бўлган ёрқин ранглар зангори, кўк, сариқ, яшил, ҳаво ранглар билан яратилган композицияда ҳаво бўлитли қуёшнинг ботишини совуқ ва иссиқ рангнинг ўзаро кескин бирикиш манзарасини ифодалаган. Марказда сўв четидаги балиқчилар қайиқлари тасвирлаган, гуё балиқчилар овдан сўнг дам олаётгани ҳаққида хабар бераётгандек. Картина композициясининг орқа колоридида гўзал ва бетакрор қишлоқ табиати, сариқ рангда қамишдан ясалган куршовлар, лойдан сувалган қишлоқ уйлари, қорақалпоқ миллий қора уйи ва ишдан қайтаётган қишлоқ одамлари образини тасвирланган. Мазкур асар орқали рассом сокин сўв буйида қуёшнинг ботишини, табиатнинг ўзгача гўзаллигини рангларнинг ўзаро бирикиши орқали яхлит маъно хосил қилган.

Рассомнинг «Оралда» картинасида Орол бўйи аҳолисининг кундалик ҳаётини тасвирлаган. Орол бўйидаги сокин ҳаётнинг ўзгача манзарасини ифодалаган. Картина композициясининг биринчи планида от минган инсон образи, тандирда нон пишираётган аёллар ва болаларнинг велосипед миниб уйнаётган ҳолатлари тасвирланган.

Иккинчи планида кенг даланинг икки тарафида пастироқ қилиб қишлоқ уйлари жойлашган бўлиб, ўртасида кўк рангда пароходни тасвирлаган. Колоридида эса ёз фаслининг тушдан кейинги палласини асосан иссиқ ранглари орқали ифодалаган. Асарда персонажлар ўзаро мувофиқлик, уларнинг ҳаракат жараёнида кўрсатилиши асарнинг ғоясини очиб берган. Картинада рассом аниқ қилиб мовий ранг ва сариқ рангларни фойдаланиши постипрессионист рассомлар ижодига қизиқиши ва ўз йўлини топиш йўлидаги изланишлари билан бевосита боғлиқ. Рассомнинг ҳар бир яратган асарида ички олами тасаввуридаги манзара акс этади. Мусаввирнинг ҳар бир асари ўзига хос ички тартибга асосланган бадиий эстетик қадириятидир. Унинг ижодида асосан реалистик тендециялар кўзга ташланади. А. Еримбетов ижодининг турли даврларида ранглар гаммаси турлича таризда ўзгариб тургани яққол сезилади. Вақт ўтиши билан мусаввир асарларида буёқлар туси ортиб, улар янада ёрқинлашгани яратган асарлари композицияларида кўриш мумкин. Рассомнинг асарлари мавзулари табиат манзараси билан инсон образлари боғликлиги жиҳатидан ўзига хосдир. Ижодкорнинг картиналаридаги реалистик характердаги образлар, табиат манзараси композиция жиҳатидан ўзаро уйғун бўлиб, тўрли тусдаги ранглар, композицияли ечимлари билан томашабинни жалб қилади.

А. Еримбетовнинг яратган асарлари, бир қарашда, содда туюлсада, улар ўзида чуқур мазмунни мужассамлаштирган. Санъат ўзида ижодкорнинг қалбидаги яширин интилишини мужассам этгани туфайли кишиларни мафтун қилади. Рассомнинг тўрли жанр ва мавзуларидаги рангтасвир асарларида Орол денгизининг тўлиб тошган даври, Муйноқ тумани қишлоғи ҳаётидан лавҳалар, зиёротгоҳ масканларнинг ёдгорликлари, денгиз бўйидаги манзаралар, портретлар ўрин олган. Мазкур асарларда рассом борлиққа, атрофида кечаётган воқеаларга муносабатини ўзининг мўйқалами орқали ифода этган. Хозирги кунда рассомнинг ижодига мансуб асарлар Қорақалпоқ давлат И. В. Савицкий номидаги санъат музейи ва Қорақалпоғистон Республикаси тарихи ва маданияти давлат музейи фондларида сақланиб келмоқда.

Адабиётлар:

1. Модернизм: анализ и критика основных направлений М.: Искусство, 1980.

ПАЛУАНИЯЗОВА ВЕНЕРА

Қарақалпақстан Республикасы тарийхы ҳәм мәденияты мәмлекетлик музейи илимий хызметкери. Өзбекстан, Қарақалпақстан, Нөкис

ҚАРАҚАЛПАҚЛАРДА ЕР АДАМЛАРДЫҢ КИЙИМЛЕРИ

Ҳәр бир халықтың өзине тән миллий кийимлери болған. Ол сол халықтың мәдениятының бир бөлеги болып есапланады. Халықтың кийим-кеншеклери сол халықтың жасаған тәбийий орталығына, халықтың хожалық турмысына да байланыслы болған. Қарақалпақлардың кийимлери айрықша өзгешеликлери менен айрылып турады. Қарақалпақлар кийимлерди үй өндирисиниң өнимлери: пахта гезлемесинен, кендир жип гезлемесинен, жүн, жипек, торқа сабақларынан тоқылған гезлемеден ҳәм қой-жанлық, жылқы терилеринен де кеңнен пайдаланған. Олар өзлериниң қолдан тоқылған гезлемелеринен тысқары өзбек ҳәм тәжиклер тәрепинен тоқылған және Бухара ҳәм Хийўадан алып келинген жипек ҳәм ярым жипек гезлемелерди де кең [1, 70] пайдаланған.

Қарақалпақстан Республикасы тарийхы ҳәм мәденияты мәмлекетлик музейи этнография фондында халқымыздың миллийлигин, тарийхын, үрп-әдетлеринен дерек беретуғын экспонатлар сақланбақта. Олардан қарақалпақ халқының миллий кийим-кеншеклери, үй үскенелери, қурал-жарақлар, ески диний китаплар, қара үйдиң баў-шуўлары, ақшалар ҳ.т.б ҳәр қыйлы экспонатлар бар болып, улыўма 80 000 нан аслам экспонатлар бар.

Қарақалпақ ер адамларының кийими әшекөйсиз, жылтырақларсыз, бир тегис реңде болғанлығы менен ажыралып турған. Ер адамлардың дәстүрли кийим-кеншеклери тақыя, дегеле, шөгирме, көйлек, шапан, камзол, ыштанлардан ибарат болған. Аяғына жергиликли усталар тәрепинен тигилген етик, мәси ҳәм геўиш кийген. Ер адамлардың көйлеклери ақ пахта гезлемесинен төрт мүйеш формасында дизеден қарыс жоқары узынлықта етип тигилген. Әдетте, узынына келген гезлемени ортасынан қайырып ортадан горизонтал жаға қалдырып еки қапталынан тигис түсирилген көйлек тиккен. Жағаның оң ийин үстинде келте етип сабақлардан ийирилген баў қалдырып байлаған. Көйлектиң қапталынан тигислердиң төменги жағынан кишкене етип ашық қалдырылған жаға менен кесиклери жиңишке жийекленген. Сондай-ақ, тик жаға көйлеклерде ушырасқан. Ер адамлардың ыштанлары (шалбар), әдетте, кең етип тигилген. Шалбарлар пахта ҳәм жүн гезлемелерден тигилген, қатты суўық күнлери кийилетуғын қалың пахта яки жүн гезлемелерден астар қойылған шалбар сым деп аталған.

Көйлеклердиң үстине камзол – бешпент кийилген. Ол ер ҳәм ҳаял-қызларға ортақ гүзги пайытта кийилетуғын кийим. Бешпенттиң еки түри болған жеңсиз ҳәм жеңли бешпентлер. Бешпентлер пахтадан ҳәм жүннен тоқылған қара реңли гезлемеден астар салынып тигилген. Бешпент пенен бирге дүзге шыққанда кийилетуғын кийим шапан болған. Шапан бул қарақалпақ халқының күтә ертеден киятырған сыртқы кийими болып есапланады. Шапанлардың бир неше түрлери болған. Олар пашшайы шапан, айдынлы шапан, мөрели шапан, бийқасам шапан, мәдели шапан, зер шапан ҳ.т.б. Ер адамлардың қысқы кийимлериниң бири тон (постын болған). Тон Орта Азиядағы басқа халықларда да ушырасады. Оны сырылған пахталы шапанның сыртынан кийген. Тонды қойдың терисинен қалың жүнин ишине қаратып тиккен. Териниң сыртқы тегис тәрепи бийдай – сары реңменен боялып шетлери жиңишке қызыл таўар менен жийекленген. Шапан сыяқлы тон да алдынан шеп қапталының астына оң қапталы түсирилип жабылған. Арқа тәрепинде жаўырының тусында жийектиң материалынан ушы төмен қараған үш мүйеш қылып, тумарша (жаўырынша) тигилген. Бурын тон ҳәр бир ер адамда болған. Тоншы тонды өз үйинде ямаса тонды тиктириўшиниң үйинде тиккен. Тонды тиктириўши тон ушын терини өзи ийлеп таярлаған. Тонды халатлық материал менен қаплап жаўырынына үш мүйешли нағыс болып ол тонның жоқары жағын аңлатады. Тоншылардың айтыўынша, бир тон ушын 6 – 8 қойдың териси кететуғын болған. Тийкарынан, жүн гезлемелерден тигилген шекпен ер адамлардың салқын күнлери кийген сыртқы кийими болған айырым жағдайларда шекпенди постынның сыртынан да кийген. Оны, әдетте, басқа кийимниң үстинен кийим шаң, қардан сақлайтуғын плащ хызметин атқарған.

Мағлыўматларға қарағанда, шекпен түйе жүнинен тигилгенлиги себепли оны жүн шекпен, шал шекпен деп атаған. Шекпенниң илгеклери ҳәм қалталары болмаған, түри сары түйениң жүнин уршықта ийирип өрмекте тоқыған. Жағасынан баслап етегине жеңиниң ушына қоңыр қызыл жипек сабақ пенен жийек салынған. Шекпенниң астары ақ жол-жол таўар менен астарланған ҳәм еки қапталына көк белюр таўар қойылған еки қапталының жырмашы бар. Шекпенниң ашық қоңыр реңдегисин жас жигитлер, ал, ақ реңдегисин ғаррылар кийетуғын болған. Соны айтып өтиўимиз керек, шекпен, тийкарынан, байларда болған. Шапан менен тонды белинен қайыз, белбеў ямаса орамал менен байлаған. Жипек гезлемелерден исленген белбеўлер мәдели ямаса түрме деп аталған. Түрме – қыз-келиншеклердиң басына орайтуғын ямаса жигитлер белине буўатуғын жипектен тоқылған гезлеме. Ер адамлардың бас кийимлери де өзгеше әҳмийетке ийе. Қалпақ – бас кийим болыўы менен қатар ең баслы кийим. Сол тийкарда Қарақалпақ миллий бас кийимлери кийизден исленген. Қарақалпақ төбеси шошақ кийиз териден исленген топпы, қапталы қой териси менен әдипленген. Жатақ малақай, шөгирме, дегелей тақыя сыяқлы ҳәр қыйлы түрлери болған. Еркеклердиң бас кийимлеринен бири шөгирме. Шөгирмени қураш, бөрик деп те атаған. Шөгирме қой терисинен исленген қоңыр ҳәм қара реңли болып келеди. Бул бас кийимлерди ер адамлар қыста кийеди. Қураш жигитлер ушын қара қозы терисинен, ал, жасы үлкенлер ушын жүни өскинлеў қара қой терисинен тигилген. Дәстүрий бас кийимлериниң бири – бул тақыя. Орта жастағы еркеклер ҳәм ҳаяллар оны қураштың ямаса бас ораўдың ишинен кийген.

Қыста үй ишинде, ал, жазда тек тақыяның өзин кийген. Қарақалпақларда тақыяның бир неше формалары болып, оны тек ғана таяр таўардан емес, өрмекте тоқылған таўарлардан да тиккен. Ондай тақыяларды тоқыма тақыя деп атаған. Айырым ўақытлары оны мақпалдан да тиккен. Жигитлер ҳәм қызлар көк ҳәм жасыл реңдеги жергиликли таўардан тигилген тақыяларды, ал, кекселер ҳәм балалар ақ реңдеги тақыяларды кийген. Еркеклердиң тақыяларында бир пөпек болған. Дегелей – қарақалпақ миллий бас кийими териден исленген қой териси менен әдипленген. Ийленген мал терилери малақайдың тысы ушын қолланылған. [2, 383]

Қарақалпақ етикшилери ийленген териден аяқ кийимниң ҳәр қыйлы түрлерин тиккен. Олардан етик, мәси, геўиш. Бурын етикшилер көбинесе бәйкеми етик тиккен. Оның өкшеси бийик, ушы өткир ҳәм тумсығы жоқарыға қарай ийилген болып келеди. Бәйкеми етиктиң ултаны, өкшеси, үсти, қонышы бөлек-бөлек пишип алынған. Етиктиң өкшеси ағаштан исленген. Қонышының алдынғы тәрепиниң жоқарғы ушы узынлырақ, қонышының артқы тәрепи келтерек болып келеди.

Әдебиятлар:

1. Тилеўмуратов М., Бердиев Ж. «Қарақалпақстан тарийхы». Нөкис, «Билим» баспасы, 1996, 70.
2. Қарақалпақстан АССРы тарийхы. Нөкис, 1975, 383.

УЗАКБАЕВА АЙСАНЕМ

